

MARGINING KARAHAYON

Pelajaran Siji

Gusti Allah wis Paring Dawuh

Para kadang engkang kinasih..

Salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang **Maha Welas lan Asih**. Enggih Gusti Allah engkang tansah kepingin supados sedoyo manungso saged tepang lan tansah giyat gesang wonten ing margi kang lurus, margi tumuju **swarga ingkang** sampun penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau, Gusti **ingkang Maha Welas lan Asih** puniko kagungan kersa supados sedoyo manungso **ingkang** gesang sami nampi karahayun saking Gusti. Lumantar margi kala wau sedoyo manungso saged sowan dumateng Gusti kanti manah engkang tentrem. Wonten ing adicara **Margining Karahayon** puniko, kita badhe (**sesarengan**) nyidiki Kitab-Kitab **serat ipun** para nabi, **ingkang** nerangaken bilih wonten margining kamulyan **kang** sampun Gusti Allah tetepaken, sahingga manungso saged katetepaken dados tiyang engkang leres wonten ngarsanipun.

Kados **ingkang** sampun kawulo aturaken, adicara puniko kawulo namiaken **Margining Karahayon**. Kawulo sebat mekaten awit wonten ing pelajaran-pelajaran puniko, kita badhe nyidiki **seratan** para nabi **kang** badhe nyariosaken kadospundi pigesangan tiyang **ingkang** gesangipun mboten leres dados leres wonten ing ngarsanipun Gusti Allah.

Margi pundi **ingkang** penjenengan dereki, **ingkang** leres punopo **ingkang** lepat? Punopo purun menawi penjenengan mangertosi perkawis margine kaleresan saking Gusti? Dawuhipun Gusti, “Rahayu wong kang kaluwen lan ngelak marang karsane Allah, awit iku kang bakal padha kawaregan.”

Mbok menawi wonten tiyang menggali, “**kulo** sampun mangertos margining kaleresan, kagem punopo sakpuniko kawulo kedah nggatosaken tulisanipun para nabi, punopo **ingkang** sampun kulo ngertosi sampun cekap.” Menawi mekaten, penjenengan pirengaken punopo **ingkang** dipun ngendikaaken dening nabi Soleman. Penjenenganipun nyerat mekaten, “Ana dalan sing dikira bener, mangka wekasane anjog ing pati.” Nabi Soleman puniko sanget wicaksono, piyambakipun mangertos bilih pikiran manungso sanes penggalipun Gusti Allah, manungso badhe pados margi **ingkang** saged **maremaken** hawa nefsunipun, **tinimbang** nderek margi **ingkang** sampun dipun cawisaken dening Gusti Allah

Wonten ing kitab suci Zabur, nabi Daud kathah ngendikan bab kebetahan kita supados saged mangertosi margine kaleresan engkang Gusti Allah tetepaken. Nabi Daud nyerat setunggaling pandonga mekaten, "Duh Allah, kawula mugi Paduka tedahi margi Paduka, supados lampah kawula leres lan manut ing pangreh Paduka.' Kayekten setunggaling pandonga engkang sae sanget. Menawi Gusti Allah mboten nuntun kita lumampah wonten ing margi engkang leres, pramila kita mboten saged mangertos margi kaleresan. Kita badhe kados lare alit engkang ical wonten satengahing kita Jakarta. Sanajan mekaten Kitab Suci ngendikan kagem kita, "Gusti Allah mboten kepengin setunggal tiyang mawon ingkang kesasar utawi sirna, ananging Penjenenganipun ngeraaken sedaya tiyang wilujeng ugi mangertos kaleresan". Sedherek, mboten wonten engkang langkung penting kejawi penjenengan sami mangertos kanti saestu bilih sakpuniko wonten margi leres, engkang nuntun penjenengan sowan dumateng Gusti.

Wonteng ing adicara Margining Karahayun puniko, kita badhe sinau sesarengan ayat-ayat kitab suci miturut urutan wekdalipun. Kita badhe miwiti langkung rumiyin ing wiwitan sakderengipun sedaya perkawis wonten, njihpunika Gusti Allah engkang nyiptaaken sedayanipun.

Kita badhe sinau kathah perkawis Gusti Allah ugi para nabi. Sanajan kathah para nabi engkang nyerat pangandikanipun, ananging namung Gusti Allah piyambak engkang maringaken ilhamipun. Kathah carios engkang dipun serat para nabi ing kitab suci, nanging sejatosipun namung setunggal pesen pokok njeh puniko kabar kabingahan babagan kadospundi caranipun manungso dados suci wonten ing ngarsanipun Gusti Allah.

Kanti puniko kawulo nyuwun, penjenengan sami saged mirengaken kanti setiyo ugi semangat adicara Margining Karahayun meniko. Ing kitab suci Gusti Allah ngendikan dumateng kita bilih Penjenenganipun maringi upah saha janji endah kagem sedaya manungso engkang saestu madosi saha mikajengaken tepang kalian Gusti, kados pangandikanipun, "Yen kowe nggoleki Aku karo sakgolonging atimu, kowe bakal nemoake Aku."

Wonten adicara Margining Karahayun, kita sami saged nambah pengetahuan babagan Gusti Allah kalian Dawuhipun. Punapa penjenengan mangertos kadospunopo Gusti Allah lan saking pundi setan puniko asalipun? Punapa penjenengan mangertos punapa sebabipun Gusti Allah nyiptaaken manungso? Utawi kadospundi donya engkang sampurno engkang Allah ciptaaken puniko dados risak? Punopo penjenengan nate mireng cariyosipun Nabi Nuh kalian banjir ageng engkang dumados kala semanten? Punopo penjenengan saestu mangertos punopo engkang dipun serat para nabi wonten Kitab Suci?

Punopo penjenengan mangertos sebabipun Ibrahim kasebat dados sakabatipun Gusti Allah, menopo penjenengan saged njelasaken kanti sae dumateng rencang utawi putranipun babagan para nabi?

Ewuan tahun kepengker, nabi Ayub tangklet dumateng Gusti, “Kadospundi supados menungso mboten lepat wonten ngarsanipun Gusti Allah, penjenengan mangertos jawabanipun Gusti dateng Ayub? Punopo sedherek mangertos kadospundi dados tiyang leres wonten ngarsanipun Gusti Allah? Menawi badhe mangertosi jawabanipun Gusti Allah kalih sedoyo pitaken wau, kulo ngundang supados mirengaken adicara menika. Sakleresipun Sabdanipun Gusti Allah puniko lebet, ajaib, gesang, ugi ngadahi kuwaos, lan ugi mboten wonten engkang dipun umpetaken. Meniko nedahaken dateng kita, sakleresipun Penjenenganipun puniko Gusti Allah engkang Maha Asih, Maha Welas, Allahu Akbar!

Wonten setunggalipun kaleresan penting engkang kedah kita sami mangertos, bilih Gusti Allah punika sakleresipun kepengin sanget paring pangandikan dumateng manungsa. Sakumpaminipun penjenengan pikantuk serat saking tiyang engkang kagungan kuaos, misalipun Presiden, kulo saged njamin menawi sedherek mesti kepengin mangertosi punopo isinipun lan mesti badhe paring perhatian kagem ngendikanipun Presiden wau. Kadospundi sikap penjenengan menawi engkang ngendikan wau Gusti Allah engkang Maha Inggil engkang nggadahi alam donya kalian langit, punopo penjenengan mboten nggatosaken Pangandikanipun?

Kadospundi Gusti Allah ngedikan kalih manungsa? Kitab Suci njelasaken, “wekdal kepengker Gusti Allah sampun kathah ngendikan dumateng para leluhur nglangkungi para nabi kanti cara engkang benten-benten. Allah nimbali tiyang-tiyang engkang pinilih supados mbiaraken saha nyerat sedaya pangandikanipun wau wonten kitab-kitab. Pangandikanipun Gusti, “Kowe kudhu ngerti nyen ora ono nubuatan ing kitab suci sing teko saka pangertine para nabi dewe, ananging manungsa martaake perkara-perkara sing teka saka Gusti Allah, awit dipimpin Sang Roh Allah.”

Sampun mesti menawi Gusti Allah saged nyerat piyambak Kitab Sucinipun, utawi ngengken para malaikatipun, ananging Gusti Allah mboten nindaaken. Penjenenganipun milih manungsa biasa kangge nulisaken sedaya Pangandikanipun. Kita sebat tiyang-tiyang kala wau nabi. Para nabi wau tumindak kados tukang seratipun Gusti Allah. Allah manggenaken wonten pikiran para nabi punapa engkang kedah dipun serat, ananging ngendelaken saben nabi nyerat pangandikan kala wau kalian ukara-ukaranipun piyambak. Gusti Allah engkang paring Ilham saben tembung, ananging ugi nggatosaken kepribadian nabi engkang nyerat. Kitab Suci mboten namung kaisi Pangandikanipun Gusti Allah langsung, ananging ugi woh-woh pikiran, pandonga ugi masalah saking manungso. Nglangkungi carios-carios, Gusti Allah kepengin

nedahaken dateng kita sedaya Kepribadianipun saha caranipun kita sami saged nyelak dumateng penjenenganipun.

Wonten punopo Gusti Allah paring ilham dateng para nabi kangge nulis Kitab Suci? Penjenenganipun paring ilhamipun, supados saben generasi saged mangertosi punopo engkang Allah kersaaken. Gusti Allah ngendikan nglangkungi para nabi, awit Penjenenganipun kepingin ngendikan dateng kita sami. Sedaya engkang dipun ngendikakaken Gusti Allah nglangkungi para nabi ageng manfaatipun kangge kita engkang gesang wonten ing jaman sakmangkih. Gusti Allah ngeraaken supados kita sami saged mangertosi pesennipun nglangkungi para nabi.

Mesti sedaya engkang kaserat dening para nabi kagungan artos sae, supados manungsa saged mangertosi margining kaleresan engkang sampun Gusti Allah tetepaken. Punapa sedherek mangertos engkang dipun serat para nabi? Gusti ngeraaken supados kita ngertos sabda-Nipun, pitados soho dipun taati! Sebagian tiyang mboten peduli tulisan para nabi, nanging perkawis meniko bahaya sanget, awit Sabdanipun Gusti mboten nate owah gingsir. Gusti ngeraaken supados kita ngertos soho ndherek kalih sedaya perkawis engkang sampun Gusti paringaken. Dawuhipun Gusti mboten nate owah gingsir, lan mangkeh ing dinten kiamat kita kedah mempertanggungjawabaken sedaya perkawis dumateng Gusti.

Kathah tiyang berusaha nentang Dawuhipun Gusti, awit nedhahaken kawontenan ing manahipun. Pirengaken punapa engkang Gusti Allah ngendikaaken, “Dawuhe Gusti iku urip lan kuat sarta luwih landhep tinimbang sakehing pedhang kang landep kiwa tengen. Nunjem jero nganti misahake nyawa lan roh, ros-rosan lan sumsum, bisa ngadili pikiran sarta pangangening ati kita.”

Kitab Suci njeh puniko kempalan tulisan ingkang paling sepuh wonten ing ngalam donya, ananging ngantos wekdal sakpriki Kitab Suci taksih cocok kagem sedoyo manungso, mboten wonten perkawis ingkang langkung penting kejawi Dawuhipun Gusti Allah. Senadyan mekaten sakumpami sekul kalian ulam, kita mangertosi bilih kekalihipun mboten namung eco dipun dahar ananging ugi migunani kangge awak kita. Ananging sedaya wau migunani kagem raga kita wekdal kita sampun dahar. Kalih cara engkang sami kita kedah mundut bagian wonten ing Dawuhipun Gusti. Kita kedah maringi maeman kangge manah, menawi kita kepingin nampi keuntungan. Meniko sebabipun Gusti Allah ngendikan, “Manungso urip ora soko roti wae, ananging saka sakehing sabda kang miyos saka ing lesaning Gusti Allah,” Sejatosisipun Sabda puniko tetedan engkang eco sanget. Puniko sanes tetedan kangge rogo kita ananging tetedan kangge manah kailan jiwa kita. Kanti menika kita kedah mirengaken, nggaliaken ugi nggatosaken kanti

sakestu-estu punapa engkang Gusti ngendikaken. Punapa penjenengan keluwen kalih Dawuhipun Gusti? Namung kalian cara engkang sampun kulo aturaken wau, kita saged maregaken raos luwih manah.

Dados kawulo matur kagem penjenengan sami tiyang-tiyang engkang ajreh dumateng Gusti Allah ugi gumeter kalih Dawuhipun, sumonggo kanti sakestu-estu tansah ndherek adicara Margining Karahayun. Nglangkungi adicara puniko penjenengan saged nambah pangertosan babagan punapa engkang sampun Gusti dawuhaken wekdal jaman kepengker nglangkungi para nabinipun. Penjenengan ugi saged sinau kadospundi saged dados golongan tiyang leres wonten ngarsanipun Gusti. Penjenenganipun sampun ngendikan lan kepingin terus ngendikan!

Sakderengipun kita pepisahan, kulo badhe negasaken setunggal perkawis malih, menawi wonten ing adicara puniko, kulo mboten badhe nyuwun persetujuan sinten mawon kejawi engkang sampun kaserat para nabi. Kawulo engkang nyiapaken adicara puniko mboten mangertosi kaleresanipun Gusti Allah sanes, engkang terpisah saking pangandikanipun Gusti Allah wonten Kitab Suci. Kados engkang dipun nyataaken dening nabi Yahya Ibnu Zakaria wonten ing Injil, “ora ono sing bisa njupuk apa wae kejaba sing diwenehake soko suwarga neng penjenengane”. Kula mboten wantun ngendelaken saking pangertosan kula. Kula namung maos Kitab suci. Kepeninging manah kula maringaken pangertosan engkang sampun Gusti Allah dawuhaken nglangkungi para nabi.

Punapa penjenengan mangertos punapa engkang dipun serat para nabi? Punapa penjenengan salah setunggilipun saking para sedherek engkang ngelak dan luwih sedaya Sabdanipun Gusti ugi kaleresan engkang sejatos? Wonten ing lebet Kitab Sucinipun Gusti Allah sampun nedahkan pribadinipun ugi nedahaken margining kaleresan. Monggo sesarengan kawulo sami-sami sinau Kitab Suci wonten ing adicara Margining Karahayun, saengga penjenengan saged mangertosi punapa engkang sampun Gusti Allah ngendikaken.

Sumongga kita yakin kalihan perkawis puniko, Gusti Allah sampun ngendikan lan penjenenganipun ngeraaken saben tiyang mirengaken lan nampi gesang. Sepuh anem, jaler setri, sugih mlarat, Gusti Allah sampun ngendikan lan terus ngendikan kagem sedaya tiyang, “Rungokno, bukaen kupingmu lan moro’o nang Aku. Rungokno lan kowe mesti urip!”

Para kadang, matursuwun sampun sesarengan kalih kulo ing adicara dinten menika, mugi-mugi wonten pinanggihan saklajengipun kulo badhe ngaturaken pelajaran kadospundi pribadi Gusti Allah. Ngantos pinanggih malih wonten ing program saklajengipun. Menawi penjenengan wonten pitakenan perkawis engkang pdipun pireng saged hubungi ing no 081333777386 SMS utawi WA. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 2

Sinten Sejatosipun Gusti Allah Puniko?

Para sedherek pamireng

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Wonten acara Margining Karahayun bagian setunggal, ing mriko kawulo jelasaken bilih kita sami badhe kathah mindagetaken cariosipun kisah para nabi setunggal mbaka setunggal.

Kita sampun sinau bilih kathah para nabi engkang nyerat kitab suci, ananging namung setunggal pengarangipun, Gusti Allah piyambak. Wonten ing siaran kepengker kawulo ninggaleken penjenengan sami kanti setunggal renungan, “Gusti Allah sampun paring dawuh.” Penjenenganipun engkang Maha Kuwaos sampun dawuh kagem sedaya manungso nglangkungi para nabi. Gusti ugi mikajengaken dumateng kita supados purun midangetaken Dawuhipun. Nglangkungi kitab suci Gusti paring dawuh, bilih Penjenenganipun mboten nate iwah, mekaten ugi Dawuhipun, sanajan generasi manungso sampun gantos. Kitab Suci nyerat, “Sabdane Gusti sing katulis ana Kitab Suci, ora isa dibatalake” ugi, “Langit lan bumi bakal sirna, nanging tembung-tembungKu ora bakal sirna pisan-pisan.”

Dinten sakmangkeh kita badhe mlebet bagian setunggal saking Kitab Suci (KS). Bagian setunggal puniko kasebat KS Taurat. Antawis tigang ewu limang atus tahun kepengker, Gusti paring pangertosan dumateng Musa supados nyerat Kitab Purwaning Dumadi. Kasebat Purwaning Dumadi awit nyariosaken asal muasalipun penciptaan bumi. Kitab puniko nyerat 50 bab.

Wekdal sinau Kitab puniko, kita badhe kathah sanget sinau babagan Gusti Allah ugi sifat-sifatipun, malaikat, setan, langit – bumi, manungso ugi sedoyo kewan. Kita badhe mirengaken kadospundi bumi engkang wiwitanipun sampurna wekdal dipun ciptaaken dening Gusti dados risak, engkang saklajengipun

dipun kebaki kalih penyakit, kasangsaran ugi kematian. Sanajan mekaten kita ugi badhe terus neliti margining kaleresan engkang Gusti piyambak damel, supados manungso saged wangsul malih wonten ngarsanipun.

Sedherek kula sedaya, sampun kedahipun kita mangertosi kitab wiwitan saking Taurat, awit puniko landesan engkang Gusti piyambak panggenaken kagem sedaya Sabdanipun wonten ing Kitab Taurat saha tulisan para nabi saksampunipun Musa. Wonten ing carios wiwitan, kita badhe mirengan babagan manungso engkang pertama, carios kapan pertama manungso dumawah ing dosa ugi cariosipun wiwitan manungso mejahi manungso sanesipun. Kita badhe mirengaken masalah agama palsu, para nabi saha bangsa-bangsa engkang wonten pertama kali ing salumahing bumi. Kita badhe neliti carios babagan Adam Hawa, Kabil Habil, Nuh kalih banjir ageng, soho utusanipun Gusti nabi Ibrahim ugi wonten punapa nabi wau kasebat sakabat Allah, masalah Ismail kalih Isak, Esau kalih Yakub ugi Yusuf kalih sedherekipun engkang kejem.

Sedherek sami, sakpunika kita badhe miwiti sinau sedaya tulisan para nabi wau. Wonten ing Kitab Suci Taurat 1:1 kita waos, "Ing jaman kuna sing wiwitan mula Gusti Allah nitahake jagad." Ing panggenan puniko kita badhe miwiti pelajaran babagan kitab suci, ing pundi Allah miwiti kitab suci-Nipun.

Punapa engkang sampun wonten wekdal Gusti nyiptaaken langit kaliyan bumi? Punapa engkang sampun wonten wekdal donya kaciptaaken? Kitab Suci ngajaraken bilih mboten wonten napa-napa kejawi namung Gusti Allah piyambak. Pramila kaserat, "Ing jaman kuna sing wiwitan mula...Gusti Allah." Puniko nedahaken bilih punapa engkang saged kita tingali lan cepeng wonten wiwitanipun. Engkang artosipun wekdal kuno, sedoyo mboten wonten, sae langit, bumi, laut, wit-witan, manungso ugi malaikat kejawi namung Gusti Allah piyambak.

Pramila ayat pertama saking kitab suci ngendikan, "Ing jaman kuna sing wiwitan mula Gusti Allah nitahake jagad." Ing ayat wau mboten ngendikan "Ing jaman kuna Allah kaliyan malaikat, utawi Allah kaliyan manungsa." Ayat meniko jelasaken dumateng kita bilih ing jaman kuna, sakderengipun wonten napa-napa, sae malaikat utawi manungso, namung wonten setunggaling pribadi pigesangan njeh puniko Gusti Allah engkang Maha Esa.

Perkawis sanes engkang saged kita sami sinauni wonten ayat 1 Taurat njeh puniko bilih Allah mboten wonten permulaanipun, Allah mboten diciptaaken awit Maha Kekal/Langgeng. Sedaya ing ngalam donya wonten wiwitanipun kejawi Allah. Allah mboten wonten asal-usulipun, mboten wonten engkang nglahiraken Allah utawi engkang ndamel Allah. Allah ugi mboten nyiptaaken penjenenganipun piyambak.

Engkang jelas Allah mboten wonten tandinganipun. Namung Allah piyambak engkang wonten lan gesang langgeng. Allah wekdal kolowingi, sakmangkeh lan engkang badhe kalampahan inggih Allah engkang wonten saklami-laminipun, penjenengan mboten nate berubah/iwah.

Saking ayat “ing jaman kuna Allah” kita ugi saged sinau bilih Allah punika Maha Agung. Allah engkang nyiptaaken sedayanipun, temtunipun langkung mulia, agung saking sedaya manungso ugi sedaya ciptaan sanesipun. Penjenenganipun langkung mulia saking laut, angin, srengenge ugi bintang-bintang. Allah langkung agung saking sedaya roh lan manungso. Penjenenganipun Maha Pencipta. Pramila menika kita sami saged ngakeni lan nyebat; Allah Maha Besar/Ageng! Allah Maha Besar/Ageng. Penjenenganipun Allah Maha Agung, engkang kamulyanipun nglangkungi sedaya perkawis engkang wonten.

Manungso kathah sanget kebutuhanipun, kadosta pangan, ngunjuk, sare, udara, srengenge, jawah, taya, klambi saha panggenan kagem gesangipun. Kita ugi betah tiyang sepuh, keluarga, rencang ugi arta. Ananging Gusti Allah engkang nyiptaaken sedayanipun punika mboten mbetahaken napa-napa. Penjenenganipun mboten awujud saengga kita saged ningali, nyepeng kados manungso. Allah mboten wonten watesipun. Mboten wonten awal lan pungkasanipun, awit penjenenganipun Allah engkang langgeng, Allah engkang Maha Kuaos.

Sakpuniko wonten pitaken penting kagem kita, menawi Allah mboten kados manungsa, mboten kagungan raga kados kita, kadospundi Allah saged dipun gambaraken? Kitab suci njawab pitaken kala wau kanti teges bilih, “Allah punika Roh, saengga tiyang engkang manambah dumateng penjenenganipun kedah kanti roh lan kebenaran.” Dados menawi wonten pitaken, kadospunapa ta Gusti Allah niku? Jawabannipun sampun jelas bilih Allah puniko roh kawontenanipun. Menawi manungso meniko saking raga/tubuh, jiwa lan roh, ananging Allah namung Roh kemawon. Roh Allah mboten wonten watesipun, Penjenenganipun wonten ing pundi-pundi, pramila Allah ngatasi sedaya mawon termasuk manungsa. Roh Allah enggih Allah piyambak pirs sedaya perkawis, mboten wonten engkang saged ngumpet saking Gusti. Siang ndalu sami kagem Gusti. Wonten ing pundi soho kapan mawon sedherek manggen Gusti pirs. Gusti pirs sedaya pikiran soho isine manah kita.

Dados kadospundi Allah saged dipun gambaraken? Mungkin sakiang pelajaran puniko kita saged nyimpulaken: Allah mboten saged dipun samiaken kalihan sinten mawon, Allah njehpuniko Allah lan mboten saged dipun bandingaken. Wonten siaran-siaran engkang badhe dugi, kita badhe tambah ngembangaken pengertian kita tentang sifat-sifatipun Allah. Wonten ing kitab suci Gusti Allah kagungan ratusan asma, kadosta Sang Maha Tinggi, Engkang Maha Kuaos, Sang Pencipta, Sang Pemberi Kehidupan,

Sang Terang, Yang Maha Besar, Yang Maha Kudus, Yang Maha Pengasih, Allah Kasih. Penjenenganipun Allah engkang gesang lan sejatos.

Sakleresipun Allah engkang nyiptaaken langit kalian bumi puniko Maha Besar. Kitab suci ngendikan, “Iya ana ing Gusti Allah nitahake samubarang sing ana ing swarga lan ing bumi, barang-barang sing katon lan ora katon, semono uga sakehing pangwasa sing ora kasat mripat. Gusti Allah nitahake jagad raya iki lantaran Penjenengane lan kagem Penjenengane.” Allah, siji-sijine panguosa lan sing diberkahi, Raja sakabehing raja, Tuhan sakabehing Tuhan, namung Penjenengane sing langgeng lan manggon ana ing cahyaning kamulyan. Ora ono siji wae wong sing ndeleng Penjenengane. Samubarang kabeh kuwi pinangkane saka Gusti Allah lan kagem Penjenengane. Mula kamulyakna ing selawas-lawase! Amin”.

Wonten pasal sanesipun saking Kitab Taurat, nabi Musa ngluhuraken Gusti Allah kanti pujian engkang sae sanget, “Agung saha elok pakaryan Paduka, dhuh Pangeran , Allah ingkang Maha Kwaos! Adil saha leres sadaya margi Paduka, dhuh Rajanipun sedaya bangsa! Dhuh Pangeran sinten ingkang mboten ajrih, saha mboten ngluhuraken asma Paduka? Awit namung Paduka piyambak ingkang suci, aamrgi sakathahipun bangsa sami badhe sowan sara nyembh sujud dumateng Paduka, sabab namung Paduka ingkang suci.”

Dados mengaten sedherek kulo, sumonggo kita sesarengan nyimpen wonten ing manah punapa ingkang sampun kita pirengaken, bilih Ing Jaman wiwitan mula Gusti Allah. Namung Allah piyambak ingkang wonten saderengipun sedaya perkawis wonten lan namung Allah piyambak ingkang saged nuduhaken dumateng kita kahanan wiwitan ugi engkang saged nuduhaken dinten kiamat. Lan namung Gusti piyampak ingkang saged nedahaken kaleresenanipun. Sedaya keleresan Gusti Allah sampun kaserat dening para nabi wonten kitab suci. *Seratan para nabi ugi ngajaraken dumateng kita supados nggadahi hubungan ingkang sae lan endah kalian Gusti. Kanti menika sumangga kita purun mbikak talingan, pikiran saha manah kangge punapa ing Gusti Allah ngendikaaken, kados ingkang kaserat wonten kitab suci...”* *Padha balia, sowana aku supaya padha slamet, he sakehe umat sing ana ing bumi! Ora ana allah kejaba Aku”.*

Sedherek punapa sampeyan sampun tepang kalian Gusti Allah secara pribadi? Punapa Allah punika namung Sang Pencipta ingkang manggen tebih ing nginggil langit lan mboten dipun kenal? Sedherek kulo, Gusti kagungan kersa supados sampeyan tepang lan ugi pikempalan kalian Penjenenganipun saklami-laminipun. Kita badhe pepisahan wonten ing kesempatan sakniki. Menawi wonten pertanyaan babagan punapa ingkang sampun sampeyan pirengaken, saged nyerat surat kagem kawulo ing acara Margining

Karahayun. Matursuwun kagem wekdalipun mirengaken siaran puniko. Wonten pinanggihan ing mangkih kita badhe sinau sesarengan pokok menarik njeh puniko “Malaikat lan Setan”.

Gusti amberkahi wekdal sampeyan menggalihaken ayat kitab suci ingkang ngendikan, “ **Allah punika Roh, manungso ingkang nyembah dumateng Penjenenganipun kedah manembah wonten ing roh lan kaleresan. ..**

Marging Karahayun

Pelajaran 3

Malaekat lan Setan

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Wonten ing siaran kepengker, kita mangertos bilih kitab suci njelasaken ing jaman kuna wiwitan Gusti Allah nitahake jagad. Ing mrika kita sinau bilih sedaya perkawis wonten wiwitanipun, kejawi namung Allah. Ing wiwitan mboten wonten napa-napa, namung Allah piyambak, namung Allah piyambak ingkang gesang, Penjenenganipun Gusti kelanggengan. Allah punika ageng lan mboten wonten bandinganipun. Pramila kitab suci njelasaken namung Penjenenganipun ingkang mboten fana lan gesang wonten ing cahyaning kamulyan ingkang manungsa mboten saged ningali. Kagem Panjenenganipun Kamulyan lan kuwaos salami-laminya. Amin. Kagem Allah mboten wonten wiwitan ugi pungkasan. Penjenenganipun mboten mbetahaken napa-napa. Allah mboten saged dipun watesi. Allah punika Roh lan wonten ing pundi-pundi wonten wekdal ingkang sami. Penjenenganipun pirsu sedaya perkawis, kuwaos lan ugi ngatasi sedaya perkawis termasuk manungsa.

Dinten sakpunika kita badhe miwiti pelajaran 3 perkawis malaekat-malekat ugi setan ingkang sampun kaserat dening para nabi ing kitab suci. Punapa penjenengan mangertos saking pundi asalipun malaekat saha setan? Kita sedaya mboten mangertosi perkawis menika menawi Gusti Allah mboten ngendikan dumateng kita. Gusti njelasaken sedaya wau nglangkungi Sabdanipun. Pramila sumangga kita kanti teliti sinau kitab suci supados kita saged mangertos kaleresan perkawis malaekat ugi setan.

Kula elingaken malih, bilih namung Gusti Allah piyambak ingkang wonten wekdal wiwitan, mboten wonten sanesipun. Mugi-mugi wonten pelajaran saklajengipun, kawula badhe nyariosaken kadospundi Gusti Allah

nyiptaaken alam donya kalian isinipun. Nanging sedherek kula, sakderengipun Gusti Allah nyiptaaken manungsa ugi alam dunya, wonten ingkang sampun dipun ciptaaken rumiyin, njeh punika Malaekat.

Kathah sanget bagian Kitab Suci nyariosaken dumateng kita perkawis malaekat. Dinten punika kita badhe sinau babagan penting perkawis makluk ciptaanipun Gusti engkang setunggal punika. Kitab suci maringi pangertosan dumateng kita bilih malaekat awujud roh, kadosdene Allah. Piyambakipun diciptaaken saking geni lan angin. Mboten wonten ingkang saged ningali angin ugi nyekel geni, kados mekaten malaekat punika. Menawi manungso kacipta saking raga kalih roh, nanging malaikat namung roh kemawon, saengga kita mboten saged ningali. Sanajan kadangkala wekdal ngetingal dumateng kita awujud kados manungso. Kitab suci ngajaraken bilih malaekat nggadahi kekiatan lan kuwaos nglangkungi manungso, ananging malaekat ugi nggadahi wates. Piyambakipun mboten maha kuwaos, maha hadir ugi maha pirsaa, awit malaekat ugi ciptaan biasa. Namung Gusti Allah engkang mboten winates ugi Maha Pirsaa.

Menawi para sedherek kepengin langkung kathah mangertosi babagan malaekat, pramila kitab suci ngendikan mekaten: ing ngajengipun Allah “ ing kanane ana malaekat-malekat maewu-ewu sing padha ngladosi Penjenengane, lan malaikat mayuta-yuta pada ngadeg ana ing ngarsane”. Dados wonten ing itunganipun manungsa, punika mboten saged kaetung. Allah ingkang Ageng ugi Agung punika sampun nyiptaaken malaekat mayuta-yuta ingkang sae ugi wicaksana punika namung kagem Penjenenganipun piyambak.

Perkawis sanes ingkang perlu kita mangertosi bilih wekdal malaekat-malaekat punika diciptaaken dening Gusti kawontenanipun suci, mboten wonten ingkang jahat, mboten wonten iblis. Kados dene Gusti Allah piyambak enjih suci kawontenanipun, sampurna ugi sae.

Punapa sedherek kepengin mangertos, punapa kok Gusti Allah nyiptaaken malaekat? Wonten ing kitab suci njelasaken bilih malaekat dipun cipta kangge ntresnani, memuji saha ngladosi Allah ing suwarga ngantos selaminyaa. Sedaya malaekat kagungan Allah, sabab Penjenenganipun engkang nyipta. Mangertos mboten, bilih wonten panggenan ingkang sae lan suci, kebak kalih cahya panggenan Allah manggen? Panggenan kala wau tebih nglangkungi terangipun kalih bulan, srengenge ugi bintang-bintang. Para nabi nyebat panggenan punika hadirat Allah utawi Firdaus, panggenan Gusti Allah kalih para malaekat manggen.

Wonten perkawis sanes babagan malaekat, bilih malaekat punika mboten sami. Wonten malaekat ingkang langkung sae ugi kagungan kuwaos saha langkung ageng saking malaekat sanesipun. Wonten malaekat ingkang tansah wonten ing sekitaripun tahtanipun Allah teng suwargi. Ingkang sanesipun nglindungi saha

njagi manungsa. Malaikat Jibril kalia Mikail, tansah wonten ing ngajengipun tahta Allah saha nggadahi tugas dados utusanipun Gusti Allah kagem ngrampungaken tugas istimewa wonten ing bumi.

Wonten bagian malaekat ingkang dados kepala, punapa sedherek nate miring Lucifer? Sabdanipun Gusti ngendikan bilih Lucifer punika nate dados kepala malaekat. Wekdal sedherek nate mirengaken carios Licifer, sedherek mesti sampun ngertos saking pundi asalipun setan.

Miturut Kitab Suci, wekdal Allah nyipta malaekat, Lucifer setunggaling malaekat ingkang paling endah, kuwaos ugi wicaksana. Arti Lucifer piyambak bercahaya. Allah paring Lucifer kaendahan saha kapinteran ingkang inggil. Lucifer dipun ciptaaken supados nyembah, ntresnani, saha taat dumateng Allah lan Panjenenganipun ugi paring berkah ingkang kathah sanget dumateng Lucifer. Ananging wonten ing wekdal saklajengipun Lucifer watakipun gumunggung. Ing lebet manahipun wicanten “aku arep mapanake dhamparku ana ing sakdhuwure lintang-lintang sing dhuwur dhewe! Aku arep munggah ing sakndhuwure awing-awang lan dadi kaya Pangeran Kang Mahaluhur”

Luar biasa! Lucifer, makluk ingkang dipun paring kamulyan saking Gusti, malah pengin mundut kamulyanipun Gusti Allah Engkang Maha Enggil. Piyambakipun nyangka sederajat kaliyan Allah. Lucifer berontak kanti ngajak 1/3 malaikat sanesipun ninggalaken Allah. Punika dipun arani dosa musyrik, ndadosaken tiyang utawi pribadi sederajat kalih Allah.

Nanging sedherek kula, Allah injih Allah, ingkang mangertos punapa ingkang dipun rencanaaken kalih Licifer saha malaekat penderekipun. Awit wonten ing ngarsanipun Allah sedaya perkawis dipun mangertosi. Punika nedahaken bilih Allah Maha Mangertos, engkang mangertos dosa pemberontakan ing manah Lucifer saha penderekipun.

Sedherek kula, Allah punika suci saengga mboten saged mirsani kejahatan. Allah mboten saged toleransi kalih dosa. Allah mboten purun maringaken Kamulyanipun dumateng pribadi sanesipun. Allah mboten saged digantos sinten mawon, awit Allah istimewa. Kados ingkang dipun serat para nabi, Allah mbucal Lucifer saha penderekipun saking kamulyanipun ingkang suci, ugi mboten saged malih wonten suwarga awit sampun dumawah ing dosa. Allah ingkang suci kedah ngukum sedaya tiyang ingkang berontak dumateng Penjenenganipun.

Saksampunipun dawah ing dosa, Lucifer naminipun Setan, ingkang artosipun Penghasut. Sakpuniko Lucifer dados musuhipun Allah engkang ngantos sakpunika piyambakipun kalih penderekipun nolak Allah saha sedaya perkawis sae. Setan nolak Sabdanipun Allah saha tansah usaha nglawan dumateng Allah

supados sedaya rancanganipun Allah gagal. Ananging kadospindi mawon Allah hakim ingkang Agung, mboten wonten ingkang saged nglawan dumateng Gusti.

Kitab suci ugi ngajar kita bilih Setan saha pendherekipun diusir saking suwarga. Allah nyipta latu neraka ingkang mboten nate mandeg kangge setan. Wonten wekdalipun Allah badhe nguncalaken setan, malaikat saha manungsa penderekipun wonten latu neraka. Kitab suci ngendikan “ setan bakal padha kasiksa rina wengi langgeng ing selawas-lawase.”

Ananging sakpunika wekdal miturut Kitab Suci, setan dereng dibucal ing neraka, nanging wonten alam dunya berjuang nentang Allah saha umatipun. Setan punika si Perusak, ingkang kepengin ngrisak pedamelanipun Gusti. Setan kepengin manungsa ingkang dipun cipta Allah sangsara saha nderek setan mlebet neraka. Kathah manungsa tanpa sadar bilih gesangipun dikendaliaken setan. Kitab suci ngendikan,” setan ngaton kaya malaekat terang,” lan uga, “Setan kuwi pancen tukang goroh, jalaran pancen mengkono kaanane. Lan sakehing goroh kuwi asale saka dheweke”. Setan tansah usaha supados manungsa kapusan saengga mboten nggatosaken malih dawuhipun Gusti. Pramila ing Injil setunggaling abdi Gusti ngendikan,” Padha diwaras ing budi sarta diprayitna, Iblis mungsuhmu klinteran kaya singa nggero-nggero golek memangsang.” Kanti punika sedhrek sumangga kita tansah ngatos-atos.

Gunging panuwun dumateng Gusti Allah, krana paring Sabda supados kita saged lolos saking kuasanipun setan. Isa Almasih paring janji kagem penderekipun. Sabdanipun “ Nuli kowe bakal nglakoni kersane Allah lan srana mengkono kowe dadi wong merdika”. Punapa sedherek mangertosi kaleresan napa ingkang saged mbebasaken sedherek saking kuasanipun setan? Ampun dipun laliaken setan langkung wicaksana saking manungsa, ananging Gusti Allah langkung wicaksana saking Setan. Setan langkung kuat saking manungsa, ananging Allah langkung kuat saking Setan. Punapa mangertos bilih Firman Kebenaran saged mbebasaken sedherek saking kuwaosipun Setan? Kathah sanget manungsa ingkang nolak kaleresan Sabdanipun Allah, karena dipun apusi Setan. Panci leres bilih Sabdanipun Allah mboten tansah eco dipidangetaken. Kaleresan kados obat pahit utawi jarum suntik kagem tiyang sakit. Ananging wekdal sedherek pirsu ugi pitados kalih Keleresan Sabdanipun, sedherek badhe uwal saking kuwaosipun Setan. Keleresanipun Allah tansah mbebasaken manungsa saking tipu daya setan, nanging ingkang penting sedherek mangertosi kebenaran wau ugi purun pitados.

Sedherek muhi tansah kersa mireng dawuhipun Gusti, “Para sedhulur sing daktresanani! Aja padha ngandel karo angger wong sing ngaku wong sing ngaku kadunungan Rohe Allah, nanging padha titenana dhisik apa roh sing ana ing wong kuwi asale saka Allah apa ora”. Kadospundi cara kita niteni punapa

ingkang dicanten dening roh?. Allah punika leres lan mboten nate ewah nggingsir, mekaten ugi Pangandikanipun, leres saha mboten ewah. Pramila wonten napa kita sakpunika sinau Pangandikanipun Allah ingkang kaserat wonten Kitab Suci. Punapa sedherek saestu-estu mangertos punapa ingkang diserat para nabinipun Allah? Punapa sedherek mangertos maksud Pangandikanipun Allah? Punapa sedherek pitados Sabdanipun Allah? Supados kita saged terhinder saking tipuanipun setan, kita kedah purun mangertos saha pitados punapa ingkang sampun Gusti tedahaken.

Para sedherek, matursuwun penjenengan sampun kersa mirengaken siaran kawula. Kawula ngundang penjenengan tansah ndherek siaran punika wekdal saklajengipun. Wekdal ing mangkeh kita badhe mbahas babagan kadospundi Allah nyiptaaken bumi. Menawi wonten pitakenan, mboten usah ragu kintun serat dumateng kawula wonten acara Margining Karahayun.

Kita badhe pinanggihan malih wonten siaran ingkang badhe dugi. Berkah Sih Rahmat saking Gusti mugi dipun paringaken wekdal penjenengan tansah ngrenungaken Janjinipun ingkang ajaib; “Nuli kowe bakal nglakoni kersane Allah, lan srana mengkono kowe dadi wong merdika”

Margining Karahayun

Pelajaran 4

Kadospundi Allah Nyiptaaken Dunya

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Dinten punika kita badhe mlebet pelajaran 4 anggen kita sami sinau seratanipun para nabi. Wonten ing Purwaning Dumadi 1:1-2 bagian saking Taurat ngendikan, “ Ing jaman kuna sing wiwitan mula Gusti Allah nitahake jagad. Bumi kaanane isih ora karu-karuwan, tur sepi banget. Salumahe bumi ketutupan banyu, mangka kaanane peteng ndhedhet.” Wekdal Allah nyiptaaken dunya, mboten setunggal mawon ingkang gesang. Sedaya perkawis dereng wonten wujudipun namung ketingal peteng mawon. Sanajan mekaten, nilai wiwitan Gusti badhe nyiptaaken manungsa. Manungsa kagungan kemampuan saking nglebet kangge ntresnani lan ugi taat dumateng Allah selaminye. Ananging sakderengipun nyipta manungsa, Allah nyipta rumiyin dunya ingkang indah supados ing mrika manungsa saged manggen, saengga mangkehipun manungsa saged gesang kanti tenterem lan rahayu. Pramila dinten punika kita badhe mirengaken sesarengan carios kadospundi Allah nyiptaaken dunya kangge “nyambut manunggsa ingkang badhe dipun ciptaaken”.

Lajeng kadospundi cantenipun Kitab Suci babagan penciptaan dunya punika? Ing Kitab Suci dingendikaaken “ enem dina Gusti Allah nyipta langit lan bumi, segara lan uga kabeh sing ana ing njerone”. Sakpunika mangga kita tingali pasal pertama Taurat supados saged mangertosi punapa mawon ingkang Gusti cipta wonten 6 dinten.

Dinten pertama, kitab suci ngendikan:

“Bumi kaanane isih ora karu-karuwan, tur sepi banget. Salumahe bumi ketutupan banyu, mangka kaanane peteng ndhedhet. Dene Roh’e Allah makarya ana ing sakdhuwure banyu. Gusti Allah nuli ngandika, “Anaa padhang.” Banjur ana padhang. Gusti Allah mirsani yen padhang mau wis becik. Panjenengane’ nuli misah padhang karo petheng, sing padhang diarani “rina,” sing peteng diarani “wengi”. Mengkono wis dadi sore lan esuk; yakuwi dina kang kapisan.

Dados ing dinten kapisan Allah dawuh, “Anaa padhang ing pepetheng.” Allah dawuh dumateng bumi ingkang kados bal ageng ngambang ing langit, supados muter-berotasi sepindah wonten 24 jam. Punika sebabipun kita gadah padhang 12 jam ugi petheng 12 jam ing sedintenipun. Mekaten luarbiasa perkawis ingkang dipun damel Allah dinten kapisan: Penjenganipun misahaken pepetheng saking padhang!

Lajeng dinten kaping 2, kitab suci ngendikan:

Gusti Allah nuli ngandika, “Anaa penthengan kang misahake banyu dadi loro, ing panggonane dhewe-dhewe.” Banjur iya dadi mangkono. Kaya mengkono Gusti Allah wus yasa penthengan kanggo misahake banyu sing ana sangisoring penthengan karo banyu sing ana sakdhuwure penthengan mau. Penthengan kuwi diarani langit”.

Wonten ing dinten kapindo Gusti Allah nyiptaaken penthengan saklumahing bumi ingkang kita paring nami atmosfir. Atmosfir njeh punika langit ingkang nglindungi bumi lan ugi mengandung hawa ingkang kita ginaaken kagem ambegan. Atmosfir ingkang sami ugi nglindungi manungsa saha sedaya ciptaan saking panasipun srengenge ugi bencana sanes. Tanpa langit ingkang Gusti ciptaaken manungsa mboten saged gesang wonten bumi.

Lajeng dinten kaping 3, Allah nyiptaaken seganten, daratan ugi sayur-sayuran. Kitab suci ngendikan mekaten:

“Gusti Allah banjur ngendika, “Banyu kang ana ing sangisoring langit padha nglumpuka dadi siji, supaya katona dharatane.” Banjur iyo dadi mengkono. Dharatan mau diarani “bumi”, “lan klumpukane banyu diarani “segara”. Gusti Allah mirsani ye’n kaanane wis becik. Panjenengane nuli ngandika, “Bumi metokna tetuwuhan rupa-rupa, yakuwi thethukulan kang nuwuhake wiji, lan wit-witan kang metokake woh-wohan.” Banjur iya dadi mengkono. Gusti Allah mirsani yen kuwi mau kabeh wis becik. Mengkono wis dadi sore lan esuk, yakuwi dina kang katelu.

Dinten kaping 3 Gusti Allah sang Perancang Agung, nyiptaaken lautan, lepen-lepen, ugi maewu-ewu jenis wit-witan ingkang medalaken buah piyambak-piyambak. Sekeca sanget maeman ingkang dipun ciptaaken dening Gusti kadosta; pelem, pisang, semangka, tomat. Kol, wortel, beras, kacang lan sanes-sanesipun. Gusti ngendikan punapa mawon ingkang dipun ciptaaken “kابه becik!” sedaya perkawis ingkang dipun damel Gusti sae, ajaib ugi sampurna kawontenanipun. Gusti mboten saged tumindak jahat, awit Gusti Sae kawontenanipun.

Mungkin wonten ingkang taklet: “menawi Allah punika panci sae, menapa kok wonten kejahatan ugi kasengsaran wonten ing pundi-pundi? Wonten punapa sawah kula gagal, wonten punapa kok anak kula sakit? Sedaya wau panci pitaken penting, lan mangkih ing pelajaran saklajengipun kita badhe nemuaken jawabanipun wonten kitab suci. Nanging sumangga wekdal sakmangkeh kita sami nekanaken ing manah bilih, Allah punika sae, **saengga punapa mawon ingkang Penjenganipun cipta sedaya sae .**

Sakmangkeh sumangga kita penggalihaken kesaenanipun Allah. Kita nembe mawon mirengaken kadospundi Gusti Allah nyipta wit-witan wonten dinteng kaping 3. Punapa sedherek mangertos maksud Gusti Allah nyiptaaken wit kalih wohipun? Punapa Gusti mbetahaken? Punapa awit Gusti kepareng dahar woh - wohan saengga Gusti nyipta wit ugi wohipun ingkang eca? Alkitab nedahaken bilih Allah nyiptaaken sedaya perkawis namung kangge kesaenanipun manungso, sanes kagem Penjenenganipun.

Punapa sedherek mangertosi kesaenan Allah? Punapa sedherek nate dhahar duren utawi tilem wonten ngandapipun wit engkang seger wekdal srengenge panas kalih dhahar woh semangka eca, tanpa sadar bilih sedaya wau wonten awit kesaenanipun Allah? Sedaya wau sampun dipun cawisaken sakderengipun manungsa dipun ciptaaken. Sejatosipun Gusti ngersaaken supados kita sami ngraosaken sedaya kesaenanipun lan ugi ngluruhuraken Gusti. Daud nyerat wonten kitab Zabur, “Nyatakna dhewe sepira kabecikane Allah mau!” Nah sumangga kita lajengkan pelajaranipun, sakderengipun wekdal terus lumampah ing dinten punika.

Saklajengipun dinten kaping 4, Gusti Allah dawuh, “ *Ing langit anaa pepadange sing misahake rina lan wengi, sarta kanggo tengeran wiwitane dina, taun lan mangsa riaya manut prenataling agama*”. Allah namung paring perintah lan saking perintah wau Srengenge, bulan saha lintang-lintang wonten ing angkasa. Allah namung paring perintah bumi sampun ngubengi srengenge mekaten ugi bulan ngubengi bumi.

Punapa ingkang Allah ginaaken kagem nyipta sedaya perkawis wonten bumi? Kitab Suci Injil njelasaken: “ Alam donya dumados awit parintah Sabdanipun Allah, mekaten ugi punapa ingkang wonten

sakpunika asalipun saking kehampaan. Allah ngagem Pangandikanipun kangge nyiptaaken sedaya perkawis. Sedherek, sampeyan mboten saged misahaken Allah kalian Pangandikanipun, awit kekalihipun dados setunggal. Ing kitab suci Injil dipun ngandikaken mekaten, *“Sadurunge jagad dititahake, Sang Sabda mau tetunggilan karo Gusti Allah, sarta Sang Sabda kuwi pancen Allah. Sakdurunge jagad iki ana, Sang Sabda wis nunggil karo Gusti Allah. Lan lantaran Sang Sabda mau Gusti Allah nitahake samubarang kabeh. Ora ana barang siji wae ing alam donya iki sing ora dititahake dening Sang Sabda”*.

Kita sampun maos ing dinten kaping 1 Allah namung sabda, *“Anaa padhang”* lajeng padhang kacipta. Wonten dinten kaping 2 Allah ngendikan *“Anaa pethengan”* lan pethengan dumados. Lajeng dinten kaping 3 Allah dawuh malih, saengga punapa mawon dipun ngendikaaken dumados lan wonten. Dados para sedherek sami, wekdal Allah nyiptaaken dunya saha isinipun namung kalih Sabda kemawon. Allah nyipta sedaya perkawis kalih kuwaos Sabdanipun. Awit Pangandikanipun, bulan saha lintang-lintang manggen wonten panggenanipun piyambak. Awit kuwaos Sabdanipun Allah srengenge mlethek saha nyilem saben dinten tepat wekdalipun. Punika mbuktikaken menawi Gusti Allah punika setia, dumateng Panjenenganipun kita saged kumandel. Penjenenganipun mboten nate nyelaki Sabdanipun saha mboten nate ewah gingsir. Kitab suci dawuh: *“Sabda Allah mboten nate ewah”*.

Lajeng dinten kaping 5, kitab suci nyerat, *“Gusti Allah nuli ngandika, “Ing Banyu anaa kewan banyu werna-werna, lan ing awing-awang anaa manuke.” “Gusti Allah nitahake kewan kang gedhe-gedhe banget, lan werna-werna sing padha urip ing banyu, semono uga sakehe manuk. Gusti Allah mirsani yen kuwi kabeh wis becik. Nuli padha diberkahi; pangandikane marang kewan sing ana ing banyu, “Padha bebranhana lan tangkar tumangkara, ngebakana banyuning segara. Lan manuk padha tangkar tumangkara ana ing bumi.” Mengkono wis dadi sore lan esuk, yakuwi dina kang kalima.*

Lajeng **dinten ingkang kaping 6**, kitab suci ngajaraken bilih Allah nyiptaaken kewan kalih manungsa. Nanging awit peristiwa punika penting sanget lan wekdal ingkang wonten mboten cekap paring pemahaman ingkang lebet masalah tujuan Allah saha tumindakipun ing dinten kaping 6 terutama ingkang nyangkut dumaten manungsa. Dados wonten pertemuan saklajengipun kita nembe sinau secara terperinci punapa ingkang kedadosan wonten dinten 6, langkung-langkung ingkang wonten hubunganipun kalih manungsa. Kadospundi Allah nyipta manungsa saha punapa tujuannipun.

Dinten punika kita sampun ngalihaken kesaenanipun Gusti Allah. Kita sampun maos seratanipun nabi Daud, *“Nyatakna dhewe sepira kabecikane Allah mau!”*. Para kadhang sedaya, punapa

sedherek sampun ngraosaken saha mangertos kesaenanipun Gusti Allah? Menawi sampeyan kepingin ngraosaken kesaenanipun Allah, sampeyan kedah mirengaken ugi pitados kalian Sabdanipun Gusti Allah.

Ing kitab Suci kaserat, *“Manungsa uripe ora mung saka roti wae, nanging saka sakehing sabda sing didhawuhake dening Gusti Allah.”* Wonten pelajaran saklajengipun mangkeh kita badhe sinau, bilih sejatosipun manungsa punika mboten namung raga, ananging ugi wonten jiwaniipun ingkang sifatipun kekal. Jiwa kekal manungsa punika ingkang mbetahaken sabdanipun Gusti saengga saged gesang terus. Sabda Gusti punika saestu sae, ananging kita piyambak kedah gadhah raos luwe dumateng Sabda wau. Punapa sedherek gadhah raos luwe dhateng pengetahuan perkawis Allah kalih Sabdanipun ingkang langgeng, sami kados sedherek luwe saksampunipun nyambut damel ingkang awrat. Menawi sedherek nggadahi raos luwe kalih Sabdanipun Allah, ing mriku sampeyan badhe nemukaken kaleresan ingkang maringaken raos rahayu saha tentrem, wekdal wonten ing alam dunya saha ing mangkeh wekdal nampi warisan ing suwargi. Kawula mangertos bilih punika sanes omong kosong, karena Gusti Allah piyambak ingkang janji, kados pangandikanipun mekaten, *“Rahayu wong kang kaluwen lan ngelak marang karsane Allah, awit iku kang bakal padha kewaregan”*.

Matursuwun kagem pawigatosanipun sedherek sami. Kawula ngajak dumateng sedherek supados wekdal kawula wangsul malih, kita saged sesarengan sinau kadospundi Allah punika nyiptaaken manungsa wiwitan, lan ingkang utami malih punapa tujuanipun Gusti nyipta manungsa. Berkah saking Gusti kagem para kadhang sedaya, lan ampun kesupen kalih ajakannipun ingkang ajaib: ***“Nyatakna dhewe sepira kabecikane Allah mau!***

Marginging Karahayun

Pelajaran 5

Tujuan Allah Nyiptaaken Manungsa

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Wonten program kita ing pungkasan, kita sampun mirengaken kadospundi Allah nyiptaaken langit, bumi saha sedaya isinipun, nglangkungi Sabdanipun. Kita ugi sampun mireng alasan punapa Gusti nyipta dunya rumiyin, awit Gusti kagungan kersa supados manungsa manggen ing dunya saha saged ngraosaken gesang rahayu.

Dinten punika, kita badhe sinau babagan kadospundi saha wonten punapa Gusti Allah nyipta manungsa. Kitab Purwaning Dumadi 1:26 sabda Allah ngendikan mekaten, “ *Ayo Kita padha yasa manungsa, nulad gambar lan pasemon Kita. Manungsa iku ngwasana iwak-iwak, manuk-manuk, lan sakehe kewan ingon-ingon lan kewan alasan, sing gedhe tekan sing cilik dhewe pisan.*” Mengkono mau Allah nyiptaake manungsa lan didadiake kaya Allah piyambak. Manungsa diciptaake lanang lan wadon.

Punika keleresan ingkang kedah kita mangertosi lan dipun enget, bilih Allah nyiptaaken manungsa jaler estri nulad gambar saha pasemonipun Allah. Nedhahaken dumateng kita bilih manungsa punika ciptaan ingkang paling penting saking sedaya ciptaan Gusti Allah sanesipun.

Lajeng punapa artosipun, “*Allah nyipta manungsa nulad gambar lan pasemone Allah?*” Pasal 2:7 kitab suci ngendikan, “ *Gusti Allah banjur mundhut lemah saka ing bumi kawangun manungsa; nuli bolongane irunge kasebul nganggo napasing urip, mula manungsa banjur urip.*” Ayat punika jelasaken dateng kita sepindah: wekdal manungsa dicipta, Gusti Allah nyipta manungsa kalih bagian: jiwa saha raga. Artosipun bilih manungsa mboten namung saking raga mawon, ananging ugi saking jiwa. Inggang kaping 2, ayat ing

ninggil jelasaken bilih Gusti Allah nyipta manungsa wonten 2 tahapan, tahap sepindah, Gusti Allah mundut lemah lajeng kabentuk dados manungsa. Tahap 2 “Gusti nyebul bolongane irung manungsa kalih napasing pigesangan, saengga manunggsa gesang”.

Miturut ayat menika kita mangertosi bilih manungsa Gusti cipta saking tanah. Wonten ing kitab Zabur nabi Daud nyerat, “ Panjenengane pirsya, sapa kita iki, lan enget kita iki mung lebu”. Panci leres bilih raganipun manungsa saking lebu, mboten berarti manungsa mboten wonten harganipun. Wonten ing raga manungsa kasusun sekitar 70 triliun sel, bagian raga ingkang paling alit, nanging sedaya wau kasusun kanti sampurna. Raga manungsa setunggaling keajaiban, awit ing raga wau Gusti Allah manggenaken otak, jantung, ati, paru-paru, usus, balung-balung, kulit, mripat, irung, tutuk saha taksih kathah malih lan menawi kita penggalih fungsipun, kita badhe sadar menawi sedaya wau namung keajaiban ingkang Gusti Allah piyambak damel. Nabi Daud nyerat pujiannipun kagem Allah mekaten, *“Paduka kawula puji, margi anggen kawula katitahaken elok nggumunaken. Iba elokipun sekathahing pakaryan Paduka, prekawis menika kawula akeni saestu”*.

Panci raga manungsa punika keajaiban ingkang elok sanget. Nanging sedherek, sanes raganing manungsa ingkang kasebat nulad gambar lan pasemonipun Allah, awit Gusti Allah punika Roh kawontenanipun. Dados wekdal kitab suci ngendikan Allah nyipta manungsa nulad Gambaripun, ingkang dimaksud njeh punika jiwaniipun manungsa ingkang manggen wonten ing raganipun. Perlu kita enget kitab suci ngendikan, engkang dipun cipta Gusti Allah tahap sepindah raga tanpa jiwa, ugi saged kasebat kawontenanipun manungsa wekdal didamel saking tanah, sami kados mayit. Menapa Gusti tumindak mekaten? Wonten punapa Gusti Allah mboten langsung nyipta manungsa ingkang wonten nyawanipun kados ciptaan sanesipun? Menika nggadahi tujuan supados manungsa mangertosi bilih gesang/nyawa punika paringanipun Gusti Allah. Manungsa mboten saged paring nyawa kagem piyambakipun piyambak, utawi nyiptaaken perkawis ing wonten nyawanipun. Gusti Allah piyambak ingkang kagungan mulai wiwitan. Namung wonten Ing Gusti wonten pigesangan. Kitab suci ngendikan, “Gusti Allah nuli nyebul bolongane irunge nganggo napasing urip, mula manungsa banjur urip”. Dados manungsa gesang awit Gusti Allah paring nyawa. Pigesangan ingkang awalipun namung Gusti piyambak ingkang kagungan mulai wekdal punika wonten ing manungsa.

Dados ingkang kasebat kitab suci, ‘nulad gambar Allah’ sanes raganipun manungsa ananging jiwaniipun. Menawi mekaten punapa ingkang sami antawis jiwa manungsa kalih Gusti Allah? Mesti sedherek sami gadah raos pitaken. Pramila sakderengipun acara punika mantun kita badhe mbahas sakpunika. Sedherek

sami, wonten 3 perkawis ingkang sami wonten Allah saha manungsa. 3 perkawis punika pikiran, perasaan saha pikajengan, utawi kebebasan kagem milih.

Sakpunika manga kita sami sesarengang punapa artosipun 3 perkawis wau:

Sepindah, Gusti Allah paring dumateng manungsa pikiran ingkang dadosaken manungsa sinau perkawis Gusti Allah, tepang saha gadah pikiran kados Gusti Allah menggali. Langkung jelasipun malih, wonten napa sampeyan ngertos siaran punika, ananging kewan mboten, padahal kewan ugi gadah otak? Punapa manungsa namung saged wicanten kalih manungsa mawon? Awit kita mboten namung gadah otak, ananging ugi pikiran utawi aka ling sami. Akal punika ingkang mbedaaken kita kalih kewan.

Gusti Allah paring manungsa pikiran supados saged mangertos punapa ingkang dipun maksud Gusti Allah wekdal Penjenenganipun ngendikan. Gusti Allah paring kemampuan berpikir ingkang luar biasa, awit Penjenenganipun kepingin supados manungsa gadah hubungan ingkang akrab kalih Gusti Allah kados sahabat. Saling mangertos ndadosaken kita sahabat. Ananging mboten ateges bilih manungsa kalian Gusti Allah sami pengetahuanipun saha sami kawicaksananipun. Mboten. Pengetahuan saha kawicaksananipun Gusti Allah tebih nglangkungi manungsa pundi mawon. Ananging ingkang kedah kita mangertosi bilih Gusti Allah paring dumateng manungsa jiwa ingkang saged ndadosaken manungsa ngraosaken hubungan kalih Allah ingkang gesang. Punika ingkang kedadosan wonten ing nabi Ibrahim. Piyambakipun kasebat sahabatipun Allah, awit nggadahi hubungan ingkang akrab kalian Gusti Allah kados 2 sahabat. Sedherek kula, sakleresipun mboten namung nabi Ibrahim ingkang angsal kesempatan dados sahabatipun Gusti Allah. Ananging kita sedaya ugi saged dados sahabatipun Allah, awit Panjenenganipun sampun manggenaken jiwa ngkang nggadahi pikiran kita, manungsa ciptaanipun.

Panjenenganipun mboten kersa kita kadosden kewan, ingkang mboten saged mangertosi Gusti Allah. Kewan nggadahi tutuk ananging mboten saged ngaturaken raos maturnuwun dumateng Gusti Allah karena sedaya Kesaenanipun. Kewan nggadahi kuping saha mripat ananging mboten saged mireng ugi maos dawuhipun Gusti.

Dados sedherek kula ingkang mindangetaken siaran punika...manungsa ingkang diciptaaken Allah kados pasemonanipun piyambak saged mangertos dumateng Gusti Allah, saengga saged menggali, mirengaken Sabdanipun ugi saged wicanten kalih Gusti Allah. Penjenengan saged dados sahabatipun Allah, menawi purun pitados lan nampi marginining karahayun ingkang sampun Gusti Allah piyambak temtuaken. Kawula badhe jelasaken babagan margining karahayun ini wonten wekdal-wekdal ingkang badhe dugi, nanging

sakpunika wekdal ingkang kedah kita penggalihaken njeh punika Gusti Allah sampun paring pikiran kangge kita supados saged tepang saha paham kalih Penjenenganipun.

Kaping kalih, Allah manggenaken ugi ing jiwa manungsa manah (hati) supados saged gadah raos katresnan dumateng Gusti Allah. Manah (hati) ingkang kita rembag ing mriki sanes manah ing raga jasmani, nanging kalbu...perkawis ingkang ndadosaken kita gadah raos ing jiwa, emosi-emosi saha motivasi. Kalbu ingkang rembag sakpunika njeh punika pikajengan manah sampeyan. Punika ingkang Gusti panggenaken ing jiwa manungsa, kalbu utawi perasaan, saengga manungsa saged ngraosaken punapaingkang Gusti Allah raosaken. Allah saged ntresnani, nyegit, seneng ugi sedih, ugi gadah raos iba. Mekaten sebabipun Gusti manggenaken perasaan wonten ing jiwa manungsa, supados manungsa saget ngeremeni punapa ingkang Allah remeni saha sengit punapa ingkang Gusti Allah sengit. Allah ngeresaaken supados manungsa ntresnani Panjenenganipun kanti sakgolong manahipun. Menika sebabipun Gusti nyiptaaken manungsa kados Penjenenganipun saha maringaken perasan dating manungsa.

Kaping tiga, kesamaan antawis Allah kalih manungsa njeh punika kebebasan kagem milih/pikajengan. Gusti paring pikajengan ing jiwa manungsa supados piyambakipun saged milih marginipun. Kados Gusti Allah gadah pilihan kagem nindaaken utawi mboten nindaaken perkawis, Allah paring pikajengan wonten jiwa manungsa damel pilihan kangge piyambakipun. Kalih paring pikajengan kagem manungsa, berarti Allah paring hak saha tanggeljawab kangge milih badhe taat Allah punapa mboten. Panci Allah saged nyipta manungsa ingkang mboten gadah pilhan, manungsa ingkang kados boneka utawi mesin, ingkang mboten saged obah utawi makarya ing jawi ingkang sampun diatur. Utawi kados srengene ingkang njedul saking wetan lajeng nyilem ing kilen saben dinten, mboten saged milih. Nanging Allah mboten nyipta manungsa kados mekaten. Manungsa kanti istimewa dipun cipta Gusti Allah.

Gusti nyipta manungsa nilai pertama namung kagem Penjenenganipun piyambak. Kalih paring pikiran, kalbu utawi perasaan, saha pikajengan supados manungsa ntresnani saha taat kalih Gusti Allah, ananging Penjenenganipun mboten nate meksa dumateng manungsa. Awit katresnan mboten kasebat malih katresnan menawi dipun peksa. Allah mendelaken kita milih piyambak punapa ingkang kita tindaaken, punapa badhe menghargai utawi mboten dateng pangandikanipun Allah. Dicipta dados kagungannipun Allah, mboten berarti wekdal wonten ing dunya menika sanes kangge kita utawi sinten mwon, ananging kagem Allah, supados tansah nyenengaken saha mulyaaken Asmanipun.

Sedherek kula, sakpunika penjenengan sampun mangertos bilih Gusti Allah nyiptaaken kita kalih kemampuan kangge tepang, ntresnani saha taat dumateng Gusti selaminye. Njeh! Salami-laminye...awit

jiwa ingkang dipun paringaken dating kita dening Gusti njeh punika jiwa ingkang langgeng, sami kados Allah langgeng. Pikajengipun Gusti bilih kita kedah gadah hubungan ingkang akrab saha ajaib kalian Penjenenganipun dinten sakpunika, mbenjang ngantos salami-laminy. Punika sebabipun Allah nyiptaken manungsa kados Penjenenganipun piyambak.

Sakderenge pepisahan dinten punika, kita badhe ngulangi pangandikanipun Isa Almasih ingkang kaserat ing kitab suci Injil, *“Pangeran iku Allah kita, Pangeran iku siji. Kowe padha tresnaa marang Pangeran Allahmu kanthi gumolonging atimu, sarta kalawan gumolonging budimu, apadene kalawan gumolonging kekuwatanmu”*.

Matursuwun kagem wekdalipun sampun mirengaken siaran punika. Insya Allah wonten program ingkang badhe dumugi kita badhe rembagan perkawis 2 manungsa...nabi Adam saha Siti Hawa garwanipun. Menawi wonten pertanyaan perkawis punapa ingkang dipun pindagetaken dinten sakmangkih, mboten usah ragu saged kintun serat dumateng kawula ing acara Margining Karahayun.

Mugi Gusti paring berkah saha pepadang ing penggalih penjenengan kangge mangertos, kadospunapa pentingipun pangandikanipun Isa Almasih, *“Kowe padha tresnaa marang Pangeran Allahmu kanthi gumolonging atimu, sarta kalawan gumolonging budimu, apadene kalawan gumolonging kekuwatanmu”*.

MARGINING KARAHAYUN

Pelajaran 6

Nabi Adam Lan Siti Hawa Ing Taman Firdaus

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Dinten punika kita badhe nglajengaken pelajaran babagan punapa ingkang kedadosan wonten dinten - dinten ing wiwitanipun jaman. Pinanggih sakpunika wekdal kita badhe mirengaken babagan Nabi Adam kalih Siti Hawa saha kadospundi kekalihipun wekdal wiwitan wonten ing bumi. Saking pelajaran kepengker kitab suci ngendikan, “ enem dinten Gusti Allah nyipta langit kalian bumi.” Manungsa pertama dipun ciptaaken Gusti dinten kaping enem lan manungsa punika ciptaan Gusti ingkang paling mulia. Awit senjata raganipun dipun cipta saking lebu, ananging ing raga punika Gusti manggenaken jiwa ingkang kekal. Sami kados Gusti Allah ingkang nggadahi pikiran, perasaan saha pikajengan wonten ing jiwa manungsa Gusti Allah manggenaken pikiran, perasaan saha pikajengan. Lan punika Gusti damel namung kagem manungsa mawon. Gusti damel tigang perkawis saengga manungsa saged tepang dumateng Gusti. Langkung kitab suci kita mangertos saksampunipun Gusti mantun nyiptaaken manungsa ing pertama, wonten malih ingkang dipun damel Gusti dumateng manungsa sakderengipun ngendelaken sadaya pakaryanipun. Punapa ingkang dipun damel dening Gusti? Menika ingkang kita badhe sinauni ing sakmangkih. Sumangga kita wangsul malih ningali Kitab Suci Taura ting buku Purwaning Dumadi 2 : 7, ”Gusti Allah banjur mundhut lemah saka ing bumi kawangun manungsa; nuli bolongane irunge kasebul nganggo napasing urip, mula manungsa banjur urip. Gusti Allah banjur yasa petamanan ing tanah Eden, ing sisih wetan. Ana ing petamanan kono Gusti Allah enggone mapanake manungsa sing didhapur mau.” Ayat-ayat wau nedahaken kadospundi Gusti Allah sampun damel taman ingkang endah kangge panggenan manungsa ingkang sampun dipun ciptaaken. Taman punika naminipun “Eden” ingkang artosipun “Gumbira”. Nami sanesipun njeh punika Taman Firdaus. Kathah tiyang ingkang nyangka taman Firdaus wontenipun ing langit. Ananging miturut kitab suci ingkang kita waos wau, taman Firdaus manggenipun ing bumi ing panggenan ingkang kasebat Eden. Sakmenika

wekdal manggen ing Irak. Malah tulisan para nabi mboten nyampuraduk perkawis Taman Firdaus ing bumi kalih Firdaus surgawi ing pundi kamulyanipun Gusti wonten. Ing ayat selajengipun nyariosaken ,”Ing petamanan kono Gusti Allah nukulake sakehe wit-witan sing katon asri, lan sing metokake woh-wohan sing becik kanggo pangan. Ing satengahing taman uga ana witing kauripan lan witing pangertin bab kang ala lan becik. Ing kono ana kali gedhe sing ngileni taman mau.....Gusti Allah mapanake manungsa ing taman Eden, supaya ngolah lan ngreksa taman mau”. Ing mriki kita saged mangertos bilih Gusti Allah sampun nyiapaken sedaya perkawis kangge Adam saengga piyambakipun saged gesang kanti ayem tentrem. Ananging ingkang langkung ajaib malih Gusti Allah kersa rawuh wonten taman Firdaus wekdal sonten, anamung supados saged pinanggih kalih Adam. Cobi penjenengan bayangaken menawi presiden mertamu wonten dalem penjenengan lan namung kepingin cerita-cerita mawon...perkawis ingkang wah njeh? Mekaten ugi Gusti Allah, Penjenenganipun rawuh nanmung supados saged sesarengan kalih manungsa. Penjenengan emut-emut, bilih tujuan Gusti Allah cipta manungsa kalih pikiran, perasaan saha pikajengan njeh punika supados saged saling membagi perasaan, ngobrol, sukarena saha ngliwati wekdal kelanggengan sesarengan wonten setunggal manah lan pikiran. Gusti ngeraaken hubungan Penjenenganipun kalih manungsa kados 2 sakabat, ingkang samsaya dangu samsaya akrab saha dumados ngantos salami-laminipun.

Sedherek kula, kados ingkang sampun kita pirengaken wau, miturut kitab suci ing tengah-tengah taman Firdaus wonten 2 wit ingkang penting. Yang setunggal namipun wit pigesangan, lajeng ingkang sanesipun naminipun wit pangertin bab ingkang awon kalih becik. Kitab suci nyatet mekaten, “ Gusti Allah paring dawuh: “ Sakrupane wit-witane ing taman iki wohe oleh kok pangan, kejaba mung witing pangertin bab ala lan becik, kuwi wohe aja kokpangan. Awit samasa kowe mangan wohe mau, ing dina kuwi uga kowe bakal mati.” Punapa penjenengan kaget, punapa Gusti nglarang Adam nedha woh pangertin bab ala saha becik? Mungkin ugi menggali, wonten punapa dipun tukulaken wonten ing taman menawi mboten angsal ditedha? Sedherek kula, Allah nindakaken sedaya wau wonten ing Rancanganipun ingkang sampurna. Allah sampun mbuktikaken kamirahanipun kangge Adam kalih maringaken sedaya perkawis ingkang Adam betahaken. Nglangkungi wit pigesangan, Allah ngeraaken supados Adam tansan emut bilih Allah mboten nate nahan setunggal mawon ingkang sahe kangge Adam, malah gesang langgeng mawon dipun bagiaken kangge manungsa ciptaanipun. Lajeng kangge napa wit pangertin perkawis ala kalih becik punika? Sedherek kula kadosdene Allah sampun mbuktiaken katresanipun kagem Adam, mekaten ugi Gusti paring kesempatan supados Adam saged mbuktikaken katresanipun dumateng Allah saengga piyambakipun purun taat dumateng sabdanipun Gusti, supados mboten nedha who pangertin sahe saha ala. Wonten kitab suci njelasaken bilih tiyang ingkang ntresnani Gusti mesti taat dawuhipun. Gusti mboten nyiptaaken manungsa kados robot, ananging manungsa nggadahi manah, pikiran saha pikajengan bebas supados manungsa saged milih

piyambak punapa badhe ntresnani saha ngormati Gusti Allah kanti tunduk dating Penjenenganipun. Dados wit who pangertin sahe saha ala punika kados ujian kangge Adam. Wonten kitab suci ugi jelasaken menawi Adam nglanggar Perintahipun badhe langsung pejah. Dados Allah sanget ntresnani Adam, saengga Sabdanipun tegas: “ Adam, yen kowe ora taat karo apa sing Ingsun dawuhake, kowe bakal mati.” Wonten ing sedaya seratan para nabi, ing mrika kaserat, “ Jiwa ingkang dosa mesti pejah.” Mungkin wonten ingkang taken, punapa niku dosa? Kitab suci ngajaraken bilih sedaya pelanggaran dumateng dawuhipun Allah kasebat dosa. Dosa berarti mlampah wonten pikajenganipun kita sanes manut marginipun Gusti. Langkung saking kesalahan, dosa njeh punika sedaya perkawis ingkang nentang perintah saha pikajenganipun Gusti. Sami kados pangandikanipun Gusti kagem Adam, mekaten ugi badhe kedadosan dateng tiyang ingkang nentang Allah njeh punika ngalami pejah. Kitab suci kanti jelas nerangaken bilih mati punika ukuman saking dosa. Lajeng punapa pejah punika? Wonten tiyang ingkang menggalih bilih pejah berarti mboten malih wonten ing ngalam donya, sedayanipun musna lan mboten wonten napa-napa malih. Miturut para nabi ingkang kaserat wonten kitab suci, wonten ing Bahasa ibrani pejah artinipun terpisah utawi pedotipun hubungan. Pejah secara jasmani berarti pisah saking pigesangan jasmani. Ananging akibat dosa njeh punika pejah secara rohani, ingkang artinipun pedotipun hubungan kita kaliaan Gusti ingkang dados sumber pigesangan. Punika artinipun kados ngendikanipun Allah: “Adam yen kowe mangan woh iku bakal kapisah saka Aku. Yen kowe ora taat marang aku, kowe natoni atiKu. Aku suci lan ora isa nampa wong kang natoni atiKu kanti nglanggar dawuh-dawuhKu....Aku ngusir Lucifer karo malaikat-malaikate wektu mbrontak nang Aku. Mengkono uga yen kowe dosa marang Aku, kowe yo bakal tak usir”. Ampun anggep enteng dating pemberontakan imkang ndadosaken kematian rohani. Kapisah saking Allah artosipun dibucal. Hubungan kita langsung pedhot wekdal pertama kali kita mboten taat dating Penjenenganipun. Allah punika suci, langkung sucinipun kagem mendelaken tiyang ingkang nglawan Penjenenganipun panggah gesang wonten Ngarsanipun. Dados kita saged mangertosi bilih nglawan dumateng Allah punika masalah serius, saengga mboten wonten malih ingkang sisa wekdal Gusti sumberpigesangan punika duka selain kematian? Namung menawi kanti saestu-estu kita taat kanti sampurna, kita nembe saged celak dumateng Gusti. Wonten ing sisa wekdal dinten punika, kita badhe sinau wonten buku Purwaning Dumadi ing Taurat, ingkang nyariosaken babagan Gusti nyiptaaken wanita ingkang pertama kali. Mekaten cariosipun, “Allah mirsani mboten sae menawi Adam piyambakan mawon, saengga piyambakipun mbetahaken rencang kangge paring pitulung. Gusti dawuh dateng sedaya kewan ciptaanipun dumugi teng Adam, lajeng Adam paring sedaya kewan wau. Ananging saking sedaya kewan wau mboten wonten ingkang cocok saged paring pitulung dateng Adam. Pramila Gusti ndamel Adam tilem, lajeng kapundut setunggal balung iganipun saha kadadosaken dados tiyang wadon. Wekdal Adam wungu, Gusti ngasta tiyang wadon dumateng piyambakipun saengga wekdal

ningali Adam seneng sanget. Lajeng wicaten iki sing takbutuhake. Tiyang wadon wau kasebat Hawa, awit kapundut saking tiyang jaler”. Dados Gusti nyipta tiyang jaler saha estri, saengga karancang dados pernikahan ingkang wiwitan. Mulai wekdal kalawau tiyang jaler badhe nikah kalih tiyang estri lajeng dados setunggal keluarga. Sedherek kula, pernikahan punika rancanganipun Allah. Penjenenganipun nyipta tiyang jaler saha estri supados saged sami ntresnani, mbagi pigesangan sesarengan lan ugi nggadahi keluarga ingkang tentrem ingkang mulyaaken Gusti. Allah ingkang ntresnani Adam saha ngajengaken raos seneng kanti sempurna paring hadiah ajaib, setunggaling estri. Gusti ngajengaken Adam ngraosaken sisihanipun, nyekapi kabetahanipun saha ntresnani piyambakipun kadosdene ntresnani awakipun. Engkang langkung penting malih Gusti ngajengaken Adam kalih Hawa wau ngraosaken hubungan ingkang lebet kalihan Penjenenganipun, njeh punika tepang, ntresnani saha taat dumateng Gusti selaminya. Mekaten Gusti mungkasi pakaryan Penciptaanipun. Kitab suci ngendikan, “Gusti Allah nuli mirsani samubarang yasane, lan kabeh mau wis becik banget. Mengkono wis dadi sore lan wis dadi esuk, yakuwi dina kang kanem. Mengkono mau rampunge dumadine jagad lan saisine kabeh. Ing dina kapitu Gusti Allah wis ngrampungake sakehing yasane, banjur kendel enggone makarya.” Wonten punapa Gusti kendel dinten kapitu? Punapa Penjenenganipun sayah? Mboten, mboten perkawis punika. Gusti mboten nate sayah. Kitab Suci ngendikan Gusti Allah kendel awit Pakaryanipun sampun rampung. Sedaya perkawis dipun rampungaken ugi sedaya sampurna. Punika sebabipun Allah kendel makarya dinten kapitu. Punika ugi sebabipun seminggu wonten pitung dinten.

Kita badhe pepisahan wonten kesempatan samangkih. Menawi penjenengan wonten pitaken babagan punapa ingkang sampun penjengan pidangetaken, sumangga kintun serat dateng kawula wonten ing acara: Margining Karahayun. Para kadhang sedaya, pungkasanipun kawula ngaturaken panuwun sampun mindangetaken siaran menika. Sugeng pinanggih malih wonten siaran saklajengipun lan kita badhe sinau babagan kadospundi dunya punika dados panggenan ingkang mboten sampurna. Nuwun.

MARGINING KARAHAYUN

Pelajaran 7

Sebab Musababipun Donya Rusak

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Kita sampun mangertos bilih wonten ing wiwitan donya kaciptaaken, Adam saha Hawa manggen ing Taman Eden. Ing mrika sedaya kebetahan wonten, Adam Hawa saged ngraosaken kasenangan napa wawon. Lan ingkang paling nyenengaken, saben dinten Gusti Allah rawuh ing Taman Eden wekdal sonten kangge tindak-tanduk saha ngendikan kalih Adam Hawa. Gusti rawuh dateng Adam Hawa, awit Penjenenganipun kagungan kersa supados saged gadhah hubungan ingkang sahe saha intim kalih manungsa. Punika pigesangan ingkang sampurna.

Nanging dinten sakpunika nglangkungi ayat-ayat Kitab Suci kita badhe mangertos bilih ingkang wonten taman mboten namung Adam kalih Hawa. Punapa penjenengan mangertos? Setan sang penghasut. Wekdal Gusti nyiptaaken dunya kalih isinipun, Setan ningali. Piyambakipun miring, wekdal Gusti paring perintah dumateng Adam supados mboten nedha who wit pangertin sahe saha awon. Kedah dipun emuti bilih setan punika mengsahipun Gusti, piyambakipun sengit kalih sedaya ciptaanipun Gusti Allah. Malah ngantos sepriki, setan taksih terus usaha ngacau saha ngrisak sedaya pakaryan Gusti wonten ing dunya punika.

Dados setan mboten namung nonton wekdal Gusti nyiptaaken dunya saha damel manungsa mekaten istimewa, nanging langkung saking punika. Piyambakipun gadah rencana nggodha Adam ugi damel Adam berontak dumateng Gusti Allah kalih mboten taat Parintahipun. Menawi punika kedadosan, Adam badhe pisah kalih Gusti, sami kalih setan, lajeng setan badhe nguasai Adam.

Setan badhe ngrisak pigesangan manungsa ingkang dipun ciptaaken nulad Gusti Allah. Nanging mesti Gusti pirsu sedaya ingkang dipun rencanaken setan. Ujian supades mboten nedha

woh pangertin sahe ugi ala panci dipun damel Gusti, awit mangertos bilih setan badhe nggoda dumateng Adam kalih Hawa. Sedherek kula, Gusti mangertos sedaya perkawis, Adam kalih Hawa mboten mangertos ingkang dipun rencanaaken setan. Ingkang piyambakipun kekalih mangertosi bilih mboten angsal nedha who pangertin sahe saha ala.

Wonten ing setunggalipun dinten, wekdal Adam Hawa ngadeg celak celak wit terlarang, setan manggehi piyambakipun kekalih kanti nyamar dados ula lajeng mulai wicanten. Kitab suci njelasaken menawi ula punika kewan ingkang paling pinter saking sedaya kewan. Ula wau wicanten dateng Hawa saha paring pitaken ingkang njebak. Piyambakipun taken, “Apa bener Gusti Allah ora marengake kowe mangan wohing wit-witan kabeh sing ana petamanan iki?”

Mangga kita mandeg sekedap. Wonten napa setan awujud ula? Kitab suci njelasaken bilih ula punika paling pinter saking sedaya kewan sanesipun. Setan punika cerdas. Piyambakipun manggehi Adam Hawa mboten awujud raksasa ageng saha nggegirisi kanti wicanten: “salam rahayu kanggo kowe Adam lan Hawa. Aku Iblis musuho Allah. Aku teka nggoda kowe supaya berontak nang Gusti Allah, supaya masa depanmu rusak selawase.” Mboten mekaten cara setan kerja. Piyambakipun milih awujud ula kewan ingkang indah saha wicaksana wicanten kalih manungsa. Ngantos sepriki sedherek, setan taksih panggah makarya kanti cara ingkang sami. Ia tansah damel tawaripun ketinggal sahe. Kitab suci ngendikan, “ Iblis uga mindha-mindha dadi malaekating Pepadhang.” Setan punika penipu saha pendusta. Pramila punika sebabipun piyambakipun manggihi Adam Hawa dados ula ingkang wicaksana. Punika ugi sebabipun piyambakipun milih wicanteng dateng Hawa sanes kalih Adam piyambak, awit piyambakipun gadah pangajeng badhe langkung gampang nggoda Hawa ketimbang Adam. Setan mangertos bilih Gusti Allah sampun paring perintah babagan wit punika, sakderengipun nyipta Hawa. Panci Hawa mangertosi dawuhipun Gusti Allah punika. Nanging Iblis punika cerdas ugi mangertos punapa ingkang dados tujuannipun. Setan mangertos bilih menawi piyambakipun saged nyakinaken Hawa nedha who terlarang, pramila badhe langkung gampang mempengaruhi Adam nderek tumindakipun Hawa nglawan dumateng dawuhipun Gusti Allah.

Sedherek emut, punapa engkang dipun tangkletaken setan dumateng Hawa? Setan wicanten: “Apa bener Gusti Allah ora marengake kowe mangan wohing wit-witan kabeh sing ana ing petamanan iki?” Piyambakipun nembe usaha paring keragu-raguan ing penggalih Hawa babagan kepastian dawuhipun Gusti. Punika sebabipun piyambakipun ngomong *apa bener Allah...?* Menika setunggaling cara setan nyasaraken saha ngapusi manungsa ngantos sepriki. Setan tansah usaha nglawan sabda kaleresan, awit piyambakipun mangertosi bilih Pangandikanipun Gusti wonten kuasa kangge ngudari sedaya pangapus-apusipun.

Sakpunika sumangga kita pirengaken perangan pirembagan antawis Setan kalih Hawa. Ing Kitab Suci kacatet: “wangsulane wong wadon, “wohe wit-witan ing petamanan iki padha oleh dakpangan, kajaba mung wohe wit sing ana ing satengahe petamanan sing didhawuhake dening Gusti Allah. Aja kokpangan malah kokgepok wae ora kena, supaya kowe aja padha mati.” Ula banjur kandha, “Kuwi ora bener! Kowe ora bakal mati! Gusti Allah enggone ngandika mengkono mau merga pirsya yen samasa kowe padha mangan woh kuwi, kowe bakal dadi kaya Gusti Allah, lan ngerti apa sing becik lan sing ala.”

Perkawis punika ngeramaken, awit Gusti Allah ngendikan bilih Adam Hawa badhe pejah wekdal nedha woh larangan, ananging setan wicanten mboten pejah. Setan mboten namung usaha supados kita ragu dumateng Pangandikanipun Gusti Allah, nanging malah langkung tebih supados mboten percaya. Punapa ingkang dados penggalih sedherek? Sinten sakleresipun ingkang ngendikan kaleresan, Gusti Allah punapa setan? Kitab suci ngendikan, bilih Gusti Allah punika Maha Leres ingkang mboten nate ngapusi. Nanging setan punika mboten saged dipun pitados, kados ingkang dipun ngandikaaken Isa kagem penderek-penderekipun. Menawi setan ngapusi panci leres awit piyambakipun bapa sedaya pendusta.

Cara setan sanesipun supados saged ngapusi manungsa, njeh punika kalih mundhut punapa ingkang leres saha nyampur kalih ingkang mboten leres. Kita saged ningali wonten ing ucapanipun dumateng Adam saha Hawa “ Gusti Allah enggone ngandika mengkono mau merga pirsya yen samasa kowe padha mangan woh kuwi, kowe bakal dadi kaya Gusti Allah lan ngerti apa sing becik lan sing ala.” Wekdal setan wicanten “kowe bakal dadi kaya Gusti Allah” piyambakipun ngapusi, awit tiyang dosa mboten mungkin da dos kados Gusti Allah ingkang suci ananging dados kados setan ingkang jahat. Wekdal setan wicanten, “ngerti apa sing becik lan sing ala” piyambakipun nembe ngomong kaleresan, awit saksampunipun Adam Hawa dumawah dosa, kekalihipun badhe sadar punapa niku kejahatan ingkang benten kalih kesahenan.

Mesti setan mboten wicanten dumateng kekalihipun kadospundi pahit saha sakitipun akibat nggadahi pengetahuan punika ing gesangipun. Sedherek pamireng sedaya, ampun nate nglaleaken menawi setan punika penipu saha pendusta. Piyambakipun tansah muterbalik kaleresan kangge ngancuraken pakaryanipun Gusti Allah ingkang saha saha sampurna.

Dumugi wekdalipun kagem Adam Hawa kangge milih antawis pangandikanipun Gusti Allah punapa wicantenanipun setan ingkang dipun pitadosi? Pundi ingkang dipun tampi kaleresan punapa dusta? Sinten ingkang dipun dhareki. Gusti saking terang punapa gusti pepetheng? Punapa katresnanipun kagem Gusti Allah ageng saengga kekalihipun purun taat Pikajengipun?

Pilihan ingkang dipun damel Adam saha Hawa sampun dados sejarah. Kitab Suci njelasaken: wong wadon bareng namatake banjur kasengsem marang kaendahane wit lan wohe mau, sing sajak prayoga dipangan lan bias ngolehake kapinteran, mulane banjur methik who mau, nuli dipangan. Sing lanang diwenehi lan iya melu mangan.”

Sakestu mboten saged dipun pitados, Gusti nyiptaaken manungsa nulad Penjenenganipun kalih tujuan supados manungsa saged tepang, ntresnani saha taat dumateng Panjenenganipun selaminya. Nanging punapa ingkang dipun damel? Punapa katresnanipun dateng Gusti Allah ageng kangge taat Pangandikanipun? Mboten, Adam malah milih nglawan Gusti Allah lan ndherek setan mengsahipun Gusti.

Kadospundi raos sedih dinten wau? Tiyang sepuh kita Adam saha Hawa berontak dumateng Gusti kalih nedha woh wit ingkang sampun Gusti perintahaken ampun ditedha. Kitab suci ngendikan, “mlebune dosa ana ing Donya kuwi jalaran saka wong siji, lan dosane wong siji mau nekakake pati. Pati mau nuli nyrambahi sakehing manungsa, sebab saben manungsa wis nglakoni gawe dosa.” Kita angsal mboten seneng kalih kaleresan punika, ananging panic mekaten kasunyatanipun.

Sedherek pamireng sedaya, punika ingkang sampun ngrisak saha ngancuraken dunya. Wekdal Gusti Allah damel dunya punika sampurna, saha Gusti ngersaaken terus mekaten. Ananging Adam gagal nglangkungi ujian, kanti berontak dumateng Gusti saha akhiripun pangertin sahe kalih ala dados bagian wonten ing gesangipun. Kados penyakit ingkang nular, pemberontakanipun Adam sakpunika wekdal nyebar dumateng manungsa wonten ing ngalam dunya. Sinten saking kita ingkang saged ngendikan, “Aku ora nate nglanggar dawuhipun Gusti?” mesti mboten wonten. Kita sami kados Adam kalihan Hawa. Saengga leres pangandikan ing nginggil, penyakit menular mboten nate mandeg ing setunggaling tiyang ingkang kening. Kita sakmenika sangsara awit Adam mboten tunduk taat dumateng Gusti.

Begjo sanget kita taksih gadah pangajeng-ajeng, awit Sabdanipun Gusti ngendikan, “dadine padha kaya panerak siji nekakake paukuman marang wong kabeh, mangkono uga marga saka panggawane wong siji kang bener, njalari wong kabeh padha kabenerake supaya urip.” Sakpunika kita mboten saged mbahas perkawis punika, ananging badhe kita bahas perkawis ketaatan ingkang saged ndadosaken kita gadah hubungan malih kalih Gusti, kados Adam Hawa kalihan Gusti wekdal dereng dumawah dosa.

Sedherek pemireng sedaya, wekdal ingkang badhe dumugi ing acara “Margining Karahayun” kita badhe sinau sesarengan punapa ingkang kedadosan dateng Adam Hawa saksampunipun

nglanggar saking margining kaleresan lan ndherek margining pepetheng. Menawi dereng jelas lan wonten pitaken, sumangga saged kintun serat dumateng kawula ing acara, "Margining Karahayun."

Berkahipun Gusti wonten ing sedherek sami wekdal kita sami pepisahan saha wekdal penjenengan sami menggalihaken Sabdanipun Gusti Allah punika, Dosa mlebet ing dunya nglangkungi setunggal tiyang, lan pati dumugi awit dosa, mekatem kala wau pati dumugi saha kedadosan wonten sedaya manungsa, awit sedaya manungsa sampun dosa.

MARGINING KARAHAYUN

Pelajaran 8

Akibatipun Dosa Adam

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Wekdal pinanggihan kepengker kita sampun sinau bilih Gusti nyiptaaken manungsa pertama kados Penjenenganipun. Kita ugi sampun sinau tujuan Gusti nyipta manungsa, supados piyambakipun ntresnani Gusti kanti gumolonging manah, nyawa saha gumolonging budi (pikiran), saengga manungsa saged ngraosaken hubungan ingkang indah dumateng Gusti selaminya. Ananging wonten pertemuan pungkasan kita sampun miring bilih Adam kalih Hawa milih pitados Setan lan mboten taat dumateng Gusti kanti nedha wohing wit ingkang dipun larang Gusti njeh punika woh pangertin becik saha awon. Sanajan sederengipun Gusti sampunngelingaken Adam bilih ukuman kangge ketidaktaatan kematian, imkang artosipun pedotipun hubungan antawis Adam kalih Gusti Allah.

Dinten punika kita badhe nglajengaken pelajaran pasal tiga saking kitab suci Taurat buku Purwaning Dumadi, punapa kedadosanipun saksampunipun Adam saha Hawa berontak dumateng Gusti. Ing ayat 7 kitab suci ngendikan, "Saknalika iku uga pikirane wong loro mau kabukak, temahan padha weruh yen wuda. Mulane banjur padha nggandeng-nggandeng godhong anjir kanggo kanggo nutupi awake." Punapa ingkang pertama dipun tindakaken Adam saha Hawa saksampunipun berontak dumateng Gusti? Kekalihipun nyobi ngumpetaken raos isin saha salahipun. Sakderengepun sami nedha woh wit pangertin becik saha awon, kitab suci njelasaken bilih kekalihipun wuda nanging mboten isin. Ananging sakmangkih saksampunipun maem woh kolo wau Adam saha Hawa wonten raos isin saha lepat wonten ngajengipun Sang Maha Suci ingkang badhe paring penghakiman. Saengga kangge nutupi raos isin, kekalihipun damel klambi saking godhong anjir kangge nutupi awakipun. Ananging sedaya wau mboten saged nutupi raos lepat ing manahipun.

Saklajengipun kitab suci ngendikan, “manungsa lan sing wadon padha krungu sebawane tindake Gusti Allah lumampah ana ing petamanan, nuli padha umpetan ing antarane wit-witan, supaya ora konangan.” Punapa kekalihipun umpetan? mboten sisah kangge nebak, ajrih. Sami kados maling ingkang ajrih lajeng ngumpet wekdal miring suanten tiyang ingkang gadhah griya. Punika ingkang dipun tindakaken Adam ingkang sampun lepat, piyambakipun ngumpet. Awit kados setan, Adam sadar, piyambakipun sampun berontak dumateng Gusti Allah. Mboten mungkin Gusti ngendikan “ora papa”, saha ngendelaken Adam bebas ngoten mawon. Awit sakderengipun kedadosan perkawis punika, Gusti Allah sampun ngendikan, “Yen kowe ora melu dawuhKu, kowe bakal mati.” Setan mesti nggeguyu Adam, awit piyambakipun sampun mboten malih ngormati Gusti, ingkang artosipun piyambakipun badhe kabucal. Lan mesti setan ugi ngguyu Gusti Allah, awit Allah pungkasanipun kedah mbinasaaken ciptaanipun ing sampurna saha mulia punika. Setan mangertos bilih Gusti punika suci, leres saha adil, Gusti mboten nate setuju kalihan kejahatan. Penjenenganipun kedah ngukum Adam saha Hawa. Wonten ing seratan para nabi: “Paduka menika suci,....paningal Paduka menika mahasuci kangge mirsani tumindak awon, Penjenengan mboten saged mirsani pelanggaran.” Para kadang pamireng, kesucianipun Gusti nuntut Penjenenganipun supados ngakimi ugi paring ukuman sedaya pelanggaran dumateng dawuh-dawuhipun. Pramila sebabipun penting sanget kagem Gusti kangge ngakimi Adam saha Adam awit dosa kekalihipun.

Lajeng punapa kedadosan saklajengipun? Ing ayat saklajengipun kita waos, “Gusti Allah banjur nimbali manungsa, pangandikane, “Kowe ana ing endi?” Sedherek, penjenengan pirsani kadospundi katresnanipun Gusti dumateng manungsa Ciptaanipun? Punapa ingkang dipun damel Gusti saksampunipun Adam dumawah dosa? Penjenenganipun madosi saha nimbali Adam. Adam piyambak usaha ngumpet. Perlu dipun emut bilih Gusti Maha Pirsas, nanging sanajan pirsas Adam nglanggar Dawuhipun saha ngraosaken gerah manah ugi tersinggung karena pedamelanipun Adam, Penjenenganipun nimbali saha madosi Adam. Punapa Gusti mboten pirsas panggenan Adam ngumpet? Jelas, Gusti mesti pirsas sedayanipun. Penjenenganipun pirsas wonten pundi panggenan Adam ngumpet. Gusti nimbali Adam, awit Gusti kepengin Adam crios saha ngakeni dosa ing dipun damel. Gusti kepengin Adam piyambak ingkang sowan saha ngakeni pelanggaranipun. Gusti nimbali Adam, awit katresnanipun Gusti ageng sanget, sanajan Adam sampun nerak dumateng laranganipun.

Lajeng punapa ingkang kedadosan saklajengipun? Wekdal Adam miring Gusti nimbali, Adam panic njawab, ananging penjenengan pirem jawabanipun dumateng Gusti kados ingkang kaserat ing kitab suci, “ Sareng kula miring Penjenengan tindak wonten ing petamanan, kawula ajrih, mila lajeng umpetan, awit kawula wuda.” Gusti Allah ndangu, “Sapa kang ngandhani kowe, yen kowe wuda? Apa kowe mangan wohing wit sing ora Dakparengake kokpangan?” Ature manungsa, “Tiyang estri ingkang Panjenengan paringaken dados sisihan kawula menika ingkang nyukani wohing wit wau dhateng

kawula, sarta lajeng kawula tedha.” Gusti banur ndangu marang wong wadon, “Apa sebabe kowe koptumindak mengkono?” ature wong wadon, “Sawer ingkang ngapusi kawula, temahan kawula lajeng nedha.”

Cobi penjenengan gatosaken punapa jawabanipun manungsa. Kekalihipun saling nyalahaken. Adam saha Hawa nuduh Gusti sesarengan kanti matur: punika sanes salah kawula, tiyang wadon ingkang Penjenengan paringaken, piyambakipun ingkang salah. Lajeng Hawa nyalahaken sawer, unjukipun; Penjenengan ampun nyalahaken kawula, sawer punika ngapusi kawula. Ananging Gusti pirsani isi manahipun manungsa, bilih kekalihipun sami-sami lepat. Gusti mboten nate mancing-mancing Adam Hawa nedha who wit ingkang Dipun larang, mekaten ugi setan mboten meksa manungsa nedha woh punika. Setan namung saged mbujuk saha ngapusi, nanging mboten saged meksa manungsa nglawan dumateng Gusti Allah. Setan panci ngapusi Hawa, nanging tumindakipun Hawa punika pilihanipun Hawa piyambak ingkang nyinggung manahipun Gusti. Mekaten ugi Adam, sedaya tumindakipun mboten diapusi dening sawer, piyambakipun milih kalih manah ingkang sadar. Adam mangertos larangan Gusti perkawis who punika, ananging piyambakipun milih nyimpang saking margi lurus ingkang sampun dipun tentuaken Gusti lan milih marginipun piyambak, marginipun kesesatan. Kalepatan Adam mboten namung mboten taat, ananging ugi sampun ngremehaken Gusti kanti nyalahaken tiyang sanes.

Ngantos wekdal sakmangkih, manungsa taksih panggah berusaha nyalahaken dumateng tiyang sanes kangge tumindak-tumindakipun. Langkung kitab suci, Gusti ngendikan dumateng kekalihipun, “ana ngendi kowe?” apa sing koklakokoke. Kena apa kowe ora gelem pracaya dan taat Sabdaku? Kena apa kowe ora nganggep Kamulyanku? Kena apa kowe nyalahke wong liya kanggo tumindakmu sing ala? Sabdanipun Gusti punika kacatet ing Injil: “Kaya Aku urip, sabda Gusti, saben dengkul sing sumujud neng Aku, saben ilat ngakoni, saben wong kudu tanggungjawab marang sakabehing tumindake.” Jawaban punapa ingkang kita aturaken dumateng Gusti menawi Penjenenganipun nimbali saha tangklet, “neng ngendi kowe?”

Sumonggo ing pasal punika kita ningali langkung lebet, ukuman punapa ingkang dipun paringaken Gusti Allah dateng Adam, Hawa saha sawer. Kitab suci ngendikan, Gusti Allah banjur ngendika marang si ula, “Sarehne kowe nglakoni kang mengkono kuwi, mulane kowe kena ing ipat-ipat merga penggawemu. Ing ngatase sarupane kewan, muung kowe dhewe kang nampani paukuman iki. Wiwit saiki lakumu bakal nlosor, lank owe bakal mangan lebu sajage uripmu. Kowe lan wong wadon iki bakal tansah padha memungsuhan; semono uga turune wong wadon iki lan turunmu. Turune wong wadon iki bakal ngremuk endhasmu, lank owe bakal ngremuk tungkake.” Marang wong wadon nagndika, “Aku bakal muwuhi rekasamu sajrone kowe ngandheg, nglarani lan nglairake anak; ewadene kowe

bakal tansah kepecut marang bojomu, mangka wong kuwi bakal ngwasani kowe.” Gusti Allah nuli ngandika marang wong lanang, “Sarehne kowe nggugu marang tembunge bojomu, sarta mangan wohe wit sing ora Dakparengake kokpangan, mulane bumi kena ipat-ipat krana kowe: Supaya kowe bias mangan pametune bumi iki, sakjege urip kowe bakal ngrekasa. Bumi bakal metokake eri lan rerungkudan; iya pametune kuwi sing dadi panganmu. Enggonmu mangan rejekimu nganggo nyambut-gawe abot nganti tekan patimu, bali marang bumi asalmu. Sarehne kowe kuwi lebu, mula bakal bali dadi lebu meneh.”

Punapa sedherek mangertos akibat pemberontakanipun kekalihipun? Pedamelan manungsa ngasilaken kasangsaran saha raos sakit, eri lan rerungkutan, kerja awrat ugi keringet, penyakit saha kematian. Upahipun dosa punika pati. Persis punika ingkang kedadosan...

Kula emutaken malih kados ingkang sampun kita sinauni, pejah secara rohani berarti pedot hubungan kalih Gusti utawi kapisah saking Gusti. Wekdal Adam saha Hawa mboten taat dumateng Gusti, kekalihipun sampun pisah kalih Gusti tukung pigesangan. Wekdal piyambakipun pitados kalih dusta setan lan lumampah kalih setan, manungsa ngorbanaken pesedherekan kalih Gusti ugi kicalan hak gesang wonten ngarsanipun Gusti. Manungsa sampun dados mengsahipun Gusti, awit kekalihipun sampun milih tumut dateng setan, mengsah Gusti. Hubungan antawis manungsa kalih Gusti rampung. Misalipun mekaten, menawi penjenengan gadah mengsah lan rencang penjenengan nggabung kalih piyambakipun kangge nentang penjenengan punika berarti piyambakipun dados mengsah? Mekaten ugi sinten mawon ingkang tunduk dateng setan berarti mengsah Gusti Allah saha pisah saking Gusti.

Sakderengipun kita mungkasi acara ing dinten punika, wonten ingkang kedah kita mangertosi, bilih sedaya perkawis wonteng ngalam dunya sampun ewah awit punapa ingkang dipun pilih Adam saha Hawa. Sedaya tiyang jaler ugi wadon sangsara awit punapa ingkang manungsa damel. Menawi kita tingali sekitar kita, ing pundi-pundi wonten penderitaan saha raos sakit manah. Wonten pembunuhan, perang, raos ajrih, kebencian, pemberontakan saha korupsi. Pelanggaran dumateng dawuhipun Gusti kedadosan ing kota ageng ngantos ing pedesaan, malah punika ugi kedadosan ing ngriya kita, kados pangandikan, “Penyakit nular mboten mandeg ing tiyang pertama ingkang kening.” Punika tepat kados Sabdanipun Gusti, “Sabab padha kaya pambangkange wong siji njalari wong kabeh padha dadi dosa, lan pituwase dosa iku pati lan nganggo cara iki pati tumeka marang kabeh manungsa, karena kabeh manungsa wis padha gawe dosa.”

Dosa tiyang sepuh kita Adam sampun nulari kita sedaya, lan saben tiyang saking kita sampun milih nglanggar parintah Gusti, nderek jejakipun. Penghakiman saha paukuman dateng Adam sakpunika sampun dados penghakiman saha paukuman ingkang kedah kita tanggung. Kita sampun kapisah

saking Gusti. Punika sebabipun para kadang kangge kita Gusti Allah punika rumaos tebih. Sanajan Gusti celak kalih kita, nanging pemberontakan sampun misahaken kita saking Gusti ingkang suci.

Sanajan mekaten kita saged memuji Gusti kanti manah ingkang remen, awit Gusti Allah piyambak sampun paring margining kaluaran ingkang saged nylametaken kita saking penghakiman saha ngluari kita saking tanggungan ingkang kedah kita pikul akibat pemberontakan. Kadospundi mawon, kita kedah pitados saha nampi kalih margi kaluaran ing dipun damel Gusti punika. Insya Allah wonten ing acara ingkang badhe dumugi, kita badhe sianu kadospundi Gusti paring janji ingkang agung dumateng Adam saha Hawa njeh punika rawuhipun sang juruwilujeng ingkang badhe mbebasaken kita sedaya saking penghakimanipun Gusti saha nglepasaken manungsa saking kuwosipun setan.

Matursuwun sampun mindangetaken acara “Margining Karahayun.” Menawi wonten pitakenan babagan punapa ingkang sampun penjenengan pindagetaken, sumongga kintun serat dumateng kawula ing acara Margining Karahayun. Gusti Allah paring berkah wekdal penjenengan sami menggalihaken ayat-ayat suci punika, “Sakbenere kepriye Aku urip, sabda Allah, Gusti kita, saben dengkul bakal sumungkem dan kabeh ilat padha ngaku, saben wong bakal tanggungjawab kanggo kabeh tumindake dhewe-dhewe.”

MARGINING KARAHAYUN

Pelajaran 9

Janjinipun Gusti Inggang Sahe

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah enggang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi enggang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan enggang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab enggang dipun serat para nabi, enggang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Wonten ing program pungkngkasan, sampun kita tingali kadospundi Adam saha Hawa nyimpang saking margining Gusti awit sampun nedha buah larangan. Dados manungsa inggang dipun ciptaaken nulad Gusti milih nderek setan, mengsahipun Gusti Allah. Sakderengipun Adam saha Hawa berontak, kekalhipun remen wekdal Gusti rawuh teng taman kangge bagi perasaan sesarengan. Nanging sakmenika, wekdal miring suanten Gusti kekalhipun ajrih saha isin, malah nyobi umpetan saking Penjenenganipun. Sanajan manungsa tumindak mekaten, Gusti tetep murugi, ngendikan saha nedahaken dateng kekalhipun punapa imggang badhe dumados wonten ing ndonya akibat dosanipun, njeh punika kesulitan saha kasangsaran, eri saha rerungkutan, sakit penyakit saha pati.

Dados akibat dosa Adam punika ngrisak dunya sampurna inggang Gusti ciptaaken. Wekdal Adam nglanggar dawuhipun Gusti, Adam ninggalaken keratoning pepadang saha mlebet wonten keratone pepeteng. Adam saha Hawa mboten malih dados bagian keratonipun Allah. Karana milih ndherek setan, Pramila masa depanipun kempal kalih setan inggang sampun dadosaken manungsa budak saha tawanan, njeh punika latuning neraka wekdal piyambakipun seda. Sakpunika manungsa mboten gadah pangajeng-ajeng wonten ing gesang, piyambakipun risak inggang sifatipun langgeng. Setan kasil ing rencananipun kanggen ngrisak ciptaan Gusti inggang paling mulya punika.

Kados inggang sampun kita sinauni bilih Allah punika suci, leres saha adil. Sabdanipun mboten saged dipun batalaken, karana punika saben pelanggaran kedah dihukum. Penjenenganipun kedah ngukum sedaya tiyang inggang mbrontak. Hukuman awit nglanggar perintahipun Allah njeh punika pati saha kapisah saking Gusti selaminye. Allah mboten nate ewah mekaten ugi ukumanipun. Dinten punika

kita badhe maos ing kitab suci bilih Gusti ingkang Maha Suci sampun damel rencana kangge mbebasaken sedaya manungsa karana pemberontakanipun Adam. Dados ing mriki kita badhe sinau bilih Allah mboten namung Maha Suci, Maha Adil nanging ugi Maha Welas. Allah Sang Hakim punika, kepengin dados Juru Wilujeng kangge kita.

Sakleresipun, nilai dinten Adam & Hawa dosa, Allah sampun paring ngertos Rencananipun ingkang ajaib kangge nylametaken manungsa saking keharusan nanggung akibat pelanggaran ingkang dipun damel dumateng Gusti Allah. Mangga sakpunika kita lajengaken pelajaran kita saking kitab suci Taurat. Wonten Purwaning dumadi 3 ing mrika kecatet mekaten, “Gusti Allah banjur ngandika marang si ula: “Kowe lan wong wadon iki bakal tansah padha memungsuhan, semono uga turune wong wadon iki lan turunmu. Turune wong wadon iki bakal ngremuk endhasmu, lank owe bakal ngremuk tungkake.” Punika ayat ingkang angel sanget dipun mangertosi karana ing lebetipun kathah sanget kaleresan ing terselubung saha penting, ingkang mangkih badhe dipun jelasaken langkung terperinci dening para nabining Allah. Ananging isi saking ayat wau saged dipun ringkes mekaten; Gusti nembe martosaken Rencananipun kangge ngutus teng dunya setunggaling pribadi ingkang badhe mbebasaken manungsa saking penjajahanipun setan. Ing ayat wau njelasaken wonten kalih golongan manungsa ing dunya, njeh punika manungsa ingkang dados penderekipun setan saha manungsa ing dados penderekipun Gusti. Penderekipun setan njeh punika tiyang-tiyang ingkang nolak tunduk dumateng Sabdanipun Gusti. Menawi penderekipun Gusti njeh punika tiyang ingkang tunduk dateng Sabdanipun Gusti saha nindakaken perintahipun. Saklajengipun ing ayat punika nedahaken menawi badhe wonten ingkang rawuh tiyang ingkan istimewa saking keturunanipun Hawa, ingkang mboten sanes njeh punika sang pembebas ingkang ngawonaken setan. Punika tentunipun sanes wartos sae kangge setan, nanging sakwalikipun wartos sae kangge tiyang-tiyang ingkang kepingin dipun bebasaken saking kuwaos saha tipu muslihatipun setan, punika janji ingkang sae. Perkawis sanes ingkang penting wonten ing ayat punika, bilih setan badhe dipun remukaken dening Sang Juru Wilujeng, nanging setan ugi badhe natonni piyambakipun. Dados sepindah malih kula matur, bilih wekdal Adam Hawa dosa, Allah mulai ngumumaken rencana ajaib kangge mulihaken Ciptaanipun yang paling inggil saha mulia, njeh punika manungsa.

Wonten ing program-program ing badhe dateng, sekedik mbaka sekedik kita badhe ningali kadospundi para nabinipun Gusti martosaken dumuginipun Sang Pembebas/Sang Juru Wilujeng ingkang mbebasaken manungsa saking kuwaosipun setan. Panci sakpunika sedherek dereng mangertosi, nanging mboten sisah kuwatos, awit wekdal kita terus sinau seratan para nabi kanti urut babagan punika badhe langkung jelas. Gusti nedahaken Kaleresanipun saben wekdal, mekaten ugi wekdal kita purun sinau kanti runtut kita ugi badhe nemuaken sedayanipun kanti gambling. Punapa penjenengan gadah raos ingkang ageng kepengin mangertos sedaya kaleresanipun Gusti? menawi

penjenengan gadah punika sae sanget. Nabi Soleman ngendikan, “Udinen kaya yen kowe golek slake utawa raja-brana kapendem. Yen kuwi koktindakake, kowe ngerti apa tegese ngabekti marang Pangeran lan nemu kawruh bab Gusti Allah.”

Sakpunika sumangga kita mantunaken pelajaran ing pasal 3 wonten Purwaning Dumadi, buku pertama kitab suci Taurat. Sabdanipun Gusti ngendikan, “Gusti Allah banjur yasa sandhangan saka welulang dianggokake marang Adam lan Hawa.” Punapa sedherek imut, punapa ingkang dipun damel Adam saksampunipun nedha woh pangertin sae saha ala? Kekalihipun damel klambi saking godhong ara kangge nutupi awak saha auratipun saking Gusti. Kekalihipun isin saengga nutupi bagian awakipun ingkang pribadi.

Punapa Gusti ngendelaken kekalihipun ngangge klambi saking godhong? Mboten. Wonten punapa? Awit raos isin kekalihipun sejatosipun sanes secara jasmani awit wuda, nanging awit sampun nglanggar dawhipun Gusti. Persoalanipun sanes awit mboten ngangge napa-napa, nanging raos lepat saha isin ing manahipun. Dados kangge nutupi raos isin saha lepat wonten manahipun akibat pelanggaranipun, Gusti ndamelaken klambi kangge nutup awakipun, njeh punika klambi saking kulitipun kewan. Kangge damel klambi punika, Gusti kedah mateni kewan, mundut kulitipun lajeng didamel klambi. Ing mriki berarti wonten korban kewan, ingkang dipun tindakaken Allah lan punika korban kewan pertama kangge nutupi auratipun Adam saha Hawa. Cobi kita bayangaken, kadospundi raosipun Adam saha Hawa wekdal ningali rahipun kewan ingkang dipun pejahi Gusti. kewan wau mboten wonten hubunganipun kalih kalepatan ing dipun damel, ananging kedah mati supados kekalihipun gadah klambi kangge nutupi auratipun. Gusti ngersaaken supados kekalihipun emut bilih ukuman saking pelanggaran hukum Allah njeh punika pati. Saha kangge paring pangertosan Adam Hawa ingkang badhe dipun jelasaken terperinci ing seratan para nabi, “dosa bisane diapura iya mung srana wutahing getih.”

Kawula sakpunika dereng saged njelasaken perkawis wau kanti terperinci, nanging namung matur bilih dasar hukum Allah kangge pengapunten dosa njeh punika srana wutahing getih saking pribadi ingkang mboten lepat/suci. Penting dipun mangertosi bilih caranipun Adam Hawa nutupi auratipun kalih gegodhongan ara mboten cekap, Gusti mboten saged nampi.

Kados usahanipun Adam kalih gegodhongan ara, mekaten ugi manunggsa usaha nutupi kalepatanipun kalih tumindak sahe saha amal ibadah ingkang kathah; nanging sedherek kula punika sanes caranipun Gusti. Kadospundi pelanggaran dumateng dawhipun Gusti cekap diganti kalih tumindak sahe utawi amal? Punika mboten cekap...Allah punika Maha Besar, Maha Suci, Maha Adil. Dados Allah nedahaken dateng Adam Hawa setunggaling cara ingkang saged Penjenenganipun tapi, njeh punika wutahipun rah korban.

Saksampunipun mejahi kewan saha ndamelaken klambi Adam Hawa saking kulit, Gusti ngusir kekalihipun medal saking taman Firdaus ing Eden. Allah manggenaken malaikat ingkang nyepeng pedang ingkang murup njagi margi dateng wit pigesangan. Cobi dipun gatosaken, sanajan kewan sampun dikorbanaken kangge nutupi kelepatan Adam Hawa, kekalihipun taksih kedah kasangsaran akibat pelanggaranipun. Kekalihipun sampun milih margining pati, wekdal milih nedha woh wit larangan Gusti. Akibatipun Adam Hawa mboten saged terus ngraosaken sedaya berkat ingkang sampun cumawis ing taman Firdaus ingkang sahe. Kita sampun mangertos bilih Allah ngusir Lucifer si setan saking Ngarsanipun, awit pemberontakanipun. Kados ingkang Allah damel dateng Lucifer, Adam Hawa ugi diusir Gusti saking taman awit pemberontakanipun.

Dados para kadang pamireng, sumangga kita penggalih 2 perkawis punika; sepindah Allah punika Maha Ageng, Penjenenganipun mboten saged ngendelaken dosa kedadosan tanpa nindakaken punapa-napa. Punika sababipun Allah paring ukuman Adam Hawa saha ngusir kekalihipun saking taman Firdaus. Ingkang kaping 2, Allah punika Maha Welas. Sakleresipun Adam Hawa mboten pantes nampi piwelasipun Allah. Kekalihipun namung pantes dipun ukum, nanging Gusti mboten kersa manungsa pejah wonten ing kalepatanipun. Punika sababipun Allah njanjaken setunggaling Pembebas Agung, ingkang badhe nylametaken umat manugsa saking pepeteng kratoning setan, saha mindahaken manungsa ing pepadhang saha kamulian kratonipun Gusti.

Ampun ngantos kapusan, katresnanipun Allah mboten berlawanan kalih kaleresanipun Allah. Kalih sifatipun Allah punika kedah lumampah sesarengan. Wonten pelajaran ingkang badhe dumugi, kita badhe langkung jelas ningali kadospundi Allah saged nedahaken katresnanipun kangge kita tanpa ninggalaken Kaleresanipun.

Pamireng sedhaya, punika caranipun Gusti njeh punika Margining Karahayun. Kita sampun wicanten janji Allah ingkang ajaib ingkang Penjenenganipun paringaken wekdal Adam Hawa nyimpang saking margining Gusti. kawula ngajengaken sedherek saged terus nderek acara punika ngantos sedherek leres-leres mangertosi janjinipun Allah babagan Pembebas Agung ingkang Penjenenganipun utus dados Juruselamet sedherek saking paukuman Gusti.

Maturnuwun sampun mirengaken acara punika, kawula ngajak sedherek gegabungan malih kalih kawula wonten siaran ingkang badhe dumugi. Ing mangkih kita badhe nyinauni perkawis kalih anak Adam Hawa, njeh punika Kabil saha Habil. Gusti paring berkah, wekdal sedherek menggalihaken punapa ingkang dipun ngendikakaken kitab suci, “ Udinen kaya yen kowe golek slake utawa raja-brana kapendhem. Yen kuwi koktindakake, kowe ngerti apa tegese ngabekti marang Pangeran lan nemu kawruh bab Gusti Allah.”

Margining Karahayun

Pelajaran 10

Kabil kalian Habil

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Wonten pelajaran kepengker ing kitab suci Taurat, kita ningali bilih saksampunipun Adam saha Hawa berontak, mulai wekdal punika ugi Gusti ngendikan bilih ing mangkih badhe ngutus setunggaling pembebas agung ingkang badhe nglepasaken manungsa saking kuwaos setan saha neraka. Kita ugi ningali kadospundi Gusti nolak usaha manungsa kangge nutupi raganipun kanti damel klambi saking gegodhongan. Allah kagungan kersa ngajar Adam saha Hawa bilih manungsa mboten saged nutupi raos isinipun ing ngarsanipun Gusti, hakim ingkang Maha Suci kalih ushanipun piyambak. Namung Allah piyambak ingkang saged nylametaken manungsa saking paukuman akibat kalepatanipun.

Cara ingkang dipun tedahaken Gusti kangge Adam saha Hawa njih punika kalih mejahi kewan lajeng mundhut kulitipun saha ndadosaken klambi dumateng kekalihipun. Ananging ingkang penting njeh punika bilih nglangkungi mejahi kewan punika Gusti sampun paring korban darah ingkang kapisan. Sakleresipun korban darah punika ingkang nutupi raos salah saha isin Adam Hawa. Kita ugi sampun mindangetaken bilih nilai wekdal punika wonten kalih garis keturunan manungsa wonten ing bumi, njih punika golonganipun tiyang ingkan pitados kalih sabdanipun Gusti saha golongan ingkang nolak Sabdanipun Gusti.

Dinten sakmangkih kita badhe sinau pasal sekawan saking buku Purwaning Dumadi, babagan kalih putranipun Adam Hawa njih punika Kabil ingkang nolak pitados dumateng Gusti lan Habil ingkang pitados dateng Gusti. Ing pasal 4 punika kaserat, “Adam urip bebarengan karo Hawa somahe, temah Hawa ngandheg lan mbabar anak lanang. Pangucape Hawa, “Merga saka pitulungane Gusti Allah aku

duwe anak lanang.” Mulane anake mau dijenengake Kabil. Sakwise kuwi Hawa mbabar anak lanang maneh, dijenengake Habil. Habil dadi pangon wedhus lan Kabil dadi wong tani.

Kita ugi mangertos bilih Adam Hawa mboten malih angsal manggen ing taman Firdaus karena pemberontakanipun. Putra-putranipun Adam saha Hawa ugi sampun berontak kados tiyang sepuhipun. Pilihan Adam berontak dateng Gusti nular kados penyakit ing kekalih putranipun. Wonten pepatah, kados bapak mekaten ugi anakipun, Kabil saha Habil nderek jejakipun Adam, kekalihipun ugi mboten saged wangsul ing taman karena kekalihipun sami kados bapakipun, Adam. Kitab suci ngendikan, “Adam nggadahi anak-anak ingkang persis kalih piyambakipun.”

Anak-anak Adam tambah ageng ugi samsaya pinter. Kabil contonipun, piyambakipun sinau tetanin saha purun nyambut damel kanti tekun. Habil pinter dados pangen. Kekalihipun sami mangertos babagan Allah, mangertos bilih Allah punika wonten. Penjenenganipun suci lan mboten saged nampi pelanggaran dumateng Hukumipun. Kekalihipun ugi mangertos kadospundi nyelaki Gusti, njih punika kalih maringaken korban darah, kadosdene Gusti piyambak tedahaken dumateng Adam lan Hawa.

Wonten ing setunggaling dinten, Kabil saha Habil sowan manambah dumateng Gusti saha paring persembahan. Mekaten pangandikanipun kitab suci, “Sakwise sawetara wektu Kabil mau nyaosake kurban marang Gusti Allah saka pametune lemahe. Dene Habil njupuk cempe tembean, disembeleh lan daginge sing apik dhewe kacaosake minangka kurban marang Gusti Allah. Gusti Allah rena marang pisungsunge Habil, nanging pisungsunge Kabil ditampik, mula Kabil nesu, lan ulate mbesengut.”

Sumangga kita penggalih punapa ingkang kedadosan. Wonten kalih tiyang ingkang manambah Allah, kekalihipun sami-sami mingsungsungaken korban nanging namung pingsungsungipun tiyang setunggal mawon ingkang dipun tampi Allah, njeh punika pingsungsungipun Habil. Punapa sebabipun? Wonten punapa Gusti nolak pingsungsungipun Kabil? Punapa karena Gusti mboten remen woh-wohan kalih sayur-sayuran? Mboten, sanes punika sebabipun. Ananging mekaten, Habil mbeta dumateng Gusti kurban ingkang dipun suwun kangge penebusan sedaya kalepatan Habil, ananging Kabil mbeta korban sanes. Nanging kangge syarat supados dosa tiyang nampi pangapunten, Gusti nuntut mancuripun rah ingkang dados penggantos utawi tumbal gesangipun saking kewan ingkang mboten lepat. Namung rah ingkang saged dados ganti sedaya pelanggaran napa mawon ingkang dipun tindakaken.

Habil pitados Gusti sahingga mbeta kurban darah persis kados ingkang Gusti suwun. Punika ugi digandikaaken dening kitab suci, “Merga saka precaya Kabil enggone nyaosake kurban marang Gusti Allah luwih becik tinimbang kurban Kabil.”

Lajeng punapa artosipun pitados Gusti? Pitados Gusti berarti sumarah kanti saestu dumateng Gusti, saengga kita saged ndherek Pikajengipun. Pitados Gusti berarti nampi kalih manah bilih sabdanipun Gusti leres. Menawi penjenengan ngendikan, 'kula pitados Gusti' ananging mboten kalih punapa ingkang dipun ngandikakaken Gusti wonten kitab suci, pramila kapitadosan penjenengan dipun tangkletaken. Menawi penjenengan pitados dumateng Gusti, penjenengan badhe nindakaken dawuhipun saha Pikajengipun. Ananging menawi penjenengan mboten pitados, pramila penjenengan mboten namung nolak Dawuhipun, ananging sakleresipun penjenengan nembe nolak Gusti. Awit Gusti saha Sabdanipun punika setunggal.

Kurban Habil ditampi Allah karena piyambakipun pitados kalih Sabdanipun, ananging kurban Kabil ditolak karena Kabil namung pura-pura pitados. Wonten ing seratan para Nabi, Gusti paring mangertos bilih menawi tiyang nglanggar dawuh Allah berarti tiyang punika nyinggung manahipun Gusti. Lan tiyang ingkang nyinggung Manahipun mboten saged terus manggen celak Gusti. piyambakipun kabucal saking ngarsanipun Gusti, dipun etung dados mengsahipun Gusti. Supados saged berdamai kalih Gusti malih, kedah wonten rah ingkang mancur, karena akibat dosa punika pati.

Sedherek kula, pengampunan kangge pelanggaran ingkang kita damel dumateng Gusti ingkang Maha Suci mboten saged kedadosan landesan rencana utawi caranipun manungsa, nanging awit rencana saha caranipun Gusti. Pelanggaran ndadosaken pati, ananging awit katresnanipun Gusti ngijinaken setunggalipun kewan ingkang mboten lepat pejah gantos kematian tiyang ingkang nindakaken pelanggaran. Punapa penjenengan mangertos perkawis punika? Sejatosisipun kita ingkang kedah pejah wekdal nglanggar dawuhipun Gusti, ananging Gusti sanget ntresnani kita, saengga Penjenenganipun mendelaken setunggal kewan pejah kagem gantos gesang kita. Lelandesan punika Allah ndamel kangge manungsa cara kangge nampi panganpunten tanpa kedah mati karena kalepatan ingkang dipun damel.

Wonten ing pelajaran saklajengipun mangkih kita badhe mangertosi bilih Allah paring dumateng nabi Musa aturan ingkang mboten saged dipun owahi babagan pingsungsun korban ingkang kedah dipun damel kangge jenise kalepatan saha pelanggaran dumateng dawuhipun Gusti. Sedaya jenis pisungsung kurban wau dipun landesi, bilih namung rah kewan ingkang saged dados gantos rah manungsa ingkang lepat. Karena kurban rah punika, Allah saged sabra dumateng Adam saha keturunanipun, lan rah wau nutupi sedaya pelanggaranipun, sanajan namung sawetawis. Awit kadospundi mawon rah kewan mboten saged saestu ngapus tanggungan saking tiyang lepat, awit kewan mboten sami reginipun kaliyan manungsa. Punika sebabipun kurban kedah ditindakaken saben dinten, terus-terusan saha ugi saben tahun. Sanajan kurban rah saged nyelakaken malih Allah kalian

manungsa, ananging pisungsong kurban rah punika piyambak sanes maksud Allah ingkang sampurna perkawis margining karahayun.

Allah kagungan kersa saha rencana sanes ingkang langkung sae kagem wekdal ingkang badhe dumugi. Punika perkawis penting saking pelajaran babagan pisungsong kurbab Kabil lan Habil. Kabil mboten nganggep penting aturan Gusti perkawis pangapuraning kalepatan. Piyambakipun dumugi kanti rencananipun, setunggailing agama ingkang didamel piyambak, saengga piyambakipun nyipta agama palsu. Kabil sowan dumateng Gusti kalih hasil pedamelanipun, njeh punika hasil panen ingkang mboten wonten rah ingkang mancur, Saengga Gusti nolak pisungsongipun Kabil.

Benten kalih Kabil, Habil sowan dateng Gusti kanti paring pisungsong cempe ingkang sampun dipejahi saha rahipun ditumpahaken. Habil gadah manah ingkang murni wonteng ngajengipun Gusti. Piyambakipun mangertos bilih sejatosipun kedah pejah, ananging cempe kurban ingkang pejah dados gantosipun. Dados Habil nedahaken imanipun perkawis punapa ingkang Gusti temtokaken supados kalepatan tiyang terhapus. Pisungsong kurban ingkang ditindakaken miturut rencananipun Gusti Allah. Sedherek kula sedaya, mboten wonten tiyang ingkang saged sowan dumateng Gusti menawi mboten nglangkungi margining karahayun ingkang sampun Penjenenganipun tentokaken. Margining Gusti punika sampurna saha leres. Kados menawi kita ngetung. Sakumpami penjenengan dipun tangkleti 2+2 pinten? Mila jawabanipun kedah 4, mboten wonten jawaban sanes. Namung setunggal jawaban ingkang leres. Mekaten ugi namung wonten setunggal Allah saha namung wonten setunggal margi supados kita saged rukun kalih Allah ingkang Maha suci.

Wonten pelajaran ingkang badhe dugi, kita badhe langkung lebet sinau margining Allah inking sampurna. Rencana Allah punika kangge nyiapaken kurban rah ingkang saged nutupi kalepatan manungsa selaminya. Nanging wekdal kita sampun rampung sakmangkih. Mugi-mugi kita saged ngrampungaken pelajaran babagan Kabil saha Habil wonten ing wekdal saklajengipun. Menawi wonten pitaken, sumongga kintun serat dateng kawula ing acara “Margining Karahayun.”

Gusti paring berkah dumateng sedherek, wekdal nembe ngrenungaken ayat kitab suci. Ampun kesupen dipun renungaken: “mengkono uga dosa, bisane diapura ya mung srana wutahing getih.”

Margining Karahayun

Pelajaran 11

Kabil Mboten Mertobat

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Ing pelajaran kepengker kita sampun sinau babagan pentingipun kurban rah kangge dados margining pangapunten, wekdal manungsa nglanggar dawuhipun Gusti. Kurban rah punika ketentuan Allah ingkang mboten saged dipun tawar-tawar. Punika sebabipun anak-anakipun Adam, Kabil saha Habil maringaken pisungsung kagem Allah. Kitab suci nedahaken bilih Gusti nampi kurbanipun Habil, ananging nolak kurbanipun Kabil. Kita sampun sinau Kabil misungsungaken sayuran ugi woh-wohan hasil panenipun, awit piyambakipun petani. Ananging Habil misungsungaken anak mbarep saking cempenipun awit piyambakipun pangen.

Dinten sakmenika kita badhe ngrampungaken pelajaran perkawis Kabil saha Habil. Punapa sedherek mangertos punapa kedadosanipun wekdal Allah nolak pisungsungipun Kabil? Ing buku Purwaning Dumadi 4 ngendikan, *“mula Kabil nesu banget, lan ulate mbesengut”*. Gusti Allah nuli ngandika marang Kabil, *“Yagene kowe nesu? Apa sebabe ulatmu mbesengut? Menawa tumindakmu becik, mesthi ulatmu padhang. Nanging sarehne tumindakmu ala, dosa wis cumepak ana ing ngareping lawange atimu, arep ngwasani kowe, nanging kuwi kudu koktelukake.”* Punapa sikap sedherek menawi wonten tiyang ingkang langkung sepuh negur karena sedherek tumindak lepat? Punapa penjenengan badhe nampi teguran punika utawi kados Kabil nesu lan mbesengut? Punapa kita badhe ngewahi margi kita ingkang salah utawi tetep wonten ing margi ingkang salah wau?

Allah negur Kabil kalih cara nolak pisungsungipun. Gusti ngeraaken Kabil mertobat saking kalepatanipun. Allah kepengin Kabil sadar bilih sayuran saha woh-wohan hasil kerja njeh usaha manungsa wau mboten wonten reginipun ing ngarsanipun Gusti. Gusti ngeraaken Habil nindakaken

punapa ingkang kados dipun tindakaken Habil njuh punika misungsungaken kurban rah. Awit karena misungsungaken kurban rah, punika mertandaaken bilih Habil ngakeni piyambakipun sampun ndakaken pelanggaran dumateng dawuhipun Gusti, saha nedahaken piyambakipun pitados ing ketentuanipun Allah perkawis pengampunan saking pelanggaran hukumipun Allah. Punika ingkang dipun kersakaken Allah, supados Kabil nindakaken punapa ingkang Allah temtuaken, sanes kalih cara ingkang Kabil kepinginaken. Awit menawi Kabil mboten purun nampi saha nindakaken kurban miturut caranipun Allah, piyambakipun badhe pejah ing ketidaktaatanipun. Allah mboten kersa Kabil ngalami perkawis wau.

Saklajengipun Allah ngemutaken Kabil bilih wonten bahaya ingkang ngancam menawi piyambakipun nolak ngewahi sikap nesunipun karena dipun tegur Allah. Bahaya punika dosa. Lajeng dosa punika punapa? Gusti ngendikan Kabil kedah saged ngawonaken. Sedherek kula, dosa njuhpunika nolak kangge pitados saha naati dawuhipun Gusti. Dosa ugi sedaya perkawis ingkang mboten setuju kalih ketentuan lan pikajengipun Gusti. Kathah tiyang nyangka dosa punika tumindak. Allah ingkang pirsangantos ing manah, ngertos sanget kita setuju utawi mboten kalih Pikajengipun. Kagem Allah wekdal kita mboten remen ingkang dipun Temtuaken, punika pelanggaran. Sedherek kula, dosa masalah ingkang serius. Ing ngajengipun Gusti dosa ketinggal jelas. Punika ingkang dipun ngendikakaken kitab suci kangge menungsa ingkang mboten purun ninggalaken dosa, “ *wong-wong iku bakal diukum nganti binasa saklawase lan kabuang saka ngarsane Allah saha kamulyan Kuasane.*” Ananging Allah mboten kersa Kabil binasa ing dosanipun, Allah ngersaaken supados Kabil mratobat saking dosanipun kanti ninggalaken margi pepeteng saha kersa nderek tuntunanipun Gusti ing margi leres. Margining Karahayun ingkang dipun damel Gusti punika, margi ingkang saged damel tiyang ingkang nglanggar katentuanipun Gusti, bebas saking murka saha paukumanipun Gusti.

Kabil kalih pisungsungipun namung etok-etok pitados dateng rencananipun Allah. Kabil namung ngormati Allah ing tutukipun mawon, nanging manahipun tebih saking Allah. Mboten mekaten kalih Habil, kalih pisungsungipun Habil nedahaken bilih piyambakipun tiyang dosa ingkang layak nampi paukumanipun Allah, ananging piyambakipun mangertos bilih rah cempe ingkang mboten salah sampun dados gantos piyambakipun. Panembahanipun Habil dipun tampi Allah, nanging panembahanipun Kabil mboten wonten reginipun.

Ngantos ing mriki kita saged mangertos bilih Allah tansah paring kesempatan dumateng manungsa ninggalaken cara gesang ingkang lepat saha nderek caranipun Gusti. Sakmangkeh monggo kita lajengaken ningali punapa ingkang dipun ngendikakaken kitab suci perkawis sikapipun Kabil saksampunipun diemutaken Gusti. “*Kabil banjur kandha marang Habil, adhine. “Ayo padha menyang tegalan.” Bareng wis tekan tegalan Habil nuli digebug sarta dipateni*”. Aneh njuh? Kabil ingkang nolak

misungsungaken kurban kewan damel kurban saengga dosanipun diapunten, sakmeniko malah ngocoraken rah adikipun. Piyambakipun mboten mratobat. Sinten ingkang paring pikiran kangge mejahi Kabil? Sinten ingkang dipun pidangetaken? Jawabanipun mesti mawon setan. Kitab suci ngedikan, Kabil mejahi adikipun karena piyambakipun gadhanipun setan. Perlu diemut, bilih Allah sampun njelasaken badhe wonten 2 golongan keturunan manungsa ing bumi njeh punika keturunan saking Adam kalih keturunanipun setan. Kabil keturunan setan ananging Habil gadhanipun Allah.

Saksampunipun pembunuhan wau, Gusti ngendikan dumateng Kabil, *“Adhimu ana ing endi?”* Ature Kabil, *“kawula mboten sumerep, menapa kawula menika pamomongipun adhi kawula?”* Pangandikanipun Gusti Allah, *“Yagene kowe koknglakoni pretingkah kang mangkono? Getihe adhimu sesambat marang Aku saka ing bumi, nyuwun piwales. Mulane kowe kena ing ipat-ipat lan katundhung saka ing bumi kene, merga lemah iki wis mangap nadhahi getihe adhimu nalika kokpateni. Menawa kowe nggarap lemah, ora bakal ana pametune. Kowe bakal ora duwe panggonan sing tetep lan bakal nglembara ana ing bumi.”*

Awrat sanget tanggungipun Kabil, karena punapa ingkang dipun damel. Ananging sedherek, Gusti ngukum Kabil sanes kangge ngancuraken gesangipun, nanging kangge mimpin piyambakipun supados mratobat saking dosanipun, pitados dateng kaleresan saha nampi kawilujengan. Ananging kados sakderengipun Kabil mboten purun mratobat, piyambakipun terus nutup manahipun lan malah kesah saking Gusti. Kitab suci ngendikan, *“Kabil banjur mundur saka ngarsane Gusti Allah lan manggon ing tanah Nod.”* Sedherek kula, sanes Allah ingkang nebihi Kabil, nanging Kabil ingkang kesah nebihi Gusti Allah. Sakmenika wekdal kathah tiyang ingkang tumindak kados Kabil. Mboten peduli kalih margining karahayun ingkang ditemtuaken Gusti, nanging nutup manahipun lan terus lumampah ing pepeteng. Ing tutukipun wicanten, Allah akbar, nanging ing manah, nganggep bilih Allah punika tebih sanget, saengga mboten mungkin tiyang saged tepang Panjenenganipun. Nanging kitab suci ngendikan sanes: *Allah mboten tebih saking kita, awit Panjenenganipun ingkang paring nafas pigesangan lan sedayanipun.* Allah langkung celak saking detak jantung kita. Nabi Isa ngendikan, *bilih rambut ing sirah kita kapitung sedaya.* Panjenenganipun celak lan tepang kita, mekaten ugi Gusti Allah ngersaaken kita tepang lan celak Panjenenganipun.

Menawi namung sekedik manungsa ingkang saged tepang Gusti, awit manungsa remen pepetheng kados ingkang dipun ngendikaaken Kitab Suci: *“pepadhang wis ana ing jagad, nanging manungsa luwih seneng karo pepetheng ketimbang karo pepadhang, awit penggawe-penggawene ala. Saben wong sing nglakoni piala, sengit karo pepadhang, wong mau ora gelem marani pepadhang, supaya penggawene sing ala mau aja konangan.”*

Menika artosipun kathah tiyang mboten tepang Allah karena sami mboten pitados kalian Penjenenganipun saha Sabdanipun. Ing kitab Zabur, nabi Daud nyerat “ *Pangandika Paduka menika dados dilah ing ngajenging suku kawula, sarta dados pepadhang tumraping margi kawula.*” Menawi sedherek mbalik saking terang Sadanipun Gusti, penjenengan badhe terus manggen wonten ing pepetenge dosa lan mboten badhe tepang Allah. Gusti Allah kagem sedherek badhe rumaos tebih, padahal mboten mekaten. Penjenenganipun kepengin sanget gadah hubungan ingkang akrab kalih sedherek, kanti syarat sedherek mboten gadah sikap kados Kabil ingkang mboten purun mratobat. Awit sami kados Gusti ngersaaken Kabil mratobat, ngantos dinten punika Allah nyuwun supados sedaya manungsa mratobat kanti purun pitados Sabdanipun lan ninggalaken cara gesang ingkang jahat lan wangsul ing Marginipun.

Ing pertobatan wonten kalih tindakan ingkang kedah dipun tindakaken, sepindah ninggalaken margi ingkang salah, lajeng kaping kalihipun sowan dumateng Gusti saha Sabdanipun ingkang badhe paring pangertosan cara supados kita ditampi Gusti Allah. Nanging sayangipun, Kabil mboten purun mratobat. Piyambakipun milih terus wonten marginipun saha nolak sowan dateng Allah. Ing kitab suci, akhir gesangipun Kabil nyariosaken mekaten, “*Kabil mati ana ing pepeteng, sing nggawe Allah masrahke uripe ing pepeteng sing paling ndedet saklawase*”

Sedherek kula sedaya, ampun ngantos kita kados Kabil. Ampun ngantos kita nglaleaken bilih kita mboten nate saged dados tiyang leres ing pamirsanipun Gusti, karena kita sampun kathah nindaaken tumindak sae. Kados Kabil, kathah tiyang menggalih saged lolos saking paukumane Allah karena nindakaken sedaya perintah lan aturan agama. Tiyang taat dateng aturan saha perintah agama mboten berarti ndadosaken piyambakipun leres ing ngarsanipun Allah. Awit ing seratan para nabi, katulis, “*Kita kabeh kaya wong kusta sing najis lan kabeh kabecikan kita kaya kain reged ing ngarsaning Allah*”. Babagan ingkang saged ndadosaken kita leres ing ngarsanipun Gusti, namung kalih pitados saha nderek margining karahayun engkang dipun tetepaken dening Allah.

Sedherek, awit wekdal sampun telas, sakpunika kita badhe pepisahan rumiyin. mugi-mugi ing siaran ngajeng kita badhe sinau sesarengan perkawis keturunanipun Adam sanesipun ingkang naminipun Idris. Gusti paring berkah, wekdal penjenengan ngrenungaken punapa pangandikanipun kitab suci: ***Allah ora ngersaake wong siji wae mati, nanging Allah ngersaake kabeh wong mratobat.*** Menawi wonten pitakenan babagan punapa ingkang penjenengan pireng, sumongga kintun serat dateng kawula ing adicara “Margining Karahayun”. Ugi saged ngubungi kawula ing no 081333777386. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 12

Nabi Idris

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Ing kalih siaran ingkang terakhir, kita sampun sinau perkawis Kabil saha Habil putra-putranipun Adam Hawa. Ing mrika nedahaken dumateng kita sanajan mangertos perkawis Allah, namung Habil ingkang pitados saha naati Allah. Kapitadosan saha kerelaan manahipun kangge nderek katetepanipun Allah, kabukti wekdal piyambakipun misungsungaken korban rah dumateng Gusti. Pisungsung saha korbanipun Habil dipun tampi Allah, ananging kurban Kabil dipun tolak Allah.

Kurban Kabil punika nggambaraken usaha manungsa nyelaki Allah kalian caranipun piyambak, lan punika mboten dipun remeni Gusti. Sami kados manungsa usaha pikantuk pengampunan Allah kalian amal saha tumindak becik, punika mboten mungkin. Pengampunan namung saged dumados menawi wonten korban rah. Mekaten kala wau caranipun Allah. Sanajan Kabil sampun nedahaken sikap mboten hormat saha nganggep remeh ketetepanipun Allah, Allah ngelingaken supados piyambakipun mratobat. Nanging Kabil mboten purun midangetaken suwantenipun Allah kangge wangsul wonten margi lurus ingkang mimpin dumateng pigesangan, malah mejahi Habil adikipun. Kabil mboten nate mratobat saking caranipun ingkang lepat ngantos pejah. Kitab suci ngendikan, piyambakipun pejah wonten ing kalepatanipun.

Dinten punika kita badhe sinau ing pasal 4 & 5 kitab purwaning dumadi, nyariosaken Adam saha Hawa gadah anak-anak jaler saha wadon. Mboten mangertos pinten jumlahipun, nanging saking keturunan Adam, Gusti namung nedahaken 2 garis keturunan; keturunan saking Kabil saha keturunan Seth, adikipun ingkang lahir dados penggantinipun Habil ingkang dipejahi Kabil.

Pertama-tama kita badhe ningali keturunan saking Kabil, sami kados kebo mboten mungkin nglahiraken manuk kakatua, mekaten ugi keturunan Kabil, mboten benten saking mbahipun, anak saha putu Kabil ugi mboten ngormati Sabdanipun Allah. Pikiran, cara wicanten saha tumindakipun mboten nuruti margi lurus ketentuanipun Allah. Anak putu Kabil tiyang ingkang pinter, nanging mboten gesang celak dumateng Gusti saha mboten tepang Penjenenganipun. Piyambakipun sami mbangun kota, damel perkakas saking wesi saha tembaga, pinter damel saha nguniaken suling lan kecap. Ananging sayangipun, namung menghargai bondo dunya lan kapinteran ingkang mekaten mboten saged gadah manah engkang sumarah dumateng Gusti. Malah Lamek keturunanipun ingkang kapitu dados pembunuh. Piyambakipun seneng sanget awit piyambakipun langkung jahat saking mbahipun, kanti mejahi tiyang kalih. Lamek njeh punika tiyang ingkang mentingaken piyambakipun saha kapiket arta saha ntresnani kesenangan dunya. Sejatosisipun Lamek dados mekaten awit piyambakipun nderek margi Kabil ingkang lepat, saengga dados budakipun setan ananging mboten sadar. Ampun dipun laleaken naminipun Lamek, awit ing mangkih sakderengipun pepisahan kita badhe wangsul malih ningali gesangipun.

Sakpunika kita badhe sinau keturunanipun Adam ingkang saking Set. Kitab suci ngendikan, "**Gusti Allah maringi Adam lan Hawa anak lanang gantine Habil, sing dipateni Kabil, jenenge Set.**" Nami Set ateges kapilih. Allah milih Set kangge nggantosaken Habil. Wonten punapa Set kedah nggantos Habil? Punika sebabipun, karena Allah sampun janji badhe paring setunggaling pembebas agung ingkang badhe ngremukaken ndase setan saha mbebasaken keturunanipun Adam saking budakipun hawa nafsu setan. Pembebas agung punika kedah keturunanipun Habil ingkang pitados dumateng Gusti. Ananging setan kasil mempengaruhi Kabil kangge mateni Habil. Kalih pembunuhan punika, setan berusaha ngalangi Allah ngintun pembebas agung wonten donya. Ananging sampun mesti Allah langkung pinter tinimbang setan, Penjenenganipun paring Seth dumateng Adam gantos Habil, saengga rencana Allah perkawis pembebas agung tetep lumampah.

Sanajan Seth dipun lahiraken wonten dunya ingkang sampun risak saha berontak dateng Allah, Seth tiyang leres ingkang pitados Allah. Kados Habil kakangipun, Seth milih margi leres. Piyambakipun ugi taat katetepanipun Allah saha paring pisunggsung korban rah dateng Allah kangge nyuwun pangapunten dosanipun. Piyambakipun ugi ngajaraken kaleseresan Sabda Allah dumateng anak-anakipun kangge ngabekti dumateng Allah. Perkawis anak-anakipun Seth, kitab suci ngendikan, "Seth duwe anak lanang, dijenengake Enos. Nalika semono wong wiwit padha manambah klawan nyebut Asmane Gusti Allah."

Kalih keturunan punika, keturunan Kabil saha Seth nggambaraken kalih jenis golongan manungsa ingkang wonten dunya mulai jaman Adam ngantos sakpriki, wonten ngarsanipun Allah. Allah mboten

mirساني perbadaan kulit, suku utawi jaler setri. Kagem Allah namung tiyang-tiyang ingkang pitados Sabdanipun, lan tiyang-tiyang ingkang mboten pitados. Tiyang ingkang pitados njeh punika ingkang tepang Gusti kalih akrab, lumampah wonten terang saha nampi Pangapuntenipun. Saben tiyang ingkang pitados Allah saha milih margi kaleresan ingkang sampun Ditetepaken, badhe selamat saha lumebet suwargi kados Seth saha keturunanipun.

Saklajengipun kita badhe ningali carios ing pasal 5 kitab purwaning dumadi, perkawis keturunanipun Seth ingkang naminipun Idris, Idris punika keturunan kapitu saking Adam. Sanajan dipun lahiraken wonten dunya ingkang rusak saha berontak dateng Allah, nanging Idris mratobat saking dosa-dosanipun, wangsul dumateng Allah saha pitados kalih janji Allah bilih setunggaling pembebas ageng badhe rawuh. Karana iman saha pitadosipun, Allah ngitung nabi Idris dados tiyang leres, ngapura dosanipun saha nyucikaken manahipun. Wekdal Idris mratobat yuswa 65 tahun lan kitab suci ngendikan, *“Idris uripe tansah tetungilan karo Gusti Allah 300 tahun.”*

Nanging kangge tetungilan kalih Gusti wekdal jaman semanten mboten perkawis gampil. Sebab kados jaman sakmangkah, tiyang-tiyang ing jaman Idris langkung remen pados karemenen dunya lan gesang ing karisakan. Tiyang kados Idris, ingkang nyukani kesalehan saha nyengit kalepatan disengit saha dinyek kalih tangga tepalihipun ingkang mboten tepang Gusti. Nanging sedaya wau mboten ndadosaken Idris ewah saking keputusanipun tetunggilan kalih Gusti Allah. Kangge piyambakipun gesang rukun kalih Allah langkung penting saking sedayanipun. Gusti Allah milih Idris dados abdi saha Nabinipun wekdal jaman jahat wau. Kados sedaya nabi ingkang dumugi saksampunipun nabi Idris, piyambakipun nyaksiaken kangge manungsa ing jamanipun perkawis janji Allah pembebas agung ingkang badhe rawuh dateng dunya. Nabi Idris ugi nyariosaken bilih sang pembebas agung punika badhe wangsul ing setunggalipun dinten kangge ngukum tiyang ingkang nolak kangge mratobat lan mboten pitados Penjenenganipun. Pirengaken ngendikanipun nabi Idris, **“Delengen Gusti rawuh karo maewu-ewu Malaekate sing suci kanggo ngakimi kabeh wong. Gusti Allah arep ngukum wong jahat awit tumindak-tumindake sing bejat. Lan Penjenengane arep ngukum wong dosa uga durhaka karena kabeh omongan sing ngina Penjenengane”**.

Dados antawis 365 tahun nabi Idris gesang ing dunya milih margi kaleresan katetepanipun Gusti Allah. Ampun heran, wekdal jaman wau manungsa umuripun dawa, ananging mboten berarti mboten pejah. Kematian jasmani kedah dipun alami sedaya manungsa akibat dosa Adam. Ananging sedherek, wonten perkawis ingkang ngeramaken kalih nabi Idris, piyambakipun mboten pejah. Kitab suci ngendikan, **“Idris uripe tetunggilan karo Gusti Allah. Dumadakan Idris ilang, marga kapundut dening Panjenengane.”** Allah ingkang Maha Kuwaos ngangkat nabi Idris langsung dateng suwargi, tanpa ngalami kematian. Punika saged dumados sebab ing kitab suci dipun ngendikaaken, *“Merga saka*

pracaya Idris ora ngalami mati, malah kapundut ana ing ngarsane Allah, ora ana wong sing bias nemokake dheweke, awit wis kapundhut. Kitab suci nelakake yen sakdurunge Idris kapundhut, uripe gawe renaming penggalih Allah. Ora ono wong sing bias gawe renaming penggalih Allah tanpa precaya. Sing sapa sowan ana ing ngarsane Allah kudu precaya yen Gusti Allah kuwi ana, lan maringi ganjaran marang kang padha nggoleki Panjenengane.”

Antawis 300 tahun, nabi Idris nyenengaken manah Gusti karena piyambakipun precaya, nresnani saha naati Gusti Allah. Ing perkawis punika wonten hal penting ingkang Gusti tedahaken dumateng kita, menawi penjenengan mboten gadah iman kados nabi Idris, penjenengan mboten nate kepareng nyenengaken manahipun Gusti. Nanging menawi penjenengan gadah iman kados nabi Idris, sedherek badhe kapitung dados tiyang leres saha sedherek mboten perlu ajrih kangge pejah. Penjenengan saged mangertos bilih Allah sampun ngawonaken kematian kagem sedherek, karena wekdal penjenengan mindangetaken Sabdanipun Allah saha pitados, Pramila wekdal gesang sedherek ing dunya telas, sedherek badhe gesang selaminya wonten ngarsanipun Gusti kados nabi Idris. Menika berarti mboten wonten cara sanesipun kangge kita, selain mangertos saha pitados Sabda Gusti perkawis margi leres tumuju kawilujengan ingkang sampun Gusti siapaken kangge tiyang dosa.

Kangge ngringkes pelajaran dinten punika, sumangga kita bandingaken pigesangan tiyang kalih ingkang sampun kita pireng antawis Lamek lan Idris. Lamek keturunanipun Kabil, lajeng Idris keturnanipun Seth. Sanajan kekalihipun sami-sami keturunan kapitu saking nabi Adam saha gesang wonten jaman ingkang sami nanging cara gesangipun benten. Perbedaanipun kados siang kalian dalu.

Lamék mboten pitados dateng Allah saha Sabdanipun, nanging Idris pitados saha nresnani Sabda Allah. Lamék lumampah sareng setan ing kabejatan, nanging Idris lumampah kalian Gusti ing kasucin. Lamék mboten peduli kalih margining kawilujengan ingkang ditentukan Gusti, nanging sakwangsulipun Idris ngormati ketentuan wau saha paring pisungsung korban rah kagem Allah supados dosanipun katutupan. Lamék ngoyak arta, tiyang wadon, maeman enak, klambi sae saha sedaya karemenan sanes, nanging Idris ngajengaken gesang akrab kalian Allah sang Pencipta ingkang sampun paring nafas pigesangan. Lamék pejah wonten dosanipun lan kesah teng neraka, nanging Idris dipun angkat Allah gesang-gesang kangge manggen sesarengan Penjenenganipun ing Firdaus suwargi.

Kangge penutup, wonten setunggaling pertanyaan kagem penjenengan, “kados sinten penjenengan gesang? Kados Lamék punapa Idris? Punapa gesang penjenengan ngoyak iman kados Idris utawi sakpunika nembe lumampah wonten margini kados Lamék? Sabdanipun Allah ngendikan, “*Awakmu dhewe ujinen, apa padha isih teguh ing pracaya.*”

Para kadhang sedaya, sakpunika sampun wekdalipun kita pepisahan, wonten pinanggih saklajengipun kita badhe sinau nabinipun Allah, Nuh naminipun. Menawi penjenengan wonten pitaken babagan ingkang sampun dipun pireng punika, sumangga kintun serat dhateng kawula ing adicara "Margining Karahayun". Ugi saged hubungi kawula ing no 081333777386. Berkahipun Allah kaparingaken dhateng penjenengan sami wekdal ngrenungaken ayat kitab suci, "*Ora ono wong sing bisa gawe renaning penggalihe Allah tanpa precaya. Sing sapa sowan ana ing ngarsane Allah kudu precaya yen GUsti Allah kuwi ana, lan maringi ganjaran marang kang padha nggoleki Panjenengane.*"

Margining Karahayun

Pelajaran 13

Nabi Nuh

KESABARAN LAN MURKANING ALLAH

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Menawi kita tingali malih wonten kitab suci, ngantos dumugi sakniki kita sampun sinau bilih wekdal Gusti nyiptaaken dunya, sedayanipun sempurna kawontenanipun. Nanging wekdal Adam mboten taat Gusti, akibatipun tumindak jahat mlebet ing dunya saha dosa nular dumateng sedaya manungsa. Kita sampun sinau perkawis 2 golongan manungsa saking keturunanipun Adam, njeh punika anak buyut Kabil saha anak buyut saking Seth. Anak buyut Kabil punika golonganipun manungsa ingkang mboten pitados Gusti, ananging anak buyutipun Seth golongan tiyang pitados dateng Gusti. Anak buyut Habil paring pisungsum kurban rah kagem Gusti, saengga Gusti paring pangapunten dateng sedaya dosanipun. Setunggaling keturunan Seth naminipun Idris. Idris tiyang ingkang lumampah kalih Gusti ing kasucin, sanajan ing wekdal jaman wekdal wau sebagian ageng nderek margi setan ingkang bejat.

Dinten sakpunika kita badhe sinau babagan tiyang sanes ingkang ugi milih lumampah kalih Gusti ing jaman ingkang rusak saha bejat. Tiyang punika Nabi Nuh naminipun, buyut nabi Idris. Kita sampun mangertos bilih wekdal kalawau yuswanipun manungsa saged atusan tahun. Lan umur ingkang paling sepuh Metusalakh naminipun, piyambakipun 969 th wekdal sedanipun. Metusalakh punika bapakipun Lamek, lan Lamek punika bapakipun Nuh. Lamek bapakipun Nuh punika sanes putunipun Kabil ingkang mejahi 2 tiyang kados ingkang sampun dicariosaken. Nuh punika keturunan 10 saking Adam. Anak Nuh wonten 3 wekdal umur 500 tahun, ingkang naminipun Sem, Ham saha Yafet.

Sinau babagan pigesangan nabi Nuh badhe migunani kangge gesang kita, awit pigesangan jaman Nuh mboten tebih sanget kalih pigesangan jaman sakpunika. Mesti mawon sanes ing babagan teknologi, nanging ing perkawis kadospundi manungsa saged mandeng babagan rohani saha suci, awit ing jaman Nuh dunya kebah kalian dosa. Kitab suci ngendikan, *“Bareng Gusti Allah pirsu gedhening durakane manungsa ing bumi, lan saobah-isiking atine selawase ala wae.”* Manah keturunan Adam dikebaki kalian pikiran ingkang jahat, kadurakan, tipu daya, perzinahan, iri hati, fitnah, umuk, tetukaran, maling saha mejahi tiyang. Tanpa sadar manungsa nembe ngancuraken dunya ingkang sampurna, ingkang sampun dipun ciptaaken Gusti kagem pigesanganipun. Kathah tiyang ngakeni gadah agami, ananging sakleresipun ibadahipun namung kangge pamer kemawon. Karemenen ingkang dipun oyak namung kesenengan dunya, malah ndadosaken kesenengan dunya dados allahipun. Dados pambrontakanipun manungsa dateng Gusti Allah samsanya numpuk.

Penjenengan pirengaken pangandikanipun kitab suci ing Purwaning dumadi 6, ***“Gusti Allah banjur ngandika, “Roh-Ku ora bakal selawase nunggil karo manungsa, sing uripe mung nuruti hawa nepsuning daging. Manungsa kudu mati. Umure ora bakal luwih saka 120 taun. Bareng Gusti Allah pirsu gedhening durakane manungsa ing bumi, lan saobah-isiking atine selawase ala wae, ing kono Gusti Allah keduwung enggone nitahake manungsa ana ing bumi. Gusti Allah cuwa ing penggalih, nganti ngandika, “Manungsa kang Daktitahake bakal Daktumpes saka lumahing bumi, semono uga sakehe kewan lan sarupaning manuk merga Aku keduwung marang apa kang wis Daktitahake.”***

Karena kejahatanipun manungsa sampun mekaten nguciwakaken manahipun Gusti, Penjenenganipun mutusaken kangge musnahaken keturunanipun Adam, njeh punika ngicalaken saking alam dunya. Sanajan Allah sampun mutusaken kangge musnahaken manungsa, Allah ingkang maha welas ing jamanipun Nuh taksih paring wekdal 120 taun, supados mratobat saengga mboten kedah dipun musnahaken. Awit menawi wekdal wates kesabaranipun Gusti dumugi, Allah kedah ngakimi saben tiyang ingkang mboten purun martobat saha nampi margi keleresan ingkang dipun tentukaKen.

Pelajaran punapa ingkang saged kita pundhut babagan sifatipun Allah ngantos wekdal 120 tahun dateng manungsa jaman Nuh? Allah mekaten sabaripun dumateng manungsa, nanging kesabaranipun wonten watesipun. Allah badhe ngendikan saha usaha supados manungsa saged mratobat, nanging mboten selaminy Gusti Allah sabar. Punika sebabipun ing jaman Nuh Allah ngendikan, *“Roh-Ku ora bakal selawase nunggil karo manungsa, sing uripe mung nuruti hawa nepsuning daging. Manungsa kudu mati. Umure ora bakal luwih saka 120 taun.”* Dados kita saged mangertosi bilih Allah sampun ngrancangaken kangge sabar dateng tiyang ingkang dosa ngantos wekdal tertentu, lan saklajengipun paring penghakiman

menawi ngantos wekdal ingkang dipun temtoaken mboten mratobat. Ing mriki kita saged ningali kalih sifatipun Allah njeh punika Kesabaripun saha Kamurkanipun. Gusti punika sahe saha sabar sanget, ananging Gusti punika adil lan ugi saged duka.

Kitab suci paring pangertosan dumateng kita sifat-sifatipun Allah. Allah punika sahe saha leres. Allah saged sabar saha duka. Kesahenan saha Piwelasiipun ndadosaken Allah sabar dumateng manungsa ingkang nglanggar dumateng peraturanipun. Ananging kaleresan saha kasuciniipun ndadosaken Gusti duka dumateng sinten mawon ingkang nglawan peraturanipun. Para nabi nyerat wongsal-wangsul babagan kesabaran saha dukanipun Allah. Sumangga kita pireng punapa ingkang dipun ngendikaaken para nabi.

“Gusti ora mangu-mangu babagan Paukumane sing kaya disangka wong akeh, ananging sakbenere Penjenengane isih sabar tumraping manungsa kang nglawan, awit Allah ora ngersaaken manungsa mati lan mlebu neraka, ananging sakwalike supaya kabeh wong mratobat lan diselametake.” Sanajan mekaten dinten penghakiman Allah engkang mengerikan badhe dumugi lan dumuginipun kanti dadakan. Ing Kitab Zabur kita saged maos mekaten, *“GUSTI Allah kuwi Hakim kang adil lan Allah kang ndhawuhake paukumane marang wong ala.”* Ing kitab Injil kaserat, *“Sebab bebendune Allah wis kawedharake saka ing swarga tumrap sarupaning duraka lan pialaning manungsa kang nindhes prakara kang bener marga dening pialane.”* Allah badhe paring penghakiman kangge manungsa lan penghakimanipun leres. Punapa penjenengan gadah panyangka saged nylametaken saking penghakimanipun Allah? Utawi kita leleh luweh awit Penjenenganipun punika Allah ingkang Kemirahanipun, Pangertosanipun saha Kesabaranipun mekaten ageng, saengga penjenengan mboten sadar bilih Allah nembe nuntun penjenengan supados mertobat? Nanging karena penjenengan sombong, penjenengan nembe numpuk kamurkanipun Allah kangge penjenengan kangge dinten piwalesanipun Allah, wekdal dinten penghakimanipun ingkang adil dipun nyataaken. Allah badhe ngganjar saben tiyang miturut punapa ingkang dipun damel.

Manungsa ing jaman Nuh, punika tiyang ingkang tansah numpuk murkaning Gusti ing gesangipun. Ananging ing antaranipun manungsa ingkang duraka punika, wonten setunggaling tiyang ingkang tansah ntresnani Gusti kanti temenan saha pitados kalih sabdanipun. Tiyang punika naminipun Nuh. Nuh mboten tumindak lepat lan namung piyambakipun mawon ingkang mboten tumindak dosa dateng Allah.

Wonten punapa Allah nedahaken Katresnanipun dateng Nuh? Punapa awit Nuh kathah tumindak sahe? Mboten. Katresnanipun Allah mboten saged dipun bayar kalian napa mawon, awit Katresnanipun Allah gadhah pangertosan bantuan ingkang mboten mungkin saged diwales. Menawi Gusti nedahaken Katresnanipun ingkang ageng dumateng Nuh lan mboten dumateng tiyang sanes, punika awit Nuh pitados

dumateng Gusti Allah ananging tiyang sanes mboten. Nuh pitados dateng Allah, punika perkawis penting ingkang kedah kita emut. Nuh pitados kalian janji Gusti kangge ngintun setunggaling Pembebas Agung ing dunya kangge mbebasaken tiyang-tiyang dosa. Sami kados keturunan Adam sanesipun, Nuh ugi nate nglanggar pranataning Allah saha damel manahipun Gusti sakit....ananging awit Nuh pitados saha misungsungaken kurban rah dumateng Allah dados panyuwunanipun supados dosanipun diapunten, kados ingkang dipun dawuhaken Gusti Allah, saengga Allah mirsani Nuh dados tiyang leres wonten ngarsanipun. Pramila ing kitab suci kaserat bilih Nuh mboten tumindak lepat saha namung piyambakipun mawon tiyang leres ing jamanipun.

Ing setunggaling dinten Gusti dawuh dumateng Nuh, *“Aku wis gawe putusan mungkasi uripe manungsa kabeh, arep Daktumpes babar pisan, merga bumi wis kebak panganiaya. Kowe gawea prau, gawenen saka kayu gofer, kayu sing kuat. Ing njerone prau gawenen singgetan-singgetan, ing njero lan ing njabane usarana lenga kenthel.”* Lajeng Gusti paring ngertos dateng Nuh Rencananipun kangge ndugiaken banjir ageng ing bumi ingkang badhe mbinasaaken sedaya tiyang ingkang mboten purun mratobat saha pitados kalih kaleresan. Allah ndawuhi Nuh damel prau ageng supados ing mangkih saged wilujeng saking banjir ingkang dumugi. Dawanipun kapal kedah 150 meter, ambanipun 22 meter saha duwuripun 13 meter. Prau mangkih dados panggenan perlindungan wekdal ukumane Gusti dugi. Prau punika ugi dados panggenan pangungsin kangge sedaya kewan saha sinten mawon ingkang purun pitados kalih Sabdanipun Allah. Allah dawuh damel kathah singgetan nanging namung wonten setunggal lawang kangge mlebet. Dados pesenipun Gusti kangge manungsa ing jamanipun Nuh njeh punika sinten mawon ingkang kepengin slamet saking paukumanipun Gusti ingkang awujud banjir ageng kedah purun mlebet nglangkugi lawang ingkang setunggal wau. Sinten mawon ingkang purun mlebet nglangkungi lawang wau mesti dipun slametaken. Sakwangsulipun sinten mawon ingkang mboten purun lumebet nglangkungi lawang wau badhe pejah.

Antawis 120 taun Nuh saha keluarganipun damel kapal, ugi martosaken dawuhipun Gusti dumateng manungsa ingkang gesang wekdal punika supados mratobat. Mungkin ngendikanipun mekaten, **“Rungokna! Gusti ngutus aku supaya ngelingake kowe kabeh awit Murkane! Dukane Allah wis panas awit dosa-dosamu. Penjenengane arep nekakake banjir neng bumi kanggo mbinasaake saben wong sing nolak mratobat. Ananging aku uga arep menehi kabar bungah nang kowe. Gusti nang Katresanane wis ngongkon aku gawe kapal dadi panggonan pangungsin kanggo wong kang gelem mratobat saka dosane lan pasrah nang Sabdaning Allah. Sapa wae sing mlebu nang kapal bakal slamet saka kabinasan.”** Nuh

terus nyobi ngemutaken saha paring nasehat dateng tiyang-tiyang supados mbalik saking tumindak awonipun.

Kinten-kinten kadospundi tanggapanipun tiyang-tiyang ingkang mireng pangemutipun Nuh? Punapa kersa pitados kalih pesenipun Nuh babagan murkanipun Allah badhe mbinasaaken manungsa ingkang mboten purun mratobat kalih banjir ageng? Kita badhe nerusaken malih kisah menika ing pepanggihan ingkang badhe dumugi. Mugi-mugi ing mangkih kita saged nglajengaken kisah nabi Nuh lan ningali kadospundi Gusti Allah damel perbedaan antawis tiyang-tiyang ingkang pitados kalih ingkang mboten purun pitados. Matursuwun awit penjenengan sami sampun midangetaken siaran kawula ing adicara “Margining Karahayun” menika. Menawi penjenengan wonten pitaken, ampun ragu nulis serat saha ngubungi kawula ing no 081333777386. Nuwun!

Margining Karahayun

Pelajaran 14

Nabi Nuh saha Banjir Ageng

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Kita sampun mirengaken carios nabi Nuh ing pinanggihan kalawingi. Babagan kadospundi bejat saha jahatipun pigesangan manungsa ing jamanipun, ananging Nuh milih margining pigesangan ingkang mranani dumateng Gusti. Piyambakipun mboten sami kalian tiyang-tiyang ing jamanipun, ingkang milih gesang miturut kalih pikajenganipun piyambak. Nuh ing gesang salehipun, saged ngraosaken sedih manahipun Gusti karena kejahatanipun manungsa. Kitab suci ngendikan, *“Gusti Allah pirs gedhening durakane manungsa ing bumi, lan saobah-isiking atine selawase ala.”* Karena kejahatanipun, Allah ingkang mahasuci ngrancang mbinasakaken manungsa ingkang mboten purun mratobat saking bumi. Nanging Gusti paring Katresnanipun kagem Nuh, punika sebabipun Penjenenganipun ngendikan dateng Nuh, *“Aku wis gawe putusan mungkasi uripe manungsa kabeh, merga bumi wis kebak kejahatan. Aku bakal nekakake banjir gedhe sing ngelebi bumi, kanggo numpes sarupane tumitah sing urip. Nanging kowe gawe kapal sing gedhe kanggo nylametke kowe lan keluargamu.”*

Kapal ingkang dipun dawuhaken Allah kangge didamel punika leres-leres ageng, langkung dawa saking lapangan sepakbola. Kangge mbangun kapal punika, mesti mbetahaken wedal ingkang dangu. Kira-kira miturut penjenengan laminipun pinten? 1 tahun? 2 tahun? Mboten sedherek, langkung lami saking 1 taun utawi 2 taun, malahan langkung saking 10 taun. Antawis 100 taun, Nuh saha anak-anakipun nyambut damel mbagun kapal ingkang ageng wau. Ananging kalih nyambut damel, Nuh terus paring pangertosan dumateng tangginipun utawi sinten mawon bilih piyambakipun kedah mratobat saking dosa saha kejahatanipun. Awit menawi mboten, piyambakipun mesti pejah awit

banjir ageng ingkang Gusti kirim. Banjir ageng punika ukuman Allah kangge kejahatanipun manungsa ing bumi. Nanging punapa tiyang-tiyang wau mireng lan pitados wicantenipun Nuh, lajeng mratobat? Saking maewu-ewu keturunanipun Adam, kinten-kinten pinten tiyang ingkang pitados dateng Sabdanipun Allah ingkang dipun sampeaken Nuh? Punapa kathah tiyang ingkang pitados, mratobat lajeng mlebet kapal supados lolos saking kabinasan? Kasuyatanipun kados ingkang digendikakaken kitab suci namung sekedhik ingkang mlebet kapal. Namung 8 tiyang mawon ingkang slamet. Cobi penjenengan bayangaken, saking maewu-ewu keturunan Adam namung 8 tiyang ingkang beriman, njehpunika Nuh saha sisihanipun, 3 anak jaleripun Sem, Ham saha Yafet sareng bojonipun. Sedaya tiyang sanesipun mboten purun pitados kalih sabdanipun Gusti. wonten ingkang panci leleh luweh kalih pesan Allah ingkang dicariosaken Nuh, nanging kathah tiyang ingkang mgenyek Nuh karena wicantenipun.

Ing ayat pungkasan pasal 6 kitab Purwaning Dumading ngendikan, *“Nuh nindakake sakehing dhawuhe Gusti Allah.”* Kapal sampun siap, namung setunggal perkawis ingkang kedah ditindakaken Nuh kalih keluarganipun, njehpunika mlebet ing kapal. Malah wonten wekdal ingkang pungkasan, Nuh taksih usaha nyakinaken tiyang-tiyang babagan ukuman Allah ingkang pesti dumados, *“Rungakna Sabdane Gusti! Mratobat lan pracayae Sabdane. Banjir arep teka! Mlebuo jroning kapal mumpung isih ana wektu. Lawange isih dibukak, sapa wae sing mlebu kapal mesti slamet. Nanging yen kowe nolak mlebu, kepiye kowe iso luput saka penghakimane Allah iku?”*

Ing pasal 7 kita waos, wekdal dintenipun dugi, Gusti parentah Nuh saha keluarganipun mlebet kapal. Punapa kapal punika isinipun namung 8 tiyang mawon? Mboten, wonten makluk ciptaan sanesipun ingkang saged luput saking banjir sareng Nuh saha keluarganipun. Makluk-makluk wau njehpunika sedaya kewan ingkang gadhah sikil utawi ingkang mrambat saha manuk-manuk. Saking saklumahing bumi dumugi sedaya kewan dateng panggenan Nuh mbangun kapal. Kewan ingkang mlebet wau njehpunika 7 pasang saking kewan halal, 2 pasang saking kewan haram saha 7 pasang saking sedaya jenis manuk.

Lajeng Gusti ngendikan dumateng Nuh bilih jawah badhe dawah 7 dinten saksampunipun punika. Dados saksampunipun keluarganipun Nuh saha sedaya kewan mlebet kapal, dereng wonten tanda-tanda badhe jawah. Langit ingkang cerah, hawa ingkang benter ingkang kedadosan wekdal sedaya mlebet kapal. Lajeng punapa ingkang kedadosan saklajengipun? Saksampunipun keluarga Nuh saha sedaya kewan sampun mlebet, kitab suci ngendikan, *“Sakwise mengkono Gusti Allah piyambak nginebake lawange kapal.”*

Ing mriki kita saged ningali bilih Nuh saestu-estu tiyang ingkang pitados Gusti kanti sakgolonging manah. Taksih setunggal minggu malih nembe jawah ananging Nuh saha keluarganipun sampun Gusti

dawuhi mlebet wonten kapal, saengga seminggu ugi mboten saged medal saha lumebet kapal, awit kapalipun sampun ditutup Gusti, mekaten ugi ingkang wonten njawi. Lajeng wonten punapa seminggu dereng jawah, ananging Nuh saha keluarganipun purun mlebet kapal? Namung wonten setunggal alasan, njehpunika taat kalih ingkang Gusti ngendikakaken. Kapitadosan dumateng Sabdanipun Gusti ingkang ndadosaken keluarga wau lumebet kapal, sanajan dereng ketingal mendung pratanda badhe jawah. Mungkin tiyang njawi kapal gadah pikiran, **“Aku yo percaya neng Gusti, nanging aku ora gelem mlebu kapal apa maneh karo omongane Nuh,”** Artosipun tiyang-tiyang wau mboten purun pitados kalih Gusti, awit mboten pitados ingkang dipun cantenaken nabi Allah. Piyambakipun mboten purun mratobat saking dosa-dosanipun lan mboten purun nampi marginining keselamatan supados luput saking banjir ageng, mlebet kapal ingkang sampun didamel Nuh. Tiyang-tiyang wau namung kalih lesan mawon ngormati Gusti, nanging manahipun tebih saking Gusti.

Saksampunipun seminggu Gusti nutup lawang kapal wau, ing Kitab Suci jelasaken Gusti mbikak sedaya sumbering toya sae ingkang wonten ngandap bumi saha ing langit. Sedaya ngedalaken toya ingkang kathah sanget. Langit peteng kacampur petir, angin ageng, lindu kedadosan wekdal wau. Pesti kedadosan wau ndadosaken sedaya keturunan Adam sami ajrih. Wekdal kahanan sahe, gampil sami ngina dumateng Gusti, mbonten namung pangucap mawon nanging ugi nglangkungi tumindakipun. Nanging sakmangkih wekdal penghakimanipun Gusti dipun mulai, manungsa mboten wantun mbikak lesanipun. Sampun wekdalipun kangge sedaya manungsa wau ngadepi penghakimanipun Gusti lan mboten wonten panggenan kangge ngumpet.

Jawah deres mulai dawah, sumber-sumber ngedalaken toya, laut saha lepen-lepen lumebet saengga nyebabaken banjir ageng. Lumeburing toya banjir nyerbu sedaya kitha lan desa ing sedaya saklumahing bumi. Tiyang-tiyang ingkang wekdal wau ngina Nuh saha nolak Sabdanipun Gusti sakmenika nembe sadar bilih punapa ingkang dipun ngendikakaken Gusti nglangkungi nabinipun punika leres. Ananging kesadaran punika mboten migunani, awit kesempatan mratobat sampun ical. Gusti sampun nutup lawange kapal. Dinten penyelamatan sampun liwat, dinten paukumanipun sampun dumugi. Ndedonga, nangis, bengak-bengok malah sadar dateng kaleresan sabdanipun Gusti, mboten saged ngowahi penggalhipun Gusti. Wekdal Gusti sampun nutup lawang, mboten wonten ingkang saged mbikak.

Kitab suci nyariosaken kangge kita bilih antawis 40 dinten 40 dalu jawah dawah terus saengga dumados banjir ageng, ngantos puncak-puncak gunung ingkang paling inggil katutup toya. Ananging kapal wau kumambang saknginggiling toya. Gusti mbinasaaken sedaya makluk ing bumi, manungsa, manuk saha kewan darat sae ageng punapa alit. Inggil mboten binasa namung Nuh saha kalih sedaya tiyang ingkang wonten kapal. Toya mboten mandap-mandap 150 dinten. Punapa Allah

nindakaken punapa ingkang dipun ngendikakaken? Leres, Gusti mboten mbatalaken pangandianipun. Allah saestu ngirim banjir ageng kangge manungsa ingkang mboten purun mratobat. Penjenenganipun saestu-estu ngukum manungsa ingkang mboten wonten ing kapal kados ingkang sampun dipun Ngendikakaken wekdal Nuh mbagun kapal.

Para kadang, kita kedah mandeg rumiyin dinten punika. Mugi-mugi ing siaran ngajeng, kita saged ngrampungaken carios Nuh saha keluarganipun, kadospundi pigesanganipun wekdal ing kapal. Nanging sakderengipun kita pepisahan, kawula ngemutaken bilih saking carios banjir ageng punika, Gusti ngajaraken 2 perkawis penting, njihpunika: Gusti sampun nentoaken bilih badhe dinten piukuman ingkang sanes, dinten ing pundi sepindah malih Gusti ngakimi sedaya manungsa ing bumi. Saha dinten kiamat punika langkung ngeri saking paukuman ingkang dumugi wekdal jamanipun Nuh.

Sumonggo kita pirengaken punapa ingkang dipun ngendikakaken nabinipun Gusti babagan dinten kiamat, piyambakipun nyerat mekaten, *“Aku nuli weruh dhampir gedhe putih lan Panjenengane kang nglenggahi dhampir mau, Bumi lan langit pada ilang saka ngarsane lan wis ora katon meneh. Aku nuli weruh wong-wong sing wis padha mati gedhe cilik, pada ngadeg ing ngarepe dhampar mau. Banjur ana kitab-kitab kang kabukak, yakuwi Kitab Kauripan. Wong-wong mau nuli padha diadili miturut penggawene adhedhasar apa kang katulis ing kitab-kitab mau. Segara masrahake wong-wong mati sing ana ing njerone. Penggedhene Pati sarta Kratoning Pati iya padha masrahake wong-wong mati sing ana ing wewengkone. Wong-wong mau kabeh padha diadili miturut penggawene dhewe-dhewe.”*

Kadang kula, punapa penjenengan gadhah keyakinan kiat naminipun kacatet ing kitab pigesangan ing dinten kiamat ingkang ngeri punika? Punapa penjenengan sampun ngliwati lawang kawilujengan ingkang dibikak dening Gusti? Sabdanipun Gusti, *“Saiki wektune kemurahan iku, dina iki dina keselamatan iku.”* Sampun kita tingali kadospundi sabaripun Gusti nenggo tiyang-tiyang jaman Nuh mratobat, pitados saha diselametaken, ananging ngantos pungkasan tiyang-tiyang mboten purun midangetaken. Gusti akhiripun nutup lawangipun keslametan. Sinten mawon ingkang mboten purun mlebet lawang kapal kedah ngadepi kamurkane paukumanipun Allah.

Perkawis dinten kiamat ingkang badhe dumugi, wekdal ingpundi Gusti badhe ngakimi sedaya tiyang wonten kaleresan, kitab suci ngendikan, *“Dina rawuhe Gusti kuwi tekane kaya maling ing wayah bengi. Samasa wong-wong padha muni, “Kabeh wis tentrem lan slamet, ing wektu kuwi wong-wong mau ditumpes dadakan! Wong-wong bakal ora bisa ngoncati babar-pisan, kaya dene wong wadon sing dadakan nglarani arep nglairake anak.”*

Punapa penjenengan mangertos perkawis lawang ingkang sampun dibikak? Punapa mangertos mardhi kaluar ingkang dipun siapaken Gusti. sinten mawon ingkang luput saking banjir ageng wau? Namung

tiyang ingkang mlebet lawang kapal. Mekaten ugi dinten kiamat. Malah kitab suci sampun jelas nedahaken bilih Gusti namung nyiapaken setunggaling lawang keslametan kangge anak=anak Adam ingkang dosa. Punapa penjenengan mangertos perkawis lawang keslametan? Menawi mekaten sumongga dipun pirengaken pangandikanipun pembebas agung ingkang sampun Gusti kintun ing dunya. Pangandikanipun, *“Aku iki lawange, wong sing ngliwati Aku, bakal slamet. Aku kandha kebeneran, Sapa wong kang grungoake SuaraKu lan pracaya marang Penjenengane sing ngutus Aku, duwe urip langgeng lan ora mlebu paukuman.”*

Matursuwun sampun mindangetaken siaran kawula. Menawi wonten pitaken babagan punapa ing penjenengan pireng, sumonggo kintun serat dumateng kawula saha hubungi kula ing no 081333777386 saged nglangkungi SMS lan WA. Mugi Gusti paring berkah wekdal penjenengan ngrenungaken pitaken ingkang serius punika, ingkang katulis ing kitab suci, **“Kadospundi kita saged luput, menawi kita mboten nggatosaken margining kawilujengan? Nuwun.**

Margining Karahayun

Pelajaran 15

Nabi Nuh saha Kasetyaning Gusti Allah

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Dinten punika kita taksih badhe sinau pigesangan nabinipun Allah ingkang naminipun Nuh. Nanging sumonggo sakpunika wekdal kita tingali malih pelajaran sakderengipun saking pigesangan Nuh. Ing pasl 6 kitab Purwaning Dumadi, nyariosaken dumateng kita perkawis asal-usulipun Nuh, bilih piyambakipun punika keturunanipun nabi Adam, ingkang pitados saha tunduk kalih sabda ugi ketentuanipun Gusti. Wonten jamanipun Nuh, dunya kebah kalih kejahatan, gesang manungsa mekaten jahatipun ngantos Gusti mendet keputusan mbinasakaken sedaya manungsa ing dunya kalih ngintun banjir ageng. Gusti sampun mekaten sabaripun dateng tiyang-tiyang ingkang remen ngina kasucinipun Gusti, antawis 100 taun Penjenenganipun paring kesempatan. Ananging kesabaripun sampun telas, dados Allah paring dawuh Nuh saha keluarganipun mlebet kapal supados selamat saking banjir ageng. Dinten-dinten kemirahanipun Allah sampun telas, sakpunika wekdalipun ngadepi kamurkanipun Gusti ingkang ageng.

Langit engkang cerah ewah dados cemeng, kilat, Guntur saha lindu dumados. Jawah lebet ingkang dawah mboten mandeg antawis 40 dinten 40 dalu. Mestipun dumados banjir ingkang ageng sanget. Sedaya tiyang berusaha nylametaken awakipun kanti mlajar wonten panggenan ingkang inggil, ananging sanajan ngantos ing puncakipun gunung, banjir ngetutaken kanti alon-alon. Sedaya tok tonya kabikak saha medalaken toya ngantos gunung-gunung ugi ketutup toya. Ananging kapal pedamelanipun Nuh ngambang ing nginggile toya. Ing kitab suci kaserat mekaten, "*Gusti Allah numpes sakehing tumitah ing bumi: manungsa, kewan lan manuk, mung kari Nuh lan kabeh sing bebarengan karo Nuh ana ing prau mau.*" Dados nglangkungi carios ing kitab suci kita saged mangertosi bilih Allah

saestu-estu nindakaken Sabdanipun, ngukum bumi kalih banjir ageng. Pamireng sedaya, perlu dipun emut bilh Gusti tansah nepati punapa ingkang sampun Dipangandikakaken.

Lajeng saksampunipun jawah mandeg, punapa ingkang kedadosan kalih tiyang ing lebet kapal? Punapa Gusti kesupen? Mesti mawon mboten. Kitab suci nyariosaken bilih Gusti mboten nglalekaken Nuh kalih keluarganipun. Mekaten suraosipun, *“Gusti Allah nuli emut marang Nuh lan marang sakehing kewan sing padha melu ing kapal. Mulane banjur nekakake angin ana ing bumi, temah banyune wiwit surut.....wasana nalika sasi kapitu tanggale pitulas kapale kandhas ana ing puncaking gunung Ararat.”*

Para kadhang sedaya, antawis setunggal taun setunggal minggu, Nuh kalih kelurganipun saha para kewan ngambang ing lebet kapal, nembe toya garing saengga kapal wau kandas ing puncak gunung Ararat. Sedaya wau saged dumados awit kuwaosipun Gusti. Lajeng Gusti dawuh dumateng Nuh, *“Padha metua saka kapal, kowe, bojomu, anak-anakmu lan para anak mantumu.”* Nuh medal saking kapal, sesarengan kalih keluarganipun saha kalih sedaya para kewan. Saksampunipun medal wonten lemah garing, Nuh damel panggenan kanggem misungsungaken korban, Nuh mbelih pinten-pinten kewan ingkang halal, manuk saha misungsungaken sedaya wau dumateng Gusti dados korban ingkang dipun bakar.

Perlu dipun emut wekdal Nuh medal saking kapal, ingkang pertama kali dipun tindakaken Nuh njihpunika ngaturaken korban rah saking kewan ingkang mboten lepat. Kewan ingkang pejah kalawau lajeng dibakar. Gusti mboten nate mbatalaken ukumipun, tanpa korban rah mboten wonten pangapuntenipun dosa. Sanajan banjir ageng sampun nyelemaken sedaya tiyang dosa saking bumi, mboten ateges oyodipun dosa ugi pejah kaselem. Oyodipun dosa ing lebet manah keturunipun Adam taksih wonten. Punika sebabipun Nuh saha keluarganipun tetep ngaturaken pisungsung korban kangge nampi pangapuntening dosa saking Gusti. kados ingkang sampun kita sami sinauni ing pelajaran kala semanten bilih ngorbanaken kewan punika dasaripun margi kawilujengan ingkang dipun tentukaken Gusti piyambak, punika gambaran saking Pembebas Agung ingkang badhe rawuh lan badhe ngawonaken Setan saha dosa. Menawi kewan kedah dikurbanaken wongsal-wangsul, ananging Pembebas Agung badhe nindakaken sepindah mawon, pengorbananipun lumampah selaminya saha kangge sedaya manungsa. Kurban ingkang dipun tindakaken Nuh punika kangge nedahaken dateng anak saha putunipun bilih ukumipun Allah mboten nate ewah, bilih, *“ukuman kangge tiyang dosa punika pati”* saha *“tanpa kurban rah mboten wonten pangapuraning dosa.”*

Sakalajengipun wonten kitab suci digendikakaken, *“Allah rena penggalihe marang kurban Nuh. Allah paring berkah kanggo Nuh lan anak-anake sarta ngendikan, “Padha bebramahana lan tangkar-tumangkara sarta ngebakana bumi. Saiki aku gawe perjanjian karo kowe, yen ing sebanjure Aku ora*

bakal numpes sakehing nyawa kang urip srana keleben ing banyu. Minangka pratandane prejanjian kang Daktetepake selawas-lawase ing antara-Ku karo kowe, sarta sarupaning nyawa urip kang melu kowe. Aku bakal mrenahake kluwung ana ing mendhung. Kluwung mau bakal dadi pretandhane prejanjian ing antarane Aku karo bumi. Samangsa-mangsa Aku ngumpulake mendhungning sandhuwure bumi, mangka kluwunge banjur katon ana ing kana, Aku mesthi bakal ngengeti ing prejanjianKu karo kowe lan karo sarupaning nyawa urip, temah ora bakal ana banjir patopan meneh kang numpes sarupaning titah kang urip.”

Wonten ing ayat-ayat enggal engkang kita pireng, wonten setunggal pangandikan engkang dening Gusti dipun baleni wongsal-wangsul. Pangandikan punika njihpunika prejanjian kekal. Perjanjian kekal artosipun setunggaling janji istimewa antawis Gusti Allah kalian manungsa. Gusti tansah ngrimat prejanjian kekal. Allah punika setiya saha kepengin nedahaken kasetiannipun dumateng keturunanipun Adam. Punika sebabipun wonten ing Kesaenanipun, Gusti damel setunggaling prejanjian antawis Penjenenganipun kalih keturunan Adam, kalih paring pangandikan, Ora bakal numpes sakehing nyawa kang urip srana banjir gedhe. Punika janjinipun Gusti. Gusti mboten namung ngendikan kemawon bilih Penjenenganipun janji.....ananging Allah negesaken janji wau kalih manggenaken kluwung ing langit.

Punapa sedherek mangertos, bilih kluwung ingkang sering kita tingali wekdal mantun jawah punika tanda ingkang nedahaken kasetianipun Allah? Saben kita ningali kluwung, perlu dipun emut bilih wekdal kalawau Gusti nembe ngemutaken kita dumateng Kasetianipun ingkang terus ditedahaken saking generasi dumateng generasi saklajegipun. Kluwung punika negesaken bilih Gusti piyambak sampun janji mboten badhe malih mbinasakaken bumi lan sakisinipun kalih banjir. Kluwung punika pratanda bilih Gusti punika Maha Setia, pinuji Asmanipun.

Perkawis sisa gesangipun Nuh, kathah sanget ingkang saged kita cariosaken, ananging sakpunika mboten cekap wekdal. Sedaya wau wonten ing pasal 9 Purwaning Dumadi. Ing mrika kita dipun paring ngertos bilih Nuh taksih gesang 350 taun malih saksampunipun banjir ageng. Piyambakipun sanget sepuhipun wekdal mlebet Firdaus lan manggen ing mrika sareng Gusti Allah.

Kita mungkin saged ngringkesaken rembagan kita perkawis Nuh nabinipun Allah punika kalih setunggal utawi kalih pitakenan. Ingkang sepindah, punapa ingkang ndadosaken Nuh benten kalih tiyang-tiyang ing jamanipun? Punapa ingkang dipun damel Nuh, ngantos piyambakipun nampi kamirahanipun Gusti? Namung setunggal ingkang dipun damel Nuh, piyambakipun ngandapaken manah dumateng Sabdanipun Gusti. Pramila punika Nuh mboten pejah sesarengan generasinipun ing banjir ageng. Penjenengan pireng punapa ingkang dipun ngendikakaken Gusti perkawis Nuh, kados ingkang kaserat ing kitab suci; *“Ora ono wong sing bisa gawe renaning penggalihe Allah tanpa*

pracaya.” Karana iman, wekdal Nuh dipun elingaken babagan ingkang dereng ketingal, kalih raos ajrih ingkang suci damel kapal kangge nylametaken keluarganipun. Kalih iman piyambakipun ngukum dunya saha dados pewaris saking kaleresanipun Allah. Menika berarti warisan Nuh dipun leresaken dening Allah, dipun tampi awit iman dumateng Gusti.

Wonten kalih perkawis ingkang kawula emutaken sakderengipun kita pepisahan dinten punika, punapa ingkang damel Nuh ngremenaken penggalhipun Gusti? *Sepindah*, imanipun. Nuh pitados dateng Gusti saha tunduk kalih sedaya pangandianipun Gusti. Nuh pitados kalih keyakinanipun ingkang ageng dumateng Gusti saha Sabdanipun, sanajan generasi ing jamanipun gesang saestu-estu nglawan kalih katentuan-ketentuanipun Allah. Gusti mbebasaken Nuh saking ukuman ingkang kedah ditampi tiyang-tiyang ing jamanipun. Kadang kula sedaya, punapa penjenengan saestu pitados kalih punapa ingkang Gusti ngendikakaken? Kekajengipun Gusti kangge kita sedaya pitados Sabdanipun kados Nuh.

Inkang *kaping kalih* ingkang kedah kita emut njihpunika bilih wonten perkawis sanes ingkang langkung penting saking iman Nuh. Punapa penjenengan mangertosi? Kasetianipun Gusti. wonten punapa kasetianipun Allah langkung penting saking iman Nuh? Karana menawi Allah punika mboten setia ngrimat perjanjian kekal saha janji-janji sanes ingkang dipun damel, iman Nuh dumateng Gusti mboten ngasilaken punapa-napa. Kita mangertos punapa artosipun mitadosi tiyang ingkang mboten saged dicepeng janjinipun. Namung raos kuciwa ingkang kita tampi. Raos kuciwa kita awit pitados tiyang ingkang mboten setia. Ananging Gusti mboten mekaten. Kitab suci ngendikan, *“Sanajan kita ora setiya, Gusti tetep setiya.”* Ayat sanesipun ngendikan, *“Manungsa kekuwatane ora ngungkuli suket. Suket bakal garing lan kembang bakal alum, nanging pangandikane Allah langgeng selawase.”*

Kadang kula sedaya, Allah badhe nindakaken punapa ingkang sampun dipun janjiaken. Kitab suci njelasken, *“Wong kang precaya mring Allah ora bakal dikuciwakake.”* Wonten ing cariosipun Nuh, kita saged ningali bilih Allah nindakaken sedaya ingkang dipun janjiaken. Sakpunika kita ugi gadah janjinipun Allah. Kita sampun ningali ugi wekdal Nuh misungsungaken korban rah saking kewan, Gusti rena dumateng korban wau saha ngapunten dosanipun. Kita ugi sampun sinau bilih Allah manggenaken kluwung wonten langit saha sedaya manungsa mboten nate kesupen bilih Allah punika setia.

Kadang kula, sanajan penjenengan kesupen babagan sedaya ingkang sampun kita rembag dinten niki, ampun ngantus nglaleaken setunggal perkawis punika bilih Allah punika setia. Penjenenganipun mboten saged narik Janjinipun, Penjenenganipun badhe nindakaken punapa ingkang sampun dijanjiaken, sanajan ketingalipun Allah telat-telat nindakaken. Pramila punika sumonggo kita sami pitados saha nampi Sabdanipun kalih manah ingkang asor. Sumonggo kita gesang kados Nuh, ingkang

pitados Sabda Allah sanajan tiyang ing sekitaripun mboten purun pitados. Awit akibat mboten pitados, tiyang-tiyang wau tumpes.

Matursuwun sampun mindangetaken siaran punika. Wonten pepanggihan ingkang badhe dumugi, kita badhe ningali keturunanipun Nuh saha asal muasalipun kathah bahasa ing dunya punika. Menawi wonten pitakenan perkawis punapa ingkang sampun dipun pireng dinten sakmangkih, saged ngubungi kawula wonten ing no 081333777386, saged SMS ugi WA. Gusti mberkahi para kadang sedaya wekdal emut keleresan saking Sabdanipun: *Allah punika setia....sinten mawon ingkang pitados Penjenenganipun mboten badhe dikuciwaaken.* Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 16

Menara Babel

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Wonten siaran ingkang pungkasan, kita sampun nyinauni sesarengan perkawis nabi Allah ingkang naminipun Nuh. Kita sampun mangertosi bilih Allah mboten nate guyonan wekdal ngendikan badhe numpes sedaya keturunan Adam karena kejahatanipun kalih ngirimaken banjir ageng. Antawis 100 tahun Gusti paring kesempatan kangge mratobat, wekdal Nuh mbangun kapal ingkang badhe dados panggenan perlindungan tiyang-tiyang ingkang pitados Sabdanipun Allah wekdal banjir ageng dumados. Ananging mboten wonten setunggal mawon tiyang purun pitados kalih Sabdanipun Allah kejawi Nuh sakluarga. Akibatipun Allah ingkang adil saha setia punika, nindakaken punapa ingkang dipun ngandikakaken. Allah numpes sedaya tiyang malah sedaya ingkang gesang ingkang mboten mlebet kapal. Nanging GUsti nylametaken sedaya tiyang ingkang nglangkugi lawing prau.

Wonten perkawis Nuh punika, kita sampun diparingi mangertos bilih Nuh gadah 3 anak jaler; Sem, Ham lan Yafet. Kitab suci nedahaken kita bilih saking 3 tiyang punika sedaya tiyang ing bumi asalipun. Sem mbah buyut saking tiyang-tiyang Yahudi saha Arab. Lajeng penduduk Afrika saha Cina keturunanipun Ham. Menawi tiyang-tiyang Eropa keturunan saking Yafet.

Dados sedaya tiyang ing bumi punika asalipun saking 3 anak Nuh. Penjenengan, kula....tiyang negro, tiyang china, sedaya suku ing Indonesia, kita sedaya asalipun saking mbah ingkang sami, Nuh, saengga kita sami pantes wicanten bilih kita wonten ing dinten sakpunika, karena Nuh pitados Sabdanipun Allah. Sebab wekdal Nuh nylametaken keluarganipun saking banjir, piyambakipun ugi nylametaken kita sedaya sareng piyambakipun.

Gusti mberkahi Nuh saha anak-anakipun, lan ngendikan: *“Padha bebranhana lan tangkarta-tumangkara sarta ngebakana bumi.”* Dados sedherek kulo, kalih pitulunganipun saha berkah Allah Nuh lan anak-anakipun mbangun griya ugi mulai pigesangan keluarga ingkang enggal. Karana taat dateng Allah, kanti cepet sanget keluarga wau tambah kathah. Jaman wau manungsa taksih yuswa panjang saha gadah kathah anak lan putu, langkung kathah kalih jaman sakmeniko. Dados saksampunipun ratusan taun sampun wonten ewonan tiyang malih. Nanging wonten perkawis ingkang kedah kita emut, bilih manungsa punika dasaripun sampun terinfeksi kalih dosa, saha kesupen kalih banjir paukumanipun Gusti wau. Manungsa mulai mboten malih peduli kalih Gusti ugi mboten taat dumateng hukum-hukumipun Gusti. Manungsa wangsul malih dumateng tabiatipun ingkang dosa, mboten kados Seth, Nuh. Saksampunipun atusan taun manungsa mulai kesupen kangge saos syukur dateng Allah ingkang sampun paring berkah nafas saha pigesangan, sunaring srengenge, jawah saha tetedhan. Malah kluwung ingkang dipun seleh Allah wonten langit dados tanda janji katresnan saha Setianipun, sampun mboten wonten ingkang ngertos artinipun. Penjenengan pireng ingkang dipun ngendikakaken Gusti, *“ Sanajan manungsa kenal Allah, nanging manungsa ora ngajeni Penjenengane lan paring saos syukur Kapenjenengane, sakwalike manungsa mikir sing ora-ora, atine dadi peteng.”* Manungsa nyangka piyambakipun wicaksana, padahal sakleresipun bodo. Inggang dipun sembah sanes Gusti ingkang leres Sang Pencipta, nanging perkawis-perkawis ingkang palsu. Sanes Pencipta ingkang dipun puji saha dimuliaaken nanging malah Ciptaanipun.

Kados Kabil lan keturunanipun, kathah saking keturunanipun Nuh ugi milih mberontak dateng Allah saha Pikajengipun. Manungsa wau panci gadah agami, namung agaminipun palsu awit mboten sesuai kalih margi kaleresan ingkang Gusti temtoaken. Manungsa mboten purun mireng kaleresanipun Allah. Inggang dipun pireng namung Setan saha kebohonganipun.

Kinten-kinten antawis 500 taun saksampunipun banjir, wonten setunggaling pemburu ingkang terkenal, piyambakipun ugi pinter mbangun kuto-kuto. Tiyang punika keturunanipun anak Nuh ingkang naminipun Ham. Naminipun Nimrod. Nimrod artinipun memberontak. Tiyang punika sanget pinter, ananging mboten tepang dumateng Allah, sami kados margi ingkang dipilih Kabil saha kathah manungsa jaman nabi Nuh. Nimrod sampun mbangun pinten-pinten kutho lan ngrancangaken mbangun setunggaling kutho ingkang ageng. Ing pundi wonten kutho wau, sedaya umat manungsa saged gesang sesarengan dados setunggaling bangsa.

Sakpunika kadang kula sedaya, kita badhe maos pasal 11 saking kitab Purwaning Dumadi. Sumonggo kita timgali, punapa ingkang dipun cariosaken kitab suci perkawis rencana Nimrod lan rencang-rencangipun mbangun kutha ingkang ageng wau. Kitab suci ngendikan, *“Biyen-biyene bangsa-bangsa ing salumahe bumi kuwi basane mung siji lan tembung-tembunge padha. Kecrita nalika padha*

nglembara mengetan, nuli padha tekan panggonan datar ing tanah Sinear, banjur padha manggon ing kana. Wong-wong mau padha saiyeg kandha mengkene, *“Ayo padha gawe bata lan diobong kareben atos.”* Batane dienggo mbangun, dene sing dienggo nglepa tir kenthel. Kandhane meneh, *“Ayo saiki kita padha mbangun kutha nganggo Menara sing dhuwure sundhul langit. Mengko kita rak dadi wong misuwur, lan ora padha pating slebar.”*

Mekaten kadang kula, Nimrod lan rencang-rencangipun ngrancangaken mbangun setunggaling kutha ageng kalih Menara ingkang ngantos langit. Wonten punapa tiyang-tiyang punika badhe mbangun Menara ingkang inggil? Karana kepengin angsal nami ing dunya. Nimrod saha rencang-rencangipun ngrencanaaken ngumpulaken sedaya manungsa ing bumi wonten setunggaling panggenan, supados dados kesatuan ingkang kiat lan mboten sumlebar ing salumahing bumi. Ananging Allah mboten remen kalih rencana wau, karana tiyang-tiyang wau berarti mboten njangkepi rencananipun Allah, sebab Allah sampun dawuh dumateng Nuh saha keturunanipun ngebaki bumi. Allah ingkang nyiptaaken manungsa mangertos punapa ingkang sae kangge manungsa, ananging kathah saking keturunanipun Nuh mboten peduli kalih punapa ingkang dipun penggalihaken Gusti. Manungsa nyangka piyambakipun langkung pinter tinimbang Gusti. Kados Setan, manahipun dikebaki kalih kesombongan saha pemberontakan dumateng Allah. Ananging kitab suci ngendikan, *sinten mawon ingkang dados gumunggung piyambakipun badhe diandapaken, ananging sinten ingkang ngandapaken awakipun badhe diinggilaken.*

Gumunggung utawi pados nami kangge kita piyambak, ing ngarsanipun Gusti punika dosa, karana namung setunggal asma mawon ingkang layak dipuji saha diluhuraken njihpunika asmanipun Allah Gusti ingkang nyiptaaken langit lan bumi. Sebab kitab suci ngendikan, *Menawa ana wong sing ngagungake sesuatu, kudhune ngagungake apa sing digawe Gusti. Sabab wong sing kapuji yakuwi wong sing kapuji dening Gusti, dudu wong sing ngelem awake dewe.*

Senajan mekaten, ing jaman Nimrod meh sedaya keturunan Adam mboten ngormati Allah. Manungsa mikir mboten mbetahaken Allah utawi Sabdanipun. Manungsa mboten purun mireng sinten mawon. Manungsa dados tiyang-tiyang ingkang gadah roh pemberontakan lan kepengin bebas. Ngantos sakpriki, sikap saha roh ingkang sami tetep wonten ing manah keturunan Adam. Malah lare alit mawon sampun gadah sifat mekaten, buktinipun wonten lare-lare menawi dikengken tiyang sepuhipun wanton jawab: mboten purun! Punika wonten ing lare alit, punapa malih menawi tiyang dewasa. Punapa penyebabipun saking padudon ingkang dumados wonten ing keluarga utawi bangsa? Sedaya wau awit karana sikap pemberontakan lan raos kepengin bebas manungsa ingkang menggalih, **“Ah, aku iso ngurus awakku dewe, tatacaraku sing paling apik. Agamaku wis cukup kanggo aku. Wong-wong sesukuku wong-wong sing hebat, paling pinter dan paling apik. Jenengku iku sing paling**

penting. Barang-barangku, pikarepku, gaweanku, duwitku. Aku! Aku! Aku! Mekaten manungsa namung tumuju kangge piyambakipun mawon. Sedaya tiyang namung usaha kangge nyenengaken kabetahanipun piyambak. Karana sikap mekaten Pramila dunya kebah kalih padudon, gelut saha perang. Perlu dipun emut bilih Allah sengit kalih roh utawi semangat ingkang mekaten. Sebab kados ingkang dipun ngendikaken ing kitab suci, *“Aku iki Tuhan, Kuwi asmaKu. Aku ora arep mbagi kamulyanKu kanggo sing liyane.”* Kadang kula, penjenengan emut bilih namung asmanipun Allah mawon ingkang pantes dimulyaaken!

Nah monggo kita lajengaken malih pelajaran kita perkawis tiyang ingkang naminipun Nimrod. Dados Nimrod saha rencang-rencangipun mulai mbangun Menara ingkang puncakipun dumugi langit. Ingkang ketalipun nantang kamulyanipun asma Allah. Sakleresipun, ing jaman wau tiyang panci gadah agami, nanging tiyang-tiyang wau mboten peduli kalih perintah saha ketentuanipun Allah. Nimrod saha rencang-rencangipun nyangka saged dumugi langit kanti caranipun piyambak. Cobi penjenengan renungaken punika. Namung 500 taun saksampunipun toya banjir, manungsa wangsul malih kados tingkah manungsa ingkang ditumpes Allah kalih toya banjir. Manungsa wau milih margining piyambak lan nolak ketentuanipun Allah. Mekaten bodo lan bejatipun manungsa, nyobi pisah saking Gusti Allah ingkang paring nafas pigesangan saha Firmanipun ingkang dados tetedhan kangge jiwaniipun manungsa.

Lajeng punapa ingkang dipun tindakaken Allah? Mekaten ngendikanipun kitab suci, *“Gusti Allah nuli tedhak mirsani kutha lan Menara sing lagi digarap wong-wong mau. Pangandikane, “Wong-wong iki padha tunggal bangsa lan tunggal basa. Mangka iki lagi wiwitaning reka-rekane. Suwe-suwe rak ora kena dipenggak karepe. Mula ayo padha dikisruhake basane, supaya siji lan sijine padha dene ora ngerti karepe.” Mengkono enggone GUsti Allah mbuyarake wong-wong mau saka ing kono menyang salumahe bumi, nganti wurung enggone ngedegake kutha.”*

Sedherek, sakpunika jelas kagem kita bilih Gusti duka kalih rencana Nimrod lan rencang-rencanipun ingkang sampun mulai mbangun kutha ageng awit kepengin pados nami piyambak. Punapa sedherek emut, bilih Gusti sampun dawuh dateng Nuh saha anak-anakipun kangge “ngebaki bumi” lan nyebar ing salumahing bumi. Nanging Nimrod lan pendherekipun, kepengin nantang Gusti kalih tumindak sakwangsulipun, njihpunika ngempalaken sedaya tiyang ing setunggaling panggenan. Gusti nggagalaken rencana Nimrod lan pendherekipun kalih paring basa-basa enggal saha misahaken ing salumahing bumi. Punika sebabipun wonten ewonan suku saha basa ing saklumahing bumi sakpunika.

Punika cariosipun kutha Babil lan tiyang-tiyang engkang nyangka bilih piyambakipun langkung hebat tinimbang miring ketentuanipun Gusti. Punapa kita ugi kados tiyang engkang wonten Babil wau? Punapa kita nate gumunggung, nglangkungi kamulyanipun Gusti? Sedherek pamireng, dateng sinten

penjenengan kepingin kepranan? Dateng manungsa punapa Gusti Allah? Punapa penjenengan pados hormat saking manungsa? Setunggaling kepastian, bilih pangormatan saking manungsa badhe kesah, ananging pujian engkang saking Gusti wonten selaminya.

Sedherek, mugi wonten siaran engkang badhe dumugi kita badhe ningali sedaya pelajaran engkang sampun kita sinauni ngantos sakmangkih. Berkah Gusti wonten kita, wekdal ngrenungaken, “wong sing kapuji yakuwi wong sing dipuji dening Allah dewe, dudu saka awake dewe.” Menawi penjenengan wonten pitakenan perkawis punapa engkang sampun kapireng sakmangkih, penjenengan saged hubungi kawula ing no 081333777386 saged SMS lan WA. Maturnuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 17

Renungan Perkawis “Purwaning Dumadi”

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Kadang pamireng, dinten sakmangkih kita badhe mbahas malih lan ngrangkum sedaya ingkang sampun kita sinauni ngantos program ingkang pungkasan, ingkang dipun pundhut saking kitab suci Taurat seratanipun nabi Musa, njihpunika kitab Purwaning Dumadi.

Kitab Taurat kasusun saking 5 bagian buku. Buku ingkang wiwitan kasebat Purwaning Dumadi. Kitab Purwaning Dumadi kaperang dados 50 pasal lan secara runtut kita nyinauni kitab punika ngantos pasal 11.

Punapa taksih emut suwanten ayat pertama saking kitab suci? Ing mrika dingendikakaken. *“Ing jaman kuna sing wiwitan mula Gusti Allah nitahake jagad.”* Gusti njihpunika Allah kelanggengan. Ing jaman wiwitan, wekdal bumi lan sakisinipun termasuk manungsa dereng katitahaken, Gusti sampun wonten. Gusti punika Roh kelanggengan ingkang mboten gadah wiwitanipun. Punika sebabipun wonten punapa ayat sepindah wonten kitab suci ngendikan, *“Ing wiwitanipun Gusti !!*

Saklajengipun kita sampun nyinauni bilih sakderengipun bumi kaciptaaken, Gusti sampun langkung rumiyin nyipta mayuta-yuta makluk roh ingkang ageng kekiatanipun. Makluk-makluk roh punika disebut malaikat. Ing antawis para malaikat wonten setunggal malaikat ingkang langkung sae saha wicaksana saking sanesipun, naminipun Lucifer. Dening Gusti, Lucifer diangkat dados pemimpin para malaikat. Sayangipun, ing setunggaling dinten manah Lucifer ewah saking taat dateng Gusti dados raos iri. Lucifer ngunggulaken awakipun, dados gumunggung saha kepengin ngrebat *“panggenanipun”* Gusti Allah. Kathah ugi malaikat sanes ingkang milih dados pendherekipun Lucifer lan dados dosa kados pemimpinipun. Karana kesombonganipun punika, Allah ngusir Lucifer saha pendherekipun lan

nggantos nami Lucifer dados Setan. Setan artosipun penghasut. Malah Gusti Allah damel kangge Lucifer saha pendeheripun geni ingkang mboten nate pejah ing Neraka. Kitab suci paring pangertosan dateng kita bilih mangkih ing dinten kiamat. Gusti ingkang Maha Leres saha Ingkang Maha Suci punika badhe mbucal Lucifer wonten geni wau, piyambakipun lan sedaya pendherekipun: malaikat utawi manungsa.

Sedherek kula sedaya, saksampunan peristiwa Lucifer, kita sampun sinau babagan kadospundi Gusti nyiptaaken langit, bumi saha sedaya ingkang wonten ing lebetipun kanti wekdal 6 dinten. Gusti ugi nyipta sedaya wau namung kalih ngendikakaken Sabdanipun. Saking sedaya ciptaan wau, namung manungsa ciptaan ingkang paling penting, karana manungsa dipun cipta persis kados gambaran Allah piyambak. Manungsa dipun paringi Allah pikiran, saengga saged kenal utawi mangertosi Pikajengipun Gusti. manungsa dipun paring perasaan, supados saged ntresnani Gusti Allah. Manungsa ugi diparingi kehendak bebas, njihpunika kebebasan kangge milih, milih taat dumateng Gusti utawi nentang Gusti. Allah paring pikiran, manah utawi perasaan saha kebebasan milih dumateng manungsa karana Gusti Allah ngersaaken antawis Penjenenganipun kalih manungsa gadah hubungan ingkang intim lan sae.

Wonten pasal 2, kita maos bilih Gusti Allah damel setunggaling taman ingkang naminipun Taman Firdaus utawi Taman Eden saha manggenaken manungsa ing lebetipun. Kangge Adam manungsa ciptaanipun wau, Allah ingkang Maha Sae paring sedaya ingkang dipun betahaken saengga gesang Adam saged Ayem lan Tentrem.

Ing wekdal Gusti nyipta Adam, Gusti ngendikan, *“Adam, sarupane wit-witane petamanan iki wohe oleh kokpangan, kejaba mung witing pangerti bab kang ala lan becik kuwi wohe aja kokpangan. Awit samasa kowe mangan wohe mau, ing dina kuwi uga kowe bakal mati.”* Dados wonten ujian alit kangge Adam. Punika sanes supados Adam damel kesalahan, nanging supados Adam gadah kesempatan mbuktiaken katresnanipun dumateng Gusti Allah.

Kita ugi sampun maos bilih saksampunipun Gusti nyipta Adam, Allah paring setunggaling kanugrahan sae kangge piyambakipun. Cobi para kadang tebak....punapa niku...njeh! Leres! Setunggaling garwa. Wanita ingkang naminipun Hawa punika Gusti ciptaaken saking tulang rusukipun Adam. Dados mekaten kalawau sedherek, wonten 6 dinten Allah ngrampungaken sedaya pedamelan penciptaanipun wau. Saklajengipun ing pasal 3, kita tingali kadospundi dosa mlebet wonten ngalam dunya. Kitab suci nedahaken dateng kita kadospundi ing setunggaling dinten, wekdal Adam kalih sisihanipun nembe wonten celakipun wit woh ingkang dilarang, Setan awujud ula, damel Adam saha Hawa ngraguaken punapa ingkang sampun Allah dawuhaken saha mbujuk supados pitados wicantennipun. Setan wicanten, Allah wau namung kepengin menang piyambak, setan ugi wicanten

menawi Adam lan Hawa mboten badhe pejah wekdal nedha woh terlarang wau. Malah sakwangsulipun sami kalih Gusti Allah.

Dados para kadhang, Setan muterwalik pangandikanipun Gusti! wekdal Gusti nngendikan, “samasa kowe mangan wohe mau, ing dina kuwi uga kowe bakal mati”, Setan wicanten, “kuwi ora bener! Kowe ora bakal mati!” Lajeng pangandikanipun sinten ingkang kedah diturut Adam lan Hawa? Pangandikanipun Gusti punapa Setan? Sayangipun sedherek kula, kitab suci nyatet bilih Adam Hawa milih pitados wicantenipun Setan tinimbang pangandikanipun Gusti. Setan ngapusi Hawa, saengga piyambakipun nglanggar, ananging Adam milih piyambak nglanggar dawhipun Gusti lan ndherek Setan. Saengga kaserat ing kitab suci, *“Mulane padha kaya dosa tekane dosa ing jagad jalaran saka wong siji, sarta tekane pati marga saka dosa mau, mangkono iku pati wus nyrambahi marang wong kabeh, jalaran wong kabeh mau wis padha gawe dosa.”*

Akibatipun Gusti Allah ngusir Adam lan Hawa saking taman Firdaus. Ananging sakderengipun Gusti ngusir, Penjenenganipun njanjaken badhe ngutus setungaling penyelamat wonten dunya kangge mbebasaken saha nebus anak keturunan Adam saking kuwaosipun Setan, kuwaos dosa saha kematian. Kangge mastiaken janji wau, Gusti Allah nyembelih kewan saha saking kulit kewan wau Allah ndamelaken Adam lan Hawa rasukan. Gusti Ngorbanaken kewan dados kurban kangge kepentingan Adam lan Hawa, mboten namung kangge nutupi ketelanjanganipun, nanging kangge nedahaken saha ngajaraken Adam lan Hawa bilih, “pituwasipun dosa punika pati”. Lan ugi tanpa penumpahan rah mboten wonten pangapuraning dosa.

Wonten pasal 4, kita pirengaken carios perkawis kalih anak Adam, Kabil lan Habil saha korban pisungsungipun kagem Gusti Allah. Habil misungsungaken cempe ingkang mboten cacat, ingkang paling sae, nyembelih dados korban penghapus dosa, persis kados ingkang Gusti Allah damel kangge tiyang sehapipun. Ananging Kabil, piyambakipun nyobi nyelaki Gusti kalih caranipun piyambak, kalih misungsungaken hasil panenipun, usahanipun makarya ing tanah ingkang sampun dikutuk Allah. Kitab suci ngendikan, *“Gusti Allah rena marang pisungsunge Habil, nanging pisungsunge Kabil ditampik.”* Saksampunipun kedadosan wau, Gusti nuli nimbali Kabil supados mempertanggungjawabaken pedamelanipun, mangertos kalepatannipun, purun mratobat saha nampi Margining Karahayun saking Gusti, ananging Kabil malah nesu lajeng mejahi Habil adikipun. Kabil sampun milih nglampahi marginining kesesatan.

Saksampunipun kedadosan wau, Allah paring setunggal anak malih kangge Adam lan Hawa, naminipun Set. Set punika kados Habil, piyambakipun pitados dateng Allah saha nyelaki Allah kalih nindakaken kurban rah dados pisungsung. Saengga, keturunan Adam kaperang dados 2 garis keturunan; keturunan saking Kabil saha keturunan saking Set. Keturunanipun Kabil mboten pitados dumateng

Allah. Nanging saking keturunanipun Set dugi tiyang-tiyang ingkang pitados Gusti. Salah setunggaling keturunan Set ingkang pitados dumateng Allah naminipun Idris. Idris lumampah sareng Allah ing jaman ingkang jahat. Idris sanget celak dumateng Allah ngantos piyambakipun mboten nglampahi kematian, nanging kaangkat gesang-gesang tumuju Firdaus Surgawi manggen ing mrika sesarengan Allah. Idris nggadahi putu ingkang naminipun Nuh, ing wekdal Nuh Allah mutusaken numpes sedaya manungsa saking saklumahing bumi kalih dugiaken banjir. Allah nindakaken sedaya wau awit Penjenenganipun sampun mboten tahan mirsani kejahatanipun manungsa. Wonten kesempatan terakhir sakderengipun Allah nindakaken pikajenganipun, Allah namung nemuaken Nuh kemawon ingkang pitados. Punika sebabipun Allah ngutus Nuh damel kapal ingkang ageng, kangge panggenan perlindungan kangge piyambakipun sakluarga, kewan-kewan saha sedaya tiyang ingkang purun pitados kalih pangandikanipun Allah ingkang dipun sampekaken Nuh. Antawis 100 taun Allah sabar ngentosi wonten tiyang sanes sakliyanipun Nuh sakluarga, ingkang purun mratobat saha pitados pangandikanipun Allah. Nanging antawis 100 taun wau, mboten wonten setunggal mawon ingkang mratobat. Saengga Gusti mboten eman nindakaken punapa ingkang sampun dijanjiaken saha ngakimi sedaya tiyang ingkang mboten pitados ing kaleresan kalih banjir ageng. Sedaya manungsa pejah, sakliyanipun Nuh saha keluarganipun.

Nuh gadah 3 anak jaler, njihpunika Sem, Ham lan Yafet. Saking 3 tiyang punika dumugi sedaya manungsa ing lumahing bumi. Ananging kita ugi pirsu bilih keturunan saking Sem, Ham lan Yafet kanti cepet nglialiaken dahsyatipun penghakiman Allah ingkang dipun alami mbahbuyutipun. Dereng lami, manungsa sampun nyupekaken Gusti saha Sabdanipun. Wonten pelajaran kita ingkang pungkasan, kita sampun sinau perkawis Nimrod lan pendherekipun gadah rencana ngempalaken sedaya manungsa ing setunggaling panggenan saha mbangun kutha ageng ingkang gadah Menara ngantos dumugi langit. Rencana ingkang medal saking raos gumunggung lan raos kepingin mbrontak dumateng Gusti. Nanging Gusti Allah mbatalaken rancangan wau. Allah damel kisruh basanipun lan mbuyaraken manungsa wonten saklumahing bumi. Kutha ingkang nembe dibangun wau kasebut Babel ingkang artinipun Kebingungan.

Para kadang pamireng, punika wau ringkesanipun sedaya ingkang sampun kita sinanuni saking Kitab Purwaning Dumadi pasal 1 ngantos 11. Sebagai kesimpulanipun yang pertama, mboten wonten setunggal mawon manungsa ingkang leres. Sami ingkang kaserat ing kitab suci, *"kabeh wong ana ing ngisore kuasa dosa, ora ono wong kang bener, siji wae ora ono."*

Inggang kaping 2, Allah punika leres. Kados ingkang digandikakaken kitab suci, *"Allah iku pepadhang lan Panjenengane ora kadunungan pepeteng babar pisan,"* Kejawi wau, kita ningali kaleresan Allah nglangkungi hukumipun ingkang ngendikan, **"tanpa korban getih, ora ono pangapuraning dosa."**

Dados sedherek, sakdhereng kita pepisahan dinten sakmangkih, monggo kita ningali gesang kita piyambak...kita manungsa mboten gadah alasan punapa-napa kangge matur dumateng Gusti, "*Kulo mboten lepat!*" Awit namung Gusti piyambak ingkang suci saha mboten cacat lan mboten mungkin kita wicanten dumateng Gusti bilih kejahatan lan kesalahan kita badhe kita bayar kalih tumindak sae dumateng tiyang sanes. Awit ingkang kita singgung punika Allah piyambak...dados namung kalih Allah ugi kita nggadahi urusan...leres mboten? Lan wekdal kita berurusan kalih Penjenenganipun....temtunipun kedah wonten aturan saha ukum-ukumipun. Punika alasan wonten punapa kita kedah pitados kalih kesaenanipun Gusti ingkang sampun netepaken setunggaling cara, supados kita manungsa saged gesang saha ngantos Kapenjenenganipun kanti ayem....mboten wonten malih permusuhan lan utang dosa. Sedherek kula, menawi penjenengan wonten raos kepingin ngalami perkawis wau...pramila penjenengan kedah pitados bilih wonten mergi ingkang lurus lan rata tumuju dateng Suwargi...margi ingkang dipun tentuaken dening Allah piyambak kangge tiyang ingkang pitados dateng Sabdanipun.

Para kadang, kita kedah pepisahan sakmenika....nanging ampun kesupen kangge terus mirengaken adicara punika, acara Margining Karahayun. Wekdal kita pepisahan, sumonggo dipun renungaken Sabda Allah ingkang dados ketentuan perkawis perdamaian saha pangapuraning dosa, "*tanpa penumpahan darah, mboten wonten pangapuraning dosa.*"

Menawi penjenengan wonten pitakenan perkawis punapa engkang dipun pireng saged ngubungi kawula ing no 081333777386. Maturnuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 18

Ibrahim Tinimbalan Gusti

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Ing pelajaran ingkang sampun kita pireng wekdal kepengker, kita sampun ningali malih pigesangan mbah buyut kita ingkang wiwitan, Adam lan Hawa. Ugi keturunanipun; Kabil, Habil, Idris, Nuh saha manungsa sanesipun ingkang gesang ing jamanipun kados Nimrod saha para penderekipun ingkang mbangun Menara Babel. Nglangkungi pigesanganipun kita saged ningali bilih Gusti punika Maha Leres lan Maha Setia. Penjenenganipun ugi nyiapaken margining Lurus tumuju suargi kagem tiyang ingkang pitados Penjenenganipun. Ananging saking awal namung sekedik manungsa ingkang pitados dateng Gusti. Manungsa ingkang dipun ciptaaken dening Gusti langkung kathah ingkang milih Setan saha Margining Kesesatan.

Dinten punika kita ngantos ing kisah perkawis setunggaling tiyang ingkang sanget terkenal wonten ing kitab suci, saha ingkang gadhah posisi khusus wonten rencananipun Gusti mbebasaken keturunan Adam saking hukuman kabinasan karena dosa. Wonten ing Kitab Suci tiyang punika kasebat “sakabat Allah” saha “Bapak saking sedaya tiyang pitados”. Kinten-kinten sinten tiyang punika? Njih, leres piyambakipun njihpunika nabi Ibrahim. Judul pelajaran kita dinten punika, “Ibrahim tinimbalan Gusti”. Ing kitab suci kathah sanget dipun cariosaken perkawis tiyang punika. Ing kitab para nabi, naminipun dipun sebat kaping 300 langkung. Dados mugi-mugi wonten pelajaran sakmenika lan ugi ingkang badhe dugi kita badhe nyelidiki kitab suci ingkang wonten hubunganipun kalih tiyang ingkang disebat-sebat Sakabat Allah punika. Punapa mawon ingkang saged kita sinauni saking pigesangipun. Dinten punika kita badhe ningali kadospundi Gusti nimbali Ibrahim lan wonten punapa Ibrahim ingkang kapilih Gusti Allah.

Sedherek sami, sumonggo sakmenika kita lajengaken pelajaran perkawis Ibrahim, Sakabat Allah...sedherek kula, wiwitanipun nabi punika naminipun sanes Ibrahim. Allah piyambak ingkang gantos naminipun. Nanging babagan punika, badhe kita sinauni ing pelajaran ingkang badhe dumugi.

Nglangkungi pelajaran kitab suci ing adicara Margining Karahayun punika, kita sampun diparingi mangertos bilih Abram njihpunika keturunan Sem bin Nuh. Saking Nuh ngantos Abram wonten 10 generasi. Nami tiyang sepuh Abram naminipun Terah. Abram gadah 2 sederek jaler ingkang naminipun Nahor lan Haran. Haran pejah langkung rumiyin, nanging piyambakipun gadah lare jaler Lot naminipun. Lot ageng lan manggen sesarengan Abram. Abram gadah sisihan ingkang naminipun Sarai. Sarai punika sederek tirinipun, bapakipun sami ananging sanes ibu. Mboten sisah kaget, wekdal jaman wau perkawis punika saged ditampi. Ananging ngantos Abram umur 75 taun, piyambakipun dereng gadah putra.

Abram lan Sarai manggen ing setunggaling kutha ingkang naminipun Ur, menawi sakmenika ing wilayah Irak. Kutha Ur punika mboten tebih saking kutha Babel, panggenan menara ageng. Tiyang-tiyang panggenan Abram punika tiyang ingkang manambah dateng berhala, sae tiyang sepuhipun ugi Abram piyambak. Dados sakleresipun Abram saha keluarganipun punika mboten mangertos babagan kaleresanipun Allah. Nanging ing setunggaling dinten Gusti Allah mratelaaken Penjenenganipun dateng Abram saha ngendikan dateng piyambakipun. Sedherek kula sami, penjenengan kedah mangertos bilih ing wekdal wau Allah ngendikan langsung dateng manungsa, karana dereng wonten seratan para Nabi. Sakpunika, Gusti ngendikan dateng manungsa langkung kitab suci, njihpunika wekdal kita maos lajeng menggaliaken ayat-ayat ing kitab suci, wekdal kita ngendelaken manah saha menggaliaken ayat-ayat suci wau...Gusti ngendikan dumateng kita.

Sakpunika sumangga kita pirengaken punapa ingkang Gusti ngendikaaken dateng Abram wonten pasal 12:1, "*Gusti Allah ngandika marang Abram, "Kowe lungaa. Negaramu, bangsamu lan omahe bapakmu tinggalen. Kowe mangkata menyang negara sing bakal Daktedahake marang kowe."* Sedherek, punapa penjenengan mireng punapa ingkang dipun ngendikakaken Allah dateng Abram wau? Gusti ngengken Abram medal saking griya bapakipun, ninggal sedaya sedherekipun ugi ninggalaken tanah kelahiranipun, lajeng pindah dateng daerah enggal ingkang Gusti tedahaken dateng piyambakipun. Kinten-kinten menawi dawuh wau katujukaken dateng penjenengan, punapa penjenengan badhe tata-tata lanjeng kesah? Kula pitados mboten mekaten gampil kangge kita sabdanipun Gusti wau. Dados manungsa, kula ugi mangertos kadospundi angelipun kita ninggalaken sedaya ingkang kita gadahi. Leres mboten? Nanging sedherek kula....Allah sakleresipun gadah rencana ingkang ageng kagem Abram.

Sedherek kula...punika rencana Allah kangge Abram ingkang Penjenenganipun kengken kesah saking kampung halamanipun. Gusti ngrancangaken supados saking Abram lahir bangsa enggal, bangsa ingkang badhe dados sumber sedaya nabi saha Juruwilujeng ingkang Gusti janjiaken. Punika maksudipun Gusti wekdal ngendikan dateng Abram, *"Kowe bakal Dakdadekake bangsa gedhe...karo meneh kowe bakal dadi marganing berkah....lan merga kowe sakehing bangsa ing bumi bakal binerkahan."*

Punapa ingkang dingendikakaken Gusti menika merupakan kaleresan ageng. Sabab sedherek kula, wekdal Allah ngendikan perkawis bangsa ingkang ageng, sakleresipun Gusti sampun milih Abram dados bapak saking para mbah buyut sang pembebas ingkang badhe rawuh wonten dunya. Sang Pembebas punika ditakdiraken dados Juruwilujeng kangge sedaya manungsa ing bumi. Dados sedaya tiyang ingkang pitados kaPenjenenganipun, saged luput saking pangukuman ingkang kedah ditanggul Setan lan penderekipun ing geni neraka. Nah sedherek kula...sakpunika saged kita tingali bilih wekdal Allah nimbali Abram, Gusti sakleresipun nembe lumampah tambah nyelaki panggenapan Janjinipun kangge ngirimaken Juruwilujeng kangge manungsa ingkang dosa wonten ngalam dunya. Juruwilujeng ingkang dijanjiaken Allah sanes Abram, nanging wonten tiyang sanes...tiyang punika keturunan Abram...nanging janji punika gadah syarat..kinten-kinten punapa syaratipun sedherek kula? Syaratipun njihpunika; ninggalaken sedayanipun; keluarga, suku, tanah, griya, pokokipun sedaya kedah dipun tinggalaken. Menika mboten guyonan, awit menawi sampun kesah berarti mboten angsal mikir wangsul malih. Ampun kesupen ugi berarti kedah ninggalaken kapitadosan utawi agamanipun ingkang lami ingkang pitados dateng roh-roh, gunung, watu, wit lsp. Wah...awrat sanget punika syaratipun kangge tiyang kathah. Punapa kinten-kinten Abram badhe nuruti syaratipun Allah wau? Sedherek kula, Abram purun nampi syarat wau. Kitab Suci ngendikan, *"Abram budhal, ngestokake dhawuhe Gusti Allah."*

Kinten-kinten, sedherek tangklet mboten....wonten menapa Abram purun nampi syarat Allah saha ninggalaken tanah kelahiripun lan sedaya ingkang berhubungan kalih asal-usulipun? Selain punika, Abram mboten diparingi mangertos ing pundi panggenan tujuanipun menawi piyambakipun nderek dawhipun Gusti wau. Namung setunggal mawon ingkang kedah kita emut; Abram pitados kalih sabda Allah. Abram pitados bilih Allah badhe nggenepi Janjinipun njihpunika, *"Metua! Aku bakal mberkahi kowe!"* Janjinipun Gusti kabukti leres, Allah wonten ing Kasetyanipun, mimpin lampahipun Abram ngantos dumugi ing panggenan ingkang naminipun Kanaan, ingkang sakmangkih kasebat Israel.

Lajeng kitab suci ngendikan, *"Abram banjur ndlajahi tanah mau lan wektu iku wong Kanaan isih manggon ing kono. Ana ing kono Gusti Allah ngetingal, sarta ngandika, "Tanah iki bakal Dakparingake marang tedhak turunmu. Aku arep gawe tedhak turunmu kaya lebu. Menawa ana sing iso ngitung*

lebu, mulane tedhak turunmu iso diitung.” Sedherek kula, penjenengan tingali kesaenanipun Gusti dateng Abram. Allah mboten namung janji damel Abram dados mbahbuyut saking setunggaling bangsa ageng, ananging ugi setunggaling wilayah, artosipun Gusti njanjaken Abram setunggaling negari.

Nanging wonten perkawis ingkang ngganjel ing manah saha pikiran, menawi kita wonten ing panggenan Abram Allah njanjikaken piyambakipun 2 perkawis ingkang ageng; dados mbahbuyut setunggaling bangsa saha nampi setunggaling wilayah....nanging Abram piyambak mboten gadah anak. Kadospundi janji-janii wau saged dumados menawi perkawis ingkang paling penting saking janji wau, mboten wonten?

Wekdal wau, Abram sampun umur 75 taun lan sisihanipun 65 taun, ingkang ateges sampun sepuh. Kadospundi mungkin tiyang ingkang sampun sepuh, tiyang-tiyang ingkang sampun “mambet tanah” gadah keturunan? Punapa malih kangge ngebaki tanah Kanaan wau, temtunipun kedah kathah anak ingkang lahir njih? Dados kadospundi Allah saged nggenepi Janjinipun dateng Abram? Kita badhe ningali perkawis wau wonten pelajaran ingkang badhe dumugi.

Sedherek kula, sampun meh dumugi wekdal kita badhe pepisahan, nanging sakderengipun kita badhe ningali malih punapa ingkang kita sinauni dinten niki; ingkang **sepindah**, perkawis wonten punapa Allah nimbali Abram supados medal saking griya tiyang sepuhipun lan pindah dateng panggenan enggal. Alasanipun, karana Allah ngersaaken Abram dados setunggaling bangsa, mboten namung keluarga ageng. Bangsa ingkang enggal... ingkang berasal saking setunggal mbahbuyut. Lajeng ingkang kaping **kalih**, kita sampun sinau perkawis punapa Allah pengin ndadosaken keturunan Abram dados setunggaling bangsa ingkang ageng. Punika wau karana Allah pengin saking bangsa ingkang enggal punika badhe rawuh nabi-Nabinipun, badhe wonten kitab saha setunggaling pembebas badhe lahir saking keturunan Abram. Dados saged disimpulaken, **Wekdal Allah nimbali Abram, Allah nembel lumampah majeng kalih Rencananipun kangge ngutus wonten ngalam dunya setunggaling penyelamat kangge tiyang-tiyang dosa. Janji ingkang dipun ngandikakaken Allah piyambak dateng Adam lan Hawa wekdal piyambakipun kausir saking taman Firdaus.** Kalih ewu taun saklajengipun wekdal jaman Abram, kita ningali setunggal perkawis malih, njihpunika kangge kita renungaken saking pinanggihan dinten sakpunika. Perkawis terakhir wau njihpunika; Allah mboten nate supe kalih Janjinipun.

Ngantos ing mriki rumiyin pepanggihan kita wekdal sakpunika...Menawi penjenengan gadah pitaken perkawis punapa ingkang sampun penjenengan pireng dinten sakmangkih, ampun ragu kangge kintun serat dumateng kawula wonten program Margining Karahayun lan ugi saged ngubungi kula ing no

081333777386. Berkah sih rahmat saha karahayun ingkang saking Gusti wonten ing kita. Monggo dipun renungaken sedaya kesaenanipun Gusti ingkang sampun kita tingali. Nuwun.....

Margining Karahayun

Pelajaran 19

Ibrahim Sakabat Allah

Sedherek kula pamireng sedaya.

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Sedherek kula, tokoh kita pinten-pinten dinten niki njihpunika setunggalipun tiyang ingkang nampi sebatan Sakabat Allah, sanajan ing pigesanganipun tiyang punika sami kados kita kalih kelemahan. Tiyang punika naminipun nabi Ibrahim. Dados carios dinten sakniki njihpunika Ibrahim Sakabat Allah. Punapa ingkang badhe kita pelajari saking pigesangan nabi Ibrahim njihpunika perkawis kadospundi paring kesempatan dateng tiyang sanes milih langkung rumiyin.

Punika sanes perkawis ingkang gampang, karena kita sedaya biasanipun kepengin nampi ingkang paling sae, lan ingkang paling sae biasanipun kita tampi menawi angsal milih langkung rumiyin saking tiyang sanes, ananging ternyata kangge tiyang beriman kados Ibrahim, mboten kedah mekaten.

Mekaten cariosipun, kados ingkang kaserat wonten kitab suci; Ibrahim kesah saking kampungipun karena Gusti sampun ngendikan dateng piyambakipun bilih saking keturunanipun badhe wonten setunggal bangsa engkang enggal saha saking keturunanipun badhe lahir pembebas agung ingkang badhe nylametaken manungsa. Ibrahim pitados Allah saha Sabdanipun, dados Ibrahim saking kampungipun lumampah tumuju setunggaling negari ingkang naminipun Kanaan. Wekdal bidal wau..Ibrahim mbeto Sarai sisihanipun ugi Lut anak kangmasipun Ibrahim ingkang sampun seda. Wonten perjalanan wau, tambah dangu Ibrahim lan Lut tambah sugih. Ananging kesugihan mboten jamin raos ketentreman kados ingkang dialami Ibrahim.

Wonten ing kitab suci nyariosaken perkawis Ibrahim saha Lut keponakanipun. Setunggaling wekdal, Ibrahim lan Lut nembe wonten ing Betel. Ing mrika para pangonipun sami padudon perkawis

panggenan pangenan. Karana sampun mboten cekap malih suket kangge ternak kekalihipun menawi terus sesarengan. Padudon mesti dumados, lajeng kedah kadospundi?

Cobi penjenengan bayangaken wonten setunggal tiyang kesah merantau, keponakanipun ingkang piatu dibeto. Wonten tanah rantau piyambakipun wonten rejeki, piyambakipun dados pedagang ingkang berhasil..mekaten ugi keponakanipun, engkang mulai wiwitan nyambut damel dateng piyambakipun lan dados tiyang kepercayaanipun.....sampun saged nglempakaken rezeknipun piyambak....nanging sakmenika keponakanipun wau mulai dados saingan ing pasar ingkang sami. Kekalihipun mulai tukaran rebutan pelanggan utawi pembeli. Wekdal semanten istilahipun “setunggal atap” nanging sakmenika sampun mboten mungkin malih...kedah wonten ingkang medal saking pasar wau...kinten-kinten miturut penjenengan sinten engkang badhe tetep ing pasar wau....penjenengan utawi keponakan penjenengan? Njih.....kula mangertos, jawabanipun mesti keponakan penjenengan engkang kedah kesah saking mriku.....

Wau menawi kita....nanging Ibrahim mboten. Ibrahim ngengken Lut milih rumiyin...menawi Lut milih ngiwa, Ibrahim badhe teng kanan. Punika sami kados....penjenengan paring kesempatan milih dateng keponakan penjenengan...menawa kowe arep usaha nek pasar iki, aku sing metu, menawa kowe milih metu..aku manggon nek kene.

Lajeng Lut ningali sekilingipun lan milih netep ing panggenan ingkang paling sae saking tanah wau..setunggaling lembah ingkang kathah suketipun saha tanahipun subur. Panggenan ingkang dipun pilih Lut leres-leres kados surga ketingalipun. Daerah wau celak kutha Sodom, lan mulai wau ing mrika Lut manggen, pisah saking Ibrahim pamanipun. Lajeng punapa ingkang kedadosan kalih Ibrahim? Saksampunipun ngilakaken Lut milih langkung rumiyin saha pikantuk tanah ingkang sae ing sekitar daerah mriku, punapa Ibrahim kecalan sedayanipun? Ternyata mboten...karana sakleresipun wekdal Allah ngengken Ibrahim kesah saking tanah kelahiranipun Ur, mboten nate ngendikan bilih piyambakipun kedah tetep manggen ing setunggaling panggenan. Inggang Gusti suwun njihpunika, piyambakipun kedah ngubengi negeri Kanaan, kedah terus pindah saking setunggal panggenan tumuju panggenan sanesipun. Punika pikajengipun Allah, dados punapa ingkang Lut pilih punika pikajengipun piyambak.

Lut sampun milih punapa ingkang dipun anggep paling sae. Nginten kalih pilihanipun wau piyambakipun langkung berhasil, nanging ing mangkih ing akhiripun Lut badhe sangsara karana pilihanipun wau. Lut ugi langkung nguber kesugihan dunya sanes pisugihan suwargi....menawi kita piyambak kadospundi? Punapa ingkang kita oyak, pisugihan dunya punapa kesugihan surgawi? Tiyang engkang wicaksana badhe milih nindakaken pikajengipun Allah, awit kados ingkang kaserat wonten kitab suci, punapa gunanipun tiyang gadahi sedaya pisugihan dunya wau, nanging kecalan

nyawanipun? Ing ayat sanesipun ugi ngajaraken supados kita ampun ngantos ngoyak perkawis-perkawis duniawi, karena dunya saha sedaya ingkang wonten ing lebetipun badhe ical, nanging tiyang engkang nindakaken pikajeng Allah badhe gesang selaminya.

Sakpunika kita badhe sinau tokoh utama carios kita Ibrahim. Ibrahim ing imanipun milih terus nderek Sabda Allah saha masrahaken sedayanipun wonten astanipun Allah; keberhasilanipun, masa depanipun...pokokipun sedaya...saksampunipun Lut milih tanah Sodom engkang ketinggal kados suwargi wau, Allah ngendikan dateng Ibrahim, "*Ibrahim, ngadega, ndelenga mengalor lan , mengidul, mengetan lan mengulon. Tanah sing kokdeleng kuwi kabeh bakal Dakparingake marang kowe lan turunmu, sarta bakal dadi duweke turunmu ing selawas-lawase. Turunmu bakal Dakgawe akeh banget, nganti ora kena dietung, awit kaanane kaya dene lebuning bumi. Saiki lungaa, tanah iki dlajahana sepira dawa lan ambane, awit tanah iki bakal Dakparingake marang kowe.*" Dados mekaten wau gesang Ibrahim.....manggen wonten kemah lan pindah saking panggenan setunggal tumuju panggenen sanesipun.

Nanging wonten setunggal masalah ageng, bilih ngantos nyuswa sepuhipun, Ibrahim lan Sara dereng ugi nggadahi anak. Malah sampun mboten mungkin malih kangge Sara sisihanipun Ibrahim nglahiraken anak kangge Ibrahim. Nanging anehipun, Allah terus njanjikaken bilih Ibrahim badhe nggadahi keturunan, mboten namung setunggal....nanging mekaten kathahipun ngantos mboten saged dietung dening manungsa. Menawi punika kedadosan ing kita, kula nyakin mesti ngraguaken janji Allah wau. Kadospundi kalih Ibrahim piyambak?

Punapa Ibrahim panggah pitados bilih Allah badhe nggenepi Janjinipun? Mekaten ngendikanipun Kitab Suci, "Ibrahim ngandel yen pangandikane Allah mau bakal kelakon. Merga saka pangandele mau Ibrahim kapetung wong sing bener ana ing ngarsane Gusti Allah lan kasebut sakabate Allah. Luar biasa njih? Allah njanjaken perkawis ingkang miturut manungsa mokal dumados....nanging kadospundi tanggapanipun Ibrahim? Piyambakipun pitados, lan punapa akibatipun? Allah ngetung Ibrahim dados tiyang leres.

Mekaten luar biasa, Ibrahim kapetung dados tiyang leres, mboten karena tumindakipun.....sebab sami kados manungsa sanesipun, Ibrahim ugi nindakaken kalepatan, piyambakipun ugi dosa...Ibrahim diperhitngaken dados tiyang leres karena imanipun, karena Ibrahim pitados punapa ingkang GUsti sabdaaken. Keleresan ingkang ditampi Ibrahim saking ngarsanipun Allah, karena piyambakipun ngamini lan sarujuk pangandikanipun Gusti Allah. Wekdal Allah janji, Ibrahim canten.....njih punika leres. Kula pitados sabda Penjenengan.....punika artosipun tembung "amin" ingkang kita ngandikaken.

Punika engkang perlu kita dereki. Kita kedhah pitados dumateng Allah sami kados Ibrahim pitados dateng Allah. Kita kedhah pitados bilih Gusti sanggup damel mukjizat. Punapa ingkang mustahil kangge manungsa, mboten mustahil kangge Allah menawi kita ugi kepingin ndadosaken renaming penggalhipun Gusti kados engkang dumados ing Ibrahim, pramili punika mawon engkang kedah kita tindakaken, pitados Sabdanipun. Karana kalih pitados dateng sabda Allah, Allah badhe mbungkus kita kalih Kaleresanipun ingkang sampurna. Selain punika, pangandikanipun kitab suci, mboten mungkin wonten tiyang ingkang saged ngremenaken manahipun Gusti menawi mboten nggadahi iman. Pada dasaripun sedherek kula, kita punika dipun selametaken dening iman dumateng Allah, sanes awit tumindak sae ingkang kita damel.

Pitaken engkang kedhah kita renungaken ing pungkasan njihpunika punapa kita tergolong umat ingkang pitados dumateng Allah? Mboten pitados kados Allah punika wonten, Allah punika setunggal...sanes, karana menawi namung pitados ingkang kados wau. Kitab suci ngajaraken bilih setan-setan ugi pitados lan piyambakipun gemeter. Pitados ingkang ditangkletaken ing mriki njihpunika punapa kita kita pitados sabda Allah lan punapa kita taat? Kita kedhah naati sabda Allah karana punika engkang dipun kersaaken. Lan kados Ibrahim, kapitadosan kita dateng Sabdanipun ugi badhe diuji. Punapa kita wanton milih nindakaken pikajeng Allah.....engkang seringkali mekaten awrat...misalipun kados Ibrahim engkang kedhah ninggalaken negeri saha keluarganipun. Nanging ampun pernah ragu sedherek kula...awit pilihan Ibrahim wau engkang damelaken piyambakipun dimulyaaken dening Gusti piyambak saha disebut Sakabat Allah. Lan menawi kita milih nindakaken pikajeng Allah karana kita pitados dumateng Sabdanipun, Pramila kados Ibrahim, kita ugi badhe dikebaki kalih kaleresan Allah engkang sampurna.

Pramila, wekdal ing mangkih kita pepisahan....sumongga dipun renungaken ayat kitab suci ingkang nyariosaken Ibrahim pitados Allah lan punika dieting dados keleresan kangge piyambakipun. Wonten kesempatan saklajengipun mangkih, kita taksih sinau perkawis Ibrahim manungsa biasa, engkang kathah kelemahanipun nanging karana imanipun dados tiyang engkang disebut Sakabat Allah.

Sedherek kula, ngantos ing mriki rumiyin pepanggihan kita dinten punika. Menawi penjenengan wonten pitajenan babagan punapa engkang sampun penjenengan pireng dinten sakmangkih, ampun ragu kintun serat dumateng kawula ing program Margining Karahayun ugi saged ngubungi kawula ing no 081333777386. Sugeng pinanggihan malih.....nuwun.....

Margining Karahayun

Pelajaran 20

Ibrahim Lan Ismail

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Sampun sawetawis wekdal ing pelajaran kita sampun mulai rerembagan perkawis Ibrahim lan dinten menika kita taksih tetep badhe nyinauni kisah saking nabi Ibrahim wau njihpunika babagan wonten punapa Gusti Allah ngribah naminipun Abram dados Ibrahim. Bagian pertama saking kisah punika perkawis kisah sedih, awit Ibrahim nindakaken perkawis ingkang mboten ngremenaken Allah. Kalepatan engkang dugiaken kesedihan wau njihpunika sikap mboten-sabaripun.

Mulai kita sinau babagan nabi Ibrahim punika, kita mangertos bilih Allah ngendikan dateng piyambakipun lan janji babagan perkawis-perkawis ageng engkang badhe dumados dateng Ibrahim saha keturunanipun. Sedaya janji Allah wau wonten hubunganipun kalih anak Ibrahim.....nanging kasunyatanipun.....ngantos Ibrahim lan Sara sepuh mboten gadah anak..Pramila dinten sakmangkih kita badhe sesarengan mindangetaken kisah usahanipun Ibrahim supados janji Allah wau dumados.

Sedherek kulo sami.....kita kedhah mangertos bilih Ibrahim punika manungsa biasa kados kita, dados nabi mboten berarti terlepas saking ketidaksempurnaan, mboten nindakaken kalepatan. Kitab suci ngendikan, mboten wonten manungsa ingkang sampurna lan mboten dosa.....nanging ketidaksempurnaan punika justru ndadosaken kita engkang gesang sakmangkih, engkang mboten nabi punika gadah harapan.....bilih panci Allah punika Maha Pemurah saha Penjenenganipun sagah paring kelepasan.

Wangsul malih dateng Ibrahim..saksampunipun nenggo lan nenggo....nanging anak engkang dados kunci kangge janji-janji Allah mboten dumugi ugi, Ibrahim mulai mboten sabar. Dipun emut sedherek,

piyambakipun dados mboten sabar....mboten dados mboten pitados! Akibat mboten sabar punika, badhe dados masalah engkang timbul ing dinten wingkingipun.

Lajeng punapa engkang ditindakaken Ibrahim? Ibrahim lan sisihanipun berusaha “nulung” Allah nggenepi Janjinipun dateng Ibrahim. Wonten Al-Taurat dicariosaken kados mekaten; Sarai sampun sepuh lan sampun mboten mungkin piyambakipun saged gadah anak....sanajan Ibrahim taksih saged kangge paring setunggaling anak. Karana wau, Sara wicanten dateng Ibrahim supados tilem kalian budakipun wedok, Hagar tiyang Mesir. Supados menawi mangkih Hagar gadah anak, anak punika badhe dipendhet dados anak Sara....saengga Ibrahim lan Sara gadah keturunan. Ibrahim ugi setuju kalih usulipun Sara wau.....dan dumados.....Ibrahim tilem kalian budakipun Sara wau, lajeng Hagar ngandeg..

Kinten-kinten.....punika kinten-kinten....punapa wonten tiyang setri kados Sara wau? Punapa wonten tiyang setri engkang ngengken bojonipun tilem kalih tiyang wadon sanes?...niki mawon sampun lepat....Lajeng pundi pembantu engkang mboten umuk wekdal mangertos nyonyanipun mandul, menawi piyambakipun saged ngandeg anak saking bojo nyonyaipun? Lan punapa engkang kedadosan saklajengipun, Hagar mulai petingkah kados sisihanipun Ibrahim.....tentu mawon Sarah sanget nesu, uring-uringan.....masalah mboten? Ananging masalahipun langkung parah malih.....awit Sara nyalahaken Ibrahim kalih sedaya engkang dumados.....padahal wau usulipun piyambak.....dados sampun saking wiwiitan punika kesalahan, lan temtu mawon masalah mboten tambah sae...malah tambah kacau. Ibrahim mboten mangertos kedhah tumindak punapa, dados piyambakipun ngijinaken Sara tumindak sakajengipun dateng Hagar.....lan karana ageng dukanipun, Sara tumindak kejem dateng Hagar.....ngantos pungkasanipun Hagar kesah saking Sara.

Sedherek pamireng, cobu dipun gatosaken, bilih mulai Ibrahim saha Sara usaha piyambak kangge nampi janjinipun Gusti.....gesangipun dikebaki kalih kanesun, iri, kepahitan, dendam lan penderitaan. Tiyang kalih wau ngalami raos wau, awit sanes kados mekaten rencana Gusti saged dumados, mboten Ibrahim mboten ugi kita. Allah punika setiya sedherekurusan kita mboten damel janjinipun Gusti dumados ing gesang kita, ananging engkang kedhah kita damel njihpunika sabar saha pasrah dateng Penjenenganipun, sawetawis Allah makarya ing Marginipun piyambak, Marginipun engkang sampurna saha leres.

Wekdal Harga mlajar, piyambakipun mbeta Ismail. Ing tengah padang pasir, malaikate Gusti ngetingal dateng Hagar. Penjenenganipun ngendikan dateng Hagar saha mindangetaken sedaya pasabatanipun Hagar perkawis Sara. Lajeng malaikat wau ngengken Hagar wangsul teng Sara lan ngandapaken awakipun. Malaikat wau ugi nyampaiaken janji Allah dateng Hagar, njihpunika bilih keturunan saking anak jaler engkang dipun bobot, badhe dados bangsa engkang ageng ugi, engkang

jumlahipun mboten saged dietung. Anak wau kedah diparingi nami Ismail engkang artosipun “Allah mindanget”, karena wekdal Hagar nangis Allah mindanget tangisanipun. Allah ugi paring ngertos Hagar bilih Ismail wau badhe tumindak liar lan tetukaran kalih sedaya tiyang terutami sedherek-sedherekipun.

Dados Hagar lajeng wangsul malih dateng Sara nyonyanipun.....lan nglahiraken Ismail. Ibrahim sampun nyuswa 86 taun wekdal Ismail lahir. Sanajan mekaten, Ismail sanes anak engkang badhe didadosaken Allah alat kangge nggenepi rencananipun. Allah mboten nate keseso, dados saksampunipun Ismaili lahir, salami 13 taun Allah mboten ngendikan malih kalih Ibrahim.

Akhiripun wekdal Ibrahim nyuswa 99 taun, Allah ngetingal dateng piyambakipun. Wonten wekdal wau, Gusti wangsul malih negasaken janji kalih Ibrahim njihpunika ndadosaken Ibrahim mbahbuyut saking setunggal bangsa engkang ageng.

Cekap semanten rumiyin sedherek, pepanggihan kita ing dinten punika. Menawi penjenengan gadah pitaken perkawis punapa engkang sampun penjenengan pireng dinten punika, ampun ragu kangge kintun serat dateng kawula ing program **Marging Karahayun. Ugi saged ngubungi kawula ing no 081333777386. Nuwun.**

Margining Karahayun

Pelajaran 21

Karisakanipun Sodom Saha Kelahiranipun Ishak

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci engkang sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Sampun pinten-pinten dinten punika kita nyinauni cariosipun Ibrahim. Milai piyambakipun tinimbangan Gusti supados ninggalaken kampungipun karena Gusti gadhahi rencana ageng kangge piyambakipun. Saking carios Lot, kita mangertos bilih mboten sedaya engkang sae miturut paningal kita berarti sampun cocok kalih rencananipun Gusti. Awit pilihan Lut kabuktin sanes pikajengipun Gusti. Saksampunipun carios Lot, kita ugi sampun sinau bilih sanes urusan kita paring pitulung dateng Gusti nggenepi Janjinipun kados engkang dipun damel Ibrahim saha Sarai. Usaha kangge nampi keturunan akhiripun dadosaken kesisahan engkang mboten wonten pungkasanipun saha damel masalah enggal. Ismail sanes anak engkang dijanjaken Gusti, ananging piyambakipun lan keturunanipun badhe diberkahi Gusti. Kadospundi mawon kita ugi kedah ningali bilih Ibrahim manungsa biasa engkang saged damel kalepatan. Nglangkungi kalepatanipun, kita malah saged ningali kadospundi mulyanipun pikajengan engkang kita tampi wonten Gusti. Punika engkang badhe kita temokaken wekdal kita nyinauni carios para nabi, bilih mboten wonten setunggal tiyang mawon nampi perkenanan Allah kanti usahanipun piyambak.

Sedherek kula, dinten sakmangkih kita badhe mireng carios nabi Ibrahim malih..... Carios engkang ngeramaken. Carios pinuka dimilai kalih rawhipun 3 tamu ing panggenan Ibrahim kemah wekdal siang. Para tamu wau sanes tamu biasa karena kalih tiyang saking tamu wau malaikate Allah lan ingkang setunggal punika Allah piyambak. Mungkin penjenengan gadah pitaken kadospundi saged Ibrahim kepanggih Allah engkang awujud manungsa...Sedherek ampun kesupen bilih Allah Maha Kuwaos saha saged tumindak punapa mawon, kecuali perkawis engkang mboten suci. Dados

awujud manungsa punapa mokal kagem Allah? Mesti mboten. Wekdal wau Ibrahim nembe lelenggahan ing ngajeng kemah, wekdal ningali 3 tiyang wau piyambakipun langsung mangertos sinten engkang rawuh. Ibrahim mlajeng nyelaki, lajeng sujud saha nyuwun para tamu pinarak ing panggenanipun. Wicantenipun, *“Menawi dhangsan ing penggalih, sumonggo kula aturi pinarak, mangkih kula segah sakwontenipun.”* 3 tiyang wau setuju, dados Ibrahim lajeng mbeto para tamu wau dateng kemahipun kangge ngaso lan paring pisegahan.

Lajeng wekdal dhahar, para tamu wau ngendikan dateng Ibrahim bilih tahun ngajeng badhe rawuh malih kangge ningali Ibrahim saha ing wekdal mangkih Sara sampun badhe gadhah anak jaler. Wekdal Sarai midanget pangandikanipun para tamu, piyambakipun gumujeng. Sara mangertos bilih piyambakipun mboten malih saged nglahiraken anak awit sampun sepuh, sampun 90 taun lan Ibrahim 99 taun. Sarai mboten pitados kalih pangandikanipun para tamu. Allah mangertos punapa engkang dipun pikiraken Sara lajeng ngendikan dateng Ibrahim, *“Yagene Sarah kokngguyu, lan muni ing batin, “Apa ya temenan aku bakal duwe anak?” Sara ajrih lajeng ngapusi kanti matur “kula mboten gumejeng” Ananging Gusti ngendikan, “Ya, kowe wis ngguyu.”*

Lajeng Allah ngendikan dateng Ibrahim, alasan sanes Penjenenganipun rawuh. *“Aku krungu pesambat tumrap kutha Sodom lan Gomora, merga dosane gedhe banget. Aku arep mrana nyatakake apa pasambat mau bener mengkono.”* Kados kebiasaan kita menawi wonten tamu saking tebih, kita badhe ngeteraken wekdal sakderengipun pepisahan. Mekaten ugi Ibrahim, piyambakipun mlampah sareng para tamunipun.....kalih malaikat langsung kesah tumuju kutha Sodom Gomora....nanging Gusti saha Ibrahim taksih mlampah sesarengan kalih sami pangandikan.

Ibrahim mangertos bilih Allah badhe ngukum kutha Sodom lan Gomora karena kejahatan lan dosa pendudukipun, ananging piyambakipun ugi mangertos wonten tiyang leres engkang manggen wonten kutha wau.....punapa sedherek emut bilih keponakanipun Ibrahim Lot manggen ing kutha Sodom? Dados kalih lumampah Ibrahim tangklet dateng Gusti, *“Punapa Gusti inggih badhe numpes tiyang mursid sareng kaliyan tiyang duraka?” kadospundi menawi wonten 50 tiyang mursid ing mrika, punapa Penjenengan mboten milujengaken negari menika krana tiyang mursid 50 wau? Pangandikanipun Gusti, “Yen ing kutha Sodom ana wong mursid 50 wae, mesti Dakeman krana wong-wong mau.” Ananging Ibrahim mboten mangertos persis ing mrika wonten pinten tiyang leres, lajeng piyambakipun tangklet malih....kadospundi menawi 45, Pangandikanipun, “Menawa ing kana ana wong 45 wae kang mursid, kutha iku mesti ora Daktumpes.” Sedherek Ibrahim mekaten wanton tangklet mekaten dateng Gusti ngantos 30, 20 lan 10. Gusti gendikan mboten badhe numpes kutha wau karena 10 tiyang mursid. Saksampunipun sami pepisahan, Allah tindak dateng Sodom lan Ibrahim wangsul wonten panggenanipun.*

Wekdal sonten 2 malaikat dumugi ing kutha Sodom, lan Lut nembe pinarakan ing lawang gapura kutha Sodom. Wekdal ningali 2 tiyang wau, Lut sujud paring salam, saha nyuwun supados pinarak ing dalemipun. Wiwitanipun 2 malaikat wau mboten purun mampir, lan badhe nginep ing lapangan mawon. ananging Lut meksa supados nyipeng ing griyanipun.

Wekdal dalu, saksampunipun sami dhahar, dumugi sedaya tiyang jaler, enem sepuh ing kutha wau wonten griya Lut lan bengak-bengok, “Endi wonge sing padha nginep ing omahmu kene. Wetokno arep dakturoni.” Sakestu ngeri dosa tiyang kutha Sodom, lan punika sebabipun Gusti badhe numpes kutha punika. Lut medal saha wicanten, “ *Sedherek, sampunta nglampahi ingkang nista mekaten. Para tamu kawula ampun ngantos dipun ganggu, margi sampun nginep ing pondok kula.*” Malah karena ajrihipun Lut canten dateng tiyang-tiyang wau mundhut anak wadonipun gantos para tamunipun.

Wicantenipun Lut mboten dados tiyang-tiyang sadar, ananging malah samsaya nesu lajeng nyerang Lut. Wekdal kahanan mboten sae, kalih malaikat wau narik Lut lumebet griya lan dados sedaya tiyang ing njawi wuta, saengga mboten saged ngertos lawang. Lajeng malaikat wau ngengken Lut saha keluarganipun medal saking kutha dalu punika ugi. Wekdal sampun meh enjang, Malaikat meksa Lut enggal kesah kalih keluarganipun, awit menawi mboten piyambakipun ugi badhe tumpes sesarengan penduduk Sodom. Wekdal Lut alon-alon, malaikat-malaikat kala wau nyepeng astanipun lan mbekta medal Lut kalih keluarganipun ing pinggiring kutha lan ngengken enggal mlajar sakbanter-banteripun ninggalaken kutha, mboten angsal mengo teng mburi saha mandeg. Saksampunipun mlajar tebih, Gusti ngandapaken jawah latu saking langit, latu wau ngobong kutha Sodom. Sedaya pejah gosong ing latu engkang saking langit. Nanging sayangipun, wekdal mlajar ninggalaken kutha, setri Lut mengo teng wingking lan akibatipun ewah dados patung sarem, nanging Lut saha kalih anak wedokipun wilujeng.

Wekdal enjang nalika Ibrahim wangsul malih wonten panggen an wekdalpepisahan kaliyan Gusti, piyambakipun ningali saking tebih beluk minggah ing angkasa...saking arah Sodom saha Gomora. Piyambakipun mesti badhe ngaturaken panuwun dateng Gusti menawi wekdal wau mangertos bilih Lut wilujeng.....nanging sedherek....punika engkang perlu kita emut....Lut wilujeng karena panyuwunanipun Ibrahim dateng Allah, sami kados Allah mireng pandonga Ibrahim kangge kawilujengan tiyang pitados ing Sodom. Allah mireng saha ngormati pandonga kita kangge sanak keluarga lan rencang kita. Allah mboten nate ngersakaken numpes manungsa, nanging dosa engkang nguwaosi manungsa mekaten yiksa GUsti Engkang Maha Suci, Allah mboten saged nampi dosa wonten Ngarsanipun.

Dados sedherek, saking peristiwa Sodom Gomora punika kita saged sinau bilih ndherek hawa nefsu dosa sanes perkawis engkang wicaksana ananging malah ngundang kabinasan. Gusti pirsa bilih manungsa mokal saged ninggalaken sifat dosa karena pikajengan piyambak.....punika sebabipun Allah sampun nyawisaken margining karahayun supades manungsa saged owal saking dosa engkang nguwaosi pigesanganipun. Punika maksud pangandikanipun Nabi Isa, wekdal Penjenenganipun ngendikan, "*kowe kudu dilahirke maneh.*" Engkang dipun maksud kelahiran secara rohani, kelahiran engkang dumados wonten roh kita karena kuwaos Allah Engkang Maha Kuwaos. Namung nglakungi mergi wau, roh kita dilahiraken malih, saengga kita kagungan kuwaos nglawan dosa.

Ing pungkasan pinanggihan punika, kita badhe ningali malih ing lebet Al-Taurat kadospundi Allah nggenepi janjinipun dateng Ibrahim, paring putra dateng Ibrahim. Dumados kados engkang digandikakaken malaikat, Sara ngandeg lan nglahiraken anak jaler engkang diparingi nami Ishak. Ishak artosipun gumujeng karena kelahiranipun dados gumbira wonten ing keluarga saha para sedherek. Umur 8 dinten Ishak disunat kados engkang diparintahaken dening Allah. Sedherek, punika mukjizat... wekdal Ibrahim nyuswa 100 taun lan Sara 90 taun, nanging punika mboten ngalangi Allah nindakaken punapa engkang Penjenenganipun janjikaken dateng Ibrahim lan Sara. Allah punika setya.

Mboten sedaya tiyang remen kalih kelahiranipun Ishak. Wekdal Ibrahim nembe damel pesta, Hagar pembantunipun Sara ibu Ismail ngina Ishak...lan Sara mangertos. Akibatipun Sara nuntut supados Ibrahim ngusir Hagar saha Ismail kesah. Mestiniipun panyuwunan Sara awrat kangge Ibrahim. Nanging Allah ngendikan dateng Ibrahim, bilih Hagar saha Ismail panci kedah kesah, karena namung keturunan saking Ishak engkang dados pewaris janji-janjinipun Allah dateng Ibrahim. Ananging Ismail ugi badhe diberkahi Gusti, awit piyambakipun keturunan Ibrahim....dados akhiripun Ibrahim setuju lajeng ngengken Hagar lan Ismail kesah. Wonten Taurat dicariosaken bilih Ismail manggen ing padang pasir, piyambakipun nikah kalih tiyang Mesir lajeng dados mbahbuyut bangsa Arab. Ananging Ishak dados mbahbuyut tiyang Yahudi. Keturunan Ishak saha Ismail saklajengipun mengsahan ngantos dinten sakmangkih. Nanging Gusti sejatosipun mboten mbedakaken antawis Ismail saha ishak, Allah ntresnani sedayanipun lan ngajengaken sae Ishak utawi Ismail saha keturunanipun saged ndherek margining karahayun engkang dicawisaken.

Sakpunika wekdalipun kita pepisahan, ananging sedherek emut bilih Penjenenganipun engkang maha leres ,Allah engkang gesang saha leres punika Allah engkang setya. Allah mboten nate nyupekaken punapa engkang dingandikakaken. Ngantos ing mriki sedherek pepanggihan kita.....isnya Allah pepanggihan ngajeng kita badhe sinau peristiwa penting ing gesangipun Ibrahim, njihpunika

carios Ibrahim ngorbanaken anakipun. Menawi sedherek wonten pitakenan perkawis dinten punika, saged ngubungi kula ing nomer 081333777386. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 22

Pengorbanan Ibrahim

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci engkang sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Wonten pepanggihan sakderengipun, kita sampun sinau pigesangan nabi Ibrahim. Sakmangkih kita dumugi ing pelajaran penting saking pigesangan Ibrahim; carios sejatos perkawis pangorbanipun Ibrahim, peristiwa engkang dirayakaken saben taun wonten perayaan Idul Adha.

Allah paring putra dateng Ibrahim lan Sara ing wekdal sepuhipun, persis kados engkang dijanjaken Allah kangge piyambakipun mataun-taun. Ishak naminipun. Allah janji dateng Ibrahim bilih nglangkungi Ishak badhe wonten setunggaling bangsa engkang enggal, ing pundi nglangkungi bangsa wau, sedaya bangsa nampi berkah. Kita ugi sampun sinau, carios Hagar saha Ismail kedah kesah ninggalaken keluarga wau lan manggen wonten Mesir. Dados namung Ishak engkang manggen kalih Ibrahim, anak engkang lahir awit janji Allah. Setunggaling dinten Allah nyuwun Ibrahim nindakaken perkawis engkang angel saha dados sedih ing manahipun. Klsah wau kaserat ing Taurat mekaten, *“Sakwise lelakon kuwi mau Gusti Allah nuli ndadar precayane Ibrahim, pangandikane “Ibrahim!” Unjuke Ibrahim, “Kawula Gusti!” Dhawuhe Gusti, “Ngajaka Ishak, anakmu ontang-anting sing koktresnani, menyang tanah Moria. Ana ing kana anakmu gawenen kurban ing gunung kang bakal Daktuduhake marang kowe.”* Oh mboten! Kadospundi mungkin Allah nyuwun perkawis mekaten wau. Ibrahim nengga 25 taun kangge nampi Ishak, ananging sakmenika Allah nyuwun ngurbanaken anak wau. Kadospundi saged? Wonten kawontenan mekaten, punapa sedherek badhe mbantah Gusti? Punapa penjenengan badhe nolak dawuhipun Allah lajeng berontak? Lajeng kadospundi kalih Ibrahim piyambak? Punika engkang kaserat ing kitab suci;

“Esuke umun-umun Ibrahim banjur nglapaki kuldine, ngajak abdi loro lan anake, Ishak, karo nggawa kayu sing wis disigari, sing arep kanggo saos kurban obongan. Banjur padha budhal mlaku menyang panggonan sing didhawuhake dening Gusti Allah.”

Sedherek, cobu gatosaken, Ibrahim naati Gusti. Antawis 3 dinten sami mlampah lan mlampah, engkang pungkasanipun celak kalih panggonan kangge ngorbanaken Ishak. Manah Ibrahim mesti sedih, awit panyuwunanipun Gusti menika awrat lan merihaken manah. Kita engkang mindanget carios punika, mangertos bilih Gusti nembe ndadar iman Ibrahim, nanging Ibrahim piyambak mboten mangertos punapa-napa.

Mesti sedherek saget mbayangaken kados punapa kawontenanipun engkang dumados, mekaten pangandikanipun Kitab Suci, *“Ing telung dinane Ibrahim weruh panggonan mau saka kadohan. Nuli kandha karo abdi-abdine “Kowe ker’ a ana ing kene karo kuldine. Aku karo Ishak dakterus mrana saos kurban marang Allah, yen wis rampung aku dakbali mreng maneh.”*

Kayu sing arep kanggo saos kurban dikon minggul Ishak. Ibrahim dhewe nggawa geni lan lading. Nalika lagi padha mlaku bareng, Ishak matur, “Pak”. Wangsulane Ibrahim, “Apa ngger?” Pitakone Ishak, “Latu lan kajengipun sampun wonten, nanging cempe ingkang badhe kadamel kurban pundi?” Wansulane Ibrahim, “Allah piyambak sing bakal maringi.” Sekarone banjur nerusake lakune.

Satekane panggonan sing dingandikakake dening Gusti Allah, Ibrahim banjur gawe Mesbah lan nata kayune. Ishak banjur dibanda, ditumpangake ing sakndhuwure kayu ing Mesbah. Nuli njupuk lading, arep dienggo nyembeleh anake . Ananging malaikate Pangeran nimbali, “Ibrahim...Ibrahim.” Kula Gusti,” Pangandikanipun, “Bocah kuwi aja koktatoni, aja kokkapak-kapake. Saiki Aku ngerti yen kowe bekti lan manut marang sadhawuhe Allah, nganti ora ngeman anakmu ontang-anting kapundhut kadadekake kurban.” Ibrahim noleh ngiwa nengen, weruh ana wedhus gembel lanang sungune kecanthol ing grumbul. Wedhus mau banjur dijupuk lan digawe saos kurban, lirune anake. Ibrahim njenengake panggonan mau, “Allah nyawisi.” Tekan seprene ana unen-unen; “Gusti Allah wis nyawisi ana ing gununge.”

Carios punika sanget penting saha perlu penjelasan awit carios perkawis kurban pisungsung Ibrahim punika nggadahi 3 sisi, sisi sejarah, sisi simbolis saha sisi nubuatan. Artosipun, kangge mangertosi pangurbanipun Ibrahim, kita kedah mangertos 3 perkawis; 1) Punapa engkang sakleresipun dumados. 2) Punapa makna wonten pengurbanan wau. 3) Punapa engkang nembe dinubuataken Ibrahim babagan kedadosan engkang badhe dumados ing wekdal saklajengipun.

Gegandengan kalih sejarah, punapa engkang kita waos dinten sakmangkih, njihpunika perkawis ujian Allah dateng iman Ibrahim saha perkawis uculipun Ishak didadosaken kurban awit panggonanipun

digantos dening wedhus gembel. Peristiwa punika dumados 4000 taun kepengker ing panggenan engkang sakmangkih disebut Yerusalem saha dirayakaken dening tiyang-tiyang muslim, Kristen lan Yahudi.

Saking sisi penggambaran utawi simbolisasi carios menika, Sabda Allah nembe ngendikan dateng kita bilih kita sedaya kados anak Ibrahim, lan hakim engkang agung wau, sampun mutusaken bilih Ishak kedah pejah. Ananging hakim agung wau njihpunika Allah engkang Ar-Rahman, Ar-Rahim, Penjenenganipun nylametaken Ishak saking kematian. Kados kawontenan kita ugi tiyang engkang kedah kaukum pejah, karena tumindakipun Allah ugi kita gadah kesempatan kangge wilujeng saking paukuman pejah. Lajeng punapa margining kawilujengan wau? Saking carios Ibrahim punika, kita sinau bilih margi kawilujengan Allah njihpunika margi korban engkang sampurna.

Punapa sedherek emut, bilih Allah sampun nentukaken setunggal cara penebusan wekdal Adam saha Hawa dosa? Leres.....kedah wonten rah engkang mancur...rah saking kewan engkang mboten cacat. Kewan wau kedah disembelih, lajeng diobong dados korban obongan kagem Allah. Dinten sakmangkih kita diemutaken malih perkawis wau, wekdal GUsti nyawisaken kurban (wedhus gembel) gantos Ishak. Ananging kita kedah emut ugi punapa engkang dingandikakaken Kitab Suci perkawis kurban kewan.." wau nggambaraken saking punapa engkang badhe rawuh, bayangan saking perkawis-perkawis sae engkang badhe rawuh sanes kasunyatan wau piyambak. Karena mokal rah kewan saged ngapus dosanipun manungsa.

Dados gambaran saking kurban Ibrahim punika perkawis kurban ageng saha sampurna dibandingaken kewan, penebus engkang suci. Kalih tembung sanes, kurban Ibrahim punika gambaran saking sang penebus engkang Allah janjiaken badhe kautus ing dunya mbebasaken manungsa engkang dosa saking penghakiman Allah.

Kita sampun rerembagan 2 perkawis, sakpunika engkang kaping 3 njihpunika sisi nubuatanipun. Sedherek emut wekdal Ibrahim lan Ishak minggah gunung, Ibrahim njawab anakipun; "*Allah dewe sing nyawisake wedhus gembel kanggo kurban.*" Malah saksampunipun Ibrahim mantun nyembelih wedhus gembel gantos Ishak saha diobong, piyambakipun nyebat panggenan wau; "*Allah nyawisi.*" Malah, nabi Musa engkang nyerat Kitab Taurat negesaken, "*nganti dina iki, panggonan iku disebut, "Ana gununge Allah, iku arep dicawiske.*" Wonten punapa Ibrahim canten badhe dicawisaken? Punapa mboten sakmestnipun saksampunipun misungsungaken kurban wedhus gantos Ishak, Ibrahim wicanten; "*Syukur nang Pangeran, sing wis nyawisake wedhus kurban? Sedherek, punika pitakenan engkang penting, karena jawaban kangge pitaken wau ngemot Kabar Sae saking Sabdanipun Gusti engkang kedah kita mangertosi lan kita pitadosi.*"

Ibrahim nyebat nami panggenan wau **Allah badhe nyawisaken**, karena wekdal wau Ibrahim nembe martosaken kedadosan engkang badhe dumados, persis ing panggenan engkang sami, ing pundi setunggaling wedhus gimbal sampun nggantosaken anakipun. Artosipun wekdal Ibrahim ngendikan: *“Aku ngluhurke Allah, karena Penjenengane wis nyawisake wedhus gimbal kanggo ganti anakku ing duwure mezbah. Nanging dina iki uga aku ngomong, yen ing sijining dina mengko ing dhuwur gunung iki, Allah arep nyawisake kurban sing liya.”* Punika kabar sae engkang badhe rawuh saking Gusti saha dicantenaken Ibrahim kangge sedaya tiyang, sebab punapa engkang dicantenaken Ibrahim punika, penggenapan janji Allah perkawis penebus agung engkang badhe mbebasaken manungsa saking paukuman dosa.

Sakderengipun kita nyimpulaken carios saking kurban Ibrahim punika, saben pamireng kedhah mangertos bilih antawis 2000 taun saksampunipun Ibrahim nyantenaken nubuat perkawis penebus agung wau, Allah leres-leres nggenepi Janjinipun. Sedherek engkang mangertos Injil, mesti mangertos carios Isa Almasih, Sedherek mesti mangertos Isa Almasih lahir saking perawan keturunanipun Ibrahim, persis kalih janjinipun Allah. Penjenenganipun mboten dosa, Penjenenganipun Suci, punika sebabipun Isa Almasih pantes seda kados wedhus gembel engkang mboten cacat saha dados kurban engkang sampurna, gantos sedaya kalepatan/dosa sedaya keturunan Adam.

Sakmenika kita badhe maos kadospundi setunggaling tiyang nabi engkang naminipun Yahya, diutus Allah kangge nyiapaken margi sakderengipun Isa Almasih rawuh. Ing setunggaling dinten Yahya ningali Isa rawuh murugi piyambakipun. *Yahya nuli ngendika: “Delengan, kuwi cempening Allah sing nebus dosane jagad.”* Wonten punapa Yahya nyebat Isa Cempening Allah? Sedherek, punika karena Isa lahir kangge mancuraken Rahipun dados kurban engkang nebus dosa manungsa. Kados cempe engkang pejah nggantosaken anakipun Ibrahim, Isa Almasih rawuh seda kangge sedaya keturunan Adam. Isa punika kurban sampurna saha engkang pungkasan kados engkang dicantenaken Ibrahim wekdal piyambakipun canten, *“Allah dewe sing nyawisake kurban kanggo dipingsungungake.”*

Sedherek, wonten pundi Isa seda dados kurban? Persis ing panggenan Ibrahim misungsungaken cempe engkang diparingaken dening Allah gantos Ishak anakipun. Ing pundi panggenan pangurbanan wau?....Njih....leres....Yerusalem.

Sedherek, sinten mawon sampeyan, ing pundi mawon sampeyan, wekdal sakamngkih Allah ngundang sedherek ninggalaken margi sampeyan engkang bejat saha manggenanken pangajeng-ajeng sampeyan wonten margi engkang lurus, margining kawilujengan engkang Penjenenganipun cawisaken. Dinten punika kita saged ningali kadospundi senengipun Ibrahim saha Ishak, mangertosi bilih Allah sampun nyawisaken cempe supados dikurbanaken. Kurban penggantos engkang damel

Ishak gesang. Kadospundi kalih sedherek? Punapa sedherek purun nampi kurban penggantos engkang sampun Gusti cawisaken kangge penjenengan?

Kawula remen, awit penjenengan kalih kawula mirengaken siaran punika... Gusti paring berkah...mugi punika dados renungan wekdal kita pepisahan, *"Allah dewe sing nyawisake cempe...ing dhuwuring gunung Allah arep nyawisake."* Dumugi ing mriki kita kedah pepisahan rumiyin, menawi penjenengan wonten pitakenan, saged ngubungi kawula ing no 081333777386. Nuwun..

Margining Karahayun

Pelajaran 23

Carios Kalih Sedherek Esau lan Yakub

Engkang sawetara saha Engkang Langgeng

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Wonten pepanggihan engkang pungkasan, kita sinau perkawis kurban Ibrahim. Kitab Injil nyimpulaken mekaten, *“Merga saka precaya Ibrahim ngurbanake kang putra Ishak. Nalika piyambake kadadar dening Gusti Allah. Sanajan Allah sampun ngendika, “Tedhak turune Ishak kang bakal dadi turunmu kang ora iso dietung.” Ibrahim pitados bilih Allah saged nangikaken tiyang pejah lan menawi damel kiasan, Ibrahim panci angsal Ishak wangsul. Perkawis punika gambaran endah perkawis iman dumateng Allah.*

Wonten 5 bahasan penting engkang sampun kita sinauni perkawis pigesangan Ibrahim. Sakleresipun kathah sanget carios nabi Ibrahim wonten Kitab Taurat engkang mboten sempat kita sinauni awit wekdalipun terbatas. Ananging sakderengipun kita ninggalaken nabi Ibrahim, wonten setunggal engkang perlu kita mangertosi, perkawis janjinipun Allah dateng Ibrahim. Babagan punapa engkang badhe dipun alami dening keturunanipun. Pangandikanipun Allah, *“Turunmu bakal dadi wong neneka ana ing tanah kang dudu duweke, sarta bakal padha dadi batur lan ditindes nganti patang atus taun lawase. Nanging bangsa kang padha dikawulani mau bakal Dakukum lan turunmu bakal budhal saka ing tanah kono karo nggawa bandha akeh,”*

Punapa engkang dimaksud Allah kalih “tanah kang dudu duweke” wau njihpunika bangsa Mesir, negari ing pundi mangkih badhe nindes 400 taun, persis kalih pangandikanipun Allah. Sanes punika mawon, ing 4 adicara ing ngajeng mangkih, mugi kita saged ningali pangandikanipun Allah digenepi setunggal mbaka setunggal, perangan mbaka perangan, persis engkang dingendikakaken Allah.

“Ibrahim marisake bandhane kabeh marang Ishak, Ibrahim umure genep 175 taun. Bareng wis tua banget Ibrahim tilar Donya kakubur dening Ishak lan Ismail ana ing Guwa Mahpela, ing palemahan sing dituku saka wong Het, ing kono Ibrahim dikuburake karo Sara bojone.” Pungkasanipun Ibrahim sakabatipun Allah lumebet wonten hadiratipun Gusti engkang dipun tepang saha ditresnani.

Punapa engkang saged kita pendhet saking carios Ibrahim punika? Mungkin kalih pitakenan saha jawabanipun punika. Pitakenan sepindah, Wonten punapa Allah ngengken Ibrahim kesah saking kampungipun? Jawabanipun, karena Allah sampun ngrancangaken ndadosaken Ibrahim mbahbuyut setunggaling bangsa ageng, ingpundi saking bangsa wau badhe rawuh Sang Penebus. Pitakenan kaping kalih, Wonten punapa Allah dados Hakim nganggep Ibrahim tiyang leres? Jawabanipun, karena Ibrahim pitados dateng pangandikanipun GUsti, sanajan perkawis wau mboten gampang. Ibrahim luput saking pakukumanipun Allah, karena pitados kalih Janjinipun, sanes karena tumindakipun piyambak. Punika engkang dipun maksud, wekdal ayat-ayat saking Kitab Suci ngendikan, *“Ibrahim precaya marang Gusti Allah, lan merga saka enggone precaya mau panjenengane kaanggep bene rana ing ngarsane Gusti Allah. Lan merga iku kasebut karan, “Mitrane GUsti Allah.”*

Wonten pasal 25 kitab Purwaning Dumadi, nyariosaken perkawis anak-anak keturunanipun Ibrahim. Sakmangkih, monggo kita milai acara Margining Karahayun kalih kita maos carios Ishak saha kekalih anak kembaripun.

Wekdal Ishak nyuswa 40 taun, piyambakipun nikah kalih Ribka sepupunipun. Kekalihipun ndendonga nyuwun supados diparingi keturunan dening Gusti lan Allah ngabulaken. Ribka engkang nembe ngandeg ndendonga lan tangklet wonten napa bayi ing kandunganipun aktif? Lajeng Allah paring mangertos bilih Ribka nembe ngandeg anak kembar. Engkang wonten ing kandunganipun Ribka punika kalih bangsa, kalih kaum engkang badhe kapisah setunggal mbaka setunggalipun. Engkang setunggal badhe langkung kiat tinimbang setunggalipun, engkang sepuh badhe ngabdi dateng engkang anem.

Sedherek, wekdal dinten kelahiran dumugi, anak engkang lahir pertama awakipun werna abret saha kebak wulu, dados diparingi nami “Esau” engkang artosipun “Abret”. Wekdal Esau lahir, bayi engkang no 2 ugi ndherek lahir, awit bayi wau ngrangkul tungkakipun Esau. Ajaib ngeh? Dados kanamikaken Yakub engkang artosipun, *“wong sing ngoyak tungkaking wong liya.”*

Esau kalih Yakub panci anak kembar, nanging sedherek.....kekalhipun benten sanget, Esau wekdal ageng dados tukang buru, ananging Yakub punika tiyang engkang seneng manggen ing kemah sesarengan bapak lan ibunipun. Esau tiyangipun remen kalih perkawis dunya engkang sifatipun

sawetawis, Piyambakipun mboten peduli kalih rancangan Allah kalih keluarganipun. Sakwangsulipun, Yakub remen manggen ing griya, sinau kathah perkawis Allah saha Janji-Janjinipun dateng keluarganipun. Yakub remen kalih perkawis engkang saking Gusti, sifatipun kekal engkang badhe wonten kangge selaminipun.

Sedherek, dipun emut bilih Esau anak engkang sepuh, dados piyambakipun engkang berhak marisi hak anak sulung. Ing hak anak sulung, wonten sedaya janji Allah dateng Ibrahim lan keturunanipun. Ananging Allah ugi sampun ngendikan dateng Ribka bilih anak engkang sepuh badhe ngabdi utawi ngladosi adikipun. Maksudipun, Allah sampun mangertos bilih engkang badhe marisi janji Allah dateng Ibrahim lan engkang badhe dados mbahbuyut bangsa enggal punika Yakub sanes Esau.

Lajeng kadospundi caranipun Yakub nampi hak sulung engkang sakleresipun gadahanipun Esau? Mekaten cariosipun; wekdal Esau wangsul saking buru kewan lan sanget luwhipun, piyambakipun mangertos Yakub nembe masak sekul kalih kacang abrit, lan ambetipun eca sanget. Saged mbayangkan mboten, kadospundi saklajengipun? Wekdal sedherek sanget luwih lan wonten engkang nembe masak maeman engkang sedherek remeni! Nah mekaten ugi Esau, piyambakipun wicanten dateng Yakub, **Oh Yakub aku rasane arep mati margo keluwen. Ambu masakanmu enak banget. Cepet aku diwenahi sakmangkuk wae.** Yakub punika tiyang engkang pinter saha kebak muslihat...dados Yakub jawab mekaten, **Oleh wae, nanging kudhu mbayar karo menehi aku hak anak sulungmu.** Karana Esau mboten peduli kalih hak-hak ilahi lan langgeng, piyambakipun jawab; **Apa gunane hak anak sulung, jupuken wae, sing penting aku wenehono pangananmu, aku luwih banget.** Yakub tangklet malih, **kowe sumpah? Ya, hak sulung iku duwekmu, saiki aku cepet wenehana pangananmu.** Lajeng Yakub paring Esau maeman saha roti, piyambakipun maem lan perjanjian wau disetujuni.

Sedherek, punapa penjenengan mangertos artos tumindakipun Esau wau? Piyambakipun sampun nyade hak kesulunganipun kangge sepiring tetedhan. Piyambakipun mboten ngajeni hak pewarisanipun dados anak sulung. Hak kesulungan wau, mboten namung badhe nampi kalih bagian saking kekayaan keluarga, nanging wonten hak kesulungan ugi pinanggih janji Allah. Janji bilih keluarganipun badhe dados setunggaling bangsa ageng, saha perkawis-perkawis sanes engkang badhe tetep **ditrapaken** kangge selaminipun. Kalih nyade hak kesulunganipun gantos sepiring sekul, sakleresipun sampun ngina lan mandeng andap mboten namung bapak, embah, ananging ugi Allahipun. Bodoh sanget Esau punika.....namung kangge sepiring tetedhan piyambakipun ngeculaken punapa engkang paling berharga engkang piyambakipun gadahi dados anak sulung..

Nanging ampun cepet-cepet ngakimi Esau, sebab menawi kita ningali awak piyambak, punapa kita mboten kados Esau? Punapa kita malah sakleresipun sami mawon kados Esau, engkang langkung

menghargai perkawis-perkawis duniawi, materi, pangandikan manungsa nglangkungi perkawis Ilahi, langkung saking Dawuh Allah? Perlu diemut, sedaya engkang wonten ing langit lan bumi badhe ical, ananging pangandikanipun Allah wonten ngantos selaminipun.

Ing setunggaling dinten, Isa Almasih taken dumateng pendherekipun, punapa ginanipun tiyang nggadahi sedaya bumi ananging kelangan nyawanipun? Pitaken engkang sae sanget. Punapa wonten perkawis ing dunya engkang sami kalian gesang sesarengan Allah ing Firdaus ngantos selaminipun? Setunggaling nabi ngemutaken kita, *“Padha diawas, aja nganti ana wong sing nyingkur sih-rahmate Allah utawa sing asor kaya Esau, kang ngedol wewenange dadi anak pembarep.”* Esau kecalan sih-rahmatipun Allah karena mboten ngajeni perkawis Ilahi, engkang asalipun saking Allah. Dados sedherek kula, Allah sampun ngemutaken kita supados mboten ndherek jejakipun Esau lan mboten nganggep andap berkat-berkat engkang badhe diparingaken Gusti dateng kita.

Lajeng punapa engkang kedadosan kalih Esau? Mbenjang badhe kita sinauni kelajengan kisahipun. Nanging dinten punika kita cekap mangertosi bilih pungkasanipun Esau getun kalih tumindakipun, malah piyambakipun usaha kanti sanget manggih malih hak kesulunganipun wau, nanging mboten saged malih. Allah paring kita kekajengan, saha ngajeni pilihan engkang kita pilih. Penjenenganipun ugi paring dateng kita tanggungjawab kalih pilihan engkang kita damel. Esau mandeng asor perkawis Ilahi lan ing wingking dinten piyambakipun nanggél akibat saking pilihan wau.

Sedherek kita mboten angsal keseso damel keputusan engkang sifatipun langgeng. Sanajan Gusti ngajeni pilihan kita, Sedherek kedhah menghargai Firman Allah nglangkungi saking tetedhan lan arta. Allah kepengin ngicalaken dosa, ngrubah manah kita engkang jahat, nyuciaken kita saha ngisi gesang kita kalih Katresnanipun, sukarena, karahayun saha kepastian. Sedaya berkat wau namung bagian warisan engkang Allah paringaken kagem sedaya keturunan Ibrahim. Pramila punika kita kedhah madosi perkawis engkang sifatipun langgeng kalih sakgolonging manah.

Kangge nglengkapi adicara sakpunika, kula badhe maosaken bagian sepindah saking kitab Zabur, sumonggo dipun pirengaken kanthi temenan

“Begja wong sing lakune ora kaya sing dipengini dening wong ala, lan ora niru lakune wong dosa sarta ora sesrawungan karo wong sing dhemen memoyok. Nanging sing seneng nglakoni angger-anggere Gusti Allah lan dirasak-rasake rina wengi. Wong mau kaya wit sing ditandur ing pinggire kali, sing tansah awoh manut mangsane lan godhonge ora tau gogrog, apa wae sing ditandangi mesti oleh gawe. Nanging wong ala lelakone ora kaya mengkone. Kaya mrambut sing kabur ing angin. MULane wong ala bakal diukum dening Allah, mengkono uga wong nerak dhawuh-dhawuhe

Pangeran, ora gelem sesrawungan karo mursid. Lakune wong mursid dituntun lan diayomi dening Allah, nanging lakune wong ala anjlog ing karusakan.”

Kadospundi kalih sedherek, wonten margi pundi? Margi leres tumuju suwargi, margi tiyang-tiyang engkang nganggep janji Allah punika **harta karun?** Utawi lumampah ing mergi Esau engkang nyade janji Allah kangge perkawis engkang sementara saking dunya punika? Pundi engkang paling berharga?

Sedherek pamireng sakpunika kita badhe pepisahan. Wekdal ngajeng, insya Allah kita badhe nglajengaken kisah Ayub. Allah paring berkah, wekdal sedherek mengalihaken Dawuh Allah, *“Padha diawas, aja nganti ana wong sing nyingkur sih-rahmate Allah utawa sing asor kaya Esau, kang ngedol wewenange dadi anak pembarep karo panganan.”* Menawi sedherek wonten pitakenan sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386 saged WA utawi SMS. Nuwun..

Margining Karahayun

Pelajaran 24.

Saking Yakub Dados Israel

Sang Pangapus Dados Pangeran

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Wonten pelajaran kepengker kita mireng carios perkawis anak kembar Ishak, Esau Lan Yakub. Esau, tiyang engkang nggantos hak kesulunganipun **namung kangge** semangkok tetedhan, setunggaling tumindak engkang nedhahaken bilih piyambakipun mandeng asor janji-janjinipun Allah. Ananging menika ugi mboten berarti Yakub mboten lepat saking kalicikanipun, njebak kakangipun kalih sepiring tetedhan. Sakleresipun artos Yakub njihpunika Pangapus. Dados sedherek, dinten sakmangkih kita badhe nglajengaken maos Taurat perkawis kadospundi Allah ngribah Yakub Sang Pangapus dados Israel-abdi Allah.

Yakub leres-leres sang pangapus ulung. Kitab suci mboten nate nutup-nutupi dawhipun para nabi, nyatet kangge kita mangertosi, kadospundi Yakub ngapusi Esau kakangipun kangge nampi hak kesulunganipun Esau. Karana tumindak punika, Esau ing dukanipun badhe mejahi Yakub. Nanging Ribka ibukipun mangertos rencana wau, saengga kanti mendel ngengken Yakub kesah mlajar wonten griya pamanipun Laban, wonten Haran ngantos Esau lerem dukanipun.

Sakpunika monggo kita waos ing pasal 28'

“Yakub mangkat saka Bersyeba menyang tanah Haran. Bareng srengengene surup, Yakub tekan ing panggonan, banjur nginep ana ing kono. Sakwise njupuk watu dienggo bantal, Yakub banjur nggletak mapan turu. Nuli ngimpi, lan sajroning ngimpi weruh ana andha ngadeg ing bumi, pucuke sundhul langit. Uga weruh Malaekate Allah padha mungguh mudhun ing andha mau. Dumadakan Gusti Allah

piyambak jumeneng ana ing sisihe lan ngandika, "Aku iki Allahe Ibrahim lan Ishak. Tanah sing kakturoni iki bakal Dakparingake marang kowe lan anak turunmu. Anak turunmu cacahé bakal kaya lebuning bumi, bakal padha ngambra-ambra sumebar tekan ngendi-endi. Para bangsa bakal padha kaberkahan merga saka kowe lan anak turunmu. Kowe bakal Dakkanti, Kowe bakal Dakulihake mrene." Yakub banjur nglilir, pangucap, "Nyata Allah ana ing kene. Mangka aku ora nyana!" Saka wedhine dheweke muni, "Panggonan iki wingit, awit Allah dedalem ing kene. Iki mesthi gapuraning Swarga!" Esume umun-umun Yakub wis tangi. Watu sing dienggo bantal turu banjur diedegake kanggo tandha pangeling-eling, sarta diesoki lenga zaitun. Panggonan mau dijenengi Betel sing artine Daleme Allah.

Kitab Suci njelasaken bilih Allah tedak, ngetingal dateng Yakub wonten ngimpi saha njanjikaken perkawis engkang sami kados engkang dijanjikaken dateng Ibrahim saha Ishak bapakipun, njihpunika badhe ndadosaken keturunanipun dados setunggaling bangsa ageng. Dados hak kesulungan engkang dicolong saking Esau, akhirepun diparingaken dening Allah piyambak. Sejatosisipun Yakub mboten layak nampi janji wau, ananging Allah engkang Maha Asih saha Penyayang paring Anugerahipun dateng sedaya engkang mboten pantes nampi.

Kados engkang kita waos mau Yakub ing ngimpinipun ningali andha. Sanes andha biasa, nanging andha engkang sanget inggil engkang ngubungaken langit kalih bumi saha ngantos hadiratipun Gusti (Firdaus). Punapa artosisipun punika? Sedherek, kalih nedhahaken andha dateng Yakub, Allah nembe paring ngertos bilih Penjenenganipun ngersakaken gadhah hubungan engkang akrab kalian Yakub. Punika ugi gambaran saking sang penebus engkang kados andha wau ngubungaken manungsa kalian Allahipun.

Ngantos dinten sakmangkih, kathah tiyang engkang manggalih bilih saged minggah andha saha mlebet Firdaus karana ushanipun piyambak nglangkungi amal lan ibadahipun. Kitab suci paring pangertosan dateng kita bilih namung nglangkungi setunggal andha mawon engkang saged ngubungaken manungsa kalian Allah, andha wau engkang mandap saking langit, sanes saking bumi minggah teng langit. Kita sedaya anak putunipun Adam, menawi kalih usaha kekiatan kita piyambak, kita mboten saged minggah nginggil saha mlebet hadiratipun Allah (Firdaus) wau.

Wonten punapa mekaten? Karana kita punika manungsa engkang dosa lan mboten sanggup ngremenaken manah Allah Engkang Mahasuci....Nanging Allah engkang kebak kalih welas asih, mbikak margining kawilujengan kangge anak putu Adam. Margining kawilujengan punika miturut Kitab suci mekaten, *"Amarga Allah iku asifat tunggal, semono uga pantawis antarane Allah lan manungsa, yaiku Isa Almasih kang jumeneng Manungsa....supaya saben wong kang pracaya marang Penjenengane ora nemu karusakan, nanging nduwenana urip langgeng."* Lajeng kitab suci ugi ngendikan malih kanti jelas

mekaten, “*Ora ono wong siji wae sing sowan nang Allah, yen ora ngliwati perantara sing suci sing diutus Allah saka suwarga.*”

Sakmenika monggo kita tingali punapa engkang kedadosan kalian Yakub saksampunipun dumugi ing panggenan sedherek ibunipun engkang naminipun Laban. Kitab suci ngendikan, *apa sing ditandur iku sing diunduh.* Ing pasal 29 kaserat, “*Sakwise sesasi mondok ing kono, Laban kandha karo Yakub mengkene, “Senajan kita iki isih padha sedulur, kuwi ora ateges yen kowe nyambut-gawe ing kene tanpa dakopahi. Saiki kandha’a wae kowe njaluk opah pira?” Dene Laban mau duwe anak wadon loro, sing mbarep jenenge Lea, lan adhine jenenge Rahel. Lea mripate mblalak, dene Rahel pawakane apik lan rupane ayu. Yakub seneng Rahel, mulane kandha karo Laban, tembung, “Kula sagah ngenger penjenengan pitung taun, angger kula dipun parengaken kawin kaliyan Rahel.” Wangsulane Laban, “Ya kena, luwih becik diwenehke kowe ketimbang dakwenehake wong liya. Mulane wis melu aku wae.” Yakub nglakoni ngenger pitung taun supaya oleh Rahel. Kanggone Yakub pitung taun mau mung kaya sawetara dina, kagawa saka tresnane marang Rahel. Yakub banjur matur marang Laban, “wekdal kula ngenger sampun rampung. Keparenga kula sakmenika kawin kaliyan kang putra Rahel.” Laban banjur mantu gedhen lan ngulemi kenalane kabeh. Bengi kuwi sing ditemokake karo Yakub dudu Rahel, nanging Lea lan kuwi sing dikumpulni Yakub. Esuke Yakub ngonangi, yen sing dikumpulni turu kuwi Lea. Banjur marani Laban lan matur, “Menika kadospundi? Enggen kula ndherek penjenengan menika rak supados angsal Rahel? Kening menapa penjenengan ngapusi kula? Wangsulane Laban, “Miturut adat ing kene sing enom ora kena dinikahake dhisik nglangkahi sing tuwa. Ngentenana nganti kramean sakminggu iki rampung. Mengko rahel uga dakwenehake marang kowe, angger kowe gelem ngenger aku pitung taun lawase.”*

Sedherek, kita tingali Laban ngapusi ponakanipun piyambak. Punapa engkang dilampahi Laban sanes perkawis engkang sae, nanging sedaya wau kedhah dialami dening Yakub. Asta Gusti Allah engkang ngatur saha Allah saged ndamel babagan engkang njengkelaken wau dados kesahenan kangge Yakub. Karana ing pungkasanipun Yakub dados bapak saking 12 anak jaler. Yakub manggen ing griya pamanipun Laban antawis 20 taun lan Allah ing Katresnanipun ngijinkan kathah perkawis engkang nyedihaken dumados dateng Yakub. Nglangkungi perkawis wau, Allah ndidik saha murniaken iman Yakub, sami kados tukang emas murniaken emas kalih latu.

Wonten ing setunggaling dinten.....Gusti manggihi Yakub saha ngendikan, “*Muliha menyang negarane bapakmu lan sanak sedulurmu. Aku bakal nganti kowe.*” Sakwise mengkono Yakub banjur ngajak keluargane lunga tumuju menyang Kanaan, panggonane Ishak lan Yakub sak anak putune.

Wekdal Yakub saha keluarganipun lumampah nuju Kanaan, Allah ngetingal dateng Yakub kalih cara engkang istimewa saha ngribah nami Yakub.,mekaten ing Kitab Suci, “*Nanging Yakub keru dewean,*

dumadakan ana wong lanang teka nggelut Yakub nganti ngarepake esuk. Bareng ora iso ngalahake Yakub, wong mau banjur muntir cethike Yakub nganti keseleo. Clatune wong mau, "Aku culna, iki wis arep esuk." Wangsulane Yakub, "Penjenengan mboten badhe kula culaken, menawi dereng mberkahi kula." "Jenengmu sapa?" pitakone wong mau. Wangsulane "Yakub". Clathune wong mau, "Jenengmu aja disebut Yakub meneh, nanging Israel, merga kowe wis gelut karo Allah lan karo manungsa, mangka kowe menang." Yakub genti takon, "Asma penjenengan sinten?" Nanging diwangsul, "Kowe ora perlu takon jenengku!" Yakub banjur diberkahi. Celathune Yakub, "Aku wis ketemu karo Allah adu-arep, ewasemone isih lestari urip." Mulane panggonan mau dijenengi Pniel.

Sedherek, pelajaran dinten sakpunika penting sanget saha kebak kaliyan pengajaran. Kita mangertos bilih Allah ngentingal dateng Yakub dados manungsa saha gelut kalih piyambakipun. Wekdal Allah gelut kalih Yakub, Allah ngersakaken Yakub nyadari kelemahanipun wonten ngarsanipun Allah. Allah kersa Yakub ngertos bilih kawicaksanaan saha kekiatan dumuginipun saking Gusti.

Allah gadhah rencana ageng kangge Yakub, nanging berkat paling sahe saking Gusti punika namung saged digadahi tiyang engkang ngertos sakestu, bilih tiyang wau sakestu mboten saged ngremenaken manahipun Allah kalih kekiatanipun piyambak. Yakub nembe mawon sadar kadospundi lemahipun wonteng ngarsanipun Allah. Lajeng Wekdal ndalu wau Gusti paring nami enggal kangge Yakub, njihpunika Israel. Yakub engkang artosipun Pangapus gantos Israel Sang pangeran. Kados engkang sedherek mangertosi saking 12 anake Yakub dumados bangsa Israel, lan saking bangsa Israel rawuh sang penebus wonten dunya.

MUngkin wonten engkang tangklet, wonten napa Allah milih tiyang goroh kados Yakub, ndadosaken piyambakipun mbahbuyut saking bangsa engkang mbeta penebus wonten dunya? Cobi pirengaken jawabanipun kitab suci, *"nanging kang kaanggep bodho mungguhing jagat, kapilih dening Allah kanggo mirangake para wong wicaksana, apadene kang kaanggep ringkih mungguhing jagat, kapilih dening Allah kanggo mirangake kang rosa. Lan kang asor sarta nista mungguhing jagad, iku kapilih dening Allah, malah kang ora ana ajine kapilih dening Allah kanggo ngorakake kanga aji. Supaya aja ana manungsa siji wae kang gumunggung ana ing ngarsane Allah."*

Yakub wiwitan panci tiyang goroh, mboten wonten sifat sae ing piyambakipun, kejawi setunggal perkawis, YAKUB PITADOS KALIH SABDA ALLAH. Kangge piyambakipun janji berkat Allah punika perkawis engkang paling berharga saking napa mawon. Pramila sebabipun Allah ngetingal dateng Yakub saha ngribah manahipun saking tiyang goroh dados abdi Allah.

Kadospundi kalih sedherek piyambak? Punapa sedherek sadar bilih kalih kekiatan piyambak mboten saged ngremenaken manahipun Gusti? Dipun pirengaken sabdanipun Gusti, *"Blnerkahan wong sing*

ora sanggup nyenengke atine Allah, sabab kanggo wong mau karatone Allah. Allah nglawan wong kang gumunggung, nanging maringi sih-rahmat marang wong kang andhap-asor. Karana iku esorna badanmu ana ing Pangeran, sarta Penjenengane bakal ngluhurake kowe.”

Maturnuwun sampun mirengaken adicara kawula punika. Wonten pepanggihan saklajengipun, Insya Allah kita badhe ningali pigesanganipun Yusuf, anak Yakub. Kula ninggalaken penjenengan kaliah ayat kitab suci, *“Sebab iku Gusti ngenteni wektune kanggo nudhuhake Katrenane marang kowe. Penjenengane wungu kepengin ntresnani kowe. Sebab Gusti iku Allah sing Adil, kabeh wong ngarep-arep Penjenengane!*

Menawi sedherek wonten pitakenan, sumonggo ngubungi kawula ing no 081333777386, saged WA ugi SMS. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 25

Yusuf Diasorake

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Wonten pelajaran engkang pungkasan, kita sampun ningali kadospundi Allah ngribah nami Yakub dados Israel. Ngribah nami, berarti ngribah sifat saha manahipun. Saking Yakub tiyang Pangapus dados Israel Pangeran Allah utawi engkang marintah sareng Allah. Israel ugi nami setunggaling bangsa wujud saking janji Allah dateng Ibrahim, Ishak saha Yakub. Bangsa engkang lahir saking 12 anak Yakub, ingpundi Allah ngendikan badhe rawuh Sang Penebus.

Punika nami 12 anak Yakub: Ruben, Simeon, Lewi, Yehuda, Zebulon, Isakhar, Dan, Gad, Asyer, Naftali, Yusuf saha Benyamin. Dinten sakpunika kita badhe mulai kisah engkang sanget ngeramaken perkawis salah setunggaling anak Yakub, njihpunika Yusuf anak no 11. Kita badhe enggal maos kitab Purwaning Dumadi pasal 37.

Iki critane tedhak-turune Yakub. Yusuf nalika umur pitulas taun, dadi isih enom, kulina angon rajakaya bebarengan karo sadulur-sadulure, anake Bilha lan Zilpa garwane kang rama, sarta Yusuf iku ngaturake marang kang ramane bab pialane para sadulure. Israel anggone ngasihi Yusuf ngluwihi para sadulure liyane kabeh, marga Yusuf iku laire nalika Yakub wus sepuh; sarta Yusuf digawekake jubah kang becik banget. Bareng sadulure padha ngreti yen kang rama anggone ngasihi Yusuf kinacek karo liyane, temah Yusuf disengiti lan ora gelem ngaruh-aruhi klawan ulat sumeh. Ing sawijining dina Yusuf ngimpi, impene mau banjur dicaritakake marang para sadulure, temah sadulure saya mundhak maneh sengite. Marga celathune marang para sadulure: "Coba rungokna impen kang dakimpekake iki: Aku lan kowe lagi padha mbenteli gandum ana ing pategalan; bentelanku nuli ngadeg jejeg, dene bentelanmu banjur padha teka ngubengi lan sujud nyembah marang bentelanku." Ing kono para

sadulure padha ngucap: “Apa kowe kepengin ngratoni aku iki kabeh?” Temahan saya mundhak maneh sengite jalaran saka impene lan tembungku iku.

Celathune wong mau: “Sampun sami kesah saking ngriki, awit kula mireng anggenipun sami reraosan: Payo padha menyang Dhotan.” Dadine Yusuf banjur nusul para sadulure, sarta padha ketemu ana ing Dhotan. Saka kadohan Yusuf wus diawasake tekane, sadurunge nyedhak para sadulure mau padha sarujukan golek akal supaya bisaa mateni Yusuf. Anggone guneman mangkene: “Lah kae delengen, si juru ngimpi kita teka! Kang iku payo padha dipateni lan dicemplungake ing salah sijining sumur iku, nuli mengko dikandhakake yen dimangsa kewan galak; mengko kita bakal weruh kapriye kadadeane impene iku.” Bareng Ruben krungu kang kaya mangkono, sedyane arep nguwalake Yusuf saka tangane para sadulure, pangucape: “Aja nganti kita pateni ta!” Pituture Ruben: “Aja nganti ngwutahake getih, cemplungna sumur kang ana ing pasamuwan kono bae! Mung aja kokkapak-kapakake!” Iku pamurihe supaya bisa ngluwaru Yusuf saka tangane para sadulure lan diulihake marang kang rama. Kacarita bareng Yusuf lagi bae tekan ing ngarepe para sadulure, tumuli diuculi jubahe, iya jubah kang endah banget kang lagi dianggo iku. Banjur dilarak lan dicemplungake ing sumur. Sumur mau asat, ora ana banyune. Sawuse mangkono banjur padha mangan kembulan. Bareng padha ndengengek, weruh ing kadohan ana kapilah bangsa Ismael kang teka saka Gilead, untane padha momot damar, balsem lan blendok lod, arep digawa menyang tanah Mesir. Celathune Yehuda marang para sadulure: “Untunge apa yen kita mateni adhi kita lan ndhelikake getihe? Payo padha didol bae marang wong Ismael kae, nanging aja nganti kita kapak-kapakake, marga iku sadulur kita, kulit daging kita.” Sadulure padha manut kabeh. Kacarita nalika ana sudagar-sudagar Midian liwat, Yusuf dientasake saka ing jero sumur, lan didol marang wong Ismael, payu rong puluh sekel salaka; Yusuf banjur digawa menyang ing tanah Mesir. Bareng Ruben mbaleni sumur mau, tetela Yusuf wus ora ana ing jero sumur, tumuli nyuwek-nyuwek panganggone. Banjur mbaleni para sadulure, pangucape: “Bocane wus ora ana, lah aku menyang ngendi paranku?” Sawuse mangkono banjur padha njupuk jubahe Yusuf lan nyembeleh wedhus, lan jubahe dicelupake ing getihe. Jubah kang endah banget mau dikirimake katur kang rama, kanthi diweling mangkene: “Punika anggen kula sami manggih. Sumangga, bapak kula aturi nitik, punika jubahipun ingkang putra punapa sanes?” Bareng Yakub niti-priksa jubah mau, nuli ngandika: “Iki jubahe anakku, mesthi anakku wus dimangsa ing sato galak lan wus disempal-sempal.” Yakub banjur nyuwek-nyuwek jubahe, sarta ngagem bagor diubedake ing bangkekane apadene gawe patangisan nganti pirang-pirang dina, marga saka putrane mau.

Kej.39:1-23

Anadene Yusuf wus digawa menyang tanah Mesir, banjur dipundhut dening Potifar, abdi daleme Firaun, panggedhening prajurit tamtama, wong Mesir. Anggone mundhut saka wong-wong Ismael kang nggawa mrono. Nanging Pangeran nunggil kalawan Yusuf, temah dadi wong kang tansah

binarkahan ing sadhengah pagaweane, sarta kelilan manggon ing daleme bendarane, wong Mesir mau. Bareng bendarane ngreti yen Pangeran nunggil karo Yusuf, sarta sabarang kang digarap tumindak becik, temahan Yusuf oleh sihe bendarane kepareng dadi paladene. Malah nganti dipasrahi mengku dalem lan dipracaya nguwasani sabarang kagungane kabeh. Mangka wiwit nalika maringi pangwasa marang Yusuf mengku dalem lan sakabehe barang kagungane mau, Pangeran mberkahi daleme wong Mesir iku, sabab saka Yusuf, satemah berkahe Pangeran iku nyrambahi ing sabarang kagungane kabeh, dadia kang ana ing dalem, dadia kang ana ing pategalan. Sabarang kagungane kabeh dipasrahake marang pangwasane Yusuf, lan marga saka kabiyantu dening Yusuf Potifar wus ora prelu ngatur apa-apa maneh kajaba mung kang didhahar piyambak. Anadene Yusuf iku tindak-tanduke ngresepake lan bagus rupane. Bareng wis sawatara mangsa, garwane bendarane mirsani Yusuf kalawan kagungan sir, sarta ngandika: "Ayo, turua karo aku!" Nanging Yusuf ora gelem lan matur marang bendarane putri: "Sapunika bendara kawula boten prelu ngatur punapa ingkang wonten ing salebeting dalem punika malih, sarta sadaya kagunganipun sampun dipun pasrahaken ing tangan kawula, malah ing salebeting dalem punika boten wonten ingkang boten dipun pasrahaken dhateng kawula, kajawi namung panjenengan dalem; margi panjenengan dalem punika garwanipun. Ingkang punika kados pundi anggen kawula badhe nglampahi piawon ageng makaten saha damel dosa dhateng Gusti Allah?" Lan sanadyan saben dina Yusuf tansah dibujuk, ewasamono Yusuf ora nuruti kang dadi karsane ndherek sare lan tumindak nistha karo panjenengane. Wasana ing sawijining dina kelakon Yusuf lumebu ing dalem arep nindakake pagawean, mangka ing jero dalem kono pinuju ora ana wong siji-sijia. Bendarane putri tumuli nggondheli klambine Yusuf kalawan ngandika: "Ayo turu karo aku!" Nanging Yusuf ninggal klambine ana ing astane bendarane putri mau sarta lumayu metu. Bareng bendarane putri mirsa yen klambine Yusuf ditinggal ana ing astane sarta wonge wus lumayu metu, tumuli bengok-bengok nimbali abdi-abdine kabeh, sarta dipangandikani: "Delengen! Wong Ibrani iku dilebokake ing panggonanku kene supaya aku padha dianggo dolanan. Iki mau nyedhaki aku, arep awor turu karo aku, nanging aku banjur bengok-bengok sarosaku. Bareng krungu aku mbengok seru banget, klambine ditinggal ana ing kene banjur enggal-enggal lumayu metu." Klambine Yusuf iku diselehake ana ing sandhinge nganti sakondure bendarane. Sang Potifar iya diaturi uninga mangkono, ature: "Abdi tiyang Ibrani ingkang panjenengan lebetaken mriki punika murugi kula badhe dipun sembranani. Nanging sareng kula bengok-bengok, rasukanipun lajeng dipun tilar wonten sandhing kula, sarta tumunten mlajeng medal." Bareng bendarane midhanget ature kang garwa: "Makaten lan makaten pandamelanipun abdi panjenengan dhateng kula," temah bendarane muntab dukane. Yusuf tumuli dicekel dening bendarane lan dilebokake ing pakunjaran, papan kanggo nahan wong-wong kang kaluputan. Kaya mangkono anggane Yusuf kinunjara. Nanging Pangeran nunggil kalawan Yusuf, kaparingan sih lan diolehake ati saka panggedhene pakunjaran. Panggedhe

pakunjaran mau nganti mracayakake sakehe tahanan marang pangreksane Yusuf, lan sakehe pagawean kang kudu ditindakake ana ing kono, iya Yusuf kang ngurus. Panggedhe pakunjaran wus ora ngawruhi apa-apa tumrap samubarang kang wus dipasrahake marang Yusuf, marga Sang Yehuwah nunggil kalawan Yusuf lan apa kang ditindakake iku dilestarekake dening Pangeran.

Mekaten wiwitan cariosipun Yusuf, anakipun Yakub. Ing mriki kita saged mendhet kesimpulan kalih pernyataan punika: **Yusuf tresna kabeneran lan gething kamurtadan.** Kangge Yusuf langkung sahe sengsara wonten pakunjaran, tinimbang ngraosaken kesenengan sawetara saking dosa. Punika sebabipun wekdal sisihan bendaranipun ngajak tilem saha tumindak zina, Yusuf nolak saha njawab; *“Kadospundi kula saged tumindak jahat lan dosa wau dateng Allah?”*

Sedherek, Yusuf mangertos mboten mungkin ngladosi Gusti lan ing wekdal engkang sami ngladosi dosa ugi. Yusuf sampun masrahaken manahipun dateng Allah, punika sebabipun Yusuf gething kamurtadan lan nresnani keadilan. Kados Ibrahim, Yusuf ugi pitados dateng janji Allah kawitanipun Sang Penenbus engkang badhe pejah kangge nebus dosa keturunan Adam.

Allah negesaken bilih Yusuf punika tiyang leres, karena Yusuf pitados ing Firman Allah lan karena imanipun wau, Allah ngebaki manah Yusuf kalian kepinginan saha kuwaos kangge ngalahaken dosa sarta gesang leres wonten dunya engkang jahat.

Allah lumampah kalian Yusuf karena Yusuf ugi lumampah sesarengan Allah. Yusuf mboten saged ngraosaken dosa karena manahipun sampun dados kagunganipun Allah. Sedherek, tiyang engkang pitados saha manambah Allah kalih tulus saking manahaipun, badhe ntresnani punapa engkang dipun tresnani Allah lan nyengit punapa engkang disengit Allah.

Tiyang engkang dados kagungan Allah pitados dateng Firman Allah saha gesang taat. Nanging sakwangsulipun engkang mboten kagunganipun Allah dikendalikan dosa. Mungkin secara lahiriah ketingalipun ngabekti, nanging pikiran, pangandikan, manah saha tumindakipun dikuwaosi dening dosa. Mungkin usaha badhe ngawonaken dosa, nanging tansah gagal, karena dosa langkung kiat. Ing manahipun mboten kuwaos saking Roh Suci, engkang diparingaken Allah dateng sedaya tiyang pitados dateng Firman Allah saha nampi margi kawilujengan engkang dipun tetepaken Allah.

Sedherek pamireng, punapa Allah sampun memperbaiki manah sampeyan kalih Kuwaosipun? Punapa sedherek sampun mireng wartos perkawis juruwilujeng engkang sanggup nyucikaken manah sedherek saking dosa? Utawi malah gesang sedherek dikuwaosi dening dosa?

Kitab suci ngendikan, *Padha nyedhaka marang Allah, temah Penjenengane bakal nyelaki kowe. Tanganmu padha resikana, he para wong dosa lan sucekna atimu, he wong kanga tine mangro! Esorna badanmu ana ing ngarsane Pangeran, sarta Penjenengane bakal ngluhurake kowe.*

Sedherek, maturnuwun sampun mindangetaken acara punika. Ing pelajaran saklajengipun kita badhe nglajengaken carios Yusuf. Kadospundi piyambakipun medal saking pakunjaran saha dados panguwaos Mesir. Menawi sedherek wonten pitakenan, saged ngubungi kawulo ing no 081333777386. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 26

Yusuf Kamulyaage

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Wonten pelajaran engkang pungkasan, kita sampun mirengaken carios Yusuf anak Yakub no 11 saking 12 sedherek. Sakmenika sumonggo kita lajengaken carios Yusuf kalian maos engkang kaserat wonten Kitab Suci, kadospundi Allah ngribah situasi Yusuf.

Kacarita sawuse let rong taun, Firaun supena, katone panjenengane kaya jumeneng ana ing sapinggire bengawan Nil. Banjur ana sapi pitu padha mentas saka bengawan, sawangane becik lan awake lemu-lemu; tumuli padha nyenggut ana ing sapinggire bengawan kono. Sawuse mangkono banjur ana sapi liyane pitu, padha mentas saka ing bengawan Nil iku, sawangane ala lan awake kuru-kuru, tumuli padha mapan ana ing sandhinge sapi-sapi sing dhisik mau ana ing pinggir bengawan. Sapi-sapi kang ala rupane lan kuru-kuru awake mau banjur padha mangan sapi-sapi kang becik lan lemu-lemu mau. Ing kono Firaun banjur wungu. Sawuse iku nuli sare maneh, banjur supena kang kaping pindhone. Lah ana wulen gandum pitu thukul saka dami siji, padha aos-aos lan becik-becik rupane. Nanging ora let suwe ana wulen gandum pitu thukul, kuru-kuru lan alum marga saka angin wetan. Wulen kang kuru mau banjur padha nguntal wulen kang aos lan becik. Raja Firaun tumuli wungu, mirsa yen kabeh mau mung supenan. Bareng wayah esuk panggalihe judheg, banjur utusan nimbali para sarjana lan para wasis satanah Mesir, iku tumuli padha dipangandikani bab supenane, nanging siji bae ora ana kang bisa nerangake tegese. Ing kono lurah pangunjukan banjur munjuk marang Firaun, unjuke: "Ing dinten punika kawula kengetan kalepatan kawula. Nalika samanten Sang Prabu duka dhateng para abdi, ngantos kawula katahan wonten ing griyanipun pangageng prajurit tamtama sesarengan kaliyan lurah among dhaharan. Ing satunggaling dalu kawula kekalih ngimpi, inggih kawula dalah lurah

among dhaharan; impen lan tegesipun piyambak-piyambak. Wonten ing ngriku kawula sesarengan kaliyan tiyang nem-neman bangsa Ibrani, rencangipun pangageng prajurit tamtama wau; punika kawula cariyosi impen kawula, lajeng sampi dipun terangaken tegesipun impen kawula piyambak-piyambak. Dene kalampahanipun inggih ceples kados anggenipun nyukani katrangan, kawula kawangsulaken dhateng padamelan lami, dene lurah among dhahar kagantung.” Sang Prabu tumuli utusan nimbali Yusuf, kang banjur enggal-enggal kawetokake saka ing pakunjaran, nuli cukur lan salin sandhangan, banjur sowan marang ing ngarsane Firaun. Firaun tumuli ngandika marang Yusuf: “Ingsun supena, nanging ora ana wong siji-sijia kang bisa nyaosi katrangan bab tegese, nanging ing sun midhanget bab sira, anggonira mung krungu impene bae sira tumuli bisa njarwakake.” Yusuf banjur munjuk: “Dhuh, Sang Prabu, punika sanes kawula, Gusti Allah ingkang badhe paring pawartos bab karaharjan dhateng Raja Firaun.”

Pangandikane Firaun marang Yusuf:

Nanging wulen kang garing mau banjur padha nguntal wulen kang mentes-mentes mau. Prakara iki wus suncaritakake marang para sarjana, nanging siji bae ora ana kang bisa ngaturi katrangan marang ing sun.” Yusuf tumuli munjuk marang Firaun: “Supenan dalem kekalih punika tegesipun sami. Gusti Allah paring uninga dhateng panjenengan dalem Raja Firaun, punapa ingkang badhe dipun tindakaken. Menggah lembu pitu ingkang sae punika ibaratipun pitung taun, saha wulen gandum pitu ingkang sae punika inggih ugi pitung taun; supenan kekalih punika sami. Dene lembu pitu ingkang kera lan awon ingkang sami mentas kantun, ibaratipun inggih pitung taun, sarta wulen gandum pitu ingkang gabug saha geseng dening angin wetan punika, ngibarati badhe wontenipun pailan pitung taun. Inggih kados unjuk kawula dhateng Raja Firaun wau, Gusti Allah sampun ngatingalaken dhateng penjenengan punapa ingkang badhe enggal dipun tindakaken. Kauningana, gusti, pitung taun ingkang badhe kalampahan punika badhe mirah tedha ingkang kelangkung-langkung ing sawradinipun tanah Mesir. Nanging sasampunipun punika badhe wonten pailan pitung taun laminipun, ing ngriku tiyang-tiyang Mesir sampun sami kesupen bab kaluberaan ingkang sampun, margi pailan wau badhe damel risakipun nagari punika. Kaluberaan ingkang kapengker sampun boten katawis tilasipun wonten ing tanah punika, awit saking pailan ingkang nusul wau langkung dening awratipun. Wondene supenan wau dipun wangsuli ngantos rambah kaping kalih punika kagem Raja Firaun ateges: bilih prakawis punika sampun dados keputusanipun Gusti Allah, saha Gusti Allah temtu tumunten enggal badhe nindakaken. Inggih punika, dhuh Sang Raja, mugi karsaa matah salah satunggaling tiyang ingkang lantip saha wicaksana, kadhawuhana mengku satanah Mesir. Kajawi punika Sang Firaun ugi nindakna makaten: inggih punika ngangkat para juru niti-priksa wonten ing nagari ngriki, saha karsaa mundhut sapragangsalipun pamedaling tanah ing salaminipun mangsa mirah tedha pitung taun punika. Sami kadhawuhana nglempakaken sawarnining bahan tedha ing salebetipun taun-taun sae

ingkang badhe kalampahan punika, saha nandhoa gandum ingkang dados kagunganipun Sang Prabu Pringon, kasimpena ing kitha-kangge tandhon tedha. Kalayan makaten sadaya bahan tedha wau lajeng dados tandhon kangge kaperluaning nagari punika salaminipun pailan pitung taun ingkang badhe kalampahan wonten ing tanah Mesir, supados nagari punika sampun ngantos risak margi wontenipun pailan punika." Atur pirembag kang mangkono iku didhahar dening Firaun dalah sakehe para punggawane. Raja Firaun banjur ngandika marang para punggawane: "Apa iya kita bisa nemu wong kang kadunungan Rohing Allah kaya iki?" Raja Firaun tumuli ngandika marang Yusuf: "Sarehne Gusti Alalh wus paring sumurup marang sira, dadi ora ana wong kang lantip lan wicaksana kaya sira. Mulane sira kang nguwasanana kadhatoningsun, sarta sakehe para kawulaningsun kabeh ngestokna prentahira, mung marga saka dhampar iki bae anggoningsun ngungkuli sira." Karomaneh pangandikane Firaun marang Yusuf: "Lah sira sunangkat dadi kang mengku satanah Mesir kabeh." Raja Firaun tumuli nglolos sesupune cap saka astane banjur dianggokake ing drijine Yusuf, sarta dianggoni sandhangan mori alus lan gulune dikalungi kalung mas. Karodene ditunggangake ing kreta titihane piyambak kang nomer loro, sarta ing ngarepe ana kang alok-alok: "Hurmat!" Mangkono anggone Yusuf diangkat dening Raja Pringon dadi kang mengku satanah Mesir kabeh. Raja Firaun tumuli ngandika marang Yusuf: "Ingsun iki Raja Pringon, nanging ing satanah Mesir kene ora kena ana wong kang tumindak apa-apa, kajaba saka palilahira." Yusuf tumuli diparingi jeneng: Zafnat-Paaneakh sarta diparingi Sang Putri Asnat putrane putri Sang Potifera, imam ing On, dadi garwane. Kaya mangkono Yusuf banjur wiwit nguwaosi satanah Mesir kabeh. Yusuf mbeneri yuswa telung puluh taun nalika ngadhep ana ing ngarsane Firaun raja ing Mesir mau. Yusuf tumuli mundur saka ngarsane Firaun tindak ndlajahi satanah Mesir kabeh. Anadene sasuwene pitung taun mangsane murah pangan iku pametune bumi nganti tumpuk undhung, Yusuf banjur nglempakake sarupane pangan sajrone pitung taun kang luber iku, sarta pangan iku disimpen ana ing kutha-kutha; saben kutha dianggo nyimpen pangan pametune wewengkone dhewe-dhewe. Kaya mangkono Yusuf anggone tandho pangan kehe nganti kaya wedhine sagara saka akehe, olehe ngetung nganti mandheg, marga wus ora kena dietung maneh. Bareng wus kelakon pitung taun mangsane murah pangan ana ing tanah Mesir, nuli wiwit mangsa pailan pitung taun lawase, kaya kang wus kapangandikakake dening Yusuf; satemah kabeh padha kambah paceklik, mung sawratane tanah Mesir ana pangan. Dene bareng wong satanah Mesir padha kekurangan pangan, lan rakyat padha sambat nyuwun pangan marang Firaun, Sang raja banjur ndawuhi marang wong Mesir kabeh: "Padha maranana Yusuf, nglakonana apa saprentahe marang sira!" Pailan iku nyrambahi ing sajagad kabeh; Yusuf tumuli mbikak sakehe gudhang patandhon lan nempurake gandum marang wong Mesir, marga tanah Mesir iku sangsaya banget anggone kambah pailan. Bareng Rama Yakub midhanget kabar yen ing tanah Mesir ana gandum, banjur ngandika marang para putrane: "Yagene kowe kok padha pandeng-pandengan bae?"

Karomaneh pangandikane: "Aku krungu kabar yen ing Mesir ana gandum, bok kowe padha mrana, nempura gandum kanggo kita, supaya kita padha bisa lestaria urip, aja nganti mati." Sadhereke Yusuf sapuluh banjur padha budhal menyang Mesir nempur. Nanging Yakub ora marengake Benyamin, rayine Yusuf, melu para sadulure, sabab kagungan panggalih: "Bokmanawa nemu alangan mengko." Dadi ing antarane wong-wong kang padha nempur gandum mau kalebu uga para putrane Israel, marga tanah Kanaan uga wus kambah ing pailan. Nalika iku Yusuf wus jumeneng patih ana ing nagara kono, lan iya panjenengane iku kang nempurake gandum marang rakyat ing kono kabeh. Dadi nalika para sadhereke Yusuf teka, iya kudu sowan ing ngarsane klawan sumungkem ing bumi. Bareng Yusuf mirsa para sadhereke, ora pangling, nanging Yusuf ethok-ethok ora ngretos, malah disentak sarta dipangandikani: "Kowe kabeh iku saka ngendi?" Ature kang kadangu: "Saking tanah Kanaan, badhe nempur." Pancen Yusuf ora pangling marang para sadhereke, nanging para sadhereke padha pangling marang panjenengane. Yusuf tumuli kengetan marang supenane ing bab para sadhereke. Banjur ngandika maneh: "Kowe iku mesthi telik, tekamu mrene arep nitik-nitik ngendi panggonan kang ora dijaga." Karomaneh wong saka ing ngendi-endi iya padha seba marang ing ngarsane Yusuf ing tanah Mesir prelu nempur gandum, marga sajadad kabeh kambah ing pailan nganti banget.

Sedherek, Allah paring ngertos dateng kita punapa engkang dumados dateng Yusuf lan sedherekipun punika gambaran engkang badhe dumados antawis Penebus kalian keturunan Adam. Saking pelajaran punika, kita perlu emut, "Yusuf punika bayangan saking penebus engkang badhe rawuh ing dunya, kinten-kinten 1800 taun saksampunipun jaman Yusuf. Kita mboten wonten wekdal kangge mbahas sedaya carios ing acara punika, nanging kawula badhe nyebat 3 perkawis

1. Kados sedherek-sedherekipun gething lan nolak impen Yusuf, ngina saha nyade Yusuf, kados mekaten ugi engkang badhe ditampi dening penebus engkang diutus Allah wonten dunya. Manungsa nolak Penjenenganipun saha wartos engkang Diasta. Nganiaya saha nyade malah maku Penjenenganipun ing kayu salib.
2. Wiwitan tiyang ngremehaken, ngina saha ngunjara Yusuf, nanging ing wekdal engkang ditetepaken Allah, Firaun ngangkat Yusuf dados panguwaos Mesir lan wicanten dateng sedaya tiyang engkang kaluwen, "*Lungaa menyang Yusuf...Deweke sing nyawisake panguripan.*" Mekaten ugi Allah ngendikan, "*Lungaa menyang penebus sing wis Sun tetepake! Deweke Sang Panguripan!*" Menawi sedherek ngandapaken asor ka Penjenenganipun, sedherek mboten badhe ngraosaken raos luwih ing manah saha sedherek badhe gesang selaminipun.
3. Perbandingan kaping tiga antawis Yusuf saha Penebus sanget ngayemaken. Sedherek-sedherek Yusuf tunduk ing kuwaosipun, awit mboten pilihan sanes kejawi ngandapaken asor ing ngajengipun tiyang engkang jaman semanten dipun enyek saha dianiaya. Firman Allah ngendikan dateng kita bilih Penebus engkang wekdal sakmangkih dienyek saha dianiaya tiyang

kathah badhe wangsul kangge ngakimi dunya kalih kelerasan. Wusanipun sedaya tiyang badhe sumengkem ing Ngarsanipun lan sedaya tiyang mangertos bilih namung Penjenenganipun ditetepaken Allah juruwilujeng saha hakim kangge dunya.

Kita kedhah pepisahan wekdal sakpunika, menawi wonten pitakenan sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 27

Pungkasan Gesangipun Yusuf

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Wonten 2 pelajaran engkang pungkasan, kita sampun maos babagan Yusuf anak Yakub. Sakmangkih, kita badhe mirengaken pungkasanipun gesang Yusuf, engkang dados tanda akhir kitab pertama saking Taurat; Kitab Purwaning Dumadi. Sampun kita mangertosi bilih Yakub gadah 12 anak, lan Yusuf punika anak no 11. Yakub sakluarga manggen wonten Kanaan, panggenan engkang dijanjikaken Allah. Nanging Yusuf wusanipun terpisah saking keluarganipun, sanes awit kepenginanipun piyambak...ananging karena sedherek-sedherekipun gething. Raos gething wau dumados karena impen-impen engkang Yusuf cariosaken. Karena alasan wau Yusuf disade dados budak. Sanajan manah kakang-kakangipun jahat, Allah tansah nulung Yusuf saking sedaya kesulitan. Malah karena pitulunganipun Allah, Yusuf dados tiyang no 2 ing Mesir, saksampunipun Raja Firaun. Punika kedadosan karena Yusuf saged paring pangertosan impenipun Firaun, bilih ing mangkih badhe wonten 7 taun wekdal paceklik saksampunipun 7 taun wekdal kelimpahan.

Lajeng dumugi wekdal paceklik, dumados ing saklumahing bumi. Sedaya tiyang kekirangan pangan, termasuk ugi ing Kanaan, saengga Yakub ngengken 10 putranipun mundhut gandum ing Mesir. Wekdal dumugi Mesir, kados impennipun sedaya kakangipun nyembah Yusuf...awit sedaya tiyang engkang mundhut gandum kedah nyembah rumiyin. Ananging sedherek Yusuf mboten mangertos, karena sampun pisah 20 taun...mulai Yusuf disade dados budak lan nyangka bilih Yusuf sampun pejah. Sanajan Yusuf langsung tepang kakang-kakangipun, piyambakipun mboten langsung nepangaken piyambakipun.

Dinten sakmangkah kita badhe ningali carios, Yusuf ngakeni piyambakipun dateng sedherek-sedherekipun,” *Bareng Yusuf mirsa para sadhereke, ora pangling, nanging Yusuf ethok-ethok ora ngreti, malah disentak sarta dipangandikani: “Kowe kabeh iku saka ngendi?” Ature kang kadangu: “Saking tanah Kanaan, badhe nempur.”*

Yusuf kathah paring pitakenan, lajeng nuduh sedherek-sedherekipun dados teliksandi lajeng nglebetaken ing pakunjaran. Piyambakipun nindakaken sedaya wau kangge ningali, sedherekipun sampun mratobat punapa dereng. Saksampunipun 3 dinten, Yusuf ngijinaken sawi kesah, ananging nahan setunggal, saha canten menawi badhe wangsul malih teng Mesir kedhah mbeto adikipun, anak Yakub engkang ragil Benyamin.

Saksampunipun pinten-pinten wulan, anak-anak Yakub wangsul malih teng Mesir mundhut Gandum saha mbeto Benyamin adhipun. Wekdal dumugi Mesir, anak-anak Yakub dibeto ing griyanipun Yusuf, karena Yusuf nyiapaken pesta kangge sedherek-sedherekipun. Para sedherekipun sami ajrih wekdal pesta, awit lelelgahanipun diatur miturut kelahiranyipun saking paling sepuh ngantos enem saha diparingi tetedhan saking mejanyipun Yusuf. Saben tetedhan diparingaken, Benyamin angsal 5 bagian saking sedherek sanesipun. Nanging tetep dhereng tepang, bilih panguwaos Mesir wau Yusuf adhipun.

Saksampunipun pesta, Yusuf ngengken para pelayan ngisi karung-karung gandum sedherekipun lan ugi ngumpetaken panggenan nginum perak Yusuf ing lebetipun karung Benyamin. Wekdal sampun sami kesah, Yusuf ngengken kepala pelayanyipun ngoyak lan nudhuh sampun maling. Singkat crita, wekdal ditangklet mboten ngakeni saha wicanten menawi ngantos barang engkang dipadosi wau kepanggih, pramila tiyang engkang mendhet angsal diukum pejah lan sedherek-sedherekipun purun dados budakipun Yusuf. Ananging cantenipun kepala pelayan, namung tiyang engkang nyolong mawon engkang dados budak saha ngijinaken sanesipun kesah. Lajeng saged kita penggalih panggenan nginum perak wau ditemuaken ing karungipun Benyamin. Wekdal mangertosi, sedherek-sedherekipun nyuwek klambinipun tanda susah lan wangsul wonten kutha nyembah Yusuf. Kalih sanget sami nyuwun dateng Yusuf supados mboten nahan Benyamin, ananging ngijinaken Benyamin wangsul teng Kanaan dateng bapakipun lan sedherek-sedherekipun purun manggen ing Mesir dados budakipun Yusuf.

Kakang-kakangipun Yusuf lajeng carios kadospundi sedhipun bapak engkang kecalan Yusuf saha ngeleresaken bilih sejatosipun Yakub mboten ngrilakaken Benyamin kesah teng Mesir. Lajeng Yudea kakang no 4, nyuwun Yusuf supados ngijinaken Benyamin wangsul lan piyambakipun purun nggantosaken adikipun. Wekdal Yusuf ningali kadospundi sedhipun karena kalepatan wekdal semanten lan raos tresna dateng bapak saha adikipun, Yusuf mangertos bilih kakang-kakangipun

sampun sami mratobat lan punika berarti sampun wekdalipun kangge ngakeni piyambakipun ing ngajengan sedherekipun.

Kitab suci ngendikan mekaten, *Ing kono Yusuf wus ora kuwat nahan panggalihe maneh ana ing ngarepe kang padha sowan, banjur ngandika seru: "Wong kabeh padha konen metu saka ing kene!" Dadi ing ngarsane Yusuf wus ora ana wong siji-sijia, nalika panjenengane mblakakake sarira marang para sadhereke. Sawuse mangkono Yusuf banjur muwun seru banget, nganti keprungu wong Mesir, malah iya nganti keprungu para santanane Firaun. Pangandikane Yusuf marang para sadhereke: "Aku iki Yusuf, bapak apa isih sugeng?" Nanging para sadhereke padha ora bisa ngaturake wangsulan, marga saka wedi lan geter ana ing ngarsane. Yusuf tumuli ngandika maneh marang para sadhereke: "Padha majua ta, nyedhaka mrene!" Tumuli padha maju. Sarta dipangandikani maneh: "Aku iki Yusuf adhimu, kang padha kok edol menyang tanah Mesir. Nanging saiki aja padha susah lan aja nggrantes, awit saka anggonmu wus ngedol aku mrene, awit Gusti Allah kang ngutus aku ndhisiki kowe supaya mitulungi urip. Sabab nagara kene iki anggone katempuh ing pailan wus rong taun, mangka bakale isih limang taun engkas ora naa wong mluku utawa panen. Mulane Gusti Allah ngutus aku ndhisiki kowe, supaya turunmu bisa lestari ana ing bumi iki lan supaya kowe kapitulungana urip, satemah panunggalanmu sabagean gedhe bisa kapitulungan. Dadine dudu kowe kang akon aku mrene, nanging Gusti Allah, Iya Panjenengane kang mrenahake aku dadi ramane Sang Prabu Pringon, lan mengku sakedhaton kabeh apadene nguwasani tanah Mesir kabeh. Dienggal padha balia menyang ngarsane rama, lan matura mangkene: "Piwelingipun ingkang putra Yusuf makaten: Gusti Allah sampun ngangkat kula dados ingkang nguwaosi satanah Mesir sadaya, sumangga kula aturi rawuh dhateng panggenan kula, sampun ngentosi punapa-punapa. Rama kula aturi dedalem wonten ing tanah Gosyen celak kaliyan kula, inggih rama dalah putra wayah, menda-menda lan lembu tuwin sadaya kagunganipun rama. Dene kula ingkang badhe nyekapi sadaya kabetahanipun rama, awit pailan punika taksih gangsal taun malih dangunipun, supados rama sakulawarga sampun ngantos dhumawah ing kamlaratan, punapa dene sadaya tiyang ingkang ndherek rama. Lah kowe lan adhiku Benyamin wus padha ndeleng dhewe, yen kang ngandhani kowe kabeh iki aku dhewe. Marga saka iku ramaku critanana bab kaluhuranku ana ing tanah Mesir kene, lan sabarang kang wus padha kokdeleng nuli dienggal ramaku dherekna mrene!" Kang rayi Benyamin banjur dirangkul gulune kanthi muwun, sarta Benyamin iya nangis ana ing astane Yusuf. Yusuf banjur ngarasi lan ngrangkuli para sadhereke klawan muwun. Sawuse mangkono para sadhereke lagi padha guneman karo Yusuf.*

Saksampunipun wau, sedherekipun Yusuf sami siap-siap wangsul ing griya bapakipun wonten Kanaan. Yusuf paring kereta sami engkang diperintahaken Firaun saha paring bekal kangge lumampahipun. Yakub saha sadaya keluarganipun pindah wonten Mesir. Ing tengahipun lumampah, Yakub paring pisungsung dateng Gusti Allah. "Pangandikane Gusti Allah: "Ingsun iki Allah, iya Allaha bapakira, sira

aja wedi lunga menyang Mesir, awitdene ana ing kana sira bakal Sundadekake bangsa kang gedhe. Ingsun piyambak kang nunggil lakunira menyang Mesir lan uga kang bakal ngirid lakunira bali maneh, karodene tangane Yusuf kang bakal ngeremake mripatira."

Mekaten senengipun manah bapak saha anak saged pinanggihan malih saksampunipun 20 taun . Dados milai wekdal wau manggen ing Mesir daerah Gosyen saha gantos nami Israel. 17 taun Yakub manggen wonten ing Mesir lajeng sedha. Keluarga wau tambah ageng jumlahipun lan dados suku engkang ageng sanget. Anak-anakipun ngubur Yakub ing tanah Kanaan kubur embahipun.

Saksampunipun Yakub sedha, para sedherek Yusuf kuwatos menawi Yusuf badhe males kejahatanipun , ananging Yusuf njamin bilih piyambakipun mboten badhe males, sabab Yusuf pitados kados engkang kaserat ing Kitab Suci, *"Pancen kowe padha ngrantam kang ala marang aku, nanging iku dicipta malih dadi becik dening Gusti Allah, supaya banjur nindakake kang kelakon ing dina iki, mitulungi urip marang bangsa kang gedhe.*

Sedherek, mekaten carios akhir kitab Purwaning Dumadi, kitab wiwitan wonten Kitab Taurat. Buku engkang dimilai kalih carios Allah nyiptakaken pigesangan lan diakhiri kalih carios kematian. Karana dosa Adam, pati sampun dugi dateng sedaya manungsa. Pangandikanipun Gusti, *"pituwase dosa iku pati."* Malah tiyang engkang sae kados Yusuf "penyedia pigesangan" ugi kedah pejah karana piyambakipun keturunan Adam, engkang mbeto dosa ing manahipun. Kalih pitulunganipun Gusti, Yusuf saged nyawisaken gandum kangge rakyat Mesir lan keluarganipun saking kaluwen....nanging piyambakipun mboten saged nyawisaken pigesangan wekdal sami ngadep pati punika piyambak. Kita patut tansah gadah raos syukur, awit ing kitab Purwaningdumadi kita maos janjinipun Allah engkang ajaib kangge ngutus dateng kita Penyelamat ngalahaken pati. Juruwilujeng wau badhe mbebasaken keturunan Adam saking dosa lan pituwasiipun. Sumbering dosa punika Setan saha kejahatan manah manungsa. Pituwasing dosa punika pati saha neraka. Juruwilujeng badhe ngawonaken sedaya wau saha ngribah pigesangan tiyang engkang pitados Penjenenganipun.

Sedherek pamireng, punapa penjenengan mangertos bilih Juruwilujeng wau saged paring pigesangan langgeng dateng tiyang engkang pitados ing Asmanipun. Wonten Injil gendikan mekaten, *"Pinujia Pangeran, Allahe Israel, sabab wis nuweni umate lan paring pangluwaran. Panjenengane nukulake sunguning karahayon kanggo kita... — kaya kang wis kapangandikakake wiwit kuna mula lumantar para nabine kang suci —*

Maturnuwun sampun mirengaken siaran punika, ing pinanggihan ngajeng kita badhe nyinauni kitab kaping 2 njih punika keluaran. Gusti paring berkah wekdal sami menggalihaken ayat suci inti Kitab Purwaningdumadi, *"dene ing ngendi kang dosane wuwuh akeh, ing kono sih-rahmat dadi saya luber"*

Menawi wonten pitakenan sumonggo ngubungi kawula ing no 081333777386 saged SMS ugi
WA.Nuwun..

Margining Karahayun

Pelajaran 28

Tinjauan Babagan Buku Pertama Taurat

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Dinten sakpunika kita badhe nyinauni Kitab Taurat. Kados engkang sampun kawula aturaken, Taurat punika buku pertama saking rangkaian seratan para nabi. Taurat piyambak kabagi 5 bagian, lan ing wonten pepanggihan kita engkang pungkasan, kita sampun ngrampungaken bagian pertama, njihpunika kitab Purwaning Dumadi. Dinten sakmangkih kita badhe miwiti bagian kaping 2, njihpunika kitab Keluaran. Kitab punika isinipun perkawis-perkawis ajaib saha ngeramaken perkawis kadospundi Allah ngedalaken keturunan Israel saking perbudakan bangsa Mesir.

Nanging sedherek, sakderengipun kita milai kitab kaping 2, monggo kita tingali malih perkawis-perkawis engkang sampun kita pelajari ing kitab PurwaningDumadi. Ayat 1 wonten PurwaningDumadi dngendikan, *“Ing jaman kuna sing wiwitan mula Gusti Allah nitahake jagad,”* Punika perkawis penting engkang kita sinauni; ING WIWITAN. Artosipun, wekdal dereng wonten punapa mawon, Allah sampun wonten. Penjenenganipun engkang wiwitan lan engkang langgeng. Mboten wonten sanesipun kejawi Penjenenganipun. Saklajengipun, kita ningali kadospundi Allah nyipta malaikat. Jutaan malaikat engkang suci dicipta supados ngladosi saha ngluhuraken Allah salami-laminipun. Ing antawisipun malaikat wau, wonten setunggal malaikat engkang didadosaken Allah pemimpin, Lucifer naminipun. Sanajan sampun dados pemimpin, Lucifer gadah mboten raos remen namung dados malaikat. Ing lebetipun manah, piyambakipun milai ngremehaken Allah, malah sesarengan malaikat-malaikat sanesipun ngrancangaken nggantosaken Allah. Perkawis punika, wujud pemberontakan dateng Allah lan Allah mboten saged ntolerir. Akibatipun Lucifer kalih rencang-rencangipun diusir Allah saking

Firdaus. Kangge malaikat-malaikat wau Allah nyiptakaken neraka lan ing mrika miturut kitab suci Lucifer engkang sakpunika kasebat Setan, sesarengan pendherekipun dibucal wekdal dinten kiamat.

Saklajengipun kita ugi sinau kadospundi Allah milai nyipta dunya lan sedaya isinipun, dados persiapan kangge manungsa engkang Penjenenganipun badhe cipta. Punika sakumpami setunggaling calon ibu nyiapaken sedayanipun nenggo kelahiran anakipun, anak engkang mekaten berharganipun kagem piyambakipun...mekaten wau engkang ditindakaken Allah. Allah ngrancang nyipta manungsa, ciptaan engkang paling mulya.ciptaan engkang dateng piyambakipun Allah badhe mbagi perasaan, saha maringaken Katresnanipun. Ciptaan engkang kados penjenenganipun, engkang saged diajak wicara...engkang saged dados rencang. Karana mekaten wonten punapa manungsa gadah jiwa engkang saged mikir, ntresnani saha raos kepingin. Punika nedahaken bilih manungsa benten kalih ciptaan sanesipun. Sedaya wau diparingaken Allah, supados manungsa saged tepang Allah, kalih manahipun saged ntresnani Allah lan kalih pikajenganipun saged naati dawuhipun Gusti.

Saklajengipun kita ugi sinau babagan ujian ketaatan saking Allah dateng manungsa engkang sampun dicipta pasangan. Adam kalih Hawa. Ujian punika supados mboten nedha woh wit pengetahuan engkang sahe lan awon. Nanging kita ugi sinau, bilih Adam lan Hawa milih kangge nyobi-nyobi keleresan wicantenipun Setan. Adam Hawa milih naati Setan tinimbang dateng naati Allah, saengga nedha woh engkang dilarang Allah. Akibatipun, kados engkang dingendikaken kitab suci, "*padha kaya pembangkange wong sing siji mau jalari wong akeh padha dadi wong dosa lan kematian mlebu saka dosa wong mau, lan karana iku kabeh wong kudhu mati.*" Karana dosa Adam, mboten namung Adam mawon engkang kapisah saking Allah, nanging sedaya keturunanipun termasuk kita sedherek.

Kita ugi sampun sinau kadospundi pigesangan Adam Hawa saksampunipun kausir saking taman Firdaus. Nanging sedherengipun medal saking taman, Allah martosaken setunggal rancangan endah, njihpunika kangge ngutus setunggaling juruwilujeng kangge keturunan Adam, engkang badhe ngluwaraken manungsa saking kuwaosipun Setan lan saking ukuman dosa. Juruwilujeng punika ugi badhe ngrebut malih hak kekuasaan Adam engkang ical direbut Setan wekdal Adam dawah ing godaanipun. Allah ngrancangaken badhe ngutus setunggaling juruwilujeng engkang sampurna, engkang mboten warisi dosa Adam...engkang badhe ngucuraken Rahipun dados tebusan kangge dosa keturanipun Adam. Kalian cara wau, Allah saged ngapuntenehi dosa umatipun tanpa nyalahi Keadilanipun, saha wangsulaken manungsa ing posisi engkang sakleresipun, posisi engkang dirancangaken Allah badhe dipanggeni manungsa, kangge sedaya tiyang, engkang milih kangge nampi tawaran kawilujengan punika.

Kangge negesaken janji wau, Allah lajeng ngorbanaken kewan lan saking kulitipun Allah ndamelaken Adam saha Hawa rasukan. Kalian nindakaken perkawis wau Allah ngajaraken dateng Adam Hawa bilih,

“pituwasipun dosa punika pati” lan “tanpa pangorbanan Rah, mboten wonten panganpunting dosa.”

Saklajengipun kita ugi nyinauni pigesangan kalih anak Adam, Kabil kalia Habil. Pigesangan Kabil lan Habil dados gambaran saking pigesangan manungsa, engkang pertama punika kelompok tiyang engkang kados Habil, engkang menghargai ketetapanipun Allah kanti paring pisungsung korban kewan dateng Allah. Menawi Kabil punika gambaran manungsa engkang nyobi sowan Allah kalih kekiatanipun piyambak, gambaran tiyang-tiyang engkang mboten ngormati saha mitadosi ketetapanipun Allah. Kabil nyangka, kalih tumindakipun saha panyambutadamelipun saged damel Allah nglaleaken pelanggaranipun. Akibatipun Gusti Allah nolak pisungsungipun Kabil lan nampi pisungsungipun Habil. Allah taksih usaha ngemutaken Kabil engkang kuciwa kangge nindakaken kaleresan, nanging Kabil malah mboten purun mirengaken saengga akhiripun dumados pembunuhan engkang kaping sepindah, njihpunika wekdal Kabil mejahi Habil adikipun.

Kathah keturunan Adam engkang nderek tumindakipun Kabil. Saengga ing jamanipun Nuh, mboten malih dipanggihi tiyang leres wonten ngarsanipun Allah. Kitab suci ngendikan, *“ora ono sing apik, kabih wong ing pikirane kabeh perkala kang ala.”* Saengga Allah gadah rancangan mbinasakan dunya lan isinipun kalih toya banjir. Allah namung manggih Nuh engkang taksih pitados dateng Allah saha nindakaken ketetapanipun.. Nuh didawuhi damel prau ageng kangge panggenan perlindungan sedaya engkang mlebet wekdal banjir ageng dumados. Antawis 100 taun Nuh damel prau ageng ...nanging mboten wonten tiyang sanes engkang pitados lan tobat.

Nuh gadah 3 anak, Sem, Ham saha Yafet. Nabi Ibrahim keturunan Nuh saking garis keturunan Sem. Wonten kisah Ibrahim kita maos bilih Allah ngengken Ibrahim medal saking griya bapakipun, lan kesah ing panggenan engkang naminipun Kanaan ing tanah Palestina. Allah ngendikan dateng Ibrahim, *“Kowe bakal dadi berkat...lan kabeh bangsa,umat bakal binerkahan ngliwati kowe.”* Artosipun Allah janji badhe ndadosaken Ibrahim dados bapa leluhur kangge setunggaling bangsa, saking mrika Juruwilujeng, Kitab suci, ugi para nabi badhe dumugi.

Ibrahim nggadahi anak Ishak..engkang lahir wekdal piyambakipun sampun sepuh. Ishak lajeng dados bapak saking Yakub, lan Yakub dados bapak saking 12 tiyang anak, engkang mangkih dados sumber kangge 12 suku bangsa Israel.

Wonten 3 pelajaran pungkasan, kita sampun tingali pigesangan setunggal anakipun Yakub, njihpuika anak kaping 11 Yusuf naminipun. Karana gething sedherekipun, Yusuf kabucal wonten Mesir, nanging kalih pitulunganipun Allah Yusuf dados tiyang engkang kuwaos. Wekdal wonten paceklik, kakang-kakangipun kesah teng Mesir, karena mindanger ing Mesir wonten bahan tetedhan. Kita ugi sampun

mangertos kadospundi kedadosan engkang damel Yusuf ngakeni dateng sedherek-sedherekipun. Lajeng piyambakipun paring ngapunten saha nyuwun Yakub saha sedaya keluarganipun pindah lan manggen wonten Mesir.

Mekaten kawontenan engkang mungkasi buku pertama kitab PurwaningDumadi, njihpunika keturunan Ibrahim sampun mboten manggen winten Kanaan malih, nanging ing Mesir. Sedaya wau dumados nggenepi punapa engkang Gusti ngendikakaken, *“Wruhanira ing satemene, turunira bakal dadi wong manca ana ing tanah kang dudu duweke, sarta bakal padha ngawula lan katindhes nganti patang atus taun lawase, nanging bangsa kang dikawulani iku iya bakal Sunukum. Sawuse mangkono bakal padha metu budhalan kalawan nggawa raja-darbe akeh banget.”*

Sedherek, mendelaken Umatipun piyambak dados budak saha nandang sengsara dening tiyang asing ngantos 400 taun, mesti wonten maksudipun. Maksud Allah punika supados sedaya bumi mangertosi, sadar bilih Allah engkang disembah Ibrahim, Allah tiyang Israel punika Allah engkang Gesang, Dahsyat, saha Maha Kuwaos....lan mboten wonten Allah sanes engkang nindakaken perkawis ajaib saha ngeramaken kados engkang ditindakaken wonten Mesir.

Sakpunika sedherek, kita badhe maos pasal 1 saking kitab Keluaran.

“ Yusuf tumuli seda, dalah para sadhereke lan kabeh barakane. Wong Israel banjur padha bebrananan lan ora kena dietung cacache; mundhak dadi akeh matikel-tikel, nganti ngebaki nagara. Nuli ana raja anyar kang jumeneng mengku tanah Mesir, kang ora mirsa bab Yusuf. Iku banjur ngandika marang para kawulane: “Bangsa Israel iku akeh banget, cacache nganti ngungkuli kita. Mulane payo padha golek rekadaya, supaya aja nganti wuwuh akeh maneh lan saupama ana peperangan aja nganti mbiyantu mungsuh kita, sarta merangi kita, banjur minggat saka nagara kene.” Mulane tumuli ngangkat pemimpin-pemimpin wong nyangga karya kang kadhawuhan nglurahi lan nindhes wong Israel kanthi matrapi pagawean peksan, didhawuhi ngedegake kutha Pitom lan Raamses kanggo gedhong patandhone Firaun. Nanging sanadyan panindhese mundhak dina mundhak abot, ewasamono malah saya wuwuh lan tangkar-tumangkar, temahan wong padha rumangsa wedi marang wong Israel. Wong Mesir anggone ngetrapi pagawean marang wong Israel banjur kanthi daksiya, uripe digawe nandhang pait-getir sarana pagawean kang abot banget, yaiku nggarap lempung lan gawe bata, pagawean warna-warna ana ing ara-ara, ringkese: sarupane pagawean kang ditrapake kanthi peksan dening wong Mesir. Raja ing Mesir uga dhawuh marang bidhan-bidhan kang nulungi wong wadon Ibrani, kang siji jenenge Sifra sijine Pua, pangandikane: “Samangsa sira nulungi wong wadon bangsa Ibrani kang nglairake anak, sira kudu namatake, manawa bayine lair lanang, enggal sira patenana, dene yen wadon kena lestari urip.” Nanging bidhan-bidhan mau wedi marang Gusti Allah, mulane ora ngestokake dhawuhe Raja ing Mesir, dadi bayi-bayine kang lanang iya padha

diuripi. Raja ing Mesir banjur nimbali bidhan-bidhan mau sarta padha didangu: “Yagene sira tumindak mangkono, isih nguripi bayi-bayi iku?” Unjoke bidhan-bidhan iku marang Firaun: “Kauningana, tiyang estri Ibrani punika boten sami kaliyan tiyang estri Mesir, sami kiyat-kiyat; saderengipun bidhan dhateng, bayi sampun lair.” Marga saka iku Gusti Allah banjur paring kamirahan marang bidhan-bidhan mau, dene bangsa iku saya wuwuh akeh maneh nganti tikel-matikel. Sarehne bidhan-bidhan iku padha ngabekti marang Gusti Allah, mulane padha dilestarekake turune. Firaun tumuli dhawuh marang para kawulane kabeh: “Sakehe anake wong Ibrani kang lair lanang padha cemplungna ing bengewan Nil, dene kang wadon iku uripana.”

Mekaten pungkasanipun pasal sepindah kitab Keluaran. Insya Allah, ing pinanggihan ngajeng kita badhe ningali, Allah milih saha nyiapaken pemimpin engkang badhe mbeto Israel medal saking Mesir.

Matursuwun sampun sesarengan kalih kawula ing siaran punika, Allah mberkahi sedherek. “*Kabeh kang katulis ing jaman semono, ditulis kanggo ngajar kita, lan karo kekuatan lan panglipuring Kitab suci, kita duwe pangarepan.*”

Menawi wonten pitakenan sumonggo ngubungi kawula ing no 081333777386. Maturnuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 29

Nabi Musa

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Sedherek, wonten 5 kitab ing kitab Taurat, engkang diserat dening nabi Musa. Ing program pungkasan kita sampun mungkasi kitab sepindah njihpunika kitab PurwaningDumadi, lan sampun ningali garis besar saking kitab kaping 2 engkang dinamikaken Keluwaran. Pandonga kawula supados penggalih lan manah kita kabukak kangge nampi terang Illahi wekdal kita maos buku engkang kathah sedaya pitutur.

Wonten kitab PurwaningDumadi engkang pungkasan keturunan Ibrahim, Ishak saha Yakub pindah ing Mesir, tebih saking Kanaan panggenan engkang dijanjikaken Allah. Kitab kaping 2, kitab Keluaran dinilai saking peristiwa manggenipun keturunan Ibrahim wonten Mesir

Wonten pasal 1, kaserat mekaten, *“Iki jenenge para putrane Israel kang padha teka ing tanah Mesir,; siji-sijine karo brayate: Ruben, Simeon, Lewi lan Yehuda, Isakhar, Zebulon lan Benyamin, Dhan lan Naftali, Gad lan Asyer. Turune Yakub iku gunggungé kabeh ana pitung puluh, nanging Yusuf wus ana ing tanah Mesir. Yusuf tumuli seda, dalah para sadhereke lan kabeh barakane. Wong Israel banjur padha bebrananan lan ora kena dietung cacahé; mundhak dadi akeh matikel-tikel, nganti ngebaki nagara. Nuli ana raja anyar kang jumeneng mengku tanah Mesir, kang ora mirsa bab Yusuf. Iku banjur ngandika marang para kawulane: “Bangsa Israel iku akeh banget, cacahé nganti ngungkuli kita. Mulane payo padha golek rekadaya, supaya aja nganti wuwuh akeh maneh lan saupama ana peperangan aja nganti mbiyantu mungsuh kita, sarta merangi kita, banjur minggat saka nagara kene.” Mulane tumuli diangkat pemimpin-pemimpin wong nyangga karya kang kadhawuhan nglurahi lan nindhes wong Israel kanthi matrapi pagawean peksan, didhawuhi ngedegake kutha Pitom lan Raamses kanggo gedhong patandhone Firaun. Nanging sanadyan panindhese mundhak dina*

mundhak abot, ewasamono malah saya wuwuh lan tangkar-tumangkar, temahan wong padha rumangsa wedi marang wong Israel. Wong Mesir anggone ngetrapi pagawean marang wong Israel banjur kanthi daksiya, uripe digawe nandhang pait-getir sarana pagawean kang abot banget, yaiku nggarap lempung lan gawe bata, pagawean warna-warna ana ing ara-ara, ringkese: sarupane pagawean kang ditrapake kanthi peksan dening wong Mesir.

Sedherek, wonten pinten-pinten perkawis engkang kita gatosaken ing mriki. Taksih emut mboten, bilih wekdal pertama Gusti ngrancang mbangun setunggaling bangsa engkang enggal, dimilai nglangkungi kalih tiyang engkang sampun sepuh, Ibrahim lan Sarai sisihanipun. Ishak lahir wekdal Ibrahim nyuswa 100 taun, lajeng saking Ishak lahir Yakub, lan saking Yakub lahir 12 anak lan wekdal pindah dateng Mesir namung 70 tiyang. Nanging saksampunipun 300 taun, jumlahipun sedaya langkung saking sakyuta. Malah wekdal Firaun raja Mesir damel gesangipun sengsara kanti dadosaken budak supados tiyang Israel telas, Gusti tetap setya ing Janjinipun. Allah terus paring pitulung dateng tiyang Israel, saengga mboten kirang ananging malah tambah kathah. Sedherek penjenengan pirsani kaleresan punika, Allah punika mekaten setya. Penjenenganipun mboten nate nglaleaken punapamalih selak saking Janjinipun. Allah mesti nggenepi sedaya Janjinipun, sanajan kangge manungsa ketingalipun kasep. Kados conto engkang kita tingali sakniki, wekdal saking janji dateng Ibrahim ngantos tiyang Israel dados bangsa ageng ing Mesir langkung saking 500 taun...nanging Gusti kabuktin nggenepi Janjinipun njih?

Lajeng sedherek....Firaun duka karena mboten kasil nekan jumlah tiyang Israel kalih dadosaken budak, Pramila piyambakipun gadah rencana enggal. Rencana engkang sanget jahatipun, njihpunika kangge mbucal sedaya bayi jaler Israel wonten lepen Nil. Saking pundi rencana punika sedherek? Saking Setan. Setan mangertos menawi bangsa Israel mboten diancuraken, pramila piyambakipun badhe remuk, karena Setan mangertos bilih Allah sampun janji badhe ngutus Juruwilujeng wonten dunya. Juruwilujeng engkang badhe mbebasaken keturunan Adam saking ukuman dosa lan neraka. Setan ugi mangertos bilih Juruwilujeng wau badhe rawuh wonten dunya langkung bangsa Israel. Punika sebabipun, wonten punapa Setan ngangge Firaun lan kalih sedaya cara ngicalaken bangsa Israel saking dunya, termasuk kalih mbucal bayi-bayi jaler wonten lepen Nil. Nanging punapa Gusti mendel kemawon ngadepi rencana jahat wau?

Sedherek, Allah engkang langkung kuwaos lan kiat saking Setan, gadah rencana piyambak ing lebetipun rencana Firaun wau. Rencana Allah njihpunika ngawontenaken setunggaling pahlawan saking tengah-tengah Israel, Musa naminipun. Wonten pasal 2:1-11 Kitab Keluwaran kaserat carios pigesangan Musa wekdal alit; *Ana wong lanang turune Lewi omah-omah karo wong wadon iya turune Lewi; wong wadon iku tumuli ngandhut sarta nglairake anak lanang. Bareng weruh yen bayine iku*

bagus, nuli didhelikake nganti telung sasi lawase. Nanging sarehne sabanjure wus ora bisa didhelikake maneh, mulane dijupukake pethi pandhan, dipopok nganggo aspal lan tir, bayine banjur diselehake ing jerone, sarta pethi iku mau nuli didokok ing satengahe wlingen ing pinggir bengawan Nil. Bakyune ngadeg kepara adoh karo ngawat-awati lan arep weruh kapriye bakal kadadeane. Ing kono putrane putri Firaun tindak menyang ing bengawan Nil karsa siram, sarta para nyaine padha dolan-dolan ana ing sapinggire bengawan, Sang Putri tumuli mirsa pethi kang ana ing satengahe wlingen, banjur utusan embane njupuk. Bareng dibukak, mirsa bayine lagi nangis, temah runtuh welase sarta ngandika: "Bayi iki genah anake wong Ibrani!" Bakyune banjur matur marang putrine Sang Prabu Pringon: "Punapa kawula kepareng madosaken panjenengan dalem inya tiyang Ibrani ingkang nesepi bayi punika?" Paring wangsulane putrine Firaun: "Iya becik!" Prawan mau tumuli lunga ngundang ibune bayi iku. Sang Putri banjur ngandika marang wong wadon iku: "Bayi iki gawanen, susonana; kowe bakal dakwenahi pituwas." Wong wadon mau banjur nggawa bayine disusoni. Bareng bocahe wus gedhe, banjur diaturake marang putrine Firaun, dipundhut dadi putra angkat lan diparingi nama Musa, pangandikane: "Marga dakentasake saka ing banyu."

Punika wau carios kelahiranipun Musa. Cobi sedherek penggalihaken, mekaten lebet hikmat Allah. Wekdal bayi-bayi jaler sanes dipejahi, Allah ngatur supados bayi Musa manggen wonten ing panggenan engkang sae saha paling aman, njihpunika istana Firaun piyambak. Kalih ngagem putri Firaun, Allah nyiapaken Musa dados pemimpin, engkang badhe mbeto bangsa Israel dumateng kamardikanipun. Kitab Suci ngendikan, "Musa dididik saka pengetahuan wong Mesir, salirane duwe kuwasa ing pangandikan lan tumindake."

Ing Kitab Suci Pasal 2:11-15 dingandikakaken, "Kacarita bareng Sang Musa wus diwasa, tindak-tindak nuweni para kadange, kepengin nguningani anggone nindakake pagawean peksan; nuli mirsa ana wong Mesir menthung wong Ibrani, panunggalane para kadange. Sawuse ngawasake ngiwa-nengen lan uninga yen ora ana wong, wong Mesir mau banjur dipateni, jisime dipendhem ana ing pawedhen. Bareng esuke tindak maneh, sarta mirsa ana wong Ibrani loro kang lagi padha kerengan, kang salah banjur didangu: "Yagene kowe kok nggitiki kancamu?" Wangsulane wong iku: "Sinten ingkang ngangkat panjenengan dados pemimpin lan hakim kula? Punapa kula badhe panjenengan pejahi kados anggen panjenengan mejahi tiyang Mesir punika?" Ing kono Musa kuwatos, pangunandikane: "Prakara iki genah wus kaweruhan!" Firaun bareng midhanget prakara mau, nuli golek reka-daya arep nyedani Musa. Nanging Musa lolos saka ngarsane Firaun, lan rawuh ing tanah Midian, banjur lenggah ana ing sapinggiring belik.

Sedherek, sering sanget ugi kita tumindak sembrono kados Musa. Maksudipun, kita sering nglampahi tumindak kalih kekiatan kita piyambak. Perkawis Musa, Allah panci milih piyambakipun dados

pemimpin engkang badhe mbeto kamardikan kangge bangsanipun, ananging punika sanes awit kekiatan Musa, ananging karena kuwaos Allah. Musa piyambak namung manungsa biasa engkang mboten gadah kuwaos mbebasaken bangsanipun saking tangan Firaun, kecuali namung menawi Allah paring kuwaos dateng piyambakipun.

Akibat tindakan Musa nyobi mbela bangsa Israel kalih kekiatanipun piyambak, Musa diusir saking mesir lan kedhah manggen ing pesamunan Midian 40 taun. Wonten kitab suci ngendikan, *“kowe wis tumemen tumrap prakara kang cilik, kowe bakal dakpiyani nindakake prakara gedhe”*. Wonten panggenan engkang garing, Allah nggadahi kathah pelajaran engkang kedhah Musa sinauni, sakderengipun piyambakipun leres-leres milai nindakaken tugas engkang sampun Gusti tetepaken. 40 taun manggen ing Midian, Musa nikah lan gadah anak 2. Musa sinau dados pemimpin saha dados pangen kewan kagungan morosepuhipun. Punika caranipun Allah ngajar saha nyiapaken Musa nindakaken tugasipun mangkih.

Wonten Keluwaran 2:23-25 dingendikakaken, *“Kacarita sawuse antara lawas Raja ing Mesir seda. Nanging wong Israel isih sambat ngaru-ara, awit saka anggone padha dadi batur, mangka pangadhuhe kang jalaran saka aboting pagawean mau wus sumengka marang ing ngarsane Gusti Allah. Gusti Allah miyarsakake pasambate, sarta banjur ngengeti prasetyane karo Abraham, Iskak lan Yakub. Gusti Allah mirsani lan nggatosake marang wong Israel.”*

Mboten saged diselaki, menawi bangsa Israel kedah nandang sengsara engkang awrat lan kanti wekdal engkang dangu. Nanging kados engkang kita waos, bilih Allah mboten nyupekaken. Allah ngrancangaken mbebasaken Israel saking Firaun karena Kasetyanipun saha Katresanipun. Punika ketingal wonten ayat pungkasan wau, *“Gusti Allah miyarsakake pasambate, sarta banjur ngengeti prasetyane karo Rama Abraham, Iskak lan Yakub. Gusti Allah mirsani lan nggatosake marang wong Israel.”*

Sedherek, Allah Engkang Maha Setia saha Maha Welas emut Janjinipun dateng Ibrahim, wekdal ngendikan, *“Sira bakal Sundadekake bangsa kang gedhe..... sarta sira bakal dadi jalarane para bangsa ing salumahing bumi padha binerkahan.” “Wruhanira ing satemene, turunira bakal dadi wong manca ana ing tanah kang dudu duweke, sarta bakal padha ngawula lan katindhes nganti patang atus taun lawase, nanging bangsa kang dikawulani iku iya bakal Sunukum. Sawuse mangkono bakal padha metu budhalan kalawan nggawa raja-darbe akeh banget.*

Maturnuwun sampun mirengaken ing adicara kawula dinten punika. Menawi sedherek wonten pitakenan sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386, saged WA ugi SMS. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 30

Musa Pinanggih Kalian Allah

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Wonten pinanggihan engkang pungkasan, kita ningali Firaun raja Mesir ndadosaken keturunan Ibrahim, inggih tiyang Israel dados budak. Nanging Kitab Suci nyariosaken, sanajan samsaya ditekan bangsa Israel malah samsaya kathah. Kedadosan punika ndadosaken Firaun duka, saengga paring parintah sedaya bayi jaler Israel kedhah dibucal wonten lepen Nil.

Nanging Allah engkang setia dateng Janjinipun mboten mendelaken Firaun kasil kalih rencanaipun ngicalaken bangsa Israel. Kalih caranipun Allah damel setunggaling bayi selamat saking Firaun, malah dirimat lan diagengaken dening putrinipun ing istana. Bayi wau namipun Musa. Nyuswa 40 taun kalih kekiatanipun piyambak usaha nulung bangsanipun, nanging akibatipun Musa kedah mlajar saking Mesir awit badhe dipejahi Firaun. 40 taun Musa manggen wonten Midian lan dados pangen morosepuhipun.

Dinten sakmangkih monggo kita lajengaken cariosipun Musa kados engkang kaserat wonten Kitab Suci. Keluaran 3 kaserat mekaten, “Anadene Musa saben-saben ngengen wedhuse Imam Yitro, kang rama marasepuh, imam ing Midian. Nalika ing sawijining dina pinuju nggiring wedhuse nganti ngliwati wates pasamunan, lan rawuh ing gununge Gusti Allah, yaiku gunung Horeb, tumuli dikatingali dening Malaekating Yehuwah ing sajroning urube geni ana ing tengahe grumbul eri. Banjur uninga: grumbul eri iku murub, ewadene ora kamangsa ing geni. Musa banjur ngunandika: “Coba dakparanane daksatitekne sesawangan kang elok iku, apa sababe dene grumbul eri iku ora nganti kobong? Bareng Pangeran Yehuwah mirsa yen Musa sumedya murugi nyatitekake, tumuli nguwuh saka ing satengahe grumbul eri, pangandikane: “Musa, Musa!” Unjuke Musa: “Kawula nuwun!” Dhawuhe Gusti Allah:

“Sira aja nyedhak mrene, trumphira copoten saka ing sikilira, awitdene panggonan kang sira idak iku tanah kang suci!” Sarta maneh pangandikane: “Ingsun iki Allaha leluhurira, Allaha Abraham, Allaha Iskak lan Allaha Yakub!” Musa banjur nutupi pasuryane, marga ajrih nyawang marang Gusti Allah. Pangandikane Pangeran Yehuwah: “Ingsun wus nggatekake kalawan temenan marang kasangsarane umatingSun kang ana ing Mesir, sarta wus miyarsa panangise marga saka kang padha nindhese. Ingsun nguningani kasangsarane. Mulane Ingsun tumedhak karsa nguwalake umatingSun saka ing tangane wong Mesir, sarta Sun irid metu saka ing nagara iku menyang nagara kang becik lan jembar, nagara kang luber puwan lan madu, panggonane wong Kanaan, wong Het, wong Amori, wong Feris, wong Hewi lan wong Yebus. Samengko pasambate wong Israel iku wus sumengka marang ing ngarsaningSun; sarta Ingsun wus nguningani kerasing panindhese wong Mesir marang umatingSun. Kang iku ing samengko sira mangkata, sira Sunutus nemoni Pringon, supaya umatingSun Israel iku sira irida metu saka ing tanah Mesir.” Ing kono unjuke Musa marang Gusti Allah: “Kawula punika sinten ta, dene kadhawuhan sowan dhateng Firaun sarta mbekta medal tiyang Israel saking tanah Mesir?” Gusti Allah banjur ngandika: “Ingsun rak bakal nunggil kalawan sira, sarta iki kang dadi pratandhane, menawa Ingsun kang ngutus sira: Samangsa sira wus nggawa metu bangsa iku saka ing tanah Mesir, sira bakal padha ngabekti marang Gusti Allah ana ing gunung iki.” Unjuke Musa marang Gusti Allah: “Nanging manawi kawula manggihi tiyang Israel sarta kawula cariyosi: Gusti Allaha para leluhurmu kang ngutus aku nemoni kowe, mangka lajeng sami pitaken: Asmanipun sinten? Kados pundi wangsulan kawula?” Pangandikane Gusti Allah marang Musa: “INGSUN ANA KANG ANA.” Pangandikane maneh: “Tuturira marang wong Israel mangkene: INGSUN ANA iku kang ngutus aku nemoni kowe.” Dhawuhe Gusti Allah marang Sang Musa maneh: “Tutura marang wong Israel mangkene: Pangeran Yehuwah, Gusti Allaha para leluhurmu, Gusti Allaha Rama Abraham, Gusti Allaha Rama Iskak lan Gusti Allaha Rama Yakub, iku kang ngutus aku nemoni kowe. Dene iya iku asmaningSun ing salawas-lawase, iku sebutaningSun turun-tumurun.

Wonten 4 sifatipun Allah engkang saged kita sinauni saking Sabdanipun Allah kagem Musa ing grumbul eri engkang murub wonten gunung Sinai

Sepindah, Allah punika suci! Allah engkang suci ngentingal dateng Musa ing salebeting geni. Wekdal Musa miring suwanten Allah, piyambakipun ajrih lan mboten wanton ngangkat rainipun karena Musa sadar piyambakipun nembe wonten hadiratipun Allah. Wonten hadiratipun Allah punika, para malaikat sami memuji Gusti, “rina-wengi tanpa leren anggone ngucap mangkene: “Suci, suci, suci Pangeran Allah, ingkang Mahakuwasa, ingkang rumiyin wonten, ing samangke wonten, saha ingkang badhe rawuh.” Para malaikat tepang saha sadar kalih kasucinipun Allah, mekaten ugi Musa....punika ugi engkang Gusti kersakaken saking kita sedaya supados tepang dateng Kasucinipun.

Sedherek, punapa penjenengan sadar bilih penting sanget kangge kita mangertos Kasucinipun Allah? Monggo kita emut carios sakderengipun, Allah kedah ngusir Adam Hawa saking taman Eden karena dosanipun, Allah nolak korbanipun Kabil karena Kasucinipun. Karena Kasucinipun Allah ngukum manungsa ing jamanipun Nuh kalih toya banjir. Lajeng Gusti mbuyaraken penduduk Babel kalian basanipun karena nyobi nglawan Allah. Ing Jaman Ibrahim, Allah ngukum Sodom Gomora kalih udan geni saking langit, ugi karena Kasucinipun.

Tragisipun, ngantos dinten sakniki, kathah tiyang engkang mboten ngajeni kalih Kasucinipun Allah. Kathah tiyang engkang kanthi blak-blakan tumindak dosa lan seneng-seneng ing lebetipun. Manungsa gagal mangertosi Kasucinipun Allah kanthi dadosaken agami kados rasukan, nanging mboten nyelidiki kitab suci supados mangertos kaleresan Sabdanipun Allah. Wonten tiyang biasa nyebat asmanipun Allah, nanging manahipun mboten tulus. Ing mriki manungsa usaha mangertos Kasucinipun Allah kanti usahanipun piyambak, kados pasa, wongsal-wangsul sembahyang, utawi nyucikaken awaknipun piyambak langkungi upacara-apacara. Nanging sedherek, miturut seratan para nabi, bilih perkawis engkang wonten njawi mboten ngremenaken manah Allah engkang nuntut supados saben manungsa suci wonten manahipun. Sedherek pamireng, penjenengan mangertosi bilih Allah punika suci, punika sebabipun Allah ngendikan dateng Musa. “trumpahira copoten saka ing sikilira, awitdene panggonan kang sira idak iku tanah kang suci!”

Kaping 2, Allah punika Seya. Penjenenganipun Allah engkang njagi perjanjianipun, punika sebabipun Allah paringteping dateng Musa mekaten, “Ingsun iki Allahe leluhurira, Allahe Abraham, Allahe Isak lan Allahe Yakub!” Pangandikanipun Gusti menika kedahipun dugiaken raos rena dateng tiyang engkang pingin nyelak Gusti lan ngraosaken persekutuan kalih Penjenenganipun. Allah engkang suci punika ugi Allah engkang netepaken perjanjian lan mboten ninggalaken Sakabat-sakabatipun...sanajan sampun atusan ewon, Allah panggah emut kalih perjanjian engkang didamel kalih Ibrahim, Isak, Yakub ugi keturunanipun.

Punapa sedherek ngajeni kasteyanipun Allah? Punapa sedherek gadah saha ngraosaken hubungan akrab kalih Allah? Sakleresipun sedherek, punika pitakenan penting menawi penjenengan kepengin gesang sejatos wonten gesang sakmangkih ugi engkang badhe dumugi. Kawula mboten tangklet, “punapa sedherek gadhah agami?” karena naati aturan agami mboten badhe damel manungsa sampurna wonten ngajengipun Allah. Engkang kawula tangkletaken, “punapa sedherek gadhah hubungan pribadi kalih Allah? Punapa sedherek pitados kalih margi lurus engkang sampun ditetepaken Allah kangge saran gadhah hubungan akrab kalih Penjenenganipun?”

Wonten pangandikan mekaten, akeh dalan tumuju Roma.....nanging perkawis margi engkang tumuju dateng kawilujengan, kitab suci kanthi tegas ngendikan mekaten, “ Gusti Allah iku asipat tunggal,

samono uga Panjenengane kang dadi pantawis antarane Gusti Allah lan manungsa iku uga mung siji.” Lajeng wonten napa kok kathah agami? Punika awit kathah manungsa sampun nglalikaken dasar kaleresan engkang ditetepaken Allah kalih Ibrahim, Ishak, lan Yakub, perkawis janji Allah babagan setunggal tiyang pantawis engkang badhe mbebasaken manungsa saking ukuman lan kuwaosipun dosa. Manungsa mboten mangertos bilih Sabdanipun Allah mboten nate ewah...saha mboten mengertosi Allah punika Maha Setya.

Sifat saklajengipun Allah punika maha Asih. Sih piwelasiipun ketinggal kanti Penjenenganipun ngutus lan ngendikan dateng Musa, “ “Ingsun wus nggatosake kalawan temenan marang kasangsarane umatingSun kang ana ing Mesir, sarta wus miyarsa panangise marga saka kang padha nindhes. Ingsun nguningani kasangsarane. Mulane Ingsun tumedhak karsa nguwalake umatingSun....Allah nindakaken sedaya wau awit Sih Piwelasi saha Kasetyanipun, sanes karena tiyang Israel piyambak. Artosipun bangsa Israel sakleresipun mboten sae utawi langsung leres tinimbang bangsa sanes...mboten layak, nanging karena Allah sampun Janji saengga paring pitulung dateng umatipun.

Setunggal pelajaran malih, wekdal Musa tangklet, “*Sinten Penjenengan?* Punapa saged pribadi Allah digambaraken kalih nami? Engkang ngendikan kalih Musa punika Allah engkang Maha Ageng, Maha Suci, Maha Setya saha Maha Welas. Penjenenganipun Allah engkang mboten saged ditingali, Allah engkang nyiptaaken, mirsani saha mangertosi sedayanipun, sinten asmanipun?

Tiyang nyangka nama Allah punika Allah. Panci leres Allah punika Allah. Nanging Allah sanes Naminipun. Allah punika Jati dirinipun, Kawontenanipun. Dados sinten sejatosipun naminipun Allah? Gatosaken jawaban Allah dateng Musa, “INGSUN ANA KANG ANA.” “Tuturira marang wong Israel mangkene: INGSUN ANA iku kang ngutus aku nemoni kowe.” Dhawuhe Gusti Allah marang Sang Musa maneh: “Tutura marang wong Israel mangkene: Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe para leluhurmu, Gusti Allahe Rama Abraham, Gusti Allahe Rama Iskak lan Gusti Allahe Rama Yakub, iku kang ngutus aku nemoni kowe. Dene iya iku asmaningSun ing salawas-lawase.”

Sinten nami engkang langgeng salami-laminipun? Naminipun, Gusti engkang kaserat ing basa Ibrani, YHWH” engkang artosipun Sang Langgeng. Ing kitab suci nami punika kaginakaken antawis 6500 langkung. Allah punika Gusti. “Isun” engkang Maha Langgeng, engkang sampun wonten, engkang wonten lan engkang wonten kangge selaminipun. Penjenenganipun mboten wonten wiwitanipun lan mboten wonten pungkasanipun, mboten winates. Penjenenganipun wonten karena Kuwaosipun piyambak. Gusti punika naminipun.

Sedherek matursuwun sampun sesarengan kaliau kawula, pepanggihan ngajeng kita badhe nglajengaken cariosipun Musa lan ningali kadospundi Gusti ngutus Musa dateng Firaun. Gusti paring

berkah wekdal sedherek menggalihaken pangandikanipun Allah dateng Musa, "INGSUN ANA KANG ANA. Isun Gusti....iku asmaku saklawase!"

Menawi sedherek wonten pitakenan saged ngubungi kawula ing no 081333777386 saged SMS ugi WA. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 31

Firaun, Sinten punika Gusti?

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Dinten sakniki kita badhe nglajengaken carios Musa saha tiyang Israel ing Mesir. Wonten pelajaran sakderengipun, kita mangertos bilih Firaun usaha ngicalaken sedaya tiyang Israel kalih cara ndadosaken budak, malah ugi ngengken mejahi sedaya bayi jaler Israel kanti cara mbucal wonten lepen Nil. Ananging Gusti kagungan cara nglangkungi Musa mbebasaken umatipun. Musa dididik wonten istana Firaun kalih sedaya pengetahuan tiyang Mesir. Nyuswa 40 taun Musa usaha mbebasaken bangsanipun kalih caranipun piyambak. Akibatipun Musa mlajeng saking Mesir lan manggen wonten pesamunan Midian, antawis 40 taun piyambakipun dados pangen wedhus gimbal morosepuhipun. Ing mriku piyambakipun sinau, bilih piyambakipun namung manungsa biasa engkang mboten nggadahi kekiatan kangge mbebasaken bangsanipun, kejawi Allah paring sedaya wau dateng piyambakipun.

Wekdal Musa nyuswa 80 taun, Allah ngentingal dateng piyambakipun ing gunung Sinai, awujud latu ing grumbul eri engkang mboten kobong. Musa mekaten kagetipun, lan wekdal nyelaki, piyambakipun mindanget suwanten, *“trumpahira copoten saka ing sikilira, awitdene panggonan kang sira idak iku tanah kang suci!”* Sarta maneh pangandikane: *“Ingsun iki Allahe leluhurira, Allahe Abraham, Allahe Iskak lan Allahe Yakub!”* Sang Musa banjur nutupi pasuryane, marga ajrih nyawang marang Gusti Allah. Pangandikane Pangeran Yehuwah: *“Ingsun wus nggatosake kalawan temenan marang kasangsarane umatingSun kang ana ing Mesir, sarta wus miyarsa panangise marga saka kang padha nindhes. Ingsun nguningani kasangsarane. Mulane Ingsun tumedhak karsa nguwalake umatingSun saka ing tangane wong Mesir,”*

Kadospundi wusananipun Pangandikanipun Gusti kalih Musa saha ngutus Musa dateng Firaun. Ing pasal 3 Allah janji badhe ngirit Musa, paring kawicaksanaan saha kuwaos kangge ngadepi Firaun ...nanging ing pasal 4 Musa ajrih. Mekaten suraosipun, “Kados pundi manawi tiyang-tiyang wau sami boten ngandel dhateng kawula saha boten mirengaken dhateng tembung-tembung kawula, malah lajeng wicanten: Pangeran Yehuwah boten ngatingal dhateng panjenengan?” Pangandikane Pangeran Yehuwah marang Sang Musa: “Sira nyekel apa iku?” Unjoke Sang Musa: “Punika teken.” Dhawuhe Pangeran Yehuwah: “Teken iku sira uncalna ing lemah!” Banjur kelakon diuncalake ing lemah, tumuli malih dadi ula, Sang Musa satemah mlajeng. Pangeran Yehuwah banjur ngandika maneh marang Sang Musa: “Tanganira gumrageha, pethite cekelen!” Sang Musa banjur gumrageh astane, pethite dicepeng, banjur malih dadi teken maneh ana ing astane. “Iku supaya padha ngandela, yen sira wus diketingali dening Pangeran Yehuwah Gusti Allahe para leluhure, Gusti Allahe Abraham, Gusti Allahe Isak lan Gusti Allahe Yakub.”

Unjoke Musa marang Pangeran Yehuwah: “Dhuh Pangeran, kawula punika boten saged rembagan, wiwit rumiyin mila, wiwit Paduka mangandikani, inggih sanes ahli micara, margi gineman kawula alot saha ilat kawula kaken. Nanging Yehuwah ngandika: “Sapa kang nitahake ilate manungsa, lan sapa kang nitahake wong bisu utawa budheg, wong melek utawa wong wuta? Apa dudu Ingsun, Yehuwah? Kang iku sira mangkata, Ingsun kang bakal ngereh ilatira lan mulang marang sira apa kang kudu sira ucapake.” Ewadene unjoke Musa: “Dhuh Pangeran, mugl Paduka karsaa utusan sinten kemawon ingkang pantes Paduka utus!” Ing kono tuwuh dukane Pangeran Yehuwah marang Musa, pangandikane: “Apa Harun kakangira wong Lewi iku ora ana ing kana? Ingsun mirsa, yen iku wasis micara, malah wus mangkat methuk sira, lan samangsa ketemu klawan sira, bakal bungah atine. Harun iku sira tuturana lan tembung-tembung mau dokoken ing cangkeme, dene Ingsun kang bakal ngereh cangkemira lan cangkeme Harun, sarta sira bakal Sunwulang apa kang perlu sira lakoni. Harun iku kang bakal makili sira mituturi bangsa iku, kalawan mangkono Harun iku minangka cangkemira lan sira kaya kang dadi Allahe. Anadene teken iku sira gawaa, iku minangka sarana anggonira nindakake pratandha-pratandha mau.” Musa tumuli wangsul manggihi Imam Yitro marasepuhe, sarta ature: “Kula kalilana wangsul manggihi sanak-kadang kula ingkang wonten Mesir, badhe kula tuweni, punapa taksih sami gesang?” Wangsulane Imam Yitro: “Iya becik mangkata kalawan tentrem!” Anadene Pangeran Yehuwah iya wus ngandika marang Musa ana ing tanah Midian: “Sira balia menyang Mesir, awitdene sakehe wong kang nedya mateni sira iku wus padha mati.” Musa banjur ngajak garwane lan putra-putrane, padha katunggangake ing kuldi wangsul menyang ing tanah Mesir; lan tekene Gusti Allah iku diasta. Dhawuhe Yehuwah marang Musa: “Anggonira bali menyang ing tanah Mesir iku kudu tansah eling, supaya sakehe kaelokan kang wus Sunpasrahake

marang sira iku sira tindakna ana ing ngarepe Firaun. Ingsun bakal mangkotake atine Pringon, temah bakal ora nglilani lungane umatingSun.

Anadene Yehuwah wus ngandika marang Harun, mangkene: *“Sira methukna Musa menyang ing pasamunan.”* Harun tumuli mangkat lan kepanggih karo Musa ana ing gununge Gusti Allah, banjur diaras. Musa tumuli ngaturi uninga marang Harun bab sakehe pangandikaning Yehuwah kang wus diwelingake lan sakehe pratandha kang wus kadhawuhake supaya ditindakake. Musa lan Harun banjur tindak sarta nglempakake sakehe tuwa-tuwane Israel. Harun tumuli nglairake sakehe pangandika kang wus didhawuhake dening Pangeran marang Musa, sarta nindakake pratandha-pratandha ana ing ngarepe bangsa iku. Bangsa mau banjur ngandel, sarta bareng krungu yen Pangeran Yehuwah wus nuweni marang wong Israel lan wus mirsani ing kasangsarane, temah padha jengkeng sujud.

Lajeng pasal 5:1-2 mekaten, *“Sawuse mangkono Musa lan Harun tumuli padha sowan marang ing ngarsane Firaun sarta matur: “Dhawuhipun Pangeran Yehuwah Gusti Allahipun Israel makaten: Sira nglilanana umatingSun supaya padha menyang ing pasamunan nganakake riyaya konjuk marang Ingsun!” Nanging pangandikane Firaun: “Sapa ta Yehuwah iku, kang prentahe kudu sunestokake bab nglilani lungane wong Israel? Ingsun ora wanuh karo Yehuwah iku lan uga ora bakal nglilani lungane wong Israel.”*

Kita mandeg rumiyin ing mriki. Punapa engkang dingendikaken Musa punika pangandikanipun Allah piyambak. Artosipun Allah piyambak engkang nembe ngendikan dateng Firaun nglangkungi lesan Musa saha Harun. Ananging jawabanipun Firaun, *“Sapa ta Yehuwah iku, kang prentahe kudu sunestokake bab nglilani lungane wong Israel? Ingsun ora wanuh karo Yehuwah iku lan uga ora bakal nglilani lungane wong Israel.”*

Sedherek, Firaun saha tiyang Mesir gadah agami, ananging mboten tepang Allah, engkang gesang njihpunika Allahipun Ibrahim, Ishak saha Yakub. Firaun kalih tiyang Mesir namung pitados kalih behala, jimat lan pemimpin agami, ananging mboten dateng Gusti saha Sabdanipun.

Lajeng wonten pasal 6, kita waos, *“Sabanjure Gusti Allah ngandika marang Musa mangkene: “Ingsun iki Yehuwah. Ingsun wus ngatingal marang Abraham, Isak lan Yakub, dadi Allah kang Mahakuwasa, nanging asmaningSun Yehuwah durung Sunsumurupake. Karodene Ingsun ora mung damel prasetyan karo leluhurira iku, yen bakal Sunparingi tanah Kanaan, tanah panggonane neneka, nanging Ingsun wus mireng uga bab wong-wong Israel anggone ditindhes dening wong Mesir, lan Ingsun enget marang prasetyaningSun. Kang iku sira tutura marang wong Israel: Ingsun iki Yehuwah, Ingsun bakal ngluwari sira saka pagawean-peksane wong Mesir, lan nguwalake sira saka anggonira dikawulakake*

lan ngentasake sira klawan asta kang Sunacungake, apadene kalawan paukuman-paukuman kang abot. Sira bakal Sunpundhut dadi umatingSun lan Ingsun bakal jumeneng dadi Allahira, supaya sira padha sumurup, yen Ingsun iki Yehuwah Allahira, kang nguwalake sira saka pagawean-peksane wong Mesir. Karodene sira bakal Sunirid menyang ing nagara kang wus Sunprasetyakake kalawan supaos, yen bakal Sunparingake marang Abraham, Isak lan Yakub, sarta iku bakal Sunparingake marang sira dadi darbekira; Ingsun iki Yehuwah!”

Nanging Allah ugi ngendikan mekaten dateng Musa: “Nanging Ingsun bakal mangkotake atine Firaun, lan Ingsun bakal ngakehake pratandha lan kaelokan ana ing tanah Mesir. Manawa Firaun ora ngrungokake marang sira, ing kono Ingsun bakal ndhawahake astaningSun marang tanah Mesir sarta ngirid wadya-balaningSun, iya umatingSun Israel metu saka tanah Mesir, kalawan paukuman-paukuman kang abot. Ing kono wong Mesir bakal padha sumurup yen Ingsun iki Yehuwah, yaiku samangsa Ingsun ngagagake astaningSun marang tanah Mesir lan ngentasake wong Israel saka ing satengahe.” Musa lan Harun tumuli padha ngestokake sadhawuhe Pangeran Yehuwah, iku ditindakake kabeh. Anadene nalika iku yuswane Musa wolung puluh taun lan Harun wolung puluh telu taun, ing nalikane padha munjuk marang Firaun .

Mangkotipun manah Firaun, kesempatan Allah ngakimi Firaun saha rakyatipun. Wonten ing kaleresanipun Allah males Firaun lan mbeto asta Musa, Allah nedahaken Kamulyan saha Kuwaosipun wonten mukjizat-mukjizat badhe dumados. Menika nedahaken dateng tiyang Mesir saha sedaya saklumahing dunya, bilih Allah Ibrahim, Isak lan Yakub punika Allah engkang gesang saha sejatos.

Wonten punapa penting sanget Allah nedahaken mukjizatipun? Karana wonten Mesir, kathah sanget berhala engkang sinembah dados dewa lan Allah ngersakaken sedaya tiyang mangertosi bilih Allah engkang sejatos punika Allah engkang netepaken perjanjian kalih Ibrahim, Isak lan Yakub, Allah engkang janji ndadosaken setunggaling bangsa engkang badhe dumugi para nabi, Kitab suci saha Juruwilujeng.

Wekdal Firaun matur, “ingsung ora wanuh Yehuwah” panci leres. Piyambakipun gadah agami, nanging mboten gadah hubungan. Manah Firaun katutup kagem kaleresan engkang asalipun saking Allah, dados mboten tertarik dateng pesen Allah engkang dipun sampeaken dening Musa saha Harun.

Ngantos sakpriki kathah tiyang nderek caranipun Firaun sanajan gadah agami. Piyambakipun caturan perkawis Allah, nanging mboten peduli Sabdanipun. Akibatipun sedaya mboten tepang kalia Allah.

Kadospundi kalih sedherek? Punapa leres-leres paham Sabdanipun nglangkungi para nabi? Punapa kanthi tulus purun nyinauni seratan para nabi? Punapa tepang kalih Gusti Allah? Punapa sedherek

ntresnai Gusti kanti saestu? Punapa sedherek taat utawi kados Firaun namung ndherek ajaran agami nenek moyang?

Matursuwun sampun mindangetaken acara dinten sakpunika. Pinangihan saklajengipun kita badhe nyinauni perkawis 10 tahun Allah kangge Firaun saha rakyatipun. Berkahipun Gusti wonten penjenengan sami, wekdal menggalihaken dawuhipun Gusti, "*Dina iki menawa kowe krungu Pangandikane, aja wangkot atimu.*" Menawi wonten pitakenan, sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386. Nuwun,.

Margining Karahayun

Pelajaran 32

Tulah-Tulah Paukuman

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Sedherek wonten paribasan mekaten, “endog aja diadu karo watu” Paribasan punika saged diwastani kesimpulan saking engkang badhe kita sinauni dinten sakpunika. Sedherek mesti mangertos akibatipun menawi endog lumawan watu...endog wau mesti remuk, nanging watu mboten badhe ewah. Mekaten engkang badhe dumados dateng Firaun engkang nyobi nglawan Allah. Gusti engkang digambaraken nabi Musa mekaten, “*Penjenengane Watu Karang, sampurna kabeh Pakaryane lan adil kabeh dalane.*”

Wonten pelajaran pungkasan, Musa lan Harun dipun utus Allah kangge mbebasaken tiyang Israel saking perbudakan tiyang Mesir, kanti matur dateng Firaun “*Lilanana umatKu budhal ngabekti marang Aku ana ing pasamunan.*” Nanging pangandikane Firaun: “*Sapa ta Yehuwah iku, kang prentahe kudu sunestokake bab nglilani lungane wong Israel?*” Dados sedherek, Firaun kados endog nyobi nglawan perintahipun kangge ngeculaken Umatipun.

Sakpunika monggo kita tingali wekdal Firaun “gelut” kalih Gusti. punika kaserat wonten ayat10, “*Nabi Musa lan Harun tumuli padha sowan marang ing ngarsane Firaun, sarta nindakake kaya kang wus didhawuhake dening Pangeran Yehuwah. Harun nguncalake tekene ana ing ngarsane Firaun lan ing ngarepe para abdine, tekene banjur malih dadi ula. Firaun tumuli nimbali para sarjana lan juru sihir, lan para ahli Mesir mau iya padha tumindak mangkono uga srana japa-mantrane. Siji-sijine padha nguncalake tekene, lan teken-teken iku padha dadi ula, nanging tekene Harun nguntali tekene wong-wong mau.*”

Sedherek, wonten perkawis penting ing mriki, njihpunika ampun ngantos kita kapusan dening Setan. Mesti mawon tongkatipun Harun dados sawer amargi kuwaosipun Gusti. Lajeng wonten napa tongkatipun tukang sihir saha pegawainipun Firaun ewah dados sawer? Punapa kalih kuwaos Allah ugi? Mesti mawon mboten, Gusti mboten mungkin nglawan Penjenenganipun piyambak. Lajeng saking pundi kuwaos engkang ngrubah tongkat tukang sihir Firaun? Saking Setan. Nanging sedherek, penjenengan tingali bilih Allah langkung kuwaos saking Setan, karena tongkatipun Harun nguntal tongkat sanesipun. Setan panci gadhah kuwaos, ananging Setan sanes engkang Maha Kuwaos.

Kitab Suci nedhahaken, mekaten licikipun Setan lan seneng ngapusi manungsa. Setan ugi gadhah kuwaos lan saged damel mukjizat. Pramila sumonggo kita kedhah yakin bilih Allah langkung kuwaos saking Setan, awit Penjenenganipun engkang Maha Kuwaos. Ananging sanajan Firaun ningali kedadosan wau wonten ngajengipun, piyambakipun mboten purun mratobat saha purun mindangetaken Sabda Allah.

Sakniki monggo kita tingali wonten ayat 14, Pangeran Yehuwah tumuli ngandika marang Musa: *“Atine Firaun iku wangkot, ora gelem nglilani lunga bangsa iku. Sira sowana marang Firaun ing wayah esuk, yaiku yen mbeneri metu menyang kali kaya adate, sira ngentenana ana ing sapinggire kali Nil karo nyekel teken kang maune malih dadi ula. Sira banjur matura mangkene: Pangeran Yehuwah Gusti Allahipun tiyang Ibrani, sampun ngutus kawula sowan ing ngarsa dalem, dhawuhipun: Sira nglilanana lunga umatingSun, supaya padha saosa pangabekti marang Ingsun ana ing pasamunan. Ewadene ngantos dumugi samangke, panjenengan dalem boten karsa miyarsakaken. Margi saking punika, makaten pangandikanipun Pangeran Yehuwah: Anggonira sumurup yen Ingsun iki Yehuwah, srana mangkene: Lah teken ingkang wonten ing tangan kawula punika badhe kawula sabetaken dhateng ing toya ing lepen Nil, toyanipun lajeng badhe malih dados rah,,.. Musa lan Harun banjur ngestokake sadhawuhe Pangeran Yehuwah; tekene diacungake lan disabetake ing banyune kali Nil, ana ing ngarsane Firaun lan ing ngarepe para abdine, banyu kang ana ing kali Nil kabeh banjur malih dadi getih. Iwak-iwak ing kali Nil padha mati, temahan kaline mambu bacin lan wong Mesir ora bisa ngombe banyune, sarta sawratane tanah Mesir kebak getih. Nanging para juru sihir ing Mesir iya nindakake mangkono sarana japa-mantrane, temahan galihe Firaun tetep wangkot lan ora karsa miyarsakake ature Musa lan Harun, kaya kang wus didhawuhake dening Pangeran Yehuwah. Firaun minger banjur kondur menyang ing kedhaton, lan ora maelu marang prakara mau. Nanging sakehe wong Mesir padha ndhudhuk-ndhudhuk sakiwa-tengene kali Nil golek banyu kang kena diombe, marga banyune kali Nil ora kena diombe. Kaya mangkono nganti kelakon ganep pitung dina, yaiku wiwit saka anggone Pangeran Yehuwah ndhawahi wewelak marang kali Nil. Pangeran Yehuwah banjur ngandika marang Musa: “Sira sowana Firaun lan matura: Pangandikanipun Pangeran Yehuwah makaten: Sira nglilanana umatingSun padha lunga, supaya padha saos pangabekti marang*

Ingsun, dene manawa sira tetep ora nglilani lungane, lah satlatahe tanahira bakal Sundhawahi wewelak kodhok. Ing kali Nil bakal ana uyel-uyelaning kodhok, banjur padha mentas lumebu ing kadhatonira, tekan ing kamar turu lan paturonira, mangkono uga ing omahe para abdi lan kawulanira, dalah ing jero pawonira lan ing wadhah jladrenira.

Ananging Firaun mboten purun mireng aturipun Musa, Sarta dhawuhe Pangeran Yehuwah marang Nabi Musa maneh: *“Sira ndhawuhana Harun: Tanganmu karo tekenmu acungna marang bengawan, kalen-kalen lan blumbang, supaya kodhok-kodhok padha metu mratani tanah Mesir.”* Rama Harun banjur ngacungake astane marang sakehe banyu ing tanah Mesir, tumuli kodhok-kodhok padha metu nyrambahi tanah Mesir. Nanging para juru sihir iya bisa nindakake prakara iku srana japa-mantrane, uga metokake kodhok-kodhok mratani tanah Mesir. Firaun banjur nimbali Musa lan Harun sarta ngandika: *“Sira sembahyanga marang Pangeran Yehuwah, supaya karsaa nyirnakake kodhok-kodhok iku saka ngarsaningsun lan saka para kawulaningsun, sabanjure ingsun bakal nglilani bangsa iku lunga saos kurban marang Pangeran Yehuwah.”* Musa banjur nyebut marang asmaning Sang Yehuwah gegayutan karo kodhok-kodhok kang wus ditekakake ngebyuki Firaun mau. Kodhok-kodhok padha mati sirna saka ing omah-omah, plataran lan saka ing pategalan. Bathange banjur dikumpulake nganti ngundhung-ngundhung, satemah satanah kabeh ngganda bacin. Nanging bareng Firaun mirsa yen wus ora ana apa-apa, tetep mangkotake panggalihe, dadi ora miyarsakake ature Musa lan Harun, kaya kang wus kapangandikakake dening Pangeran Yehuwah. Penjenengane tumuli ngandika marang Musa: *“Sira ndhawuhana marang Harun: Tekenmu acungna lan sabetna ing lebuning bumi, ing kono lebune bumi iki bakal dadi lemud ana ing sawratane tanah Mesir kabeh.”* Harun banjur ngacungake astane karo tekene, lan nyabet lebuning bumi, tumuli lemud-lemud padha ngroyok marang manungsa lan kewan. Sakehe lebuning bumi tanah Mesir padha dadi lemud. Para ahli iya padha tumindak mangkono srana japa-mantrane sumedya metokake lemud, nanging padha ora bisa. Kaya mangkono lemud-lemud mau padha ngroyok manungsa lan sato-kewan. Para ahli mau tumuli padha munjuk marang Firaun: *“Punika astaning Allah.”* Ewadene Firaun isih puguh galihe, lan ora karsa miyarsakake ature Musa lan Harun, kaya kang wus kapangandikakake dening Pangeran Yehuwah.

Sedherek gatosaken, punapa engkang kedadosan kalih tukang sihiripun Firaun, kekiatanipun winates. Piyambakipun saged damel kodok lan lemud, ananging mboten saged ngawonaken tulah engkang asalipun saking Gusti wau. Saengga para tukang sihir wau matur dateng Firaun, *“punika astanipun Gusti.”*

Sedherek, sihir namung saged nindakaken perkawis engkangwinates, kekiatan engkang ing njawi Allah mboten saged nglangkungi wates engkang ditetepaken Allah. Namung GUSTI engkang saged

nindakaken perkawis engkang mboten wonten watesipun, Allah engkang Maha Kuwaos. Tukang sihir Firaun mulai sadar, ananging Firaun panggah nolak ngandapaken manah wonten Allah.

Akibatipun kados pangandikanipun Kitab Suci 7 wabah kaparingaken malih dateng Firaun saha rakyatipun. Ananging wekdal kita mboten cekap mbahas wabah setunggal mbaka setunggal...saengga kita namung nyebataken setunggal-setunggal. Wabah 4 laler pikat, wabah 5 penyakit sampar ing ternak, . wabah 6 penyakit cacar wonten kewan saha manungsa. Kitab suci ngendikan bilih sedaya tukang sihir mboten saged ngadeg wonten ngajengipun Musa lan Harun karana kencing cacar sami kalih sedaya tiyang Mesir sanesipun. Wabah 7 jawah es ageng. Lajeng saksampunipun jawah es Mesir dikebaki walang, engkang nelasaken sedayanipun. Punika wabah kaping 8.

Wonten wabah kaping 9, Allah ngendikan dateng Musa, *“Tanganira athungna marang langit, nuli bakal ana pepeteng kang nyrambahi tanah Mesir, nganti wong padha gagap-gagap ing sajroning peteng mau.”* 3 dinten mboten wonten setunggal mawon engkang saged ningali napa-napa, kejawi daerah tiyang Israel manggen. Mboten wonten setunggal mawon tulahe dumados. Nanging kasuyatan wau mboten ngribah Firaun mratobat. Malah Firaun wicanten mekaten dateng Musa, *“Wis mundura saka ngarsaningsun, dingati-ati, poma sira aja ngaton maneh ana ing ngarsaningsun, sabab samangsa sira ngaton, mesthi sira bakal mati.”*

Sedherek, taksih wonten setunggal wabah malih kangge Firaun lan rakyatipun, nanging badhe kita sinauni wonten pepanggihan saklajengipun. Lajeng punapa inti pelajaran dinten sakpunika? Menawi kita saged wicanten, Firaun sakumpami endog engkang nantang Allah engkang kekiatan Sabdanipun atos kados selo. Firaun nyobi berontak nglawan Allah, nanging malah remuk awit umukipun. Mboten wonten manungsa engkang saged nglawan Allah.

Sedherek, punapa penjenengan nggatosaken Pangandikanipun Gusti? Punapa sedherek taat Sabda Allah? Yakin bilih sedherek mboten ndherek margi saha ajaran para leluhur? Utawi sedherek nembe nyobi nglawan Allah kados Firaun?

Manungsa sakumpami endog engkang rapuh lan Sabda Allah sakumpami watu cadas. Kitab Suci ngendikan, *“Umat manungsa kabeh iku kayadene suket lan sakehing kaendahane kaya kembang ing ara-ara. Suket dadi aking, kembang dadi alum, nanging pangandikaning Allah kita tetep ing salawas-lawase.”* Allah punika watu cadas engkang kiat lan sedaya tiyang engkang mbangun pigesanganipun ing nginggiling watu cadas, mbangun wonten dasar engkang kiat. Nanging menawi sedherek nolak mbangun gesang wonten nginggiling watu cadas Allah, sedherek badhe keblegan watu Sabda Allah lan punika badhe ngremukaken sedherek. Awit mboten wonten setunggal tiyang mawon saged nyepelekaken Sabda Allah lan lolos saking paukuman.

Maturuwun kangge kasetyan sedherek kalih kawulo. Pepanggihan ngajeng kita badhe ningali punapa engkang dipun damel Allah, saengga Firaun mbebasaken Israel. Menawi wonten pitakenan, sumonggo ngubungi kawula ing no 081333777386 saged SMS ugi WA. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 33

Domba Kelepasan

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Wonten pelajaran sakderengipun, Firaun nyobi nglawan Sabda Allah nglangkungi Musa lan Harun Abdinipun. Wusanipun Allah ndatengaken wewelak kangge ngukum Mesir. Nanging ngantos 9 wewelak, Firaun panggah wangkot manahipun ngijinaken tiyang Israel kesah.

Dinten sakmenika kita badhe ningali kadospundi Allah ndatengaken wewelak engkang kaping 10, wewelak engkang badhe meksa Firaun ngeculaken tiyang Israel. Kita emut wekdal wewelak 9 Firaun wicanten dateng Musa saha Harun, *“Wis mundura saka ngarsaningsun, dingati-ati, poma sira aja ngaton maneh ana ing ngarsaningsun, sabab samangsa sira ngaton, mesthi sira bakal mati.”* Sakpunika sedherek, kita badhe maos pasal 11 lan mindanget kadospundi Allah njawab Firaun nglangkungi Musa.

“Musa munjuk mangkene: “Pangandikanipun Pangeran Yehuwah makaten: Ing wayah tengah wengi Ingsun bakal tindak ndlajahi tanah Mesir. Nuli sakehe, anak pembarep ing tanah Mesir bakal padha mati, wiwit pembarepe Firaun kang bakal lungguh ing dhampare nganti tekan pembarepe batur wadon kang ngadhep watu panggilingan, uga sakehe pembarepe kewan. Sarta ing satanah Mesir bakal ana udan tangis kang luwih dening ngeres-eresi, kang durung tau kelakon lan kang bakal ora kelakon maneh. Nanging marang wong Israel sapa bae, ora ana asu siji-sijia kang wani mbaung, dadia marang manungsa utawa marang kewan, supaya sira padha sumurupa yen Pangeran Yehuwah mbedakake wong Mesir lan wong Israel. Ing ngriku sakathahing para abdi dalem badhe sami ndhatengi kawula kaliyan sumungkem sarta wicantenipun: Sumangga panjenengan tindak,

panjenengan dalah sadaya ingkang ndherek panjenengan. Sasampunipun makaten kawula lajeng badhe kesah.” Musa banjur mundur saka ing ngarsane Firaun klawan duka banget.

Sedherek, kita tingali ing mriki Allah ngrancangaken setungggal wewelak malih, wewelak engkang langkung awrat tinimbang 9 wewelak engkang sampun dumados, ingpundi kematian badhe dumados kangge sedaya anak mbarep tiyang Mesir. Punika artosipun anak Israel ugi badhe kencing, ananging kados engkang dipun ngendikakaken Kitab Suci, wonten perbedaan antawis tiyang Israel kalian Mesir. Kadospundi perbedaan wau dipunrancang Gusti?

Sedherek, monggo kita lajengaken maos kitab suci, ing mriki kaserat mekaten “*Pangeran Yehuwah tumuli ngandika marang Musa lan Harun ana ing tanah Mesir: Sira ndhawuha marang pasamuwane Israel kabeh mangkene: Ing tanggal sapuluh sasi iki, saben wong nyepakna cempe siji, iku saben brayat; saben omah siji cempe siji. Cempe mau kudu lanang, tanpa cacad, umure sataun, kena milih wedhus gembel utawa wedhus lumrah. Cempe mau pisahen dhewe nganti tanggal ping patbelas sasi iki, nuli kasembeleha dening sagolonganing pasamuwane Israel ing wayah sore. Getihe salong kajupuka kausarna ing dhempele lawang karo pisan kiwa-tengen lan ing ndhuwure, ing saben omah kang dianggo mangan cempe iku. Daginge kudu padha dipangan ing bengi iku uga, kapanggang, pamangane karo roti tanpa ragi lan jangan pait. Ora kena dipangan mentahan utawa godhogan; mesthi panggangan tekan endhase, sikile dalah jeroane pisan. Daging iku kudu dipangan ana ing sawijining omah, daginge ora kena digawa metu menyang ing sajabane omah sathithik-thithika, lan balunge aja sira coklek siji-sijia. Patrape mangan iku mangkene: lambungmu sabukana, sikilmu nganggoa trumpah lan tanganmu nyekela teken, anggonmu mangan kanthi rerikatan, iku Paskahe Pangeran Yehuwah. Awitdene ing bengi iku Ingsun bakal tindak ndlajahi tanah Mesir, lan sakehe anak pembarep, iya anake manungsa dalah anake kewan, bakal Sunpateni, mangkono uga sakehe allahe wong Mesir bakal Sunpatrapi paukuman, Ingsun iki Yehuwah. Lah getih iku dadia tengeran ana ing omah kang sira enggoni. Samangsa Ingsun mirsani getih mau, tindakingSun bakal nglangkungi, temah ing antaranira bakal ora ana wewelak kang mbilaeni, samangsa Ingsun ngukum marang tanah Mesir.*

Kita mandeg ing mriki rumiyin, punapa sedherek ningali kadospundi rancanganipun Allah kangge mbebasaken anak mbarep tiyang Israel? Punika rencana engkang luarbiasa, engkang kalih cara manungsa mungkin punika cara engkang bodo, mosok manungsa saged luput saking malekat maut namung kalih rah cempe? Punapa kekiatan rah cempe gimbal engkang mboten cacat engkang diolesaken wonten dhempele lawang? Ananging punika cara engkang dipun dhawuhaken Gusti dateng Musa saha Harun.

Saklajengipun miturut Kitab Suci, “*Kacarita bareng tengah wengi Pangeran Yehuwah mateni saben anak pembarep ing tanah Mesir, wiwit pembajenge Firaub kang calon nglenggahi keprabon, nganti*

tekan pembarepe wong tahanan kang ana ing pakunjaran, dalah sakehe pembarepe kewan. Ing bengi iku Firaun banjur wungu, samono uga para abdine lan sakehe wong Mesir, sarta keprungu panjerite wong Mesir, sabab ora ana omah siji-sijia kang ora kepaten.

Penjenengan bayangaken wekdal ndalu punika. Dalu engkang giris...Dalu engkang dikebaki kalih jerit tiyang pejah saha jerit kasisahan wonten sedaya Mesir, sebab mboten wonten setunggal griya tiyang Mesir engkang mboten pejah. Ananging sakwangsulipun, ing tiyang Israel mboten wonten engkang nandang sisah. Punapa sebabipun? Karana Allah netepi janji-Nipun, “*Samangsa Ingsun mirsani getih mau, tindakingSun bakal nglangkungi.*

Kitab Suci ngendikan malih, “*Bengi iku uga Firaun nimbali Musa lan Harun, dhawuhe: “Sira padha mangkata, metua saka antarane bangsaningsun, iya sira, iya wong Israel kabeh, wis padha lungaa, saosa pangabekti marang Pangeran Yehuwah, kaya kang wus dadi panyuwunira. Anadene wong Mesir iya padha neseg kanthi adreng marang bangsa iku, supaya padha enggala lungga saka ing tanahe, awitdene pangucape: “Mengko kita kabeh mesthi padha mati!”*

Sakmeniko wusanipun Firaun saha sedaya rakyat Mesir dipeksa kangge ngakeni bilih Allah Ibrahim, Ishak lan Israel punika Allah engkang Maha Kuwaos, Allah engkang nglangkungi sedaya berhala, sihir tiyang Mesir. Mboten wonten tiyang engkang saged nglawan Allah saha mimpang.

Dalu punika ugi, tiyang Israel ninggalaken Mesir lan mbeta kathah banda danya karana tiyang Mesir peparing. Kitab Suci ngendikan, “*Wong Israel iya padha nurut marang dhawuhe Musa, padha njaluki barang dandanan mas lan selaka duweke wong Mesir apadene sandhangan. Dhasar Pangeran Yehuwah kang ndadekake wong Mesir padha atindak loma marang bangsa iku, temah padha nuruti sapanjaluke. Dadine wong Mesir prasasat dijarah-rayah... Israel ana ing tanah Mesir iku lawase patang atus telung puluh taun.*

Sedherek..sedaya wau....dumados kados engkang sampun dingendikakaken Gusti dateng Ibrahim.

Sedherek, punapa engkang kita tingali ing dinten punika naminipun **Paskah engkang artosipun, “diliwati, luput “** Ing peristiwa punika, kasimpen mekaten kathah kaleresanipun Allah, engkang badhe dipun cariosaken. Ananging awit wekdal engkang winates, Pramila namung wonten setunggal kaleresan engkang kawula tinggalaken, njihpunika saking janjinipun Allah, “**Yen Ingsun mirsani getih, Ingsung ngluputake kowe**”. Allah sampun mutusaken bilih sedaya anak mbarep badhe selamat menawi wonten rah ing dempeling lawang omahipun. Menika artosipun Allah mbikak margining Kawilujengan nglangkungi rah cempe. Dados menawi anak Israel tangklet dateng bapakipun, “**wonten punapa cempe punika kedah pejah?**” Bapakipun badhe jawab mekaten, “**Anakku, Allah wis ngutuk kabeh anak mbarep ing negeri iki supaya mati. Iki karena dosa kudhu oleh ukuman. Nanging Allah**

ing sihkatresane dawuh marang kitha supaya ngorbanake cempe sing ora cacat dan musarake gethihe ono lawang, supaya wewelak iku ora nang kitha. Cempe kuwi kudhu mati, awit pituwase dosa iku pati. Cempe iku nggantini panggonan kitha. Kitha ngorbanake cempe ganti kitha, kaya sing dikorbanake Ibrahim ganti anake. Gusti ngliwati omah kita, menawa Penjenengane mirsane gethih ana ing lawang.

Sedherek pamireng, kita kedhah sadar bilih wonten ngarsanipun Allah sedaya keturunan Adam kados anak mbarep Mesir lan Israel wekdal dalu wau. Pranatanipun Allah engkang Suci ngedahaken sedaya manungsa kedah pejah lan ngadepi penghakimanipun. Miturut kitab suci, *“sedaya manungsa sampun tumindak dosa lan kicalan kamulyaning Allah.” Pituwasing dosa punika pati.” Kabucal saking ngarsanipun Allah saha Kamulyanipun.”*

Lajeng punapa engkang kedhah kita tindakaken supados wilujeng? Kadospundi nylametaken manungsa tanpa ngompromikaken kalih Kaleresanipun? Kita mboten saged mbahas langkung tebih, ananging wonten setunggal perkawis engkang kedhah kitha emut, *“Cempe engkang dikorbanaken tiyang Israel supados tinebih saking wewelak punika gambaran Penebus engkang badhe rawuh dan ngocoraken Rahipun kangge mbayar sedaya dosa keturunan Adam.* Kitab Suci ngendikan, *“Penjenengane sedha sepisan kanggo dosa kita.”* Penjenenganipun engkang leres seda kangge tiyang lepat, mbeta kitha dateng Allah sami kados cempe engkang dikorbanaken Israel wekdal Paskah ing Mesir. Dados rah cempe engkang diolesaken ing lawang supados anak mbarepipun mboten pejah punika setunggaling gambaran. Kangge nggambaraken rah juruwilujeng engkang ngocor wonten kayu salib saengga sintenmawon engkang pitados Penjenenganipun saged luput saking paukumunan dosa.

Kadospundi kalih sedherek? Punapa mangertos, para nabi Allah sampun nyerat perkawis Rah Penebus? Rah engkang ngocor kangge ngredem dukanipun Allah lan paring pigesangan. Sedherek pitados bilih Rah wau nggadahi kuwaos nylametaken sedherek saking paukuman neraka saha dados jaminan bilih sedherek pikantuk panggenan wonten Ngarsanipun Allah? Wekdal dinten kiamat, punapa pengadilan badhe ngliwati penjenengan? Utawi sedherek sami nasibipun kados tiyang Mesir?

Maturnuwun sampun kalih kawula ing program punika. Insya Allah pepanggihan saklajengipun kitha nglajengaken carios tiyang Israel saha ningali kadospundi Allah mbelah laut kangge mergi dateng Israel. Allah paring berkah, mugi-mugi penjenengan saged nangek artos pangandikanipun, *“Yen Ingsun pirsane gethih, Ingsun bakal tindak ngliwati kowe.”* Menawi wonten pitaken saged ngubungi kawulo ing no 081333777386. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 34

Laut Kang Binelah

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Wonten pelajaran kepengker, Allah mbebasaken tiyang Israel saking perbudakan kanti mejahi sedaya anak mbarep tiyang Mesir. Penjenenganipun nylametaken anak mbarep Israel saking kabinasan karena rah cempe engkang diolesaken wonten dempel lawang. Sabab Allah piyambak ngendikan, *“Lah getih iku dadia tengeran ana ing omah kang sira enggoni. Samangsa Ingsun mirsani getih mau, tindakanSun bakal nglangkungi.”*

Wekdal dalu wau ugi tiyang Israel medal ninggalaken Mesir. Dalu engkang sedih kangge bangsa Mesir dados dalu engkang ngremenaken kangge bangsa Israel. Wonten dalu Paskah wau, Gusti Allah sampun mbebasaken Israel. Saklajengipun Allah janji nuntun tiyang Israel nglangkungi pasamunan wangsul tumuju tanah perjanjian engkang dipun janjikaken Allah, njihpunika tanah Kanaan. Sakpunika panggenan wau naminipun Israel/Palestina.

Dinten sakmenika wonten carios perkawis kadospundi Allah mbebasaken tiyang Israel saking pangubering tiyang Mesir. Monggo pirengaken carios engkang dipun serat Musa: *wong Israel tumuli padha budhal saka ing Raamses menyang Sukkot, cacahé wong lanang kang mlaku dharat kira-kira ana nem atus ewu, durung bocah-bocahé. Lan uga ana wong bangsa liya warna-warna kang padha melu, mangkono uga wedhus lan sapi akeh banget. Musa iya mbekta balung-balunge Yusuf, marga iku wus mundhut sumpahe para putrane Israel, pangandikane: “Besuk Gusti Allah mesthi nuweni kowe, nuli balung-balungku gawanen metu saka ing kene.”* dene Gusti Allah tindak ana ing ngarepe, ing wayah awan ana ing tugu mega kang diagem nuntun lakune, lan ing wayah bengi ana ing tugu geni kang diagem madhangi, supaya padha bisa mbanjurake lakune rina lan wengi. Pangeran banjur

ngandika marang Musa: “Wong Israel iku padha sira prentahana supaya bali lan nuli padha lerena ana sawetane Pi-Hakhirot Tugune mega ing wayah awan lan tugune geni ing wayah bengi ora tau gumingsir saka ing ngarepe bangsa iku...Ing kono pringon bakal ngarani yen Israel padha bingung kesasar ana ing nagara kene, padha kapepetan ing pasamunan. Ingsun bakal muguhake atine Firaun, temah bakal nututi marang para umat. Lan Ingsun bakal nedahake kamulyaningSun marang Pringon sabalane, satemah wong Mesir bakal padha sumurup yen Ingsun iki Pangeran Yehuwah.” Wong Israel iya banjur padha nglakoni mangkono. Bareng Firaun kaunjukan pawarta, yen bangsa iku wus minggat, nuli piyambake salin panggalihe, mangkono uga para abdine tumrap bangsa iku lan padha sapocapan: “Yagene kita kok padha nglakoni mangkono? Nganti nglilani Israel padha lunga, dadi wus ora ngawula marang kita?” Firaun banjur ngrakit kretane sarta ngumpulake wadya-balane, mbekta kreta pilihan nematus, malah sakehe kreta satanah Mesir kabeh, padha ditunggangi dening para panggedhening prajurit. Mangkono Pangeran anggone muguhake galihe Firaun, raja ing Mesir iku, temah banjur nututi wong Israel, nanging wong Israel lumaku terus kalawan katuntun dening asta kang luhur. Anadene wong Mesir, sakehe jaran lan kretaneFiraun, prajurit jaranan lan wadya-balane, padha nututi wong Israel, anggone katututan nalika padha leren ana ing pinggir sagara, cedhak Pi-Hakhirot ing sangarepe Baal-Zefon. Bareng Firaun wus cedhak, wong Israel padha sumurup yen bala Mesir padha nututi, temah padha banget wedine, ing kono wong Israel padha sambat-sambat marang Yehuwah, sarta ature marang Musa: “Punapa amargi ing Mesir boten wonten kuburanipun, kula kok lajeng panjenengan bekta, supados sami pejah wonten ing pasamunan punika? Punapaa dene kula sami panjenengan damel makaten, panjenengan irid medal saking tanah Mesir? Kula rak sampun sami matur dhateng panjenengan wonten ing Mesir: Kula mug i panjenengan kendelaken kemawon, kajengipun kula sami ngawula dhateng tiyang Mesir tinimbang kaliyan pejah wonten ing pasamunan punika.”

Gatosaken punapa engkang diwicantenaken tiyang Israel, mboten pitados datheng Allah, kitha saged mangertos pasti sami ajrih. Kadospundi mboten, laut wonten ngajeng, gunung wonten kiwa tengen, lajeng tantara Firauan engkang nguber sampun celak, kangge nyepeng saha badhe mejahi. Monggo kita pirengaken pangandikanipun Musa saha ningali punapa engkang dipun Allah damel. Nanging pangandikane Musa marang bangsa iku: “Aja kuwatir, padha ditatag, lan delengen pangluwaran kang saka ing Pangeran Yehuwah, kang bakal diparingake marang kowe ing dina iki, amarga wong Mesir kang padha kokdeleng ing dina iki, iku bakal ora kokdeleng maneh ing salawas-lawase. Pangeran kang bakal nyarirani perang nyulahi kowe, dene kowe bakal padha meneng bae.” Pangeran Yehuwah ngandika marang Musa: “Yagene sira sesambat marang Ingsun? Wong Israel padha prentahana supaya padha mbanjurake lakune. Dene mungguh sira, angkaten tekenira lan acungna marang ing sadhuwure sagara, piyaken banyune; supaya wong Israel padha lumaku ana ing gasikan ing tengahe

sagara. Dene Ingsun, lah Ingsun bakal muguhake atine wong Mesir, temah padha nututi wong Israel, sarta Ingsun bakal nedahake kaluhuraningSun marang Firaun sabalane, kretane sarta balane jaranan. Ing kono wong Mesir bakal padha sumurup yen Ingsun iki Yehuwah, yaiku samangsa Ingsun wus nedahake kaluhuraningSun marang Firaun, kretane lan wadya-balane jaranan.” Malaekate Gusti Allah kang maune tindak ana ngarepe bala Israel, banjur pindhah tindak ana ing burine, lan tugu mega iya mangkono uga, mingsed saka ngarep banjur ngadeg ana ing burine. Mangkono dadine tugu mega mau mapan ana ing antarane bala Mesir lan bala Israel. Sarehne tugu mega mau njalari peteng, mulane kang siji ora bisa nyedhaki sijine, ing sajroning sawengi iku. Musa banjur ngayatake astane marang ing sadhuwure sagara, Pangeran Yehuwah tumuli ndadekake banyune larud marga saka angin wetan kang banter nganti sawengi natas, sagarane dadi gasik, banyune kapiyak. Dadine wong Israel banjur padha metu tengahing sagara lumaku ana ing gasikan; dene banyune prasasat tembok kang ngamping-ampingi ing kiwa lan tengene. Bala Mesir banjur ngoyak nututi, sakehe jaran lan kretane Firaun tuwin balane jaranan padha lumaku nganti tekan ing satengahe sagara. Bareng wayah bangun esuk, Pangeran mirsani wadya-bala Mesir saka ing tugu geni lan mega, bala Mesir mau tumuli dikisruhake. Rodhane kreta didadekake miring njalari rekasa banget majune, temah wong Mesir banjur padha sapocapan: “Payo padha lumayu bae ninggal wong Israel, awitdene Pangeran Yehuwah kang nyarirani perange nglawan wong Mesir.” Pangeran Yehuwah tumuli ngandika marang Musa: “Tanganira acungna ing sadhuwure sagara, supaya banyune nangkeb pulih ngelebi wong Mesir dalah kreta lan balane jaranan.” Musa tumuli ngacungake astane ing sadhuwure sagara, bareng esuk banyune pulih kaya maune. Wong Mesir padha lumayu papagan karo baline banyu; kaya mangkono anggone Pangeran Yehuwah nglelebake wong Mesir ing tengahing sagara. Marga banyu mau bareng tempuk pulih kaya maune nglelebake kreta lan balane jaranan sabalane Firaun kabeh, kang padha nututi mlebu ing sagara; ora ana wonge siji-sijia kang isih urip. Balik lakune wong Israel iku lestari ana ing gasikan ing satengahe sagara, sarta banyune prasasat dadi tembok ngamping-ampingi ana ing kiwa lan tengene. Mangkono Pangeran Yehuwah ing dina iku anggone ngluwari wong Israel saka ing tangane wong Mesir, dene wong Israel padha ndeleng wong Mesir wus padha mati ngglasah ana pinggir sagara. Wong Israel bareng nyipati gedhening pandamele Pangeran Yehuwah kang ditandukake marang wong Mesir, bangsa iku nuli padha wedi marang Pangeran Yehuwah sarta kumandel marang Penjenengane lan marang Musa abdine. Ing kono Musa lan wong Israel padha ngrepekake kidung konjuk marang Pangeran Yehuwah, mangkene: “Dakngidung konjuk ing Pangeran Yehuwah, awit linuwih kaluhurane jaran lan kang nunggangi padha kacemplungake ing sagara. Pangeran Yehuwah iku kakuwatanku lan masmurku, kang dadi kaslametanku.” Dados sedaya umat ngkuhuraken Allah saha konjuk syukur ka Penjenenganipun awit kawilujengan ageng engkang

sampun Ditedahaken, termasuk Meriam mendhet rebana lan sesarengan sedaya tiyang setri memuji saha nari kagem Gusti.

Sedherek, kadospundi kita ngringkes pelajaran dinten sakmangkih? Mungkin kalih pitakenan, sinten engkang nylametaken tiyang Israel saking tentara Firaun? Punapa saged nylametaken awakipun piyambak? Punapa saged nggaringaken laut, ngratakaken gunung utawi saged nglawan tantara Firaun? Mboten saged. Lajeng sinten engkang nylametaken? Namung Gusti Allah engkang saged nylametaken. Punika sebabipun Musa wicaten, *“Aja kuwatir, padha ditatag, lan delengen pangluwaran kang saka ing Pangeran, kang bakal diparingake marang kowe.”* Wusananipun tiyang Israel saged nyabrang laut, lajeng sami memuji *“Gusti iku kekuwatanku kang dadi kaslamatenku.”*

Sedherek, Allah ngersakaken sedaya tiyang nggadahi pangertosan kados tiyang Israel engkang tanpa pangajeng saged nylametaken gesangipun saking malapetaka engkang badhe dumados, kejawi namung Allah. Sebab manungsa mboten saged nylametaken piyambakipun. Kitab suci ngendikan, *“Sabab anggonmu padha kapitulungan rahayu iku saka sih-rahamat marga pracaya; lan iku dudu wohing pambudidayamu, nanging peparinge Gusti Allah, iku dudu wohing panggawemu: aja ana wong kang gumunggung.”*

Allah engkang ageng Katresnanipun sampun mbikak marginining Kawilujengan kangge sedaya keturunan anak putu Adam, saengga luput saking penghakiman. Sedherek wonten pundi, punapa nembe lumampah wonten ing margining kawilujengan sanes awit kesaenan gesang saha lelandesan ketaatan nindakaken syariat agami. Lanjeng marginining Kawilujengan punika sinten? Mboten sanes Sang Penebus engkang badhe rawuh saking suwargo kangge pejah nebus dosa manungsa saha wungu malih, kangge mbebasaken manungsa engkang pitados saking dosa kados tiyang Israel. Perkawis Penebus, kitab suci ngendikan, *“karahayon wonten ing sintena kemawon, kajawi wonten ing Panjenenganipun, amargi ing sakurebing langit punika boten wonten asma sanesipun ingkang kaparingaken, ingkang dados margining karahayon kita.”*

Allah sampun mbikak margi ing tengah *“laut dosa”* supados sedherek saged luput saking paukuman dosa lan mlebet ing ngarsanipun Allah engkang suci. Nanging sedherek kedhah nglangkungi margi wau. Perkawis margi kawilengan, sang Penebus, ngendikan, *“Aku iki dalane, sarta jatine kayekten lan kauripan. Ora ana wong siji-sijia kang bisa sowan marang Sang Rama, manawa ora metu ing Aku. PituturKu ing kowe: Wong kang ngrungokake ing pituturKu, sarta pracaya marang kang ngutus Aku, iku nduweni urip langgeng, tuwin bakal ora katut kaukum, jalaran wus ngalih saka ing pati marang urip.*

Maturuwun sampun mindangetaken siaran kawula. Menawi wonten pitakenan saged ngubungi kawulo wonten no 081333777386. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 35

Tetedhan Ing Tengah Pasamunan

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Wonten pelajaran kepengker, kita mangertosi kadospundi Allah nylametaken tiyang Israel saking tangan Firaun saha tentaranipun. Peristiwa ing Laut Merah punika Allah mbiyak toya laut Merah, saenggo tiyang Israel saged nyebrang ing lemah garing, ananging tiyang Mesir engkang nguber tiyang Israel wonten Laut sami kesilem. Wekdal tiyang Israel ningali mekaten ageng kekiatan Gusti nylametaken bangsanipun, bangsa wau memuji Gusti, *“Dakngidung konjuk ing Pangeran, kang dadi kaslametanku. Pangeran iku Agung.”*

Sedherek, kita nembe mawon sinau kitab Keluaran, ing pundi tiyang Israel wonten ing tengah pasamunan antawis Mesir kalih Kanaan. Kanaan punika negeri engkang dijanjaken dening Allah kagem Ibrahim saha keturunannipun. Dinten sakmangkah kita badhe ningali kadospundi Allah paring tetedhan kangge tiyang Israel wekdal mlampah wonten pesamunan. Kitab suci nedhahaken dateng kita kadospundi Allah piyambak “tindak” ing ngajeng rombongan ageng wonten tugu mega wekdal siang lan tugu geni wekdal dalu. Ing mriki kita saged mangertos bilih menawi sanes Allah engkang nuntun lan ngrimat sedaya mesti pejah wonten pasamunan.

Sedherek cobu bayangaken tiyang Israel engkang mekaten agengipun ing pasamunan, punapa sanggup tigang dinten mboten nedha saha ngunjuk? Sedaya mukjizat sampun kaparingaken dateng tiyang Israel, 10 wewelak kangge tiyang Mesir, Allah ngluputaken anak mbarepipun Israel karena rah cempe lan sanes-sanesipun punika sampun mbuktikaken bilih Allah punika saged dipitados. Ananging kadospundi kalih bangsa Israel, punapa nate pitados Gusthi? Monggo kita tingali wonten ing kitab suci.

Wonten Keluaran 16 mekaten suraosipun, *“Sawuse padha budhalan saka ing Elim, sagolongane wong Israel kabeh padha tekan ing pasamunan Sin, kang kaprenah ana ing saantarane Elim lan gunung Sinai, mbeneri tanggal limalas sasi kang kapindho, saangkate saka ing tanah Mesir. Ana ing pasamunan kono iku, sagolongane wong Israel banjur padha ngedumeli marang Musa lan Harun, ature: “Adhuh, punapaa kula boten sami pejah kemawon dening astaning Pangeran Yehuwah wonten ing tanah Mesir, nalika sami ngadhep kuwali isi daging sarta roti ngantos tuwuk? Awit anggen panjenengan ngirid kula dhateng pasamunan punika, murih kula sapa samuwun punika sami pejah sadaya, margi saking kaliren.”*

Sedherek....tiyang Israel mboten pitados kalih Gusti, malah nggetoni punapa engkang didamel Allah, Israel ngrundel dateng Allah saha Musa Nabinipun. Monggo pirengaken punapa engkang dingendikakaken Allah, *“Pangeran Yehuwah banjur ngandika marang Nabi Musa: Ingsun bakal ngudanake roti saka langit kanggo sira, nuli wong-wong iku bakal padha metu ngukupi tadhahe ing saben dina, sarta padha Suncoba, apa bakal nglakoni angger-anggeringSun apa ora. “Ingsun wus miyarsa panggrundele wong Israel; padha tuturana mangkene: Ing wayah sore sira bakal padha mangan daging lan ing wayah esuk bakal padha wareg mangan roti, temah sira bakal padha sumurup yen Ingsun iki Yehuwah Allahira.”*

Kacarita bareng wayah sore nuli ana manuk gemak gegrombolan teka nglimputi ing tarub-tarube, lan bareng esuk ing saubenge tarub kebun. Bareng ebune wus nguwab, lah ing lumaha pasamunan ana wewujudan lembut las-lasan kaya sisik, lembute kaya ebun njendhel ing bumi. Bareng wong Israel weruh banjur padha takon-takonan: “Apa iku?” Marga padha ora sumurup iku apa? Musa tumuli ngandika: “Iya iku roti peparinge Pangeran Yehuwah minangka panganmu. Anadene mungguh wewujudan iku umat Israel anggone ngarani: manna; rupane putih kaya ketumbar, rasane kaya kuwih madu.

Sedherek mekaten wau caranipun Allah paring tetedhan dateng Umatipun wekdal ing pasamunan ngantos dumugi Kanaan. Sedherek pireng saking pundi tetedhan wau? Langit engkang saking Gusti. Cobi gatosaken punika sedherek....saksampunipun sami grundel saha nyalahaken Allah karena sampun dibetha medal saking Mesir....sampun sakpantesipun pikantuk paukuman karena umat Israel sampun mboten ngabekti! Nanging Allah ing katresananipun malah ngrimat kalih tetedhan saking langit, saengga mboten mati keluwen.

Sakmenika kita tingali punapa malih engkang kedadosan, umat Israel ketelasan toya. Ing pasal 17 saged kita waos, *“Sawuse mangkono sagolongane wong Israel padha budhal saka pasamunan Sin, lakune saka palerenan kang siji menyang ing palerenan sijine miturut dhawuhe Pangeran Yehuwah, banjur padha leren ana ing Rafidim; nanging ing kono ora ana banyu kanggo ngombe bangsa mau.*

Wong-wong tumuli padha madoni Musa, ature: "Kula panjenengan paringi toya, supados sami saget ngombe!" Pangandikane Musa: "Yagene kowe kok padha madoni aku? Lan padha nyoba marang Pangeran Yehuwah?" Nanging sarehne wong-wong padha ngorong, mulane padha nggrundeli marang Musa, ature: "Kening punapa kula sami panjenengan angkataken medal saking Mesir, njalari kula, anak-anak lan kewan kula sami pejah kasatan?" Musa banjur sesambat marang Pangeran Yehuwah, unjoke: "Punapa ingkang badhe kawula tandukaken dhateng bangsa punika? Sakedhap malih kawula temtu dipun benturi sela!" Dhawuhe Sang Yehuwah marang Nabi Musa: "Sira lumakua ana ing ngarepe umat kairinga dening para tuwa-tuwane Israel sawatara, dene teken kang wus tau sira gawe nyabet bengawan Nil iku gawanen, nuli mangkata! Lah Ingsun bakal jumeneng ana ing ngarepira ana ing dhuwur gunung parang ing Horeb, sira banjur nyabeta parang iku temah bakal metu banyune, satemah bangsa iku bakal padha bisa ngombe." Musa iya tumuli ngestokake kaya mangkono ana ing ngarepe para tuwa-tuwane Israel.

Dados mekaten sedherek...wonten toya medal saking gunung parang, mili ing tengah pesamunan lan nyekapi kebetahan sedaya tiyang saha kewan ternakipun.

Monggo kita mandeg rumiyin lan menggalih engkang sampun kita waos saking Kitab Suci dinten niki. Saksampunipun sedaya mukjizat engkang didamel Allah wonten ngajengipun tiyang Israel, punapa tiyang Israel pitados Penjenenganipun? Punapa manahipun dikebaki raos syukur saha pujian kagem Allah? Mboten! Mboten namung mboten pitados, tiyang Israel malah nggrundel perkawis Allah engkang sampun nylametaken saking sakehing bebaya. Nanging kadospundi kalih Allah? Allah engkang Maha Suci lan Mulia, tetep ngrimat saha nresnani bangsa Israel. Sakumpami kangge nyekapi raos luwih saha ngelak utawi tetep gesang ing pasamunan gumantung kalih kesaenan saha amalipun piyambak, Pramila Allah ngendelaken mawon tiyang Israel pejah ing mriko.

Kita ugi perlu mangertos saha sadar bilih Allah tetep ngrimat tiyang Israel sanes awit Penjenenganipun Maha Welas, nanging karena Allah nyepeng kalih Pangandikanipun. Allah setia dateng janji engkang Didamel. Kita mangertos bilih Allah badhe damel tiyang Israel dados sumber berkat kangge sedaya bangsa ing ngalam donya. Njih, sejatosipun Allah punika Allah kaleresan saha Allah Katresnan. Kita saged ngraosaken, kalih sikap mekaten, umat Israel sejtosipun mboten pantes pikantuk Katresnanipun, ananging Allah mbuktikaken katresnan saha Kasetyanipun kalih paring tetedhan MANNA saking langit.

Mungkin antawis sedherek wonten pitakenan. "punapa inti pelajaran dinten sakpunika?" Sabda Allah ngendikan, "*kabeh iki dumadi dadi conto lan ditulis dadi pangeling kanggo kita, sing urip ing jaman perkara iku digenepi.*" Sami kados Gusti mbebasaken tiyang Israel saking dahsyatipun pasamunan, mekaten ugi Allah kepengin mbebasaken kita saking kekiatan saha dahsyatipun dosa.

Punapa engkang kedhah ditindakaken tiyang Israel wekdal wonten pasamunan? **Jawabanipun, kedhah tetep sesarengan saha nedha tetedhan engkang dikintun Allah saking langit.** Menawi kepengin gesang, mboten wonten pilihan sanes kangge bangsa Israel kejawi tansah sesarengan saha nedha tetedhan engkang disiapaken Allah.

Kitab suci nedhahaken dateng kawontenan kita dados manungsa, sakleresipun sami kados tiyang Israel, engkang mboten gadah kekiatan kangge nylametaken gesangipun---sae saking kuwaos dosa utawi saking keadilan paukumanipun Allah. Panci kita mboten kados tiyang Israel lumampah wonten pesamunan, ananging wayangan kematian tetep ndhereki kados tiyang Israel raosaken. Sabdanipun ngendikan, *“saben wong kang nolak dalane kslametan sing wis Allah cawisake bakal mati ing dosane lan mlebu neraka”* Mestinepun punika sanes pemikiran engkang ngremenaken manah, pejah wonten dosa, diganjar ukuman saha mlebet neraka. Punika badhe dados tragedy menawi sedherek kedhah ngalami.....nanging kabar saenipun *“saben tiyang mboten kedhah pejah ing dosanipun, awit kados Allah paring tetedhan dateng Israel, supados mboten pejah wonten pesamunan....mekaten ugi Allah sampun paring “tetedhan” supados kita diberkahi wonten gesang sakpunika ugi engkang badhe dumugi.*

Tetedhan punapa engkang paring gesang langgeng saha paring kekiatan gesang wonten ngarsanipun selaminipun? Dipunmangertosi bilih 1500 taun saksampunipun Gusti paring tetedhan Manna dateng tiyang Israel, Penjenenganipun ngutus sang Penebus Juruwilujeng dunya. Penjenenganipun *“tetedhan”* engkang dicawisaken Allah kangge manungsa supados saged wilujeng saking kuwaos dosa, kematian, paukumanipun Allah saha nereka. Sang Penebus ngendikan, *““Aku iki roti panguripan; sing sapa marani Aku, iku ora bakal luwe maneh, sarta sing sapa percaya marang Aku duwe urip langgeng. Leluhurmu padha mangan mana ana ing ara-ara-samun, nanging wis padha mati.*

Sedherek ngantos dumugi ing mriki rumiyin. Wonten pepanggihan ngajeng, mugi-mugi kita saged sinau Gusti paring 10 dawuhipun dateng tiyang Israel. Berkahipun Gusti kaparingaken wekdal sedherek menggalihaken pangandikanipun sang Penebus, **“Aku iki roti panguripan; sing sapa marani Aku, iku ora bakal luwe maneh, sarta sing sapa percaya marang Aku, iku ora bakal ngelak maneh.**

Menawis sedherek wonten pitakenan sumonggo mgubungi kawula ing no 081333777386, saged SMS utawi WA. Nuwun..

Margining Karahayun

Pelajaran 36

Gunung Sinai Engkang Nggegrisi

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun

Wonten pelajaran kepengker, kita ningali kadospundi Allah ing Katresnanipun nylametaken tiyang Israel saking kabinasan karena keluwen wonten pasamunan kanti paring tetedhan saking langit. Ing kepengker kita ugi mangertosi kadospundi sikapipun tiyang Israel engkang tansah nyalahaken Allah karena mboten setya.

Dinten sakmangkih kita badhe sinau perkawis Allah ngetingal dateng tiyang Israel saha paring 10 Hukumipun engkang suci. Ing pasal 19 kita badhe waos, mekaten cariosipun, *“Bareng sasi katelune saangkate wong Israel saka ing tanah Mesir, tekan ing pasamunane gunung Sinai.”* Dados ing mrika wonten Musa saha tiyang Israel saksampunipun 3 wulan mlampah saking Mesir ngantos gunung Sinai. Panggenan wekdal Allah ngendikan kalih Musa engkang kaping sepindah *“Ingsun wus nggateake kalawan temenan marang kasangsarane umatingSun kang ana ing Mesir,.. Mulane Ingsun tumedhak karsa nguwalake umatingSun....Kang iku sira Sunutus nemoni Firaun...., “Ingsun rak bakal nunggil kalawan sira, sarta iki kang dadi pratandhane, menawa Ingsun kang ngutus sira: Samangsa sira wus nggawa metu bangsa iku saka ing tanah Mesir, sira bakal padha ngabekti marang Gusti Allah ana ing gunung iki.”*

Punapa Gusti nepati Janjinipun dateng Musa? Njih, kita tingali umat Israel saha Musa wonten ngandapipun gunung kados engkang dijanjaken Gusti dateng Musa 40 tahun sakderengipun, wekdal Penjenengenaipun ngendikan dateng Musa, *“ yen kowe wis nggowe umatingSun metu saka Mesir, kowe arep manembah Allah nek gunung iki.”*

Sakmaneko sumonggo kita lajengaken maos Kitab Suci kangge ningali kadospundi Allah ngetingal malih dateng Musa saha ngendikan dateng umat Israel wonten gunung Sinai. Kitab suci ngendikan mekaten, *“Musa tumuli minggah sowan ing ngarsane Gusti Allah, sarta dipangandikani dening Pangeran Yehuwah saka ing gunung kono, dhawuhe: “Sira ndhawuhana turune Yakub lan ngundhangna marang wong Israel, mangkene: Sira wus padha ndeleng samubarang kang wus Suntandukake marang wong Mesir, sarta anggoningSun nggendhong sira ana ing swiwining manuk garudha, Sunparakake marang ing ngarsaningSun. Kang iku saiki, manawa sira padha ngestokake dhawuhingSun klawan temen-temen sarta padha netepi prasetyaningSun, mesthi sira padha dadi kekasihingSun pinilih saka ing antarane sakehe bangsa, awit salumahing bumi iku kagunganingSun. Sira mesthi padha dadi karajan kaimaman lan bangsa kang suci. Iya iku pangandika kang kudu sira undhangake marang wong Israel.” Sawangsule Musa tumuli nimbali para tuwa-tuwaning bangsa mau, padha diparingi sumurup bab sakehe pangandika kang didhawuhake dening Pangeran Yehuwah. Wong sabangsa kabeh banjur padha mangsuli saur manuk, ature: “Punapa sadhawuhipun Gusthi punika badhe sami kula estokaken.”*

Sedherek mireng punapa jawaban tiyang Israel dateng Musa? Sedaya njawab, *“Punapa sadhawuhipun Gusthi punika badhe sami kula estokaken.”* Nanging punapa sedaya wau leres? Punapa Israel saged ngrimat sedaya hukumipun Allah. Gusti pirsu bilih tiyang Israel mboten saged nindakaken. Engkang Gusti kersakaken njihpunika supados tiyang Israel mranani Allah, ngemuti dosa saha kawontenanipun. Lan ugi pitados dateng warta sae babagan penebus engkang badhe rawuh wonten dunya kangge milujengaken manungsa saking dosa. Allah sampun nyepuro leluhuripun (Ibrahim, Ishak, Yakub) karena iman dateng janjinipun Allah. Pangeran ngapunten tiyang Israel namung nglangkungi iman, iman dateng Allah saha Rancanganipun perkawis kawilujengan. Kitab suci ngendikan, *“ora ona wong siji wae sing dibenerke nek ngarsane Gusti, karena nindakaken Taurat, karena wong bener bakal urip karena iman.”*

Senajan mekaten, ngantos dumugi ngandap gunung Sinai, tiyang Israel taksih ngajeng2 bilih piyambakipun kepranan wonten Ngarsanipun Allah karena sedaya usahanipun. Menika tumindak bodho, awit Israel sampun nyupekaken tumindak engkang tansah nglarani manahipun Gusti. mboten sadar bilih punika dosa ageng wonten Ngarsanipun Allah. Allah punika suci saha sampurna, Penjenenganipun mboten saged nampi usaha punapamawon engkang mboten sampurna. Nanging ngantos ing titik punika Israel mboten sadar. Punika sebabipun wicanten kanti sura, *“Wong sabangsa kabeh banjur padha mangsuli saur manuk, ature: “Punapa sadhawuhipun Gusthi punika badhe sami kula estokaken.”*

Sakpunika sumonggo kita lajengaken, ningali kadospundi Gusti mandap ing nginggiling gunung Sinai saha paring 10 Hukumipun dateng bangsa Israel. Kitab suci mekaten, *“Sira maranana bangsa iku.....
“Padha cumawisa ing dina katelune, sabab ing dina katelune iku Pangeran Yehuwah bakal tumedhak menyang gunung Sinai ing sapandelenge bangsa iku kabeh. sira masanga pager mubeng lan tutura:
“Padha ngati-atia, aja ana kang munggah ing gunung utawa nggepok sikile, sabab sing sapa nggepok, mesthi kaukum pati. Tangane wong siji bae ora kena nggepok gunung iku, awit wong iku mesthi bakal dibenturi ing watu utawa dipanah nganti mati; dadia kewan utawa manungsa, aja diurapi! Mung samangsa keprungu unining kalasangka kang nggalur, lagi padha kena munggah ing gunung.”..
Kacarita bareng dina kang katelune ing wayah bangun esuk, ing gunung ana gludhug lan bledheg sarta mendhung kang kandel, apadene swaraning kalasangka kang banter banget, temahan wong kang ana ing tarub padha giris kabeh. Musa banjur ngirid bangsa mau metu saka palerebane, padha seba marang ing ngarsane Gusti Allah, lan padha ngadeg ana ing sikiling gunung. Gunung Sinai katutupan ing pega kabeh, marga Sang Yehuwah nedhaki gunung mau ing sajroning geni; pegane kumelun kaya kukus ing pawon, lan gununge banget anggane gonjang-ganjing. Swarane kalasangka saya suwe saya banter. Musa banjur munjuk, sarta Gusti Allah paring wangsulan saka ing sajroning gludhug. Pangeran Yehuwah tumuli tumedhak marang ing puncak gunung Sinai,”*

Gusti Allah banjur ndhawuhake sakehe pangandika iki: “Ingsun iki Yehuwah Gusti Allahira, kang wus ngentasake sira saka ing tanah Mesir, ing tanah pangawulan.

- 1) Sira aja nduweni allah liyane ana ing ngarsaningSun.
- 2) Sira aja gawe reca utawa....awitdene Ingsun, Yehuwah Allahira,
- 3) Sira aja nyebut nyawiyah asmaning Yehuwah Gusti Allahira, awitdene Pangeran Yehuwah mesthi mastani luput marang sadhengah wong kang nyawiyah marang asmane.
- 4) Sira elinga marang ing dina Sabat, sarta sira sucekna,
- 5) Sira ngajenana bapa-biyungira,
- 6) Sira aja memateni.
- 7) Sira aja laku jina.
- 8) Sira aja nyenyolong.
- 9) Sira aja ngucapake paseksi goroh tumrap pepadhanira.
- 10) Sira aja melik marang omahe pepadhanira; sira aja melik marang somahe pepadhanira, utawa bature lanang lan wadon, sapine utawa kuldine, lan apa bae kang dadi duweke pepadhanira.”

Sedherek, ngantos waosan punika, kita mandeg rumiyin. Pepanggihan saklajengipun kita badhe sinau saben hukum engkang sampun Gusti paringaken dateng tiyang Israel wonten Gunung Sinai. Nanging sakderengipun kita pepisahan, wonten perkawis penting wonten sedaya waosan wau, njihpunika;

Allah punika suci lan mboten wonten tiyang setunggal mawon engkang saged nyelak Penjenenganipun kanti usahanipun piyambak. Kitab suci ngajaraken bilih manungsa sami kados suket lan Allah punika latu engkang ngobong nelasaken suket wau.

Sedherek, wonten wiwitan kita mireng bilih tiyang Israel matur dateng Allah, badhe *“nindakaken sedaya Dawuhipun Gusti.”* Sedaya wau karena sedaya mboten mangertos kasucinipun Allah. Nanging saksampunipun Allah ngetingal, tiyang Israel ewah total. Saksampunipun ningali kedahsyatanipun Guntur, kilat saha gunung engkang wonten asekipun saha suwanten Allah engkang sura wekdal ngendikan *“Sedasa Hukum”* sedaya sami ajrih. Sedaya ngadeg tebih-tebih saha wicanten dateng Musa, *“Mugi panjenengan kemawon ingkang ngandikani kula, kula badhe sami mirengaken; sampun ta dipun pangandikan dening Gusti Allah, mindhak kula sami nemahi pejah.”*

Dados ing mriki umat Israel milai sadar perkawis Kasucinipun Allah lan kambotensanggupanipun nyelaki Gusti. Ing ngandap gunung Sinai, umat Israel sadar kaleresan engkang dingendikakaken Kitab Suci, *“manungsa punika kados suket”* lan *“Allah punika latu engkang ngobong.”* Ing Ngarsanipun Allah engkang Maha Suci, punapa saged kalih jujur tiyang Israel, canten, *“Oo mboten wonten masalah, punapa mawon engkang Gusti ngendikanaken badhe kawulo tindakaken?”* mboten. Sebab sakmenika, sami sadar bilih gadah masalah. Masalah engkang serius. Wekdal umat Israel mulai ngraosaken kasucinipun Allah saha ketegesanipun hokum-hukumipun, sedaya sadar perkawis kasucin lan kambotensanggupannipun piyambak kangge nindakaken hokum-hukumipun Allah kanti sampurna.

Kadospundi kalih sedherek? Punapa sadar kalih kasucian Allah? Punapa saged ningali kasucinipun saha kasampurnanipun Allah wonten hukum-hukumipun? Punapa sedherek sadar bilih manah lan usaha-usahanipun mboten leres lan mboten sampurna ing Ngarsanipun Allah? Punapa menggali kados tiyang Israel sakderengipun pinanggih kalih kasucinipun Allah? Sedherek...mboten wonten usaha engkang saged kita ditampi Allah. Awit sedaya tumindak kita mboten sampurna kados Allah punika sampurna. Sedherek Allah punika hakim engkang adil. Gusti engkang ngakimi dunya, namung saged nindakaken kaleresan lan Kaleresanipun mboten saged ditawa-tawa. Kaleresan Allah nuntut ukuman dateng dosa. Pituwasipun dosa punika pati lan kabucal saking kamulyanipun Allah. Amal saha tumindak sae mboten saged mbatalaken kewajiban kita mbayar tuntutan akibat dosa. Awit miturut kitab suci, kita sedaya punika tiyang najis lan tumindak sae kita sami kados kain reged. Sakleresipun ing ngajengipun latu pengadilan Allah engkang suci, sedaya amal lan tumindak sae kita kados suket garing kawontenanipun.

Sedherek, karena wekdal kita kedhah pepisahan. Kawulo nyuwun sedherek ningali saha menggaliaken perkawis engkang kita panggih dinten sakmangkih, bilih Allah punika Suci lan Panjenenganipun ngadili saben tiyang miturut Kasucinipun. Allah punika suci lan mboten purun peduli

kalian dosa. Allah punika suci saengga kita mboten saged nyelak Penjenenganipun kalih usaha kita piyambak.

Maturnuwun sampun sesarengan wonten siaran kawulo. Berkahipun Allah kaparingaken, wekdal sedherek menggalihaken, "Pangabekti marang Allah iku etuking kawruh."

Menawi wonten pitakenan, sumomggo ngubungi kawulo ing no 081333777386. Saged SMS utawi WA Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 37

Sedasa Pranatan Suci

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Wonten pelajaran sedherengipun, kita ningali kadospundi kedahyatanipun alam engkang dumados wekdal Allah mandap ing nginggilipun gunung Sinai. Guntur saha kilat, gunung engkang diselimuti asepe saha larangan nyepeng gunung wau....sebab sinten engkang nyepeng mesti pejah. Sedaya wau nedahaken mekaten Allah punika Maha Suci. Lan dinten sakmangkih kita badhe ningali sedaya pranatan Allah lan mbandingaken kalih gesang kita, kangge mangertosi kadospundi kawontenan kita wonten Ngarsanipun Allah engkang Maha Suci. Kita sampun maos ing Kitab Suci, bilih wekdal Allah wonten gunung Sinai ngendikan, “ **Gusti Allahira, kang wus ngentasake sira saka ing tanah Mesir, ing tanah pangawulan.**”

Sira aja nduweni allah liyane ana ing ngarsaningSun. Punika pranatan engkang sepindah. Maksud Allah wonten pranatan niki njihpunika; namung Penjenenganipun mawon engkang dados Allah wonten pigesangan kita. Penjenenganipun mboten saged bagi-bagi kamulyan kalih punapa mawon sanesipun. Allah Sang Pencipta punika setunggal-setunggalipun engkang kita sembah. Namung Asmanipun mawon engkang suci saha ajaib lan namung Penjenenganipun mawon engkang layak nampi sedaya pangibadah kita. Nanging wekdal manungsa pinanggih kalih masalah, engkang kaping sepindah mboten sowan dateng Allah engkang nyipta sedayanipun saha sanggup nindakaken sedaya perkawis, nanging malah dateng lan ngendelaken manungsa, saha manggenaken manungsa ing panggenan engkang kedhahipun dipanggeni Allah. Sinten engkang nindakaken perkawis wau, piyambakipun gadah allah sanes wonten gesangipun. Gadah allah sanes wonten gesang kita punika dosa!

Pranatan engkang kaping 2, Allah ngendikan, **“Sira aja gawe reca.....aja sujud utawa ngabekti marang iku, awitdene Ingsun, Yehuwah Allahira, iki Allah kang sujanan,”** Nglangkungi pranatan punika, Allah ngemotaken, supados kita waspada saking berhala. Berhala ing mriki mboten namung berarti awujud reca engkang disembah ing panggenan khusus/pojokan griya. Berhala punika sedaya perkawis engkang ing tengah-tengah antawis kita kalian Allah. Misalipun nonton tv langkung penting tinimbang Allah, dados sedaya wekdal damel nonton tv. Wonten ugi tiyang engkang mbeto jimat.....tiyang engkang nedahaken bilih Allah mawon mboten cekap wonten gesangipun. Engkang intinipun keremenan manungsa punika langkung utami tinimbang sowan saha ngabekti dateng Gusti. utawi nggantosaken Gusti wonten gesang kita, punika berhala.

Lajeng pranatan kaping 3, Allah ngendikan, **“Sira aja nyebut nyawiyah asmaning Yehuwah Gusti Allahira, awitdene Pangeran Yehuwah mesthi mastani luput marang sadhengah wong kang nyawiyah marang asmane.”** Punika penting sanget, Allah mboten purun, tiyang nyebat Asmanipun sakwiyah-wiyah. Nanging saben dinten kita pireng wonten pundi-pundi wicanten, Insya Allah, kula badhe damel niku lan nika, utawi lumampah mrika-mriki, padahal wonten ing manahipun mboten wonten sekedik mawon nindakaken punapa engkang dicantenaken. Manungsa matur Insya Allah, namung supados tiyang pitados gorohipun. Punika dosa sedherek. Engkang sanesipun matur, *“Allah saksinipun....kula mboten damel niki lan niku.”* Punika conto-conto kadospundi kita nyalahginakaken saha nyebat Asmanipun Allah kalian sakwiyah-wiyah. Kitab Suci, “ngomongo yo yen pancen yo” ora yen pancen ora” sakluwihe iku dosa.

Pranatan kaping 4, Allah ngendikan marang keluargamu: **“Sira elinga marang ing dina Sabat, sarta sira sucekna, nem dina sira nyambuta gawe lan nglakonana sapagaweanira kabeh, nanging dina kapitu iku Sabate Pangeran Yehuwah, Gusti Allahira”** Ing mriki kita ningali bilih Allah ngersakaken umat Israel ngaso saben dinten kapitu, lan dinten punika kangge ngabekti dateng Penjenenganipun.

Pranatan kaping 5, Allah ngendikan, **“Sira ngajenana bapa-biyungira, supaya didawakna umurira ana ing tanah peparinge Pangeran Yehuwah, Gusti Allahira marang sira.”** Ing mriki kita mangertosi bilih tiyang sepuh punika tiyang engkang istimewa lan pantes kita hormati. Ananging sakmenika wekdal kathah lare wanton nglawan dateng tiyang sepuhipun. Mboten ngormati tiyang sepuh ananging malah damel sisah saha natoni manahipun. Pikajeng Gusti kangge para lare punika supados piyambakipun ntresnani, ngormati saha taat tiyang sepuh saengga ngremenaken manah Gusti miturut kalih Kersanipun.

Pranatan 6, Allah ngendikan, **“Sira aja memateni.”** Dingendikakaken ing mriki, sinten engkang mejahi tiyang piyambakipun dosa dateng Allah engkang nyipta manugsa Penjenenganipun, sarta paring pigesangan saha jiwa kangge manungsa. Mejahi tiyang kanti peksa punika bentuk raos sengit dateng

Allah. Kitab suci ugi ngajaraken bilih mejahi mboten namung ndadosaken tiyang pejah kanti peksa, nanging, **“sinten engkang nggething sedherekipun punika pembunuh.”** Engkang sering mboten digatosaken bilih Allah ngadili tiyang mboten namung karena tumindakipun ananging ugi punapa engkang direncanakaken wonten manahipun. Karan Allah sanggup mirsani manah, Pramila Ing Ngarsanipun, raos gething saha pembunuhan sami dosanipun!

Pranatan kaping 7, Allah ngendikan, **“Sira aja laku jina.** Allah mangertos punapa engkang paling sae kangge manungsa, punika sebabipun saksampunipun paring dateng Adam tiyang setri kangge dinikahi, Allah ngersakaken tiyang jaler mbatesi pikajengipun secara sex namung kangge sisihanipun lan mboten gadah nefsus kangge tiyang wadon sanes. Ing Kitab Suci ngendikan, **“He para wong lanang, padha tresnaa marang bojomu kayadene nresnani awakmu dewe” lan sopo sing megat bojone, kecuali karena ora setya, mari ngono nikah karo wong wadon liya, deweke tumindak zina.”** Wekdal manungsa nglawan pranatanipun Allah lan nindakaken perkawis terlarang, kathah engkang raganipun nampi konsekwensi saking tumindakipun wau. Punika sebabipun kathah penyakit engkang nyebabaken pejah dateng tiyang engkang gadah hubungan seksual ing njawi pernikahan resmi. Pernikahan punika anugrahipun Gusti kangge manungsa. Tumindak zina mboten terbatas saking raga engkang kita damel, ananging termasuk ugi wonten ing penggalih. Kitab suci ngendikan, **“Sing sapa mandeng wong wadon kalawan nduweni krenteg marang dheweke, iku wus laku jina sajroning atine.”**

Sira aja nyenyolong, punika pranatan 8 engkang Gusti dawuhaken. Kagem Allah nyolong mboten namung winates mendhet arto utawi sanesipun engkang sanes gadahan kita. Sanajan namung wonten manah kepengin nyolong, ananging mboten dados punika ugi sampun nyolong wonten manah. Contonipun diparingi kapitadosan pemimpin nggarap pedamelan lan kita sampun dibayar, ananging pedamelan wau mboten garap, kita berarti ugi sampun nyolong. Tiyang nyolong ukumanipun pejah lan mlebet latu neraka.

Pranatan 9 dingendikaken, “Sira aja ngucapake paseksi goroh tumrap pepadhanira.” Gusti Allah punika Maha Leres lan mboten remen kalian goroh. Kathah tiyang ngendikan, mboten nopo-nopo goroh sethitik supados kahanan anteng lan saged terhndar saking masalah. Ananging wonten ngarsanipun Gusti, mboten wonten goroh cilik, goroh ageng, goroh putih saha goroh cemeng. Gusti ngendikan, **“sopo sing seneng goroh iku niru sifate Setan, yaiku maling lan penuduh.”** Setan goroh dateng Adam lan Hawa lan ngantos sakpunika taksih terus ngapusi tiyang ganti pangapusipun. Sinten engkang goroh sami kalih Setan.

Ing Pranatan 10, Allah ngendikan, “Sira aja melik marang omahe pepadhanira; sira aja melik marang somahe pepadhanira, utawa bature lanang lan wadon, sapine utawa kuldine, lan apa bae

kang dadi duweke pepadhanira. Ing mriki jelas bilih Allah pirsu bilih ing manah manungsa, wonten raos sreji saha dengki ing manahipun. Punika sebabipun kita melik gadahan tiyang sanes, kados bojo, barang lan sakpiturutipun. Punika dosa, karena Kitab Suci ngendikan, ***“kita lahir ana ing dunya ora nggowo opo-opo lan kita uga ora nggawa opo-opo wektu ninggalake. Nanging menawa kita duwe panganan lan klambi, kita kudu wis marem.”***

Punika 10 ukum Allah engkang kaparingaken Allah dateng Musa saha Umat Israel. Setunggal pitakenan engkang kedhah kita jawab. Punapa kita sampun naati 10 pranatan wau? Mungkin sedherek dereng mangertos bilih wekdal Penebus wonten ing dunya, Penjenenganipun mbagi 10 pranatan wau dad0s 2 njih punika, ***“Sira tresnaa marang Pangeran Allahira kalawan gumolonging atinira, lan gumolonging nyawanira, sarta gumolonging budinira.”*** Lajeng engkang kaping 2, ***“Sira tresnaa ing sapepadhanira dikaya marang awakira dhewe.”*** Sakpunika kangge nguji punapa sedherek sampun nindakaken 10 ukum wau, saged pitaken kalih sedherek piyambak mekaten

1. Kepiye hubungan pribadiku karo Allah, apa aku nresnani Penjenengane kanti gumolonging ati?
2. Apa aku nresnani wong liya koyo aku nresnani awakku dewe?

Menawi kalih kekiatan piyambak, namung wonten setunggal kemungkinan kangge sedherek, njihpunika ngadepi kaleresan pangadilanipun Allah. Penjenenganipun sampurna, saengga mboten saged nampi usaha engkang mboten sampurna. Punika sebabipun Kitab suci ngendikan, ***“wong sing nerak salah sijining dawuhe Allah berarti nerak sakabehe.”*** Usaha nindakaken 10 pranatanipun Allah mboten saged manungsa ateges “kepranan dateng Allah” awit sedaya manungsa sampun dosa saha kicalan kamulyaning Allah. Sedaya tiyang engkang gumantung dateng pranatan agami wonten ing ngandapipun paukuman.

Mungkin wonten engkang pitaken, “menawi mekaten wonten punapa Gusti paring 10 pranatanipun, menawi mboten wonten setunggal mawon manungsa engkang saged nindakaken kanti sampurna? Pitaken menika sanget penting...ananging badhe kita bahas wonten pinanggihan saklajengipun. Gusti paring berkah, wekdal sedherek menggalihaken pangandikanipun Allah, ***“sopo sing nerak siji wae soko pranatan iku, deweke nerek sakabehe pranatan.***

Menawi sedherek wonten pitakenan sumomggo mgubungi kawulo ing no 081333777386. Saged SMS ugi WA. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 38

Maksudipun Allah ing Hukum-Hukumipun

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Wonten ing 2 pelajaran engkang pungkasan, kita ningali peristiwa-peristiwa engkang dumados wekdal Gusti mandap ing gunung Sinai kangge paring 10 Parintahipun dateng tiyang Israel. Wonten hukum kapisan Allah ngendikan, **“Sira aja nduweni allah liyane ana ing ngarsaningSun, 2. Sira aja gawe reca...3. Sira aja nyebut nyawiyah asmaning Yehuwah Gusti Allahira, 4. Sira elinga marang ing dina Sabat, sarta sira sucekna, 5. Sira ngajenana bapa-biyungira 6. Sira aja memateni 7. Sira aja laku jina 8. Sira aja nyenyolong 9. Sira aja ngucapake paseksi goroh tumrap pepadhanira. 10. Sira aja melik marang tanggamu.**

Punika 10 hukum engkang dados tanggelan tiyang Israel, karena wekdal maringaken, Allah ngendikan, **“Yen ana wong kang sanggup nindake kanti sampurna tuntutan parintah mau, mula wong iku layak urip ana NgarsaningSun, Ananging menowo ana wong nindakaken parintah mau, nanging nerak salah sijinya, wong iku salah nengngarsaningSun dadi wong kang nerak 10 parintah lan kudu pisah karo Engsun selaminya.”** Punika kasucin engkang disuwun Allah dateng tiyang Israel. Allah marentahaken Israel kedhah taat sedayanipun....njih sedaya perkawis. Ananging punopo wonten tiyang engkang saged kanti sampurna nindakaken parintahipun? Mboten! Lajeng pitakenanipun, “wonten punopo Allah marintahaken sedaya sampurna, menawi Penjenenganipun mangetos mboten wonten engkang saged?

Kita mangertos bilih sakderengipun tiyang Israel wanton matur, *“badhe kawulo tindakaken punapa engkang Gusti dawuhaken.”* Nanging punika sakderengipun sadar, kadospundi tebihipun jarak antawis tiyang Israel kalih Allah. Allah ugi pirsu bilih anak keturunan Israel wau saestu mboten gadah

kesanggupan kangge nyukupi Tuntutanipun. Punika alasan Allah paring Parintahipun engkang mekaten sampurna saha ngendikan, *"lakoni kabeh, menawa kowe iso! Nanging menawa kowe nerak siji wae, kowe padho wae nerak kabeh lan kapisah saka Ingsun selaminy."*

Maksud Gusti paring parentah engkang awrat punika kangge nedhahaken dateng tiyang Israel kambotensanggupanipun ngremenaken manahipun Gusti. Nanging tiyang Isarel mboten sadar, kados tiyang engkang ethok=ethok saleh ing jaman sakmangkih, tiyang-tiyang engkang mikir bilih Allah nuntut supados manungsa tumindak sae, saengga ing dinten kiamat, menawi "amalipun" langkung awrat tinimbang "dosanipun", Pramila Allah ngendikan, "mreneo, manggon ono NgarsaningSun saklawase." Sayangipun perkawis punika lepat....lan mesti tiyang2 wau mboten mangertos punapa pangandianipun Kitab Suci utawi mboten sadar kalih Kasucinipun Allah. Allah punika sampurna, engkang mboten saged nampi setunggal dosa mawon.

Kados dene Adam saha Hawa namung tumindak setunggal dosa mawon, wusananipun kedhah nandang paukuman medal saking Firdaus. Setunggal dosa ndadosaken Adam mboten sampurna lan mboten saged celak wonten ngarsanipun Allah. Setunggal dosa, piyambakipun kedhah pejah. Setunggal dosa, wonten panggenan ing latune neraka. Punika wujud Kasanpurnanipun Gusti, punika sebabipun kitab suci ngendikan, *"siji wae kowe nerak parintah iku, kowe nerak kabeh parentah."*

Lajeng wonten punapa Gusti paring parentah engkang mekaten? Jawabanipun Gusti, *"sebab ora ono wong siji wae rerukunan karo Allah karana wong iku nglakoni tuntutanane agama. Sebalike, ukum iku nuduhake marang manungsa yen manungsa iku dosa."* Dados tujuan ukum wau diparingaken supados kita sami sadar dateng sedaya dosa kita.

Dados tujuan Allah paring ukum engkang sampurna punika, supados kita sadar dateng sedaya dosa saha paring pangertosan bilih kita sedaya betah setunggaling penebus saengga kita saged luput saking paukuman. Namung Allah engkang kagungan cara lan mangertos kadospundi manungsa saged uwal saking masalah dosa.

Mungkin sedherek wicanten, "eh....mengko dhisik...aku iki wong apik, ora koyo wong liyo sing maling, ngapusi, tumindak zinah.." sedherek kulo, menawi penjenengan menggali mekaten, Pramila jelas sanget bilih sedherek dereng sadar dateng Keagungan Kasucinipun Allah. Sedherek ugi perlu mangertosi bilih ing dinten kiamat mangkih, wekdal Gusti ngadili sedherek, Penjenenganipun mboten mbandingaken sedherek kalih tetangga utawi sesame manungsa sanes engkang ugi tumindak dosa....nanging sedherek badhe diukur kalian ukum-ukumipun engkang suci saha sampurna, engkang ngendikan, yen kowe nerak siji wae kowe wis nerak kabeh ukum mau. Allah engkang ngendikan, *"aja ngapusi"* punika Allah engkang ugi ngendikan, *"aja tumindak zina!"* Dados sanajan sedherek mboten

tumindak zina ananging ngapusi sepindah mawon, berarti penjenengan sampun nerak sedaya hokum wau lan sedherek mboten saged mlebed suwargi, karena perkawis Suwargi Kitab suci ngendikan, *“Nanging sabarang kang najis ora bakal bisa mlebu mrono, uga wong kang nglakoni kanisthan, tuwin para cidra”*. Engkang pesti ing mriki kita mboten mungkin saged ngeremanken manahipun Gusti kalih usaha kita piyambak. Punika engkang ditegesaken dening Kitab Suci, *“Margi saking makaten kawula sadaya punika kadosdene tiyang ingkang najis saha sakathahing kamursidan kawula punika kadosdene lawon ingkang reged”* jelas sanget bilih mboten wonten setunggaling tiyang mawon saged paring alasan malih lan sedaya Donya dituntut Gusti...kados engkang kaserat, *“Ora ana wong kang bener, siji bae ora ana, Ora ana wong siji-sijia kang duwe budi, Kabeh wong padha nyleweng, kabeh tanpa guna, ora ana kang gawe becik, siji bae ora ana.”* Marga kabeh wong wis padha gawe dosa sarta koncatan ing kamulyaning Allah.”

Sakpunika sedherek, kadospundi kawontenan kita wonten Ngarsanipun engkang badhe ngadili kita? Kadospundi kita saged owal saking Ukumanipun? Tumindak lan usaha kita mboten saged dados pitulung kita, lajeng punapa kita punika, manungsa engkang tanpa pangajeng-ajeng? Panuwun dateng Gusti, awit Penjenenganipun sampun ngatur setunggaling rencana kawilujengan keturunan Adam saking paukuman karena dosa.

Wonten kitab Keluwaran 20, kita ningali Allah mbebasaken umat Israel saking kutuk karena pelanggaran dateng Ukum Allah engkang suci. Mekaten suraosipun, *“Kacarita bareng bangsa mau padha krungu gumlegering gludhug lan bledheg samber-samberan, unine kalasangka, apadene kumeluning pega saka ing gunung, padha wedi lan gumeter sarta tumuli padha mundur ngadoh, ananging Musa nyedaki kumeluning pega panggonan Gusti rawuh. Gusti Allah banjur ngandika marang Nabi Musa: “Wong Israel padha dhawuhana mangkene: Sira wus padha nyumurupi dhewe anggoningSun mangandikani sira saka ing langit. Sira aja padha gawe brahala salaka utawa mas ana ing sandhingingSun. Ingsun sira gawekna misbyah lemah, sira anggoa nyaosake kurban obaranira lan kurban kaslametanira apadene wedhusira lan sapinira. Ing saben panggonan kang Sunpilih dadi pangling-eling marang asmaningSun, Ingsun bakal rawuh lan mberkahi sira.”*

Sedaya engkang dipun dawuhaken Gusti Allah wau diserat Musa wonten ing buku. Lajeng mbenjangipun Musa mbangun misbah ing ngandapipun gunung Sinai kados dawhipun Allah. Saklajengipun Musa parintah dateng tiyang nem kangge ngorbankanen pinten2 maesa, ngumpulaken rahipun ing wadah, lajeng ngobong dagingipun ing nginggilipun misbah. Saklajengipun Musa mendet rah maesa lan nyipratakan wonten nginggilipun misbah saha buku ing pundi 10 hukum wau kaserat saha dateng sedaya tiyang lajeng wicanten, *“Iki getih perjanjian sing digawe Allah karo kowe.”*

Sedherek ing mriki kita tingali bilih karana dawuhipun Gusti Musa damel misbah, ngurbanaken kewan saha nyipratakan rah dateng sedaya umat Israel. Punapa maksudipun? Ing mriki Gusti ngajaraken dateng umat Israel, punapa engkang sampun Diajaraken kangge Adam, Habil, Nuh, Ibrahim, Ishak saha Yakub njihpunika *“ora ana pangapura manawa tanpa wutahing getih.”* Ing mriki Allah ugi nedahaken dateng umat Israel bilih piyambakipun mboten sagah nindakaken sedaya hokum-hukumiPun, Pramila kadhah wonten korban tanpa cacat engkang kedah diaturaken dateng Allah. Kedah wonten penggantos saking kalepatan tiyang engkang damel dosa. Sanajan mekaten kita ugi sampun sinau bilih korban kewan, mboten saged nebus dosa. Korban wau namung nutupi dosa manungsa. Punika sebabipun kurban kewan kedhah diparingaken ngantos Allah ngutus Sang Penebus wonten dunya, Penebus engkang badhe masrahaken gesangipun kangge kurban pungkasan penebus dosa.

Kita mestinipun bungah karana mangertosi bilih Sang Penebus sampun rawuh lan sampun mbayar harga penebusan kangge kita, sepindah kagem selaminye. Punapa sedherek mangertos asmanipun? Isa Almasih asmanipun. Isa Almasih artosipun Gusti nylametaken. Isa mboten kagungan bapak secara jasmani, Penjenenganipun rawuh saking suwarga. Isa mboten gadah tabiat dosa engkang wonten ing keturunanipun Adam. Karana mboten gadah who dosa, Pramila Penjenenganipun saged maringaken gesangipun kangge korban penghapus dosa kangge sedaya tiyang engkang pitados dateng Penjenenganipun. Lelandesan kurban penebusan engkang sampurna niki, Allah saged ngleresaken sedherek saha kula.....punika karana wonten tiyang engkang mboten dosa sampun nanggél ukuman kangge dosa kula saha sedherek.

Monggo kita emut malih kalih perkawis penting, **pertama, Mboten wonten setunggal manungsa mawon engkang saged nylametaken awakipun karana nindakaken 10 Hukum Allah. Kaping 2 Gusti piyambak engkang gadah rencana nylametaken manungsa engkang dosa.**

Pungkasanipun kita badhe pepisahan ngantos mriki. Maturnuwun sampun mindangetaken siaran kawula. Mugi Gusti paring berkah saha paring pangertosan perkawis punapa engkang sampun kita sinauni dinten sakmangkih, sebab sabdaNipun ngendikan, ‘sebab ora ono wong siji wae sing iso wawuh karo Allah karana nindakake perkara kang ana ing peraturan agama. Kosokbalike peraturan kuwi Cuma nuduhake kanggo manungsa menawa manungsa iku dosa.’”

Menawi sedherek wonten pitakenan, sumonggo ngubungi kawula ing no 081333777386. Saged SMS utawi WA . Nuwun..

Margining Karahayun

Pelajaran 39

Hukumipun Allah dilanggar

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Wonten 3 pelajaran engkang pungkasan, ing mrika kita ningali kadospundi Allah ngendikan dateng Umat Israel saking nginggil Gunung Sinai, ing tengah latu, Guntur saha petir lan paring 10 Hukumipun. Ing mrika Allah ugi paring dawuh dateng Musa damel misbah kangge paring kurban. Ing mrika kita ugi ningali alasan punapa Allah dawuh Musa kangge misungsunaken kurban ing ngandap gunung wau....njih, karena pelanggaran dateng peraturanipun Allah wau pati. Nglanggar setunggal saking 10 peraturan wau berarti nglanggar sedayanipun. Dados kangge nggantos tiyang engkang lepat saking pati, tiyang Israel kedhah mbeta kurban kewan engkang mboten cacat dateng Allah dados pisungsung tebusan dosanipun. Dados kewan wau kedhah pejah nggantosaken tiyang engkang dosa. Kalian cara punika, Gusti Allah mbuktikaken penjenenganipun leres saha adil, karena Allah namung saged ngapunten dosa karena wonten rah engkang mancur saking kurban engkang mboten cacat.

Sakmangkah sumonggo kita wangsul wonten Taurat kangge ningali punapa engkang dumados saksampunipun Gusti paring 10 ukumipun.

Wonten Kitab Keluwaran 24 kaserat mekaten, *“Pangeran Yehuwah tumuli ngandika marang Musa: “Sira munggha ing gunung sowan marang ing ngarsaningSun, lan tetepa ana ing kono, nuli sira bakal Sunparingi papan watu, kang wus Sunserati angger-angger lan pepakon, supaya sira wulangna marang wong-wong iku.” Musa banjur tindak karo Yusak abdine minggah ing gununge Gusti Allah. Nanging pawelingé Musa marang para tuwa-tuwa: “Kowe padha ngentenana aku ana ing kene, nganti sabaliku mbaleni kowe. Dene Harun lan Hur rak padha tetunggalan karo kowe, sapa*

kang duwe prakara padha maranana dheweke.” Bareng Musa minggah ing gunung, gununge banjur katutupan mega, lan kamulyaning Pangeran dumunung ing gunung Sinai, nem dina lawase anggone katutupan mega, sarta ing dina kaping pitune Musa ditimbali saka ing tengahing mega iku. Miturut sawangane wong Israel cahya kamulyane Yehuwah iku kaya geni kang nggesengake pucake gunung. Musa tumuli lumebet ing satengahe mega sarta minggah ing ndhuwur gunung; dene Musa anggone ana ing ndhuwur gunung iku lawase patang puluh dina patang puluh bengi.

Kita badhe ningali rumiyin umat Israel engkang kemah wonten ngandapipun gunung nenggo Musa wangsul. Kita mangertos, kadospundi raosipun nenggo kalian sabar. Punapa malih nenggo Gusti nindakaken perkawis. Langkung gampang pasrah, nglialiaken dawuhipun Gusti lan usaha piyambak pados margining kaluwaran. Dados punapa engkang badhe kita waos babagan tiyang Israel punika sanget penting kangge kita. Lan kalian carios punika, Allah ngemutaken dateng kita. Pasal 32 ngendikan mekaten, *“Nalika bangsa iku sumurup, yen Musa nganti lawas ora mandhap-mandhap saka ing gunung, banjur padha nglumpuk ana ing ngarsane Harun, ature: “Sumangga, kula panjenengan damelaken allah, ingkang badhe tindak wonten ing ngajeng kula; margi Musa, ingkang sampun ngirid lambah kula medal saking tanah Mesir punika, kula sami boten mangertos kadadosanipun.” “Pangandikane Harun marang wong-wong mau: Kowe padha nyopotana anting-anting mas kang ana ing kupinge somahmu, lan anak-anakmu lanang lan wadon, nuli gawenen mreng kabeh.” Ing kono wong akeh banjur padha nyopoti anting-antinge mas kang ana ing kupinge somahe lan anak-anake, sarta diaturake marang Harun. Sawuse Harun nampeni iku mau kabeh, tumuli didhapur sarana katatah dadi pepethan pedhet cor-coran. Ing kono pangucapane wong akeh: “He Israel! Iku allahmu kang wus ngirid lakumu metu saka ing tanah Mesir.”*

Sedherek cobu dipun tingali...dereng dangu sami canten, *“kawula badhe nindakaken sedaya engkang Gusti dawuhaken.”* Ananging malah nerak pranatan sepindah saha kalih, engkang nembe mawon Gusti paringaken. *“Sira aja nduweni allah liyane ana ing ngarsaningSun. Sira aja gawe reca “* Ananging punapa engkang didamel bangsa Israel? Umat Israel nyingkur dateng Allah lan damel reca awujud sapi kados reca-reca engkang biasa ditingali ing Mesir. Wonten punapa tiyang Israel nyingkur saking Gusti? Awit umat Isarel menginaken allah punika Allah engkang saged dicepeng saha ditingali. Ing jaman samangkih ugi kathah manungsa engkang sifatipun mekaten..tinimbang nderek dawuhipun Gusti engkang kaserat ing kitab suci, langkung enak nderek manungsa saha ajaran turun-temurun. Karana langkung gampang nindakaken karana ketingalan, tinimbang nderek Gusti engkang mboten ketingal. Artosipun nggantos kaleresan Dawuhipun Gusti kalian woh pikiran manungsa.

Monggo kita maos ayat saklajengipun babagan tiyang Israel *“Bareng Harun mirsa, banjur yasa misbyah ana ing sangarepe pepethan pedhet iku, Harun nuli nguwuh: “Sesuk riyaya sumaos marang*

Pangeran Yehuwah!" Esume tumuli padha tangi sarta nyajekake kurban obaran lan kurban slametan, sawuse mangkono wong mau banjur padha mangan lan ngombe, nuli ngadeg sarta asumyaksomyak." Dipun gatoskaen wicantenipun Harun wau, " piyambakipun yasa misbah lan ngumumaken bilih mbenjang wonten riyaya kagem Gusti." Kadospundi saged, kadospundi Allah saged disembah kalih cara perayaan kados engkang direncanakaken wau? Ing mriki Israel nambah dosa, kanti nerak dawuh kaping 3, "aja nyebut nyawiyah asmaning Yehuwah Gusti Allahira," Tutukipun matur Gusti punika Allah, ananging manahipun tebih saking Penjenenganipun. Wicanten lan penyembahanipun muspra. Doanipun namung kados sujud engkang mboten wonten artinipun, malah dados murkaning Gusti.

Sakmangkah monggo kita rampungaken carios punika ay.7 Gusti Allah tumuli ngandika marang Musa: "Sira mangkata, mudhuna, awitdene bangsanira kang wus sira irid lakune metu saka ing tanah Mesir iku wus tumindak duraka. Enggal temen anggone nyleweng saka dalam kang wus Sutedahake; wus padha gawe reca pedhet mas cor-coran, sarta iku banjur padha disujudi lan disajeni kurban, klawan pangucap: He Israel, iki allahmu kang wus ngirid lakumu metu saka ing tanah Mesir." Karomaneh pangandikane marang Musa: "Ingsun wus nyatitekake bangsa iki, lah iki bangsa kang wangkal. Kang iku sira eklasa, bebenduningSun mulad-mulad bakal numpes bangsa iku, nanging sira bakal Sundadekake bangsa gelengan gedhe." Nanging Musa banjur ngudi nglilihake panggalihe Gusti Allaha, unjuka: "Dhuh Gusti, punapaa bebendu Paduka ngantos mulad-mulad dhateng umat Paduka, ingkang sampun Paduka irid medal saking tanah Mesir kanthi pangwaos ingkang ageng saha asta ingkang rosa? Punapaa dene tiyang Mesir ngantos sami badhe reraosan: Anggone ngirid wong iku arep digawe sangsara lan arep dipateni ana ing gunung lan bakal ditumpes kasirnakake saka ing bumi? Paduka mugu karsaa nyirep mulad-mulading bebendhu Paduka, saha karsaa nggetuni bab bilai ingkang badhe Paduka dhawahaken dhateng umat Paduka. Paduka mugu karsaa enget dhateng abdi Paduka, Rama Abraham, Rama Isak lan Rama Israel, ingkang sampun Paduka paringi prasetya kanthi supaos dhemi sarira Paduka pribadi saha sami Paduka pangandikani: Turunira bakal Sintangkar-tangkarake nganti kaya lintang ing langit, lan tanah kang wus Sunjanjekake iku kabeh bakal Sunparingake marang turunira, supaya dadi darbeke ing salawas-lawase." Ing kono Pangeran apiduwung ing bab bilai kang wus karancang bakal katandukake marang umate. Musa tumuli mundur, mandhap saka ing gunung karo ngasta papan angger-angger loro, papan kang padha kaseratan sisih loro pisan, ing ngarep lan ing buri. Papan loro mau yasane Gusti Allah, tulisane iya seratanane Gusti Allah pribadi, kaukir ana ing papan mau. Bareng Yusak krungu giyak-giyake wong akeh, banjur matur marang Musa: "Ing palereban kepireng swara suraking perang!" Nanging pangandikane Musa: "Iku dudu swaraning kidung kaunggulan lan iya dudu kidung pangaduh marga kasoran, aku krungu swarane kidung saur-sauran." Kacarita bareng

wus cedhak ing palereban, sarta mirsa reca pedhet lan wong-wong padha jejogedan, Musa banjur duka banget, nganti papan watu loro mau dibanting, temah pecah ana ing sikile gunung. Reca pedhet gaweane wong-wong mau banjur dipundhut dening Musa, diobong sarta diejur-ejur nganti dadi lembut banget, tumuli disawurake ing banyu lan wong Israel padha didhawuhi ngombe banyu iku. Musa tumuli ngandika marang Harun: "Bangsa iki nandukake apa marang kowe, dene kowe nganti nekakake dosa kang samono gedhene marang wong-wong iki?" Nanging wangsulane Harun: "Sampun ngantos duka, panjenengan pirsia piyambak bilih bangsa punika sampun kawengku ing piawon, cariyosipun dhateng kula makaten: Kula mug i panjenengan damelaken allah ingkang badhe tindak wonten ngajeng kula, awitdene Musa ingkang sampun ngirid lampah kula medal saking tanah Mesir, kula boten sumerep kedadospun. Kula lajeng mangsuli makaten: Sapa kang duwe mas dicopota! Tiyang-tiyang wau lajeng ngladosaken masipun dhateng kula, lajeng kula lebetaken ing latu, ingkang muncul reca pedhet punika." Bareng Musa mirsa yen bangsa iku kaya jaran kang mbedhal saka ing gedhongan, marga Harun kang ngeculake, temah dadi pepoyokane para satru. Musa banjur jumeneng mapan ana ing gapurane palereban sarta ngandika: "Sing sapa nganggep marang Pangeran, majua mrene!" Ing kono bani Lewi padha maju kabeh marang ing ngarsane Musa. Nuli padha kadhawuhan: "Pangandikane Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe Israel mangkene: Kabeh padha nyengkelita pedhang ana ing lambungmu, palerebane padha dlajahana saka ing gapura siji terus tekan ing gapura sijine, lan saben wong matenana sadulure, kancane lan tangga-teparone!" Wong bani Lewi banjur padha ngestokake apa sadhawuhe Musa, temah ing dina iku panunggalane umat kang padha mati watara wong telung ewu. Mangkono Pangeran Yehuwah anggone matrapi bangsa iku, awit wus padha akon gawe pedhet, kang banjur kayasa dening Harun mau."

Lajeng Allah ngengken Musa ndamel 2 papan selo gantos 2 papan selo engkang sampun dipecah. Ing nginggilipun papan selo enggal wau, Gusti nyerat malih 10 Pranatanipun. Mestipun sedherek saged nggaliaken mekaten ageng kalepatan tiyang Israel dateng Gusti. Tanpa nggali punapa engkang sampun didamel Gusti, sedaya ninggalaken margi kaleresan damel agami enggal saha manambah dateng patung sapi pedamelan astanipun piyambak.

Pelajaran punapa engkang saged kita tampi ing mriki? Allah ngersakaken kita nggaliaken wonten pundi kita sakmangkih, wonten hubungan kalih Gusti? mungkin sedherek wonten engkang wicanten.....kulo mboten kados tiyang Israel engkang ninggalaken Gusti lan nyembah berhala. Perlu dipun mengertosi sedherek, berhala mboten namung awujud reca, ananging sedaya engkang wonten antawis sedherek kalian Gusti punika ugi berhala, contonipun arta, rasukan, hobby, jimat. Malah engkang langkung ngutamikaken doa saha pasa tinimbang midangetaken dawuh Allah.

Punapa mawon engkang ndadosaken langkung penting tinimbang Allah saha KaleresaniPun punika berhala.

Setunggal perkawis engkang mbedakaken antawis mbedakaken penyembah berhala kalih penyembah Allah punika Sabdanipun Allah. Kadospundi sedherek? Pitados saha ngremen dateng Dawuh Allah kanti sakestu-estu? Punapa kados tiyang Israel engkang nentang, kados pangandikanipun, *“wong-wong iku nyembah Ingsun ana lathi wae, nanging atine aduh saka Ingsung. Muspra nyembah Ingsun, sebab pranatane manungsa diajarake kayadene pranataningSun.”*

Maturnuwun sampun sesarengan kawula dinten sakmangkih, pepanggihan ngajeng kita sinau rencana Allah engkang badhe rawuh ing tengah bangsa Israel engkang kebak dosa, tanpa kompromi kalih Kaleresananipun. Menawi wonten pitakenan, sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 40

Tarub Pasewakan

Sedherek kula pamireng sedaya..

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Wonten ing pelajaran kepengker, kita ningali Israel kanti gampilipun mbalik saking Allah engkang gesang saha sejati, lajeng milih reca wujud sapi dados allahipun. Sedaya wau katindakaken wekdal Musa 40 dinten 40 dalu wonten nginggil gunung Sinai nampi Dawuhipun Allah. Sakmangkih kita badhe nyinauni rencana Allah engkang mboten lazim, rencana damel panggenan pertemuan. Panggenan pertemuan Allah mucal umat Israel nyelak, pinanggih saha manembah Gusti. Pelajaran dinten sakmangkih perkawis, "Tarub Pasewakan"

Wonten Keluaran 24 saha 25 ngendikan mekaten, *"lan kamulyaning Pangeran dumunung ing gunung Sinai, nem dina lawase anggone katutupan mega, sarta ing dina kapitune Musa ditimbali saka ing tengahing mega iku. Miturut sawangane wong Israel cahya kamulyane Pangeran iku kaya geni kang nggesengake pucake gunung. Musa tumuli lumebet ing satengahe mega sarta minggah ing ndhuwur gunung; dene Musa anggone ana ing ndhuwur gunung iku lawase patang puluh dina patang puluh bengi. 2"*Sira ndhawuhana marang wong Israel, supaya padha nyaosna pisungsung mirunggan konjuk marang Ingsun. Anggone padha nyaosake pisungsung mirunggan konjuk marang Ingsun iku metua saka legawaning atine. Anadene mungguh pisungsung mirunggan kang konjuk marang Ingsun iku arupa: mas, selaka, tembaga, bakal wungu tuwa, bakal wungu nom, bakal jingga, mori alus, wulu wedhus, lulang wedhus gembel lanang dipulas abang, lulang dhuyung lan kayu sittah lenga kanggo padamaran, anggi-anggi kanggo lenga jebad lan kanggo dupa, sotya krisopras lan sesotya tatahan kanggo klambi efod lan tutup dhadha. Lan Ingsun padha sira yasakna pasucen, supaya Ingsun

dedalem ana ing tengahira. Anggonira padha yasa dalem pasucen lan sakehe pirantine kabeh iku mituruta conto kang bakal Suntedahake marang sira."

Cobi dipun pirengaken punapa engkang dingendikakaken Allah dateng Musa. Penjenenganipun ngersakaken ndedalem wonten tengah umat Israel ing setunggaling panggenan engkang dipun damel Musa. Wonten punapa Allah kersa manggen ing tengah tiyang dosa? Wonten punapa Allah engkang roh lan mboten mbetahaken punapa-napa, kersa ngendikan dateng tiyang Israel engkang sampun ninggalaken Penjenenganipun? Kados engkang sampun kita mangertosi Allah nyipta manungsa supados daged gadah hubungan engkang sae kalih manungsa. Dosa manungsa dadosaken hubungan engkang sae wau risak, ananging Gusti sampun netepaken setunggal margi kaleresan. Margi kaleresan wau ndadosaken manungsa saged wangsul KaPenjenenganipun. Karana wonten rencana Allah engkang langgeng lan awit agengipun raos tresna Allah dateng manungsa, Allah engkang Mahamulia kersa manggen ing tengah-tengahipun tiyang Israel. Kalih damel kemah khusus lan pranatan engkang sanget khusus, Allah paring gambaran kadospundi keturunan Adam saged sowan Allah.

Kita sampun mangertosi bilih Allah punika suci, saengga kita mboten saged sembarangan sowan Penjenenganipun. Karana alasan punika, Allah ngengken tiyang Israel mbangun setunggaling kemah engkang ndadosaken Gusti rawuh ing tengah-tengahipun umat Israel wonten ing Kasucin saha Kamulyanipun. Kalih kemah engkang istimewa punika, Allah kersa mucal generasi engkang badhe dugi kathah pelajaran penting perkawis Penjenenganipun, ugi perkawis Juruselamet engkang badhe diutus wonten dunya.

Sakderengipun kita langkung tebih nyinauni dawuh Allah dateng Musa perkawis kemah pepanggihan, kita kedhah mangertos bilih Allah paring dawuh damel kemah punika mboten karana Allah piyambak mbetahaken panggenan. Mboten! Allah engkang Maha Inggil, Pencipta Langit lan bumi, mboten saged ditampung wonten bangunan pedamelan manungsa. Wonten seratan para nabi mekaten, "*Mangkene pangandikane Pangeran: Langit iku dhamparingSun lan bumi iku ancik-anciking sampeyaningSun; sira arep padha ngedegake padaleman apa kagem Ingsun, sarta panggonan apa kang bakal dadi palerebaningSun? Apa dudu astaningSun kang karya iku kabeh, satemah kabeh iki banjur ana?"*

Ananging wonten punapa Allah dawuh tiyang Israel kangge damel kemah ing pundi Roh saha Kamulyanipun badhe manggen? Sedherek, kados engkang sampun dingendikakaken sakderengipun, Allah kangen kekempalan kalih sedaya keturunan Adam saha paring pangertosan cara manungsa saged pikantuk pangapuraning dosa saengga saged gesang selaminye kalih Gusti wonten suwarga.

Wonten 50 pasal ing Kitab Suci engkang nggambaraken kadospundi wekdal mbangun tenda wau. Ananging ing mriki kita namung badhe mbahas intinipun perkawis kemah pepanggihan wau.

Kaping sepindah engkang kedhah kita mangertosi, bilih Kemah Pepanggihan engkang didawuhaken Allah wau kedhah kapilah dados 2 ruangan. Kemah Pepanggihan piyambak namung setunggal, nanging ing tenda wau wonten tirai engkang sanget endah lan awrat engkang misahaken setunggal ruangan saking ruangan sanesipun. **Ruang sepindah** naminipun Ruang Suci. Wonten ruangan wau namung para imam engkang saged mlebet. Para imam punika tiyang-tiyang engkang kapilih dening Allah piyambak saking keturunan Harun, engkang tugasipun mejahi kewan kurban dados kurban penggantos dosa. Wonten 3 piranti ing ruangan wau, meja emas panggenan tiyang ngobong dupa, setunggal lampu minyak lan setunggal meja ingpundi roti khusus kapanggenan pisungsung kagem Allah wonten penyembahan.

Ruangan engkang kaping 2 kasebut Ruang Maha Suci. Kasebat mekaten karena saksampunipun Musa mantun damel tenda, Allah mandap kaliah keagungan Kamulyanipun. Ruangan Maha Suci wau nggambaraken gambaran suwarga utawi Firdaus. Artinipun ruangan wau kagunganipun Allah, punika sebabipun Allah paring mangertos Musa bilih sinten mawon engkang mlebet Ruangan Maha Suci mesti pejah. Kejawi Imam Besar engkang mlebet setahun sepindah, mboten wonten malih tiyang engkang mlebet. Senajan mekaten piyambakipun kedah mbeta rah penebusan kagem dosanipun ugi kangge dosa tiyang kathah. Punika ketetapan engkang dipun tetepaken Allah piyambak.

Wonten Ruangan Maha Suci, Allah ngengken Musa manggenaken setunggal kotak saking kajeng Akasia engkang dilapis kalih emas murni. Kotak wau kasebat Tabut Perjanjian. Ing tabut wau kasimpen kalih papan watu engkang kaserat 10 Pranatanipun Allah. Ing nginggilipun tabut ditutup penutup saking emas, engkang kedah diciprati kalih rah kurban kewan setahun sepindah, saengga Allah saged ngapunten umat Israel karena dosanipun. Punika sebabipun tutup saking emas wau dinamikaken Tutup Pendamaian.

Saksampunipun wau, Allah nedahaken dateng Musa kadospundi damel tembok inggil kanggem mageri Tarub Pasewakan. Tembok njawi kadamel warnanipun petak. Lajeng kedah didamel setunggal lawang. Dados mboten wonten engkang saged mlebet latar kemah saking sembarang panggenan. Saben tiyang engkang badhe mlebet latar Tarub Pasewakan kedah langkung lawang wau. Ing ngajeng lawang mlebet, Allah dawuh Musa kangge ndeleh altar tembaga. Dados sedaya tiyang engkang badhe mlebet wonten latar, kedah ngliwati altar rumiyin. Kalih sedaya wau, Allah ngajaraken tiyang Israel lan sedaya keturunan Adam margi engkang saged ndadosaken sowan Allah, njihpunika kalih cara misungsungaken kurban rah.

Saben tiyang engkang badhe mlebet ing latar “panggenan Allah ndedalem” kedah mlebet kalih mbeta kewan kurban dados pembayaran dosa. Ing mriki, Allah nembe mucal umat Israel bilih mboten setunggal mawon manungsa saged sowan Allah, tanpa ndasari tekanipun ing rah saking kurban

engkang dipisungsungaken wonten altar lawang mlebet wau. Punika sebabipun Allah ngendikan dateng Musa, *"Marga nyawane angger daging iku ana ing getihe,"* Kanti menika Gusti dawuh supados sedaya rah disiramaken ing nginggilipun mizbah saengga dosa-dosa umat diapunten. Rah punika nyawa, engkang ngapunten dosa. Pramila saben tiyang engkang kepingin nyembah Allah, kedah mbeta kebo jaler, domba utawi peksi. Karana rah kewan engkang dibeta wau dados "tiket mlebet" piyambakipun, saksampunipun Imam nyembelih kewan wau. Dening iman rah kewan wau dicipratakaken ing nginggilipun altar saha lemah ing sekitaripun lan kewan wau diobong ing nginggilipun altar. Kanti cara mekaten Allah ngapunten dosa tiyang engkang lepat, karana kewan engkang mboten cacat wau sampun pejah gantos piyambakipun.

Tiyang Israel kedah ngambali pisungsung kurban punika saben taun, karana kurban kewan mboten saged muasaken kasucinipun Allah selaminipun. Sedaya wau gambaran perkawis Sang Penebus engkang sampunrawuh saha saklajengipun seda kangge tumbal tiyang-tiyang dosa. Karana Sedanipun, Allah saged ngapunten keturunan Adam kanti permanen, tanpa menggalihaken kalih Kaleresanipun.

Kangge nggambaraken punapa engkang ditindakaken dening Sang Penebus kangge tiyang dosa, Allah netepaken kangge tiyang Israel setunggal dinten saben taun, wekdal Imam Besar diijinaken mlebet wonten Ruang Maha Suci, njih punika Dinten Riyaya Pendamaian. Ing dinten wau Imam Besar badhe nyipratakaken rah ing nginggilipun tutup pendamaian. Piyambakipun mboten angsal mlebet tanpa mbeta rah kangge penebusan dosanipun saha tiyang kathah. Kadosmekaten ugi Allah paring gambaran Sang Penebus badhe rawuh ngocoraken rahipun saengga Allah saged ngapunten sedaya tiyang dosa saha nampi wonten Ngarsanipun kangge selaminipun.

Pelajaran ing dinten sakmangkih sanget lebet lan indah. Wonten setunggal malih engkang kedah dipunmangertosi babagan Tarub Pasewakan wau. Ing pasal akhir kitab keluwaran ngendikan, *"Wong Israel anggone padha nggarap iku ngetrepi kang kadhawuhake Gusti marang Musa, kaya mangkono anggone nggarap sakabehe, lan Musa mberkahi umat iku. "Sawuse mangkono megane nglimputi Tarub Pasewakan, sarta Tarub Suci banjur kinebekan ing kamulyaning Yehuwah, temah Nabi Musa ora bisa lumebu ing Tarub Pasewakan"*

Wonten setunggal gambaran engkang ditedahaken Allah perkawis berkah engkang langkung ageng engkang badhe rawuh wekdal Sang Penebus mandap saking suwarga kangge ndedalem ing antaranipun manungsa. Sang Penebus wau piyambak njihpunika "Tarub Pasewakan" sejati engkang Allah paringaken supados kita saged gadah hubungan engkang endah kalih Allah selaminyane, kados engkang kaserat ing Injil, *"Ing kala purwa Sang Sabda iku ana, dene Sang Sabda iku nunggil karo Gusti Allah sarta Sang Sabda iku Gusti Allah. Wiwitane Panjenengane iku nunggil karo Gusti Allah. Penjenengane iku Cempening Allah kang ngilangi dosane jagad."*

Penebus nggenepi sedaya gambaran ing Tarub Pasewakan saha pangurbanan kewan, awit Penjenenganipun mboten namung rawuh wonten dunya ananging ugi mangen sareng kita, nanging ugi ngocoraken Rahipun kangge kurban sampurna kangge sedaya manungsa, saengga kita saged gadah hubungan engkang celak kalih Gusti Allah.

Sampun wekdalipun kita pepisahan, sumonggo menawi wonten pitakenan saged ngubungi kawula ing no 081333777386 saged SMS ugi WA. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 41

Kabontenpitadosan Umat Israel

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun

Kados engkang sampun kita mangertosi, Taurat punika bagian pertama saking Kitab Seratan Para Nabi, engkang wonten mlebetipun kabagi dados 5 kitab. Kitab pertama, njihpunika Purwaningdumadi. Ing nglebetipun kita mangertos kadospundi dosa mlebet wonten dunya, mbeta kasengsaran, pejah saha kutuk. Nanging ing mrika kita ugi ningali bilih Allah damel rancangan kangge nylametaken Adam saha keturunanipun saking ukumanipun dosa, njihpunika latu neraka engkang langgeng. Kita ugi sinau bilih Allah janji badhe ngutus setunggaling Penebus, tiyang engkang badhe seda kangge tiyang dosa, saengga Allah saged ngapunten tiyan dosa wau. Ing mrika kita ugi ningali Allah milih Ibrahim saha Janji ndadosaken piyambakipun dados sumber saking sedaya bangsa enggal, bangsa engkang dados berkat kangge sedaya kaum ing dunya, awit saking bangsa punika badhe medal Kitab Suci, para nabi saha Sang Penebus.

Wonten Taurat 2 njih Kitab Keluwaran, kita ningali Gusti ngluwaraken umat Israel saking perbudakan ing Mesir nglangkungi Musa. Allah piyambak engkang mimpin umati-Pun mlampah ing pesamunan, ngantos wusanipun dumugi gunung Sinai saha maringaken 10 pranatan dateng tiyang Israel lan mucal babagan margining pangapunten dosa nglangkungi kurban rah.

Wonten pelajaran pungkasan, Allah paring dawuh dateng Musa kangge damel Tarub Pasewakan kangge Penjenenganipun, supados Gusti saged manggen wonten tengah-tengah umat Israel. Saksampunipun sedaya siap, *“mega nglimputi Tarub Pasewakan, sarta Tarub Suci banjur kinebeking kamulyaning Pangeran”* Nglangkungi tenda wau Allah nedahaken dateng umat Israel bilih Penjenenganipun ngersakaken hubungan persekutuan engkang celak, ananging mboten setunggal

mawon engkang saged nyelaki Allah tanpa misungsungaken kurban rah ing misbah Tarub Pasewakan. Tarub Pasewakan saha pangurbanan kewan punika gambaran saking Sang Penebus engkang badhe rawuh saking suwarga, ndedalem wonten bumi saha ngocoraken rahipun dados kurban penghapus dosa.

Wonten bagian 3 kitab Taurat engkang kasebat Kitab Imamat, Allah ngilhami Musa kangge nyerat pranatan engkang njelasaken kanti rinci caranipun umat Israel kedah misungsungaken kurban kagem Allah. Ananging wekdal sakmangkih kita mboten badhe ningali sedaya isi wonten lebetipun buku punika. Menawi sedherek ngersakaken sinau piyambak, mila kedah dipun pirsani wonten 2 tembung penting engkang medal antawis ping 200. Sejatospun 2 tembung wau makili sedaya isi Kitab Imamat, tembung punika Suci lan Rah.

Wonten punapa kok mekaten? Karana setunggal pesen penting engkang saged ditampi tiyang engkang maos kitab, njihpunika *"Allah punika Suci lan saklajengipun "mboten wonten pangapuraning dosa tanpa kurban rah"*. Dados isi penting kitab punika mucal dateng umat Israel kadospundi tiyang engkang dosa saged nyelaki Gusti engkang sampurna saha suci.

Saklajengipun monggo lumebet buku kaping 4, Kitab Wilangan. Wonten buku punika nyariosaken bilih umat Israel manggen ing ngandapipun gunung Sinai antawis setahun. Salami setahun Gusti mucal kathah perkawis umat Israel saha ngilhami Musa nyerat kitab Taurat engkang kita waos punika. Saklajengipun Gusti mimpin bangsa Israel lumampah tumuju panggenan sahe engkang sampun Penjenenganipun janjiaken, njihpunika Kanaan. Kitab suci martosaken bilih wekdal bangsa wau nilai ninggalaken gunung Sinai, mega kamulyanipun Allah engkang nutupi Tarub Pasewakan minggah saha lumampah wonten ngajeng Umat Israel. Gusti piyambak engkang mimpin, wonten mega wekdal siang saha tiyang latu wekdal dalu kangge nedahaken margi. ngantos watesipun negeri Kanaan. Ananging ing mriku kathah pendudukipun, engkang tiyangipun gagah perkasa. Menawi mekaten kadospundi Israel saged nggadahi negeri punika? Namung setunggal jawabanipun, Allah engkang badhe maringaken. Allah engkang sampun janji dateng Ibrahim, *"Ingsung arep paring tanah Kanaan iki kangge keturunanmu."* Punika Allah engkang sami engkang sampun mbeto umat Israel ngantos perbatasan negeri wau sampun ngrancangaken mbinasakaken penduduk Kanaan lan masrahaken tanah wau dateng keturunan Ibrahim. Kita kedah mangertos sedherek bilih dosa tiyang Kanaan ageng sanget, awit mboten gadah moral, engkang ngurbanaken anakipun kangge kurban dewa sesembhanipun. Punika sebabipun Allah ngrancangaken mbinasakaken tiyang Kanaan lan maringaken dateng umat Israel.

Sakpunika monggo kita waos, punapa kedadosanipun wekdal umat Israel sampun dumugi perbatasan Kanan ing kitab Suci, *"Pangeran Yehuwah ngandika marang Musa, mangkene "Sira nglakokna wong*

sawatara kang nelik marang tanah Kanaan, kang bakal Sunparingake marang wong Israel; saben talering leluhure kapiliha wong siji, padha panunggalane para pemimpin. Musa banjur ngirimake wong kang bakal padha nelik mau saka ing pasamuhan Paran, miturut dhawuhe Sang Yehuwah, kabeh iku pemimpine wong Israel. Wong mau tumuli padha mangkat, nelik tanah iku. Sawuse patang puluh dina anggone nelik tanah iku banjur padha bali, tumuli terus sowan marang ngarsane Musa, Imam Harun lan sagolonganing pasamuwane wong Israel ana ing Kadesy ing pasamuhan Paran, ngaturi pratela marang panjenengane lan marang wong sapa samuwane kabeh, klawan padha dituduhi pametune tanah Caritane mangkene: "Anggen kula sami panjenengan utus dhateng ing nagari punika inggih sampun kelampahan saged lumebet, mangka sayektos nagari wau luber puwan lan madu, lah punika angsal-angsalipun, Amung kemawon bangsa ingkang ngenggeni nagari punika sami prakosa, saha kitha-kithanipun kiyat santosa saha langkung dening ageng, Ing kono Kaleb banjur mbudi-daya nentremake atine wong sabangsa ana ing ngarsane Musa, pangucap: "Boten! Kula sadaya sami badhe majeng nglurug, ngejegi nagari punika, margi temtu badhe kita kawonaken!" Nanging para kanca barengane mrana padha celathu mangkene: "Kita boten kecongah nempuh bangsa punika, margi langkung kiyat tinimbang kita." Wong-wong mau padha aweh pawarta kang ala marang wong Israel bab tanah kang wus ditelik mau, celathune: "Nagari ingkang sampun kula dlajahi lan kula telik punika nagari ingkang mangsa tiyang ingkang ngenggeni, sarta sakathahipun tiyang ingkang sampun sami kula tingali wonten ing ngrika punika dedeg-pangadegipun inggil-inggil. Wonten ing ngriku kula inggih sami ningali tiyang-tiyang ingkang ageng inggil nggegirisi, tiyang Enak ingkang asalipun saking tiyang-tiyang pangawak redi, saha kula ningali badan kula piyambak sami kadosdene walang, sarta tiyang punika anggenipun ningali kula inggih makaten." Ing kono wong saumat kabeh padha mbengok, sarta wong sabangsa iku padha nangis sawengi natas, karodene padha ngedumeli marang Musa lan Harun, sarta padha matur: "Adhuh bok inggiha kula sami pejah wonten ing tanah Mesir kemawon, utawi wonten ing pasamuhan ngriki! Punapaa dene kula sami dipun bekta dening Pangeran Yehuwah dhateng tanah ngriki supados sami tiwas dening pedhang, saha anak semah kula sami badhe dados tawanan? Punapa boten langkung prayogi kula sami wangsul kemawon dhateng tanah Mesir?" Apamaneh padha sapocapan mangkene: "Ayo padha ngangkat pemimpin banjur bali menyang tanah Mesir." Musa lan Harun tumuli padha sumungkem ing bumi ana ing ngarepe sagolongane pasamuwane wong Israel; nanging Yusak bin Nun lan Kaleb bin Yefune, panunggalane kang wus padha nelik tanah iku, padha nyuwek sandhangane,

sarta tutur marang wong saumat Israel kabeh, pangucap: "Tanah kang wus padha daktelik lan dakdlajahi, iku tanah kang luwih dening becik. Manawa kita dadi keparenging panggalihe Pangeran Yehuwah, kita mesthi bakal padha kelakon diirid lumebu ing nagara iku lan nagara iku bakal diparingake marang kita, nagara kang luber puwan lan madu. Mung bae aja padha mbalela marang

Pangeran, lan aja wedi marang bangsa ing nagara kono, marga mesthi bakal kita ganyang nganti entek. Wong-wong mau wus koncadan kang dadi pangayomane, mangka Pangeran Yehuwah nunggil kalawan kita, mulane wong-wong iku aja padha kokwedeni.” Ing kono wong saumat kabeh padha ngancam arep mbenturi watu marang Yusak lan Kaleb; nanging kamulyane Pangeran Yehuwah nuli ngetingal marang wong Israel kabeh ana ing Tarub Pasewakan. Pangeran Yehuwah banjur ngandika marang Musa: “Bakal nganti pira lawase bangsa iku anggone ngremehake marang Ingsun, lan bakal nganti besuk apa anggone ora kumandel marang Ingsun, sanajan wus ana pratandha pirang-pirang kang wus Suntindakake ana ing satengahe.

Monggo kita mandeg rumiyin lan kita pireng kadospundi umat Israel wau ngina Allah. Ketingal kambotenpitadosipun. Punapa sedherek gatosaken kadospundi fitenah Allah kanti nuduh bilih Penjenenganipun mboten saged dipitados? Njih, sanget ageng dosanipun dateng Allah dinten wau. Sedaya mboten pitados dateng Janji Allah kangge paring Kanaan dateng bangsa Israel. Punika kados tiyang jaman sakmenika engkang wicanten, “kulo pitados dateng Allah saha nabi-nabi” nanging sakleresipun mboten sakestu pitados dateng Allah saha nabi-nabiNipun, karena mboten pitados dateng janji Allah engkang diwartosaken para nabi engkang kaserat wonten Kitab Suci. Kambotenpitadosan punika dosa engkang serius wonten ngarsanipun Gusti..

Sakpuniko sumonggo kita lajengaken maos Kitab Suci

Anadene wong kang padha kautus dening Musa nelik tanah, mangka sabaline banjur ndadekake sagolongane wong kabeh padha ngedumeli marang Musa, marga saka anggone nglairake pawarta kang ala ing ngatase tanah mau, wong iku padha mati kena ing wewelake Pangeran Yehuwah; panunggalane wong kang wus padha nelik tanah, mung Yusak bin Nun lan Kaleb bin Yefune kang padha lestari urip.

Saking 12 tiyang namung Yusak saha Kaleb engkang gesang awit pitados kalih Pangandikanipun Allah. Sedherek, mboten pitados sabda Allah artosipun pejah. Allah kedah ngukum sedaya tiyang engkang nolak kangge pitados Penjenenganipun. Sinten mawon engkang ngina saha lepat ngrespon Dawuhipun Allah wonten kitab suci, sami mawon nyebat Allah punika goroh saengga mboten angsal bagian Kraton kelanggenganNipun lan pesti pejah. Allah mboten ngersakaken manungsa pejah wonten kambotenpitadosanipun, Pramila Penjenenganipun nyiapaken Margi Kawilujengan. Sedherek kulo, ngatos-atos ampun ngantos wonten ing antawisipun penjenengan engkang manahipun kebak dosa lan mboten pitados, saengga nebihi Allah engkang gesang.

Sedherek, maturnuwun sampun mindangetaken acara kawulo. Menawi wonten pitakenan, sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386. Saged SMS ugi WA. Maturnuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 42

Sawer Tembaga

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Wonten pepanggihan pungkasan, kita ningali buku kaping 4 kitab Taurat. Ing mrika Allah piyambak sampun mimpin umat Israel ngantos dumugi perbatasan negeri Kanaan, panggenan engkang dijanjikaken Allah kangge keturunan Ibrahim. Nanging wekdal mangertos bilih engkang manggen ing negeri wau tiyang-tiyang engkang ageng, umat Israel mboten pitados dateng janji Allah bilih panggenan wau badhe kaparingaken.

Akibat kambotenpitadosanipun, Gusti ngukum bangsa wau. Allah ngersakaken paring berkah dateng umat Israel, ananging Penjenenganipun mboten saged nindakaken karana kambotenpitadosannipun. Saengga Gusti malah ngukum bangsa wau wangsul wonten pesamunan antawis 40 taun. Bangsa wau ngumbara ngantos sedaya tiyang engkang umuripun ing nginggilipun 20 taun sedaya pejah.

Sakpunika monggo kita lajengaken maos kitab Wilangan kangge mangertosi punapa engkang kedadosan dateng umat Israel saksampunipun ngumbara 40 taun ing pesamunan. Wonten pasal 20 ngendikan mekaten, *“Nalika sasi kapisan wong Israel, yaiku wong saumat kabeh, padha tekan ing pasamunan Zin, banjur padha lereb ana ing Kadesy. Miryam seda ana ing kono lan iya ana ing kono anggone kasarekake. Ing sawijining dina nalika wong-wong padha ora oleh banyu, banjur padha nglumpuk ngepung Musa lan Harun, sarta padha nglawan marang Musa, ature: “Bok kula inggih sami katuta pejah nalika sadherek kula sami apegat nyawa wonten ing ngarsanipun Pangeran Yehuwah. Kening punapa pasamuwan kagunganipun Pangeran panjenengan bekta dhateng pasamunan punika, supados kula sadaya dalah raja-kaya kula sami pejah wonten ing ngriki? Kening punapa kula panjenengan tuntun medal saking Mesir, panjenengan bekta dhateng panggenan ingkang awon*

kados makaten, panggenan ingkang boten saged dipun sebari wiji, boten wonten witipun anjir, anggur utawi delima, dalah toya ingkang kaombe kemawon inggih boten wonten!”

Sedherek....saksampunipun sedaya perkawis engkang Gusti damel, nilai medal saking Mesir, pangrimatipun Gusti wekdal wonten pesamunan.....punapa manahipun ngertos raos syukur, punapa manahipun tepang Allah nganti lampahipun saha pitados Allah? Mboten, tumindakipun sami kados tiyang sepahipun. Ngrundel wekdal mboten wonten toya. Panci mboten wonten toya wekdal wau, nanging punapa Allah engkang ngrimat antawis 40 taun wekdal ngumbara wing pesamunan mboten sagah nyiapaken toya?

Monggo kita waos malih Kitab Suci, *“Ing kono Musa lan Harun padha nilar umat mau sarta tindak menyang ing lawangane Tarub Pasewakan, padha sumungkem sujud. Tumuli diketingali ing kamulyane Pangeran. Pangeran nuli ngandika marang Musa: “Tekenira iku sira jupuka, sira lan kakangira Harun padha nglumpukna umat iku, sarta sira nyalathonana parang iku kanthi kaweruhan ing wong kabeh, temah parange bakal metu banyune. Kaya mangkono iku anggonira ngetokake banyu saka ing parang iku, sarta anggonira awesh ngombe marang umat dalah raja-kayane.”* Musa banjur mendhet tekene saka ing ngarsane Gusti, kaya anggone wus kadhawuhan. Musa lan Harun bareng wus nglempakake pasamuwan ana ing sangarepe parang, wong-wong mau padha dipangandikani dening Musa: *“Heh, wong kang wangkot, padha rungokna! Apa iya aku iki padha kudu ngolehake banyu kanggo kowe saka ing parang iki?”* Musa banjur ngangkat astane, sarta nggebag parange kalawan tekene nganti rambah ping pindhho, banjur metu banyune akeh, temah wong-wong dalah kewane padha bisa ngombe. Nanging Pangeran tumuli ngandika marang Musa lan Harun: *“Sarehne sira ora kumandel marang Ingsun lan padha ora ngajeni pangwasaningSun ana ing sangarepe wong Israel, mulane sira padha ora kalilan ngirid pasamuwan iki lumebu ing tanah kang bakal Sunparingake.”*

Ing mriki sedherek paham? Punapa dawuh Allah dateng Musa? *“Wicanten dateng sela wau”*. Nanging punapa Musa taat? Wonten ing dukanipun, Musa nggebog watu kaping kalih. Gusti panci mboten nahan Kesaenanipun saengga toya medal saking watu karang....nanging tumindakipun Musa mboten diremeni Gusti. Pangandikanipun Pangeran dateng Musa, *“Sarehne sira ora kumandel marang Ingsun lan padha ora ngajeni pangwasaningSun ana ing sangarepe wong Israel, mulane sira padha ora kalilan ngirid pasamuwan iki lumebu ing tanah kang bakal Sunparingake.”*

Mungkin kita menggali, awrat sanget ukuman punika kangge Musa. Nanging sedherek....sedherek kedah mangertos...engkang mranani manah njihpunika iman saha ketaatan kita dateng SabdaNipun. Dados sedaya engjang nglawan Pangandikanipun kedah ngadepi paukuman.....sanajan punika ugi nabi kados Musa. Allah mboten kagungan anak emas. Musa punika Nabi Allah engkang leres, ananging ugi

manungsa kados kita. Artosipun, sanajan nabi....piyambakipun ugi tiyang dosa, sami kados keturunan Adama sanesipun. Sanajan nabi, Musa mboten saged nylametaken piyambakipun kalih tumindak saenipun. Sami kados tiyang Israel, Musa kedah sowan dateng margining kawilujengan engkang Gusti saipaken, njihpunika kalih kurban rah. Kalepatan Musa punika, ngemutaken dateng kita bilih sedaya tiyang sampun dumawah dosa saha kecalan kamulyanipun Gusti. Sedaya lepat lan dosa wonten Ngarsanipun, kecuali Sang Penebus engkang rawuh saking surge kangge nylametaken tiyang dosa.

Saklajengipun pungkasan pasal 20 nyariosaken Harun pejah ing gunung Hor lan bangsa Israel sedih 30 dinten. Lajeng pasal 21 kitab suci ngendikan, *“Sawuse mangkono banjur padha budhal saka ing gunung Hor, metu ing dalan penere sagara Teberau, arep ngubengi tanah Edom; ana ing dalan bangsa mau wus ora bisa sabar maneh, banjur nglawan marang Gusti Allah lan marang Musa, pangucap: “Kenging punapa kula kok sami panjenengan kesahaken saking tanah Mesir? Punapa supados kula sami pejah wonten ing pasamunan ngriki? Ing ngriki boten wonten roti lan boten wonten toya, mangka kula sampun sami bosen dhateng tetedhan ingkang boten wonten raosipun punika.” Pangeran Yehuwah tumuli ndhatengake ula mandi marang umat iku, kang banjur padha nyakoti wong akeh, temah panunggalane bangsa Israel akeh kang padha mati. Wong-wong banjur padha sowan marang ngarsane Musa sarta matur: “Kula sampun sami damel dosa, dene ngantos nglawan dhateng Pangeran saha dhateng panjenengan; panjenengan mug i karsaa ndedonga dhateng Pangeran, supados karsaa nyirnakaken sawer-sawer punika saking kula.” Musa nuli ndongakake umat iku, sarta Pangeran Yehuwah banjur ngandika marang Musa: “Sira gawea rerekan ula mandi, banjur kapanjera ing cagak; ing kono saben wong kang kacakot, mangka tumuli mandeng marang rerekan ula iku, bakal lestari urip.” Musa tumuli damel rerekan ula tembaga sarta kapanjer ing cagak; wasana saben wong kang kacakot ing ula, mangka banjur mandeng marang rerekan ula tembaga iku, iku lestari urip.*

Monggo kita sinauni carios punika, wonten punapa Gusti ngintun sawer wisa dateng bangsa wau? Karana dosa. Sedherek sampun mireng, bilih bangsa wau nggrubdel dateng Allah saha Musa, ugi ngina dateng tetedhan engkang Gusti andapaken saking langit. Kathah tiyang engkang pejah, karana dicokot sawer. Punapa bangsa wau saged slamet saking wisa sawer wau? Mboten. Dados bangsa wau sami mertobat lan ngakeni kalepatanipun dateng Allah saha nyuwun pitulunganNipun ngusir sedaya sawer wau. Ananging GUtsi pating pitulung nglangkungi sedaya panyuwunanipun, ing pundi Allah paring dawuh dateng Musa damel sawer tembaga lan nancepaken ing jagak. Sinten mawon engkang kacokot sawer lanjeng ningali sawer tembaga wau mesti gesang. Ananging engkang mboten purun ningali mesti pejah. Dados kesarasan saha luput saking maut punika gadahanipun tiyang engkang purun pitados.

Punika diserat kangge dados pitedah kangge kita. Allah ngersakaken kita ningali bilih kawontenan kita kados tiyang Israel, tiyang dosa engkang ugi sering nggrundel perkawis Gusti saha sesame. Kita ngina Gusti wonten penggalih, wicantenan saha tumindak. Setan sampun nyokot sedaya keturunan Adam lan racun dosa ndamel kita sangsara selaminy, kecuali Gusti paring obat. Alhamdulillah Gusti gadah margining kaluwaran kangge bangsa Israel ugi gadhah rencana nylametaken keturunan Adam saking racun dosa.

Sedherek, punapa sedherek mangertos punapa engkang Allah tindakaken kangge nylametaken sedherek saking dosa? Sedherek pirengaken engkang dingendikakaken Sang Penebus kinten2 1500 tahun saksampunipun Musa, *“Kayadene Musa anggone manjer rerekan ula ana ing ara-ara-samun, iya mangkono uga Putrane Manungsa anggone pinesthi kapanjer, supaya saben wong kang pracaya marang Panjenengane oleh urip langgeng.”*

Dados sawer tembaga engkang dipanjer Musa wonte pesamunan punika nggambaraken Sang Penebus engkang badhe rawuh lan badhe seda ing kayu saib, saengga ngawonaken Iblis engkang gadah kuwaos kematian. Makaten ajaib wartos punika. Wonten pelajaran saklajengipun kita badhe nemukaken bilih nglangkungi seda saha wungunipun sang Penebus, Allah sampun mbika setunggaling lawang kangge sedaya keturunan Adam njihpunika kawilujengan, sukarena saha karahayun selaminy. Engkang dipun suwun Gusti saking sedherek namung pitados dateng kesaksian engkang diparingaken Allah perkawis Juruwilujeng engkang pejah ing kajeng salib kangge nglunasi utang dosa sedherek. Allah ngendikan, *‘ndelengen marang Sang Penebus lan kowe mesti urip! Percayaa Penjenengane lan Allah nyarasake kowe, nylametke kowe saka dosa lan nyiapake kanggo kowe panggoan ing Ngarsane ing Suwarga.’*

Artosipun sedherek, menawi manungsa nolak kangge pitados dateng Juruwilujeng engkang dening Allah dados setunggaling margi kawilujengan saking dosa, Pramila badhe pejah wonten dosanipun.

Wusananipun kita kedhah pepisahan ing mriki, maturunuwun sedherek sampun mindangetakan siaran punika. Insya Allah pepanggihan ngajeng kita badhe menggalihaken pangandikanipun Musa engkang pungkasan, engkang ugi nutup pelajaran kita saking kitab suci Taurat. Menawi wonten pitakenen sumonggo sedherek ngubungi kawulo ing no 081333777386 saged SMS ugi WA. Nuwun, . .

Margining Karahayun

Pelajaran 43

Pesenipun Musa Engkang Pungkasan

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Ngantos 42 nomor pelajaran Margining Karahayun, kita sampun sinau buku sepindah saking Kitab Suci engkang kasebat Taurat. Kados engkang kita mangertosi Allah piyambak engkang manggenanaken Pangandikanipun dados Ilham wonten pikiran Musa lan nyerat sedaya wau wonten ing setunggaling buku. 3500 taun sampun langkung wekdal Musa nyerat Kitab Taurat, nanging ngantos sakpriki nilainipun mboten wonten tandinganipun. Isi Taurat punika kaleresan murni engkang saking Allah piyambak, dados sedaya engkang nglawan punika ajaran palsu. Sedaya keleresanipun Allah kanti sempurna kaserat ing Kitab Taurat. Allah saged nindakaken sedaya perkawis, namung setunggal mawon mboten saged ditindakaken njihpunika nentang Pangandikanipun piyambak. Kados engkang kaserat mekaten, *“Gusti Allah punika sanes manungsa, kok ngantosa dora, inggih sanes anaking manungsa, kok ngantosa keduwung. Punapa inggih Panjenenganipun ngandika lajeng boten katindakaken, utawi ngandika lajeng boten dipun tetepi?”*

Nglangkungi Taurat Musa, Allah sampun mbikakaken dateng kita kathah rahasia engkang lebet, lan kita badhe ngrampungaken sinau Taurat dinten sakmangkih.

Wonten pasal 1, Gusti nyiptaaken manungsa sepindah miturut Gambaraipun piyambak. Allah ngersakaken hubungan engkang sae kalih manungsa, punika sebabipun ing manah manungsa Gusti manggenanken pikiran, saengga saged tepang dateng Allah. Paring perasaan saengga saged ntresnani Gusti Allah lan ugi mitadosaken dateng manungsa “kehendak” supados saged milih taat Allah punapa mboten.

Lajeng ing pasal 3 nyariosaken Adam manungsa engkang sepindah milih taat Setan kanti nedha woh engkang Gusti larang ditedha. Akibatipun, dosa mlebet wonten ngalamdunya nglangkungi setunggal tiyang, saengga manungsa ing mangkih pejah, lan kalih cara pejah menika kedadosan kangge sedaya tiyang, awit sedaya manungsa sampun tumindak dosa.” Pituwasipun dosa punika pati lan kabucal saking Ngarsanipun Allah selaminy.

Lajeng Allah ngusir Adam lan Hawa saking taman Firdaus karena dosa wau. Nanging sakdherengipun diusir, Allah martosaken bilih Penjenenganipun ngrancangaken ing setunggaling dinten mangkih badhe ngutus Penebus wonten dunya, kangge mbikak lawang kawilujengan kangge keturunan Adam, saengga uwal saking kuwaos setan lan dosa.

Saklajengipun kita ugi mangertos kadospundi Allah nimbali Ibrahim lan janji badhe ndadosaken piyambakipun dados tiyang sepuh kangge setunggal bangsa engkang istimewa, bangsa engkang dados asal para nabi ugi sang Penebus. Dados saking Ibrahim lahir Ishak, saking Ishak lahir Yakub lan Yakub nglahiraken 12 anak. Saklajengipun Gusti ngribah nami Yakub dados Israel lan saking 12 anakipun wau dumados 12 suku Israel engkang dijanjikaken dateng Ibrahim. Lajeng anak-anak Israel dados budak wonten ing Mesir. Ananging Allah mboten nyupekaken Janjinipun dateng Ibrahim saha keturunanipun. Ing kitab Keluaran kita ningali Allah nggenepi Janjinipun kalih nimbali Musa kangge mbebasaken Israel saking Mesir.

Wekdal nyinauni kisah Musa, kita maos peristiwa engkang ajaib saha ngeramaken perkawis kadospundi Allah mbebasaken bangsa Israel saking tekanan Firaun lan tiyang Mesir. Kita ugi mangertosi Allah nglindungi bangsa Israel wekdal wonten pesamunan lan mbeta Israel ngantos perbatasan Kanaan, panggenan engkang Gusti janjikaken dateng Ibrahim. Sayangipun bangsa Israel ajrih kalih tiyang gagah engkang wonten saha mboten pitados bilih Allah sagah nindakaken punapa engkang sampun Dijanjikaken. Punika sebabipun tiyang engkang umur 20 taun nginggil mboten saged mlebet wonten Kanaan.

Karena kambotenpitadosanipun bangsa Israel kedah ngumbara wonten pesamunan laminipun 40 taun, ngantos sedaya tiyang engkang mboten pitados wau seda. Punika ukuman engkang Allah paringaken karena mboten pitados.

Sakmangkih sumonggo kita rampungaken pelajaran kita wonten kitab Taurat, njihpunika bagian kaping 5 kitab Wulangan. Wonten bagian pungkasan punika Musa ningali malih hokum-hukum Allah engkang suci lan ngajaraken dateng tiyang Israel. Buku punika pesen pungkasan Musa, kangge nyiapaken tiyang Israel mlebet panggenan engkang dipun Janjiaken Gusti.

Mekaten pesenipun Musa dateng bangsa Israel...Kowe kabeh aja nganti bilih yen mbiyen kowe kuwi budak ing Mesir! Aja lali kabeh sing wis Gusti tindake marang kowe ing saklakumu antarane Mesir lan panggonan anyar sing arep kokleboni! Aja lali marang dosa-dosamu marang Gusti Allahmu! Aja lali kepriye Pangeran ngukum wong tuamu kabih awit ora percaya, sing ndandekake mayite padha ngluntung neng pesamunan. Aja lali yeng Pangeran wis tumindak apik marang wong tuamu, ananging kabeh wangkot lan nolak percaya ing Ngarsane. Aja koklaliake iku. Dina iki yen kowe kabeh krungu suarane Pangeran aja wangkot atimu, koyo sing ditindakake wong tuamu ing pesamunan. Apa kowe koyo wong tuamu nolak percaya Sabdane Allah, utawa kowe percaya Allah dadi Gustimu? Yen kowe nolak, nasibmu padha karo wong tuamu nampa ukuman. Aja koklalekake iku. Gusti Allah arep nggawa kowe kabeh mlebu ing panggonan sing akeh susu lan madu karo sumpah sing dijanjikake marang wong tuamu.

Saksampunipun Musa mantun kotbah, Allah ngendikan dateng piyambakipun, “Sira munggaha menyang ing pagunungan Abarim, menyang ing gunung Nebo kang ana ing tanah Moab ing penere Yerikho, banjur sira nyawanga tanah Kanaan kang bakal Sunparingake marang wong Israel dadi darbeke. Sira bakal mati ana ing gunung kang sira unggahi iku, supaya... iku marga sira ngowahi kasetyanira marang Ingsun ana ing satengahe wong Israel....Sira Sunparengake nyawang nagara iku ana ing ngarepira, nanging sira ora kalilan lumebu mrana, menyang ing nagara kang bakal Sunparingake marang wong Israel.”

Ing sabanjure wus ora ana nabi maneh kang jumeneng ing antarane Israel kang madhani Nabi Musa, kang ditepangi dening Pangeran Yehuwah aben-ajeng, ing bab sakehe pratandha lan kaelokan, kang katindakake marga saka dhawuhe Pangeran Yehuwah ana ing tanah Mesir tumrap marang Sang Prabu Pringon lan marang sakehe para abdine sarta sawratane nagarane, apadene ing bab sakehe pandamele kang kwasa lan ing bab sakehe prakara kang nggegirisi banget kang ditindakake dening Nabi Musa ana ing ngarepe wong Israel kabeh. Amin.

Sedherek, punika pungkasanipun kitab Taurat. Sedaya engkang kaserat ing nglebetipun kacatet supados kita saged pikantuk pengetahuan engkang mimpin kita dateng iman tumuju margi kawilujenganipun Allah. Panci leres Musa punika nabi ageng. Piyambakipun tepang Allah aben-ajeng. Piyambakipun nindakaken tanda ajaib saking Allah mbebasaken Israel saking Firaun. Ugi nglangkungi astanipun Gusti paring Taurat, lan sedaya tiyang kedah mangertosi isinipun. Sinten engkang mboten mangertos Taurat Musa badhe nindakaken kathah kalepatan lan wonten ancaman ageng kasengsaran saking tiyang-tiyang lepat. Taurat punika landesan engkang Gusti piyambak damel lan langkung lelandesan wau Allah nglangkungi para nabi badhe mbangun sisa saking isi Kitab Sucinipun.

Sanajan Musa nyerat kalih wicantenipun engkang endah, lebet saha ngeramaken, nanging mboten wonten engkang perkawis engkang langkung penting tinimbang engkang dicantenaken ing wilangan pasal 18. Wonten pasal punika Musa martosaken dateng bangsa Israel bilih Allah badhe ngedegaken setunggaling nabi sanes, malah engkang langkung ageng saking piyambakipun, nabi engkang badhe ngendikan langsung kagem Allah.

Kalian deklarasi Musa punika, Pangeran nembe martosaken rawuhipun nabi sanes engkang badhe dugi saking bangsa Ibrani, setunggaling pribadi engkang badhe ngendikan Dawuhipun Allah kanti sora wonten ing sedaya kapenuhan saha kemurnian, setunggaling nabi engkang dados perantara antawis Allah kalian manungsa. Punapa sedherek mangertos sinten nabi engkang langkung ageng saking Musa? Leres, nabi engkang dingendikaken Musa njihpunika sang Penebus, engkang lahir saking perawan Yahudi. Perkawis Penjenenganipun Musa negesaken dateng bangsa Israel, *“Kowe kabeh kudhu ngrungokake Penjenengane, menawa ana wong sing ora ngrugokake Pangandikanku sing didawuhke nabi ing lebet AsmaKu, Aku dewe sing arep gawe itungan.”*

Sedherek sami, ing mriki pungkasan saking pelajaran kitab Taurat, Kadospundi kita saged nyimpulaken lumampahipun wonten buku engkang ajaib saha ngeramaken punika? Sumonggo kita rampungaken kalih pangandikanipun Musa piyambak dateng bangsa Israel sakderengipun sedha. Wonten pasal 32 Musa wicanten, *“Kupingmu tilingna, he langit, aku arep caturan, lan bumi ngrungokna guneme cangkemku. Piwulangku muga tumetes kaya udan, tembungku tetesa kaya ebon, kaya udan deres kang tumiba ing trubusan kang lagi semi, kaya udan deres nibani tetuwuhan. Marga asmane Sang Yehuwah arep dakundhangake: Ngunjukna hurmat marang Gusti Allah kita, Gunung Parang, kang sampurna pakaryane, jejeg sakehe margine; marga Gusti Allah kang setya-tuhu, ora ana kaculikane, Panjenengane iku bener lan adil.”*

Kalih sabda Allah saking tutuk Musa kawula ngaturaken sugeng pepisahan. Maturnuwun sampun mindangetaken siaran kawula. Insya Allah pinanggih ngajeng kita badhe ningali kitab suci sanes engkang kaserat saksampunipun saha gadah hubungan kalian Taurat Musa.

Mugi Allah engkang layak nampi sesembahan saha kamulyan paring berkahipun. Leres engkang dipun wicantenaken Musa, *“Pangeran punika Gusti Allah kang setya-tuhu, ora ana kaculikane, Panjenengane iku bener lan adil.”* Menawi sedherek wonten pitakenan kalian pelajaran dinten sakmangkah sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386 saged SMS ugi WA. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 44

Yosua saha Tanah Kanaan

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Wonten acara engkang pungkasan kita sampun ngrampungaken pelajaran babagan kitab Taurat, buku pertama seratan para Nabi. Ing mrika kita sampun sinau kadospundi dosa mlebet wonten Donya lan ugi mangertos bilih sesarengan dosa wau mlebet ugi ukuman. Kita ugi ningali bilih Allah wonten Rancanganipun engkang ajaib, janji badhe ngutus ing dunya, sang penebus engkang badhe nylametaken keturunan Adam saking ukuman engkang dibeta dening dosa. Kangge nggenepi janjinipun wau, Gusti nimbali Ibrahim supados ninggalaken griya bapakipun pindah wonten panggenan engkang naminipun Kanaan. Allah ngrancang Ibrahim dados bapak leluhur kangge setunggal bangsa enggal, engkang ing mriku sang Penebus rawuh. Saksampunipun Ibrahim dumugi Kanaan, Allah ngentingal lan janji mekaten, *“Tanah iki bakal Dakparingake marang tedhak turunmu nganti saklawase.”* Dinten sakmangkih kita badhe ningali kadospundi Allah nggenepi JanjiNipun dateng Ibrahim tebih ing jaman semanten lan maringaken negeri Kanaan dateng keturunanipun.

Wonten siaran engkang pungkasan, pasal terakhir kitab Taurat, kita mireng Musa seda ing ngingiling gunung, sinambi mirsani Kanaan. Saksampunipun Musa seda, Yosua pembantunipun dados pemimpin Israel engkang enggal. Sinten Yosua punika? Yosua punika setunggal saking 2 tiyang teliksandi engkang pitados Gusti. Piyambakipun pitados dateng janji Gusti senajan kathah tiyang Israel engkang mboten pitados. Sakmangkih kita badhe ningali Yosua tiyang engkang dipilih dening Allah kangge dados pemimpin bangsa Israel mlebet Kanaan, ditolak dene bangsanipun piyambak.

Kitab Yosua engkang badhe kita waos punika wonten ing Kitab Suci antawisipun kitab Taurat saha Zabur. Kitab Yosua nyariosaken perkawis kadospundi Allah nggenepi JanjiNipun maringaken Kanaan

dateng keturunan Ibrahim. Wonten pelajaran-pelajaran sakderengipun, kita mengertosi bilih bangsa Israel dereng netep, ing pundi gesangipun tansah ngumbara wonten pesamunan. Negeri Kanaan punika pendudukipun sedaya gagah saha ageng-ageng, ananging Gusti ngrancang badhe musnahaken pendudukipun lajeng maringaken negeri engkang subur wau dateng bangsa Israel. Sakmangkih sumonggo kita waos saking Kitab suci saengga mangertosi kadospundi tiyang Israel mlebet saha ngrebut Kanaan.

Ing Yosua 1, dینگkakaken mekaten, *“Sawuse Musa, abdine Sang Yehuwah seda, tumuli ana dhawuhe Sang Yehuwah marang Yusak, bin Nun, abdine Musa mangkene: “AbdiningSun Musa wus mati, mulane ing samengko sira mangkata nyabrang ing kali Yarden iki, sira dalah sabangsa iki kabeh, menyanga ing tanah kang bakal Sunparingake marang wong-wong iku, yaiku marang wong Israel. Saben panggonan kang bakal kaencikan ing tlapanira iku wus Sunparingake marang sira kabeh, kaya kang dadi pangandikaningSun marang Musa. Wiwit ing ara-ara samun lan ing gunung Libanon ing sisih kana tutug ing bengawan gedhe, yaiku bengawan Efrat, satlatahe wong Het kabeh lan tutug ing Segara Gedhe ing panggonan suruping srengenge, kabeh iku bakal dadi wewengkonira. Sajegira urip bakal ora ana wong, kang bisa lestari ana ing ngarepira; kaya anggoningSun nunggil karo Musa, iya kaya mangkono anggoningSun bakal nunggil karo sira. Sira ora bakal Suntegakake lan Suntilar.*

Yusak banjur prentah marang para tetindhihing bala, dhawuhe: “Kowe padha midera ing pakemahan lan wong-wong padha prentahana mangkene: Padha cawisna sangumu, amarga ing sajroning telung dina kowe bakal padha nyabrang ing bengawan Yarden iki, lan banjur ngejegi nagara kang bakal kaparingake dening Sang Yehuwah Gusti Allahmu marang kowe dadi darbekmu!”

Saksampunan kedadosan wau, Kitab Suci nyariosaken bilih Yusak ngintun 2 tiyang teliksandi, kangge neliki Kanaan, terutami kitha Yerikho. Kitha wau dikupeng tembok kandel lan inggil. Wekdal ndalu tiyang 2 wau ngumpet ing griyanipun Rahab, tiyang sundel wonten kitha wau. Ananging wonten tiyang-tiyang engkang mangertos, saengga laporan dateng rajanipun. Lan raja kitha wau ngengken tentaranipun kangge nangkep, ananging Rahab ngumpetaken tiyang 2 wau ing nginggilipun genteng.

Saksampunipun tantara wau kesah, Rabah nuli nimbali tiyang 2 wau saha matur mekaten, *“Kula sumerep, bilih Sang Yehuwah sampun maringaken tanah punika dhateng panjenengan, sarta kula sami kataman giris margi saking panjenengan, punapa dene sakathahing tiyang pribumi ing ngriki sami gumeter wonten ing ngarsa panjenengan, amargi kula sampun sami mireng wartos bab anggenipun Sang Yehuwah ngasataken toyanipun seganten Teberau wonten ing ngarsa panjenengan, nalika panjenengan tindak medal saking tanah Mesir, punapa dene pandamel panjenengan dhateng ratunipun bangsa Amori kekalih ingkang wonten ing sabrangipun benawi Yarden, inggih punika Prabu Sihon lan Prabu Og, ingkang sampun panjenengan tumpes. Sareng kula sami mireng bab punika,*

manah kula sami lemes tanpa daya sarta boten wonten tiyang satunggal-tunggala ingkang taksih gadhah krekat wonten ing ngarsa panjenengan, amargi Sang Yehuwah, Gusti Allah panjenengan, punika Gusti Allah ingkang wonten ing langit ing nginggil saha ing bumi ing ngandhap. Inkang punika panjenengan mugè karsaa supaos atas asmanipun Sang Yehuwah, sarehning kula sampun nandukaken kasaenan dhumateng panjenengan, panjenengan ugi badhe males kasaenan dhateng kulawarga kula saha kula mugè panjenengan paringi pratandha ingkang kenging kapitados, bilih panjenengan badhe nggesangi tiyang sepuh kula, mekaten ugi sadherek kula jaler estri dalah sakukubanipun sadaya sarta badhe ngentasaken nyawa kula saking bebaya pejah.” Wangsulane telik loro mau marang Rakhab: “Kula sami nanggèl gesang panjenengan klayan ngetohaken nyawa kula, janji panjenengan boten nglairaken prakawis kula punika; benjing samangsa Sang Yehuwah sampun maringaken negari punika dhateng kula, kula sami badhe ngatingalaken panarimah saha kasetyan kula dhateng panjenengan.”

Wonten pasal 3 kitab suci nyatet bangsa Israel kedah nyebrang lepen Yordan engkang wiar saha lebet kangge mlebet Kanaan. Lajeng kadospundi caranipun? Jawabanipun, Allah engkang sesarengan Israel ing ngajeng lepen Yordan punika Allah engkang sami kalih Allah engkang ngasataken Laut Merah. Dados mekaten, bangsa wau nyebrang wonten panggenan engkang garing, lajeng dumugi wonten ing Yerikho. Lawang gerbang kitha wau sampun katutup lan mboten wonten engkang mlebet utawi medal.

Lajeng ing pasal 5, nyariosaken perkawis engkang diraosaken dening Yusak ing celakipun Yerikho. *Wekdal Yusak ana ing sacedhake Yerikho, bareng pinuju mirsani, katon ana priya jumeneng ing ngarsane, ngasta pedhang ligan, tumuli dipurugi Yosua kalawan pitaken: “Panjenengan punika kanca punapa mengsah?” Wangsulane: “Dudu, Ingsun iki Senapatining wadya-balane Pangeran.” Yosua tumuli sujud, wedanane konjem ing bumi, nyembah sarta munjuk: “Gusti kawula karsa ngandika punapa dhumateng ingkang abdi punika?” Senapatining wadya-balane Yehuwah banjur ngandika marang Yusak: “Trumphira copoten saka ing sikilira, amarga panggonan kang sira enciki iku suci.” Yusak tumuli iya nglampahi mangkono.*

Sedherek, punapa sedherek mangertos kalih sinten Yusak wicanten? Kalih Allah piyambak. Kita sampun mangertos kadospundi Allah ngetingal dateng Ibrahim awujud manungsa, lajeng ugi Musa pinanggih kalih Gusti wonten ing Eri engkang murup, lan sakmangkih Allah ngetingal dateng Yusak awujud senapati perang engkang nyepeng pedang. Pangandikanipun Allah dateng Yusak, *“Lah kutha Yerikho dalah ratu lan para pahlawane kang gagah prakosa Sunulungake ing tanganira. Sira padha ngubengana kutha iku, yaiku sakehe prajurit padha ngubengana kutha iku kaping sapisan bae, iku lakonana nganti nem dina lawase, lan anaa imam pitu kang nggawa kalasangka sungu wedhus pitu kang lumaku ana ing ngarepe pethi. Nanging ing dina kang kapitu anggonira padha ngubengi kutha*

iku kudu kaping pitu sarta para imam mau banjur padha ngunekna kalasangkane. Dene samangsa ana tengara kalasangka sungu wedhus muni melung, nalika sira padha krungu tengara kalasangka iku, wong kabeh nuli padha surak-suraka kang sora, sanalika balowartine kutha iku bakal jugrug, wong sabangsa banjur padha munggha, saben wong lumakua manut ing enere dhewe-dhewe.”

Yusak enggal kesah dateng bangsa Israel parintah kados engkang Gusti dawuhaken, supados bangsa wau ngangkat tabut perjanjian saha ngubengi kita wau kaping sepindah lan paring parintah supados sami mendel ngantos dinten diparintahaken kangge surak-surak. Sedanya wau dilampahi ngantos dinten 6. Ananging dinten kapitu, wekdal enjang sedaya wungu lan baris ngubengi Yerikho kaping 7. Saksampunipun kaping 7 para imam ngunekaken kalasangka, lajeng Yosua paring parintah dateng tiyang Israel. *“Padha surak-suraka, amarga Pangeran Yehuwah wus maringake kutha iki marang kowe! Dumadakan balowartine jugrug, lan wong kabeh tumuli padha mungghah ing kutha, siji-sijine lumaku ngenut enere dhewe-dhewe lan ngrebut kutha mau. Ing mriki kita saged ningali kadospundi Yosua saha tantara Israel ngrebat kitha pertama ing Kanaan. Sedaya penduduk Yerikho pejah kejawi Rahab sakluarga kados engkang sampun dijanjikaken dening 2 teliksandi.*

Yusak saha Israel saged ngrebat kitha Yerikho awit pitados Sabda Allah. Lajeng wonten punapa Rahab panggah gesang? Awit Rahab mboten namung eram kalih kuwaosipun Gusti, ananging pitados ugi mihak umatipun Allah.

Sedherek nglangkungi kitab Yusak, kita saged mangertosi bilih Allah punika...Allah engkang setia nggenepi janjinipun. Punapa engkang diJanjikaken badhe ditindakaken, sanajan manungsa nganggep Gusti ndangu tumindak. Allah ngersakaken paring kesaenanipun dateng keturunan Israel kalih paring Kanaan wekdal tansah pitados. Kita mangertosi bangsa Israel kathah mbucal wekdal sakderengipun pitados dateng Janji Allah.

Kadospundi kalih penjenengan? Punapa pitados dateng Allah? Engkang kawulo maksud.....sanes pitados bilih Allah wonten, Maha Rawuh.....awit setan ugi pitados. Ananging engkang kawulo takenanaken, punapa sedherek pitados pribadi Allah? Punapa penjenengan ntresnani Penjenenganipun? Punapa sedherek pitados Dawuhipun? Sebagian ageng manungsa pitados Allah, ananging namung sekdhik engkang pitados bilih gadah janji engkang ageng kangge manungsa.

Maturnuwun sampun mirengaken siaran kawulo. Gusti paring berkah wekdal sedherek menggalihaken pangandikan punika, :kawulo mboten pengin sedherek kesed, nanging kawulo pengin sedherek gesang kados tiyang-tiyang engkang nami punapa engkang dijanjikaken Allah, awit pitados Penjenenganipun lan nenggo kalih sabar.”

Menawi sedherek gadah pitakenan sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386. SMS utawi WA.
Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 45

Para Hakim Lan Rut

Sedherek kula pamireng sedaya.

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Dinten sakmangkih sebagian saking pepanggihan punika kita badhe ningali setunggaling carios engkang ntrenyuhaken. Wonten pelajaran engkang pungkasan, nayriosaken Yosua mimpin bangsa Israel mlebet tanah Kanaan. Ing pundi Gusti tindak ing ngajeng Yosua lan bangsa wau ngawonaken sedaya mengsahipun saha mbekta mlebet tanah Kanaan engkang subur Makmur. Sakmangkih kita badhe ningali kalih bagian Kitab Suci saklajengipun kitab Yosua njih punika Hakim-hakim saha Kitab Rut. Kitab engkang nedahaken perkawis engkang dumados antawis jaman Yosua saha Nabi Daud.

Sakderengipun kita milai ningali kitab Hakim-Hakim, kita badhe ningali pesen terakhir Yosua dateng bangsa Israel. Pasal terakhir Yosua nimbali sedaya pemimpin bangsa Israel supados tansah setia tuhu lan taat dateng Gusti Allah.

Sakmangkih sumonggo kita tingali punapa sejatosipun engkang dumados. Wonten kitab Hakim-Hakim 2 ngendikan mekaten, *“bangsa mau tetep padha ngabekti marang Sang Yehuwah salawase sugenge Yosua lan salawase sugenge para sesepuh kang isih kasambungan yuswane nganti sapengkere Yosua, lan kang padha menangi sakehing kaelokane Sang Yehuwah kang ditandukake marang Israel. Lan Yosua banjur tuwuh golongan liyane, kang ora wanuh marang Sang Yehuwah lan ora ngreti bab apa kang katandukake dening Panjenengane marang wong Israel. bin Nun, abdine Sang Yehuwah iku seda, yuswane satus sepuluh taun, banjur disarekake ana ing pagunungan Efraim. banjur tuwuh golongan liyane, kang ora wanuh marang Sang Yehuwah lan ora ngreti bab apa kang katandukake dening Panjenengane marang wong Israel.*

Tiyang Israel mulai ngalikaken Gusti Allah, lan nderek agami bangsa-bangsa engkang wonten ing sekitaripun engkang mboten tepang kalia Allah sejatos saha mboten gadah Sabdanipun. Manembah dateng baal engkang awujud reca pedamelanipun piyambak. Bangsa wau menggalih bilih sedaya tumindakipun wau sampun manembah Allah, awit setan sampun nyesataken. Setan ugi nyesataken bangsa Israel, punika sebabipun nglalekaken Allah saha ndherek bangsa-bangsa ing sekitaripun kanti manembah Baal. Mboten nderek margi leres engkang sampun Allah tetepaken, engkang wonten ing hokum-hukum Musa njihpunika pangurbanan kewan saha misungsungaken kurban rah kangge nutupi dosa, malah nyembah Baal, margi lepat. Mboten emut hokum Allah engkang sepindah, *“aja nduweni allah liyane ana ing ngarsaningSun. awitdene Ingsun, Yehuwah Allahira, iki Allah kang sujanan,.. kang males kaluputane bapa marang anak-putune, turun ping telu lan ping pat tumrap wong kang padha sengit marang Ingsun, nanging kang nandukake sih palimirma marang wong pirang-pirang ewu, yaiku kang padha tresna marang Ingsun lan netepi pepakeningSun.”* Mestinipun Allah mboten kendel mawon mirsani sedaya wau.

Saklajengipun monggo kita lajengaken maos... *Wong Israel tumuli padha nglakoni kang ala ana ing paningale Pangeran, padha ngabekti marang para Baal. tuwin Asytoret padha disembah. Temah bebendune Pangeran mulad-mulad marang wong Israel, mulane padha diulungake marang ing tanganing rampog sarta dipasrahake marang pamengkune.. Menyanga ngendi bae pangluruge padha dilawan dening astane Pangeran, temah nemu tiwas, ngetrepi apa kang kadhawuhake dening Pangeran kalawan supaos, temahan padha banget susahe.*

Wekdal tiyang Israel emut lan mratobat, ing mriku Gusti paring margining kaluwaran kanti paring setunggaling pemimpin. Ananging wekdal mulai nyingkur, ing mriku Gusti ngukum malih kanti masrahaken bangsa Israel dateng mengsahipun. Kawulo badhe nyariosaken setunggaling pahlawan engkang naminipun Gideon, engkang ngawonaken mengsahipun kanti mbeto 300 prajurit ugi Samson engkang namung piyambakan ngawonaken ewonan tentara.

Sedherek, sampun mangertosi bilih bangsa Israel wongsal-wangsul damel dosa dateng Gusti, nanging punapa kasetyanipun bangsa Israel dados halangan kangge kasetyanipun Allah? Mboten, Gusti panci ngukum bangsa saben tiyang engkang damel dosa, ananging Penjenenganipun gadah rencana dateng tiyang Israel dados bangsa karena Allah mboten saged nglalekaken Janjinipun dateng Ibrahim biilh, *“keturunanipun badhe dados betrkah kangge saisining dunya.”* Ing pundi saking bangsa Israel Juruwilujeng badhe lahir wonten dunya. Dados mboten wonten engkang saged ngalangi rencananipun Gusti engkang sae wau, ngutus Juruwilujeng langkung bangsa Israel.

Sakpunika kita badhe lumebet ing kitab engkang cekak, saksampunipun Hakim-Hakim njihpunika Ruth. Ing lebetipun wonten carios engkang ngeramaken. Sakumpami sekar endah engkang gesang wonten

ing pangenan pembuangan sampah. Karana carios punika perkawis iman setunggaling wanita....wanita engkang pitados dateng Allah ing tengah-tengahipun umat engkang nyingkur lan tumindak awon dateng Allah. Kawula mboten saged maosaken sedaya isining kitab, ananging kawulo badhe maringaken garis besaripun kitab Rut. Rut punika randa, piyambakipun sanes keturunan bangsa Israel. Rut punika tiyang Moab engkang manggen ing Moab, sisih kidulipun bangsa Israel. Bangsa moab punika bangsa engkang nyembah berhala, engkang nganggep enteng Allahipun bangsa Israel. Sanajan mekaten Rut mboten kados bangsanipun...ananging kalih sakgolongipun manah pitados dateng Allahipun bangsa Israel. Kathah perkawis ageng piyambakipun mangertosi babagan pakaryanipun Allah nuntun bangsa Israel ngawonaken sedaya mengsah-mengsahipun. Rut ningali saha nyadari ketentuanipun Allah engkang kaserat wonten Taurat Musa perkawis margining kawilujengan lan piyambakipun nampi pesen engkang diparingaken Allah kanti tersirat dateng bangsa Israel. Rut manggen wonten ing tengah-tengahipun keluarga saha bangsa engkang mboten tepang dateng Allah. Piyambakipun kedah panggah wonten Moab punapa kanti nderek agaminipun utawi pindah dateng Israel? Punika pilihan engkang awrat.

Sejatosipun Rut kagungan ipar engkang naminipun Orpa. Sami kados Rut mangertosi perkawis Allahipun Israel, sami kados Rut dipun adepaken dateng pilihan awrat.

Orpa milih margi gampang kanti panggah manggen wonten griya tiyangsepuhipun. Ananging Rut milih margi engkang angel..njih punika kesah saking griya bapakipun lan pindah dateng Israel. Rut mangertos mboten wonten tiyang engkang nyembah 2 Allah. Mboten mungkin setunggal tiyang saged nyembah Allah Israel lan ing wekdal engkang sami ugi nyembah berhala tiyang Moab. Kangge Rut langkung sae taat dateng Allah tinimbang manungsa. Punika alasanipun Rut pindah saking agami tiyangsepuhipun. Piyambakipun lila dipunsalahmangertosi dening sedherek saha rencangipun demi pilihan ndherek Gusti Allah engkang gesang. Ninggalaken griya bapakipun lan pindah ing daerah Israel engkang naminipun Betlehem

Ing Betlehem wonten setunggaling pria engkang naminipun Boas, anakipun Rahab wanita engkang ngumpetaken 2 teliksandi Israel wekdal nelik kitha Yerikho. Boas punika gesang wonten kaleresan lan mangertosi Sabda Allah, tiyang engkang sugih, saha kathah sabin nanging dereng gadah semah.

Kitab suci nyatet, bilih Rut engkang wonten Betlehem punika gadah kebiasaan wungu enjang kesah ngempalaken gandum engkang dawah saking astanipun tiyang manen. Rut punika tiyang engkang mboten gadah. Wonten pranatanipun Musa, tiyang mboten gadah diijinaken ngempalaken gandum kanti cara mekaten, saengga mboten pejah awit kaluwun. Kitab suci nedahaken bilih Allah nuntun Rut kesah saha mundut gandum ing sabinipun Boas. Boas tansah migatosaken sedaya engkang ditindakaken Rut lan mamgertos bilih Rut punika wanita engkang soleh. Lajeng punapa

kedadosanipun? Rut saha Boas nikah. Rut manggenaken Gusti wonten ing sedaya pigesanganipun saengga Gusti paring berkahipun. Saklajengipun kitab suci nyatet Rut saha Boas gadah Yoga engkang naminipun Obed. Obed gadah anak Isai lan Isai gadah anak Daud, engkang ing mangkih dados raja bangsa Israel, ugi nabi engkang nyerat kathah Zabur. Saking keturunanipun Daud sang Penebus dilahiraken njihpunika Juruwilujeng dunya, engkang perkawis Penjenenganipun sedaya nabi sampun ngendikan.

Allah tumindak wonten gesang Rut setunggaling wanita engkang sanes keturunan bangsa Israel. Sakwetara tiyang Israel nyingkur saking Gusti Allah kangge nderek agami bangsa sanes, Rut nyingkur saking agami tiyangsepuhipun lan nderek Allah Israel. Saking sedaya wau saged kita tingali, kadospundi Allah lumampah majeng kalih Rencananipun kangge ngutus sang Penebus wau wonten ing dunya. Karana saking keturunan Daud lan ing kitha Betlehem punika, Juruwilujeng dunya lahir.

Wusananipun kita badhe pepisahan. Ing pepanggihan ngajeng kita badhe ningali pigesangan Daud engkang lahir wonten Betlehem keturuanipun Rut saha Boas. Salam pepisahan kawula aturaken kanti pitakenan, sedherek sami kalih sinten? Orpa punapa Rut? Punapa sedherek milih margi engkang gampil utawi dados pemberani kados Rut engkang purun mendhet resiko kangge pitados dateng Allah sejati saha gesang?

Maturnuwun sampun mindangetaken siaran kawula, Gusti mberkahi sedherek wekdal sedherek ngemut-emut wicantenanipun Yosua, *"mara ing dina iki kowe padha milih, sapa kang arep kokbekteni, Nanging mungguh ing aku lan sakulawangsaku iki, aku bakal padha ngabekti marang Pangeran!"*sumonggo menawi wonten pitakenan sageb ngubungi kawula ing no 081333777386, saged SMS ugi WA. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 46

Samuel, Saul saha Daud

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Ing pelajaran pungkasan, kita ningali masa saksampunipun Yusak njih punika masa tiyang Israel nyingkur dateng Gusti Allah. Ananging wekdal wonten jaman engkang peteng wau kita saged ningali kasetyanipun Allah, engkang mboten nyupekaken Janjinipun dateng Ibrahim saha keturunanipun perkawis Penebus engkang badhe lahir saking bangsa Israel. Kita ugi sampun ningali Allah makarya wonten pigesangan Rut. Rut engkang sanes keturunan Israel, nanging pitados dateng Gusti. Wekdal Israel piyambak ninggalaken Gusti kangge nderek agami bangsa-bangsa sanes, Rut milih ninggalaken agami bapakipun lan ndherek Allah Israel. Rut pindah saking negarinipun lan manggen wonten ing Betlehem wilayah Israel. Ing mrika Rut nikah kalih Boas, tiyang Israel. Lajeng gadah yoga engkang naminipun Obed, Obed gadah anak Isai bapakipun Daud. Sedaya wau nggambaraken dateng kita bilih Allah terus lumampah majeng kalih Rancanganipun kangge ngutus Penebus dateng dunya, karana langkung keturunan Daud sang Penebus badhe lahir lan ing Betlehem kampungipun Daud Penebus wau lahir.

Pelajaran saklajengipun kita badhe ningali kadospundi para nabi Allah sampun nubuatan sedaya wau lan ratusan taun sang Penebus nggenepi nubuatan wau.

Nabi Daud punika nabi engkang sanget terkenal wonten Kitab Suci. Naminipun medal langkung kaping 1000. Punapa engkang sedherek mangertosi perkawis nabi Daud? Piyambakipun lare nem engkang ngawonaken Goliat raksasa kalih sela lan ketepil. Mungkin sedherek mangertos bilih Daud setunggaling raja Israel engkang ageng lan ugi nyerat sebagian isi saking Kitab Zabur. Menawi kita

mangertos bilih Daud punika raja ageng, ananging mboten mangertos penyebabipun, pramila pangertosan wau mboten wonten ginanipun kangge kita.

Sedherek, menawi penjenengan sami kepingin mangertos sedaya perkawis Daud lan mireng sedaya wicanten sae lan ngeramaken wonten kitab Zabur, kawula ngundang sedherek gabung kalih kawula wonten pelajaran dinten sakmangkah saha 5 pepanggihan engkang badhe dumugi.

Sakderengipun Daud wonten setunggal nabi engkang naminipun Samuel. Samuel kapilih Allah kangge damel tiyang Israel wangsul dateng Allah, awit manahipun sampun tebih saking Gusti. Kitab badhe maos kitab Samuel, awit ing lebetipun kaserat carios pigesangan nabi Samuel lan ugi 3 raja pertama bangsa Israel, Saul, Daud saha Sulaiman.

Kados engkang sampun kita mangertosi, Allah nuwuhaken kangge Israel pemimpin kados Musa, Yusak saha Samuel kangge nuntun saha ngadili bangsa wau. Ananging engkang sejatosipun Gusti Allah engkang mbeto Israel medal saking Mesir punika raja Israel sakleresipun...Allah engkang mrintah bangsa Israel damel Tarub Pasewakan supados Penjenenganipun saged manggenaken Kamulyanipun ing tengah Israel, dados Pemerintahan engkang bangsa Israel dhereki saha taati. Nanging sebagian ageng bangsa Israel mboten puas menawi Allah kemawon engkang dados rajanipun. Israel kapengin kados bangsa sanesipun gadah setunggal manungsa dados raja engkang mrentah.

Wonten pasal 8 ayat 1 Kitab Samuel, ngendikan, *“Mulane para tuwa-tuwane Israel padha ngumpul banjur sowan marang ngarsane Nabi Samuel ing Rama, sarta matur: “Panjenengan sampun sepuh lan putra-putra panjenengan tindak-tandukipun boten kados panjenengan; milanipun mugik kaparenga njumenengaken ratu ingkang ngereh kula kados dene bangsa sanes-sanesipun.” Nalika padha matur: “Kula mugik kaparingana ratu ingkang ngereh kula,” tembung iku ora dadi renane Nabi Samuel, mulane Nabi Samuel banjur ndedonga marang Pangeran. Pangeran ngandika marang Nabi Samuel: “Turutana panyuwune bangsa iku ing bab sakehing prakara kang diaturake marang sira, amarga dudu sira kang ditampik, nanging Ingsun kang ditampik supaya aja ngratoni maneh marang bangsa iku. wiwit nalika Sunentasake saka ing tanah Mesir tumeka saprene, yaiku anggone nyingkur marang Ingsun lan ngabekti marang Allah liyane, mengkono uga kang katandukake marang sira. Mulane turutana panyuwune, mung bae elingna temenan lan cethakna mungguh wewenange ratu, kang bakal ngereh.”*

Sakleresipun Gusti mboten nersakaken bangsa Israel gadah raja sanes, kejawi Penjenenganipun...ananging malah nolak pemerintahanipun Allah, saengga Allah ngijinaken Samuel nindakaken punapa engkang dikajengaken bangsa wau. Kitab suci ngendikan, *“Samuel banjur mundhut guci isi lenga, disuntak ing sirahe Saul, Lan Nabi Samuel banjur ngandika marang wong*

sabangsa kabeh: "Sawangen, wong kang kapilih dening Sang Yehuwah iku. Amarga saka sakehing bangsa iku ora ana wong siji bae kang madhani." Wong sabangsa banjur padha surak-surak, unine: "Sugenga Raja!"

Wiwitanipun bangsa Israel bungah sanget kalih rajanipun. Saul engkang nem, ganteng, gagah saha langkung inggil saking rata-rata tiyang Israel. Saking penampilanipun, mestinipun Saul sempurna sanget dados raja. Ananging Gusti mboten mirsani kados manungsa tingali..manungsa ningali penampilan njawi...ananging Gusti mirsani manah. Wiwitan Saul raja engkang sae...nanging saklajengipun gumunggung, kebak sreji dengki saha egois. Saul ngormati Allah kanti lesanipun, ananging manahipun tebih. Saul mboten ngajeni saha naati dateng sabda Allah. Piyambakipun milih nindakaken punapa engkang dados kajengipun tinimbang nindakaken parintahipun Allah. Wusananipun saksampunipun pinten-pinten taun, kitab suci nyarisoaken kita, *Nuli pangandikane Pangeran marang Nabi Samuel mangkene: "Ingsun kaduwung dene njumenengake Saul, amarga wong iku wus nyingkur marang Ingsun lan nglirowakake dhawuhingSun."* Nabi Samuel temah sekel galihe, nyebut marang Pangeran sawengi muput. Nabi Samuel wungu ing wayah bangun esuk sumedya manggih raja Saul, Bareng Nabi Samuel kepanggih karo raja Saul, pangandikane raja Saul marang Nabi Samuel: *"Panjenengan binerkahana dening Pangeran; kula sampun ngestokaken dhawuhipun Pangeran."* Ananging Samuel dateng Saul, bilih kerajaanipun badhe dipendhet saking piyambakipun lan diparingakeng tiyang sanes. Kitab suci ngendikan, *"Pangandikane Pangeran marang Nabi Samuel: "Sapira lawase anggonira nandhang prihatin, marga saka Saul? Wong iku rak wus Suntampik anggone dadi rajane Israel? Wadhahira sungu isenana lenga lan mangkata. Sira Sunutus menyang ing omahe Isai, wong Betlehem, awit anake ana kang Sunpilih dadi ratu tumrap Ingsun."* Nanging Nabi Samuel munjuk: *"Kados pundi anggen kawula badhe mangkat? Manawi raja Saul mireng bab punika, temtu kawula dipun pejahi."* Pangandikane Pangeran: *"Nggawaa sapi nom lan tutura: Tekaku iki arep nyaosake kurban marang Pangeran. Tumuli Isai undangan supaya nekani upacara pangurbanan iku lan Ingsun bakal paring sumurup marang sira, apa kang wajib sira lakoni. Banjur wong kang Suntuding iku jebadana kagem Ingsun."* Nabi Samuel nuli nindakake apa kang kadhawuhake dening Pangeran, lan rawuh ana ing kutha Betlehem. Para tuwa-tuwane kutha kono methukake Nabi Samuel kanthi gumeter lan matur: *"Rawuh panjenengan punika punapa kanthi raharja?"* Wangsulane Nabi Samuel: *"Iya mangkono! Tekaku iki arep saos kurban marang Pangeran. Padha sesucia lan nekanana upacara saos kurban iki karo aku."* Nabi Samuel banjur nucekake Isai dalah anak-anake lanang sarta ngulemi wong-wong iku marang ing upacara saos kurban mau. Bareng padha lumebu, Nabi Samuel mirsani marang Eliab banjur mosik: *"Lah wong kang bakal jinebadan saiki ngadeg ana ing ngarsane Pangeran."* Nanging pangandikane Pangeran marang Nabi Samuel: *"Aja mawang marang paraupan lan dhuwuring dedege, amarga iku wis Suntampik."*

Pamirsane Gusti Allah iku beda karo pamawange manungsa; manungsa mung nyawang marang kang kasat-mripat; nanging Sang Yehuwah mirsani isining atine.” Isai nuli ngundang Abinadab lan dikon lumaku liwat ing ngarsane Nabi Samuel, nanging Nabi Samuel ngandika: “Wong iki iya ora dipilih dening Sang Yehuwah.” Isai banjur ngundang Syama, nanging Nabi Samuel ngandika: “Wong iki uga ora dipilih dening Sang Yehuwah.” Mangkono anggone Isai akon anake pitu lumaku liwat ana ing ngarsane Nabi Samuel, nanging Nabi Samuel ngandika marang Isai: “Iku kabeh ora ana kang dipilih dening Sang Yehuwah.” Nabi Samuel ngandika marang Isai: “Apa iki wis anakmu kabeh?” Wangsulane Isai: “Ingkang wuragil taksih kantun, nanging saweg angen menda.” Nabi Samuel dhawuh marang Isai: “Mara undangan amarga aku ora bakal kembul mangan, sadurunge iku teka mreng.” Tumuli kongkonan methuk anake. Pasemone sumringah, mripate endah, warnane bagus. Sang Yehuwah banjur ngandika: “Ngadega jebadana, yaiku wonge!” Nabi Samuel banjur mundhut wadhaha sungu kang isi lenga lan Dawud dijebadi ana ing satengahing sadulur-sadulure. Wiwit ing dina iku lan sabanjure Rohe Pangeran nunggil karo Dawud.

Kita tingali kadospundi Allah milih Daud dados raja Israel saksampunipun Saul. Nanging perlu sedherek mangertosi Daud mboten langsung raja wekdal wau ugi. Dawud wekdal wau taksih enem lan wekdal engkang ditetepaken dening Allah dereng dumugi. Kasuyatanipun Dawud kedah nengga 10 taun lenggah wonten dampar Israel. Dados saksampunipun acara wau Daud wangsul malih wonten ara-ara angon kewan ternak bapakipun. Piyambakipun pangen engkang sae saha setya lan kendel. Mboten wonten engkang dipun ajrehi awit piyambakipun pitados dateng Allah. Singa, beruang engkang ngganggu kewanipun dipun pejahi sedaya.

Daud ugi pinter nembang saha musik. Roh Pangeran nuntun Daud nyipta pujian panembahan dateng Allah saha nyerataken ing kitab Zabur. Saking nyanyian wau kita saged mangertos mekaten agengipun Daud ntresanani Allah saha Dawuhipun.

Kita badhe mungkasi siaran punika kanti maos zabur ciptaanipun Daud, “*Duh Pangeran, Gusti Allah kawula, kuwaos paduka kamasyuraken ing salumahing bumi! Menawi kawula tingali langit ciptaan paduka, wulan saha lintang-lintang engkang Penjenengan pasang. Sinten manungsa wau, saengga Penjenengan emut, sinten piyambakipun saengga Penjenengan rimat? Ananging Penjenengan angkat kados sami Pangeran, Penjenengan paring mahkota kaliah keagungan saha kahormatan. Duh Pangeran, Gusti kawula, keagungan Paduka ngantos saklumahing bumi.*”

Sedherek maturnuwun sampun mindangetaken acara punika, pepanggihan ngajeng kita badhe nglajengaken carios Daud lumawan Goliat. Gusti paring berkah wekdal sedherek menggalihaken, “*Ingsun ora mbiji kaya manungsa mbiji. Manungsa ndeleng rupa Ingsun mirsani ati.*”

Menawi wonten pitakenan saged ngubungi kawula ing no 081333777386 saged SMS ugi Wa. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 47

Daud saha Goliat

Sedherek kula pamireng sedaya..

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Wonten pepanggihan engkang pungkasan, kita mulai nyinaui pigesangan nabi Dawud. Dicariosaken bilih Allah piyambak tepang dateng Daud, *“Ingsung dewe wis nemokaken Dawud anake Isai wong kang nyenengake atiningSun, deweke sing nindakaken kekarepingSun,”*. Sakengga Allah ngurapi Dawud dados raja ggantosen Saul karena mboten naati Sabda Allah, ananging Dawud mboten langsung dados raja wekdal semanten. Piyambakipun taksih nem lan wekdal Allah kangge Daud nampi kerajaan dereng dumugi. Saksampunipun diurapi dados raja, Dawud wangsul malih wonten ara-ara pangenan ing tlatah Betlehem kangge njagi kewan ternak bapakipun.

Dinten sakmangkih kita badhe maos carios engkang ngeramaken engkang nedahaken bilih Gusti wonten Daud, karena Daud lumampah kalih Allah. Pelajaran dinten niki judulipun Daud lan Goliat, engkang kaserat wonten Samuel 17.

“Saul lan wong Israel uga padha ngumpul lan ngadegake kemah ana ing Lebak Wit-Ela sarta padha nata gelaring perang andhep-adhepan karo wong Filisti. Wong Filisti mapan ana ing gunung sisih kene lan wong Israel ana ing sisih kana, ing antarane ana lebak. Tumuli ana agul-agule bala Filisti kang metoni, jenenge Goliat wong ing Gat. Dedege nem asta sakilan. Nganggo topong tembaga ana ing siraha, lan nganggo klambi kere mawa sisik, boboting klambine kere limang ewu sekel tembaga. Garese nganggo tebeng tembaga, manggul tumbak tembaga ing pundhake. Garaning tumbake sagulungan tenunan, lan wilahe tumbake wesi bobote nem atus sekel. Ana juru nggawa tameng lumaku ing ngarepe. Wong iku banjur ngadeg lan sesumbar marang barisan Israel, pangucap: “Apa perlune kowe ngetoni nata gelaring perang? Aku iki rak wong Filisti lan kowe padha bature Saul?”

Miliha wong siji, kareben mudhun mapagage perangku. Yen wong iku bisa menang perange tandhing karo aku lan ngasorake aku, aku bakal padha ngawula marang kowe. Nanging yen aku bisa unggul lan ngalahake dheweke, kowe bakal padha dadi kawulaku lan teluk marang bangsaku.” Wong Filisti mau celathu maneh: “Ing dina iki aku nantang barisan Israel, ngajokna wong siji supaya aku perang tandhing ijen padha ijen.” Bareng Saul lan sakehe bangsa Israel krungu tembung wong Filisti iku, atine padha kekes lan banget giris.”

Wekdal Goliat ngeyek tantara Israel, Dawud nembe angen mendo bapakipun kanti tenang, tebih saking medan peperangan ngrenungaken Sabdanipun Allah, mbeto kecapinipun muji Allah. Daud gadah kangmas 3 engkang dados tantara Israel. Ing setunggaling dinten nyuwun supados Daud bidal ningali sedherekipun saha tangklet wartos kawontenan ing peperangan. Dados Dawud ninggalaken mendo-mendonipun kesah tumuju ing peperangan.

Wekdal Daud nembe pinanggih kalih kangmasipun, piyambakipun ningali lan mireng Goliat ngina, nantang saha ngancam kados engkang dilampahi antawis 40 dinten. Anehipun sedaya tantara Israel mlajar ajrih sedaya. Dawud tangklet sinten tiyang wau. Tentara Israel paring mangertos bilih raja Saul nembe nganakaken sayembara, sinten mawon engkang saged mejahi Goliat badhe diparingi hadiah ageng lan badhe maringaken putrinipun kangge dinikahi saha sedaya keluarganipun bebas mbayar pajak. Ananging para kangmasipun duka wekdal mireng wincantenipun saha ngendikan, “*Apa perlune kowe teka mrene? Lan wedhusmu kang mung loro telu kang ana ing pasamunan iku kokpasrahake sapa? Aku ngreti watakmu bab kadukwanimu lan alaning atimu: tekamu mrene iki rak mung arep nonton perang ta?*” Ananging Saul nimbali Daud.

Kitab suci ngendikan, “*Nanging Dawud matur marang raja: “Abdi dalem punika sampun kulina ngengen menda-mendanipun bapakipun dalem. Samangsa kadhatengan singa utawi bruwang, ingkang nubruk menda saking pepanthan, lajeng dalem oyak lan menda wau dalem rebat saking cangkempun. Lajeng manawi nempuh nglawan dhateng dalem, dalem cepeng jenggotipun sarta dalem gebagi ngantos pejah. Dados singa utawi bruwang wau sami dalem gebagi. Lan tiyang Filisti ikutan punika ugi badhe nemahi kados dene salah satunggalipun kewan punika, awit dene sampun ngawon-awon barisanipun Gusti Allah ingkang asipat gesang.” Dawud matur maneh: “Sang Pangeran, ingkang sampun ngluwari kawula saking cengkeremanipun singa utawi bruwang punika, Panjenenganipun ugi badhe ngluwari kawula saking tanganipun tiyang Filisti punika.” Saul banjur ngandika: “Iya wis mangkata! Gusti muga nganthia lakunira.” Saul banjur nganggokake pangagemane perang marang Dawud, sirahe dianggoni topong tembaga, lan dianggoni klambi kere. Dawud nuli nyabukake pedhange ing jabane sandhangane perang, banjur njajal lumaku, amarga durung tau manganggo kaya mangkono. Dawud banjur matur marang Saul: “Kawula boten saged*

mlampah, ngangge sandhangan punika awit dereng nate ngangge.” Wasana sandhangane dirucati. Dawud banjur nyangking tekene, milih watu klimis-klimis limang iji saka ing dhasare kali, dilebokake ing kasang pangon, kang digawa, yaiku wadhah watu lan bandhile dicangking. Mangkono anggone Dawud mapagake wong Filisti iku. Wong Filisti iku sangsaya nyedhak marang Dawud lan wong kang nggawa tameng ana ing ngarepe. Nalika wong Filisti iku mulat lan ndeleng Dawud, Dawud diremehake, amarga anom sumringah lan bagus. Wong Filisti iku celathu marang Dawud: “Aku iki apa koksungguh asu, dene anggonmu mapagake perangku nganggo teken?” Tumuli atas jenenge para allahé wong Filisti, ngipat-ipati Dawud. Wong Filisti iku celathu marang Dawud maneh: “Papagna perangku, aku bakal makakake dagingmu marang manuk-manuk ing awang-awang lan satokewan ing ara-ara.” Nanging Dawud celathu marang wong Filisti iku: “Anggonmu mapagake aku kalawan nggawa pedhang lan tumbak sarta tlempak, nanging aku methukake kowe atas asmane Pangeran Gustining sarwa dumadi Gusti Allahé Israel, kang koktantang iku. Ing dina iki uga Pangeran bakal masrahake kowe marang ing tanganku lan aku bakal ngasorake kowe sarta nugel gulumu; ing dina iki uga aku bakal makakake bathangmu lan bathange bala Filisti marang manuk-manuk ing awang-awang lan marang kewan galak, supaya salumahing bumi padha sumurupa, yen Israel duwe Allah. Lan wong sapa samuwan padha ngretia, manawa Pangeran anggone mitulungi ora mawa pedhang lan tlempak. Amarga peperangan iku ana ing astane Sang Yehuwah lan Panjenengane masrahake kowe ana ing tanganku.” Bareng wong Filisti iku mangsah mapagake Dawud, Dawud enggal-enggal mlayu marani barisaning mungsuh mapagake wong Filisti iku. Dawud banjur ngrogoh watu ana ing kasange lan dibandhilake, ngenani bathuke wong Filisti iku, temah watune angrem ana ing bathuke, wong mau banjur tiba kerungkeb ana ing bumi. Mangkono anggone Dawud ngasorake wong Filisti iku nganggo bandhil lan watu; Dawud ngasorake lan mateni wong Filisti iku tanpa nyekel pedhang. Dawud banjur mlayoni wong Filisti iku, ngadeg ing sandhinge, pedhange diunus saka warangkane, wong mau banjur dipateni. Sirahe ditigas karo pedhang iku. Bareng wong Filisti padha ndeleng, yen agul-agule wus mati, nuli padha mlayu. Wong Israel lan wong Yehuda padha gumregah karo surak-surak lan banjur mbujeng wong Filisti nganti tekan ing sacedhake Gat lan gapurane Ekron.

Dinten sakmangkoh kita sampun ningali Dawud nylametaken bangsanipun saking mengsah kalian plintheng, selo saha iman engkang teguh dateng Allah engkang gesang. Saul saha tantara Israel mboten wantun ngadepi Goliath, ananging Dawud kanti wantun ngadepi lan ngawonaken Goliath. Sakleresipun wonten perbedaan punapa antawis Dawud kalih tantara Israel? Bedanipun mekaten, Dawud moten ajrih dateng Goliath sanajan ageng, karena Dawud gadah piyandel kiyat dateng Gusti Allah, lan piyandel punika mboten digadahi dening Saul saha tentaranipun. Saul saha tantara Israel ningali pahlawan engkang agend saha gagah prakasa, ananging Dawud ningali Allah engkang

prakasa. Saul saha tantara Israel gadah agami ananging mboten gadah hubungan engkang sejatos kalih Gustinipun. Sakwangsulipun, Dawud gadah persekutuan kalih Allah engkang sejatos. Piyambakipun tepang saha lumampah sesarengan kalih Penjenenganipun saha pitados kalih janji-janji Allah. Punika sebabipun Dawud mboten ajrih mengsah Goliat.

Sedherek pamireng....mirip kados Daud punapa Saul? Punapa sedherek tepang Gusti secara pribadi punapa namung mireng cariosipun tiyang? Sedherek mangertos Firman Allah kanti sae saengga ngebaki wonten ing manah kalih sukarena, punapa namung usaha nindakaken kewajiban agami mawon? Punapa hubungan sedherek lan Allah punika perkawis engkang teguh saha ngremenaken, punapa sedherek namung gadahi agami engkang garing?

Cobi pirengaken seratan Dawud babagan hubunganipun kalih Allah. *"Gusti Allah iku pangenku, aku ora kekurangan apa-apa. Aku diplegungake ana ing pangonan kang akeh sukete, aku digiring menyang ing banyu ing panggonan kang tentrem; nyawaku diayemake, sarta dituntun ing dalaning kabeneran marga saka asmane. Malah sanadyan lumaku ana ing jurang palimenganing pati, aku ora wedi marang bilai, margi Paduka ingkang nganthi kawula; teken Paduka saha lantaran Paduka punika sami nglipur kawula. Paduka nata pasegahan kangge kawula, wonten ing ngajengipun satru kawula; sirah kawula Paduka jebadi kaliyan lisah, tuwung kawula kebak mancep-mancep. Amargi namung kabegjan lan kadarman thok ingkang badhe ngirid lampah kawula, salaminipun gesang, saha kawula badhe manggen wonten ing padalemaning Sang Yehuwah ing salaminipun."*

Kadospundi kalih sedherek, punapa gadah hubungan engkang akrab kalih Gusti? punapa tepang Penjenengan dados pangen sedherek? Punapa sedherek yakin badhe manggen wonten pedalemanipun Gusti ing suwargi selaminyo?

Dawud gadah iman engkang sejatos mboten lelandesan wicantenanipun manungsa, ananging karana lelandesan Firman Allah engkang sampun kauji. Kados engkang kaserat dawud wonten Zabur, *"Pangeran kang dadi pepadhangku lan pamartaku, sapa kang dakwedeni? Pangeran kang dadi bebetenging uripku, sapa kang marakake aku gumeter? Sanadyan akeh bala kang padha ngedegake tarub ngepung aku, atiku ora giris, sanadyan tuwuh peperangan, atiku tetep pracaya. Dhuh Yehuwah, mug i karsaa miyarsakaken pasambat kawula ingkang kawula unjukaken, mug i Paduka karsaa melasi kawula saha kawula mug i kaparingana wangsulan! Manah kawula ndherek dhumateng pangandika Paduka: "Sira ngupayaa wedananingSun." Wedana Paduka inggih lajeng kawula upadosi, dhuh Pangeran".*

Wusananipun kita kedah pepisahan, Gusti paring berkah dateng sedherek sami. Salam pepisahan saking kawula kanti pangandikanipun Dawud ing Zabur, *"Mara padha ngrasakna lan nyawanga*

sapira gedhene kasaenane Pangeran Yehuwah iku! Rahayu wong kang ngungsi marang Panjenengane!"

Margining Karahayun

Pelajaran 48

Daud saha Janji Allah

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Dinten sakmangkih kita taksih nglajengaken carios nabi Dawud. 2 pelajaran kepengker kita tingali Gusti Allah ndadosaken Dawud raja, sanajan mboten dumados langsung wekdal wau. Gusti nolak Saul, awit piyambakipun nganggep enteng pikajengipun Allah. Sakwangsulipun Allah piyambak nyaksikaken Daud kanti ngendikan, *“Ingsun dewe wis nemokake Dawud anake Isai wong kang nyenengake atiningSun, deweke sing nindakake kekarepingSun,”* Lajeng kita ugi ningali Dawud ngawonaken Goliat kalih plintheng saha selo lan engkang penting kalih iman teguh dateng Gusti engkang gesang.

Sakmangkih sumonggo kita lajengaken carios Dawud dados raja nggantosaken Saul. Ing kitab Samuel 18 ngendikan mekaten, *“Nanging nalika padha mulih, sabaline Dawud saka anggone ngasorake wong Filisti iku, para wong wadon saka sakehe kutha ing Israel, padha methuk rawuhe Raja Saul karo padha sesindhenan lan jejogedan kalawan ngunekake trebang, padha suka pari suka sarta kalawan nabuh triwilah. Lan wong wadon kang padha jejogedan iku padha sesindhenan saur-sauran, tembunge: “Raja Saul ngasorake mungsuh ewon, nanging Dawud puluhan ewon.” Raja Saul muntab dukane luwih dening banget; tetembungan iku nuwuhake renguning galihe, amarga pangunandikane: “Marang Dawud disindhenake mateni puluhan ewon, nanging tumrap ing sun mung ewon, wekasane keprabon bakal tumiba marang dheweke.”* Wiwit ing dina iku lan sabanjure Saul tansah sanggarunggi marang Dawud.

Kitab suci paring ngertos Daud mekaten ditresnani tiyang Israel. Nanging tambah ageng katresnanipun dateng Daud, tambah ageng ugi raos sengitipun Saul dateng Daud. Saengga Saul

kepingin nyingkiraken Daud. Akibatipun Dawud mlajar saha ngumpet wonten pesamunan kalih 400 tiyang Israel sanesipun. Antawis 8 taun Daud mlajar saking panggenan setunggal wonten panggenan sanesipun. Sanajan Saul mekaten sengitipun dateng Dawud, ananging Dawud tansah ntresnani Saul. Punika awit Daud lumampah sesarengan Allah. Kados engkang kaserat wonten ing kitab Suci, *“Para kekasih, payo kita padha tresna-tinresnan, amarga katresnan iku pinangkane saka ing Gusti Allah, lan sok wonga kang nindakake katresnan, iku laire saka ing Gusti Allah lan wanuh karo Gusti Allah. Sapa kang ora nindakake katresnan, iku ora wanuh karo Gusti Allah, ujer Gusti Allah iku katresnan. Anggon kita padha tresna iku, amarga Gusti Allah wus ngasihi marang kita luwih dhisik. Manawa ana wong kang muni: “Aku tresna marang Gusti Allah,” mangka sengit marang sadulure, iku wong goroh. Awit wong kang ora tresna marang sadulure kang kasat mripat, kapriye anggone bisa tresna marang Gusti Allah kang ora katon?”*

Kita mboten mbahas sedaya engkang dumados antawis Saul kalih Dawud, ananging kawula kepingin supados kita saged ningali carios babagan andopasoripun manah saha katresnanipun Dawud. Kitab Samuel 24 ngendikan mekaten,

“Dawud banjur tindak saka kono, banjur lereb ing beteng-beteng gunung, ing En-Gedi. Nalika Sang Prabu Saul kondur sawuse ngoyak-oyak wong Filisti, diaturi uninga mangkene: “Kauningana, Dawud wonten ing pasamunan En-Gedi.” Saul nuli ngumpulake wong pilihan saka sakehing wong Israel cacache telung ewu, banjur tindak nglari Dawud lan balane ana ing gunung parang Wedhus Alasan. Panjenengane rawuh ing kandhang-kandhang wedhus ing pinggir dalan. Ing kono ana guwane lan Saul mlebet ing kono arep turas, mangka Dawud lenggah kalawan balane ana ing sajroning guwa, ing sisih buri. Para balane Dawud banjur matur marang panjenengane: “Dinten ingkang dipun pangandikakaken dening Pangeran sampun dumugi: Lah, Ingsun masrahake satrunira ana ing tanganira, tindakna apa kang sira anggep prayoga.” Dawud banjur jumeneng, lan ngiris poncoting jubah pangagemane Saul kalawan colongan. Panggalihe Dawud dadi goreng amarga ngiris poncoting pangagemane Saul; nuli ngandika marang para pandhereke: “Pangeran muga ngedohna aku saka pratingkah kang mangkono marang gustiku, marang jebadaning Pangeran, yaiku mulung tanganku nglawan marang panjenengane, awit panjenengane iku kang jinebadan dening Pangeran.” Lan Dawud nyegah para pandhereke klawan pangandika kang kaya mangkono iku; panjenengane ora nglilani wong-wong iku nempuh nglawan Sang Prabu Saul. Kacarita Saul wus jumeneng lan nilar guwa iku arep nglajengake tindake. Sawuse mangkono Dawud uga jumeneng medal saka ing guwa iku lan nguwuh-uwuh marang Saul saka ing pengkerane, ature: “Dhuh, raja kawula.” Saul noleh, Dawud nuli jengkeng kalawan pasuryane nganti konjem ing bumi, sarta banjur sujud nyembah. Dawud banjur matur marang Sang raja: “Kenging punapa dene panjenengan kok miyarsakaken dhateng tembungipun tetiyang ingkang sami munjuk: Lah Dawud ngangkah dhateng bilai dalem.

Kauningana, ing dinten punika panjenengan mirsa piyambak, bilih Pangeran sampun masrahaken panjenengan ing tangan kawula wonten ing guwa punika; wonten tiyang ingkang aken kawula supados nyedani panjenengan, nanging kawula ngeman dumateng panjenengan, awit pamanggih kawula: Aku ora bakal mulung tanganku nglawan marang gustiku, amarga panjenengane wus jinebadan dening Sang Pangeran. Panjenengan pirsani rumiyin, dhuh kanjeng rama, panjenengan dalem pirsani poncoting jubah pangageman ing tangan kawula punika! Mirid saking anggen kawula ngiris poncoting jubah pangageman dalem, ewadene boten ngantos nyedani panjenengan, panjenengan rak saged mirsa lan nguningani, bilih tangan kawula resik saking piawon lan cidra saha bilih kawula boten nglampahi dosa wonten ing ngarsa panjenengan, sanajan panjenengan nguya-uya kawula lan ngangkah nyawa kawula. Pangeran mugé dados hakim ing antawis kawula kaliyan panjenengan, Pangeran mugé malesaken kawula dhateng panjenengan, nanging tangan kawula boten badhe nempuh panjenengan.

Antawis 8 taun Saul tansah nguya-uya Dawud, nanging Gusti nguwalaken. Wusananipun Saul nampi bebendu kalih sedaya kejahatanipun. Pasal 31 kitab suci ngendikan mekaten, *“Ing wektu samana wong Filisti padha perang nglawan wong Israel. Wong Israel padha keplayu saka ing ngarepe wong Filisti lan akeh kang padha kapupu ing perang ana ing pagunungan Gilboa. Wong Filisti ora kendhat-kendhat anggone ngoyak Saul lan para putrane, lan gawe tiwase Yonatan, Abinadab lan Malkisua, para putrane Saul. Wasana perange sangsaya ngrekasa kagem Saul; para prajurit panahan kang padha methukake panjenengane, padha natoni kalawan banget. Saul nuli ngandika marang abdine kang ngampil gegaman: “Pedhangira unuse lan aku tuweken. supaya aja nganti wong ikuten iku nyuduk aku, sarta aku banjur digawe sawiyah-wiyah.” Nanging abdi kang ngampil gegaman iku mopo, amarga ora tegel. Wekasan Saul mundhut pedhange, iku banjur dirungkebi.*

Kados engkang dingendikakaken Allah dateng piyambakipun, mekaten engkang dumados. Saklajengipun kitab suci paring ngertos dateng kita, Allah ngalihaken kerajaan Israel dateng Dawud, tiyang engkang nteresnani kaleresan saha sengit dateng kejahatan. Dawud nteresnani Gusti Allah kanti sakgumolonging manah. Firman Allah saha kamulyanipun Allah manggeni wonten panggenan sepindah ing pemikiranipun Dawud. Punika sebabipun wekdal Dawud mulai mrintah Israel, langkah sepindah engkang ditindakaken, mbeta Tarub Pasewakan saha Tabut Perjanjian ing Yerusalem ibukota Israel, awit Dawud ngersakaken kemah penyembahan saha altar korban ing mrika.

Saksampunipun Dawud mindahaken kemah penyembahan ing Yerusalem, kitab suci nedahaken bilih Dawud gadah rencana kangge mbangun papan pangibadah engkang sae kangge ngluhuraken Gusti. Nglangkungi papan pangibadah punika Dawud saged manggenaken Tabut perjanjian saha tiyang-tiyang dosa pikantuk panggenan kangge misungsungaken kurban penutup dosa dateng Allah.

Ananging Gusti paring mangertos Dawud, bilih sanes piyambakipun engkang badhe mbangun griya kagem Allah, nanging Gusti piyambak nglangkungi setunggal generasi engkang langgeng selaminy.

Kadospundi mungkin kratonipun Daud langgeng selaminyo? Kadospundi pemerintahan manungsa mboten nate telas? Punika jawabanipun. Gusti janji dateng Daud, bilih setunggal saking keturunanipun badhe ngedekaken pemerintahan engkang langgeng, setunggaling tiyang badhe lahir saking garis keturunan Daud engkang badhe nampi wewenang pemerintahan wonten suwarga saha bumi selaminy. Penjenenganipun badhe disebut Raja sedaya raja, Gusti sedaya gusti, Raja Damai. Ratusan taun saksampunipun zaman Daud lan kinten-kinten antawis 700 taun sakderengipun Raja sedaya Raja lahir, nabi Yesaya sampun nyerat pangandikan mekaten, *“Gedhe pangwaose, tuwin tentrem rahayu bakal tanpa wekasan ana ing dhampare Dawud lan ana ing karatone, awit iku kadhasarake lan kasantosakake kalawan kaadilan lan kabeneran wiwit saiki nganti ing salawas-lawase. Adrenging panggalihe Pangeran sarwa tumitah bakal nindakake iki. Pangeran wus paring pangandika marang Yakub, lan pangandikane iku tumempuh marang Israel.”*

Sedherek mangertos sinten keturunan Daud engkang nampi wewenang kangge ngedegaken pemerintahan engkang langgeng? Punapa sedherek mangertos sinten engkang badhe ngakimi keturunan Adam ing dinten kiamat lan mrintah wonten kelanggengan? Njeh, sang Penebus, Raja engkang rawuh saking Suwarga, engkang lahir saking perawan keturunan Daud. Wekdal Daud mangertosi rencana Allah kangge nigrim sang penebus nglangkungi garis keturunanipun, Daud sungkem lan nyembah Gusti saha wicanten, *“Pramila sapunika Paduka mugni karsaa mberkahi kulawarganipun ingkang abdi punika, supados lestantun wonten ing ngarsa Paduka ing salami-laminipun. Amargi, dhuh Pangeran, Paduka piyambak ingkang ngandika saha margi saking berkah Paduka, kulawarganipun ingkang abdi binerkahan ing salami-laminipun.”*

Mekaten cara Daud atur raos syukur dateng Gusti karena janjinipun tepang Raja engkang badhe lahir saking keturunanipun. Sedherek engkang mangertos Kitab Suci, mestinipun mangertos ugi bilih Allah sampun nggenepi sebagian janjinipun. Sebab wonten Injil, kita maos bilih ewonan taun saksampunipun zaman Daud, Allah ngutus setunggaling malaikat dateng para pangen ing pegunungan Betlehem, ing pundi panggenan wekdal semanten Daud angen mendo. Malaikat Allah ngendikan dateng para pangen, *“kowe padha dakwartani kabungahan gedhe, kang bakal tumrah marang sabangsa kabeh: “Ing dina iki wis miyos Juru-slametmu, yaiku Sang Kristus, kang jumeneng Gusti, ana ing kuthane Dawud.”* Raja engkang dijanjiaken Gusti langkung keturunan Daud sampun lahir, lan sakmangkih sampun wangsul wonten suwarga, nenggo dinten kiamat ing pundi Penjenenganipun badhe rawuh kangge ngakimi dunya wonten kaleresan dinten wau. Sedaya tiyang

badhe mangertosi bilih janji Allah dateng Dawud perkawis kerajaan engkang langgeng sanes omong kosong.

Wusananipun kita badhe pepisahan rumiyin. Maturnuwun sampun mindangetaken siaran kawula. Kawula tinggalaken pangandikanipun Gusti kagem sedherek. Menawi sedherek wonten pitakenan sumonggo ngubungi kawula ing 081333777386. Nuwun!.

Margining Karahayun

Pelajaran 49

Daud Lan Batseba

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Wonten pertemuan engkang pungkasan kita sampun ningali kadospundi Daud dados raja Israel. Daud punika raja engkang adil saha kebak kalih welasasih, tiyang engkang sukarena ing Pangandikanipun Allah. Dinten sakmangkhih kita badhe mirengaken pigesangan Daud engkang ugi mboten sae. Ing pundi Daud tumindak zina kalih setunggaling tiyang wadon tetanggine, lan punika diumpetaken. Saengga Gusti sengit sanget tumindak Daud. Pitakenanipun, punapa carios awon wau kaserat ing kitab suci? Jawabanipun ugi kaserat ing kitab suci, “kabeh prakara kang ditulis ing wektu kepungkur, ditulis kanggo ngajar kita! Perkawis punika..ditulis kangge peringatan dateng kita...dados menawi sedherek rumaos kiat, atos-atos supados mboten dawah.” Kitab Suci Allah mboten ngumpetaken dosa para nabi, karena Allah ngersakaken ngajar kita pelajaran-pelajaran engkang penting. Sakmangkhih monggo kita wangsul ing kitab Samuel, ningali kadospundi Daud dawah ing dosa. Mekaten cariosipun,

“Ing nalikane gumantining taun ing mangsane para raja padha nglurug perang, Dawud ngutus Yoab mangsah sawadyabalane lan bala Israel kabeh. Banjur numpes bani Amon lan ngepung kutha Raba, dene Dawud piyambak kantun ana ing Yerusalem. Nuju ing sawiji dina ing wayah sore, nalika raja wungu saka pasareane, banjur ameng-ameng ana ing payoning kadhaton; saka ing kono katon ana wong wadon lagi adus; wong wadon iku ayu banget warnane. Dawud banjur utusan wong ndangu bab wong wadon iku; ana kang munjuk: “Punika rak Batsyeba, anakipun Eliam, semahipun Uria, tiyang Het.” Sawuse iku Dawud utusan nimbali. Wong wadon iku marak marang ngarsane, banjur disareni. Wong wadon iku lagi rampung bae anggone sesuci saka najise nuli mulih menyang ngomahe. Wong

wadon iku tumuli ngandheg lan kongkonan wong ngaturi uninga marang Dawud, ature mangkene: “Kauningana, kawula wawrat.”

Saklajengipun kitab suci paring ngertos kadospundi Daud usaha nutupi pedamelanipun. Wekdala Daud mireng Batsyeba ngandut, piyambakipun ngintun pesen dateng Yoab pemimpin tantara lan paring parintah nigrin Uria simah Batsyeba manggihi piyambakipun. Mekaten cariosipun ing 2 Samuel 11.

“Nalika Uria lumebu seba ing ngarsane Daud didangu mungguh kaanane Senapati Yoab, wadyabala lan kaanane peperangan. Dawud tumuli dhawuh marang Uria: “Wis mundura, muliha lan wisuha sikil!” Nalika Uria mundur saka kraton, ana wong kang nututi nggawa peparinge Daud. Nanging Uria mapan turu ana ing ngarepe gapuraning kraton, amor karo para abdi dalem lan ora mulih.

Daud diaturi pirsamangkene: “Uria boten mantuk dhateng ing griyanipun.” Dawud banjur ngandika marang Uria: “Sira rak lagi mulih saka ing paran? Yagene kok ora mulih?” Nanging Uria matur marang Dawud: “Pethinipun Allah sarta tiyang Israel lan Yehuda sami wonten ing tarub, punapa dene Senapati Yoab saha para abdi dalem sami akemah wonten ing teba, kawula kok mantuk ngeca-eca nedha lan ngombe tuwin tilem kaliyan semah kawula? Demi sugeng saha nyawa panjenengan dalem kawula boten pisan-pisan badhe tumindak makaten.” Dawud ngandika marang Uria: “Wis ing dina iki sira lerena ana ing kene. Sesuk sira sunlilani mangkat!” Dadine Uria ing dina iku kari ana ing Yerusalem. Esuke Dawud damel serat marang Senapati Yoab lan dikirimake lantaran Uria. Surasane layang iku mangkene: “Uria pernahna ing cucuking baris kang mbebayani, nuli sira sumingkira supaya wong iku tiwas.” Ing wektu samana Yoab ngepung kutha Raba, Uria diprenahake ing panggonan kang wus kasumurupan, yen ana mungsuhe kang gagah prakosa. Nalika para wong ing kutha iku metu nempuh perang nglawan Yoab, ana wadyabala sawatara kang kapupu, dalah Uria wong Het uga tiwas.

Mirsani kedadosan wau Gusti utusan nabi Nathan dateng Daud, kitab suci nyariosaken mekaten,

Pangeran banjur utusan Nabi Natan sowan marang Dawud. Tekan ing ngarsane Daud nuli munjuk, ature: “Ing satunggaling kitha wonten tiyang kalih: ingkang satunggal sugih, ingkang satunggal mlarat. Inggang sugih wau gadhah menda saha lembu kathah sanget. Tiyang miskin punika boten gadhah punapa-punapa kejawi namung cempe estri alit satunggal, anggenipun tumbas lan dipun ingah. Cempe wau dados ageng sareng kaliyan anak-anakipun, nedha saking pulukanipun, ngombe saking tuwungipun lan tilempun dipun keloni, prasasat anakipun estri kemawon. Nuju ing satunggaling dinten tiyang sugih wau ketamuan; sarehne badhe mendhet salah satunggalipun menda utawi lembunipun piyambak kaolah kadamel nyegah tamunipun owel, pramila lajeng mendhet cempe estri gadhahanipun pun miskin wau, dipun olah kangge nyegah tiyang lelana ingkang dhateng ing griyanipun punika.”

Dawud muntab dukane marga saka wong iku lan ngandika marang Nabi Natan: "Demi asmanipun Pangeran ingkang gesang, tiyang ingkang gadhah tindak kados makaten punika, kedah kaukum pejah. Saha cempe estri punika mesthi kalintonan tikel sekawan, amargi nindakaken prakawis punika sarta boten gadhah piwelas." Nabi Natan banjur munjuk marang Dawud: "Inggih panjenengan dalem punika tiyangipun!" Makaten pangandikanipun Pangeran, Gusti Allahipun Israel: Ingsun kang njebadi sira dadi ratu, ngereh Israel lan Ingsun kang ngluwari sira saka ing tangane Saul. Ingsun wus maringake sakukubaning daleme gustinira marang sira, apadene para garwane ana ing pangkonira. Ingsun wus maringake tedhak-turune Israel lan Yehuda marang sira; lan saupama iku durung cukup mesthi sunwuwuhi maneh apa bae marang sira. Yagene sira kok nyawiyah marang Pangeran kanthi tindakira kang ala? Uria wong Het iku kok sira pateni klawan pedhang; bojone sira alap lan Uria sira purih patine srana pedhange bani Amon. Mulane pedhang ora bakal gumingsir saka tedhak turunira ing salawase, amarga sira wus ngremehake Ingsun lan ngalap bojone Uria wong Het iku sira dadekake bojonira. Makaten pangandikanipun Pangeran: Lah Ingsun bakal ndhawahake bilai marang sira kang timbul saka kulawarganira dhewe. Ingsun bakal mundhut para rabinira ana ing ngareping mripatira lan Sunparingake marang wong liyane, kang bakal nuroni iku ing wayah awan. Awit dene sira wus tumindak klawan dhedhemitan, nanging Ingsun bakal nindakake prakara iku ana ing ngarepe wong Israel kabeh klawan blak-blakan." Dawud banjur ngandika marang Nabi Natan: "Kula sampun nglampahi dosa wonten ing ngarsanipun Pangeran." Lan Nabi Natan matur marang Dawud: "Pangeran sampun ngruwat dosa dalem, panjenengan dalem boten badhe seda. Ewasemanten sarehne panjenengan dalem kanthi tumindak makaten punika, sampun damel sanget kuceming asmanipun Pangeran, putra ingkang miyos saking panjenengan dalem punika, mesthi badhe seda." Nabi Natan banjur kondur lan Pangeran nggebag putra kang miyos saka tilase somahe Uria, kang patutan karo Dawud, temah gerah. Dawud nyenyuwun marang Gusti Allah kanggo kang putra iku, panjenengane nglampahi siyam kanthi tumemen lan bareng lumebet ing dalem sawengi natas tansah nggluntung ana ing jogan.

Wonten ing pasal-pasal saklajengipun kitab suci nedahaken bilih dosa Daud wau ndugikaken masalah wonten ing keluarganipun. Nanging pangandikanipun Gusti ngendikan, "ing ngendi tumindak dosa akeh, ing kono uga kamurahane Gusti kaparingake." Dados wonten wekdal engkang taksih sekedik punika, kita badhe ningali kadospundi Allah nedahaken Katresnanipun dateng Daud saha ngapunten sedaya dosa-dosanipun.

Wonten napa Allah ngapunten Daud? Awit wekdal nabi Nathan wicanten dateng piyambakipun, "Penjenengan tiyangipun." Kanti geton Daud matur, "kula sampun dosa, kula sampun dosa dateng Allah." Sedherek gatosaken, sikap Daud wekdal ditegur awit dosanipun. Piyambakipun mboten

ngengken pegawainipun supados nyepeng Nabi Nathan utawi ngleresaken gesangipun. Ing mriki Daud mboten salek kalih tumindakipun.

Ing Kitab Zabur 51, kasebataken Daud ngedalaken perkawis pertobatanipun. Ing mrika Daud sedih karena dosanipun. Daud mboten kados tiyang engkang gadah agami, nanging terus damel dosa saben dinten. Panci leres Daud sampun dawah ing dosa, nanging piyambakipun mboten gesang ing lebetipun, karena Daud ntresnani Allah lan mangertos bilih *"Allah punika terang lan ing Penjenenganipun mboten wonten pepeteng."* Saksampunipun Daud mratobat, Allah mboten njawab, *"lunga, tumindak sing apik, Ingsung ngapura kowe."* Ananging langkung nabi Nathan, Allah ngendikan dateng Daud, *"dosamu wis diapura, kowe ora mati."*

Saksampunipun perkawis punika, Daud nyerat ing Zabur gambaran tiyang engkang kalepatanipun diapunten Allah, sanes karena ushanipun piyambak. Daud ngendikan, *"Rahayu wong kang kaapura panerake, kang dosane kaaling-alingan! Rahayu wong kang durakane ora kaetang dening Yehuwah, sarta kang atine ora kadunungan cidra!"*

Njih, Gusti ngapunten Daud lan ngetung piyambakipun dados tiyang leres, nanging mboten artosipun Allah mbucal akibat karena dosanipun Daud. Panganpuntenipun Allah ateges, mangkih ing dinten kiamat, Allah mboten ngemut-emut dosa Daud, karena Penjenenganipun sampun mbusak dosa-dosa wau saking catetanipun. Punapa pangapuntenipun Allah dateng Daud mboten nglawan kalih keadilan saha kaleresaniPun?

Gusti saged ngapunten dosa Daud, karena purun mratobat, ninggalaken dosa saha wangsul dateng Gusti. Selain punika Daud pitados bilih Allah kuwaos mbucal sedaya langkung pakaryanipun sang Penebus. Emut sedherek punapa engkang didongaken Daud saksakampunipun mratobat, piyambakipun ndedonga, *"karsaa nglebur dosa kawula....Dosa kawula mug i Paduka icali kalayan hisop, temah dados resik, dados pethak, nglangkungi salju!"*

Allah sampun ngapunten dosa Daud, karena Daud mratobat saha pitados dateng kuwaos Gusti kangge nyucikaken piyambakipun langkung karyanipun Sang Penebus. Pandonganipun Daud mungkin mekaten, *"duh...Gusti..kula mratobat saking dosa kula, mug i Gusti ngapunten. Kula mangertos sagah paring panganpunten dosa kula karena ing mangkih Penjenengan badhe ngutus penebus, tiyang engkang mboten dosa lan Penjenenganipun engkang badhe nanggung paukuman engkang sejatosipun kedah kula tampi lan penebusaniPun punika langgeng. Pramila punika mug i Gusti ntresnani kawula tiyang dosa, mug i Gusti nglebur ing rahipun Sang Penebus saengga kawula saestu2 resik."*

Gusti ngapunten Daud karena ngakeni dosa-dosanipun lan pitados dateng janji Allah perkawis Sang Penebus engkang badhe rawuh lan nanggal paukuman karena dosa. Sedherek maturnuwun sampun sesarengan kawula ing siaran punika. Gusti amberkahi wekdal sedherek menggalihaken Zabur punika, *“Rahayu wong kang kaapura panerake, kang dosane kaaling-alingan! Rahayu wong kang durakane ora kaetang dening Yehuwah, sarta kang atine ora kadunungan cidra!”*

Margining Karahayun

Pelajaran 50

Daud Lan Almasih

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Wonten 4 pepanggihan engkang pungkasan kita sampun nyinauni carios Daud. Piyambakipun pangen ugi pemusik, nyerat tembang, murid sakiang Pangandikanipun Allah, pahlawan perang, raja Israel saha nabi Allah. Lan engkang pungkasan kita ningali bilih Daud ugi tiyang dosa, engkang nindakaken tumindak lepat wonten Gusti. Senajan mekaten, Allah paring pangapunten karana purun mratobati saha pitados kalih janjinipun Allah perkawis penebus engkang badhe rawuh wonten dunya nanggung paukuman dosa manungsa.

Dinten sakpunika kita badhe ngrenungaken isi Kitab Zabur engkang ngeramaken. Wonten 150 nyanyian ing Kitab Zabur. Ing pundi nglangkungi para nabi kados Musa, Sulaiman, anak-anak Azab saha anak-anak Korah Zabur kaserat. Ananging Daud engkang paling kathah nyerat Zabur. Dinten sakmangkah kita badhe sinau kalih pasal nyanyian kitab Zabur.

Pujian penyembahan engkang kaping sepindah nedahaken dateng kita kempalan manungsa engkang wonten ing dunya, njihpunika kempalan tiyang engkang lumampah wonten margining kaleresan saha kempalan tiyang engkang lumampah wonten margining pepeteng. Mekaten suraosipun,

“Rahayu wong kang lakune ora manut pangangen-angene wong duraka, lan ora ngambah dalane wong dosa sarta ora awor lungguh ing pajagongane wong memoyok, nanging kang karem marang angger-anggere Pangeran, lan digilut-gilut rina wengi. Wong iku kaya wit kang tinandur ana ing sapinggiring kali, kang metokake woh ing kalamangsane, lan ora alum godhonge, apa bae kang ditandangi mesthi lestari. Ora mangkono mungguh wong duraka, nanging prasasat mrambut kang kabur ing angin. Mulane wong duraka iku ora tulus ana ing ngarsane pangadilan, mangkono wong

dosa ana ing pakumpulane para wong mursid; amarga mirsa lakune wong mursid, nanging lakune wong duraka iku ngener marang karusakan.

Kita tingali ing mriki wonten margi saking tiyang-tiyang engkang diberkahi saha margi saking manungsa engkang badhe binasa. Sedaya manungsa kepingin diberkahi, mboten wonten setunggal mawon engkang pengin binasa. Mekaten ugi Gusti Allah ngersakaken sedaya manungsa binerkahan. Ananging sedherek kedah sowan dateng margi berkah engkang Gusti tentukaken, punapa margi berkah wau? Nyanyian pertama wonten Zabur punika dipun rangkum ing 2 pokok pikiran. Engkang sepindah, ampun ndherek margi engkang ngenyek Pangandikanipun Gusti. Engkang kaping 2 sumonggo dipun penggalihaken Pangandikanipun Gusti, saengga mangertos, paham saha nampi margining kawilujengan engkang Gusti tetepaken.

Menawi sedherek pitados margi kaleresanipun Allah, Kitab suci ngendikan gesang sedherek kados wit engkang ditanem sakpinggiring lepen. Gesangipun medalaken woh ing musimipun kados katresnan, sukarena saha karahayun. Nanging kosokbalinipun, menawi sedherek mboten ndherek margi kaleresanipun Allah, sedherek badhe binasa kados sekem engkang mabur karena angin.

Lajeng ing pasal saklajengipun kalih Ilhamipun Allah, Daud nyerat perkawis Penebus engkang badhe rawuh. Mekaten suraosipun,

“Geneya para bangsa padha mampang-mampang wringuten, lan para suku bangsa padha ngangen-angen kang tanpa guna? Para raja ing bumi padha siyaga ing perang lan para panggedhe sakuthon arep ngayoni Sang Pangeran lan Sang Jebadane, pangucape: “Payo padha medhot dhadhunge lan mbuwang kendharate.” Panjenengane kang lenggah ana ing swarga iku gumujeng, Sang Yehuwah moyoki wong-wong mau. Nuli padha didhawuhi kalawan bendu lan digirisake kalawan bramantyané: “Ingsun kang wus ngadegake ratuningSun ana ing Sion, gunungingSun kang suci.” Aku arep ngandhakake kekancingane Sang Yehuwah; pangandikane marang aku: “Sira iku putraningSun! Ingsun kang mutrakake Sira ing dina iki. Sira nyenyuwuna marang Ingsun, mesthi Sira Sunparingi para bangsa dadi pusakanira, lan pungkasaning bumi dadi darbekira. Iku bakal Sira ejur kalawan gada wesi, bakal Sira remuk kaya grabahing kundhi.” Mulane, he para raja, padha tumindaka kang wicaksana; para hakim ing bumi, padha ngrungokna marang pepeling! Padha ngabektia marang Sang Yehuwah kanthi pakering; lan sungkemana sampeyane kanthi gumeter, supaya Panjenengane aja paring deduka, temah kowe tumpes ana ing dedalan, amarga bebendune gampang banget anggone mulad-mulad. Rahayu sakehing wong kang ngungsi marang Panjenengane!

Punapa sedherek mangertos punapa engkang dados pengumumanipun Allah wonten ing Zabur 2 punika? Punika perkawis engkang penting. Wonten nyanyian wau, Allah mitepangaken tiga asma

engkang ajaib saking sang penebus. Ketiga asma wau njihpunika Almasih, sang Raja saha putrane manungsa. Monggo kita penggalih kanti lebet 3 asma engkang Allah tujukaken dateng Juru wilujeng dunya.

Sepindah, Allah nyebat sang penebus wau Almasih. Almasih punika saking tembung Ibrani engkang artosipun "*engkang kapilih utawi engkang dijebadani*" Kalih asma Almasih, Allah nembe ngumumaken dateng keturunanipun Adam bilih sedaya manungsa kedah pitados saha nampi sang penebus engkang badhe rawuh wonten dunya, karena namung Penjenenganipun engkang kapilih dening Allah dados Juruwilujeng saha hakim dunya. Nanging wonten 3 ayat wiwitan, Allah sampun nginten bilih sebagian ageng badhe nolak Almasih.

Wonten punapa sebagian ageng penduduk dunya nolak kangge nampi Almasih engkang Gusti u amptus, padahal Penjenenganipun suci tanpa dosa? Kitab suci ngendikan bilih, "sinten engkang nindakaken kejahatan, sengit terang lan mboten purun sowan dateng terang wau, ampon ngantos tumindakipun mangkih ketingal." Dados nglangkungi ayat punika, Allah sampun nginten kadospundi bangsa Yahudi lan bangsa sane sing dunya badhe sesarengan ngancuraken tiyang suci engkang Gusti pilih kangge dados Juruwilujeng saha hakimipun dunya. Nanging Allah mangertos rancangan tiyang fasik. Allah ngatur ngangge damel rancangan jahat manungsa supados rancangani-Pun kangge milujengaken manungsa kedadosan.

Asma engkang kaping2 njihpunika Sang Raja. Almasih ugi setunggaling Raja. Nglangkungi asma wau Gusti nersakaken sedaya tiyang mangertos bilih wusananipun Almasih dados hakim ugi panguwaos dunya sanajan kathah manungsa nolak. Ing dinten kiamat, sedaya manungsa badhe manembah ing NgarsaniPun, karena namung Penjenenganipun engkang kapilih Allah kangge dados Raja sedaya raja ugi Gusti sedaya gusti.

Kaping 3, Allah nimbali Almasih putraNipun kangge mbentenaken Penjenenganipun kalih para nabi sanesipun. Kita mangertos Ibrahim kasebat "sakabat" Musa kasebut "tiyangipun Allah" lan ugi Daud "Tiyang engkang mranani manahipun Allah". Nabi pundi Allah ngendikan "Sira PutrakKu, dina iki Aku dadi RamaMu? Sebatan punika namung kangge Almasih, karena namung Almasih engkang asalipun saking nginggil engkang lahiripun nglangkungi perawan lan ugi suci mboten kagungan dosa.

Sedherek pamireng Allah nersakaken kita sami tepang Almasih, mirengaken Penjenenganipun, pitados saha nampi Penjenenganipun. Kita kedah pungkasi rumiyin, pepanggihan ngajeng insya Allah kita badhe nglajengaken renungan kita saking nyanyian sanes engkang diserat daud wonten kitab Zabur. Gusti paring berkah, wekdal sedherek menggalihaken seratan nabi Daud, *Padha ngabektia marang Sang Yehuwah kanthi pakering; lan sungkemana sampeyane kanthi gumeter, supaya*

Panjenengane aja paring duka, temah kowe tumpes ana ing dedalan, amarga bebendune gampang banget anggone mulad-mulad. Rahayu sakehing wong kang ngungsi marang Panjenengane!

Menawi sedherek wonten pitakenan, sumonggo ngubungi kawula ing no 081333777386. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 51

Tambahan Sanes Saking Kitab Zabur

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Sedherek, wonten pepanggihan engkang pungkasan kita sampun nyinauni 2 pasal wiwitan Kitab Zabur. Langkung sae menawi ing siaran punika kita maos saha diskusiaken saben pasal. Ananging karana kitab punika wonten 150 pasal, mboten mungkin pepanggihan punika saged nindakaken.

Sanajan mekaten, sakderengipun kita nutup kitab Zabur, kawulo ngajak kita sami nyinauni pasal 22 nyanyian engkang Allah wangsitaken dateng Daud. Pasal punika sanget penting karana babagan paningal wekdal engkang badhe dumugi perkawis Almasih badhe seda wonten kasengsaran engkang awrat kangge mbayar utang dosa sedaya keturunan Adam. Ing pasal punika, Daud engkang gesang 1000 tahun langkung rumiyin saking Almasih, nyebat 30 kedadosan engkang badhe dumados ing dinten sedanipun Almasih. Menawi kita maos Injil engkang nyariosaken Almasih, ing mrika nyariosaken kedadosan persis kalih sedaya ramalan Daud. Dados kita saged mestiaken bilih nyanyian wau sanes saking manungsa ananging saking pikiranipun Allah.

Sakpunika sumonggo kita pirengaken punapa engkang dipun serat Daud ing Kitab Zabur 22.

Dhuh Allah kawula, Allah kawula, punapaa dene kawula Paduka tegakaken? Mangka Paduka punika ingkang Mahasuci ingkang lenggah ing dhamparing kidung-pangalembananipun Israel. Kawula ingesokaken kados toya, sakathahing balung kawula sami pisah saking ros-rosanipun; manah kawula kados lilin, leleh wonten ing batos kawula; ilat kawula kraket ing cethak kawula, sarta Paduka ingkang nyelehaken kawula wonten ing lebuning pejah. Amargi kawula karubung ing segawon, grombolaning durjana ngepang kawula, sami nyuduki tangan saha suku kawula.

Monggo kita mandeg rumiyin ing mriki. Punapa sedherek saged nangkep seratan Nabi Daud perkawis Almasih? 1000 tahun sakderengipun Almasih rawuh wonten ndunya, Daud nyerat, "*kawula karubung ing segawon, grombolaning durjana ngepang kawula, sami nyuduki tangan saha suku kawula*" Kalih pangandikan punika Daud nedahaken paninggalan masa depan perkawis kadospundi keturunan Adam badhe nyuduki asta saha suku Almasih wonten kajeng salib. Wonten punapa Daud nyerat wonten ing Zabur bilih gerombolan tiyang durjana nyuduk asta saha sukunipun? Wonten punapa Almasih kedah nandang sangsara engkang awrat ing sedanipun? Wonten punapa Allah ngendelaken manungsa mejahi penebus suci engkang dipun utus?

Pangandikanipun Gusti paring jawaban dateng kita. Penting sanget artosipun bilih penebus seda wonten ing kasangsaranipun kanti sanget. Supados kalih mekaten saged nggantosaken panggenan kita nampi paukuman saking Allah. Sedherek...pituwasipun dosa punika pati saha paukuman langgeng wonten neraka, dados sanget ageng artosipun Almasih ngraosaken siksaan neraka engkang kedahipun kita tampi karena dosa. Gusti ing katresnanipun sampun ngrancangaken kangge ngutus setunggaling penebus enkang suci, saengga kanti mekaten, awit pilihanipun piyambak, penjenenganipun, "*seda kangge sedaya tiyang*". Kanti cara mekaten Allah saged mbikak setunggaling margi pangapunteing dosa lan margining pigesangan langgeng kangge keturunan Adam. Almasih engkang mbayar ganjaran karena dosa-dosa kita. Sedanipun Almasih engkang mboten lepat punika alasan kangge Allah Engkang maha Leres saged ngakimi sedaya tiyang engkang pitados dateng Almasih dados tiyang leres.

Punapa engkang dipunserat Daud perkawis sedanipun Almasih leres-leres ngeramaken. Cobi dipunpenggalih! 1000 tahun sakderengipun Almasih wios, Daud sampun nyerat kadospundi Almasih badhe sangsara ing nginggil kayu salib panggenan Penjenenganipun dipaku. Seda wonten saknginggiling kayu salib punika mekaten awrat lan punika budayanipun bangsa Romawi. Wekdal Daud nyerat perkawis penyaliban wonten Zaburipun, bangsa Romawi dereng wonten lan mboten wonten setunggal tiyang ing wekdal wau mangertos paukuman pati kados punika, njihpunika kalih penyaliban kalih maku tiyang teng salib. Nanging Allah sampun ngilhami Daud kangge nulisaken Zabur engkang isinipun perkawis sedanipun Almasih ing kajeng salib, saengga kita saged yakin bilih sedanipun Almasih ing kajeng salib punika rencana Allah kangge milujengaken kita saking paukuman dosa.

Keleresan punika mekaten jelas, ananging ngantos sakmangkah taksih wonten tiyang engkang nentang perkawis sedanipun Almasih wonten kajeng salib, kanti wicanten, "*Allah ora mungkin ngejarake Almasih seda kanti cara sing ngisinake.*" Punika dipun lampahi karena tiyang-tiyang wau mboten peduli seratan para nabi saha kalih rencana Allah kangge milujengaken tiyang dosa.

Sakmangkih, sumonggo kita tingali punapa engkang diserat Daud wekdal sedanipun Almasih ing nginggilipun salib. Daud paring mangertos bilih saksampunipun Almasih dipun salib, Penjenenganipun dinyek, dados tontonan lan tiyang-tiyang badhe mbucal undi kangge rasukaniPun. Punika persis engkang kaserat wonten Injil, *“Wong-wong sing padha liwat ing kono, padha ngala-ala Panjenengane, padha gedheg-gedheg karo muni: “Heh, kowe, sing arep mbubrah Padaleman Suci lan mbangun maneh sajroning telung dina, coba awakmu dhewe luwarana. Manawa kowe Putraning Allah, mudhuna saka ing salib!”*

Seratan Daud ugi sampun nyariosaken rumiyin bilih Almasih badhe ngraosaken ngelak saha sangsara mboten namung ing raganipun, ananging ugi ing lebet manah saha rohiPun. Pramila Penjenenganipun nyuwanten sora, *“Duh Allah Kawula, Allah Kawula, punapaa dene Kawula Paduka tegakaken?”*

Allah punika suci lan mboten toleran kalian dosa, Pramila Allah nyangkali Almasih engkang kasalib karena Allah nanggelaken Almasih ganjaran kangge sedaya dosa kita. Kitab Suci ngendikan, *“Panjenengane kang ora tepang karo dosa wus kadosakake marga saka kita, supaya ana ing Panjenengane kita kabenerake dening Gusti Allah.”*

Pinuji asmanipun Allah, wonten setunggal malih ditingali dening Daud wonten Zabur 16 engkang sanget dados kabar kabingahan. Daud nyerat, *“Paduka boten masrahaken kawula dhateng ing teleng palimengan; Paduka boten marengaken manawi kekasih Paduka ngantos sumerep kluwat. Paduka ingkang nedahaken margining gesang dhateng kawula”* Kanti cara punika Daud sampun wicanten bilih Allah sampun ngrancangaken kangge munguaken Almasih saking kubur supados sinten mawon,” engkang pitados Penjenenganipun saged gesang wonten Ngarsanipun Allah selaminye. Mekaten ugi Injil ngendikan, *“Almasih seda kangge dosa-dosa kita.....Penjenenganipun disarekaken, lajeng ing tigang dintenipun diwunguakaen.”*

Daud ugi sampun langkung rumiyin wicanten bilih saksampunipun Almasih kawungukaken, Allah badhe ngangkat Penjenenganipun dateng suwargi saha ngengken Penjenenganipun pinarak wonten sisih tengeniPun, ngantos wekdalipun rawuh malih kangge ngakimin manungsa wonten dunya. Zabur 110 ngendikan, *‘Pangandikanipun Pangeran Yehuwah dhateng Gusti kawula makaten: “Sira lenggaha ana ing tengeningSun, nganti tumeka mungsuhira wus padha Sundadekake ancik-anciking tlapakanira.”* Lajeng pungkasan pasal 22 Daud nyerat, *“Poncot-poncoting bumi bakal eling marang iku lan banjur mratobat marang Sang Yehuwah; Para bangsa turun-tumurun badhe sami sujud nyembah wonten ing ngarsa Paduka. Para tedhak-turune padha ngabekti marang Panjenengane, sarta martakake bab Sang Yehuwah marang para turune. Iku kabeh bakal padha martakake*

kaadilane marang bangsa kang mengko bakal lair, marga iku wus katindakake dening Panjenengane.”

Dados cetho sanget bilih Almasih badhe seda kangge gantos sedaya tiyang dosa. Penjenenganipun badhe nggenepi sedaya engkang Allah janjikaken dateng Adam Hawa babagan penebus engkang badhe nylametaken sedaya keturunanipun saking ganjaran dosa. Almasih badhe seda dados kurban pungkasan. Kalih seda ing kajeng salib, Almasih badhe nggenepi lambing pangorbanan kewan engkang disuwun Allah saking tiyang dosa ing jaman sakderengipun. Kados cempe engkang pejah nggantosaken anak Ibrahim, Penebus badhe seda dados kurban sampurna saha pungkasan kangge sedaya tiyang selaminye. Punika sebabipun sakderengipun Almasih seda, Penjenenganipun ngendikan, *“wis rampung”*.

Dados 1000 taun sakderengipun Almasih rawuh, Daud sampun langkung rumiyin mangertos bilih tiyang dosa badhe maku asta saha sukunipun. Penjenenganipun sampun seda kangge sedaya tiyang, soksinten mawon engkang pitados mboten badhe nemahi pati ananging pikantuk gesang langgeng. Sedaya wau Almasih tindakaken karana Penjenenganipun tresna dateng kita. Sedherek pamireng, punapa wonten raos panuwun kanti nguluhuraken Allah ing manah, awit Penjenenganipun sampun ngutus Almasih kangge milujengaken sedherek saking dosa? Kitab suci ngendikan, *“Panjenengane piyambak wis ngrebat dosa kita ing sarirane ana ing kayu salib, supaya kita sawise mati pisah saka dosa, padha urip cumadhang ing kayekten. Marga saka bilur-bilure kowe wus padha rahayu. Almasih kang wus kaulungake awit saka panerak kita, sarta kawungokake awit saka anggon kita padha kabenerake. supaya saben wong kang pracaya marang Panjenengane aja nganti nemu karusakan, nanging nduwenana urip langgeng.”*

Mugi Gusti paring pangertosan engkang jelas dateng sedherek wonten ing pelajaran punika. Matursuwun sampun mirengaken siaran punika. Pepanggihan ngajeng kita badhe nglajengaken ing Seratan Para Nabi ing carios Sulaiman anak Daud.

Gusti paring berkah wekdal sedherek menggalihaken punapa Allah ngilhami Daud nyerat, *“tiyang dosa nglobangi tangan lan sikilku.”*

Menawi sedherek wonten pitakenan babagan pelajaran punika, saged ngubungi kawulo ing no 081333777386 saged SMS ugi WA. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 52

Nabi Sulaiman

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Menawi Allah ngentingal dateng sedherek saha ngendikan, **“nyuwuna apa wae sing kokkarepke lan Ingsun bakal menehi marang kowe”** punapa engkang sedherek suwun? Nyuswa Panjang, banda kathah, pangkat drajat punapa perkawis sanes? Ing setunggaling dinten Allah ngetingal dateng Sulaeman anak Daud ing ngimpi saha ngendikan, *“nyuwuna apa wae sing kok karepke, Ingsun wenehi.”* Sedherek mangertos, punapa engkang disuwun Sulaeman?

Wonten 6 pelajaran pungkasan, kita sampun sesarengan ningali pigesangan nabi Daud, kanti maos nyanyian engkang diserat wonten ing Zabur. Ing mrika kita ningali Daud ngramal bilih “anak-anak Adam badhe mejahi Almasih kanti maku asta saha sukunipun. Daud ugi wicanten langkung rumiyin bilih Allah badhe mungukaken Almasih saking antawis tiyang pejah. Dinten sakmangkih kita badhe mireng carios Sulaeman anakipun Daud. Wonten buku sepindah kitab Raja-raja 2 ngendikan mekaten,

“Nalika wektu sedane Dawud wus cedhak, panjenengane paring piweling marang Suleman, putrane: “Aku iki bakal lunga ngliwati dalane samubarang kabeh kang ora langgeng, mulane atimu disantosa lan tumindaka kaya wong lanang. Sawuse mangkono Dawud banjur ngaso nunggil kalawan para leluhure, nuli kasarekake ana ing kuthane Dawud. Anadene Dawud anggone ngratoni Israel lawase patang puluh taun; ana ing Hebron anggone jumeneng pitung taun lan ana ing Yerusalem, jumenenge telung puluh telu taun. Lan Suleman ngatingalake sih-sutresnane marang Yehuwah kalawan netepi pranatan-pranatanane Dawud, kang ramane; mung bae panjenengane isih caos kurban

sembelehan lan kekutug ana ing tetengger pangurbanan. Suleman banjur munjuk: “Paduka ingkang sampun ngatingalaken sih-kadarman ingkang ageng dhumateng abdi Paduka Dawud, rama kawula, amargi sugengipun wonten ing ngarsa Paduka kalayan setya, leres lan jujur, sarta Paduka sampun nglestantunaken sih-kadarman ingkang ageng punika dhumateng rama, Paduka paringi anak ingkang linggih ing dhamparipun kados ingkang kalampahan ing dinten punika. Milanipun Paduka mugè karsaa maringi dhumateng abdi Paduka manah ingkang saged nenimbang prakawis supados saged ngakimi umat Paduka kalayan saged mbedakaken punapa ingkang sae lan ingkang awon, awit sinten ta ingkang sagah ngakimi umat Paduka ingkang ageng sanget punika?” Panyuwune Suleman kang kaya mangkono iku tinemu becik ana ing ngarsane Yehuwah. Mulane Gusti Allah nuli ngandika marang panjenengane: “Ing sarehne iku kang dadi panyuwunira lan ora nyuwun umur dawa utawa kasugihan apa nyawaning mungsuhira, nanging kalimpadan aweh putusan ing sajroning pangadilan, mulane lah Ingsun bakal nindakake kang laras karo panyuwunira iku, lah Ingsun maringi marang sira ati kang kebak kawicaksanan lan kalimpadan, nganti sadurunge sira ora ana wong siji-sijia kang kaya sira, lan sawuse sira ora bakal ana wong siji-sijia kang kaya sira. Sarta kang ora sira suwun iya Sunparingake, yaiku kasugihan lan kaluhuran, satemah sajege uripira ora bakal ana wong siji-sijia kang kaya sira ing antarane para raja. Lan manawa lakunira metu ing dalam kang Suntedahake lan lestari manut sakehing katetepan lan parentahingSun, padha kaya ramanira Dawud, Ingsun bakal paring tambahing umurira.”

Sabanjure Gusti Allah paring kawicaksanan lan kalimpadan kang linuwih marang Suleman, sarta akal budi kang jembare kaya pasir wedhi ing pinggire sagara, nganti kawicaksanane Suleman iku ngungkuli kawicaksanane sakehe wong wetanan lan ngluwihi sakehe kawicaksanane wong Mesir. Kawicaksanane ngungkuli wong kabeh, ngungkuli Etan, wong ing Ezrahi, ngungkuli Heman, Kalkol lan Darda, anak-anake Mahol, mulane asmane kondhang ana ing antarane sakehing bangsa ing sakubenge. Panjenengane nganggit bebaskan telung ewu, lan kidungan sewu lima. Panjenengane nggubah kedadungan bab wit-witan, wiyit wit eres ing pagunungan Libanon nganti wit Hisop kang thukul ing tembok. Panjenengane uga ngandika bab kewan-kewan lan manuk-manuk tuwin bab kewan kang rumangkang sarta bab iwak-iwak. Wong-wong saka sakehing bangsa padha sowan ngrungokake bab kawicaksanane Suleman, lan padha paring bulubekti.

Saklajengipun Kitab Suci nyatet wonten setunggaling ratu engkang naminipun ratu Syeba engkang kesah dateng Yerusalem karena mireng kawicaksanan saha kasugihanipun Sulaeman.

Pasal 10 Kitab Suci ngendikan mekaten,

“Nalika ratu ing nagara Syeba mireng pawarta bab Suleman gandheng karo asmane Sang Yehuwah, panjenengane banjur rawuh arep nguji kalawan cangkriman. Rawuhe ing Yerusalem kadherekake

ing wadya-bala kang gedhe banget, kalawan unta kang padha diemoti bumbu-bumbu, emas akeh tuwin sesotya kang larang-larang. Bareng wus rawuh ana ing ngarsane Suleman banjur ngaturake isining panggalihe kabeh. Dene Suleman nyaosi wangsulan tumrap sakehe pandangune ratu mau; tumrap Suleman ora ana prakara kang samar, kang nganti ora bisa kawangsulan. Nalika ratu ing nagara Syeba nguningani sakehing kawicaksanane Prabu Suleman lan padaleman kang wus kayasa, dhaharan ing mejane, patrap anggone para abdine padha lungguh ngadhep, patrap anggone para peladen padha leladi lan anggone padha manganggo, pangunjukane tuwin kurban obaran kang saben-saben kacaosake ana ing padalemaning Pangeran Yehuwah, Sang Ratu banget erame. Banjur matur marang Sang Prabu: "Pancen saestu leres pawartos ingkang kula pireng wonten ing nagari kula bab panjenengan tuwin bab kawicaksanan panjenengan, nanging kula boten pitados dhateng pitembungan-pitembungan punika, ngantos kula lajeng mriki saha nyumerepi piyambak; sayektos sapalihipun kemawon dereng wonten ingkang kawartosaken dhateng kula; ing bab kawicaksanan tuwin karaharjan panjenengan nglangkungi kabar ingkang kula pireng. Begja para garwa panjenengan punika, begja para abdi panjenengan ingkang tansah ngladosi panjenengan lan nyumerepi kawicaksanan panjenengan! Pinujia Pangeran Yehuwah, Gusti Allah panjenengan, ingkang sampun karenan dhumateng panjenengan, satemah lajeng nglenggahaken panjenengan ing dhamparing karajan Israel! Sarehne Pangeran Yehuwah asih dhateng tiyang Israel ing salami-laminipun, mila nunten njumenengaken panjenengan dados ratu supados nindakaken kaadilan saha kaleresan."

Dumugi mriki kita mandeg dinten sakmangkih. Kadospundimawon pangandikanipun Allah perkawis ratu Syeba dereng rampung. Antawis 1000 taun saksampunipun wekdal wau, Almasih ngendikan perkawis ratu Syeba saha Sulaeman, *"Besuk ing wektu pangadilan, Ratu saka ing tanah kidul bakal kawungokake bareng karo jinis iki lan bakal ngadili jinis iki, awit rawuhe saka pungakasaning bumi, banjur mirengake bab kawicaksanane Suleman, lah mangka ing kene ana kang ngungkuli Suleman."*

Punapa sedherek mangertos maksud pangandikanipun Almasih wau? Penjenenganipun ngendikan. Ratu Syeba engkang nyelidiki kawicaksananipun Salomo badhe ngadili sedaya tiyang engkang nolak kangge nyelidiki kamulyanipun Almasih. Ratu Syeba wonten ing sedayanipun nyelidiki kangge ningali kamulyan saha mindangetaken kawicaksanan Sulaeman, malah jarak engkang tebih mboten ngalang-alangi niatipun.

Wonten pelajaran penting kangge kita sedaya. Almasih engkang rawuh saking suwargi nglangkungi Sulaeman wonten ing kamulyan, kawicaksanan saha wonten kuwaosipun, ananging sebagian ageng anak Adam mboten mangertos kamulyanipun. Punika sebabipun Almasih ngendikan,

“Besuk ing wektu pangadilan, Ratu saka ing tanah kidul bakal kawungokake bareng karo jinis iki lan bakal ngadili jinis iki, awit rawuhe saka pungkasaning bumi, banjur mirengake bab kawicaksanane Suleman, lah mangka ing kene ana kang ngungkuli Suleman.”

Kadospundi kalih sedherek sami, punapa mangertos kamulyanipun Almasih engkang diutus Allah? Punapa sedherek namung nganggep Penjenenganipun sami kados para nabi? Sedherek emut artosipun Almasih? Almasih punika tiyang engkang dipun jebatani Allah kangge dados juruwilujeng saha hakimipun dunya. Ananging ngantos sakmangkih sebagian ageng leleh luweh dateng Almasih. Mboten sami mangertos sajatosipun Almasih, karena mboten purun nyinaui kitab para nabi perkawis Penjenenganipun.

Sakderengipun pepisahan, sedherek perlu mangertos bilih Sulaeman nyerat 3 buku engkang endah ing kitab Suci, njihpunika Amsal, Pengkotbah saha Kidung Agung. Kados Dawud, Solaeman ugi nyerat nyanyian wonten Zabur. Kangge mungkasi pepanggihan dinten punika, kita badhe maos Zabur 72 seratanipun Solaeman perkawis Almasih,

Sulaeman mangertos langkung rumiyin, bilih sedaya bangsa badhe sumujud dateng Almasih, Rajaning raja saha hakimipun dunya. Mestnipun Allah nersakaken kita tumungkul wonten ngarsanipun Sang Raja dinten sakmangkih! Kadospundi kalih sedherek? Punapa leres-leres kangen Allah? Punapa sedherek mangertos kamulyan saha otoritas Almasih engkang dipun utus Allah? Punapa sedherek nganggep Almasih salah setunggaling para nabi? Wekdal sedherek neliti seratan para nabi, sedherek badhe nemukaken bilih Almasih punika Juruwilujeng dunya. Sedaya para nabi paring kesaksian saben tiyang engkang pitados ka Penjenenganipun badhe nampi pangapuraning dosa karena Asmanipun.

Maturnuwun sampun sesarengan kawulo ing siaran punika. Allah paring berkah wekdal sedherek menggalihaken, *“Besuk ing wektu pangadilan, Ratu saka ing tanah kidul bakal kawungokake bareng karo jinis iki lan bakal ngadili jinis iki, awit rawuhe saka pungkasaning bumi, banjur mirengake bab kawicaksanane Suleman, lah mangka ing kene ana kang ngungkuli Suleman.”*

Menawi sedherek wonten pitakenan perkawis pelajaran sakmangkih saged ngubungi kawulo ing no 081333777386. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 53

Nabi Eliya

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Wonten pelajaran pungkasan kita ningali Allah paring kawaciksan dateng Sulaeman. Ing pemerintahanipun, Yerusalem dados kitha engkang paling sae mekaten ugi bangunan Pedaleman Allah linangkung sae.

Ing pasal 11 nyariosaken bilih Pangandikanipun Gusti engkang suci mboten ngumpetaken dosa para nabi, mekaten pangandikanipun *“nalika Suleman wus sepuh, para garwane padha ngenggokake panggalihe supaya ngabekti marang allah-allah liyane, satemah banjur wus ora meleng anggone rumaket marang Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe, kaya Dawud, kang rama. nalika iku Prabu Suleman ngedegake tengger pangurbanan ana ing sawetane Yerusalem, Mangkono uga panjenengane iya nindakake iku kanggo para garwane kabeh, putri-putri ngamanca, kang padha caos kurban arum-arum lan kurban sembelehan marang para allahe. Marga saka iku Sang Yehuwah banjur duka marang Suleman, awit panggalihe wus nyimpang saka Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe Israel, kang wus kaping pindhho ngatingal marang panjenengan.*

Saksampunipun Sulaeman sedha, Israel pecah dados 2 persis kalih Pangandikanipun Allah dateng Sulaeman, njihpunika Israel engkang wonten 10 suku manggen wonten sisih ler lan Yehuda engkang kabentuk saking 2 suku saha manggen wonten sisih kidul. Yehuda punika sukunipun raja Daud engkang nglangkungi keturunanipun Allah janji badhe mios Almasih.

Kitab suci nedahaken bilih saking kalih kerajaan wau kathah nggadahi raja, ananging raja-raja Israel saha Yehuda kathah pemimpin engkang jahat saha nyingkur Gusti kanti ndherek agami bangsa ing

sekitaripun. Ing antawisipun para raja wau, wonten raja Israel engkang sanget jahatipun, Ahab naminipun. Kitab suci ngendikan, *“Ahab putrane Prabu Omri iku tansah nindakake apa kang ala ana ing paningaling Sang Yehuwah, ngluwihi sakabehe kang padha ngrumiyini. Banjur mundhut garwa Izebel, sing jahat watake lan yasa misbyah kanggo Baal ana ing papan pamujaning Baal, kang kaadegake ana ing Samaria”*. Allah duka karena Ahab mimpin tiyang Israel ndherek agami palsu engkang manambah dateng Baal.

Wekdal wau wonten nabi Allah engkang setio Elia naminipun. Lajeng kedadosan ketiga antawis 3 ½ taun, engkang nyebabaken paceklik ageng. Kitab suci nyariosaken mekaten, .

“Sawuse antara suwe, ing taun kang katelu ana pangandikane Pangeran Yehuwah marang Elia mangkene: “Sira mangkata, ngatona marang Akhab, sabab Ingsun bakal paring udan ana ing bumi.” Elia nuli tindak ngatingalake sarirane marang Akhab. Anadene pailan kang tumempuh marang Samaria iku abot banget. Bareng Akhab mirsa Elia, enggal tumuli ngandika marang panjenengane: “Kowe ta iku, heh wong kang gawe cilakaning Israe Elia mangsuli unjoke: “Sanes kawula ingkang damel cilakaning Israel, nanging panjenengan saha kulawarga, sabab panjenengan sampun sami nilar dhawuh-dhawhipun Pangeran Yehuwah saha panjenengan punika sampun ngetut wingking para Baal. Awit saking punika panjenengan mug i karsaa nglempakaken tiyang Israel sadaya wonten ing redi Karmel, ugi para nabining Baal ingkang cacahipun sekawan atus seket punika saha para nabinipun Asyera ingkang cacahipun sekawan atus punika, ingkang sami kaparingan tedha saking ing mejaning kratonipun Izebel.”

Akhab tumuli utusan menyang ing sawewengkon ing Israel kabeh kadhawuhan nglumpukake nabi-nabi iku menyang ing gunung Karmel. Elia banjur nyelaki rakyat kabeh lan ngandika: “Isih pira suwene anggonmu padha laku dhengkling lan mangro tinggal iku? Manawa Pangeran Yehuwah iku Gusti Allah, iku etut burinen, dene manawa Baal, iku etut burinen.” Nanging rakyat ora ngaturi wangsulan sanadyan mung sakecap bae. Elia banjur ngandika marang rakyat iku: “Mung kari aku dhewe kang dadi nabining Pangeran Yehuwah, mangka nabine Baal iku cacache patang atus seket. Nanging, coba aku padha wenehana sapi lanang loro; nabi-nabi iku cikben milih siji, supaya dipurak lan ditumpangake ing kayune, nanging aja digeneni. Aku iya bakal nyawisake sapi sijine lan banjur daktumpangake ing kayune sarta uga ora dakgeneni. Sawuse mangkono kowe padha nyebut jenenge allahmu, dene aku uga bakal nyebut asmane Pangeran Yehuwah. Anadene allah kang paring wangsulan sarana geni, yaiku kang jumeneng Gusti Allah!” Rakyat kabeh padha mangsuli, ature: “Inggih prayogi makaten!” Elia nuli ngandika marang para nabine Baal: “Padha milih sapi siji lan padha cecawisa dhisik, amarga cacahmu iki akeh. Sawuse mangkono banjur padha nyebut jenenge allahmu, nanging kowe ora kena ndokoki geni.” Wong-wong mau tumuli njupuk sapi kang

diwenehake tuwin padha cecawis sarta banjur nyebut jenenge Baal wiwit esuk tumeka wayah tengange, tembunge: “Dhuh Baal, mugi karsaa paring wangsulan dhumateng kawula sadaya!” Nanging ora ana swara, ora ana kang mangsuli. Ing kono para nabi mau nuli padha jingklak-jingklak ngubengi misbyah kang digawe dening wong-wong mau. Bareng wayah tengange Elia wiwit moyoki wong-wong iku, pangandikane: “Anggonmu nyebut sing seru, iku rak allah ta? Bokmanawa lagi ngalamun, bokmanawa lagi ana urusan seje, bokmanawa lagi lelungan; ayake lagi turu, durung tangi.” Mulane wong-wong mau saya seru anggone padha nyebut sarta padha natoni awake kalawan pedhang lan tumbak kaya kang wus dadi adate, satemah getihe dhleweran saka ing awake. Bareng wus kliwat wayah tengange, ngarepake wayahe nyaosake kurban sore, polahe kaya wong kang padha kepanjangan, nanging ora ana swara, ora ana kang mangsuli, ora ana tandha yen kagatekake. Elia banjur ngandika marang rakyat kabeh: “Padha nyedhaka aku mrene!” Rakyat kabeh nuli padha nyedhaki panjenengane. Nabi Elia banjur mbenakake misbyahe Pangeran Yehuwah kang wus kabubrah. Sawuse iku nuli mundhut watu rolas, miturut cacache taler tedhake Yakub. — Yakub iku wus kaparingan pangandika dening Sang Yehuwah: “Sira bakal ajeneng Israel.” — Watu-watu mau kadamel misbyah demi asmaning Sang Yehuwah, ing sakubenge misbyah diparingi kalenan kang kena diiseni winih rong sukat. Elia banjur numpuk kayu-bong, sapine kapurak lan purakane katumpangake ing kayu mau. Sawuse iku tumuli ngandika: “Njupuka banyu patang jun, esokna ing kurban obaran lan ing kayu-bong iku!” banjur ngandika maneh: “Pindhonana!” Banjur iya dipindhoni. Nuli ngandika maneh: “Ping telonana!” Banjur diping-teloni, nganti banyune mili ing sakubenge misbyah, malah kalenane nganti kebak banyu. Bareng wus wayahe nyaosake kurban sore, Elia banjur majeng lan munjuk: “Dhuh Yehuwah, Gusti Allahipun Rama Abraham, Iskak saha Israel, ing dinten punika mugi kasumerepana dening tiyang, bilih Paduka punika Gusti Allah wonten ing satengahing Israel saha bilih kawula punika abdi Paduka punapa dene bilih anggen kawula nindakaken prakawis punika sadaya punika awit saking pangandika Paduka. Paduka mugi karsaa paring wangsulan dhumateng kawula, dhuh Yehuwah, mugi karsaa paring wangsulan dhumateng kawula, supados bangsa punika nyumerepana, bilih Paduka punika Gusti Allah, dhuh Yehuwah, saha bilih Paduka ingkang damel mratobating manahipun.” Ing kono genining Sang Yehuwah banjur tumurun lan nyamber kurban obaran, kayu-bong, watu lan lemahe nganti entek gusis, malah banyu ing kalenane uga asat kadilat ing geni mau. Nalika rakyat kabeh ndeleng kadadean iku, tumuli padha sujud sarta ngucap: “Pangeran Yehuwah, Panjenengane iku Gusti Allah! Pangeran Yehuwah, Panjenengane iku Gusti Allah!” Elia tumuli ngandika marang wong kabeh: “Cekelen nabi-nabi Baal iku, siji bae aja nganti ana kang bisa oncat.” Bareng wus padha dicekel, banjur dibekta dening Elia menyang ing kali Kison sarta kabeleh ana ing kono. Sawuse mangkono Elia nuli matur marang Akhab: “Kawula aturi tindak, dhahar saha ngunjuk, awit kumrasaking jawah sampun kepireng.”

Akhab banjur tindak tuwin dhahar lan ngunjuk. Nanging Elia minggah ing pucaking gunung Karmel, banjur jengkeng ing lemah, pasuryane kaapit ing jengkune. Sawuse iku nuli ngandika marang abdine: "Munggaha, ndelenga ing sagara." Abdine mau banjur munggah, ngungkap banjur matur: "Boten wonten punapa-punapa." Pangandikane Elia: "Mangkata maneh." Mangkono nganti rambah kaping pitu. Bareng kaping pitune, abdine mau matur: "Lah wonten mega alit, agengipun saepkepepek, ingkang medal saking saganten." Elia nuli ngandika: "Mangkata, matura marang Akhab: Paduka karsaa ngrakit kareta titihan dalem saha kawula aturi tindak tumedhak, supados sampun ngantos kebetheng ing jawah." Kacarita ing sakedhap netra langit banjur dadi peteng marga saka mendhung kanthi prahara, tumuli udan deres. Akhab banjur nitih kreta lan tindak menyang ing Yizreel.

Carios engkang ngeramaken. Penting kita catet wicantenipun Elia wekdal nantang 450 nabi Baal, "Isih pira suwene anggonmu padha laku dhengkling lan mangro tinggal iku? Manawa Pangeran Yehuwah iku Gusti Allah, iku etut burinen, dene manawa Baal, iku etut burinen."

Wekdal wiwitan tiyang Israel mboten nganggep wicantenipun Elia, nanging wekdal ningali Allah njawab doa Elia kalih ngandapaken latu saking langit ing nginggilipun Mesbah, sedaya tiyang wau tumungkul kanti wicanten, "Pangeran kuwi Allah, Pangeran kuwi Allah temenan!"

Kadospundi jawaban sedherek menawi Elia tangklet, **"nganti kapan atimu rangkep mengkono? Sedherek mboten saged nyampur peladosan dateng Allah kalih peladosan agami engkang kosong.**

Maturnuwun sampun kalih kawula ing siaran punika. Pepanggihan ngajeng kita badhe sinau setunggaling nabi engkang nginep 3 dinten wonten wetenge iwak. Menawi wonten pitakenan sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386. SMS ugi WA. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 54

Nabi Yunus

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Dinten punika kita badhe ningali pigesangan nabi sanes saksampunipun Elia. Nglangkungi nabi punika, kita badhe ningali kadospundi Allah ngersakaken sedaya manungsa saged kaslametaken saking kabinasan. Punika carios Yunus engkang kapilih Allah supados kesah saha martosaken Injil dateng setunggaling bangsa mengsahipun Israel.

Kitab Yunus ngendikan mekaten, *“dhawuhe Pangeran Yehuwah marang Yunus bin Amitai, mangkene: “Sira mangkata, paranana kutha gedhe Niniwe lan ngundhangna pameleh marang nagara iku, awit durakane wus sumengka tekan ing ngarsaningSun.”*

Dawuh Allah mekaten jelas, supados kesah Yunus ngemutaken penduduk Niniwe mratobat saking dosa-dosanipun, sanajan punika mengsahipun Israel. Wontenpunapa Gusti mekaten? Awit sanajan Allah sengit kalih dosa, mboten ateges Gusti remen mbinasaaken tiyang dosa. Artosipun, Allah mboten rena, wekdal kedah ngukum manungsa engkang dosa, termasuk ugi penduduk Niniwe. Allah ngersakaken sedaya manungsa mratobat saha pitados kalih Pangandikanipun saengga kawilujengaken. Punika alasan Gusti ngutus Yunus teng Niniwe, ngemutaken tiyang Niniwe supados mratobat dateng Allah.

Nanging sedherek, Yunus mboten purun kesah lan ngemutaken mengsah bangsanipun. Gusti ngersakaken tiyang Niniwe saged kawilujengaken saking dukaNipun, nanging Yunus pengin Allah musnahaken. Dados Yunus nolak dawhipun Allah, lan kesah nebih saking Ngarsanipun. Punapa saged manungsa nebih saking Gusti?

Monggo kita lajengaken maos kitab Suci, " Nanging Yunus banjur tata-tata arep mlajeng menyang Tarsis adoh saka ing pangayunane Pangeran Yehuwah; nuli tindak menyang ing Yafo; ing kono ana kapal, kang arep mangkat menyang Tarsis; sawuse mbayar wragadinng laku, banjur minggah ing prau, bebarengan karo wong-wong kang menyang Tarsis, adoh saka ing pangayunane Sang Yehuwah. Nanging Pangeran Yehuwah ndhatengake prahara ana ing sagara, temah ing sagara kono banjur ana prahara gedhe, praune nganti meh-meh bae pecah ambyar. Para awak-awaking prau padha kataman giris, kabeh padha sesambat marang allah dhewe-dhewe, sarta momotan kang ana ing prau padha dibuwangi ing sagara supaya praune dadi entheng. Nanging Yunus iku wus mandhap menyang ing peranganing prau kang ngisor dhewe lan banjur sarean, wasana sare kepatos. Panggedhening prau tumuli marani Yunus, pangucap: "Kadospundi sampeyan punika, dene kok saged tilem kepatos makaten? Sumangga sampeyan tangi, lajeng nyebut dhateng Allah sampeyan, bokmanawi Allah punika karsa ngengeti dhateng kita, temah boten ngantos manggih bilai." Para wong isine prau banjur padha sapocapan mangkene: "Payo padha mbuwang undhi, supaya tetelaa sapa kang njalari kita katempuh ing bilai mangkene iki." Tumuli iya kelakon mbuwang undhi, lan Yunus kang kena. Ing kono pangucap wong akeh marang Yunus: "Sumangga kula sampeyan sukani sumerep, sinten ingkang njalari kula sami kadhatengan bilai makaten punika? Padamelan sampeyan punapa lan asal sampeyan saking pundi, ing pundi nagari sampeyan, sarta bangsa punapa sampeyan punika?" Wangsulane Yunus: "Kula tiyang Ibrani, kula ngabekti dhateng Pangeran Yehuwah, Gusti Allah ingkag kagungan langit, ingkang sampun nitahaken saganten lan dharatan." Wong kabeh dadine padha wedi banget, sarta banjur celathu marang Yunus: "Sampeyan kok nglampahi makaten?" Anggone ngucap mangkono iku marga wus ngreti, yen Yunus iku lolos ngedohi pangayunane Sang Yehuwah; awit wus padha dicritani mangkono. Karodene pitakone marang Yunus: "Sampeyan kula punapakaken, supados saganten saged lerem saha boten nempuh dhateng kula sadaya malih, awit sagantenipun saya ageng ombakipun." Wangsulane Yunus: "Kula sampeyan angkat, kacemplungna ing saganten, temah saganten temtu lajeng lerem saha boten nempuh dhateng sampeyan sadaya malih. Margi kula ngretos, anggen sampeyan katempuh ing prahara ageng punika, margi saking kula." Yunus tumuli diangkat, kacemplungake ing sagara, sagara banjur sirep ora ngamuk maneh. Awit saka kang mangkono iku wong-wong mau dadi banget wedine marang Sang Yehuwah, sarta padha nyaosake kurban sembelehan konjuk marang Sang Yehuwah, sarta nglairake punagi. Kacarita marga saka panuntuning Yehuwah nuli ana iwak gedhe kang teka lan nguntal marang Yunus, Yunus ana ing sajroning wetenge iwak mau lawase telung dina telung bengi.

Kita mandeg rumiyin ing mriki.....wekdal sakmangkih Allah nembe ngoyak Yunus engkang kesah. Yunus panci saged kesah, ananging mboten saged lolos saking Astanipun Allah. Punapa Allah ngoyak

Yunus? Punapa kangge ngukum? Allah ngoyak Yunus, karena Penjenenganipun taksih paring kesempatan Yunus kangge nindakaken Pikajenganipun. Allah ngoyak Yunus karena katresananiPun.

Wonten pasal 3, nyariosaken mekaten,

*“ Yunus banjur kapangandikanaan dening Pangeran Yehuwah kang kaping pindhone: “Mangkata, menyanga ing Niniwe, kutha kang gedhe iku lan ngandhakna marang kutha iku, pangandika kang bakal Sunparingake marang sira.” Yunus tumuli tata-tata lan banjur mangkat menyang ing Niniwe, cundhuk karo pangandikane Gusti Allah. Yunus tumuli lumebet ing kutha kono, banjur nguwuh-uwuh: “Kurang patang puluh dina, Niniwe mesthi bakal kagempur.” Wong Niniwe iku padha ngandel marang Gusti Allah, mulane tumuli padha pasa lan manganggo bagor, wiwit kang diwasa tumeka bocah-bocah. Bareng kapiyarsa dening Raja ing Niniwe, panjenengane tumuli tedhak saka ing dhampar, ngrucat pangagemaning kaprabon, sarta mangagem bagor tuwin banjur lenggah nglosod ing awu. Saka dhawuhe raja lan para panggedhene, banjur kadhawuhake ana ing Niniwe mangkene: “Manungsa lan sato-kewan, iya sapi lan wedhus, aja ana kang mangan apa-apa, aja ana kang diengon, sarta aja ana kang ngombe banyu. Manungsa lan sato-kewan kudu padha manganggo bagor, sarta banjur padha sambat marang Gusti Allah, karo siji-sijine padha mratobata, ninggala pokale kang ala lan mbuwanga tindak panganiaya kang dilakoni. Sapa ngreti, mbokmanawa Gusti Allah banjur santun panggalihe sarta apiduwung tuwin karsa nyirep bebendune kang mulad-mulad iku, satemah kita ora sida katumpes.” **Bareng Gusti Allah ngudaneni apa kang dilakoni wong-wong mau, yaiku anggone padha mratobat ninggal lakune kang ala, Gusti Allah banjur apiduwung ing bab anggone ngrancang arep ndhawuhake bilai marang wong-wong mau, nuli iku diwurungake.***

Monggo kita tingali perkawis penting punika, “Wong Niniwe iku padha ngandel marang Gusti Allah” mratobat dateng Allah, saengga Allah paring sihpiwelas. Nanging Yunus mboten remen kalih kasuyatan punika.

Wonten pasal 4, nyariosaken mekaten, “Lelakon kang kaya mangkono iku ndadekake pegeling panggalihe Yunus, banjur tuwuh dukane. Tumuli ndedonga marang Pangeran Yehuwah, unjuke: “Dhuh Yehuwah, rak sampun makaten pangraos kawula, nalika kawula taksih wonten ing nagari kawula? Inggih punika sababipun, kawula nunten lumajeng dhateng Tarsis; awitdene kawula sumerep, bilih Paduka punika Gusti Allah ingkang asih-mirma tuwin welasan, ingkang ageng kasabaranipun, ingkang luber kadarmanipun saha ingkang apiduwung ing ngatasipun bilai ingkang badhe kadhawahaken. Inkang punika, dhuh Yehuwah, mug i karsaa mundhut nyawa kawula, margi langkung sae kawula pejah tinimbang kaliyan gesang.” Nanging pangandikane Sang Yehuwah: “Anggonira nesu iku apa wus sabenere?” Yunus wus medal saka ing kutha kono lan manggen ana

ing sawetane. Ana ing kono damel gubug, sarta ngaub ing kono ngiras ngentosi kapriye bakal kadadeane iku. Pangeran Yehuwah banjur nukulake wit jarak, kang ngungkuli mustakane Yunus, satemah bisa ngeyubi lan dadi panglipuring dukane. Yunus remen banget marga saka anane wit jarak mau. Nanging esuke, nalika pletheking srengenge Gusti Allah ndhatengake uler kang nggeges wite jarak, temah iku dadi alum. Bareng srengenge wus katon, Gusti Allah ndhatengake angin wetan kang panas banget, temah sorote srengenge mau gawe gerahe mustakane Yunus; Yunus banjur ambruk lan ngajap supaya seda, pangandikane: "Luwih becik aku mati bae tinimbang urip." Ing kono pangandikane Gusti Allah marang Yunus: "Anggonira nepsoni wit jarak iku apa wis sabenere?" Unjoke Yunus: "Inggih sampun saleresipun kemawon anggen kawula nesu ngantos dumugi pejah." Pangandikane Pangeran Yehuwah: "Sira ngeman marang wit jarak, kang dudu rumanira lan iya dudu sira kang nukulake iku, kang thukule sajrone sawengi lan alume iya sajrone sawengi. Apa iya Ingsun ora kudu ngeman marang Niniwe, kutha kang gedhe iku, kang pendhudhuke luwih saka satus rongpuluh ewu, kang durung weruh mbedakne tangan tengen karo tangan kiwa, sarta kang kewane luwih dening akeh iku?"

Sedherek, katah perkawis engkang saged kita sinauni saking carios punika perkawis sifatipun manungsa kalian Allah. *"Allah sanes pribadi engkang pilih kasih, ananging Yunus nedahaken kawontenan manungsa pilih kasih, mbeda-mbedakaken tiyang setunggal kalih sanesipun. Manah Allah benten saking manahipun Yunus."*

Manah Yunus kebak kalih kambotentulusan, nanging manah Allah dikebaki kalih welasasih. Yunus namung ntresnani bangsanipun, ananging Allah ntresnani sedaya bangsa. Allah ngersakaken Niniwe mratobat saha nampi Pangandikanipun saengga kawilujengaken. Manah Allah ngantos wekdal sakmangkah sami....sinten sedherek lan kadospundi kawontenanipun Allah ntresnani sedherek. Allah sengit dosa sedherek, nanging Penjenenganipun ntresnani sedherek. Allah ntresnani sedaya tiyang saha ngersakaken sedaya tiyang ngakeni dosa, mireng kaleresan saha pitados, lan kawilujengaken. Allah mboten ngersakaken setunggal mawon manungsa binasa, nanging supados sedaya tiyang mratobat. Allah punika sae saha mahawelas lan sampun nyiapaken margi kawilujengan kangge sedaya tiyang. Ananging Allah ugi suci saha leres....lan badhe ngadili tiyang engkang nolak margi kawilujenganipun. Allah ngersakaken sedaya tiyang kawilujengaken menawi mratobat, ananging menawi mboten badhe....pejah.

Matursuwun sampun kalih kawulo ing adicara punika. Gusti mberkahi sedherek, wekdal ngemuti pangandikan punika, *"Keselamatan rawuh saka Gusti, Allah ora mbeda-mbedakake."*

Menawi wonten pitakenan, sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386. SMS/WA..

Margining Karahayun

Pelajaran 55

Nabi Yesaya

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun.

Dinten sakmangkih kita badhe nyinauni nabi Yesaya. Yesaya gesang 700 taun sakderengipun Almasih. Yesaya punika imam wonten Pedaleman Suci engkang pedamelanipun misungsungaken kurban kewan ing nginggiling mesbah kagem Allah. Kurban punika gambaran saking Allah engkang ngocoraken rahipun kangge dosa dunya.

Pirengaken punapa engkang kedadosan wekdal nabi Yesaya nembe misungsungaken kurban.

Ing sajroning taun sedane Raja Uzia aku sumurup Pangeran lenggah ing dhampar kang dhuwur lan munggul, tuwin poncoting jubahe ngebeki Padaleman Suci. Para Serafim padha ngadeg ngubengi Panjenengane, siji-sijine padha aswiwi nenem; swiwine loro kanggo nutupi raine, loro kanggo nutupi sikile lan loro kanggo mabur. Iku padha nguwuh sasauran, tembunge: "Suci, suci, suci Pangeran Yehuwah Gustining sarwa tumitah, saindenging bumi kebak ing kamulyane!" Dhasaring dhempelo lawang padha gonjing marga saka swara panguwuh iku, tuwin padaleman mau banjur kebekan ing kukus. Aku nuli ngucap: "Bilai aku! Aku tiwas! Amarga aku iki wong kang alambe najis, sarta manggon ing satengahing bangsa kang najis lambene, nanging mripatku wus ndelengl Sang Prabu, yaiku Sang Yehuwah, Gustine sarwa tumitah." Nanging para Serafim mau ana siji kang banjur mabur marani aku; tangane nyekel mawa, kang kajupuk nganggo sapit saka ing sadhuwure misbyah. Mawa iku kasenggolake ing cangkemku kalawan pratela mangkene: "Delengen, lah iki wus nggepok lambemu, dadine kaluputanmu wus sirna lan dosamu wus kaapura." Aku nuli krungu swaraning

Pangeran kang ngandika: “Sapa kang bakal Sunutus, lan sapa kang gelem mangkat minangka utusaningSun?” Aku banjur munjuk: “Sumangga, mugi karsaa ngutus kawula!”

Gusti ngetingalaken Kamulyan lan Kasucinipun dateng Yesaya saha ngutus piyambakipun martosaken pangandikanipun dateng Israel saha nyerat wonten ing buku. Wonten 2 perkawis penting ing buku Yesaya **1)** Yesaya paring pangertosan dateng Israel wartos awon perkawis dosanipun lan ganjaran engkang badhe dipun tampi. **2)** Yesaya maringaken dateng Israel perkawis Almasih engkang badhe rawuh kangge nebus dosa manungsa. Ringkesipun pesen Yesaya punika dosa saha ganjaranipun lan wartos perkawis juruwilujeng engkang badhe mbayar ganjaran wau.

Monggo kita tingali wartos awonipun;

“Rungokna, he langit, lan gatekna, he bumi, sabab Pangeran Yehuwah ngandika: “Ingsun wus ngagengake putra-putra lan iku wus Sungulawenthah nanging padha mbalela marang Ingsun. Sapi wanuh marang kang duwe nanging Israel ora; kuldi sumurup marang pamakanan kang kasedhiyakake dening bendarane, nanging umatingSun ora mangreti.” Bilai bangsa kang dosa, golongan kang kabotan duraka turune wong ala, bocah-bocah kang tumindak ora becik! Iku padha ninggal Sang Yehuwah, padha ngala-ala marang kang Mahasuci, Gusti Allahe Israel, tuwin ngungkurake Panjenengane. Sira aja padha nyaosake maneh pisungsungira kang lamis amarga gandane gawe enegingSun. Manawa sira padha mahargya tanggal sapisan lan sabat utawa nganakake kumpulan-kumpulan, Ingsun ora tahan mirsani, awit pahargyanira iku kebak piala. Pahargyan-pahargyanira sasi anyar lan kumpulan-kumpulanira kang ajeg iku Ingsun sengit mirsani; kabeh iku dadi momotan tumrap Ingsun, Ingsun wus sayah anggoningSun ngrembat. Manawa sira padha ngegarake tanganira prelu ndedonga, Ingsun bakal nasabi paningalingSun, malah sanadyan sira ndedonga mawali-wali Ingsun ora bakal midhangetake awit tanganira kebak getih.”

Mekaten wau Yesaya ndukani bangsa Israel karena kemunafikanipun. Sakpunika monggo kita pirengaken wicantenanipun Yesaya perkawis Almasih,

“Ayo, kita padha prakaran! — mangkono pangandikane Sang Yehuwah — Sanadyan dosanira abang kaya gluga, bakal dadi putih kaya salju; sanadyan rupane abang kaya jarit sumba bakal padha dadi putih kaya wulu wedhus gembel. Ana swara kang nguwuh-uwuh: “Nyawisna margi kagem Sang Yehuwah ana ing pasamunan, ngencengna dalan gedhe kagem Allah kita ana ing ara-ara samun! Saben ledhokan kaurugana, tuwin saben gunung lan tengger kawaratakna; tanah kang ana tengger-tenggere kadadekna tanah warata, sarta tanah kang mendhak mandhukul kadadekna papan lempar; ing kono kamulyaning Sang Yehuwah bakal kalairake tuwin umat manungsa kabeh bakal padha ndeleng iku bebarengan; Pangeran Yehuwah piyambak nyata-nyata wus ngandika

mangkono!" He Sion, kang nggawa kabar becik, munggaha ing gunung kang dhuwur! He Yerusalem, kang nggawa kabar becik, ulukna swaramu kang sora, iya ulukna swaramu, aja wedi! Wartakna marang kutha-kutha ing Yehuda: "Delengen, iku Gusti Allahmu!" Delengen, iku Pangeran Allah. Anggone rawuh kalawan kakiyatan sarta ngasta pangwaos. Lah kabeh kang dadi pituwasing rekaose padha nunggal kalawan Panjenengane; kabeh kang wus dadi kagungane padha lumaku ana ing ngarsane. Awit saking punika Pangeran piyambak ingkang badhe paring pratandha dhumateng panjenengan dalem: Lah Sang Kenya badhe nggarbini saha badhe mbabar putra kakung sarta badhe ngasmakaken putranipun wau Imanuel.

Allah nembe mbikak rahasia ageng nglangkungi Yesaya perkawis rencananipun kangge ngutus Rohipun wonten guwagarbanipun perawan dados margi Almasih lahir wonten dunya. Kados engkang sedherek mangertosi Almasih mboten gadah bapak jasmani. Sakderengipun kalahiraken Penjenenganipun wonten surga, karena Penjenenganipun Sabda engkang kempal kalih Allah wekdal wiwitan. Kados ramalan Yesaya, Almasih Allah dados wujud manungsa. Allah engkang Roh kawontenanipun sampun ngrancangaken kangge manggenaken Roh saha Sabdanipun piyambak wonten guwagarbanipun kenya engkang ing mangkih badhe lahir awujud bayi. Punika engkang karamalaken Yesaya wekdal piyambakipun wicanten "*Lah Sang Kenya badhe nggarbini saha badhe mbabar putra kakung sarta badhe ngasmakaken putranipun wau Imanuel*"

Wonten pasal 9 saha 35 Yesaya ngramalaken bilih Almasih badhe mbeto kasucin saha welasasih ing dunya. Yesaya ugi wicanten bilih Almasih badhe nindakaken pakaryan ageng engkang tiyang sanes mboten tindakaken, saengga saben tiyang mangertos Penjenenganipun Almasih engkang suci saking Ngarsanipun Allah! Punika sebabipun Almasih kasebat, "*Penasehat Elok, Gusti Allah kang prakosa, Rama kang Langgeng, Ratuning Katentreman.*"

Saklajengipun kita badhe maos ramalan Yesaya perkawis Almasih ngocoraken rahipun kangge nanggal ganjaran dosa dunya. Pasal 53 ngendikan mekaten, "*Sapa kang ngandel marang pawarta kang padha dakrungu, lan sapa kang kawedharan astaning Yehuwah kang kwaos iku? Panjenengane iku thukul kaya trubusan ana ing ngarsaning Yehuwah, tuwin kaya semen saka ing lembah garing. Ora bagus ing warna lan ora kagungan kaendahan kang njalari kita banjur padha nyawang, sarta ora kagungan rupi, kang menginake kita. Panjenengane dianggep asor lan disingkiri ing wong, sawijining priya kang sugenge kebak kasangsaran sarta kulina nandhang gerah; banget anggone karemehake, nganti wong padha nutupi raine ana ing ngarsane tuwin sanadyan tumrap kita Panjenengane iku iya ora klebu etungan. Mangka sanyatane lelara kita kang disanggi lan kasangsaran kita kang dirembat, ewasamono kita padha ngira Panjenengane iku kena ing ipat-ipat, kagebag tuwin katindhes dening Gusti Allah. Mangka Panjenengane iku sinudukan marga saka*

anggon kita padha mbalela, Panjenengane karemuk marga saka piala kita; ganjaran paukuman kang nekakake karahayon tumrap kita iku kadhawahake ing Panjenengane, sarta marga saka bilur-bilure kita banjur padha dadi waras. Kita padha nglambrang kayya wedhus, dhewe-dhewe kang kita ener, ewadene Pangeran Yehuwah nempahake sakehing duraka kita marang Panjenengane. Panjenengane kinaniaya, nanging kendel bae sajrone katindhes iku lan ora mbikak tutuke kaya cempe kang katuntun menyang ing pasembelehan; kaya wedhus kang ora nywara ana ing ngarepe para wong kang padha ngguntingi wulune, kaya mangkono anggone ora mbikak tutuke. Sawuse katahan lan kaukum Panjenengane nuli kaluwaran, lan sapa kang mikir marang nasibe? Panjenengane sanyata wus kapethal saka ing nagarane para wong urip, tuwin marga saka pambalelaning umatingSun Panjenengane kena ing ipat-ipat. Pasareane kapapanake ing satengahe para wong duraka, lan anggone seda ana ing satengahe para durjana, sanadyan Panjenengane ora nindakake kekerasan tuwin tutuke ora kadunungan cidra. Nanging Pangeran Yehuwah karsa ngremuk tuwin damel gerahe Panjenengane. Samangsa Panjenengane wus masrahake sarirane minangka kurban panebusing dosa, bakal mirsani tedhak turune, yuswane bakal panjang, sarta karsaning Yehuwah bakal tumindak sarana astane. Sawuse nyawane nandhang sungkawa Panjenengane bakal mirsani pepadhang nganti tuwuk; tuwin AbdiningSun iku, sarehne wong bener, bakal ngleresake wong akeh kalawan kawicaksanane, lan ngrembat pialane wong-wong mau. Awit saka iku bakal Sunparingi panduman wong-wong kang luhur minangka bandhangan, tuwin bakal tanpa wong-wong kang santosa minangka jarahan, yaiku pikolehe anggone wus masrahake nyawane marang pati lan marga saka anggone kagolongake wong mbalela, sanadyan Panjenengane nanggél dosane wong akeh lan ndongakake para wong kang mbalela.”

Sedherek, maturnuwun sampun sesarengan kalih kawulo ing acara Margining Karahayun, menawi wonten pitekanan sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386. Gusti mberkahi sedherek, wekdal menggalihaken, *‘Ayo, kita padha prakaran! — mangkono pangandikane Sang Yehuwah — Sanadyan dosanira abang kaya gluga, bakal dadi putih kaya salju; sanadyan rupane abang kaya jarit sumba bakal padha dadi putih kaya wulu wedhus gembel’* Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 56

Nabi Yeremia

Sedherek kula pamireng sedaya

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanhipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun

Sampun kita pireng kadospundi nabi Yesaya nyerat kathah perkawis Almasih engkang badhe rawuh. 700 taun sakderengeipun Almasih lahir, Allah sampun manggenaken wonten pikiran Yesaya kadospun Almasih badhe rawuh, dilahiraken kenya, gesang wonten kasucin saha nindakaken mukjizat engkang mboten nate ditindakaken tiyang sanes sakderengipun. Yesaya ugi ngramalaken bilih Almasih badhe ngocoraken Rahipun kados kewan kurban, kangge mbayar sedaya dosa manungsa. Penjenenganipun sedha lan wungu malih saking kubur, paring gesang langgeng kangge sedaya tiyang engkang pitados Penjenenganipun. Dinten punika kita badhe sinau nabi ageng Allah sanesipun, Yeremia asmanipun.

Yeremia gesang antawis 100 taun saksampunipun Yesaya. Kados engkang sampun kita sinauni, Israel sampun pecah dados kalih; kerajaan Israel kalih Yehuda. Wekdal Yeremia gesang kerajaan Israel sisih ler dipun remukaken. Allah masrahaken penduduk Israel dateng mengsahipun, karena mboten pitados kalih pesen Allah nglangkungi nabiniPun saha mboten purun mratobat saking dosanipun. Dados wekdal Yeremia gesang, namung kerajaan Yehuda engkang wonten. Yehuda punika kerajaan sisih kidul, yerusalem ibukotanipun.

Yeremia lahir wonten wilayah Yerusalem. Bapakipun Imam engkang ngladosi wonten bait suci ing Yerusalem. Wekdal semanten, sanajan tiyang Yehuda sanget ngormati nilai-nilai agami, ananging mboten celak kalih dawuhipun Gusti. sakwangsulipun Yeremia tansah sukarena lan taat wonten dawuh Allah, engkang mandeng ing dinten Allah badhe ngutus Almasih wonten dunya.

Sakmangkih sumonggo kita pirengaken, kadospundi Allahnimbali Yeremia dados nabi. Wonten pasal 1 Yeremia nyerat mekaten,

"Pangandikane Pangeran marang aku, "Kowe Dakpilih sakdurunge kowe ana. Sakdurunge lair kowe wis Dakpilih dadi nabi kanggo bangsa-bangsa" unjukku: "Dhuh Allah Ingkang Mahakwasa! Sajatosipun kawula boten saged wicanten, margi kawula taksih nem." Nanging Pangeran ngandika marang aku: "Kowe aja kanda yen isih nom, nanging kowe maranana wong-wong sing kudu koktemoni atas dhawhku, wong-wong iku kandhanan kebh dhawuh sing Dakparingake marang kowe. Aja wedi karo wong-wong iku, amarga Ingsun nganthi kowe lan bakal mitulungikowe, Aku, Pangeran wis ngandika!" Allah tumuli mulung astane lan ndumuk lambeku; sarta pangandikane marang aku: "Tembung kang kudu kokucapake, Dakparingake ana ing ilatmu. Ing dina kowe Dakparimgi kwasu tumrap para bangsa-bangsa lan kraton-kraton, Dakdawuhi mbedoli lan mbubrahi, ngrusak lan nggempur, sarta mbangun lan nandur."

Mekaten wau Allah nimbali Yeremia dados nabiNipun. Allah ngengken kesah dateng bangsanipun lan wicanten bilih Allah badhe paring pangadilan, menawi mboten sami mratobat saking dosa-dosanipun. Tugas engkang awrat, karena tiyang Yehuda mboten purun menawi wonten tiyang engkang paringngertos bilih kegiatan agaminipun mboten ngremenaken manah Allah. 24 taun Yeremia kotbah wonten Yerusalem saha sedaya wilayah Yehuda kanti wicanten, " Allah ngutus aku ngelingake kowe kabeh supaya mratobat saka dosa-dosamu lan taat marung Dawuhe. Allah bakal mendel wektu bangsa Babel ndadekake kowe tawanan kanggo digawa ing negara kanga aduh." Punika pesen engkang diparingaken Yeremia dateng tiyang Yehuda.

Sakamangkih sumonggo kita waos seratan Yeremia wekdal ngemutaken tiyang Yehuda.

Pangandikane Pangeran, "Nindakna kabecikan, mesti kowe Daklestarekake manggon ing tanah kene.Aja ngandel marang tembung apus-apus, sing muni, "Kita aman ana ing kene. Iki pedalemane Allah, iki Pedalemane Allah. Iki Pedalemane Allah! Menawa kelakuan lan penggawemu becik, yen kowe tumindak adil siji karo sijine. Menawa kowé ora nyia-nyia marang wong manca, bocah lola lan randha, sarta ora ngwutahaké getihé wong resik ana ing panggonan kéné, apa déné ora manut marang allah liyané, kang ndadèkaké bilaimu dhéwé. Kowé mesthi bakal Daklestarèkaké manggon ana ing tanah kéné, tanah sing wis Dakparingaké marang leluhurmu dadi tanah pusakané." "Nanging kowé padha ngandel marang tembung goroh. Kowé padha nyolong, mematèni, nyembah brahala, wani sumpah palsu, awèh sesajèn marang Baal, sarta nyembah allah-allah sing ora kokkenal sadurungé. Kowé wis padha nglakoni prekara-prekara sing Daksengiti, banjur kowé sowan ing ngarsa-Ku, ana ing Pedaleman-Ku karo muni, 'Ing kéné kita aman!'

Dados Yeremia ngemutaken kanti sura tiyang Yahudi engkang ethok-ethok tepang Gusti nanging tumindakipun mboten nedahaken perkawis wau.

Yeremia ngemutaken penduduk Yehuda bilih badhe dumugi tantara manca engkang badhe ngrisak kitha Yerusalem saha bait suci lan ndadosaken tiyang Yehuda budak. Miturut sedherek, punapa tanggapanipun penduduk Yehuda kalih pangemutipun Allah nglangkungi Yeremia? Sebagian ageng penduduk saha imam mboten nggatosaken. Malah wekdal para imam mindanget wicantenipun Yeremia, sedaya mboten pitados ananging malah nyepeng, nggebuk saha ngrantai sukunipun. Sedaya mboten pitados bilih Allah badhe ngijinaken tiyang Babel mengsahaken mlebet Yerusalem saha ngejur bait suci pedamelanipun Sulaeman. Sedaya nesu karena Yeremia ngramalaken perkawis musnanipun Yerusalem lan nyerat Pangandikanipun Gusti ing buku.

Mboten namung masyarakat saha para imam engkang nolak kangge nampi pesenipun Allah nglangkungi Yeremia, nanging raja Yehuda ugi nolak. Raja mboten mratobat saking dosanipun, nanging manahipun malah samsayo atos. Panci raja saged ngobong buku seratan Yeremia wau, nanging piyambakipun mboten saged ngribah keputusan Allah. Kanti gampil Allah mimpin Yeremia nyerat malih Pangandikanipun. Sanajan Yeremia dipun tangkep, dipun lebetaken pakunjaran, malah ugi wonten ing sumur engkang lebet saha kathah lumpuripun Allah tansah nulung.

Penting dipun gatosaken. Sanajan tiyang Yahudi nolak mireng wicantenipun Yeremia, mboten berarti bangsa wau mboten purun mireng wicanten sinten mawon. Bangsa wau mireng wicanten tiyang engkang ngaku nabi, sanajan punika nabi palsu. Tiyang-tiyang engkang munafik lan wicantenipun sanes saking Allah. Akibatipun, wekdal Yeremia wicantenaken pengadilanipun Allah kangge Yerusalem, nabi-nabi palsu wau wicanten dateng tiyang Yehuda mekaten, “**mboten....mboten...punapa engkang dicantenaken Yeremia punika sakleresipun mboten badhe dumados. Tiyang Babel mboten badhe ngremukaken Yerusalem! Mboten wonten setunggal mawon tiyang engkang saged ngambrukaken bait Allah! Kitha sedaya mboten badhe ningali karusakan, kitha badhe gesang kanti ayem. Ing pundi-pundi namung wonten karahayun.**”

Nanging yeremia ngendikan mekaten,

“Pangandikané Allah Kang Mahakwasa marang wong-wong ing Yérusalèm mengkéné, “Aja padha nggugu tembungé para nabi. Wangsit sing diwedharaké kuwi palsu, manut pangothak-athiké dhéwé, dudu apa sing Dakngandikakaké. “Para nabi kuwi ora Dakutus, éwasemono padha medhar wangsit atas asma-Ku. Saupama padha ndhèrèk rembugan ana ing ngarsa-Ku, mesthi pangandika-Ku sing dilairaké marang umat-Ku, mula umat-Ku padha ninggal lakuné sing ala sarta penggawéné sing ora bener.”

Ing mriki Yeremia ngemutaken tiyang Yehuda supados ngatos-atos kalih wicantenipun nabi palsu, sayangipun tiyang Yehuda mboten nggatosaken wicantenipun Yeremia. Ananging wusananipun sedaya mangertos bilih Pangandikanipun Gusti engkang dingendikakae Yeremia leres sanajan sampun telat.

Kitab Suci ngendikan, *“Nebukadnésar banjur nglurugi perang nggawa tentarané kabèh sarta nyerbu Yérusalèm ing dina kaping sepuluh, sasi kaping sepuluh, taun kaping sangané pepréntahané Zedekia. Banjur padha pasang kémah ana ing sanjabané kutha, ngepung bètèngé, nganti taun kaping sewelasé pepréntahané Zedekia. Ing dina kaping sanga, sasi kaping pat taun kuwi, yakuwi bareng pacekliké kutha kono wis banget, nganti wis ora ana sing dipangan déning rakyat, bètèngé kutha ambruk. Senajan dikepung déning tentara Babil, nanging bengi kuwi Zedekia lan tentarané lolos, oncat metu saka kutha kono. Lakuné metu petamanan kedhaton, menyang gapura ing sela-selané bètèng loro, banjur mlayu ngener Lebak Yardèn. Nanging Raja Zedekia banjur dioyak déning wadyabala Babil lan ketutupan ora adoh saka Lebak Yérikho. Panjenengané diirid menyang ngarsané Raja Nebukadnésar, sing nalika semono ana ing Riblah, ing daérah Hamat. Ana ing kono Zedekia didhawahi paukuman.”*

Sedherek, kita ningali Allah nggenepi ramalan Yeremia, nabiNipun. Sedaya mangertosi wicantenipun Yeremia leres, ananging sampun telat, awit mboten wonten ginanipun saksampunipun sakmangkih dados tawanan tiyang Babil.

Sedherek kita mungkasi pelajaran dinten niki, kanti kita menggalihaken; Ing dinten kiamat sedaya keturunan Adam badhe mangertosi pundi engkang leres lan pundi engkang palsu. Ananging Allah ngersakaken sedherek saged mbedakaken sakmangkih, karena wekdal kiamat mangkih mboten wonten ginanipun. Ing dinten kiamat sampun telat kangge mratobat, wekdal badhe binasa karena dosa-dosa. Punika sebabipun pangandikanipun Gusti ngendikan, *“Saiki wektune kamurahane Allah, saiki dina keselamatan.”*

Wonten pepanggihan ngajeng, kita badhe ningali punapa engkang kedadosan kalih tiyang Yehuda engkang dibucal wonten Babil dados tawanan. Allah paring berkah, wekdal sedherek menggalihaken janji Allah engkang diserat Yeremia, *‘Kowé bakal nggolèki Aku lan sarèhné enggonmu nggolèki kanthi temenan, kowé bakal ketemu Aku.’*

Menawi sedherek wonten pitakenan perkawis pelajaran punika, saged ngubungi kawulo wonten ing no 081333777386. Maturnuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 57

Nabi Daniel

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun

Wonten pepanggihan pungkasan, kita sampun nyinauni kitab Yeremia, piyambakipun gesang 600 taun sakderengipun Almasih rawuh. Yeremia ngemutaken tiyang Yehuda supados mratobat saking dosa-dosanipun saha wangsul dateng Allah, awit menawi mboten Allah badhe ngukum ngangge tantara Babil. Sayangipun Yehuda nolak wicantenipun Yeremia, ananging pitados kalih wicantenipun nabi-nabi palsu.

Rubuhipun Yerusalem mboten berarti Allah sampun mbucal bangsa Yahudi, umat engkang sampun kapilih. Allah mboten saged nyupekaken janji engkang sampun kadamel kalian Ibrahim, Ishak saha Yakub, wekdal Penjenenganipun ngendikan badhe ndadosaken keturunanipun dados berkat kangge sedaya bangsa. Allah mboten kesupen kalih rencanaNipun ngutus penebus dateng dunya nglangkungi bangsa Yahudi keturunan Ibrahim. Kitab Suci nedahaken antawis 70 taun Allah ngrimat tiyang Yahudi wonten Babil ngantos mbeto wangsul malih wonten Yerusalem.

Dinten sakmangkih kita badhe maos carios tiyang nem engkang dibeto dateng Babil dados tawanan. Nem-neman punika Daniel naminipun. Daniel artosipun Allah punika Hakimku, nami wau wujud kesaksian gesang Daniel. Daniel mboten ajrih dateng sinten mawon kecuali Allah engkang Maha Kuwaos. Daniel mboten peduli punapa wicanten tiyang dateng piyambakipun, engkang penting pikantuk Allah. Allah punika hakim kangge Daniel. Daniel pitados kalih wicantenipun Nabi Sulaeman, *“Wedhi marang manungsa nuwuhake kasangsaran. Percayaa marang Gusti, kowe mesti aman.”*

Allah paring ide Daniel kangge nyerat buku penting, njih punika Kitab Daniel. Isinipun pewahyuan engkang angel dipahami dening pikiranipun manungsa. Namung Allah engkang mangertos punapa engkang badhe dumados wonten wekdal engkang badhe dumugi. Sanajan mekaten Daniel nyerat sejarah kathah bangsa ing dunya, kadosta kerajaan Persia, Yunani saha Romawi sakderengipun bangsa punika wonten. Piyambakipun nyerat punapa engkang badhe dilampahi bangsa-bangsa wau atusan taun sakderengipun bangsa wau wonten. Ugi kados nabi sanesipun, Daniel nyerat perkawis rawhipun Almasih engkang kaping sepindah saha kalih. Daniel ngramalaken bilih rawhipun engkang kaping sepindah, Almasih “disembelih” dipejahi dados korban kangge dosa. Nanging wekdal rawuh engkang kaping kalih, Penjenenganipun badhe ngadili dunya wonten kaleresanipun. Pirengaken punapa engkang kaserat ing kitab suci perkawis rawhipun Almasih kaping kalih,

“Ing wahyu sing daktampa bengi kuwi aku weruh rerupan mèmper manungsa, nyedhaki aku, ketutupan ing méga. Banjur sowan Panjenengané Kang Gesang Langgeng. Panjenengané kaparingan pangwasa, kaurmatan lan wewenangé ratu, supaya sakèhé umat, bangsa, trah lan basa padha ngladosi Panjenengané. Pangwasané bakal langgeng ing selawasé, lan kratoné bakal ora ana wekasané.”

Wonten pasal 1 kitab Daniel, kacariosaken Nebukadnesar raja Babil milih pinten2 tiyang nem kalatih dados pegawenipun. Kapilih para nem-neman engkang gagah saha pinter engkang gadah kemampuan sinau sedaya perkawis, termasuk sinau huruf ugi basa Babil. Daniel salah setunggalipun engkang kapilih.

Daniel sinau wonten pasinaunan ing Babil. Ing mriku katetepaken bilih sedaya tiyang nem wau kedah nginum anggur saha tetedhan engkang paling sae, nanging sampun kapisungsungaken dateng brahala rumiyin. Daniel saha rencangipun mboten purun mendet, karena ajrih dateng Allah. Kitab suci ngendikan, *“Dhanièl niyaté ora bakal najisaké awak nganggo pangan lan ombèn-ombèn saka kedhaton. Mulané banjur njaluk pitulungané Aspenas,”*

Kitab suci paring ngertos, Allah nguwalaken Daniel saking masalah wau kanti paring berkah kawicaksanan saha pangertosan kados engkang kaserat mekaten, *“bab apa waé utawa prekara sing angèl-angèl, nonoman papat mau bisa ngaturi wangsulan, lan kawruhé ngungkuli tikel sepuluhé para peramal lan juru nujum sanegara kabèh.”* Antawis 70 taun Daniel nyambut damel dateng 4 raja lan Allah tansah nganti.

Daniel, nem-neman engkang mboten ajrih sinten mawon kecuali dateng Allah. Piyambakipun benten kalih pegawai sanes, engkang remen muterwalik kaleresan lan nampi suap karena mboten ajrih dateng Gusti.

Wonten pasal 6 Kitab Suci ngendikan mekaten,

Dharius banjur misudha gubernur cacahé 120, sing bakal nindakaké pepréntahan ing sanegara kabèh. Kejaba kuwi panjenengané ngangkat Dhanièl lan wong loro liyané dadi pengawas sing ngawat-awati para gubernur sarta nggatèkaké kepentingané Raja, supaya aja nganti kapitunan. Ora suwé banjur ketitik yèn Dhanièl enggoné nyambut-gawé luwih becik ketimbang karo pengawas liya-liyané lan para gubernur. Merga saka kabecikané mau Raja manggalih arep ngangkat Dhanièl dadi pengawasé sanegara kabèh. Para pengawas lan para gubernur nuli padha nggolèki kaluputané Dhanièl sajroning nglakoni pegawéané. Nanging padha ora bisa nemokaké, sebab Dhanièl kuwi wong temen, lan ora gelem laku slingkuh utawa ngapusi. Wong-wong mau banjur padha rerasanan, "Kita mesthi ora bakal bisa nemokaké kaluputané Dhanièl, kejaba bab kaprecayané." Wong-wong mau nuli padha sowan ing ngarsané lan matur, "Dhuh Raja Dharius, sugenga ing selaminipun! Kawula sedaya ingkang nyepeng pepréntahan: para pengawas, para gubernur, wakil gubernur lan pegawé sanès-sanèsipun, sami sarujuk, bilih Raja ndhawuhaken prentan keras, inggih menika bilih salebetipun tigang dasa dinten menika mboten wonten tiyang setunggal-tunggala kaparengaken ngunjukaken panyuwunan menapa-menapa dhateng déwa utawi tiyang menapa kémawon, kejawi dhateng Raja piyambak. Sinten kémawon tiyangipun ingkang nerak prentan menika kedah kacemplungaken wonten ing luwengipun singa. Penjenengan mugé kersa ndhawuhaken prentan menika sarta napak-asmani, dadosa prentan miturut hukumipun tiyang Médi lan Pèrsia, ingkang mboten saged kasuwak." Dharius iya banjur napak-asmani dhawuh mau. Bareng Dhanièl krungu yèn dhawuh mau wis ditapak-asmani banjur mulih. Ing omahé ana lotèngé, jendhéla-jendhélané madhep menyang Yérusalèm. Ana ing kamaré lotèng mau Dhanièl kaya adat-sabené sujud jèngkèng madhep jendhéla lan ndedonga marang Allah sedina ping telu. Bareng para mungsuhé weruh Dhanièl lagi ndedonga marang Gusti Allah, wong kabèh mau banjur padha bebarengan sowan Darius nglapuraké Dhanièl. Unjuké, "Dhuh raja, paduka sampun napak-asmani dhawuh, bilih sinten kémawon ingkang salebetipun tigang dasa dinten menika ngunjukaken panyuwun dhateng déwa utawi manungsa sinten kémawon, kejawi dhateng paduka piyambak, badhé kacemplungaken ing luwenging singa?" Paring wangsulané Darius, "Iya bener, kuwi préntah keras, miturut hukumé wong Médi lan wong Pèrsia sing ora kena dibatalaké." Wong-wong mau banjur padha munjuk, "Dhanièl, tiyang bucalan saking Yéhuda menika mboten maèlu utawi ngèstokaken dhawuh ingkang sampun kaundhangaken menika. Piyambakipun ajeg sembahyang sedinten kaping tiga." Bareng mireng atur sing mengkono mau Darius kagèt banget lan ngudi bisané ngluwari Dhanièl, nganti srengéngéné surup. Wong-wong mau banjur bali menèh sowan Darius sarta munjuk, "Dhuh Raja, paduka pirsá bilih miturut hukumipun tiyang Médi lan Pèrsia dhawuh ingkang sampun kaundhangaken menika mboten kénging dipun éwahi." Darius banjur dhawuh supaya Dhanièl dicekel lan kacemplungaké ing guwa

sing kebak singa. Pangandikané Darius marang Dhanièl, "Muga-muga Allah sing kokbektèni kanthi mantep kuwi kersa ngluwari kowé. Cangkemé guwa mau banjur katutup nganggo watu gedhé. Watu mau banjur disègel nganggo sègel keprabon lan sègelé para penggedhé, supaya aja ana wong sing bisa ngluwari Dhanièl. Darius banjur kondur menyang kedhaton, nanging sawengi muput panjenengané ora saré, ora dhahar lan ora ngersakaké kasenangan apa-apa. Bareng wis ésuk panjenengané wungu lan énggal-énggal tindak menyang guwa singa. Tekan sacedhaké guwa panjenengané nimbali Dhanièl karo sedhik, "Dhanièl, abdiné Allah kang gesang! Apa Allahmu sing kokbektèni kanthi tumemen saged ngluwari kowé saka singa-singa kuwi?" Unjuk wangsulané Dhanièl, "Dhuh Raja, mugi langgenga yuswa paduka! Gusti Allah sampun ngutus malaékatipun mbungkem cangkempun singa-singa menika. Gusti Allah sampun tumindak mekaten margi pirsu bilih kula mboten gadhah kalepatan dhateng Sang Raja." Darius banget bungahé, banjur paring dhawuh supaya Dhanièl diwetokaké saka guwa. Dhanièl banjur diunggahaké lan ketitik ora ana tatuné apa-apa, merga saka enggoné kumandel marang Allahé. Darius banjur dhawuh nyepeng wong-wong sing padha nggugat Dhanièl sarta sing padha nyemplungaké ing guwa sing kebak singa, malah iya para bojo lan anak-anaké kabèh. Wong-wong mau durung nganti tekan ing jero guwa wis ditubruk déning singa-singa mau lan balungé diremuk-remuk.

Sedherek cobu dipun gatosaken wicantenipun Darius raja kafir punika saksampunipun ningali kadospundi Allah milujengaken Daniel saking singa-singa galak. Punapa sedherek ajrih kalih Allahipun Daniel? Punapa sedherek kepengin dipun tulung Gusti Allah lan taat dateng kitab suci? Daniel ajrih dateng Allah, punika sebabipun ajrih dateng manungsa. Daniel langkung remen nyipeng wonten kendang singa tinimbang nyedihaken Allah. Kadospundi kalih sedherek, punapa sengit kalih kambotenleresan kados Daniel? Punapa sedherek remen ing lebetipun Pangandikanipun Allah kados Daniel? Punapa sedherek kados anak-anak Adam engkang muterwalik kaleresan, tresna arta saha nolak kitab suci? Sepindah malik punapa sedherek ajrih dateng Allah?

Maturnuwun sampun mirengaken siaran punika. Gusti paring berkah wekdal sedherek menggalihaken kaleresan, **"Wedi marang manungsa ora nylametaké, nanging sing sapa kumandel marang Allah kareksa kalawan sentosa."** Menawi sedherek wonten pitakenan sumonggo ngubungu kawulo ing no 081333777386 saged SMS ugi WA. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 58

Nabi Zakaria

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanhipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun

Wonten 2 pepanggihan engkang pungkasan, kita sinau perkawis Yeremia ngemutaken bangsanipun. Menawi mboten sami nggatosaken Pangandikanipun Allah saha mratobat saking dosa-dosanipun, Allah badhe mendelaken tantara Babil ngremuk negeripun saha mbeto bangsa wau wonten panggenan engkang tebih dados tawanan. Sebagian ageng bangsa wau mboten nggatosaken pangemutipun Yeremia, saengga tantara Babil ngremuaken negeri saha pedaleman suci lan ndadosaken bangsa wau tawanan.

Nanging karena kamboten setyanipun bangsa Yahudi, ndadosaken Allah malih mboten setya? Mboten nate. Cobi pirengaken wicantenipun Yeremia dateng bangsanipun, engkang sakpunika dados tawanan Babil, *"Pangéran ngandika menèh mengkéné, 'Yèn wis genep pitung puluh taun enggonmu ana ing pembuwangan ing Babil, Aku bakal ngèngeti kowé menèh lan netepi janji-Ku ngulihaké kowé menyang tanahmu dhéwé. Mung Aku dhéwé sing pirsá apa sing Dakrancang kanggo kowé, yakuwi rancangan sing gawé karaharjan, dudu rancangan paukuman. Rancangan bab jaman sing kokarep-arep tekané."*

Kalian pernyataan punika Yeremia nembe paring ngertos tiyang Yahudi, Gusti punika mboten nate nyupekaken sanajan tiyang Yahudi sampun nyupekaken Allah. Allah mboten nyupekaken janjiNipun kangge mberkahi sedaya bangsa nglangkungi keturunan Ibrahim, Ishak saha Yakub, saengga saksampunipun 70 taun Allah ngrancangaken mbeto wangsul umatipun. Allah milih para nabiNipun saking tiyang-tiyang Yahudi, kangge nyatakaken Pangandikanipun engkang suci saha nyerat

pangandikan wau kangge generasi saklajengipun. Kita ugi sampun ningali Allah paring Taurat wonten pikiran Musa saha tembang-tembang kitab Zabur wonten manah Daud. Kanti cara engkang sami, kita ugi ningali Allah paring wangsitipun dateng tiyang Yahudi sanesipun, kados Yosua, Samuel, Sulaeman, Yesaya, Yeremia saha Daniel kangge nyerat Pangandikanipun. Sedaya seratan para nabi wau martosaken rancangan endah Gusti Allah, njihpunika ngutus juruwilujeng dunya saking bangsa Israel.

Dinten sakmangkih kita badhe ningali kadospundi Allah mbeto wangsul malih tiyang Yahudi dateng tanah Yehuda panggenan Juruwilujeng badhe rawuh, engkang artosipun Allah lumampah majeng selangkah malih kalih rancanganNipun kangge ngrawuhaken Allah wonten dunya. Kita badhe sinau kadospundi tiyang Yahudi wangsul teng Yerusalem saksampunipun dados tawanan 70 taun.

Wekdal kita maos mangkih, sumonggo kita emut bilih tanah Babil sakpunika naminipun Persia, awit Persia sampun ngawonaken Babil. Kitab Ezra 1 ngendikan mekaten, “

Nalika Korèsy enggoné jumeneng raja Pèrsia durung nganti ganep setaun, Gusti Allah wis ngélingaké supaya wong-wong padha netepi pangandikané Allah lantaran Nabi Yérémia; mula Korèsy ngumumaké srana lisan lan tulisan marang wong sanegara kabèh, mengkéné: Muga-muga Gusti Allah nunggila karo sapa waé sing dadi umaté. Wong-wong mau budhala mulih menyang Yérusalèm, ing tanah Yudéa lan ngedegna Pedalemané Pangéran, Allahé Israèl, Allah sing disembah ing Yérusalèm. Tangga-teparoné banjur padha nguruni barang-barang saka slaka lan emas sarta raja-brana lan kéwan, apa déné barang liya-liyané sing pengaji, kejaba kuwi iya pisungsung kanggo saos kurban mana suka. Raja Korèsy iya dhawuh ngetokaké praboté Pedalemané Allah sing dirampas déning Nebukadnézar saka Yérusalèm lan disimpen ana ing papan pamujané brahala.

Punapa engkang dumados punika penggenapan janji Allah kados wicanten Yeremia. Wekdal semanten Allah ngijinaken Yerusalem rusak kados ramalan Yeremia, mila sakpunika kita saged ningali malih persis kalih ramalan Yeremia, Allah mangsulaken para tawanan saha mbangun mali pedalemanipun Allah lan kitha Yerusalem. Sakleresipun Allah punika Rajaning raja, Penjenenganipun engkang nagtur wekdal saha masa, sedaya engkang dipun putusaken badhe dumados.

Saklajengipun kitab suci nyariosaken lumampahipun tiyang yahudi wangsul dateng Yerusalem, engkang dipun pimpim Zerubabel. Wekdal dumugi Yerusalem, tiyang Yahudi sami sedih karena kitha saha pedalemanipun Allah engkang dibangun Sulaeman sampun ambruk. Mboten wonten engkang sisa kecuali sela kalian lebu. Kitab suci nglajengaken carios punika kalih rapat pinanggih wonten tilas pedaleman suci. Ing mrika sami mbangun malih mezbah korban saha paring korban kewan. Paring raos syukur saha ngluhuraken Allah kangge pitulung 70 taun wonten Babil saha Persia ugi

karana sampun mbekto wangsul malih wonten tanah leluhur. Allah nganti saha ngiataken bangsa Yahudi anggenipun mbangun Yerusalem saha pedaleman suci wekdal kathah tantangan, ngantos pedaleman Allah, kitha Yerusalem saha tembok saged mantun.

Sedherek, wangsulipun tiyang Yahudi dateng tanah leluhuripun gadah artos penting. Awit ing tanah Yehuda sisih kidul Palestina Sang penebus badhe dilahiraken. Wekdal tiyang Yahudi wangsul dateng Yerusalem, Allah nyiapaken nabi engkang naminipun Zakaria. Zakaria punika benten kalih Zakaria bapakipun nabi Yahya. Allah ngintun Zakaria kangge ngiataken iman tiyang Yahudi dateng Allah saha janjiNipun. Zakaria gadah pesen penting, karana wekdal engkang dipun tentuaken Allah kangge ngutus penebus sampun celak. Namun 500 taun malih sakderengipun penebus lahir.

Zakaria pasal 1 ngendikan,”

Ing sasi kawolu ing taun kapindho jamané Dharius jumeneng raja, Pangéran ngandika marang Nabi Zakharia bin Bèrékia, putuné Idho mengkéné, "Aku Pangéran duka banget karo para leluhurmu. Kowé aja padha kaya leluhurmu. Dhèk jaman biyèn para nabi wis padha medharaké pangandika-Ku sing wosé mituturi supaya ninggala uripé sing ala lan aja nerus-nerusaké enggoné nglakoni dosa. Nanging para leluhurmu mau padha ora gelem ngrungokaké dhawuh-Ku lan padha ora ngèstokaké. Para leluhurmu lan para nabi mau saiki wis padha mati. Lantaran para abdi-Ku, para nabi, para leluhurmu wis Dakdhawuhi lan Dakélingaké, nanging padha ora ngrèwès, mula padha nampa paukumané. Wusana padha mratobat lan ngakoni yèn Aku, Pangéran, Allahé Kang Mahakwasa, sing ngukum kalawan adil, manut penggawéné."

Kanti sora Pangeran ngemutaken dateng tiyang Yahudi, “*Aku Pangéran duka banget karo para leluhurmu. Kowe aja padha kaya leluhurmu!*” wonten punapa Allah duka dateng leluhur tiyang Yahudi? Jawabanipun, “*karana mboten purun ngrungokaken pitutur para nabi engkang diutus Gusti Allah.*” Punika sebabipun sami ditawan wonten Babil. Tiyang Yahudi wekdal semanten sami kalih tiyang-tiyang engkang sakpunika wicanten, “**mesti mawon kawulo pitados kalih sedaya nabi**” nanging sedaya wau mboten leres, karana mboten nggatosaken punapa engkang diserat para nabi wonten Kitab Suci. Sedaya mboten gadah hubungan pribadi kalih Allah. Sami kados leluhur tiyang Yahudi, ngormati Allah namung wonten ing lambe mawon, namung mboten purun nampi pangandikan Allah ing manahipun. Punika sebabipun Allah ngutus Zakaria abdiNipun, dateng tiyang Yahudi supados sedaya mboten tumindak kados leluhuripun.

Saksampunipun ngemutaken tiyang Yahudi, Zakaria paring ngertos perkawis penebus engkang badhe rawuh. Wonten pasal 9, Zakaria ngramalaken bilih Allah badhe melebet kitha Yerusalem kanti nitih kuldi. Pasal 11, Zakaria nyerat carios penting perkawis ramalan, bilih penebus badhe disade

kanti regi 30 keping perak. Lajeng pasal 12, Zakaria ngrmalaken bilih tiyang Yahudi mboten namung badhe nyade penebus nanging malah badhe mejahi penjenenganipun.

Kanti wicantenan punika, Zakaria ngramalaken bilih penebus badhe nggadahi tatu ing astaNipun. Kadospundi Penjenenganipun saged tatu? Tiyang Yahudi badhe tiyang Roma kangge nyalib Penjenenganipun. Tiyang roma lajeng maku asta saha sukuNipun wonten ing salib saha njojoh kempengiPun kalih tombak. Sedaya dumados persis kados engkang diramal dening Zakaria. Punapa engkang diserat Zakaria punika sami kanti sempurna kados ramalan Daud atusan ewon sakderengipun wonten Zabur, wekdal piyambakipun nyerat perkawis penebus, “ **tangan saha suku kawulo sami dipun cublesi.**”

Sedherek sami, Allah ngersakaken kita sedaya mangertos bilih sedanipun penebus wonten kayu salib punika bagian engkang paling penting saking rancangan Allah kangge nylametaken keturunan Adam saking ganjaran ukuman karana dosa. Almasih engkang leres kedah sangsara saha seda kangge manungsa engkang mboten leres. Punika pesen sedaya nabi, punapa sedherek sampun jelas? Punapa sedherek mangertos ramalan Zakaria perkawis Almasih engkang taksih 500 taun nembe badhe lahir? Punapa sedherek pitados pesan para nabi bilih Almasih (Allah) badhe sangsara saha seda lan badhe dados engkang pertama wungu saking kematian, engkang badhe nyatakaken pengampunan sakingdosa lan nyawisaken panggenan ing Firdaus kangge sedaya tiyang pitados ing AsmaNipun? Punapa sedherek kados tiyang Yahudi engkang namung ngormati Allah lambenipun nanging mboten pitados kalih pesen engkang dibeto para nabi?

Perkawis hubunganipun kalih pesen para nabi, Kitab suci ngendikan,

“Aja padha ngrèmèhaké pawarta-pawarta sing kaparingaké déning Sang Roh Suci. Merga saka kuwi aku padha saya yakin tumraping pawarta sing diwedharaké déning para nabi. Saiba beciké menawa kowé uga padha nggatèkaké pawarta kuwi, sebab pawarta mau kaya lampu sing sumunar madhangi panggonan sing peteng nganti tumekané ésum, lan kaya cahyaning lintang panjer ésum kang sumunar ana ing atimu. Punapa penjenengan, Raja Agripa, pitados dhateng para nabi? Kulo sumerep, bilih penjenengan pitados?”

Sedherek pamireng, maturnuwun sampun kalih kawulo. Pepanggihan ngajeng kita badhe mireng wicantenanipun nabi engkang nyerat buku pungkasan ing kitab suci sakderengipun Gusti Allah rawuh wonten dunya. Allah paring berkah wekdal sedherek njawab kanti jujur pitakenan penting saking pangandikanipun Allah.

Menawi sedherek wonten pitakenan, sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386. Saged SMS ugi WA. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 59

Rangkuman Pesen Para Nabi

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanhipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos. Wonten ing acara Margining Karahayun puniko, kita badhe sami sinau kitab-kitab engkang dipun serat para nabi, engkang jelasaken bilih wonten margi suci sik sampun Gusti tetepaken, saengga menungso saged dipun wastani tiyang leres wonten ngarsa-Nipun

Dinten sakmangkih kita badhe ngrampungaken penyelidikan wonten bagian wiwitan Kitab Suci. Nanging sakderengipun kita badhe ningali pasal pungkasan Perjanjian Lama, kita badhe rembagan sekedik perkawis punapa engkang sampun dilangkungi saking Kitab Suci, milai dinten pertama ngantos sakmangkih, kita saged ngringkes pesen para nabi kalian 3 dasar pemikiran.

1. Allah punika suci lan kedah ngadili dosa
2. Sedaya anak keturunan Adam dipun lahiraken saking dosa lan kedah ngadepi pengadilanipun Allah
3. Allah ngrancangaken kangge ngutus penebus engkang suci engkang badhe nanggeli paukuman dosa damel anak-anak Adam

Punika 3 kaleresan engkang diparingaken saben nabi Allah. Monggo kita wangsuli malih. 1. Allah punika suci lan Penjenenganipun mboten saged mbucal wedananipun saking dosa. 2. Manungsa kebak kalih dosa lan mboten saged kangge nylametaken piyambakipun saking paukuman dosa. 3. Allah gadah rencana kangge milujengaken tiyang dosa saking paukuman dosa.

Punapa sedherek saged nangkep kaleresan punika? Punapa sedherek sadar sepinten agengipun dosa sedherek wonten ngarsanipun Gusti Allah? Punapa sedherek mangertos bilih Allah gadah rencana kangge ngapus dosa sedherek?

Sedherek, Allah punika suci ananging manungsa mboten. Kalih kaleresan punika kita mangertosi wekdal sinau Kitab Suci. Kasucinipun Allah punika alasan Penjenenganipun damel latu neraka kangge

setan saha penderekipun. Karana kasuciNipun Allah ngusir Adam Hawa saking taman Firdaus wekdal nedha woh larangan. KasuciNipun ugi alasan dawuh dateng anak-anak Adam damel korban obongan awujud kewan kangge nutupi dosa. KasuciNipun ugi alasan punapa Allah mboten nampi pisungsungipun Kabil. Karana kasucin, Penjenenganipun mbinasakaken manungsa dosa wekdal jaman Nuh kalih banjir ageng sarta jawah latu wekdal Ibrahim dateng tiyang Sodom Gomora. Kasucinipun Allah punika alasan Penjenenganipun sampun nentukaken setunggaling dinten Allah badhe ngadili dunya kalian kaleresan.

Sumonggo kita pireng pangandikanipun Kitab Suci perkawis Kasucinipun Allah saha kambotensucinipun manungsa,

“Dhuh Pangéran, wiwitan mila Paduka menika jumeneng Allah. Paduka menika Allah kawula, suci saha langgeng, inggih Allah ingkang ngreksa kawula. Paduka sampun milih bangsa Babil, kadamel kiyat, supados sami saged ngukum kawula. Nanging kawula mboten mudheng déné ing ngatasipun Paduka menika mahasuci, koktahan mirsani tiyang-tiyang ingkang seneng goroh lan damel piawon menika? Ing ngatasipun paningal Paduka menika mahasuci, koktegel kèndel kémawon mirsani pendamel awon ingkang semanten agengipun. Kénging menapa Paduka kèndel kémawon menawi tiyang Babil sami mejahi tiyang-tiyang ingkang langkung mursid ketimbang kaliyan piyambakipun?”

Menawi Allah mekaten sucinipun lan manungsa mboten layak, lajeng sinten engkang saged wilujeng? Kadospundi kita saged wilujeng saking latu neraka engkang langgeng? Kadospundi anak-anak Adam saged nampi kelanggengan ing NgarsaNipun Allah engkang suci?

Pesen penting saking Perjanjian Sepindah njihpunika bilih Allah sampun janji kangge ngutus wonten dunya penebus engkang leres engkang badhe sedo nggantosaken panggenan anak-anak Adam saha kangge nebus sedaya engkang pitados PenjenenganNipun. Punika engkang Allah rancangaken kangge milujengaken tiyang dosa. Namung nglangkungi kocoran rah Penebus Allah saged ngapunten dosa saha ngrukunaken tiyang dosa kangge PenjenenganNipun tanpa ngompromikaken kalih kasucinNipun.

Kangge lumampah langkung tebih kalih rancanganNipun ngutus Penebus wonten dunya, Allah nimbali Ibrahim ndadosaken piyambakipun setunggaling bangsa enggal, ing pundi para nabi dumugi. Dawhipun Allah dateng Ibrahim, *“Kowé bakal Dakdadèkaké bangsa gedhé, bakal Dakberkahi lan jenengmu Dakgawé misuwur. Karo menèh kowé bakal dadi marganing berkah kanggo wong akèh.”* Dados mekaten pikantuk Ishak wekdal sampun sepuh, Ishak pikantuk Yakub, lajeng Yakub pikantuk 12 anak jaler, engkang dados leluhur suku Israel. Langkung garis keturunan Ibrahim punika Penebus badhe lahir.

Saklajengipun kita ugi ningali anak-anak Israel pindah saking Kanaan lan manggen wonten ing Mesir dados budak. Ananging Allah mboten nyupekaken kalih keturunan Ibrahim punika. Allah nimbali Musa kangge mbebasaken bangsa Israel lan mimpin tumuju tanah engkang Gusti janjiaken kala semanteng dateng Ibrahim. Allah ugi ngangge nabi Musa kangge maringaken dateng kita kitab engkang kasebat Taurat, engkang dados landesan saking sedaya perkawis engkang Allah sampun paring mangertos ngantos wekdal wau.

Saksampunan jaman Musa, kita ningali Allah ngutus nabi dateng bangsa Israel, ananging sebagian ageng bangsa wau mboten nggatosaken wicantenipun para nabi. Kambotensetyanipun Israel mboten ngalangi rancangan Allah ngutus Almasih wonten dunya. Wonten kitab Zabur, Daud nyerat perkawis anak-anak Adam engkang badhe nganiaya Penjenenganipun malan nyubles asta saha sukuNipun. Daud ugi ngramalaken bilih saksampunipun Almasih ngocoraken rahiPun dados korban penghapus dosa badhe ngawonaken kematian saha wungu saking pesareanipun.

Wekdal kita sinau Kitab Suci, kita manggihaken bilih mboten namung Musa kalih Daud engkang nyerat perkawis Almasih. Sedaya nabi Allah ugi martosaken perkawis rawuhipun Almasih. Contonipun Yesaya nyerat mekaten, *"Menawi mekaten, Gusti Allah piyambak ingkang badhé paring pretandha dhateng panjenengan, mekaten: Badhé wonten prawan ngandhut lan nglairaken anak jaler, ingkang kanamakaken Immanuèl."* Punika Yesaya serat 700 taun sakderengipun Almasih lahir.

Ing jaman Yesaya, Allah ugi nedahaken kitha panggenan Almasih lahir dateng dateng Mikha. Wonten pasal 5 Mikha nyerat, *"Pangandikané Pangéran, "Hé Bètléhèm Éfrata, kowé kuwi kutha cilik ing tanah Yéhuda, nanging saka kono Aku bakal nekakaké ratu kanggo Israèl, sing sarasilahé kawiwitan ing jaman kuna mula."*

Mesti mawon Allah kanti teliti ngatur persiapan rawuhipun Juruwilujeng dunya. Atusan keterangan didamel para nabi perkawis rawuhipun Almasih dados isinipun Kitab Suci. Menawi sedherk taken, "wonten punapa Allah manggenaken pemikiran-pemikiran perkawis rawuhipun Almasih dateng para nabi sakderengipun Penjenenganipun rawuh? Wonten setunggal alasan penting Allah ngilhami para nabi kangge nyerat kathah perkawis Almasih sederengipun rawuh, saengga wekdal Penjenenganipun rawuh saha nggenepi sedaya engkang diserat para nabi, kita saged mangertosi bilih Penjenenganipun punika Juruwilujeng engkang diutus Allah. Allah mboten ngersakaken sinten mawon ngapusi sedherek. Allah ngersakaken sedherek mangertos sinten punika Mesias, penebus tiyang dosa, saengga sedherek saged pitados saha ndherek Penjenenganipun saha wilujeng saking dosa. Punika sebabipun Allah paring buku engkang saged dipitados njih punika Perjanjian lama, saengga kita saged mbedakaken antawis engkang leres kalih engkang lepat.

Sakpunika kita badhe ngrampungaken pasinaun kita wonten Perjanjian Lama, kanti maos kitab pungkasan wonten Perjanjian Lama engkang naminipun Maleakhi. Punika sanget penting, karana wicanten nabi Maleakhi engkang pungkasan kangge anak-anak Adam sakderengipun Almasih rawuh, antawis 400 taun malih.

Maleakhi wicanten mekaten, *"Aku bakal ngutus utusan sing ngrata dalam sing bakal Dakambah. Pangéran sing kokgolèki kuwi bakal rawuh dadakan, ing Pedalemané. Utusan-Ku sing kokarep-arep tekané mau bakal kokdeleng lan kuwi sing bakal medharaké perjanjian-Ku." "Aku iki Pangéran, kang ora owah-gingsir. Mulané kowé anak-turuné Yakub ora bakal sirna. Nanging kanggoné kowé, sing padha mbangun-turut marang Aku, kowé bakal padha kapadhangane déning pangwasa-Ku sing nggawa keslametan, kaya srengéngé sing nekakaké kuwarasan srana panasé. Kowé bakal merdika kaya pedhèt sing diwetokaké saka kandhangé lan ngalami katentreman."*

Dados nabi Maleakhi ngramal, bilih Allah ngrancang ngutus nabi sanes nyiapaken margiNipun sakderengipun Almasih rawuh. Punapa sedherek mangertos sinten nabi wau?

Maleakhi nyerat," *Pangéran Kang Mahakwasa paring wangsulan mengkéné, "Aku bakal ngutus utusan sing ngrata dalam sing bakal Dakambah. Pangéran sing kokgolèki kuwi bakal rawuh dadakan, ing Pedalemané. Utusan-Ku sing kokarep-arep tekané mau bakal kokdeleng lan kuwi sing bakal medharaké perjanjian-Ku."*

200 taun sakderengipun Yeremia nyerat mekaten, *" Prejanjian anyar sing bakal Dakdamel karo Israèl saiki mengkéné, 'Aku bakal maringaké Torèt-Ku ana ing batiné, lan Dakserat ana ing atiné. Aku banjur bakal jumeneng dadi Allahé lan wong-wong mau bakal padha dadi umat-Ku.' Apa menèh wong ora prelu awèh piwulang marang wong Israèl liyané: Kowé padha wanuha karo Pangéran, merga saben wong bakal wanuh karo Aku, iya sing cilik, utawa sing gedhé. Aku bakal ngapura dosané lan kaluputané bakal ora Dakéling-éling menèh. Mengkono pangandikané Pangéran."*

Pirengaken pangandikan punika, selami ewunan taun, Allah nuntut korban kewan saengga keturunan Adam diapunten dosanipun. Almasih rawuh mboten mbucal wicantenan nabi, ananging kangge nggenepi. Mekaten sedherek pungkasanipun pasinaun kita wonten Perjanjian lami. Pepanggihan saklajengipun kita badhe milai sinau Perjanjian Enggal-Kitab Injil, ing pundi Almasih badhe nggenepi wicantenipun para nabi. Gusti mberkahi sedherek sami.

Menawi wonten pitakenan sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386. WA/SMS. Maturnuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 60

Lukas 1

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanhipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos.

Sedherek, sakpunika kita badhe nilai pelajaran kita bagian kaping 2 saking Dawuhipun Gusti engkang kasebat Perjanjian Enggal. Engkang sepindah perlu kita mangertosi bilih sedaya ayat wonten Perjanjian Lami diserat sakderengipun Mesias lahir, ananging ayat-ayat Perjanjian Enggal diserat saksampunipun Mesias lahir. Dados pesen para nabi wonten **Perjanjian Lami** njihpunika, **“Gusti badhe ngutus Mesias! Lajeng pesen ing Perjanjian Enggal, “Gusti Allah sampun ngutus Mesias tepat kados engkang Penjenenganipun janjikaken nglangkungi para nabi wonten Perjanjian Lami.”**

Punapa perbedaan penting wonten Perjanjian Lami saha Perjanjian Enggal wonten penggalih sedherek? Wonten tiyang engkang ngritik ayat-ayat suci Alkitab karena Alkitab gadhah Perjanjian Lami saha Enggal. Tiyang wau nginten bilih Perjanjian Enggal berarti wonten tiyang engkang ngribah ayat-ayat asli para nabi kalih Kitab sanes! Mboten mekaten engkang dumados. Perjanjian Enggal mboten ngicalaken punapa engkang diserat para nabi wonten Perjanjian Lami..ananging malah ngukuhaken punapa engkang sampun kaserat! Perjanjian Enggal nedhahaken kadospundi Allah nggenepi janji-janji engkang sampun karamalaken wonten Perjanjian Lami. Wonten PL para nabi martosaken, “Mesias badhe rawuh! Penjenenganipun badhe rawuh! Ananging wartos wonten PE, “Mesias sampun rawuh! Mesias engkang diwartosaken saha diserat para nabi sampun rawuh! Penjenenganipun sampun rawuh!

Kita kedhah ngaturaken panuwun dateng Gusti kanti manah engkang bingah karena ayat-ayat suci nggadahi isi Perjanjian Lami saha Enggal. Awit nglangkungi kalih bagian wau kita saged ningali janji Allah wekdal semanten lan sakpunika sampun digenepi! Gusti sampun ngutus setunggaling Juruwilujeng kados engkang dijanjaken dateng leluhur kita nglangkungi Kitab Taurat, Zabur sarta

kitab para Nabi. Kados winih engkang gesang dados wit, mekaten ugi Perjanjian Lami dados dewasa wonten Perjanjian Enggal. Kados engkang sedherek mangertos, bagian sari saking ayat suci, Perjanjian Enggal gadah nami sanes. Nami kasebat njihpunika **"Injil"**. Tembung "Injil" asalipun saking arab engkang artosipun, "Wartos Sae". Panci leres bilih wartos engkang kaserat wonten Injil punika wartos engkang sanget sae, karana kitab punika njlentrehaken kadospundi Mesias nggenepi punapa engkang diramalaken para Nabi, saengga mbikak lawang pirukunan kangge anak-anak Adam kalian Gusti ngantos selaminipun.

Perkawis kalih Kitab Injil, sedherek kedah mangertos, bilih Mesias piyambak mboten nyerat perkawis wau. Kadosdene Gusti ngagem kathah tiyang kangge nyerat Perjanjian Lami, mekaten ugi Mesias ngagem kathah tiyang nyerat Perjanjian Enggal. Gusti ngagem 4 tiyang kangge nyerat carios Mesias engkang rawuh wonten dunya, njihpunika, Matius, Markus, Lukas saha Yahya. Wonten punapa Gusti ngilhami 4 tiyang, mboten setunggal mawon kangge nyerat carios Mesias? Mekaten alasanipun: Gusti ngersakaken dateng kita wartos engkang pantes dipitados. Penjenenganipun ngagem 4 penulis kangge ngukuhaken PangandikaNipun, kados meja engkang sikilipun sekawan langkung kiat tinimbang sikil setunggal, mekaten ugi 4 saksi langkung kiat saha saged dipitados tinimbang setunggal. Gusti ngagem 4 saksi supados kita saged mangertosi bilih sedaya engkang kaserat wonten ing Kitab Injil perkawis Mesias panci leres! Kados Gusti manggenaken PangandikaNipun dateng para Nabi, mekaten ugi Penjenenganipun nuntun 4 tiyang engkang gesang ing jamanipun Mesias, nyerat punapa engkang dipun tingali lan pireng perkawis Mesias!

Punapa sedherek mangertos, ngangge boso punapa Matius, Markus, Lukas saha Yahya nyerat Injil? Njih Bahasa Yunani. Kita ngaturaken panuwun dateng Gusti, karana Penjenenganipun nanemaken isi kitab kasebut wonten manah tiyang-tiyang pinter kangge nerjemahaken wonten ing 2000 basa sanesipun ing dunya.

Ayat-ayat pantes dipitados lan ditaati. Kados pangandikanipun Gusti sempurna kaserat wonten Taurat saha Zabur, Sabda kasebat sempurna wonten Kitab Injil, saengga isinipun mboten saged dirisak. Gusti engkang Maha Ageng sagah nglindungi SabdaNipun engkang langgeng! Punika engkang Gusti piyambak ngendikakaken wonten Kitab Injil, wekdal Penjenenganipun ngendikan, *"Langit lan bumi bakal sirna, nanging tembung-Ku ora bakal sirna."*

Kanti punika, wekdal sakmangkih kita badhe milai sinau mbahas perkawis nabi Maleakhi engkang gesang 400 taun sakderengipun Mesias utawi Kristus. Antawis 400 taun saksampunipun nabi Maleakhi, Gusti mboten ngutus kagem umat Yahudi nabi kangge nyerat SabdaNipun. Wonten punapa kok mekaten? Karana Kitab Perjanjian Lami sampun lengkap. Gusti sampun ngendikakaken sedaya pikajenglpun nglangkungi para Nabi. Sakmenika Gusti nenggo wekdal engkang

dipuntetepaken kangge ngutus Mesias wonten dunya, supados Penjenenganipun damel Perjanjian Enggal.

Kita sampun maos punapa engkang dicantenaken sakderengipun dening nabi Yesaya saha Maleakhi perkawis rencana Allah ngutus nabi sakderengipun Mesias kangge nyiapaken margi KaPenjenenganipun. Sedherek mangertos nabi wau? Njih, nabi Yahya. Bapakipun Yahya naminipun Zakaria, setunggaling imam engkang ngladosi Gusti lan sedaya umat kangge paring pisungsung kurban wonten Mesbah suci wonten Yerusalem.

Sakmangkah monggo kita maos Kitab Injil Lukas perkawis lahiripun nabi Yahya, mekaten suraosipun,

"Nalika jamané Sang Prabu Hérodès dadi ratu ing tanah Yudéa, ana imam jenengé Zakharia. Imam mau golongané imam-imam Abia. Somahé jenengé Élisabèt, uga ana turuné imam. Sekaroné padha wong mursid; seneng ngèstokaké dhawuh lan netepi angger-anggeré Allah. Imam Zakharia lan Élisabèt mau ora duwé anak, jalaran Élisabèt gabug. Mangka loro-loroné wis padha tuwa. Sawijining dina, Imam Zakharia nindakaké kuwajibané ngimami ing pangibadah, jalaran nalika semana golongan imam-imam Abia olèh giliran netepi kuwajibané ing Pedalemané Allah. Nalika Imam Zakharia lagi nindakaké upacara mau, ing jaba ana umat akèh sing padha ndedonga. Dumadakan ana malaékat ngrawuhi Imam Zakharia. Malaékat mau jumeneng ana ing sisih tengené mesbèh, papané ngobong dupa. Imam Zakharia nalika weruh malaékat mau kagèt lan wedi banget. Nanging malaékat mau banjur ngandika: "Aja wedi, Zakharia! Gusti Allah wis miyarsakaké pandongamu. Élisabèt, somahmu, bakal mbabar anak lanang. Bocah kuwi jenengna Yohanes.

"Aku iki Gabrièl, sing ngadhep ana ngarsané Gusti Allah. Aku diutus ndhawuhaké pawarta sing mbungahaké iki marang kowé. Apa sing dakkandhakaké iki mesthi bakal kelakon, ing wektu sing wis ditemtokaké déning Gusti Allah. Nanging sarèhné kowé ora ngandel karo kandhaku, mulané kowé bakal dadi bisu, nganti tekan wektuné sing dakkandhakaké iki mau kelakon kabèh."

Ora let suwé Élisabèt, somahé nuli ngandhut, Élisabèt mosik ing sajroning ati: "Pungkasané Gusti Allah mitulungi aku, lan ngilangi sing njalari isinku karo wong-wong, nganti aku saiki wis ora prelu isin menèh."

Kita ningali Gusti ngutus Gabriel manggihi Zakharia kangge wicanten kadospundi Elisabeth semahipun badhe pikantuk yoga jaler. Yoga punika badhe dados nabi ageng engkang badhe nyiapaken margi kangge Mesias. Saengga ing akhir pasal 1, Injil Lukas ngendikan, *"Bareng wis tekan mangsané, Élisabèt banjur mbabar putra kakung. Tangga teparo lan sanak seduluré padha krungu bab gedhéning sih-kadarmané Pangéran sing kaparingaké marang Élisabèt. Wong-wong mau padha mèlu bungah banget. Nalika bayiné umur wolung dina, tangga teparo lan sanak seduluré mau padha*

teka, arep netaki bayiné. Karepé wong-wong mau bayiné arep padha dijenengi Zakharia, kaya bapakné. Nanging ibuné muni: "Aja! Bocah iki kudu dijenengaké Yohanes!"

Tangga teparoné kabèh padha wedi, lan pawarta mau kawentar ing daérah pegunungan Yudéa kabèh. Wong kabèh sing padha krungu bab lelakon kuwi nuli padha mikir lan takon ing sajroning ati: "Bocah iki mbésuk bakal dadi apa?" Merga cetha yèn pangwasané Allah nunggil karo bocah mau. Imam Zakharia, bapakné si bayi Yohanes mau, nuli kapenuhan ing Roh Suci, sarta medhar pameca, mengkéné: "Pinujio Pangéran, Allahé bangsa Israèl! Sebab wis nuweni umate lan paring pangluwaran. Gusti Allah maringi Juru Slamet sing kwsa marang kita, yakuwi turuné Dawud, abdiné. kaya kang wis kapangandikakaké wiwitan mula lantaran para nabiné kang suci supaya kita luwar saka mungsuh-mungsuh kita lan saka tangané sakèhé wong kang padha sengit marang kita. Supaya srana mengkono Panjenengané ngetingalaké sih-kadarmané marang para leluhur kita, sarta netepi janjiné sing suci. Gusti Allah wis supaos marang leluhur kita Abraham, lan wis janji arep ngluwar kita saka mungsuh kita, supaya kita bisa ngabekti marang Panjenengané, tanpa rasa wedi, ing sajroning kasucèn lan kabeneran ana ing ngarsané, selawasé urip kita. Déné kowé, enggèr anakku, kowé bakal disebut nabiné Gusti Allah sing Mahaluhur. Kowé diutus déning Gusti Allah minangka utusan sing ndhisiki tindaké, prelu nyawisaké dalan kagem Panjenengané, sarta nuduhaké marang umaté, yèn umat mau bakal dislametaké, srana pangapuraning dosa sing bakal diparingaké marang umat mau. Pangéran Allah kita kuwi loma, sarta akèh sih-piwelasé; Panjenengané bakal rawuh ngluwar kita. Padha kaya srengéngé mlethèk ing wayah ésuk, mengkono Panjenengané bakal madhangi marang saben wong, sing padha urip ana ing pepetenging dosa lan tansah krasa wedi. Gusti Allah nuntun kita marang dalaning katentreman."

Zakharia ngluhuraken Gusti saksampunipun Yahya lahir, awit piyambakipun mangertos lahiripun Mesias sampun dumugi! Yahya yoganipun Zakharia sanes Mesias, ananging tiyang engkang rawuh sakderengipun Mesias kangge martosaken rawhipun Mesias lan nyiapaken Marginipun.

Maturnuwun sampun mindangetaken siaran kawula. Pepanggihan ngajeng, kawulo badhe maosaken carios malaikat Gabriel manggihi perawan Maria kangge martosaken wartos penting.

Gusti mberkahi sedherek, wekdal menggalihaken wicantenipun Zakharia, "Pinujia Pangeran..!Penjenengane nukulake sunguning karahayon kanggo kita ana ing tedhake Daud abdine, kaya kang wis kapangandikakake wiwitan mula lantaran para nabine kang suci."

Menawi sedherek wonten pitakenan, sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386. WA/SMS. Nuwun..

Margining Karahayun

Pelajaran 61

Lukas 1, Matius 1

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanhipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos.

Wonten pepanggihan kepengker kita sampun nilai sinau isi Perjanjian Enggal njihpunika Injil. Tembung Injil asalipun saking bosa arab engkang artosipun Wartos Sae. Panci leres, bilih wartos Injil leres-leres wartos engkang sanget sae kangge sedaya manungsa engkang pitados, awit wartos wau paring ngertos dateng kita bilih Allah ngutus Juruwilujeng ing dunya kados janjiNipun nglangkungi para nabi.

Sakderengipun kita nilai pelajaran wonten Injil, langkung sae kita emut wonten punapa Allah ngrancangaken kangge ngutus Juruwilujeng dateng anak-anak Adam. Sedherek emut, punapa engkang dumados wekdal Adam saha Hawa nglanggar dawuh Allah? Wonten Taurat, kita ningali kambotentaatipun Adam ndadosaken umat manungsa tebih saking kratonipun Allah lan lumebet wonten kratonipun setan. Dosa Adam punika alasan punapa kita dipun lahiraken wonten ing kambotenleresan.

Ananging, raos panuwun dateng Allah bilih ayat-ayat Kitab suci engkang diserat para nabi mboten katutup kalian carios perkawis dosa Adam. Sampun kita tingali, wekdal Adam saha Hawa nglampahi dosa, Allah nilai martosaken rancanganNipun engkang endah kangge ngutus penebus dosa wonten dunya kangge ngluwari keturunan Adam saking kuwaos setan saha dosa.

Wekdal dinten peteng wekdal dosa mlebet wonten dunya, Allah ngumumaken bilih penebusa engkang suci badhe lahir saking setunggaling "wanita". Mesias engkang kedhah ngocoraken Rahipun dados kurban sampurna kangge tiyang dosa, mboten mungkin asalipun saking bapak dunya engkang dikebaki kalih dosa. Penjenenganipun kedhah sampurna saha suci sami kados Allah engkang sampurna saha suci. Punika sebabipun Nabi Yesaya, nyerat, "*Lah, sang kenya bakal nggarbini sarta mbabar putra kakung, kang asmané bakal sinebut Imanuèl, tegesé: Allah nunggil kalawan kita.*"

Sakmangkah sumonggo kita wangsul mbahas kitab Injil supados kita saged ningali kadospundi Allah nggenepi punapa engkang Penjenenganipun janjiaken, perkawis Mesias engkang sampurna lan suci engkang badhe lahir saking perawan anem engkang dereng nate hubungan kalian tiyang jaler. Pelajaran kepengker kita ningali Gabriel manggihi Zakharia paring mangertos bilih semahipun badhe nglahiraken yoga jaler laheng diparingi nami Yahya engkang nyiapaken margi sakderengipun penebus rawuh.

Sakpunika kita badhe nglajengaken pelajaran kita ing Injil Lukas 1, kadospundi Allah ngutus Malaikat-lipun kangge manggihi setunggaling Kenya engkang naminipun Maria. Kitab suci ngendikan,

"Bareng wus nyandhak nem sasiné, Allah ngutus malaékat Gabrièl menyang Nasarèt, ing wilayah Galiléa, nemoni prawan kang pacangan karo wong kang aran Yusuf, tedhaké Daud. Prawan mau asmané Maria. Nalika malaékat mau lumebet ing omahé Maria, banjur ngandika, "Salam, kowé kang kinasihan, Pangéran tansah nganthi marang kowé." Krungu pangandika mangkono iku Maria kagèt, lan pitakon ing sajroning ati, apa tegesé iku. Malaékat nuli ngandika, "Aja wedi, Maria, awit kowé olèh sih-kanugrahan ana ing ngarsaning Pangéran. Lah kowé bakal ngandheg lan bakal nglairaké anak lanang. Iku jenengna Yésus. Bocah mau bakal pinunjul lan kasebut Putraning Allah Kang Mahaluhur. Apadéné Allah bakal maringaké dhamparé Daud, leluhuré, marang Panjenengané. Panjenengané bakal jumeneng dadi Rajaning para turuné Yakub nganti salawas-lawasé, sarta kratoné iku bakal ora ana wekasané." Maria banjur matur marang malaékat mau, "Punika sagedipun kalampahan kadospundi, jalaran kawula dèrèng émah-émah?" Paring wangsulané malaékat, "Roh Suci bakal nedhaki kowé, sarta kwané Kang Mahaluhur bakal ngayomi kowé; mulané bayi kang bakal lair iku bakal kasebut suci, Putraning Allah. Lah Élisabèt, sadulurmu, kang wus tuwa iku, iya lagi ngandhut anak lanang, déné sapréné wus nem sasi, mangka wus diarani gabug. Amarga tumraping Allah ora ana barang kang mokal." Maria banjur munjuk, "Sumangga, kawula punika abdinipun Pangéran; tumrap kawula kalampaha kadosdéné ingkang Paduka ngandikakaken." Sawusé mangkono malaékat mau banjur jengkar nilar Maria.

Maria punika Kenya enem engkang naati dawuhipun Allah. Piyambakipun dijanjiaken nikah kalian Yusuf, ananging dereng manggen sesarengan. Yusuf saha Maria punika keturunanipun Daud. Sedherek emut bilih nabi Allah mboten namung ngramalaken bilih Mesias badhe lahir nglangkungi Kenya enem, ananging ugi tedak turunipun Daud.

Wonten ing ayat-ayat engkang sampun kita waos, kita ningali Gabriel manggihi Maria kangge paring ngertos bilih piyambakipun, Kenya engkang dikajengaken dening Allah kangge mbeta Juruwilujeng dateng tiyang-tiyang dosa ing dunya. Gabriel ugi paring ngertos nami anak engkang dipun bobot. Wicantenipun Malaekat, *"anak lanang, Iku jenengna Yésus"*. Yesus artosipun Gusti milujengaken.

Nanging wonten nami sanes engkang disebut Gabriel engkang wonten hubunganipun kalih Mesias. Sedherek mireng? Piyambakipun nyebat, *“Putraning Allah Kang Mahaluhur”*. Remen punapa mboten punika engkang dicantenaken Gabriel. Wonten kitab Zabur, Daud nyebat bilih Allah nyebat **Mesias PutraNipun**. Kita ugi mireng Gabriel nyebat Mesias, **“Putraning Allah”**

Wonten Kitab Suci Mesias kaping 120 disebut Putra Allah. Dados kita engkang pitados seratan para nabi mboten wantun nyangkal bilih Allah nyebat Mesias PutraNipun. Punapa engkang kepingin kita mangertosi njihpunika wonten napa Allah nyebat Yesus Putra-Nipun.

Sepindah kita perlu mangertosi bilih anak Allah, mboten artosipun Allah mendet tiyang setri lajeng gadah anak jaler. Sinten engkang menggali mekaten punika nyenyamah Allah. Allah njih punika Engkang Maha Inggil lan mboten pikantuk anak kados manungsa. Punika kedah leres-leres jelas wonten penggalih sedherek.

Mekaten kalih Yesus engkang kasebat Mesias. Allah nyebat Putra-Nipun karena Penjenenganipun saking Allah. Mesias rawuh saking suwargi. Sakderengipun lahir, Penjenenganipun asmanipun Allah, Penjenenganipun wonten lebet Allah. Penjenenganipun njihpunika Roh Allah. Mesias artosipun ugi *“Firman”* engkang wiwitan mila sareng Allah. Kitab Injil njelasaken mekaten,

“Ing kala purwa Sang Sabda iku wus ana, déné Sang Sabda iku nunggil karo Allah sarta Sang Sabda iku Allah. Panjenengané iku wiwit ing kala purwa wus nunggil karo Allah. Samubarang kabèh katitahaké déning Panjenengané, lan samubarang kang dumadi ora ana sawiji-wijia kang ora katitahaké déning Panjenengané. Sang Sabda wus dadi manungsa, sarta dedalem ana ing antara kita.”

Njih, Mesias njihpunika sabda Allah engkang rawuh saking suwargi lan lahir dados manungsa. Kita sedaya mangertos bilih Mesias mboten gadah bapak jasmani, lajeng saking pundi Penjenenganipun rawuh? Putranipun sinten Penjenenganipun? Gabriel ngendikan dateng Mariam mekaten, *“Malaékat mau nuli mangsuli: “Roh Suci bakal nedhaki kowé, sarta kwané Gusti Allah bakal ngayomi kowé. Mulané Putra sing miyos kuwi suci, sarta bakal disebut Putraning Allah.”*

Sedherek kula, panci leres bilih Allah Maha Kuwaos, saengga mboten wonten perkawis mokal ing Ngarsanipun. Nanging perkawis kelahiran Yesus saking perawan nem, alasanipun langkung penting ketimbang nedahaken kuwaos Allah. Alasanipun miturut kitab suci, *“Yesus Kristus rawuh ana ing dunya kanggo nylametake manungsa saka dosa,”* Yesus lahir ing dunya kangge tiyang dosa lan keturunan Adam engkang kaukum. Punika sebabipun Penjenenganipun mboten lahir saking tiyang dosa. Kados engkang kita tingali, miturut rancangan Allah, Mesias kedah nhocoraken Rahipun dados kurban penebus dosa.

Kita badhe mungkasi siaran punika kanti maos Kitab Injil Matius perkawis lahiripun Mesias. Saksampunipun Maria mbobot karana Roh Suci, Penjenenganipun ngengkeng Malaekatipun manggihi Yusuf pacanganipun Maria.

"Anadéné wiyosé Yésus Kristus iku kalakoné mangkéné: Nalika Maria kang ibu lagi pacangan karo Yusuf, sadurungé tunggal sapaturon, tinemu wis ngandheg marga saka Roh Suci. Sarèhné Yusuf bojoné iku wong mursid sarta ora gelem mirangaké Maria ana ing ngarepé wong akèh, mulané sumedya medhot pacangané kanthi sesidheman. Nanging bareng lagi duwé gagasan mangkono iku, tumuli ana malaékating Pangéran ngatingali sajroning pangimpèn, dhawuhé, "Hé, Yusuf, tedhaké Daud, aja sumelang anggonmu ngepèk Maria dadi bojomu, awit Putra kang kabobotaké iku marga saka Roh Suci, sarta Maria bakal mbabar putra kakung, iku namakna Yésus; awit iya iku kang bakal ngluwari umaté saka ing dosané." Iku mau kabèh kelakon supaya katetepan apa kang kapangandikakaké déning Pangéran lantaran nabi, mangkéné, "Lah, sang kenya bakal nggarbini sarta mbabar putra kakung, kang asmané bakal sinebut Imanuèl, tegesé: Allah nunggil kalawan kita." Satanginé turu, Yusuf banjur ngèstokaké kayadéné kang kadhawuhaké déning malaékating Pangéran, lan nampani Maria dadi bojoné, nanging ora diwori turu, nganti tumekané wus mbabar putra, kang banjur dinamakaké Yésus."

Sedherek kita pungkasi siaran dinten sakmangkih. Pepanggihan saklajengipun kita badhe maos Kitab Injil perkawis lahiripun Yesus Juruwilujeng engkang ngeramaken.

Gusti mberkahi sedherek, wekdal ngemut-emut punapa engkang Malaikat cantenaken dateng Yusuf perkawis Mesias, *"Bayi kuwi jenengana Yésus, awit iya Panjenengané kuwi sing bakal nylametaké umaté saka ing dosané."*

Menawis sedherek wonten pitakenan, sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386. SMS/WA. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 62

Lahiripun Mesias Lukas 2, Matius 2

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanhipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos.

Wonten pelajaran kepengker, kita ningali kadospundi Gusti Allah ngutus Malaekat Gabriel dateng tanah Filistin kitha Nasaret manggihi Maria prawan nem. Malaekat wau paring mangertos dateng Maria badhe mbobot saha nglahiraken putra jaler saking kuwaosipun Roh Suci lan paring nami Yesus. Yesus artosipun Allah milujengaken. Penebus engkang sampun Gusti Allaj janjikaken wekdal Adam lan Hawa dumawah dosa, wonten ing kandungan tiyang prawan lan badhe lahir wonten dunya.

Sakderengipun kita wangsul maos kitab Injil ningali kadospundi Yesus lahir, ijinaken kawulo njelasaken perkawis wekdal ing pundi Penjenenganipun lahir. Raja Romawi, Kaisar Agustus mrintah katah negari, termasuk Yahudi. Kekaisaran Romawi mboten saged ngalangi rencana Allah kangge ngutus penebus dateng dunya. Sakleresipun Allah ngrancang badhe ngginakaken tiyang Romawi kangge nggenepi wicantenipun para nabi.

Sedherek emut wicantenipun nabi Mikha 700 taun sakderengipun Mesias rawuh? Mikha wicanten bilih Mesias badhe lahir ing Betlehem kutha Daud. Ananging Maria sakpunika manggen wonten Nasareth, kitha antawis 150 km sisih ler Betlehem. Lajeng kadospundi Yesus lahir wonten Betlehem?

Sedherek, mboten wonten perkawis mokal kagem Allah. Penjenenganipun mangertos sedaya engkang dumados. Wekdal sampun celak Maria nglahiraken, kaisar agung Romawi ngedalaken perintah, bilih sedaya tiyang jaler saha estri kedah kesah dateng kutha leluhuripun kangge sensus saha mbayar pajak. Punika artosipun Yusuf saha Maria kedah kesah tumuju Betlehem ing kutha Daud, awit kalebet keturunan Daud.

Injil Lukas 2 ngendikan mekaten,

“Nalika samana Kaisar Agustus paring dhawuh, dianakna cacah jiwa tumrap wong saindenging jagat. Mulané wong-wong kabèh banjur padha mangkat arep ndhaftaraké, saben wong menyang kuthané dhéwé-dhéwé. Mangkono uga Yusuf iya mangkat saka Nasarèt, wilayah Galiléa menyang Yudéa, kuthané Daud, kang aran Bètéléhèm — amarga asalé saka ing brayat lan tedhaké Daud supaya didhaftaraké bebarengan karo Maria, pacangané, kang lagi ngandheg. Bareng wus tekan kono, Maria anggoné ngandheg wus tekan wektuné babaran, banjur mbabar putra kakung, kang pambajeng, nuli digedhong lan disèlèhaké ing pamakanan, sabab padha ora komanan panggonan ana ing papan panginepan.”

Punapa sedherek gatosaken, ing pundi Mesias lahir? Mesias lahir wonten panggenan engkang sanget sederhana kandang kewan, awit panginepan ing Betlehem sampun kebak. Juruwilujeng saha hakimipun dunya lahir wonten kandang kewan. Wonten tiyang engkang menggalih, “Punika mokal menawi Yesus Juruwilujeng dunya saha Gusti kangge ngadili sedaya keturunan Adam, wonten punapa kok mboten lahir wonten istana, kalih kaluhuran ageng, saengga saben tiyang Penjenenganipun Rajaning raja saha Gusti ing nginggiling sedaya allah?”

Sedherek kita kedah emut, bilih penggalhipun Allah benten kalih pikiranipun manungsa, lan Kamulyanipun Allah benten kalih kamulyanipun dunya. Mesti mawon lahiripun Yesus dikebaki kalian kamulyan ageng, nanging sebagian ageng anak Adam mboten ngakeni.

Mesias rawuh mboten namung kangge milujengaken tiyang sugih, engkang mboten mangertosi perasaanipun tiyang alit. Allah ngersakaken sedaya tiyang mangertos bilih Sang Penebus engkang Penjenenganipun utus rawuh wonten ing dunya punika kangge milujengaken saben tiyang engkang pitados, sae engkang sepuh, anem, jaler, setri, sugih, miskin, tiyang bebas utawi tawanan.

Sakmangkah kita lajengaken maos bagian engkang endah carios lahiripun Mesias. Wekdal Yesus lahir wonten kandang kewan, Allah ngutus para malaekat-lipun dateng para pangen engkang nembe njagi pangenanipun wonten ara-ara sekitariipun Betlehem. Pirengaken kadospundi Allah paring ngertos perkawis wartos sae lahiripun Mesias.

Injil Lukas 2 ngendikan,

Kacarita ing tlatah kono ana para pangon kang padha nginep ing ara-ara njaga pepanthaning kéwané ing wayah bengi. Dumadakan ana malaékating Pangéran jumeneng ing sacedhaké sarta padha kasorotan ing cahya kamulyané Pangéran satemah padha wedi banget. Malaékat mau tumuli ngandika marang wong-wong mau, "Aja padha wedi, lah kowé padha dakwartani kabungahan gedhé, kang bakal kaparingaké tumrah sabangsa kabèh: Ing dina iki wus miyos Juruslametmu, yaiku Kristus, kang jumeneng Gusti, ana ing kuthané Daud. Déné kang minangka tengerané marang kowé,

mangkéné: Kowé bakal mrangguli bayi kagedhong sumèlèh ing pamakanan." Dumadakan ana balatantra swarga kang akèh banget cacahé, kang mbarengi malaékat mau sarta padha memuji marang Allah, sabdané, "Kamulyan kagem Allah kang ana ing ngaluhur lan tentrem-rahayu ana ing bumi, ing antarané manungsa kang dadi renaning panggalihé." Sapengkeré para malaékat menyang swarga, para pangon mau padha sapocapan mangkéné, "Payo, padha menyang Bètlèhèm, ndeleng apa kang wus kelakon ing kana, kaya kang wus kapangandikakaké déning Pangéran marang kita." Banjur padha énggal-énggal mangkat, tumuli ketemu karo Maria lan Yusuf, apadéné Jabang-bayi, kang sumèlèh ing pamakanan. Bareng wus padha nyumurupi, banjur padha nyritakaké apa kang wis kapangandikakaké bab Jabang-bayi iku. Wong kabéh kang padha krungu critané para pangon mau padha gumun. Para pangon tumuli padha bali kalawan memuji lan ngluhuraké Allah, marga sabarang kang wis dirungu lan dideleng iku, cocog karo kang wis kapangandikakaké marang wong-wong mau."

Dateng sinten wiwitan Allah paring ngertos wartos sae perkawis lahiripun Mesias? Punapa Penjenenganipun paring ngertos wartos sae wau dateng kaisar Romawi, tiyang sugih utawi pemimpin agami? Mboten. Gusti Allah wiwitan ngumumaken lahiripun Mesias dateng para pangen engkang sederhana engkang nembe nenggo rawuh-lipun. Mekaten gumbiranipun para pangen wekdal ningali bayi Yesus. Para pangen ningali tiyang engkang carios-lipun sampun diserat dening para nabi: Mesias, Juruwilujeng dunya, Sabda Allah engkang langgeng, kabungkus wonten ing bayi alit.

Sakmangkih kita badhe mirengaken kadospundi Allah martosaken lahiripun Sang Juruwilujeng dateng tiyang pinter. Injil Matius 2 ngendikan,

"Nalika Yésus wus miyos ana ing Bètlehèm, wilayah Yudéa, yaiku nalika jamané Raja Hérodès, lah ana para pandhita saka Wétan padha teka ing Yérusalèm lan takon-takon, "Rajanipun tiyang Yahudi ingkang nembé miyos punika wonten ing pundi? Margi kula sampun sami sumerep lintangipun wonten ing Wétan, déné anggèn kula mriki punika badhé sami sujud wonten ing ngarsanipun." Bareng miyarsa kang mangkono iku, Hérodès banget getéré, mangkono uga wong sakutha Yérusalèm kabèh. Banjur nimbali sakèhé para pangareping imam lan para ahli Torèt bangsa Yahudi, lan padha kadangu ana ngendi Sang Kristus bakal miyos. Unjuké kang padha kadangu, "Wonten ing Bètlehèm, wilayah Yudéa, awit ingkang sampun kaserat déning nabi, makaten: Anadéné sira, hé Bètlehèm wilayah Yéhuda, sira iku babar pisan ora kang cilik dhéwé ana ing antarané para kang ngasta papréntahan ing wilayah Yéhuda, amarga saka sira bakal ana panutan miyos, kang bakal ngengon umatingsun Israèl." Hérodès banjur nimbali para pandhita mau kanthi sesidheman, padha kadangu kanthi tlesih bab wektu katoning lintangé; nuli padha didhawuhi menyang Bètlehèm sarta kaweling, "Padha mangkata, titi-priksanen sing tlesih bab Sang Timur iku, déné samangsa wus ketemu, énggal padha ngaturana uninga marang aku, supaya aku iya bisa mrana nyembah marang Panjenengané."

Para pandhita sawisé ngrungu dhawuhé raja iku, banjur padha mangkat. Lah nalika iku, lintang kang wis kadeling ana ing Wétan mau, nuntun lakuné para pandhita nganti tekan papan kang katuju, lan banjur mandheg ing sandhuwuré padunungané Sang Timur. Bareng weruh lintangé, padha bungah banget. Banjur padha lumebu ing omah lan ndeleng Sang Timur karo Maria kang ibu, nuli padha sujud nyembah marang Panjenengané. Tumuli padha mbukaki pethiné raja-brana, Padha nyaosaké pisungsung marang Panjenengané arupa mas, menyan lan blendok mur. Sabanjuré, sarèhné padha diélingaké ing sajroning impèn, supaya aja bali sowan ing ngarsané Hérodès, mula mulihé menyang tanahé padha metu dalan liya.

Punika wau ringkesipun carios lahiripun Mesias utawi Juruwilujeng. Setunggal perkawis engkang mesti kita cantenaken, njihpunika perkawis lahiripun Yesus Sang Juruwilujeng mboten wonten bandinganipun wonten sejarah dunya. Sedaya Nabi, Rasul saha raja mboten wonten engkang lahiripun kados Yesus.

Para sedherek, lajeng punapa engkang saged kita canten? Kita saged wicanten, mboten wonten setunggal mawon tiyang engkang lahir kados Yesus. Lahiripun Yesus ajaib. Yesus langkung saking setunggaling nabi. Penjenenganipun punika para Nabi wicanten. Penjenenganipun Juruwilujeng saking Suwargi.

Menawi Yesus mboten namung Nabi, wonten punapa para nabi martosaken rawuh-lipun sakderengipun lahir? Wonten punapa para malaekat mandap ngrayakaken kelahiran-lipun? Menawi Yesus saknginggiling para nabi, Pramila wonten punapa Allah manggenaken lintang ageng ing langit kangge martosaken kelahiran-Nipun? Saha kangge alasan punapa Penjenenganipun dilahiraken Kenya anem? Mugi-mugi sedherek menggalihaken kanti teliti pitaken-pitaken penting punika.

Maturnuwun sampun mirengaken siaran punika. Gusti paring berkah, wekdal sedherek ngrenungaken pesenipun Malaekat dateng para pangen, **"Aja wedi, sebab tekaku iki nggawa kabar becik kanggo kowé, lan sing bakal mbungahaké wong kabèh. Ing dina iki wis miyos Juru Slametmu ana ing kuthané Sang Prabu Dawud, yakuwi Sang Kristus kang jumeneng Gusti."**

Menawi sedherek wonten pitakenan saged ngubungi kawulo ing no 081333777386. SMS/WA. Nuwun,,

Margining Karahayun

Pelajaran 63

Putra Engkang Suci

Lukas 2, Matius 3,4

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanhipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos

Ndalu wekdal Yesus lahir, Allah ngutus sebagian ageng Malaekat kalian rasukan engkang sumunar dateng para pangen ing ara-ara Betlehem. Salah setunggaling Malaekat wau wicanten dateng para pangen, **"Aja wedi, sebab tekaku iki nggawa kabar becik kanggo kowé, lan sing bakal mbungahaké wong kabèh. Ing dina iki wis miyos Juru Slametmu ana ing kuthané Sang Prabu Dawud, yakuwi Sang Kristus kang jumeneng Gusti."**

Dinten sakmangkih kita badhe sinau wekdal Yesus alit saha wekdal dewasa. Kitab Injil paring ngertos bilih saksampunipun Yesus lahir, Yusuf saha Maria gadah anak jaler saha setri. Yesus ageng sesarengan sedherek kandungipun ing Nazaret. Kados engkang sedherek mangertosi, Yusuf mboten nganakaken Yesus, ananging ing ngajengipun manungsa, Yesus punika yoganipun Yusuf. Karana Yusuf punika tukang kayu, Yesus ugi nyambutdamel dados tukang kayu wekdal wonten ing griya, *"Yésus saya mundhak gedhé lan mundhak wicaksana. Semono uga saya kinasihan ing Allah lan manungsa."*

Sami kados lare-lare sanes Yesus nedha, tilem, dolanan saha sinau. Nanging wonten engkang benten saking Yesus kalih lare sanesipun. Sedherek mangertos punapa? Panjenenganipun mboten damel dosa. Ngandikanipun mboten nate goroh. Penjenenganipun mboten dosa karana mboten wonten oyotipun dosa. Karakter Penjenenganipun suci. Piawon sanes bagian Penjenengan-Nipun. Penjenengan-Nipun namung nindakaken punapa engkang ngremenaken Allah. Penjenenganipun gadhah kondisi fisik kados kita, nanging mboten gadhah sifat awon kados kita. Punika engkang diwedharaken Kitab Injil, : *"Sarèhné mengkono, mulané kita padha ngantepana marang sahadat kita. Awit kita padha duwé Imam Agung, sing wis sowan ing ngarsané Allah, yakuwi Gusti Yésus, Putraning Allah. Imam Agung kita iki dudu wong sing ora bisa ngrasakaké kaapesan kita. Malah Panjenengané*

wis ngalami kagodha ing samubarang prekara. Ora béda karo kita dhéwé; mung Panjenengané ora gawé dosa!”

Wekdal Yesus yuswo 30 taun, wekdal kangge Penjenenganipun milai pedamelan-Nipun dados Juruwilujeng dunya sampun dumugi. Ing setunggaling dinten Penjenenganipun wicanten pamit dateng keluarga-Nipun, ninggalaken kitha Nazaret tumuju lepen Yordan panggenan Nabi Yahya kotbah saha mbaptis tiyang-tiyang kalian toya.

Punapa sedherek emut Yahya? Piyambakipun lahir 6 wulan sakderengipun Yesus. Yahya punika setunggaling nabi engkang diutus Gusti kangge nyiapaken manah manungsa, supados mratobat saking sedaya dosanipun lan nyambut Mesias engkang diutus Allah. Pirengaken punapa engkang diserat wonten INjil perkawis nabi Yahya lan kadospundi piyambakipun nyiapaken margi kagem Mesias.

Matius 3 ngendikan,

Ing nalika samana Yohanes Pambaptis rawuh ing pasamunan wilayah Yudéa, nggelaraké piwulang, pangandikané, "Padha mratobata, amarga Kratoning Swarga wis cedhak!" Déné satemené iya panjenengané iku kang kapangandikakaké déning Nabi Yésaya, mangkéné, "Ana swara kang nguwuh-uwuh ana ing pasamunan: Padha nyawisna margining Pangéran, lurung-lurung kagem Panjenengané padha lencengna." Yohanes iku agemané kang kagawé wulu unta, sarta apaningset walulang; kang kadhahar walang lan madu alas. Banjur diparani déning wong-wong saka Yérusalèm, saka Yudéa kabèh lan saka wilayah sakiwatengené Yordan. Wong-wong mau tumuli padha dibaptis déning Yohanes ana ing kali Yordan, kalawan ngakoni dosané.

Monggo kita mandeg rumiyin, kangge ngrenungaken punapa engkang kita waos. Punapa sedherek mireng pesenipun Yohanes? Kanti singkat, Yohanes kotbah, “ **Pada mratobato, nyingkuro saka tumindak jahatmu lan padha siapa ketemu Mesias sing Suci sing wis rawuh saka suwarga.**” Tiyang engkang ngakeni kalepatanipun wonten Ngarsanipun Allah dipun baptis Yohanes wonten lepen. Piyambakipun kasebat Yohanes Pembaptis. Dibaptis toya mboten saged ngicali dosa manungsa. Punika namung lambang engkang ngetingalaken bilih sampun mratobat saking dosa lan siap nampi Mesias dados Juruwilujeng.

Sebagian tiyang engkang ngrespon kkotbahipun Yohanes dipun baptis. Wonten 2 golongan kelompok Yahudi engkang terkenal, tiyang Saduki saha tiyang Farisi. Tiyang Saduki punika kempalan tiyang Yahudi engkang sugih lan nggadahi pengaruh wonten pemerintahan Romawi, ananging manahipun mboten peduli kalian seratan para Nabi. Menawi tiyang Farisi, punika para ahli agami engkang tekun wonten ing pandonga, siam, sedekah saha taat paring persepuluhan saking hasilipun gesang. Ananging ibadahipun mboten wonten artosipun, karena sedaya engkang dipun tindakaken punika rekadaya

supados dados tiyang sae wonten Ngarsanipun Gusti. Ringkesipun tiyang Farisi saha Saduki punika ngormati Allah namung ing lathi mawon, ananging manahipun tebih saking Allah.

Saklajengipun sumonggo kita nglajengaken maos kitab Injil lan mirengaken Yohanes negur para ahli agami karena kemunafikanipun wonten Matius 3.

"Nanging bareng panjenengané pirsá para Farisi lan para Saduki padha teka nyuwun kabaptis, banjur padha dipangandikani, mangkéné, "Hé, tetesaning ula bedhudhak, sapa kang marahi kowé nyingkiri bebendu kang bakal teka? Yèn mangkono padha metokna woh kang sembada marang pamratobat. Nalika samana Yésus saka Galiléa rawuh ing Yordan murugi Yohanes, karsané supaya dibaptis. Nanging Yohanes menggak, unjuké, 'Kawula ingkang prelu Paduka baptis, lah kok Paduka murugi kawula.' Nanging Yésus paring wangsulan, pangandikané, "Wis ta, cikbèn saiki mangkono, amarga iya mangkono iku patuté Aku lan kowé padha netepi sakèhé karsané Allah." Yohanes tumuli sumarah."

Dados Yohanes mbaptis Yesus wonten lepen Yordan. Wonten tiyang mungkin tangklet, **"Wonten punapa Yesus engkang tanpa dosa, nyuwun Yohanes mbaptis Penjenenganipun?"** Punika leres, karena Penjenenganipun mboten nate damel dosa. Yesus dawuh dateng Yohanes, *"Wis ta, cikbèn saiki mangkono, amarga iya mangkono iku patuté Aku lan kowé padha netepi sakèhé karsané Allah."* Nglangkungi baptisan, Yesus mboten namung nedahaken dateng kita tuladha engkang kedah didereki, ananging Penjenenganipun uga nedahaken dateng kita bilih Penjenenganipun rawuh kangge gesang dados manungsa saha seda kangge kita.

Wonten bagian pungkasan Injil ing Matius 3 ngendikan

"Sawisé kabaptis, Yésus banjur mentas saka ing banyu, lah ing kono langit tumuli piyak lan Panjenengané pirsá Rohing Allah tumedhak pindha manuk dara, nedhaki Panjenengané. Banjur ana swara saka swarga, kang ngandika, "Iki Putraningsun, kang kinasih, kang ndadèkaké keparengingsun."

Sedherek, suwanten sinten engkang kapireng saking langit? Punika suwantenipun Allah! Punapa engkang Allah ngendikakaken? Allah ngendikan babagan Yesus, *"Iki Putraningsun, kang kinasih, kang ndadèkaké keparengingsun."* Kita sampun maos wonten kitab suci, kadospundi Daud saha malaikat Gabriel nyebat Mesias, **"Putraning Allah"**. Sakpunika kita pireng kadospundi Allah piyambak nyebat Yesus, **"Putraningsung kang kinasih"** Wonten punapa Allah nyebat Yesus Putra-Nipun? Kados engkang sampun kita mangertosi, Yesus disebut Putraning Allah, karena Penjenenganipun rawuh langsung saking suwargi. Yesus mboten gadah bapak jasmani. Allah manggenaken Sabda-Nipun engkang langgeng dateng rahimipun kenya anem. Ing mriki kita tingali alasan Allah nyebat Yesus Putra-Nipun kangge mbedakaken Penjenenganipun saking tiyang sanes.

Kadospundi Yesus benten kalih anak keturunan Adam? Saben tiyang keturunan Adam nggadahi sifat dosa, ananging sifatipun Yesus suci mboten wonten dosa. Penjenenganipun mboten kagungan dosa, karena Penjenenganipun asalipun saking Roh Allah engkang Suci. Mesias gadah sifat fisik kados kita, ananging mboten gadah sifat dosa. Penjenenganipun Suci saha sempurna! Punika sebabipun Allah engkang Maha Suci, ntresnani Yesus, kados Bapak engkang ntresnani Putra-Nipun engkang taat. Dicantenaken bilih anak punika gambaran bapak. Sinten engkang tepang Yesus, berarti ugi tepang Allah, karena Yesus rawuh saking Allah kangge ngentingalaken sifat Allah. Mboten wonten setunggal tiyang mawon nate ningali Allah, nanging Mesias sampun damel Penjenenganipun ditepangi! Yesus setunggaling tiyang engkang suci, karena Penjenenganipun punika setunggaling tiyang engkang asalipun saking Roh Allah engkang Suci. Punika sebabipun Allah mboten lingsem damel Suwanten-Nipun ngumandang saking suwargi," *Iki Putraningsun, kang kinasih, kang ndadèkaké keparengingsun.*"

Wonten Matius 4, dicariosaken Yesus digodha setan. Kaping 3 setan nyobi nggodha Yesus supados naati ajakanipun lan damel dosa, Yesus njawab ngangge Sabda Allah. Kados setan nyobi Adam saha Hawa kangge tumindak dosa ing eden, mekaten ugi setan nyobi Yesus kangge damel dosa wonten ing pesamunan, ananging Yesus mboten damel dosa.

Wonten punapa setan nyobi Yesus? Karana setan mangertos bilih Yesus punika penebus engkang suci saking suwarga dateng dunya kangge milujengaken keturunan Adam saking kuwaosipun. Setan ugi mangertos bilih menawi Yesus damel dosa, Penjenenganipun mboten saged milujengaken keturunan Adam saking dosa.

Njih, setan ngrisak saha nguwaosi leluhur kita Adam saha Hawa, nanging setan mboten saged ngawonaken Putra Allah engkang suci. Yesus mboten saged tumindak dosa, karena Allah mboten damel dosa. Allah ngutus Yesus dateng dunya kangge mbebasaken anak-anak Adam saking kuwas setan saha dosa. Namung Yesus engkang saged mbebasaken kita saking setan lan dosa karena namung Penjenenganipun engkang saged ngawonaken setan lan dosa.

Sedherek, maturnuwun sampun mirengaken siaran kawulo. Menawi sedherek wonten pitakenan sumonggo ngubungi kawulo ing no. 081333777386. SMS/WA. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 64

Anak Domba Allah

Yohanes 1:3

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanhipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. Gusthi engkang mikajengaken sedoyo manungso tepang lan tansah tekun wonten ing margining kaleresan, margi tumuju kasuwargan engkang sampun Penjenenganipun damel. Nglangkungi margi kala wau Gusti kepengin saben tiyang gesang kanti berkah pangestunipun. Awit namung nglangkungi margi puniko, manungso saged sowan dumateng Gusti kanti katentreman sejatos.

Wonten ing sifat, Yesus punika unik. Mboten wonten tiyang engkang lahir kanti sifat engkang suci. Penjenenganipun gadah fisik kados kita, nanging mboten gadah sifat awon kados kita. Yesus mboten tumindak dosa, karena Penjenenganipun punika Juruwilujeng engkang Allah utus wonten dunya kangge nanggél ukuman karena dosa kita.

Dinten sakmangkih kita badhe mirengaken kesaksian Yohanes perkawis Yesus ing Injil Yohanes 1

"Iki paseksiné Yohanes nalika wong Yahudi saka Yérusalèm kongkonan para imam lan para wong Lèwi, supaya matur pitakon, "Panjenengan punika sinten?" Yohanes ngaken kanthi barès, "Aku iki dudu Kristus." Ing kono kang dikongkon padha matur, "Panjenengan punika sinten, supados kula sadaya sami saged mratélakaken dhateng ingkang ngèngkèn kula. Pangaken panjenengan tumrap sarira panjenengan kados pundi?" Pangandikané Yohanes, "Aku iki swarané wong kang nywara sora ana ing pasamunan: Padha nglencengna margi ambah-ambahané Pangéran! Yohanes mangsuli, pangandikané, "Aku mbaptis nganggo banyu; nanging ing satengahmu Panjenengané wus jumeneng, kowé padha ora wanuh, yaiku Panjenengané, kang rawuhé nungka aku. Sanadyan mung nguculi talining trumrahé baé aku ora patut." Mungguh kelakoné iku mau ana ing Bétania, ing sabrangé kali Yordan, panggonané Yohanes mbaptis. Ésuké Yohanes pirsá Yésus murugi; panjenengané banjur ngandika, "Delengen iku Cempéning Allah kang mbirat dosané jagat. Iya Panjenengané iku kang dakkarepaké nalika aku kandha mangkéné: Ana Priya rawuh nungka aku, kang wus ngrumiyini aku, amarga anané sadurungé aku."

Sumonggo kita mandeg ing mriki saha menggalihaken perkawis kesaksianipun Yohanes. Punapa sedherek mireng piyambakipun wicanten perkawis Mesias? Monggo kita pirengaken malih

pangandikanipun Injil wau, "*Delengen iku Cempéning Allah kang mbirat dosané jagat.*" Sampun kita waos para nabi nyebat Mesias kanti sebatan kathah kados, Penebus, Juruwilujeng, Raja, Gusti, Sabda Allah saha Putraning Allah. Sakmangkih kita mireng Penjenenganipun disebat, "**Cempening Allah**".

Punika sebatan engkang penting sanget.

Kangge mangertosi sebatan "**Cempening Allah**", kita kedah emut punapa engkang didawuhaken Allah saksampunipun Adam saha Hawa dawah dosa. Allah ngendikan bilih pituwasing dosa punika pati saha neraka, lan wekdal rah kurban engkang suci mboten kapisungsungaken mboten badhe wonten pangapuraning dosa. Mekaten ugi kita waos Habil anakipun Adam Hawa engkang pitados Gusti, nyembelih cempe saha misungsungaken dateng Gusti ing mezbah dados kurban kangge mberat dosanipun. Wekdal Allah mirsani rah cempe wau, Penjenenganipun mbatalaken ukuman saking dosa Habil lan nyebat piyambakipun tiyang leres, awit cempe engkang mboten cacat sampun pejah nggantosaken piyambakipun. Sanajan mekaten Allah ugi njelasaken bilih rah cempe mboten saged ditampi dados imbalan engkang cekap kangge dosa selaminipun, karena reginipun kewan kalih manungsa mboten sami. Cempe namung gambaran saking penebus engkang suci engkang badhe rawuh dateng dunya lan ngocoraken Rahipun kangge nebus tiyang dosa saking ukuman Allah engkang leres.

700 taun sakderengipun Yesus lahir, nabi Yesaya nyerat kadospundi Mesias badhe "cempe engkang badhe disembelèh" dados kurban kangge mbirat dosa kita. Dados wekdal antawis Habel saha Mesias, sedaya tiyang engkang pitados dateng Allah ngormati saha derek wonten pangurbanan Cempe. Nuh, Abraham, Musa, Daud, Sulaeman saha para nabi lan sedaya tiyang engkang pitados dateng Sabda Allah gadhah kebiasaan misungsungaken cempe engkang mboten cacat. Wonten perkawis punika sedaya tiyang wau nenggo wekdalipun dinten Allah badhe ngutus kurban pungkasan, njih Penebus engkang suci, engkang badhe ngurbanaken Rahipun kangge kurban mbirat dosa selaminipun.

Punika sebabipun sedherek, wekdal nabi Yohanes ningali rawuhipun Yesus, piyambakipun nuding saha canten dateng penderekipun, "*Delengen iku Cempéning Allah kang mbirat dosané jagat.*" Supados para pendherekipun mangertos bilih Yesus engkang jumeneng wonten ngajengipun punika "**Mesias**"**Cempening Allah**" engkang diutus Allah saking suwargi teng dunya kangge seda dados penebus anak-anak Adam supados Allah ngapunten kita saking dosa.

Yoh 1, saklajengipun ngendikan, "*Ésuké Yohanes jumeneng ana ing papan kono manèh, karo muridé loro. Nalika pirsá Yésus langkung, Yohanes ngandika, "Lah iku Cempéning Allah!" Muridé loro mau padha krungu anggoné Yohanes ngandika mangkono iku, banjur ndhèrèkaké tindaké Yésus.*

Wonten punapa pendherekipun Yohanes ninggalaken piyambakipun lajeng ndherek Yesus? Karana samip pitados kalih wicantenipun Yohanes, bilih Yesus punika Mesias lan Cempening Allah engkang sampun diramalaken para nabi. Saengga Andreas setunggaling pendherek Yohanes wekdal mangertos Yesus punika Mesias, lajeng kesah manggihi Simon Petrus sedherekipun saha wicanten, **“Kita wus padha ketemu Mésias!”** lan wekdal Filipus pendherek sanesipun mangertos Yesus, piyambakipun sukarena lan paring ngertos Natanael rencangipun, **“Aku wus padha ketemu karo kang kasebutaké déning Musa ing sajroning Kitab Torèt sarta déning para nabi, yaiku Yésus, putrané Yusuf, saka Nasarèt.”**

Andreas, Petrus, Filipus saha Natanael sami bungah-bungah wekdal ningali Yesus, karana sedaya mangertos antawis 400 taun para Nabi sampun ngramal rawuhipun Mesias. Dados 4 pendherekipun Yohanes sami ndherek Yesus dados pendherek-lipun karana Mesias sampun rawuh.

Injil Matius 4 ngendikan, *“Sabanjuré nalika tindak saka kono, Panjenengané pirsá wong loro manèh, uga padha sadulur, yaiku Yakobus anaké Zébédéus karo Yohanes saduluré, ana ing prau lagi ngréwangi Zébédéus bapakné anggoné nyulami jalané. Panjenengané banjur nimbali wong loro iku. Sanalika padha ninggalaké prauné lan bapakné, nuli padha ndhèrèkaké Panjenengané.”*

Menawis Gusti ngeparengaken, pepanggihan saklajengipun kita badhe sinau carios Gusti Yesus mucal tiyang kathah lan ugi nindakaken mukjizat-mukjizat ageng. Engkang nedahaken lan mbuktikaken bilih Yesus punika Mesias.

Lajeng kadospundi Yohanes wekdal pendherekipun ninggalaken piyambakipun? Punapa menika muasaken Yohanes? Punapa Yohanes ngraosaken remen wekdal pendherekipun ninggalaken piyambakipun ndherek Yesus? Kadospundi pendapat sedherek?

Pirengaken punapa engkang kaserat wonten Injil Yohanes 3

“Para murid mau tumuli padha sowan marang Yohanes lan matur, “Rabbi, tiyang ingkang sesarengan kaliyan panjenengan wonten ing sabrangipun lèpèn Yordan saha ingkang sampun panjenengan seksèni punika inggih mbaptis sarta tiyang kathah sami murugi mrika.” Yohanes mangsuli, pangandikané, “Wong ora bisa nduwèni apa-apa menawa ora kaparingan saka ing swarga. Kowé dhéwé padha bisa gawé paseksi yèn aku wus pitutur: Aku iki dudu Kristus, nanging aku kautus lumaku ndhisiki Panjenengané. Kang nduwèni pangantèn wadon iku pangantèn lanang; déné mitrané pangantèn lanang kang ngadeg ing sacedhaké lan nilingaké, iku bungah banget ngrungokaké swarané pangantèn lanang iku. Iya iku kabungahanku lan samengko kabungahanku wus ketutugan. Panjenengané iku pinesthi saya mundhak, nanging aku iki saya suda.”

Punapa pendapat sedherek perkawis punika? Yohanes ngetingalaken kabingahan ageng, wekdal para pendherekipun ninggalaken piyambakipun kangge ndherek Yesus. Yohanes saestu bingah, karena piyambakipun sampun ngrampungaken misinipun nyiapaken margi kangge Mesias. Mekaten benten Yohanes kalih kathah pemimpin agami wekdal sakpunika. Pemimpin agami engkang leres badhe ngarahaken sedherek dateng Yesus, karena Yesus punika pribadi engkang saged mbeto sedherek mlebet ing Ngarsa-Nipun Allah engkang suci wonten suwargi. Yohanes mangertos kathah nabi, ananging namung wonten setunggal Juruwilujeng. Punika sebabipun Yohanes wicanten, *"Sing sapa pracaya marang Sang Putra, iku nduwèni urip langgeng, nanging sing sapa ora mituhu marang Sang Putra, iku bakal ora ngalami urip, nanging malah langgeng anggoné nampani bebenduné Allah."* (Yoh.3:36)

Perkawis gesangipun Yohanes engkang pungkasan, Injil ngendikan, *"Kanthi paring pitutur liyané kang akèh Yohanes nggelaraké Injil marang wong akèh. Ananging bareng panjenengané melèhaké Hérodès, raja-wilayah kono, bab lelakoné karo Hérodias, garwané sadhèrèké, tuwin bab anggoné nindakaké sakèhing piala liya-liyané,"* (Luk.3:18,19)

Punika sebabipun Herodes perintah nangkap Yohanes saha dikunjara. Pungkasanipun Yohanes ditugel gulunipun dening Herodes kangge nyenengaken garwanipun. Mekaten wau Yohanes mlebet wonten NgarsaniPun Allah engkang suci wonten suwargi.

Sedherek Injil nyariosaken dateng kita bilih Yohanes punika Nabi ageng, malah langkung ageng kalih nabi sanesipun. Wonten punapa mekaten? Jawabanipun, **para nabi wicanten, Mesias badhe rawuh! Ananging nabi Yohanes wicanten, Mesias wis rawuh! Asmane Yesus! Delengen iku Cempéning Allah kang mbirat dosané jagat! Padha melua!** Mekaten sedherek Yohanes ngrampungaken tugasipun nyiapaken margi kangge Mesias.

Maturnuwun sedherek sampun mirengaken siaran kawulo. Menawi Gusti ngijinaken, pepanggihan ngajeng kita badhe nglajengaken sinau Injil, pados mangertos wonten punapa Yesus kasebat Tabib agung.

Mugi Gusti paring pangertosan dateng sedherek kalih pelajaran dinten sakmangkih. Mboten wonten perkawis penting nglangkungi punapa engkang dicantenaken Yohanes perkawis Yesus sang Mesias, wekdal canten, ***"Delengen iku Cempéning Allah kang mbirat dosané jagat!"*** (Yoh.1:29)

Menawi sedherek wonten pitakenan perkawis pelajaran punika, sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386. SMS/WA. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 65

Tabib Engkang Agung

Markus 1,3

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanhipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas, engkang ngijinaken saben tiyang mengertosi margining karahayun engkang sampun Penjenenganipun damel saengga pikantuk karahayun sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminyo.

Wonten pasinaun Kitab Suci, sakmangkih kita badhe nglajengaken carios Yesus Juruwilujeng, tujuan rawhipun wonten dunya namung setunggal, nindakaken saha ngrampungaken pikajengipun Allah engkang ngutus Penjenenganipun.

Injil Markus 1 ngendikan mekaten,

"Yésus lan para sakabaté banjur padha tekan ing Kapèrnaum. Bareng dina Sabat, Panjenengané énggal-énggal mlebet ing papan pangibadah sarta memulang. Ing papan pangibadah kono, dumadakan ana wong kang kepanjangan roh jahat, lan bengok-bengok, "Punapa prekawis kawula sadaya kaliyan Panjenengan, dhuh Yésus saking Nasarèt! Panjenengan rawuh punika punapa badhé numpes kawula? Kawula ngertos Panjenengan punika sinten: Inggih Panjenenganipun ingkang suci, pinangkanipun saking Allah." Nanging Yésus tumuli ndukani roh jahat iku klawan ngandika, "Menenga, metua saka wong iku!" Roh jahat iku ngontang-antingaké wong mau sarta njerit kanthi swara sora banjur metu saka wong mau. Wong kabèh padha gumun, temah padha takon-tinakon, kalawan ngucap, "Apa ta iki? Piwulang anyar mawa pangwasana. Apadéné paring dhawuh marang roh-roh jahat lan iku iya padha manut marang Panjenengané." Pawarta bab Panjenengané banjur sumebar ing endi-endi nyrambahi wilayah Galiléa kabèh.

Piwucal-piwucalipun Yesus benten kalih piwucal para pemimpin agami. Sedaya tiyang mirengaken piwucalipun Yesus ing pedaleman suci. Sedaya sami gumun, awit Penjenenganipun mucal kanti kuwaos saha otoritas engkang mboten digadahi ahli taurat.

Sedherek mangertos ahli taurat. Kedahipun para ahli njelasaken perkawis Taurat, zabur saha buku para nabi. Nanging, kathah ing antawisipun mboten saged njelasaken seratan-seratan para nabi,

awit mboten sami paham. Sedaya mangertos tugas-tugas keagamaan saha tradisi leluhur, ananging mboten mangertos Sabda Allah. Para ahli punika ngurmati kalih latinipun, ananging mboten nntresnani Sabdanipun. Dados wekdal Yesus mlebet pedaleman suci lajeng mucal isinipun Kitab Suci kalih kuwaos, para ahli Taurat sami lingsem. Malah sedaya engkang mirengaken piwucalipun sami gumun.

Panci leres, wekdal Adam dawah wonten ing dosa ngantos Yesus nindakaken mukjizat, manungsa dereng nate ningali tiyang engkang gadah kuwaos kados Penjenenganipun, nanging sakpunika sami ningali namung kalih setunggal pangandikan mawon setan mlajar. Mesias engkang rawuh saking suwargi saged nindakaken perkawis wau. Punapa sedherek mireng, punapa engkang dicantenaken tiyang engkang kerasukan setan dateng Yesus? Piyambakipun mbengok saha wicanten, ***"Punapa prekawis kawula sadaya kaliyan Panjenengan, dhuh Yésus saking Nasarèt! Panjenengan rawuh punika punapa badhé numpes kawula? Kawula ngertos Panjenengan punika sinten: Inggih Panjenenganipun ingkang suci, pinangkanipun saking Allah."***

Setan mangertos sanget saking pundi asalipun Yesus. Ananging kathah tiyang mboten mangertosi sinten Yesus sakleresipun. Setan kalih para malaekatipun engkang jahat sami ajrih kalian Yesus karena mangertosi bilih Penjenenganipun punika Sang Sabda, engkang kalih kuwaos punika Allah nyipta langit saha dunya ing wiwitan. Setan mangertos bilih Yesus punika tiyang suci engkang gadah kuwaos mbucal setan wonten neraka. Punika sebabipun sedaya sami ajrih wekdal mireng Asmanipun Yesus.

Sakmangkah monggo kita lajengaken maos Injil Markus pasal 1

Panjenengané banjur nyarasaké wong akèh kang padha nandhang lara warna-warna sarta nundhungi sétan akèh; lan Panjenengané ora marengaké sétan-sétané padha kandha-kandha, awit wis padha wanuh marang Panjenengané. Panjenengané banjur nggelaraké piwulang ing sawilayah Galiléa kabèh, ana ing papan-papan pangibadahé wong-wong ing kono sarta nundhungi sétan-sétan. Ana wong kang nandhang lara kusta sowan ing ngarsané Yésus nyuwun pitulungan marang Panjenengané kalawan jèngkèng, matur, "Manawi Panjenengan karsa, Panjenengan saged mbirat najis kawula." Karana trenyuh déning welasé, Panjenengané mulung astané lan ndemèk wong mau sarta ngandika, "Aku karsa, birata najismu!" Sanalika kustané ilang, temahan wong iku birat najisé..

Yesus nyarasaken sedaya tiyang sakit, nggatosaken keturunan Adam kanti katresnan karena sedaya sami mboten kagungan daya kados mendo tanpa pangen. Ananging wonten alasan penting Yesus nyarasaken penyakit saha ngusir setan punika, kangge mbuktikaken dateng keturunan Adam bilih Penjenenganipun punika Mesias engkang Allah janjiaken wekdal jaman semanten nglangkungi janji-

Nipun. Kados engkang kaserat dening nabi Yesaya atusan taun sakderengipun Yesus lahir, nyerat bilih menawi Mesias rawuh, *"Wong wuta bakal bisa ndeleng, wong budheg bakal bisa krungu. Wong lumpuh bakal mlumpat kaya menjangan, wong bisu bisa surak-surak."* (Yes.35:5-6). Kalih pangandikan punika, Yesaya martosaken bilih Mesias badhe nindakaken mukjizat engkang dereng nate didamel sinten mawon. Panci kita sampun maos Allah paring kemampuan Musa saha Elia nindakaken mukjizat ageng. Nanging mukjizat engkang didamel kekalih nabi wau namung sekedhik, disbanding kalih mukjizat engkang didamel Mesias. Ugi Musa saha Elia mboten gadah kuwaos piyambak kangge damel mukjizat. Nanging Yesus Juruwilujeng kalih kuwaos Allah, karana Penjenenganipun piyambak merupakan kuwaos allah kasebat.

Nglajengaken Injil Markus pasal 2 kitab suci ngendikan,

"Bareng Yésus nguningani pangandelé wong-wong mau, banjur ngandika marang kang lumpuh, "Nggèr, dosa-dosamu wus kaapura!" Nanging ana ahli Torèt sawatara kang padha lungguh ana ing kono, lan iku padha mikir, "Yagéne wong iku kok kandha mangkono? Wong iku nyenyamah marang Allah. Sapa kang kwasa ngapura dosa kajaba mung Allah piyambak?" Sarèhné panggalihé Yésus pirsu yèn kaya mangkono iku anggoné padha mikir, Panjenengané banjur ngandika marang para ahli Torèt iku, "Yagéne kowé padha duwé pikiran kang kaya mangkono ing sajroning atimu? Endi kang luwih gampang, kandha marang kang lumpuh iku: Dosamu wus kaapura, apa kandha: Tangia, paturonmu angkaten lan lumakua? Nanging supaya kowé padha ngerti, yèn Putrané Manungsa iku duwé pangwasa kanggo ngapura dosa ing bumi," Panjenengané banjur ngandika marang kang lumpuh, "Aku kandha marang kowé, ngadega, paturonmu angkaten lan muliha menyang omahmu!" Kang lumpuh iku banjur ngadeg, tumuli ngangkat paturoné sarta sumingkir liwat ing sangarepé wong-wong, nganti wong kabèh padha kaéraman lan banjur ngluhuraké Allah, klawan padha ngucap, "Kang kaya mangkono iku kita padha durung tau weruh."

Wonten ing carios punika kita ningali bilih kuwaos Yesus mboten winates ing kasarasan badan tiyang engkang sakit mawon, ananging Penjenenganipun ugi gadah kuwaos kangge nyarasaken mati tiyang saking dosa. Yesus enggih sang Tabib Agung mangertosi bilih masalah engkang kritis engkang dialami dening tiyang lumpuh, sanes sukunipun engkang mboten saged obah, ananging dosa ing lebet manahipun. Punika sebabipun Yesus wekdal wiwitan ngendikan, *"Nggèr, dosa-dosamu wus kaapura!"*

Punapa engkang dipenggalihaken dening para ahli Taurat wekdal Yesus ngendikan mekaten? Sedaya wicanten, **"Yesus nglamah!" Ora ono wong siji wae iso ngapura dosa sakliyané Allah!** Pikiranipun sebagian leres, ananging sebagian lepat. Leres, mboten wonten setunggal mawon engkang saged ngapunten dosa sakliyanipun Allah piyambak, ananging wekdal wicanten Yesus nglamah Allah punika

kelintu, karena Yesus punika mediator utawi penengah engkang Allah utus kangge damel tiyang dosa leres wonten NgarsaniPun Allah. Yesus punika Sabda Allah, saengga wekdal ngendikan, “dosamu wis diapura” artosipun Allah piyambak engkang ngendikan. Yesus Kristus punika suwanten Allah wonten ing dunya!” Lan mboten namung punika mawon, Yesus ugi tiyang engkang lahir kangge maringaken gesangipun dados kurban sampurna engkang ngangkut dosa manungsa selaminipun. Kadodene bapak paring wewenang dateng putranipun makarya saha wicanten ing asmanipun, mekaten ugi Allah paring Yesus kuwaos kangge ngapunten dosa..pangapuraning dosa ditampi namung ing asmanipun Gusti Yesus. Nanging para ahli Taurat sami mboten pitados.

Sakmangkih monggo kita lajeng maos Kitab Injil engkang mekaten suraosipun,

“Kacarita Panjenengané dhahar ana ing omahé Lèwi; akèh juru-tagih-pajeg lan wong dosa padha mangan bareng karo Yésus lan para sakabaté, sabab pancèn ana wong akèh kang padha ndhèrèkaké Panjenengané. Para ahli Torèt saka golongan Farisi bareng weruh yèn Panjenengané dhahar karo wong-wong dosa lan para juru-tagih-pajeg, banjur padha kandha marang para sakabaté, "Yagéne wong iku kok mangan awor karo para juru-tagih-pajeg lan wong-wong dosa?" Bareng Yésus midhanget, Panjenengané banjur ngandika marang para ahli Torèt iku, "Wong-wong waras ora mbutuhaké dhokter, nanging wong-wong lara iku kang mbutuhaké. Aku teka ora supaya ngundang wong-wong kang mursid, nanging supaya ngundang wong-wong dosa.”

Kalih pangandikan wau, Yesus tabib agung, nedhahaken dateng para Taurat bilih piyambakipun sami sakit wonten Ngarsanipun Allah karena dosa-dosanipun. Ananging guru-guru agami wau mboten ngakeni dosa-dosanipun. Malahan sami ngiritik Yesus karena Penjenenganipun dhahar kalian juru tagih pajeg engkang dipun sebat dados tiyang dosa. Nanging sesarengan kalian tiyang dosa saha nyarasaken tiyang wau saking dosa, punika alasan utami Yesus rawuh.

Kadospundi kalih sedherek, punapa sadar bilih sedherek lahir kanti penyakit engkang kritis inggih dosa? Dosa punika alasan sedherek kedah pejah lan ngadepi pengadilan Allah engkang suci. Nanging puji gusti wonten pribadi engkang saged nyarasaken manah sedherek. Punapa sedherek mangertos pribadi wau? Penjenenganipun Yesus Juruwilujeng. Nanging sakderengipun Penjenenganipun nyarasaken manah sedherek karena dosa. Sedherek kedah ngakeni bilih sakitipun karena dosa. Yesus mboten rawuh kangge tiyang engkang leres, ananging kangge sedaya tiyang dosa.

Maturnuwun sampun mindangetaken siaran kawulo. Gusti paring berkah, wekdal sedherek ngalihaken pangandikanipun Yesus, “ *Wong-wong waras ora mbutuhaké dhokter, nanging wong-wong lara iku kang mbutuhaké. Aku teka ora supaya ngundang wong-wong kang mursid, nanging supaya ngundang wong-wong dosa.”*

Menawi wonten pitakenan sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386. SMS?WA. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 66

Guru Engkang Agung

Markus 5-7

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas. engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel saha nampi karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminya. Kawulo remen saged wangsul ing dinten punika maringaken program perkawis margining karahayun.

Wonten program engkang pungkasan, kacariosaken Yesus Juruwilujeng mlebet kitha-kitha daerah Palesthina mucal tiyang kathah, yarasaken tiyang sakit saha ngusir setan. Kathah tiyang gumun saengga sami tangklet ***"Apa ta iki? Piwulang anyar mawa pangwasa. Apadéné paring dhawuh marang roh-roh jahat lan iku iya padha manut marang Panjenengané."***

Dinten sakmangkih kita badhe, mirengaken pangandikanipun Yesus ing saknginggiling punthuk dateng pendherekipun saha tiyang kathah. Mekaten suraosipun,

"Bareng Yésus pirsu wong golongan iku, banjur minggah ing gunung lan lenggah, para sakabaté padha ngadhèp ing ngarsané. Panjenengané tumuli medhar sabda, pangandikané, "Rahayu wong kang mlarat ing budi, awit iku kang padha nduwèni Kratoning Swarga. Rahayu wong kang prihatin, awit iku kang bakal padha kalipur. Rahayu wong kang lembah-manah, awit iku kang bakal padha tanpa warisan bumi. Rahayu wong kang kaluwèn lan ngelak marang karsané Allah, awit iku kang bakal padha kawaregan. Rahayu wong kang ambek-welasan, awit iku bakal padha olèh piwelas. Rahayu wong kang resik atiné, awit iku bakal padha sumurup marang Allah. Rahayu wong kang dhemen gawé tentrem, awit iku kang bakal padha kasebut para putraning Allah. Rahayu wong kang kaaniaya marga nindakaké karsané Allah, awit iku kang padha nduwèni Kratoning Swarga. Rahayu kowé, menawa kowé diwewada lan dianiaya sarta didakwa nindakaké sarupaning piala kang ora nyata, marga saka Aku. Padha bungaha lan sukarenaa, sabab gedhé ganjaranmu ana ing swarga, awit iya kaya mangkono anggoné wong-wong padha nganiaya para nabi sadurungé kowé."

"Kowé aja padha ngira, yèn Aku teka supaya mbatalaké Torèt utawa kitabé para nabi. Tekaku iki ora supaya mbatalaké, nanging nyampurnakaké. Awit satemené Aku pitutur marang kowé: Nganti langit

lan bumi iki sirna, dadia aksara kang cilik dhéwé utawa titik siji baé ora ana kang kabuwang saka ing Torèt, sadurungé iku kabèh kalakon. Mulané sing sapa mbatalaké salah siji saka pepakoning angger-angger iki, sanadyan kang cilik dhéwé, sarta mulangaké mangkono marang wong, iku bakal kasebut kang cilik dhéwé ana ing Kratoning Swarga. Nanging sing sapa nindakaké lan mulangaké pepakoning Torèt kabèh, iku bakal kasebut kang gedhé ana ing Kratoning Swarga. Mulané Aku pitutur marang kowé: Menawa anggonmu netepi karsané Allah ora ngungkuli para ngulama lan para Farisi, kowé mesthi ora bakal lumebu ing Kratoning Swarga." "Kowé wis padha krungu, yèn wus kapangandikakaké marang para leluhur: Sira aja memateni, sing sapa memateni kudu diladèkaké marang pangadilan. Nanging Aku pitutur marang kowé: Sing sapa nepsu marang saduluré, kudu diladèkaké marang pangadilan; sing sapa ngunèkaké saduluré: Kapir, kudu diukum déning pangadilan agama, lan sing sapa ngunèkaké: Murtad, kudu kacemplungaké ing naraka murub.

"Kowé wis padha krungu pangandika mangkéné: Sira aja laku jina! Nanging Aku pitutur marang kowé: Sing sapa mandeng wong wadon kalawan derenging napsu marang dhèwèké, iku wus laku jina sajroning atiné.

"Kowé wis padha krungu, yèn para leluhur padha tanpa pangandika mangkéné: Aja nglairaké sumpah palsu, nanging tetepana sumpahira ana ing ngarsaning Pangéran. Nanging Aku malah pitutur marang kowé: Aja supata babar pisan, dadia demi swarga, awit iku dhamparing Allah, dadia demi bumi, awit iku ancik-anciking sampéyané, dadia demi Yérusalèm, awit iku kuthané Nata Agung. Iya aja supata demi sirahmu, awit kowé ora bisa mutihaké utawa ngirengaké rambutmu saeler baé. Yèn iya, kandhaa: Iya, yèn ora, kandhaa: Ora. Saluwihé saka iku, asalé saka pangawak dursila." "Kowé wis padha krungu pangandika mangkéné: Mripat winales mripat, untu winales untu. Nanging Aku pitutur marang kowé: Kowé aja nglawan marang wong kang gawé piala marang kowé, malah sapa kang napuk pipimu tengen, pipimu kiwa ulungna pisan. Lan menawa ana wong kang arep prakaran karo kowé, sedyané ngepèk klambimu, jubahmu pasrahna pisan. Apadéné menawa kowé dipeksa dikon ngiringaké lakuné wong sampil, iringna nganti rong mil. Yèn ana wong njejaluk marang kowé, wènèhana lan aja nulak wong kang arep utang marang kowé." "Kowé iya wis padha krungu pangandika: Sira tresnaa marang sapepadhanira lan sengita marang mungsuhira! Nanging aku malah pitutur marang kowé: Padha tresnaa marang mungsuhmu; wong kang nganiaya kowé padha dongakna slamet, sarana mangkono kowé padha dadi putrané Ramamu kang ana ing swarga, kang mlethèkaké srengéngé marang wong ala lan wong becik, sarta nurunaké udan marang wong kang ambek adil lan kang ora. Déné menawa kowé tresna marang wong kang nresnani kowé, iku kowé olèh pituwas apa? Para juru-mupu-béya rak ya tumindak mangkono, ta? Lan menawa kowé awèh salam mung marang sadulur-sadulurmu baé, kaluwihanmu apa? Wong kang ora wanuh marang

Allah rak ya tumindak mangkono, ta? Mulané kowé padha sampurnaa, kaya Ramamu ing swarga iya sampurna."

(mat.6)

"Padha diéling, aja padha nglakoni kamursidanmu ana ing sangareping wong, supaya katona ing wong iku, awit yèn mangkono, kowé ora bakal nampa ganjaran apa-apa saka Ramamu kang ana ing swarga. Mulané yèn kowé dedana, aja kokwara-warakaké kaya adaté para wong lamis ana ing sinagogé-sinagogé lan ing lurung-lurung, pamrihé supaya dialem ing wong. Satemené Aku pitutur marang kowé, iku wus padha tanpa pituwasé. Nanging menawa kowé dedana, tanganmu kiwa aja nganti sumurup apa kang ditindakaké tanganmu tengen. Dadi anggonmu dedana iku aja nganti katon; Ramamu kang nguningani tindakmu kang ora katon iku, bakal paring piwales marang kowé."

"Déné menawa kowé padha ndedonga, aja kaya para wong lamis, amarga wong iku padha seneng ndedonga adeg-adegan ana ing papan-papan pangibadah lan ing pojok-pojoking lurung, pamrihé supaya katona ing wong. Satemené Aku pitutur marang kowé: Wong iku wus padha tanpa pituwasé. Nanging menawa kowé ndedonga, lumebua ing kamarmu, lawangé inebna, banjur ndedongaa marang Ramamu kang ora katon. Déné Ramamu kang pirsia tindakmu kang ora katon iku bakal paring piwales marang kowé. Apamanèh, sajroné ndedonga, aja nganggo tembung akèh-akèh kaya adaté wong kang ora wanuh marang Allah, awit iku padha nduwèni pangira, yèn marga saka akèhing tetembungané, pandongané bakal katrimah. Dadi aja tiru-tiru wong iku, awit Ramamu pirsia apa sing kokbutuhaké, sadurungé kowé matur.

Marga saka iku ndedongaa mangkéné: *Dhuh, Rama kawula ingkang wonten ing swarga, Asma Paduka mugé kasucèkaken. Kraton Paduka mugé rawuh. Karsa Paduka mugé kalampahan wonten ing bumi kadosdéné wonten ing swarga. Kawula mugé kaparingan rejeki kawula sacekapipun ing dinten punika. Saha Paduka mugé ngaputen kalepatan kawula, kadosdéné kawula inggih ngapuntèni tetiyang ingkang kalepatan dhateng kawula. Punapa déné kawula mugé sampun ngantos katandukaken dhateng panggodha, nanging mugé sami Paduka uwalaken saking piawon. Awitdéné Paduka ingkang kagungan Kraton saha wisésa tuwin kamulyan ing salami-laminipun. Amin.*

"Anadéné menawa kowé padha pasa, ulatmu aja kokgawé aclum kaya para wong lamis, awit iku padha nyengungusaké ulaté, supaya wong-wong padha weruh yèn lagi pasa. Satemené Aku pitutur marang kowé: iku wus padha tanpa pituwasé. Nanging kowé menawa pasa, sirahmu lenganana lan raupa, supaya anggonmu pasa aja ketara marang wong, ngemungna kauningan ing Ramamu kang ana ing papan pasingidan. Ramamu kang pirsia sajroning pasingidan iku bakal paring piwales marang kowé." "Aja padha nglumpukaké bandha ana ing donya; ana ing donya bandha bakal karusak déning renet lan taiyèng, apadéné dibabah lan dicolong déning maling. Nanging padha

nglumpukna bandha ing swarga, ana ing swarga bandha ora karusak dadia déning renget utawa déning taiyèng, sarta ora dibabah lan dicolong déning maling. Amarga ing ngendi dunungé bandhamu, iya ana ing kono dunungé atimu. Diyaning badan iku mripat; menawa mripatmu waras, badanmu sakojur kapadhangan. Nanging menawa mripatmu cacad, badanmu dadi peteng kabèh. Dadi menawa pepadhang kang ana ing kowé dadi peteng, saiba ta petengé iku." "Ora ana wong kang bisa ngawula marang bendara loro, awit ora wurung bendarané kang siji bakal disengiti; sijiné ditresnani, utawa bakal nengenaké marang kang siji lan nyepèlèkaké marang sijiné. Kowé ora bisa ngawula marang Allah lan marang Mamon.

Mat.7 "Aja padha ngadili wong liya, supaya kowé dhéwé iya ora diadili déning Gusti Allah. Awit Gusti Allah ngagem wewaton sing kokenggo ngadili wong liya mau kanggo netepaké ala-becikmu. Lan ukuran-ukuran sing kokenggo ngukur wong liya, iya ukuran kuwi sing diagem déning Gusti Allah kanggo ngukur kowé. Apa sebabé déné tatal sing ana ing mripaté wong liya, kowé weruh, nanging balok sing ana ing mripatmu dhéwé, kowé ora weruh? Kokwani-wanimu ngandhani wong liya: 'Tatal ing mripatmu dakilangané', mangka ing mripatmu dhéwé ana baloké? Dhasaré kowé kuwi wong lamis! Balok ing mripatmu kuwi ilangana dhisik, banjur kowé lagi bisa ndeleng klawan cetha lan bisa ngilangi tatal sing ana mripaté wong liya mau.

"Padha nyenyuwuna marang Gusti Allah, temah kowé bakal diparingi. Padha nggolèkana Panjenengané, mesthi bakal ketemu. Padha nothoka koriné Gusti Allah, temah kowé bakal padha diwengani. Awit wong sing padha mantep ing panyuwun marang Gusti Allah, bakal kaparingan, lan wong sing tansah nggolèki Gusti Allah, bakal ketemu Panjenengané; lan wong sing tansah thothok-thothok ing koriné Gusti Allah, bakal diwengani."

"Padha sing ngati-ati; ana nabi-nabi palsu. Wong-wong mau padha nekani kowé méndha-méndha wedhus gèmbèl, mangka sejatiné asu ajag sing galak. Ketitiké wong mau saka penggawéné. Apa ana thethukulan eri ngetokaké woh anggur lan apa ana rerungkudan ngetokaké woh ara? Wit sing waras ngetokaké woh sing becik, lan wit sing geringen ngetokaké woh sing ala. Wit sing becik ora bisa ngetokaké woh sing ala, lan wit sing geringen ora bisa ngetokaké woh sing becik. Saben wit sing ora ngetokaké woh sing becik, ditegor lan diobong.

"Wong sing ngrungokaké lan nglakoni piwulang-Ku, kuwi padha karo wong pinter sing ngedegaké omahé ana ing padhasan. Bareng ana udan deres lan ana banjir, sarta ana angin gedhé nempuh, omah mau ora rubuh, awit ngadeg ana ing padhasan. Nanging sapa sing ngrungokaké piwulang-Ku, mangka ora nglakoni, kuwi padha karo wong bodho, sing ngedegaké omahé ing lemah pasir. Bareng ana udan deres lan ana banjir, sarta ana angin gedhé nempuh, omah mau nuli ambruk, lan rusak

banget!" Mengkono uga kedadéané para nabi palsu mau. Kowé bakal padha bisa nitik wong-wong mau saka wohing penggawéné."

Bareng Gusti Yésus wis rampung enggoné memulang, wong kabèh padha gumun banget marang apiwulangé. Awit enggoné mulang kanthi pangwasa, ora kaya pamulangé ahli Torèt.

Gusti paring berkah, kanti pangandikan, "Ananging Kratoning Allah lan apa kang dadi karsané, iku padha upayanen dhisik, nuli samubarang iku mau kabèh bakal kaparingaké marang kowé.

Margining Karahayun

Pelajaran 67

Kalahiran Enggal

Markus 5-7

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanhipun Gusti Allah engkang Maha Asih saha Maha Welas, engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel saha nampi karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminya. Kawulo remen saged wangsul ing dinten punika maringaken program perkawis margining karahayun.

Wonten pasinaun Injil, kita sampun ningali bilih Yesus sang Mesias punika unik wonten ing kelahirnipun, karakter saha pedamelan-Nipun. Wonten program pungkasan, kita ngakeni bilih Yesus unik wonten piwucali-lipun. Dereng wonten setunggal tiyang mawon engkang mucal kanti kuwaos kados Yesus. Sedaya pamireng gumun, awit Penjenenganipun mucal mboten kados para imam. Pangandikan engkang medal saking lathi Yesus langkung nilainipun ketimbang wicantenipun para pemuka agami. Kanti punika sedaya pemimpin Yahudi mboten remen dateng Yesus.

Ing pepanggihan engkang pungkasan kita sampun mireng kotbah Yesus wonten sakinggiling punthuk. Kotbah wau intinipun *"kowe aja dadi wong munafik"* Tumindak munafik punika mboten sae wonten Ngarsanipun Allah saha ngrisak dateng manungsa. Punika sebabipun Yesus ngendikan, *"Kowe aja kaya wong munafik."* Sedherek mangertos artosipun dados tiyang munafik? Tiyang engkang gadah sifat mboten sami ing manahipun, piyambakipun kasebat munafik. Yesus nyamikaken tiyang munafik kados, **kuburan engkang dilabur putih; njawinipun pancèn katon sae, nanging nglebetipun kebak balungipun tiyang pejah saha rereged maneka-warni."**

Yesus engkang mangertos manah manungsa, mirsani kemunafikan ing manah para pemimpin agami, tiyang Farisi saha ahli Taurat. Ing njawinipun remen ndendonga, pasa saha sedekah, ananging ing lebetipun manah sejatosipun mboten ngurmati Allah saha ntresnani Sabda-Nipun. Akibatipun sedaya muspra. Saengga Yesus mucal pendhereklipun kanti ngendikan, *"Yèn kowé padha pasa, ulatmu aja kokgawé suntrut kaya carané wong lamis. Wong-wong mau ulaté digawé-gawé katon lesu, supaya wong kabèh padha ngerti yèn dhèwèké lagi pasa. Élinga, wong sing mengkono kuwi wis padha nampa piwales ing samesthiné."* Padha lumebua liwat ing lawang kang ciyut, awit amba

lawangé lan jembar dalané kang anjog ing karusakan, mangka akèh wong kang padha metu ing kono. Kosok-baliné ciyut lawangé lan rupit dalané kang anjog ing urip, mangka mung sathithik wong kang nemu iku."

Gusti Yesus ngersakaken manungsa milih margi engkang ciyut engkang tumuju wonten pigesangan langgeng. Sedherek mangertos pangandikanipun Yesus perkawis margi kawilujengan? Punika penting sanget. Kedah kadospundi tiyang saged pinanggih Allah saha gesang langgeng ing Ngarsa-Nipun? Yesus ngendikan, "Kowe kudhu duwe ati suci lan sampurna," Kadospundi anak Adam engkang dikandut wonten dosa saged gadah manah engkang suci saha resiko? Punapa wonten engkang saged ditindakaken saengga manah engkang awon saged ewah dados manah suci engkang dikersakaken Allah? Mboten wonten! Ing wekdal engkang taksih sekedhik punika kita badhe ningali punapa engkang mokal kangge manungsa, mboten wonten engkang mokal wonten Ngarsanipun Allah.

Sakamngkih sumonggo kita lajengaken maos Kitab Injil kangge ningali setunggaling pemimpin agami saking Yerusalem, engkang nembe wicantenan kalih Yesus wekdal dalu.

"Ana wong Farisi jenengé Nikodémus, pangarepé wong Yahudi, sowan ing ngarsané Yésus ing wayah bengi, sarta munjuk, "Rabbi, kawula sami mangertos bilih rawuh Panjenengan dados guru punika kautus déning Allah, amargi mboten wonten tiyang ingkang saged nindakaken pratandha kados ingkang Panjenengan tindakaken punika, manawi Allah mboten nunggil." Yésus paring wangsulan, pangandikané, "Satemené Aku pitutur marang kowé: menawa wong ora kalairaké manèh, iku ora bisa weruh Kratoning Allah." Unjuké Nikodémus, "Kadospundi sagedipun tiyang kalairaken, manawi sampun sepuh? Punapa saged lumebet malih dhateng guwa-garbaning ibunipun, lajeng kalairaken malih?" Yésus paring wangsulan, pangandikané, "Satemené Aku pitutur marang kowé: menawa wong ora kalairaké saka banyu lan Roh, iku ora bisa lumebu ing Kratoning Allah. Apa kang lair saka ing daging, iku asipat daging lan apa kang lair saka Roh, iku asipat roh. Aja gumun, déné Aku pitutur marang kowé: Kowé kudu padha kalairaké manèh. Angin iku mididé manut ing sakarepé, lan kowé krungu sumiyuté, nanging ora mangerti pinangkané lan parané. Kaya mangkono iku kaanané saben wong kang kalairaké saka ing Roh!" Nikodémus munjuk, aturé, "Prakawis punika sagedipun kalampahan kadospundi?" Yésus paring wangsulan, pangandikané, "Kowé iku guruné wong Israèl, kok ora mangerti prakara iku? Satemené Aku pitutur marang kowé: Kang padha dakrembug iku, iya kang padha daksumurupi, sarta kang padha dakseksèni iya kang padha daktingali, éwadéné kowé ora padha nampani paseksiku. Menawa nalika kowé dakpituturi bab kadonyan padha ora ngandel, kepriyé bisamu padha ngandel saupama daktuturana bab kaswargan? Ora ana wong siji-sijia kang wus sumengka menyang swarga, kajaba mung Panjenengané kang wus tumurun saka swarga, iya

iku Putrané Manungsa. Kayadéné Musa anggoné manjer ula ana ing pasamunan, iya mangkono uga Putrané Manungsa anggoné pinesthi kapanjer, supaya saben wong kang pracaya marang Panjenengané nduwèni urip langgeng. Awitdéné Allah anggoné ngasihi marang jagat iku nganti masrahaké Kang Putra Ontang-anting, supaya saben wong kang pracaya marang Panjenengané aja nganti nemu karusakan, nanging nduwènana urip langgeng. Amin.

Monggo kita pengalihaken punapa engkang Yesus ngendikaken dateng Nikodemus. Punapa engkang Yesus ngendikakaken kedah dumados sakderengipun Nikodemus saged nampi gesang langgeng sesarengan Gusti selamimipun? Yesus ngendikan, “*Satemené Aku pitutur marang kowé: menawa wong ora kalairaké saka banyu lan Roh, iku ora bisa lumebu ing Kratoning Allah*”. Punapa Nikodemus mangertos maksudipun dilairaken malih? Mboten, punika sebabipun Yesus ngendikan, “*Kowé iku guruné wong Israèl, kok ora mangerti prakara iku? Apa kang lair saka ing daging, iku asipat daging lan apa kang lair saka Roh, iku asipat roh. Aja gumun, déné Aku pitutur marang kowé: Kowé kudu padha kalairaké manèh.*”

Kanti ringkes Yesus njelasaken bilih saben tiyang engkang kepengin ningali Allah saha gesang ing Ngarsanipun engkang suci ngantos langgeng, kedah kalairaken malih. Mboten berarti sedherek kedah mlebet malih wonten kandutan ibu. Kalairaken malih artosipun Roh Suci kedah nyipta sedherek malih, ngresiki manah saha nganyari sedherek wonten Kuwaos-Ipun. Sedherek kedah kalairaken malih dening kuwaos engkang saking suwargi. Sinten mawon engkang kalairaken saking Adam gopak dosa lan mboten angsal bagian wonten Ngarsanipun Allah. Sanajan manungsa nindakaken ritual agami kanti soleh, sedaya wau mboten saged ngribah manah engkang awon dados suci. Allah piyambak engkang kedah nindakaken mukjizat ing manah sedherek, saengga saged nampi gesang langgeng. Punika engkang diwucalaken Yesus dateng Nikodemus, ananging piyambakipun angel mangertosi, saengga tangklet dateng Yesus, “*Prakawis punika sagedipun kalampahan kadospundi?*”

Yesus njawab, “*Kayadéné Musa anggoné manjer ula ana ing pasamunan, iya mangkono uga Putrané Manungsa anggoné pinesthi kapanjer, supaya saben wong kang pracaya marang Panjenengané nduwèni urip langgeng. Awitdéné Allah anggoné ngasihi marang jagat iku nganti masrahaké Kang Putra Ontang-anting, supaya saben wong kang pracaya marang Panjenengané aja nganti nemu karusakan, nanging nduwènana urip langgeng.*”

Kangge njelasaken kadospundi Nikodemus saged uwal saking pengadilanipun latu neraka lan nampi gesang langgeng, Yesus ngemutaken perkawis punapa engkang dumados dateng leluhuripun wekdal ing pasamunan jamanipun Musa. Taurat njelasaken, wekdal umat Israel sami nggrundel dateng Allah saha Musa, Allah ngintun sawer wisa saengga kathah engkang pejah. Nanging saksampunipun Israel

mratobat, Allah paring dawuh Musa damel sawer tembaga lan nggantungaken wonten jagak, saengga saben tiyang engkang ningali badhe saras.

Yesus paring ngertos Nikodemus, kadosdene tiyang Israel mandeng kanti iman dateng sawer tembaga saged saras, mekaten ugi keturunan Adam namung pitados kaliaan obat saking Allah badhe wiulujeng saking paukuman langgeng.

Kita sami kados tiyang Israel sampun dicokot dening sawer, njih setan kanti wisa lan dosanipun punika kados racun engkang nyebabaken manungsa pejah wonten neraka, menawi Allah mboten paring obat. Pituwasipun dosa punika pati. Punapa sedherek mangertos rancangan Allah kangge mulihaken manah anak-anak Adam engkang sampun dikebaki dosa? Punapa engkang dingendikakaken Yesus? Penjenenganipun ngendikan penebus engkang suci kedah diinggilaken ing nginggiling jagak kangge nanggung ukuman dosa saking manungsa. Dados sinten engkang dislametaken? INjil ngendikan, *"saben wong kang pracaya marang Panjenengané aja nganti nemu karusakan, nanging nduwènana urip langgeng."* Dateng sinten kita kedah pitados? Penebus engkang Allah utus. Punapa sedherek pitados Penjenenganipun?

Maturnuwun sampun mirengaken siaran kawulo. Pepanggihan ngajeng kita badhe mireng pangandikanipun Yesus dateng tiyang setri engkang gadhah semah 5.

Gusti mberkahi sedherek wekdal menggalihaken pangandikanipun Yesus," *Aja gumun yèn Aku kandha: 'Kowé kabèh kudu kalairaké menèh.'* *Begja wong sing resik atiné; awit bakal wanuh marang Gusti Allah.*" Menawi sedherek wonten pitakenan sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386 WA/SMS. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 68

Juruwilujengipun Dunya

Yohanes 4, Lukas 4.

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanhipun Gusti Allah engkang Maha Asih engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel saha nampi karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminy.

Wonten program engkang pungkasan kita dumugi dumugi ing rerembangan antawis Yesus saha Nikodemus. Yesus nedhahaken Nikodemus, bilih menawi sanes Roh Sucinipun Allah engkang ngribah manahipun, piyambakipun mboten saged lumebet wonten Ngarsanipun Allah. Punika sebabipun Yesus ngendikan, "Kowé kudu kalairaké menèh."

Dinten sakmangkih kita badhe mirengaken kadospundi Yesus sang Juruwilujeng ngendikan dateng tiyang engkang benten kalih Nikodemus. Nikodemus tiyang Yahudi, nanging dinten sakmangkih engkang badhe wicantenaken tiyang setri. Nikodemus tiyang engkang taat agami, ananging tiyang setri punika tiyang engkang dosa ageng engkang gadah semah 5. Ing ngajeng manungsa Nikodemus langkung sae ketimbang tiyang setri engkang mboten bermoral. Tapi sanes punika engkang Gusti pirsani, karena sedaya keturunan Adam, sae tiyang agami saha tiyang dosa wonten ing kuwaosipun dosa. Punika sebabipun sedaya anak Adam kedah kalairaken malih dening kuwaos engkang asalipun saking nginggil.

Sakamangkih sumonggo kita wangsul dateng Injil lan mirengaken pangandikanipun Yesus dateng tiyang setri risak saking Samaria. Samaria punika daareh antawis Yudea kalian Galilea ing tanah Yahudi. Sebagian ageng tiyang Samaria tiyang asing. Tiyang Yahudi nganggep tiyang Samaria dados tiyang engkang manembah brahala, saengga tiyang Yahudi mboten purun tetepangan. Yesus sang Juruwilujeng pilih kasih, karena Allah mboten pilih kasih. Yesus rawuh wonten dunya kangge madosi saha milujengaken saben tiyang dosa engkang pengin dados enggal saha gadah manah engkang suci. Punika sebabipun Yesus mboten isin pangandikan kalian wanita Samaria engkang gadhah semah 5.

Sakmangkih monggo kita pireng engkang kaserat ing Injil Yohanes 4, "*Nalika semana kira-kira jam rolas awan. Nuli ana wong wadon Samaria teka arep ngangsu. Gusti Yésus nuli ngandika marang wong mau: "Aku wènèhana ngombé."*

Wong wadon Samaria mau banjur munjuk, "Kadospundi Panjenengan, tiyang Yahudi kok mundhut ngunjuk dhateng kula tiyang Samaria?" Yésus paring wangsulan, pangandikané, "Menawa kowé mangerti ing pepariné Allah, lan sapa Panjenengané kang ngandika marang kowé: Aku wènèhana ngombé, mesthi kowé kang nyuwun marang Panjenengané, banjur kowé diparingi banyu urip." Unjuké wong wadon mau, "Gusti, Panjenengan mboten kagungan timba, mangka sumuripun lebet, saking pundi anggèn Panjenengan angsal toya gesang menika? menapa Panjenengan nglangkungi leluhur kula Yakub ingkang maringaken sumur menika dhateng bangsa kula. Panjenenganipun ugi ngunjuk saking sumur menika, samanten ugi para putra dalah kéwanipun." Yésus paring wangsulan, pangandikané, "Sapa baé kang ngombé banyu iki bakal ngelak manèh, nanging sapa baé kang ngombé banyu pawèwèhku, bakal ora ngelak ing salawas-lawasé. Malah banyu pawèwèhku mau ana ing jeroné wong iku bakal dadi sumber, kang mancur terus tumeka ing urip langgeng." Unjuké wong wadon mau, "Gusti, kula Panjenengan paringi toya menika, supados sampun ngantos ngelak, sarta mboten sisah ngangsu mriki malih!" Pangandikané Yésus, "Lungaa, undangan bojomu, nuli balia mréné!" Unjuké wong wadon mau, "Kula mboten gadhah sémah." Pangandikané Yésus, "Bener kandhamu, menawa kowé ora duwé bojo. Sabab anggonmu bebojoan wus ambal kaping lima, mangka kang saiki iku dudu bojomu. Pancèn bener kandhamu kang mangkono iku." Unjuké wong wadon mau, "Gusti, sapunika kula sampun cetha, bilih Panjenengan menika nabi. Para leluhur kula anggènipun sujud wonten redi menika, mangka Panjenengan ngandika, bilih Yérusalèm panggènanipun tiyang sami manembah." Pangandikané Yésus, "Ngandela marang Aku, hé, wong wadon, bakal tumeka ing waktuné kowé padha manembah marang Allah, ora ana ing gunung iki, lan iya ora ana ing Yérusalèm. Kowé iku padha manembah marang kang ora padha kokweruhi. Aku iki padha manembah marang kang padha dakweruhi. Awit karahayon iku mijilé saka bangsa Yahudi. Nanging bakal ana waktuné, malah saiki wus tekan waktuné para wong manembah kang sejati iku anggoné padha manembah marang Allah ing sajroning Roh lan kayektèn, awit para wong kang kaya mangkono iku kang dikarsakaké déning Allah. Allah iku Roh, lan sapa baé kang padha manembah marang Panjenengané, anggoné manembah iku kudu ing sajroning roh lan kayektèn." Aturé wong wadon mau, "Kula mangertos bilih Mésias badhé rawuh, ingkang ugi kasebut Kristus; menika sarawuhipun badhé nyumerepaken samukawis dhateng kula sadaya." Pangandikané Yésus, "Iya Aku iki Panjenengané kang lagi ngandikan karo kowé."

Sakestu, punika carios engkang penting, karena carios punika nyariosaken kadospundi wanita engkang risak moralipun mangertos bilih Yesus punika Juruwilujeng engkang diutus Allah dateng dunya. Ing wiwitan pepanggihan, wanita wau mboten mangertos kalih sinten piyambakipun wicantenan. Piyambakipun nganggep Yesus tiyang Yahudi biasa. Wekdal lumampah wicantenan,

Yesus paring ngertos perkawis engkang mboten dingertosi manungsa biasa, engkang dados alasan piyambakipun nyebat Yesus setunggaling nabi. Nanging wusananipun, piyambakipun mangertos bilih Yesus punika nglangkungi nabi.

Wekdal mangertos Yesus punika Juruwilujeng, wanita wau nyeleh kendinipun lajeng mlajar lumebet kithanlan wicanten dateng tiyang kathah, "*Ayo padha delengen, ing kana ana wong kang ngandhakaké marang aku sakèhing lelakonku. Apa sajaké wong iku Kristus?*"

Wong-wong Samaria bareng wis ketemu karo Gusti Yésus, banjur padha nyuwun kanthi banget, supaya Panjenengané kersa pinarak ing omahé wong-wong mau. Gusti Yésus kèndel ana ing kono nganti rong dina. Sawisé kuwi saya akèh menèh wong sing padha percaya merga saka piwulangé Gusti Yésus piyambak. Wong-wong Samaria kuwi padha kandha karo wong wadon mau: "Saiki aku padha percaya marang Gusti Yésus, ora mung merga saka paseksimu, nanging merga aku dhéwé wis padha ngrungokaké pangandikané, lan ngerti yèn Panjenengané kuwi pancèn Sang Kristus."

Saklajengipun punapa engkang dumados saksampunipun Yesus tindak Samaria. Injil Lukas 4 nyariosaken mekaten,

Yésus banjur kondur menyang Galiléa kanthi pangwasaning Roh. Anadéné pawarta bab Panjenengané iku tumuli sumebar ana ing wilayah kono kabèh. Nalika samana Panjenengané memulang ana ing sinagogé kono sarta sakèhing wong padha ngalembana. Yésus nuli rawuh ing Nasarèt, panggonané nalika kagulawenthah, lan kaya adaté bareng dina Sabat banjur rawuh ing papan pangibadahé sarta jumeneng arep maos Kitab Suci. Nuli diaturi kitabé Nabi Yésaya. Bareng kabukak, pérangan kang kawaos surasané mangkéné, "Rohé Pangéran ana ing Aku, awit Panjenengané wis njebadi Aku, kadhawuhan martakaké kabar-becik marang wong-wong miskin; lan Panjenengané wis ngutus Aku supaya martakaké luwaré para tawanan, sarta pulihing pandelengé para wong wuta, ngluwari wong-wong kang katindhes, ngundhangaké yèn taun-rahmaté Pangéran wis tumapak." Sawisé mangkono kitab banjur katutup kaparingaké manèh marang kang kawogan, nuli lenggah. Wong kabèh kang ana sinagogé padha mandeng marang Panjenengané. Yésus banjur wiwit paring piwulang, pangandikané, "Ing dina iki, sajroné kowé padha ngrungokaké, pangandika mau wus kelakon."

Kalih tembung-tembung wau, Yesus ngakeni bilih Penjenenganipun Mesias Sang Juruwilujeng engkang sampun diramalaken dening nabi Yesaya 700 taun sakderengipun. Ananging tiyang Yahudi engkang wonten Nazareth panggenan Yesus ageng mboten saged nampi Yesus punika Juruwilujeng dunya engkang saking suwargi, kanti wicanten, "*Apa Iku dudu anaké Yusuf?*"

Saklajengipun Injil Lukas 4, nyarisosaken Yesus ngemutaken supados mboten ngina dateng Mesias utusan Allah, nanging malah sami nesu.

“Bareng krungu kang mangkono iku, wong kabèh kang ana ing papan pangibadah kono padha nepsu banget. Banjur padha ngadeg, Yésus digawa metu menyang sanjabaning kutha, terus didhabyang menyang pèrènging gunung, kang ana kuthané iku, supaya Panjenengané diyorogaké saka kono. Nanging Panjenengané banjur tindak nratas ing tengahé wong-wong mau, tindak saka ing kono.”

Pungkasanipun tiyang Nazaret usaha mejahi Yesus. Wonten punapa kok mekaten? Tiyang Nazaret usaha mejahi Yesus, karena Penjenenganipun ngakeni dados Mesias engkang sampun diramalaken para nabi Allah. Mekaten jahatipun manungsa engkang kepengin nyingkiraken tiyang engkang diutus Allah dados Juruwilujeng saha hakimipun dunya! Ing mangkih manungsa badhe mejahi Penjenenganipun, ananging Allah mungkaken Penjenenganipun saking pati ing tigang dintenipun.

Sakmangkih sumonggo kita penggalihaken pelajaran dinten sakpunika. Wonten 2 pikempalan manungsa engkang mindangetaken Yesus punika Mesias, ananging tanggapanipun benten.

Sepindah. Kita mireng wanita engkang dosa saha tiyang Samaria, sedaya kanti sukarena pitados bilih Yesus Mesias Juruwilujengipun dunya. Carios kaping kalih, tiyang Nazaret engkang taat. Sedaya mboten pitados bilih Yesus punika Mesias. Ringkesipun tiyang-tiyang dosa ing Samaria nampi Yesus dados juruwilujeng dunya, nanging tiyang Nazaret engkang taat agami mboten purun nampi Penjenenganipun.

Kelompok pundi engkang sami kalih sedherek? Punapa sedherek kados tiyang Samaria engkang pitados saha nampi Yesus dados Juruwilujeng? Utawis sedherek kados tiyang Nazaret engkang nolak Yesus dados Juruwilujengipun saking dosa? Punapa sedherek ngakeni bilih Yesus punika penebus engkang sampun diramalaken dening para nabi? Punapa sedherek sampun nampi Penjenenganipun dados juruwilujeng?

Maturnuwun sampun mirengaken siaran kawulo. Kulo ngundang sedherek mirengaken siaran saklajenipun kangge ningali tanda-tanda Yesus, supados saben tiyang mangertosi bilih Penjenenganipun Mesias.

Gusti paring berkah, wekdal sedherek emut pangakenipun tiyang Samaria perkawis Yesus, enkang wicanten, *“Panjenengané iku nyata Pamartaning jagat.”*

Menawi sedherek wonten pitakenan, sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386. SMS/WA. Maturnuwun.

Marging Karahayun

Pelajaran 69

Kuwaosipun Yesus

Matius 12, Yohanes 5

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanhipun Gusti Allah engkang Maha Asih engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel saha nampi karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminy.

Sedherek, dinten sakmangkih kita badhe maos Injil perkawis Gusti Yesus diadepaken kalih para pemimpin agami perkawis dinten sabbat. Sabbat njihpunika dinten kapitu wonten seminggu, dinten engkang Allah paringaken dateng tiyang Yahudi dados dinten ngaso saksampunipun enem dinten makaryo. Nanging tiyang Farisi injih para pemimpin agami nuduh Yesus nglanggar dinten sabbat karena Penjenenganipun nindakaken pakaryan sae ing dinten sabbat. Perkawis punika dados alasan nglepataken Yesus, karena mboten nemukaken alasan awon katujukaken dateng Yesus.

Injil Matius 12 wicanten mekaten,

"Nalika mbeneri dina Sabbat, Gusti Yésus tindak ngliwati pategalan gandum. Para rasul padha krasa luwé, mulané padha methiki wulèn gandum, nuli padha dipangan. Bareng wong Farisi weruh, nuli padha matur marang Gusti Yésus: "Para murid Panjenengan sami nerak angger-angger, awit sami nglampahi prekawis ingkang dipun awisi ing dinten Sabbat." Gusti Yésus ngandika: "Apa kowé padha ora maca ing Kitab Suci, bab apa sing ditindakaké déning sénapati Dawud nalika panjenengané lan wong-wongé padha keluwèn? Panjenengané mlebu ing Pedalemané Allah, banjur nedha roti sing dicaosaké marang Gusti Allah. Semono uga para wong sing ndhèrèkaké panjenengané. Mangka miturut prenatalé Agama Yahudi, sénapati Dawud lan wong-wongé mau ora kena mangan roti kuwi; awit sing kena mangan roti kuwi mung para imam. Apa kowé padha ora maca ing prenatalé Agama sing diparingaké déning Nabi Musa, yakuwi yèn saben dina Sabbat para imam kang ana ing Pedalemané Allah satemené padha nerak prenataling dina Sabbat. Éwasemono tindaké para imam kuwi ora salah. Kowé Dakkandhani: Ing kéné ana sing ngluwihi Pedalemané Allah. Ing Kitab Suci ana tulisan: 'Sing Dakkersakaké kuwi kawelasan, dudu kurban.' Yèn kowé ngerti temenan tegesé tulisan mau, kowé mesthi ora bakal nyalahaké wong-wong sing bener. Amarga Putrané Manungsa kuwi iya sing kagungan dina Sabbat."

Yesus kagungan atusan asma saha jabatan wonten ing kitab suci. Salah setunggalipun, **“Putrane Manungsa”**. Sebatan Putrane Manungsa ngemutaken kita bilih Mesias sampun ngandapaken Penjenenganipun mendet wujud dados anak Adam. Punika ugi ngungkapaken Kamulyanipun, karena Penjenenganipun kagungan sedaya kuwaos saha paukuman dateng sedaya anak-anak Adam. Coba dipunpenggalih, Sabda, Roh, kuwaos saha kamulyanipun Allah mandap wonten dunya lan mendet wujud manungsa! Njih Yesus Kristus punika Putraning Manungsa, Gusti dinten sabat, lan Gusti sedayanipun. Nanging tiyang Farisi mboten purun ngakeni sedaya wau.

Menawi kita lajengaken bagiang saklajengipun, kita ningali kadospundi tiyang Farisi nuduh Yesus lepat karena mboten naati tradisinipun. Mekaten munafik! Pemimpin agami mboten kagungan raos welas asih dateng tiyang kaluwen, tiyang sakit, ananging malah minginaken tiyang pitados bilih tradisi nglarang ing dinten sabat saking Allah, nindakaken pakaryan. Yesus mangertos sedaya pikiran awon tiyang farisi. Saengga ngemutaken kanti ngendikan, **“Sing Dakkersakaké kuwi kawelasan, dudu kurban.’ Yèn kowé ngerti temenan tegesé tulisan mau, kowé mesthi ora bakal nyalahaké wong-wong sing bener. Amarga Putrané Manungsa kuwi iya sing kagungan dina Sabbat.”**

Yohanes 5

Sawusé iku, ana riyayané wong Yahudi, Yésus tindak menyang Yérusalèm. Ing Yérusalèm, sacedhaké Gapura Wedhus, ana blumbang, kang ing tembung Ibrani diarani: Bètèsda, kang ana bangsalé lima. Ing bangsal-bangsal kono akèh banget wong lara pating gluntung: wong wuta, wong pincang, wong lumpuh. Padha ngentèni kocaking banyu. Awit samangsa ana malaékaté Pangéran tumedhak ing blumbang kono ngocak banyuné; sarta menawa banyu mau kocak, sapa baé kang nyegur dhisik dhéwé dadi waras, sanadyan apa baé lelarané. Ing kono ana wong kang nandhang lara wus telung puluh wolu taun lawasé. Bareng Yésus pirsá wong mau nggluntung ana ing kono sarta Panjenengané nguningani menawa wong mau wus lawas anggoné mangkono iku, banjur dipangandikani, "Kowé apa kepéngin waras?" Atur wangsulané wong kang lara mau, "Bendara, mboten wonten tiyang ingkang nyemplungaken kawula dhateng blumbang samangsa toyanipun wiwit kocak. Angger kawula saweg murugi, lajeng wonten tiyang sanès ingkang nyemplung ngrumiyini kawula." Yésus banjur ngandika, "Tangia, paturonmu angkaten, lan lumakua!" Sanalika wong mau dadi waras, nuli ngangkat paturoné lan banjur mlaku. Nanging dina iku pinuju dina Sabat. Amarga saka iku wong-wong Yahudi padha ngelokaké wong kang lagi baé waras mau, pangucapé, "Iki dina Sabat, kowé ora kena ngangkat paturonmu!" Nanging wangsulané wong mau, "Tiyang ingkang nyarasaken kula punika ingkang dhawuh dhateng kula: Paturonmu angkaten, lumakua!" Wong-wong mau banjur padha takon, "Sapa wongé kang akon marang kowé: Paturonmu angkaten, lumakua?" Nanging wong kang lagi baé waras ora mangerti, iku sapa, amarga Yésus wus nyilimpet ana ing satengahé

wong akèh kang ana ing kono. Sawisé mangkono Yésus mrangguli wong mau ana ing Padaleman Suci, banjur dipangandikani, "Kowé wus waras, aja gawé dosa manèh, supaya kowé aja nganti kataman kang luwih banget." Wongé nuli lunga, nyaritakaké marang wong-wong Yahudi menawa kang marasaké iku Yésus. Lan marga saka iku, wong-wong Yahudi padha ngudi arep nganiaya Yésus, amarga Panjenengané nindakaké kang mangkono iku ing dina Sabat.

Monggo kita mandeg rumiyin. Wonten punapa pemimpin agami ngganggu saha kepingin mejahi Yesus? Punapa karena Yesus nyarasaken tiyang sakit wekdal dinten sabat? Punika sanes alesan sakleresipun. Sedaya usaha mejahi Yesus karena Penjenenganipun ngendikan bilih Allah Ramanipun. Sedaya mboten saged nampi bilih Yesus punika Mesias engkang rawuh saking NgarsaNipun Allah, saengga nuduh Yesus nglamah dateng Allah.

Nanging kitab suci ngendikan

Yésus paring wangsulan, pangandikané, "Satemené Aku pitutur marang kowé: Sang Putra ora bisa nindakaké apa-apa saka awaké dhéwé, menawa Panjenengané ora weruh kang katindakaké déning Sang Rama. Sabab apa kang katindakaké déning Sang Rama, iku uga katindakaké déning Sang Putra. Sabab Sang Rama ngasihi Kang Putra sarta nedahaké sabarang kang ditindakaké piyambak marang Panjenengané, malah iya bakal nedahaké marang Panjenengané pandamel kang luwih agung manèh katimbang karo iku, nganti kowé padha gumun. Awit padha kaya Sang Rama anggoné nangèkaké lan nguripaké wong kang padha mati, mangkono uga Sang Putra iya nguripaké saben wong kang dikarsakaké. Sang Rama ora ngadili sapa baé, nanging wus masrahaké pangadilan iku marang Sang Putra, supaya wong kabèh padha ngormati marang Sang Putra kayadéné anggoné ngormati Sang Rama. Sapa kang ora ngormati marang Sang Putra, iku uga ora ngormati marang Sang Rama kang ngutus Panjenengané. Satemené Aku pitutur marang kowé: Saben wong kang ngrungokaké pituturku, sarta pracaya marang kang ngutus Aku, iku nduwèni urip langgeng, lan ora katut kaukum, jalaran wus pindhah saka pati marang urip.

Menawa Aku neksèni bab awakku dhéwé, paseksiku iku ora bener. Ana liyané kang neksèni mungguh ing Aku lan Aku mangerti yèn paseksi kang kalairaké bab Aku iku bener. Kowé wus padha kongkonan marang Yohanes, lan wong iku wus neksèni bab kayektèn. Nanging Aku ora mbutuhaké paseksi saka manungsa, déné Aku tutur mangkono iku supaya kowé padha kapitulungan rahayu. Yohanes iku minangka lampu kang murub lan kang madhangi, nanging kowé iku mung sawatara mangsa baé anggonmu gelem ngrasakaké padhangé. Nanging Aku iki nduwèni paseksi kang ngungkuli paseksiné Yohanes, yaiku sakèhing pagawéan kang kaparingaké Sang Rama marang Aku, supaya daktindakaké. Pagawéan iku iya kang daktindakaké saiki, lan iku dadi paseksi anggoné Sang Rama ngutus Aku. Sang Rama kang ngutus Aku, Panjenengané kang neksèni piyambak mungguh ing

Aku. Kowé ora tau krungu swantené utawa nyumurupi pasuryané, apadéné pangandikané ora tetep dumunung ana ing kowé, awit kowé padha ora pracaya marang Panjenengané kang kautus. Kowé padha nitipriksa Kitab-kitab Suci, awit pandugamu marga saka iku kowé nduwèni urip langgeng. Nanging sanadyan Kitab-kitab Suci iku neksèni bab Aku, éwasamono kowé padha ora gelem marani Aku supaya nduwèni urip iku.

Punapa sedherek mireng kadospundi Yesus ndukani tiyang-tiyang Farisi engkang kepenging mejahi Penjenenganipun? Penjenenganipun paring mangertos bilih sok sinten mawon engkang nolak Mesias engkang Allah utus saking suwargi, nolak kesaksian perkawis pangandikan saha pakaryanipun Mesias engkang ngeramaken, piyambakipun nolak kesaksian Nabi Yohanes, kesaksian Nabi Musa saha kesaksian kitab-kitab suci. Ringkesipun sinten engkang nolak Mesias berarti nolak Allah piyambak. Sinten engkang mboten ngormati Putra berarti mboten ngormati Rama engkang ngutus.

Nolak pangandikan saha kuwaos Yesus punika nolak pangandikan saha kuwaos Allah, sebab Yesus punika sabda Allah saha dateng sinten Allah mitadosaken sedaya paukuman saha kuwaos. Sinten engkang pitados dateng Allah saha sedaya nabi, badhe pitados bilih Yesus punika Mesias engkang rwauh saking suwargi lan sedaya nabi ngendikan perkawis Penjenenganipun.

Sedaya tiyang engkang mangertosi lan pitados tulisan para nabi mangertos saha pitados Yesus anak Maria punika tiyang engkang Allah pilih kangge dados Juruwilujeng dunya. Punika engkang Yesus ngendikakaken dateng tiyang farisi, wekdal ngendikan,

"Kowé padha nitipriksa Kitab-kitab Suci, awit pandugamu marga saka iku kowé nduwèni urip langgeng. Nanging sanadyan Kitab-kitab Suci iku neksèni bab Aku, éwasamono kowé padha ora gelem marani Aku supaya nduwèni urip iku. Kowé aja padha duwé pangira yèn Aku kang bakal nggugat kowé ana ing ngarsané Sang Rama; kang nggugat kowé, yaiku Musa kang dadi dununging pangarep-arepmu. Sabab menawa kowé padha pracaya marang Musa, mesthiné iya pracaya marang Aku, amarga panjenengané wus nyerat bab Aku. Nanging menawa kowé padha ora pracaya marang seratané Musa, kepriyé anggonmu bakal padha pracaya marang kang dakkandhakaké?"

Sumonggo dipun raosaken pangandikan wau, Allah ngersakaken kaleresan wonten ing manah kita. Wekdal kita pitados para nabi, mila kita kedhah pitados dateng tiyang engkang para nabi saksiaken, injih Yesus Sang Mesias.

Sedherek, maturnuwun sampun mirengaken siaran kawulo. Pepanggihan saklajengipun kita badhe nglajengaken carios endah Yesus sang Mesias.

Menawi sedherek wonten pitakenan sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386 SMS/WA. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 70

Kuwaosipun Yesus

Markus 4-6, Matiu 9-10

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanhipun Gusti Allah engkang Maha Asih engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel saha nampi karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminye. Kawulo rumaos bingah saged wangsul ing dinten sakmangkih nyegahaken program Margining Karahayun.

Wonten ing program kepengker, kita ningali bilih para pemimpin agami Yahudi ngrekadaya kangge mejahi Yesus, karana Penjenenganipun ngendikan bilih Allah punika Ramanipun, sarta nganggep Penjenenganipun sami kalih Allah. Ing antawisipun sedaya wau wonten engkang pitados. Yesus milih 12 rasul saking tiyang-tiyang engkang ndherek, njihpunika tiyang engkang pitados Penjenenganipun saengga saged kautus kangge martosaken kabar sae perkawis kawilujengan.

12 rasul punika naminipun Simon engkang kasebat Petrus lan Andreas sedherekipun, Yakobus lan Yohanes anakipun Zebedeus, pedamelanipun nelayan. Rasul sanesipun, njihpunika Filipus, Bartolomeus, Tomas, Matius, Yakobus anak Alfeus, Tadeus, Simon tiyang Zelot saha Yudas Iskariot, sedaya wau 12 murid Yesus engkang nyarengi Penjenenganipun. Wonten ugi tiyang setri engkang sareng Yesus, Maria Magdalena engkang sampun dibebasaken saking 7 roh jahat, Yohana setrinipun Khuza lan bendahara herodes, Susana lan sanes-sanesipun. Tiyang setri kalawau ngladosi rombongan Yesus kalih sedaya kasugihanipun.

Kados engkang kita tingali, tiyang-tiyang gumun mindangetaken piwucalipun Yesus. Kuwaos Yesus mboten namung ing pangandikan mawon, ananging ugi kabuktikaken kalih sedaya pedamelanipun.

Wonten program sakmangkih, kita badhe ningali bilih Yesus kagungan kuwaos ingngatasipun sedaya makluk saha kuwaos wonten dunya. Sumonggo kita waos Injil Markus 4

Ing dina iku bareng wus surup, Yésus ngandika marang para sakabaté, "Ayo padha mangkat nyabrang." Karo ninggal wong golongan, para sakabat banjur padha ndhèrèkaké Panjenengané kang wus ana ing prau bebarengan karo prau-prau liyané. Tumuli ana prahara kang gedhé, lan ombaké ngebyuki prau, nganti prauné mèh kebak banyu. Déné Yésus ana ing buritan saré ngagem

bantal. Para sakabat banjur mungu Panjenengané lan matur, "Guru, punapa Panjenengan mboten menggalih, bilih kawula sami katiwasan?" Sawisé wungu, Panjenengané banjur ndukani anginé kanthi sereng sarta ngandika marang tлага, "Sirepa! Antenga!" Anginé nuli sirep lan tlagané dadi anteng. Panjenengané banjur ngandika marang para sakabaté, "Yagéne kowé padha wedi? Apa kowé padha ora pracaya?" Para sakabat dadi wedi banget, sarta padha rerasanan, "Sejatiné Panjenengané iku sapa ta, déné angin lan tлага baé padha mbangun turut marang dhawuhé?"

Markus 5 Nuli Yésus lan para sakabaté padha tekan sabranging tлага, ing wilayahé wong Gerasa. Lagi baé Panjenengané mandhap saka ing prau, ana wong kang kerasukan roh jahat saka ing pakuburan, methukaké. Wong mau manggon ana ing pakuburan lan ora ana wong siji baé kang bisa mbanda wong mau, sanadyan nganggo ranté pisan, amarga wong iku sikil lan tangané wus kerep diranté, nanging ranténé dipedhot lan dibedhat, mangka ora ana siji baé wong kang bisa nelukaké. Rina-wengi wong iku terus ana ing pakuburan-pakuburan lan gunung-gunung karo bengak-bengok sarta ngantemi awaké dhéwé nganggo watu. Bareng weruh Yésus saka ing kadohan, wong mau banjur mlayu lan nyembah Panjenengané, sarta mbengok klawan sora, "Punapa urusan Panjenengan kaliyan kula, dhuh, Yésus, Putranipun Allah ingkang Mahaluhur? Demi Allah, sampun ngantos nyiksa kula!" Wong mau matur mangkono, jalaran Panjenengané ngandika, "Metua saka wong iku, hé, roh jahat!" Panjenengané banjur ndangu marang wong iku, "Sapa jenengmu?" Wong iku tumuli matur, "Nama kula Legion, awit kula punika kathah." Wong iku kanthi adreng nyuwun supaya Panjenengané ora nundhung roh-roh jahat iku saka ing wilayah kono. Ing kono ana babi sapantha gedhé lagi padha golèk pangan ana ing èrèng-èrèngé gunung. Roh-roh jahat iku banjur padha nyuwun marang Panjenengané karo matur, "Panjenengan ndhawuhana kula supados sami pindhah ing babi-babi punika, babi-babi punika badhé kula lebeti." Yésus marengaké roh-roh jahat iku; lan roh-roh jahat mau tumuli padha metu banjur mlebu ing babi-babi iku; pepanthan babi mau tumuli gumrudug mudhun liwat èrèng-èrèng kang njuleg ambyur ing tлага, cacahé wetara rong èwu, lan padha klelep ing kono. Para kang angon babi-babi mau banjur padha mlayu awèh warta marang wong-wong ing kutha lan ing kampung-kampung sakiwa-tengené. Wong-wong banjur padha metu arep weruh apa kang wis kelakon. Wong-wong mau padha sowan ing ngarsané Yésus lan padha ndeleng wong kang kapanjangan sétan Legion iku lungguh ana ing kono, wis nganggo sandhangan sarta waras budiné, satemah wong-wong iku padha wedi.

Nalika Yésus nyabrang manèh kalawan nitih prau, wong golongan kang akèh cacahé teka padha ngrubung Panjenengané. Nalika Panjenengané ana ing pinggir tлага, tumuli ana wong saka panunggalané para pangareping papan pangibadah teka, jenengé Yairus. Bareng weruh Panjenengané, wong iku banjur sujud ing ngarsané,

lan kanthi adreng nyuwun marang Panjenengané lan matur, "Anak kawula èstri saweg sakit mèh pejah, mugi Gusti rawuh saha numpangi asta dhateng anak kula wau, supados wilujeng lan lestantun gesang." Yésus banjur tindak bareng karo pangareping papan pangibadah mau. Lan wong golongan kang akèh cacahé ndhèrèkaké Panjenengané. Ana wong wadon kang lara nggrajag-getih wus rolas taun lawasé, sing banget anggoné nandhang sangsara, wis bola-bali ditambahi dhokter pirang-pirang, nganti ngentèkaké barang darbèké kabèh, mangka iku ora mitulungi, nanging larané malah dadi luwih nemen. Marga wus krungu pawarta bab Yésus, wong wadon iku tumuli teka nrambul ing satengahé wong golongan, banjur ndemèk jubahé Panjenengané saka ing buri. Sabab pamikiré, "Yèn aku ndemèk, sanadyan ta mung jubahé Panjenengané, aku bakal kawarasaké." Sanalika nggrajag-getihé banjur dadi mampet, apadéné iya ngrasakaké yèn awaké wus waras.

Nalika Panjenengané isih ngandika, wong sawatara saka ing omahé pangareping papan pangibadah mau nusul teka lan matur, "Putra putri panjenengan sampun tilar, punapa ginanipun panjenengan taksih ngribedi Guru?" Nanging Yésus, kanthi ora nggatosaké marang tetembungan kang kaucapaké iku, ngandika marang pangarepé papan pangibadah iku, "Aja wedi, pracayaa baé!" Yésus ora marengaké ana wong kang ndhèrèk Panjenengané kejaba Pétrus, Yakobus lan Yohanes, saduluré Yakobus. Bareng wus padha tekan omahé pangareping papan pangibadah iku, Panjenengané pirsakaributan, wong-wong kang nangis lan sesambat kalawan sora. Bareng wis mlebet, Panjenengané banjur ngandika marang wong-wong iku, "Yagéne kowé padha ribut lan nangis? Bocahé ora mati, nanging turu." Wong-wong iku banjur padha nggeguyu Panjenengané. Sawisé ndhawuhi metu wong-wong iku kabèh, Panjenengané tumuli ngajak bapak lan ibuné bocah mau sarta kang padha ndhèrèk Panjenengané, banjur mlebet ing papané bocah mau. Kanthi ngasta tangané, Panjenengané ngandika marang bocah iku, "Talita kum," kang ateges, "Hé, gendhuk, Aku dhawuh marang kowé, tangia!" Sanalika bocah wadon iku tangi sarta mlaku mrana-mréné; bocah iku umuré rolas taun. Wong kabèh tumuli padha banget kaéraman.

Matius 9: 27 Nalika Gusti Yésus tindak saka ing kono, ana wong wuta loro sing padha nututi Panjenengané. Wong-wong mau padha bengok-bengok, aturé: "Tedhkipun Dawud, nyuwun tulung!" Bareng Gusti Yésus wis mlebet ing dalem, wong wuta mau padha sowan ing ngarsané. Banjur didangu: "Apa kowé precaya, yèn Aku bisa marasaké kowé?" Atur wangsulané wong loro mau: "Inggih, kawula sami pitados." Gusti Yésus nuli ndemèk mripaté wong wuta loro mau karo ngandika: "Padha kelakona kaya sing dadi pengandhelmu." Mripaté banjur padha bisa ndeleng. Sawisé kuwi Gusti Yésus banjur manti-manti wong-wong mau, supaya aja padha kandha karo sapa waé bab prekara mau. Éwasemono wong loro mau salungané saka kono nuli padha nyritakaké marang saben wong ing wilayah kono bab Gusti Yésus. Bareng wong wuta loro sing diwarasaké mau wis lunga, ana wong bisu kepanjangan dhemit disowanaké ing ngarsané Gusti Yésus. Sawisé dhemité

ditundhung déning Gusti Yésus, wong mau bisa caturan menèh. Wong-wong sing padha ndeleng padha gumun kabèh, ujaré: "Durung tau ana lelakon sing mengkéné iki ing tanah Israèl!" Nanging wong-wong Farisi padha muni: "Enggoné nundhung dhemit kuwi rak merga olèh pangwasa saka ratuné para dhemit."

Markus 6 1 *Yésus banjur jengkar saka kono lan rawuh ing papan asalé, déné para sakabaté padha ndhèrèkaké Panjenengané. Ing dina Sabat, Panjenengané wiwit memulang ana ing papan pangibadah, lan wong akèh kang padha ngrungokaké gumun banget, klawan ngucap, "Wong iku anggoné olèh iku kabèh saka ngendi? Lan kawicaksanan apa kang kaparingaké marang wong iku? Sarta kepriyé déné pangwasa kang ngéram-éramaké kang kaya mangkono iku bisa katindakaké sarana tangané? Apa wong iku dudu tukang kayu, anaké Maria, saduluré Yakobus, Yosès, Yudas lan Simon? Lan apa sadulur-saduluré wadon ora padha manggon ing kéné ing satengah kita?" Wong-wong iku temah padha nampik Panjenengané.*

Panjenengané nimbali marek sakabat rolas iku sarta wiwit ngutus para sakabat mau ngloro-ngloro. Panjenengané maringi pangwasa marang para sakabat tumrap roh-roh jahat, "Lah Kowé padha Dakutus kaya wedhus ana ing antarané asu ajag. Mulané sing ngati-ati kaya ula, lan sing barès atimu kaya manuk dara.

Wonten pedamelanipun Yesus dikebaki kalih kuwaosipun Allah. Kathah tiyang gumun, lan wicanten, "Kawruhé wong kuwi olèhé saka ngendi? Kepriyé iku bisa katindakaké sarana tangané?"

Saking pundi kuwaos saha kawicaksanan Yesus? Penjenenganipun mboten angsal saking pundi, karena Penjenenganipun piyambak punika kuwaos saha kawicaksanan Allah. Gusti Yesus nindakaken pakaryan Allah engkang ageng wonten dunya kangge ngetingalaken dateng manungsa saking pundi Penjenenganipun dumugi. Penjenenganipun gadah kuwaos dateng saben makluk engkang dipun cipta, karena Penjenenganipun punika Roh Allah saha Sabda Allah.

Punapa sedherek pitados dateng tiyang engkang gadah sedaya kuwaos saha otoritas?

Maturnuwun sampun sesarengan kawulo ing siaran punika. Pepanggihan ngajeng kita badhe midhangetaken Yesus mucal kathah tiyang kalian perumpamaan. Gusti paring berkah wekdal sedherek mengalihaken pangandikan, **"Sabab ana ing Panjenengané iku, sawetahé kasampurnaning kaallahané Allah dedalem ana ing sarirané"**

Menawi sedherek wonten pitakenan, sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386 SMS/WA. Nuwun.

Marginging Karahayun

Pelajaran 71

Kalih Pasemon Penting

Lukas 8, Matius 13

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanhipun Gusti Allah engkang Maha Asih engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel saha nampi karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminye. Kawulo rumaos bingah saged wangsul ing dinten sakmangkoh nyegahaken program Margining Karahayun.

Ing pepanggihan kepengker, kita temokaken bilih Yesus Mesias gadah kuwaos nglangkungi para nabi. Penjenenganipun kebak kuwaosipun Allah. Punika sebabipun Penjenenganipun saged ngleremaken angin ageng, ngusir setan, nyarasaken tiyang sakit, melekaken tiyang wuta saha mungukaken tiyang pejah.

Dinten sakmangkoh kita badhe mirengaken saking Injil perkawis Gusti Yesus mucal tiyang kathah kalian pasemon. Yesus asring mucal kaleresan nglangkungi pasemon, karana kathah tiyang engkang dherek Penjenenganipun mboten kepengin sanget mangertos Sabda Allah, ananging namung kesarasan raganipun saking penyakit, sanes kesarasan manahipun saking dosa. Mekaten ugi para pemimpin agami engkang ngetut namung pados kesempatan nyalahaken Yesus. Ngantos sedaya ninggalaken Yesus piyambakipun kalih pendherekipun engkang setya kangge njelasaken artos sedaya pasemon wau.

Allah ngersakaken sedaya tiyang mangertos kaleresan lan kawilujengaken, nanging menawi manahipun atos, Allah mboten kersa njelasaken kaleresan-Nipun dateng kita. Allah ngersakaken sedaya manungsa pados kaleresan kadosdene kathah tiyang pados kasugihan! Nabi Soleman nyerat, *“Udinen kaya yèn kowé golèk slaka utawa raja-brana kapendhem. Yèn kuwi koktindakaké, kowé ngerti apa tegesé ngabekti marang Pangéran lan nemu kawruh bab Gusti Allah.”* (Amsal 2:4-5)

Kadospundi kalih sedherek? Punapa sedherek ngajengaken kaleresanipun Allah lakung saking kasugihan? Punapa kaleresan Sabda Allah manggen wonten ing penggalih saha manah sedherek? Punapa njih sedherek mboten mangertosi kawonten manah sedherek sakleresipun wonten Ngarsanipun Allah? Saklajengipun monggo kita pireng pasemonipun Gusti Yesus perkawis juru nyebar. Injil Lukas 8 ngendikan mekaten,

"Nalika wong akèh padha gumrudug teka, yaiku wong-wong kang ndhèrèkaké Yésus saka kutha siji menyang kutha liyané, Panjenengané banjur ngandika kanthi pasemon, "Ana juru nyebar metu nyebar wijiné, sapérangan tumiba ing pinggir dalan, banjur kapidak-pidak ing wong lan manuk-manuk ing awang-awang padha nucuki nganti entèk. Ana kang tumiba ing padhasan, lan bareng wus thukul banjur garing, amarga ora olèh banyu. Ana manèh kang tumiba ing satengahing tethukulan eri, kang banjur thukul bebarengan, temahan wijiné kelindhah banget, temahan ora ngetokaké woh. Lan ana uga kang tumiba ing lemah becik, iku thukul sarta metu wohé tikel satus." Sawusé ngandika mangkono Yésus banjur nguwuh mangkéné, "Sapa kang duwé kuping kanggo ngrungokaké, ngrungokna!" Para sakabaté padha matur pitakon, apa tegesé pasemon mau.

Punapa sedherek mangertos artos pasemon juru nyebar? Wonten pasemon punika, kita ningali winih saha siti. Punapa artos winih wau? Punapa engkang Gusti Yesus ngendikakaken? Penjenenganipun ngendikan, ; Winih punika Sabda Allah engkang leres. Kadospundi kalian siti? Punapa artosipun? Siti artosipun manahipun manungsa.

Njih....Sabda Allah kados winih engkang sae, karana piyambakipun gesang saha gadhah kekiatan kangge mbeto pigesangan langgeng lan berkah wonten manah sedherek. Ananging manah manungsa mboten sami. Sumonggo kita penggalih, wonten pinten jenis siti engkang kita tingali wonten pasemon wau? Wonten sekawan panggenan winih dawah.

1. Wonten siti engkang atos
2. Wonten siti padhasan
3. Wonten ing saktengahing eri
4. Wonten siti engkang subur

Wiwitan Yesus mucal bilih kathah tiyang wonten dunya punika nggadahi manah kados siti engkang atos engkang ing nginggilipun tiyang-tiyang lumampah. Menawi winih dawah ing siti engkang atos, punapa engkang dumados? Punapa badhe gesang saha ngasilaken woh? Mboten, piyambakipun malah mboten badhe ngoyot. Tiyang-tiyang badhe ngidak-ngidak lan manuk-manuk badhe sami nyucuki. Punika kados manah saking kekathahan tiyang. Tiyang-tiyang kanti manah kados siti atos njihpunika tiyang engkang mboten nggatosaken seratan para nabi lan akibatipun mboten pitados bilih Yesus punika Juruwilujeng dunya. Tiyang-tiyang wau namung nggatosaken ide-idenipun piyambak saha tradisi para leluhuripun. Sabda Allah engkang leres mboten saged ngasilaken pigesangan wonten manahipun, kados winih engkang dawah ing nginggilipun siti engkang atos engkang mboten ngasilaken pigesangan.

Perkawis siti engkang kaping kalih, dicariosaken Yesus. Siti padas. Siti padas wau nggambaraken manah tiyang engkang mindangetaken Sabda Allah lan langsung nampi kanti sukarena, ananging punika mboten ngantos lami, karena Sabda Allah mboten ngoyot ing manahipun. Manungsa mekaten, njelasaken bilih piyambakipun pitados, nanging wekdal wonten pancoban utawi aniaya karena Kaleresan Sabda, piyambakipun langsung nyingkur. Kathah tiyang engkang mekaten, Pangandikanipun Allah mboten ngoyod wonten manahipun, karena piyambakipun langkung seneng pangalemipun manungsa tinimbang pangalemipun Allah. Akibatipun Pangandikanipun Allah mboten wonten artosipun, kados dene winih engkang dawah ing nginggilipun padas, mboten wonten ginanipun.

Jenis siti engkang katiga kebak kalih eri. Punapa engkang dumados wekdal winih dawah ing antawisipun eri? Punapa ngedalaken woh? Mboten badhe! Eri wau badhe ngremukaken piyambakipun sakderengipun ngedalaken woh. Siti padas nggambaraken manah tiyang engkang midangetaken Sabda Allah, ananging manahipun langkung tumuju wonten ing karemenen saha kamurkane Donya, engkang ngrisak Sabda Allah saengga mboten produktif ngasilaken woh. Kathah anak Adam nggadahi manah engkang wonten erinipun. Piyambakipun wicanten, “ mengko yen wis wektune pas aku arep maca lan ngrungoake pangandikane Gusti.” Nanging sedaya wau namung janji, awit saben dintenipun masalah saha kebetahan gesang badhe tansah nguwaosi manah saha pikiranipun. Punapa menika sedherek alami? Punapa gesang sedherek dikebaki kalih raos pikajengan, saengga dereng nate nggadahi wekdal kangge madosi Kaleresanipun Allah kalih sakgumolonging manah sedherek? Emut, bilih wekdal maut badhe dumugi kanti dadakan saha ngeteraken sedherek wonten kelanggengan. Ing wekdal wau sedherek badhe mangertosi kaleresan saha pangapus-apus, ananging mangertosi kaleresan engkang sedherek mboten padosi wekdal gesang badhe dados mboten wonten reginupun kangge sedherek, awit wekdal pertobatan badhe ical lan sedherek badhe ical selaminipun.

Siti engkang kaping sekawan, siti engkang subur. Wiji engkang disebar wonten siti engkang subur, kaolah sae, ngoyot sae lan ngasilaken panen engkang kathah saengga petani pikantul 100 langkung kathah saking engkang disebar. Siti subur punika nggambaraken tiyang engkang mindangetaken Pangandikanipun Allah lan ngrimat wonten manahipun kanti jujur, saengga ngasilaken gesang engkang kabek kuwaos, saha ngasilaken pigesangan kelanggengan saha kaleresan gesang wonten sedaya tiyang engkang nampi Sabda wau kanti andop asor saha jujur.

Punika wau kanti ringkes punapa engkang Yesus ajaraken wonten pasemon tiyang juru nyebar, Sabda Allah njihpunika kados wiji engkang sae lan manah kita kados siti atos. Punapa engkang kedah ditindakaken sakderengipun wiji kasebar wonten ing siti engkang atos? Siti wau kedah digaru

langkung rumiyin. Sami dene, manah engkang ngremenaken Allah njihpunika manah engkang remuk, siap nampi winih sae saking Pangandikanipun Allah. Manah engkang ngremenaken Allah njihpunika manah engkang nampi Pangandikanipun Allah wonten ing manah andap saha keyakinan. Punika engkang dicariosaken dening Injil wekdal ngendikan, *"saben wong diénggal menawa ngrungokaké, nanging disarèh ing wicara, buwangen samubarang kang reged sarta piala kang kliwat akèh lan tampanana kanthi sarèh pangandika kang katanem ing atimu, kang kwaos nylametaké nyawamu."*

Kadospundi kawontenan manah sedherek? Punapa sedherek gadah manah engkang sae, siap nampi punapa engkang Allah ngendikakaken ing Injil nglanguki para nabi? Punapa Pangandikanipun Allah gesang wonten manah sedherek? Utawi sedherek nggadahi manah kados siti atos, padas siti eri? Sabda Allah punika wiji sae, nanging penjenenganipun namung ngasilaken pigesangan saha berkah wonten manah tiyang engkang leres-leres pitados lan taat. Sakmangkah sumonggo kita pirengaken "pasemon juru sebar" sanes engkang Yesus cariosaken dateng tiyang katah.

(Mat.13) *"Kratoning Swarga iku umpamané kaya wong kang nyebar wiji becik ing pategalané. Nanging nalika wong-wong padha turu kabèh, satruné teka nyebar wiji alang-alang ing tengahé gandum, banjur lunga. Bareng gandumé thukul lan wiwit metu wewulèné, alang-alangé iya katon. Batur-baturé sing duwé pategalan padha marani lurahé lan matur: Bendera, punapa sanès wiji saé ingkang panjenengan sebar ing pategilan panjenengan? Saking pundi kambengan punika? Wangsulané lurahé: Iku panggawéné satru. Batur-baturé matur manèh: Punapa panjenengan ngersakaken, supados kula sami mbedholi kambengan punika? Nanging wangsulané: Aja, sabab anggonmu padha mbedholi alang-alang iku, bisa uga ngatutaké gandumé. Cikhèn padha thukul bebarengan nganti mangsané panèn. Ing wektu iku aku bakal tutur marang sing padha derep: Klumpukna dhisik alang-alangé lan bentèlana, banjur obongen, sawusé iku gandumé klumpukna ing lumbungku." Yésus banjur nilar wong golongan mau sarta banjur kondur. Para sakabaté tumuli padha marek lan matur, "Pasemon kambengan ing pategilan punika mugi Panjenengan terangaken dhateng kawula."*

Wonten sanepa perkawis alang-alang, Gusti Yesus mbandingaken kalih pategalan gandum. Jurusebar nggambaraken Yesus Sang Mesias. Gandum engkang gesang ing pategalan nggambaraken putra-putraning Allah, karena pitados wartos sae perkawis Mesias. Mungsuh engkang nyebar alang-alang nggambaraken setan. Alang-alang sanes kagunganipun Allah, karena dereng nampi wartos sae perkawis Mesias. Hasil panenipun njihpunika Dinten Pengadilan. Gandum engkang disimpen wonten lumbung, nggambaraken sedaya tiyang engkang gadah hak manggen wonten Ngarsanipun

Allah. Nanging alang-alang engkang dipun benteli saha diobong, nggambaraken tiyang engkang ing mangkih badhe diuncalaken wonten latu neraka.

Kadospundi kalih sedherek? Punapa kados gandum? Punapa kados alang-alang? Dinten Pengadilan badhe dumugi! Sang Hakim sampun wonten ngajeng lawang. Punapa sedherek gadah raos pitados ngadepi Sang Hakim ing Dinten Pengadilan? Sedherek mboten perlu ajrih, menawi sedherek pitados ing manah kalih wartos sae saking Penjenenganipun engkang rawuh kangge milujengaken sedherek saking latu neraka. Pirengaken pangandikanipun Yesus punika perkawis dinten pengadilan, *"Sabèn wong kang ngrungokaké pituturku, sarta pracaya marang kang ngutus Aku, iku nduwèni urip langgeng, lan ora katut kaukum, jalaran wus pindhah saka pati marang urip."*

Maturnuwun sampun sesarengan kawulo ing adicara Margining Karahayun Punika. Gusti paring berkah, wekdal sedherek emut pangandikanipun, **"Wong kang duwé kuping, ngrungokna."**

Menawi wonten pitakenan sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386. WA/SMS. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 72

Roti Pigesangan

Markus 6, Yohanes 6

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanhipun Gusti Allah engkang Maha Asih engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel saha nampi karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminya. Kawulo rumaos bingah saged wangsul ing dinten sakmangkih nyegahaken program Margining Karahayun.

Pepanggihan kepengker, kita ningali Yesus mucal kalian pasemon engkang wosipun kaleresan langgeng. Nanging kathah tiyang mboten paham karana manahipun atos, mboten ngajeni perkawis kasuwargan, nanging namung kadunyan mawon. Kathah tiyang ndherek Yesus sanes karana pitados Penjenenganipun juruwilujeng tiyang dosa, ananging karana pados keuntungan jasmani mawon.

Pepanggihan sakmangkih kita badhe ningali tanda ajaib engkang ngiataken Pangandikanipun, kanti sinau perkawis, "Roti Pigesangan"

Injil Markus 6 ngendikan, *Nalika wus ndharat, Yésus pirsá wong golongan kang akèh cacahé, banjur tuwuh welasé marang wong golongan iku, awit padha kayadéné wedhus kang ora duwé pangon. Panjenengané nuli wiwit mulang wong golongan iku pirang-pirang prakara. Bareng wayahé wus wiwit peteng, para sakabaté padha sowan ing ngarsané lan matur, "Panggènan punika sepen, mangka wancinipun sampun wiwit peteng. Tiyang-tiyang punika kadhawuhana sami késah dhateng kampung-kampung tuwin dhusun-dhusun ing sakubengipun panggènan punika, supados sami tumbas tedha piyambak." Nanging Panjenengané paring wangsulan, "Kowé padha mènèhana mangan!" Para sakabat banjur padha munjuk marang Panjenengané, "Kawula punapa kedah sami késah tumbas roti pengaos kalih atus dinar, lajeng kawula sukakaken dhateng tiyang-tiyang punika supados sami nedha?" Panjenengané tumuli ngandika, "Kowé padha duwé roti pira? Padha delengen!" Bareng wus padha cetha cacahé, banjur padha matur, "Wonten roti gangsal, sarta ulam loh kalih." Panjenengané tumuli dhawuh marang wong-wong mau, supaya kabèh padha lungguh sakrompol-sakrompol ana ing pasuketan kang ijo. Wong-wong banjur padha lungguh krompol-krompolan kira-kira nyatus lan nyèket. Sawusé mendhet roti lima lan iwak loro iku, Panjenengané nuli tumenga ing langit ngucap sokur, banjur nyuwil-nyuwil rotiné lan maringaké marang para*

sakabaté supaya padha ngladèkaké marang wong-wong mau, apadéné Panjenengané ngedum-edum iwak loro iku marang wong-wong mau kabèh. Wong kabèh mau banjur padha mangan nganti wareg. Lan para sakabat tumuli padha ngukupi cuwilan-cuwilan sisané roti dadi rolas wakul lan uga turahan-turahané iwak. Déné wong lanang kang padha mèlu mangan roti iku cacahé limang èwu. Yésus banjur ndhawuhi para sakabaté, munggah ing prau lan mangkat ndhisiki nyabrang menyang Bètsaida; déné wong golongan didhawuhi mulih. Sawusé pisah saka wong golongan, Panjenengané banjur minggah ing gunung ngarsakaké ndedonga. Bareng wengi prauné wus ana ing tengahé tlaga, déné Panjenengané piyambakan ana ing dharatan. Nanging bareng pirsira para sakabat rekasa anggoné ndhayung, marga anginé nampek, watara jam telu bengi Panjenengané nusul para sakabat kalawan tindak napak ing banyuné tlaga, karsa nglancangi para sakabat. Bareng para sakabat padha weruh Panjenengané tindak napak ing banyuné tlaga, padha ngira yèn Panjenengané iku memedi, banjur padha bengok-bengok, sabab kabèh padha meruhi Panjenengané, temah padha wedi banget. Nanging Panjenengané banjur énggal ngandika marang para sakabat, "Padha ditatag atimu! Iki Aku, aja wedi!" Panjenengané banjur minggah ing prau murugi para sakabat, lan anginé tumuli sirep. Para sakabat padha banget gumuné, awit padha durung ngerti, sanadyan wis ngalami lelakon bab roti mau, jalaran saka wangkoting atiné. Bareng wus padha nyabrang, Yésus lan para sakabaté padha ndharat sarta labuh ing Génésarèt.

(Yoh.6) Ésuké wong akèh kang isih padha ana ing sabranging tlaga, padha sumurup yèn ing kono ora ana prau manèh kajaba mung siji mau, mangka Yésus ora nitih bareng karo sakabaté, mung para sakabat dhéwé kang mangkat. Nanging tumuli ana prau liyané sawatara teka saka Tibérias ana ing sacedhaké panggonan padha mangan roti, sawusé Gusti saos sokur. Bareng padha weruh yèn Yésus ora ana ing kono dalah para sakabaté, banjur padha nunggang prau, nusul menyang Kapèrnaum, nggolèki Yésus. Bareng wong-wong mau ketemu Panjenengané ana ing sabrangé tlaga, nuli padha munjuk, "Rabbi, kala punapa anggèn Panjenengané dumugi ngriki?" Yésus paring wangsulan pangandikané, "Satemen-temené Aku pitutur marang kowé, kowé padha nggolèki Aku iku ora marga kowé padha weruh pratandha, nanging marga wus padha mangan roti nganti wareg. Padha tumandanga ing gawé aja supaya olèh pangan kang bisa rusak, nanging supaya olèh pangan kang bisa tahan tumeka ing urip langgeng, kang bakal diparingaké marang kowé déning Putraning Manungsa; marga iya Panjenengané iku kang wus ditengeri nganggo cap déning Allah Rama."

Wonten punapa Yesus ngendikan, "tumandanga ing gawé aja supaya olèh pangan kang bisa rusak?" Punapa artosipun kita mboten angsal nyambutdamel kangge tetedhan? Mboten, mboten mekaten artosipun, karena Sabda Allah ugi ngendikan, "**Yèn wong ora gelem nyambut-gawé, iku iya aja mangan.**" Lajeng wonten punapa Yesus ngendikan, "**Aja tumandang kanggo pangan kang bisa rusak?** Engkang dipun maksud Yesus njihpunika, menawi sedherek makarya namung kangge tetedan

saha perkawis dunya mawon, wusananipun sedherek badhe kecalan sedayanipun, karena raganipun manungsa badhe pejah lan wangsul dados lebu. Nanging wonten perkawis engkang mboten badhe sirna ing raga, njihpunika roh sedherek. Roh manungsa langgeng kawontenanipun, punapa wonten ing suwargi utawi ing neraka. Punika sebabipun Yesus ngendikan, **“Padha tumandanga ing gawé aja supaya olèh pangan kang bisa rusak, nanging supaya olèh pangan kang bisa tahan tumeka ing urip langgeng.”** Awit, **“Uripé manungsa iku ora mung saka roti baé, nanging saka sakèhing sabda kang miyos saka ing lésaning Allah.”**

Saklajengipun kacariosaken, *Wong-wong mau banjur padha munjuk, "Kawula kedah sami nglampahi menapa supados nindakaken padamelan ingkang kakarsakaken déning Allah?" Yésus paring wangsulan marang wong-wong mau, "Iki pagawéan kang dikarsakaké Allah, yaiku supaya kowé padha pracaya marang kang kautus déning Allah."*

Punapa sedherek mindanget wangsulanipun Yesus? Kadospundi anak Adam engkang kebak dosa saged ngremenaken Allah? Punapa kita saged makaryo kangge ngremenaken Allah, punapa kita saged nylametaken awak kita saking kuwaos setan, dosa saha neraka? Punapa saged kita nyipta manah sampurna engkang Allah perlukaken? Mboten saged! Dados kadospundi saged keturunan Adam ngremenaken Allah? Yesus ngendikan, *“ Iki pagawéan kang dikarsakaké Allah, yaiku supaya kowé padha pracaya marang kang kautus déning Allah.”*

Ananging kathah tiyang mboten pitados bilih Yesus punika Juruwilujeng, engkang Allah utus. Punika sebabipun sami tangklet, *"Pratandha punapa ingkang Panjenengan tindakaken, supados kawula saged sami ningali sarta lajeng pitados dhateng Panjenengan? Panjenengan nglampahi pandamel punapa? Para leluhur kawula sami nedha manna wonten ing pasamunan, kados ingkang sampun sinerat: Padha diparingi roti saka ing swarga." Pangandikané Yésus, "Satemen-temené Aku pitutur marang kowé: Dudu Musa kang maringi roti marang kowé saka ing swarga iku, nanging Ramaku kang maringi roti sejati kang saka swarga marang kowé kabèh. Awitdéné roti kang saka ing Allah yaiku roti kang tumurun saka ing swarga sarta kang nguripi jagat." Unjuké wong-wong mau, "Gusti, kawula mugé Panjenengan paringi roti punika ing salaminipun!" Pangandikané Yésus, "Aku iki rotining urip; sing sapa marani Aku, iku ora bakal luwé manèh, sarta sing sapa pracaya marang Aku, iku ora bakal ngelak manèh.*

Kalih pangandikan punika Yesus negesaken, kadosdene Allah maringaken tetedhan saking suwargi kangge anak-anak Israel antawis 40 taun wonten pasamunan, mekaten ugi Allah sampun ngutus kangge sedaya anak-anak Adam, **“tetedhan”** engkang paring gesang langgeng saengga mboten pejah karena dosa.

Punapa wonten ing dunya tetedhan engkang paring gesang langgeng? Mboten wonten. Tetedhan punapa engkang paring gesang langgeng? Yesus ngendikan,

(Yoh 6) "Aku iki rotining urip; sing sapa marani Aku, iku ora bakal luwé manèh, sarta sing sapa pracaya marang Aku, iku ora bakal ngelak manèh. Nanging Aku wus mituturi kowé: Sanadyan kowé wus padha ndeleng Aku, éwadéné padha ora pracaya. Kabèh kang diparingaké Rama marang Aku, iku bakal padha marani Aku. Sarta sapa kang marani Aku ora bakal daktampik. Sabab karsané Ramaku iku, yaiku supaya saben wong kang ndeleng Kang Putra lan pracaya marang Panjenengané, iku nduwènan urip langgeng, sarta supaya Aku nangèkaké bésuk ing wekasaning jaman." Wong-wong Yahudi banjur padha nggrundeli Panjenengané, awit ana pangandikané, mangkéné, "Aku iki roti kang tumurun saka swarga." Padha grenengan, mangkéné, "Apa iku dudu Yésus anaké Yusuf? Aku rak padha wanuh karo bapa lan ibuné? Kepriyé déné duwé pangucap: Aku tumurun saka swarga?" Yésus banjur paring wangsulan, pangandikané, "Aja padha grundelan. Ora ana wong kang bisa marani Aku, menawa ora digèndèng déning Sang Rama kang ngutus Aku, lan Aku bakal nangèkaké wong iku mbésuk ing wekasaning jaman. Ing kitabé para nabi ana tulisan, mangkéné, 'Wong kabèh bakal kawulang déning Allah.' Saben wong kang wus ngrungokaké sarta nampani piwulang saka Sang Rama, iku marani Aku. Kang mangkono iku ora ateges ana wong kang wis weruh marang Sang Rama. Mung kang pinangkané saka ing Allah iku kang wis ndeleng Sang Rama. Satemen-temené Aku pitutur marang kowé: Sing sapa pracaya, iku nduwèni urip langgeng. Aku iki rotining urip. Leluhurmu padha mangan manna ana ing pasamunan, lan wis padha mati. Aku iki roti kang tumurun saka swarga: Sing sapa mangan roti iki, iku ora bakal mati. Aku iki rotining urip, kang wus tumurun saka swarga. Menawa wong mangan roti iki, bakal urip ing salawas-lawasé.

Bareng krungu kang mangkono mau akèh kang padha ngucap mangkéné, "Tetembungan iki keras temenan, kang betah ngrungokaké baé sapa?" Yésus pirsajroning panggali menawa muridé padha grenengan ing bab iku mau, banjur dipangandikani, "Apa tembung iki ndadèkaké kowé kecenthok? Banjur kepriyé saupama kowé padha weruh Putraning Manungsa sumengka menyang padunungané kang dhisik? Roh iku kang nguripaké, daging ora ana paédahé. Tembung-tembung kang dakdhawuhaké marang kowé iku roh lan urip. Nanging ing panunggalanmu ana kang ora pracaya." Yésus pancèn pirsajroning wiwit wiwitan mula, sapa wongé kang padha ora pracaya, lan sapa kang bakal ngulungaké Panjenengané. Wiwit nalika iku para muridé akèh kang padha mundur, ora ndhèrèkaké tindaké manèh.

Punapa sedherek kaluwèn saha ngelak gesang langgeng? Punapa sedherek kepengin angsal kapitadosan ing Ngarsanipun Allah sakpunika lan ing gesang engkang badhe dumugi? Gusti Yesus ngundang sedherek kanti ngendikan, **"Hé, para wong kang kesayahan lan kamomotan, padha**

mrénéa, Aku bakal gawé ayemmu. "Aku iki rotining urip; sing sapa marani Aku, iku ora bakal luwé manèh, sarta sing sapa percaya marang Aku, iku ora bakal ngelak manèh."

Maturnuwun sampun sesarengan kawulo ing siaran punika. Menawi sedherek wonten pitakenan sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386.

Margining Karahayun

Pelajaran 73

Yesus Nyebabaken Pepisahan

Matius 15,16; Yoh 7

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanhipun Gusti Allah engkang Maha Asih engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel saha nampi karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminya. Kawulo rumaos bingah saged wangsul ing dinten sakmangkih nyegahaken program Margining Karahayun

Ing pepanggihan sakderengipun, kita ningali Yesus paring tetedhan tiyang 5000 saking 5 roti saha 2 ulam. Dinten saklajengipun kathah tiyang ndherek Yesus sanes karena pitados, ananging karena kepingin pados kabetahan pribadi. Saengga wekdal Yesus ngendikan "**Aku iki rotining urip; sing sapa marani Aku, iku ora bakal luwé manèh, sarta sing sapa pracaya marang Aku, iku ora bakal ngelak manèh**, kathah engkang kesah.

Dinten sakmangkih kita badhe nglajengaken maos Injil, ing pundi karena Yesus pemimpin agami sami crah. Pemimpin agami njihpunika tiyang farisi saha yahudi engkang nyepeng pepakenan para leluhuripun.

Sumonggo kita pireng Injil Matius 15

"Sawisé iku banjur ana para Farisi lan ahli Torèt sawatara saka ing Yérusalèm kang padha marek marang ngarsané Yésus sarta matur, "Punapa sababipun, déné sakabat Panjenengan kok sami nerak adat-tata-caranipun para leluhur kita? Manawi badhé nedha kok sami mboten wisuh tangan rumiyin?" Nanging Panjenengané paring wangsulan marang wong-wong mau, pangandikané "Yagéné kowé kok uga padha nerak angger-anggeré Allah kanggo nuhoni adat-tata-caramu dhéwé? Sabab Allah ngandika: Sira ngajènana bapa biyungira; lan manèh: Sing sapa ngipat-ipati bapa utawa biyungé kudu mati. Éwadéné kandhamu: sing sapa kandha marang bapa utawa biyungé: Punapa ingkang maédahi tumrapping panjenengan ingkang mesthinipun kula aturaken, punika sampun kanggé kurban pisungsung, lah wong iku banjur wis ora kuwajiban ngajèni bapakné utawa biyungé manèh. Dadiné kowé wis ngorakaké pepakoning Allah kanggo nuhoni adat-tata-caramu dhéwé.

Punapa sedherek nggatosaken wekdal Yesus njlentrehaken kemunafikanipun para pemimpin agami wau? Pemimpin agami wau usaha dados tiyang wicaksana ing ngajengipun manungsa, ananging Yesus pirsá manahipun. Asta, suku saha praupanipun saged mawon resik, ananging manahipun sampun reged dening dosa. Manah engkang resik langkung penting tinimbang asta resik. Upacara karesikan mboten ngresiki manah sedherek.

Punika sebabipun Yesus ngendikan,

"Hé, wong lamis, cèples temen pamecané Yésaya tumrap kowé: Bangsa iki anggoné ngluhuraké Ingsun kanthi lambéné, déné atiné adoh karo Ingsun. Tanpa guna anggoné padha ngabekti marang Ingsun, déné piwulang kang diwulangaké iku pepakoning manungsa." Yésus banjur nimbali wong golongan, kang dipangandikani mangkéné, "Padha ngrungokna lan mangertia: Kang njemberi wong iku dudu kang mlebu ing cangkem, nanging kang metu saka ing cangkem, iku kang njemberi wong." Ing nalika iku para sakabaté padha marek ing ngarsané lan munjuk, "Punapa Panjenengan pirsá, bilih para Farisi sareng mireng pangandika punika wau lajeng sami serik manahipun?" Panjenengané paring wangsulan, "Sadhéngaha thethukulan kang dudu tanemané Ramaku ing swarga iku bakal kabedhol saoyod-oyodé. Jarna baé wong-wong iku, iku wong picak nuntun padha wong picak. Yèn wong picak nuntun wong picak, loro-loroné mesthi padha kecemplung ing luwangan." Pétrus tumuli munjuk marang Panjenengané, "Pasemon punika mugé Panjenengan terangaken." Panjenengané banjur ngandika, "Dadi kowé iya padha durung mangerti? Apa kowé padha ora mangerti, yèn samubarang kang lumebu ing cangkem, iku parané menyang weteng banjur dibuwang ing pakiwan? Nanging samubarang kang metu saka ing cangkem iku asalé saka ing ati sarta iya iku kang njemberi marang wong. Amarga saka ing ati iku kawetu pikiran kang ala, gawé pepati, laku jina, cabul, nyenyolong, sumpah palsu lan pitenah. Lah iya iku kang gawé jembering wong. Nanging mangan ora nganggo wisuh iku ora njemberi wong."

Mat.16 Para Farisi lan Saduki padha marek arep nyoba marang Yésus. Wong-wong iku padha nyuwun marang Panjenengané, supaya ngatingalaké pratandha saka ing swarga. Panjenengané paring wangsulan marang wong-wong iku, pangandikané, "Ing wayah soré kowé kandha, 'Iki bakal terang', marga langité abang sumilak; lan ing wayah ésuk kowé kandha, 'Dina iki ora becik', marga langité abang surem. Kowé bisa mbédakaké rupaning langit, nanging tandha-tandhaning jaman ora ngerti. Golongan kang ala lan ora setya iki njaluk pratandha, nanging bakal ora kaparingan, kajaba mung pratandhané Nabi Yunus." Panjenengané banjur tindak nilar wong-wong mau.

Mat.12 Awit padha kaya Yunus anggoné ana ing wetengé iwak telung dina telung bengi, mangkono uga Putraning Manungsa bakal ana ing jeroné telenging bumi telung dina telung bengi. Bésuk ana ing pangadilan wong-wong Niniwé bakal tangi bareng karo golongan iki lan bakal ngadili golongan

iki. Sabab wong-wong Niniwé iku sawusé ngrungokaké piwulangé Yunus, banjur padha mratobat, lah satemené kang ana ing kéné iki ngungkuli Yunus.

Ing mriki Yesus njelasken, kadosdene nabi Yunus manggen wonten wetengipun ulam ageng tigang dinten, mekaten ugi Yesus badhe tigang dinten wonten kubur. Wekdal Yunus medal saking ulam ing dinten kaping 3, mekaten Yesus badhe wungu saking pejahipun ing 3 dintenipun, saengga perkawis wau paring bukti engkang mboten saged dibantah bilih Penjenenganipun punika Mesias saking suwargi. Tiyang engkang rawuh milujengaken kita saking kuwaosipun dosa lan pati.

Saklajengipun kita badhe ningali para ahli agami engkang kekeh wonten kambotenpitadosanipun. Injil Yohanes 7, ngendikan mekaten,

"Sawusé mangkono Yésus lelana ngideri Galiléa. Sabab Panjenengané ora karsa mider-mider ana ing Yudéa, awit wong Yahudi padha ngarah sédané. Nalika iku ngarepaké riyayané wong Yahudi, yaiku riyaya Tancebing Tarub. Kang iku para sadhèrèké Yésus padha matur marang Panjenengané, "Sumangga Panjenengan tindak dhateng Yudéa, supados para murid Panjenengan inggih sami saged ningali pakaryan ingkang Panjenengan tindakaken. Sabab mboten wonten tiyang ingkang tumindak kanthi sesidheman, manawi ngangkah dados kawigatosanipun tiyang kathah. Manawi Panjenengan nindakaken pakaryan ingkang makaten punika, sumangga Panjenengan ngedhèng dhateng jagat." Sabab para sadhèrèké piyambak iya padha ora pracaya marang Panjenengané. Yésus tumuli ngandika marang para sadhèrèké mau, "Durung tekan waktuku, nanging tumrapé kowé kabèh, tansah ana waktuné. Jagat iku ora bisa sengit marang kowé, nanging sengit marang Aku, amarga Aku neksèni yèn panggawéné jagat iku ala. Kowé padha mangkata nekani riyaya iku. Aku durung mangkat mrana, amarga durung tekan waktuku." Sawisé ngandika mangkono, Panjenengané banjur kantun ana ing Galiléa. Nanging bareng para sadhèrèké wis mangkat nekani riyaya mau, Panjenengané iya tindak mrana, nanging ora ngeblak, dadi kanthi sesidheman. Nalika riyaya, wong-wong Yahudi padha nggolèki Panjenengané, lan ngucap, "Wongé ana ing ngendi?" Saka antarané wong akèh mau kaprungu rerasanan bab Panjenengané. Ana kang ngucap mangkéné, "Iku wong becik." Liyané manèh, "Ora, iku nasaraké wong akèh." Éwadéné ora ana wong siji-sijia kang wani rembugan ngeblak bab Panjenengané, amarga padha wedi marang wong Yahudi.

Bareng wus nengah-nengahi riyaya, Yésus lumebet ing Padaleman Suci sarta memulang. Wong Yahudi padha kaéraman, pangucapé, "Wong iku olèhé kawruh kang kaya mangkono iku saka ing ngendi, rak ora nganggo sinau!" Yésus paring wangsulan, "Piwulangku iki dudu piwulangku dhéwé, nanging piwulangé kang ngutus Aku. Saben wong kang gelem nglakoni karsané, mesthi bakal mangerti piwulangku iki, apa saka Allah, apa saka tetembunganku dhéwé. Saben wong kang rembugé saka karepé dhéwé iku ngarah kaluhurané dhéwé. Nanging wong kang ngupaya

kaluhurané kang ngutus, iku kang temen, sarta ora kadunungan cidra. Apa dudu Musa kang ndhawuhaké angger-anggering Torèt marang kowé? Nanging panunggalanmu ora ana siji-sijia kang netepi angger-anggering Torèt mau. Sabab apa kowé padha ngarah patiku?"

Atur wangsulané wong akèh, "Panjenengan punika kapanjingan dhemit. Sinten ingkang badhé nyédani Panjenengan?" Yésus paring wangsulan marang wong-wong mau, "Mung ana panggawé siji kang daklakoni, mangka kowé kabèh padha gumun. Dadiné, Musa ndhawuhaké pranatan tetak marang kowé — sanyatané pranatan tetak iku ora saka Musa, nanging saka para leluhur kita — lan ing dina Sabat kowé iya padha netaki wong. Menawa wong ditetaki ing dina Sabat, supaya angger-anggeré Musa aja nganti katerak, yagéné kowé padha panas atimu marang Aku, awit Aku marasaké badan sakojur ing dina Sabat? Anggonmu ngukumi aja manut apa kang katon, nanging ngukumana kanthi adil."

Bareng dina wekasan, yaiku nalika gedhé-gedhéning riyaya mau, Yésus jumeneng sarta ngandika, "Sing sapa ngelak, iku maranana Aku lan ngombéa! Sing sapa pracaya marang Aku iku kaya suraosé kitab: ana ing batiné bakal mili ilèn-ilèn banyu urip!" Kang dikarsakaké iku mau yaiku Roh, kang bakal ditampa déning wong-wong kang padha pracaya marang Panjenengané; sabab nalika samana Roh durung rawuh, amarga Yésus durung kamulyakaké. Ana wong sawatara ing antarané wong akèh iku kang padha krungu pangandika iku mau, banjur padha ngucap, "Panjenengané iku sanyata Nabi kang padha kita anti-anti." Liyané padha ngucap, "Panjenengané iku Kristus." Nanging kang liyané manèh ana kang ngucap, "Dudu, Kristus iku ora mijil saka Galiléa! Amarga manut surasané Kitab Suci, Kristus iku mesthi mijil saka trahé Daud." Temahan wong golongan padha diya-diniya bab Panjenengané. Ana panunggalané sawatara kang padha arep nyekel Panjenengané, nanging ora ana kang nganti wani nggepok sarirané.

Kita badhe mandeg rumiyin. Kita sampun ningali para pemimpin agami sami sengit, malah ugi kepingin nangkep saha mejahi Yesus. Ananging sedaya mboten saged, awit wekdalipun Gusti kangge Yesus seda dados korban dosa dereng dugi.

Saking kedadosan wau, wusananipun ndadosaken perpecahan tiyang-tiyang. Wonten engkang seneng dateng Yesus sanajan mboten wantun blakasuta karena ajrih dateng pemimpin agami.

Lajeng punapa tanggapan sedherek? Punapa mangertos tujuan Yesus rawuh teng dunya? Pirengaken pangandikanipun Yesus perkawis Penjenenganipun, **"Aku iki dalané, sarta jatiné kayektèn lan urip. Ora ana wong siji-sijia kang bisa sowan marang Sang Rama, menawa ora metu Aku."**

Maturnuwun sampun sesarengan kawulo ing siaran punika. Gusti amberkahi wekdal sedherek, menggalihaken pangandikanipun Yesus, **"Sabèn wong singa asale saka kabeneran, mesti**

ngrungoake suara-Ku.” Menawi sedherek wonten pitakenan sumonggo ngubungi kawulo ing no
081333777386 SMS/WA..

Margining Karahayun

Pelajaran 74

Terange Dunya

Yohanes 8

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanhipun Gusti Allah engkang Maha Asih engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel saha nampi karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminya. Kawulo rumaos bingah saged wangsul ing dinten sakmangkih nyegahaken program Margining Karahayun.

Pepanggihan kapengker, kacariosaken para pemimpin agami kepengin nangkep saha nyedani Yesus. Ananging mboten saged, karana wekdalipun kagem Penjenenganipun seda dados korban dereng dugi. Sakmangkih kita badhe sinau perkawis Yesus ndukani tiyang engkang nentang saha nyarasaken tiyang wuta nilai lahir.

Injil Yohanes 8 nyerat mekaten,

"Bareng wayah ésuk Panjenengané rawuh manèh ing Padaleman Suci, lan wong kabèh padha sowan ing ngarsané; Panjenengané banjur lenggah mulang wong-wong iku. Yésus paring dhawuh manèh marang wong akèh, "Aku iki pepadhanging jagat; sapa kang ngetut-buri Aku, ora bakal lumaku ana ing pepeteng, nanging bakal nduwèni pepadhanging urip." Unjuké para Farisi, "Panjenengan neksèni sarira panjenengan piyambak, paseksi punika mboten leres." wangsulané Yésus marang wong-wong mau, "Sanadyan Aku neksèni awakku dhéwé, nanging paseksiku iku nyata, amarga Aku mangerti sangkan-paranku. Nanging kowé padha ora mangerti sangkan-paranku iku."

"Pinangkamu iku saka ngisor, Aku iki saka ngaluhur, pinangkamu saka ing donya iki, nanging Aku ora saka ing donya iki. Mulané Aku mau pitutur marang kowé, menawa kowé bakal padha mati sajroning dosamu. Amarga menawa kowé padha ora ngandel yèn Aku iki Panjenengané, kowé bakal padha mati sajroning dosamu." Pangucapé wong-wong mau, "Panjenengan punika sinten?" Yésus paring wangsulan, "Apa gunané rembugan manèh karo kowé kabèh? "Bésuk samangsa kowé wus nyengkakaké Putraning Manungsa, nuli kowé lagi bakal padha mangerti yèn Aku iki Panjenengané, sarta ora nglakoni apa-apa saka karepku dhéwé, nanging apa kang dakwarahaké iku miturut kaya anggonku wis diwulang déning Ramaku. sarta bakal padha ngerti kayektèn, lan kayektèn iku bakal mardikakaké kowé."

Wong-wong mau padha mangsuli, "Kula sami tedhak-turunipun Abraham, lan dèrèng naté ngawula dhateng sok tiyanga; kadospundi Panjenengan ngandika: Kowé bakal padha mardika?" Yésus paring wangsulan, pangandikané, "Satemené Aku pitutur marang kowé: Saben wong kang nglakoni dosa iku dadi baturé dosa. Anadéné batur iku pamanggoné ora tetep ana ing omah, nanging Putra iku pamanggoné tetep ana ing omah salawasé. Kang iku menawa Kang Putra wus mardikakaké kowé, kowé iya padha mardika temenan." "Aku mangerti menawa kowé iku tedhak-turuné Abraham, nanging kowé padha ngarah matèni Aku, awit pituturku ora olèh papan ana ing kowé. Apa kang wis dakdeleng mungguh ing Ramaku, iya iku kang dakucapaké. Mangkono uga kowé, padha nglakoni apa kang kokrungu saka bapakmu." Wong-wong Yahudi padha mangsuli, unjuké, "Rama kula punika Abraham." Pangandikané Yésus, "Menawa kowé padha dadi putrané Abraham, kowé mesthi padha nglakoni apa kang katindakaké déning Abraham. Nanging kang koktindakaké yaiku ngarah matèni Aku, wong kang wus nglairaké kayektèn marang kowé, yaiku kayektèn kang wus dakrungu saka Allah; panggawé kang kaya mangkono iku ora katindakaké déning Abraham. Kowé kabèh padha nglakoni paggawéné bapakmu dhéwé." Unjuké wong-wong mau, "Lair kula punika mboten saking bédhang. Kula sami gadhah Rama satunggal inggih punika Allah." Pangandikané Yésus, "Menawa Allah iku Ramamu, kowé mesthi padha tresna marang Aku, awit Aku mijil saka ing Allah, saiki Aku ana ing kéné. Apa manèh tekaku iku ora saka karepku dhéwé, nanging saka Panjenengané kang ngutus Aku. Sabab apa kowé padha ora mangerti tembungku? Iku awit kowé padha ora bisa nyandhak pituturku. Kowé mijil saka bapakmu, yaiku Iblis, lan kowé padha seneng nglakoni kekarepané bapakmu iku. Mangka iku tukang matèni wong wiwit wiwitan mula, sarta ora urip sajroning kayektèn, awit kayektèn iku ora dumunung ing bapakmu. Samangsa ngucapaké goroh, pangucapé iku saka awaké dhéwé, amarga pancèn iku tukang goroh lan bapakné sakèhing goroh. Nanging sarèhné Aku iki mituturaké kayektèn marang kowé, kowé padha ora ngandel marang Aku.

Sapa panunggalanmu kang mbuktèkaké menawa Aku tumindak dosa? Menawa Aku ngandhakaké kayektèn, sabab apa kowé ora pracaya marang Aku? Sapa baé kang mijil saka Allah, iku mesthi ngrungokaké pangandikané Allah; kowé iku padha ora ngrungokaké, awit kowé ora mijil saka Allah." Wong-wong Yahudi padha mangsuli, aturé, "Rak ya bener ta kandhaku, yèn kowé iku wong Samaria kang kepanjangan sétan?" Yésus paring wangsulan, "Aku ora kapanjangan dhemit, nanging Aku ngluhuraké Ramaku sarta kowé padha ora ngajèni Aku. Nanging Aku ora ngudi marang kaluhuranku: Ana siji kang ngupaya lan Panjenengané iku uga kang ngadili.

Satemené Aku pitutur marang kowé: Sapa kang netepi ing pituturku iku ora bakal ngalami mati ing salawas-lawasé." Pangucapé wong-wong Yahudi, "Saiki aku padha mangerti yèn Kowé iku kapanjangan sétan. Sabab Abraham wus séda, mangkono uga para nabi, mangka Kowé iku duwé pangucap: Sapa baé kang netepi ing pituturku, bakal ora ngalami mati ing salawas-lawasé. Kowé

apa ngungkuli leluhurku Abraham kang wus séda! Para nabi iya wus padha séda; Kowé iku ngaku-aku sapa, ta?" Yésus paring wangsulan, pangandikané, "Menawa Aku ngluhuraké awakku dhéwé, kaluhuranku iku ora ana gunané sathithik-thithika. Ramaku iku kang ngluhuraké Aku, iya Panjenengané iku kang koksebut Allahmu. Mangka kowé padha ora wanuh marang Panjenengané, nanging Aku wanuh marang Panjenengané. Saupama Aku muni yèn ora wanuh, Aku dadi wong goroh padha kaya kowé. Nanging Aku wanuh marang Panjenengané, sarta netepi pangandikané. Abraham leluhurmu rena panggalihé déné bakal nguningani dinaku, lan iya wis nguningani sarta ndadèkaké bingahé." Pangucapé wong-wong Yahudi sabanjuré, "Umurmu durung nganti sèket taun, kepriyé anggonmu wis weruh Abraham?" Paring wangsulané Yésus, "Satemen-temené Aku pitutur marang kowé: Sadurungé Abraham ana, Aku wis ana." Ing kono wong-wong banjur padha njupuki watu, arep mbenturi Panjenengané; nanging Panjenengané ngilang, sarta nilar Padaleman Suci.

Yoh 9 Nalika Yésus langkung, Panjenengané pirsá wong kang wuta wiwit lair mula. Para sakabaté banjur munjuk pitakon marang Panjenengané, "Rabbi, sinten ingkang damel dosa, tiyang punika piyambak punapa tiyang-sepuhipun, déné ngantos lairipun wuta makaten?" Paring wangsulané Yésus, "Dudu wong iki, lan iya dudu wong-tuwané, nanging iku supaya pakaryan-pakaryané Allah kababara ana ing wong iku. Aku lan kowé kabèh kudu padha nindakaké ayahané Panjenengané kang ngutus Aku, mumpung isih awan. Ana mangsané bengi lan ora ana wong kang bisa nglakoni pagawéan. Sasuwéné Aku ana ing donya, Aku iki pepadhangé jagat." Sawusé ngandika mangkono iku, Panjenengané banjur kecoh ing lemah, lan nggawé luluhan nganggo kecoh lan lemah mau, tumuli dilèlaké ing mripaté wong wuta iku. Panjenengané banjur ngandika, "Lungaa, adusa menyang blumbang padusan ing Siloam." Siloam tegesé "Kang diutus". Wong wuta iku nuli mangkat lan adus; banjur bali manèh lan wus bisa ndeleng. Nanging tangga-tanggané lan wong-wong kang mauné weruh anggoné papriman banjur padha ngucap, "Apa wong iku dudu kang adaté papriman?" Ana kang mangsuli, "Bener, iya iku wongé." Ana manèh kang ngucap, "Dudu, mung madha rupa baé." Wong iku dhéwé banjur ngucap, "Leres, inggih kula punika tiyangipun." Wong-wong banjur padha takon, "Kepriyé mripatmu bisané melèk?" Wangsulané, "Tiyang ingkang namanipun Yésus damel luluhan siti, lajeng dipun lèlètaken ing mripat kula; kula tumunten dipun dhawuhi: Lungaa menyang Siloam, adusa! Kula lajeng mangkat, lan sasampunipun adus tumunten saged ningali punika." Wong-wong mau takon manèh, "Wong iku saiki ana ngendi?" Wangsulané, "Kula mboten sumerep."

Wong kang mauné wuta mau banjur padha kairid ngadhèp para Farisi. Anadéné anggoné Yésus damel luluhan lemah lan ngelèkaké mripaté wong wuta mau pinuju dina Sabat. Mulané, para Farisi tumuli ndangu marang wong mau, kepriyé bisané melèk. Wangsulané, "Piyambakipun nglèlètaken luluhan siti ing mripat kula, kula lajeng adus, samangké kula saged ningali." Sawenèhing para Farisi

mau ana kang ngucap, "Wong iku ora saka ing Allah, awit ora netepi pranatan dina Sabat." Liyané manèh ana kang ngucap, "Wong kang nandhang dosa kepriyé bisané gawé mukjijat kang kaya mangkono iku?" Temahan padha diya-diniya. Para Farisi banjur ndangu manèh marang wong kang mauné wuta iku, "Panganggepmu marang wong iku kepriyé, rèhné kowé kang dielèkaké mripatmu?" Aturé kang kadangu, "Panjenenganipun punika nabi." Nanging wong-wong Yahudi padha ora ngandel yèn wong iku mauné wuta lan lagi baé bisa ndeleng, nganti padha nimbali wong tuwané, sarta kadangu, "Apa iki anakmu kang kokkandhakaké yèn wuta wiwit lair mula? Yèn mangkono kepriyé déné saiki anakmu bisa ndeleng?" Wangsulané wong tuwané mau, "Inkang sami kula mangertosi, bilih punika anak kula, saha wuta wiwit lair mila, nanging kadospundi déné sapunika saged ningali, kula sami mboten mangertos, sarta sinten inkang ngelèkaken mripatipun, kula ugi sami mboten mangertos. Anak kula sampun diwasa, panjenengan dangu piyambak, piyambakipun badhé saged ngaturaken kawontenaning badanipun piyambak." Aturé wong tuwané kang kaya mangkono iku awit padha wedi marang wong Yahudi, marga wong Yahudi wis padha sarujuk, yèn saben wong kang ngakoni Panjenengané iku Kristus, bakal disébrataké saka papan pangibadah. Mulané wong tuwané mau matur, "Piyambakipun sampun diwasa, kula aturi ndangu piyambak." Wong-wong mau banjur padha nimbali sepisan manèh marang wong kang mauné wuta iku, sarta dipituturi, "Kowé ngurmatana Allah; aku padha mangerti yèn wong iku wong dosa." Wangsulané wong mau, "Tiyang punika punapa tiyang dosa, kula mboten mangertos; nanging satunggal prakawis inkang kula mangertosi, kula suwaunipun wuta lan sapunika saged ningali." Pitakoné manèh, "Kowé dikapakaké? Kepriyé anggoné ngelèkaké mripatmu?" Wangsulané wong mau, "Kula sampun matur dhateng panjenengan lan panjenengan mboten midhangetaken; punapaa déné panjenengan badhé midhangetaken malih? Punapa panjenengan inggih kepéngin dados muridipun?" Wong mau nuli dipisuhi, pangucapé, "Kowé iku muridé, nanging aku kabèh iki murid-muridé Musa. Aku padha mangerti yèn Allah wis ndhawuhaké pangandika marang Musa, nanging mungguh Wong kaé aku padha ora weruh pinangkané." Wong mau tumuli mangsuli, "Lah, punika rak anèh, déné panjenengan malah sami mboten mangertos pinangkanipun, mangka Panjenenganipun sampun ngelèkaken mripat kula. Kula sami sumerep, bilih Allah punika mboten midhangetaken dhateng tiyang dosa, nanging nyembadani tiyang-tiyang mursid sarta inkang nglampahi karsanipun. Wiwit rumiyin ngantos samangké dèrèng naté kepireng bilih wonten tiyang inkang saged ngelèkaken mripatipun tiyang inkang wuta lair mila. Manawi tiyang punika mboten saking Allah, Panjenenganipun mboten saged nindakaken punapa-punapa." Wangsulané wong-wong iku, "Kowé iku kalairaké sajroning dosa babar pisan, kok arep mulang aku?" Wong iku katundhung metu.

Yésus midhanget menawa wong kang mauné wuta mau wis katundhung. Bareng Panjenengané mrangguli wong mau banjur dipangandikani, "Apa kowé pracaya marang Putraning Manungsa?" Atur wangsulané, "Panjenenganipun punika sinten, Gusti, supados kawula pitados dhateng Panjenenganipun?" Pangandikané Yésus, "Kowé ora mung weruh Panjenengané baé, nanging Panjenengané kang lagi ngandikan karo kowé, yaiku Panjenengané." Unjuké wong mau, "Kawula pitados, Gusti." Wong mau banjur sungkem sujud marang Panjenengané.

Pangandikané Yésus, "Tekaku ing jagat iki arep ngadili, supaya sing sapa ora ndeleng padha bisa ndeleng, lan sing sapa ndeleng padha dadia wuta." Pangandika iku kaprungru déning para Farisi sawatara kang lagi ana ing kono, wong-wong iku tumuli munjuk, "Kula punika punapa inggih sami wuta?" Yésus paring wangsulan marang wong-wong mau, "Saupama kowé wuta, kowé padha ora duwé dosa. Nanging sarèhné kowé padha kandha: Aku padha ndeleng, dadi tetep dosamu."

Mekaten Yesus nyarasaken tiyang engkang kalahiraken wuto saha ndukani tiyang Farisi karena pikiranipun engkang wuto. Kathah tiyang engkang wuto pikirananipun dateng kaleresan Yesus, bilih Penjenenganipun Sang Sabda engkang sampun sesarengan Allah sakderengipun.

Punapa sedherek sampun mbikak "mripat, pikiran, saha manah sedherek?" Punapa sedherek taksih kasandung ing pepetenging dosa?

Allah mberkahi sedherek, wekdal menggalihaken pangandikanipun Yesus, **"Aku iki pepadhanging jagat; sapa kang ngetut-buri Aku, ora bakal lumaku ana ing pepeteng, nanging bakal nduwèni pepadhanging urip."**

Menawi sedherek wonten pitakenan sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386. SMS/WA.

Marginging Karahayun

Pelajaran 75

Kamulyanipun Gusti

Matius 16,17

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanhipun Gusti Allah engkang Maha Asih engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel saha nampi karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminye. Kawulo rumaos bingah saged wangsul ing dinten sakmangkoh nyegahaken program Margining Karahayun.

Ing pepanggihan kepengker, Injil nyariosaken Yesus Al-Masih melekaken mripat tiyang wuta milai lahir. Mboten wonten perkawis engkang mokal kagem Yesus, sebab Penjenenganipun leres-leres Sabda Allah engkang rawuh wonten dunya dados manungsa. Punika sebabipun Yesus saged nguwasani saben kekiatan wonten ing dunya. Angin, seganten, roh-roh pepeteng, penyakit saha pati. Ingpundi kemawon Yesus tindak, kathah tiyang engkang ndherek, nanging sekedhik engkang tepang Penjenenganipun. Sedaya nganggep Yesus nabi, nanging mboten tepang bilih sedaya penggenapan Allah wonten ing Penjenenganipun.

Pepanggihan sakmangkoh kita badhe ningali perkawis Gusti Yesus engkang kebak kalih Kamulyanipun Allah, wekdal Penjenenganipun wonten ing gumuk kalih 3 pendherekipun.

Injil Lukas 9 nyariosaken mekaten

Ing sawijining dina nalika Yésus pinuju ndedonga piyambakan, para sakabaté padha sowan ing ngarsané. Banjur padha didangu, "Wong akèh iku padha ngarani Aku iki sapa?" Atur wangsulané, "Yohanes Pambaptis. Wonten ugi ingkang mastani Élia, wonten malih ingkang mastani salah satunggaling nabi ing jaman kina ingkang sampun wungu." "Gusti Yésus ndangu menèh: "Lha, yèn kowé dhéwé, Aku iki sapa?" Wangsulané Pétrus: "Panjenengan menika Sang Kristus! Utusanipun Allah." Nanggapi aturé Pétrus, Yésus banjur ngandika, "Rahayu kowé! Simon anaké Yunus, amarga kang medharaké marang kowé iku dudu manungsa, nanging Ramaku kang ana ing swarga.

Cobi kita penggalih pitakenanipun Yesus wau. Saestu penting pitakenan Yesus dateng pendherekipun, mekaten ugi kita sami. Sedherek pamireng, sinten Yesus miturut sedherek? Punapa sedherek nggolongaken Penjenenganipun kalih nabi? Punapa sedherek kados Petrus, bilih Yesus

punika Mesias, Putranipun Allah engkang gesang? Punapa sedherek pitados bilih Yesus njih Mesias engkang kalasemanten Gusti janjikaken wekdal Adam saha Hawa dawah dosa? Sedherek pitados bilih Yesus, Putraning Allah engkang Gesang? Sabda Allah saking suwargi?

Kados engkang sedherek mangertosi, ngantos wekdal sakmangkih, kathah tiyang engkang nyangkal bilih Yesus punika Putraning Allah, awit menggalih bilih sebatan wau berarti allah kagungan semah lan gadhah putra! Mboten mekaten maksudipun. Kamulyanipun Allah langkung saking sedayanipun. Allah punika Roh lan mboten gadah putra kados manungsa, ananging mboten ngalangi Allah kangge nyebat Yesus Putra-Nipun. Contonipun kulo kesah dateng luar negeri, tiyang nyebat kulo "Anak Indonesia" mboten ateges Indonesia mendet semah lajeng gadahi anak. Kula kasebat anak Indonesia karena kulo asalipun saking Indonesia.

Mekaten ugi Yesus, Mesias engkang lahir saking setunggaling prawan. Malah sakderengipun lahir, Penjenenganipun wonten suwargi. Penjenenganipun, "Sabda Allah" saha Roh Allah. Namung Yesus engkang kasebat Putra Allah Engkang Maha Inggil, karena Penjenenganipun Sabda engkang sesarengan Allah milai wiwitan. Yesus kasebat Putra Allah, karena rawuhipun saking Allah, ugi karena Penjenenganipun leres-leres Sabda Allah saha Roh Allah. Saengga sinten engkang ningali Anak badhe mangertos Sang Rama. Sinten mawon engkang ningali Yesus mangertos kadospunapa Allah punika. Sedherek punapa pitados kaleresan bilih Yesus punika Putra Allah engkang gesang.

Sakmangkih sumonggo kita lajengaken sinau Injil Matius, ing pasal 16 ngendikan

"Wiwit nalika iku Yésus mratélakaké marang para sakabaté, yèn Panjenengané kudu tindak menyang Yérusalèm, lan bakal nandhang sangsara warna-warna marga saka panggawéné para pinituwa, para pangareping imam lan para ahli Torèt sarta banjur disédani, lan ing telung dinané kawungokaké. Nanging Pétrus narik Panjenengané, karo munjuk, "Gusti, mugi Gusti Allah nebihaken bab punika! Sampun pisan-pisan Gusti ngantos kataman ingkang makaten punika." Nanging Panjenengané banjur méngo sarta ngandika marang Pétrus, "Hé, sétan, sumingkira. Kowé iku dadi sandhunganku, sabab kowé ora mikir apa kang kagalih déning Allah, nanging mung manut pikiraning manungsa."

Punapa sedherek mindanget, engkang dingendikakaken Yesus dateng pendherek-lipun? Penjenenganipun ngendikan bilih Penjenenganipun kedhah tindak teng Yerusalem lan kedhah nanggél kathah kasangsaran ing astanipun para pemimpin agami. Penjenenganipun kedhah pejah saha diwungkaken malih ing dinten kaping tiga. Dados Yesus ngumumaken bilih Penjenenganipun badhe ngocoraken Rahipun kangge mbayar utang dosa manungsa.

Nanging Petrus mboten saged nampi bilih Yesus engkang kagungan sedaya kuwaos saha otoritas, badhe mendelaken paguwaos Yahudi engkang jahat nangkep, nganiaya saha nyedani Penjenenganipun. Punika sebabipun Petrus wicanten dateng Yesus, *"Gusti, mugi Gusti Allah nebihaken bab punika!"* Ananging Yesus pirsane perkawis rawuhipun wonten dunya kangge ngocoraken Rahipun dados korban nebus dosa manungsa. Punika sebabipun Yesus ngendikan dateng Petrus, *"Hé, sétan, sumingkira. Kowé iku dadi sandhunganku, sabab kowé ora mikir apa kang kagalih déning Allah, nanging mung manut pikiraning manungsa."*

Yesus mangertos punapa tujuanipun rawuh wonten dunya. Penjenenganipun rawuh kangge masrahaken gesang-lipun kanti ngocoraken rah-lipun engkang suci dateng tiyang dosa, persis kalih sedaya ramalan para nabi sakderengipun. Yesus rawuh supados symbol cempe kurban kagenepi ing Penjenenganipun. Penjenenganipun njih Al-Masih engkang rawuh wonten dunya seda mbayar sedaya dosa kula lan sedherek sami. Sanajan sakmangkih kathah tiyang engkang mboten pitados, ananging kaleresan sedha saha wungunipun Yesus mboten ewah. Yesus milih seda dados kurban, karena Penjenenganipun tresna dateng sedherek saha kulo lan Penjenenganipun mboten ngersakaken kita pejah.

Sakmenika sumonggo kita waos Injil Matius 17, *"Nem dina sawisé iku Yésus ngajak Pétrus lan Yakobus sarta Yokanan saduluré, miggah ing gunung kang dhuwur, prelu miyambak. Panjenengané banjur katon santun cahya ana ing ngarepé para sakabat mau, pasuryané mancorong kaya srengéngé, sarta pangagemané putih sumorot. (Luk.9) Tumuli ana priya loro padha imbal-pangandika karo Panjenengané, yaiku Musa lan Élia. Sakaroné padha ngatingal ing sajroning kamulyan, sarta padha reraosan bab tujuané tindaké Yesus menyang ing Yérusalèm minangka ngrampungaké pakaryané. Pétrus banjur matur marang Yésus, "Gusti, iba saénipun, bilih kawula sadaya wonten ing ngriki. Manawi Gusti marengaken, kawula badhé damel tarub tiga, satunggal kagem Gusti, satunggal kagem Musa saha satunggalipun malih kagem Élia." Sajroné lagi matur, dumadakan ana méga padhang kang ngayomi wong golongan, sarta banjur ana swara kaprunggu saka sajroning méga, pangandikané, "Iki Putraningsun, kang kinasih, kang damel renaning penggalihingsun. Iku sira rungokna!" Krungu kang mangkono iku para sakabat padha sumungkem ing bumi lan banget wediné. Yésus banjur nyelak njawili para sakabaté, sarta ngandika, "Padha ngadega, aja wedi." Lan bareng padha melèk, mandeng mendhuwur, para sakabat padha ora weruh sapa-sapa, kajaba mung Panjenengané, Yésus piyambak, ora ana wong liyané manèh. Nalika padha mudhun saka ing gunung, Yésus paring piweling marang para sakabaté mau, pangandikané, "Tetingalan iku mau aja kokkandhak-kandhakaké marang sapa baé, nganti Putraning Manungsa kawungokaké saka ing antarané wong mati."*

Sedherek mangertos punapa engkang dumados ing nginggiling gunung engkang inggil wau? Punika dumadosan engkang ngeramaken. Kita maos bilih kawontenanipun praupanipun Yesus sumunar kados srengenge lan rasukan-Nipun dados putih sumunar kanti padang. Sunar engkang ngeramaken saha ulap nyunari tahta Allah wonten suwargi, sakmenika nyunari Yesus. Cahya agung ing Tarub Pasewakan ing dinten wekdal Musa saha umat Israel wonten pasamunan, kamulyan engkang sami sakmenika wonten ing Yesus. Allah ngetingalaken Kamulyanipun wonten ing Yesus. Lan ing wekdal engkang sami, Allah ngutus kalih nabi saking suwargi, njihpunika Musa saha Elia kangge wicanten dateng Yesus perkawis sedanipun ing Yerusalem. Ing mriku ugi wonten mega benter ing gunung saha suwanten engkang Mahakuwaos gumleger wonten mega kanti ngendikan, *"Iki Putraningsun, kang kinasih, kang damel renaning penggalihingsun. Iku sira rungokna!"*

Punapa alasan sedaya wau? Wonten punapa Allah nindakaken perkawis engkang mulya wau wonten ngajengipun Petrus, Yohanes saha Yakobus? Punika alasanipun, Allah kepenging nedhahaken dateng 3 saksi bukti engkang mboten saged dibantah, Yesus punika Putranipun Allah engkang langgeng saking suwargi lan sedaya tiyang kedah mindangetaken Penjenengaipun. Punika engkang kaserat ing kitab suci kanti ngendikan, *"Sapa kang ora ngormati marang Sang Putra, iku uga ora ngormati marang Sang Rama kang ngutus Panjenengané. Ing jaman biyèn Allah ngandika marang para leluhur kita nganti marambah-rambah sarta kalawan patrap mawarna-warna lantaran para nabi, ing jaman pungkasan iki Panjenengané wis ngandika marang kita lantaran Kang Putra, kang wis katetepaké dadi ahli-warisé samubarang kabèh; lan iya lantaran Panjenengané, Allah wis nitahaké jagat raya. Panjenengané dadi cahya kamulyané Allah sarta gambar kawontenaning Allah ing sanyatané lan nyanggi samubarang kabèh sarana sabdané kang kebak pangwaos. Sawisé rampung anggoné mbirat dosa, Panjenengané lenggah ing satengené Kang Mahaagung ana ing ngaluhur;*

Sedherek pamireng, kadospundi miturut sedherek perkawis Yesus? Punapa sedherek pitados bilih Yesus punika Kamulyanipun Allah engkang rawuh saking suwargi? Punapa sedherek namung menggalih bilih Penjenenganipun namung nabi, kados kathah tiyang namung ngajeni?

Gusti paring berkah dateng sedherek sami, wekdal mindangetaken pangandikanipun Allah perkawis Yesus, **"Iki Putraningsun, kang kinasih, kang damel renaning penggalihingsun. Iku sira rungokna!"**

Menawi sedherek wonten pitakenan perkawis pasianaun sakmangkih saged ngubungi kawulo ing no 081333777386 WA/SMS. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 76

Pangen engkang Sae

Yohanes 10

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanhipun Gusti Allah engkang Maha Asih engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel saha nampi karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminya. Kawulo rumaos bingah saged wangsul ing dinten sakmangkoh nyegahaken program Margining Karahayun.

Ing pelajaran kepengker, kita mindanget Gusti Yesus ngendikan dateng pendherek-lipun bilih Penjenenganipun kedah seda dados kurban kangge ngangkat dosa dunya wonten Yerusalem lan wungu malih saking antawisipun tiyang pejah ing tigang dintenipun. Kita ugi ningali Yesus nedahaken Kamulyanipun dateng 3 pendherekipun wekdal ing gunun. Praupanipun Yesus sumunar kados srengenge lan jubahipun mancaraken cahya putih resik, saengga kamulyan Allah engkang wonten ing Penjenenganipun katingal nyata.

Sakmangkoh kita badhe nglajengaken sinau Injil, perkawis Yesus nggambaraken tiyang engkang ndherek Penjenenganipun kados cempe engkang wareg. Ing seratan para nabi nyariosaken bilih anak-anak Adam kagambaraken kados cempe engkang ical tanpa pangen. Punika sebabipun Allah ngutus setunggaling pangen engkang sejatos saking suwargi kangge nuntun kita ing margi katentreman sarta milujengaken kita saking setan, dosa, pati saha neraka. Sedherek mangertosi Pangen sae engkang Allah utus kangge anak-anak Adam?

Sumonggo kita maos Injil Yohanes 10, wekdal Yesus ngendikan dateng tiyang kathah,

"Satemené Aku pitutur marang kowé: Sapa kang mlebu kandhang wedhus ora metu lawang, nanging mènèk témbok, iku maling lan rampog; nanging sapa kang lumebuné liwat lawang, iku pangoné wedhus. Pasemon iku dingandikakaké déning Yésus marang wong-wong mau, nanging padha ora mangerti tegesé pangandika iku. Yésus tumuli ngandika manèh, "Satemené Aku pitutur marang kowé: Aku iki lawangé wedhus-wedhus iku. Aku iki lawangé; sapa kang mleburné metu ing Aku, iku bakal kaslametaké, sarta bakal mlebu lan metu, apadéné bakal nemu pangonan. Maling iku tekané mung arep nyolong lan matèni sarta nyirnakaké; Aku iki teka supaya wedhus-wedhus padha duwé urip, lan uripé iku kanthi kalubéran. Iya Aku iki pangon kang utama. Pangon kang utama iku

ngetohaké nyawané kanggo wedhus-wedhusé, nanging wong opahan kang dudu pangon, sarta dudu kang duwé wedhus-wedhus iku dhéwé, samasa weruh ana asu ajag teka, wedhusé ditinggal mlayu, temah asu ajag iku nubruki lan mbuyaraké wedhusé. Anggoné lumayu iku jalaran mung wong opahan, lan ora gumati marang wedhus-wedhusé iku. Aku iki pangon kang utama lan Aku nitèni wedhus-wedhusku lan wedhus-wedhusku padha wanuh marang Aku kayadéné Sang Rama anggoné tepang marang Aku sarta Aku wanuh marang Sang Rama, sarta Aku ngetohaké nyawaku kanggo wedhus-wedhusku. Aku isih duwé wedhus liyané manèh, kang ora saka ing kandhang kéné; wedhus-wedhus iku iya kudu dakgiring uga, lan bakal padha ngrungokaké swaraku sarta bakal dadi pepanthan siji, lan pangon siji. Sang Rama ngasihi Aku, jalaran Aku ngulungaké nyawaku supaya daktampani manèh. Ora ana wong sija baé kang ngrebut nyawaku, nanging dakulungaké miturut karepku dhéwé. Aku kwasa ngulungaké, lan kwasa ngukup manèh. Dhawuh iki kang daktampa saka Ramaku."

Marga saka pangandika kang mangkono iku nuli tuwuh pasulayan manèh ing antarané wong-wong Yahudi. Akèh panunggalané kang ngucap, mangkéné, "Wong iku kapanjangan dhemit sarta ora waras; yagéné padha kokrungokaké?" Wong liyané ngucap, "Iku rak dudu tembungé wong kang kapanjangan dhemit; apa dhemit bisa ngelèkaké mripaté wong-wong wuta?"

Wong-wong Yahudi banjur padha ngrubung Panjenengané lan padha munjuk, "Ngantos pinten dangunipun anggèn Panjenengan damel mangu-manguning manah kula? Manawi Panjenengan punika Kristus, mugé Panjenengan blakakaken dhateng kula sadaya. Paring wangsulané Yésus, "Kowé wus padha dakkandhani nanging padha ora pracaya; panggawé kang daklakoni atas asmané Ramaku, iku kang padha neksèni mungguh ing Aku, nanging kowé padha ora pracaya, amarga kowé dudu panunggalané wedhus-wedhusku. Wedhus-wedhusku padha nilingaké swaraku, sarta Aku wanuh marang wedhus-wedhusku lan wedhus-wedhusku padha ngetut-buri Aku, apadéné padha dakwènèhi urip langgeng, lan wedhus-wedhusku mesthi ora bakal padha nemu karusakan salawas-lawasé lan ora bakal ana wong kang ngrebut wedhus-wedhus iku saka tanganku. Ramaku kang maringaké wedhus-wedhus iki marang Aku, Panjenengané iku ngungkuli samubarang kabèh, lan ora ana wong kang bisa ngrebut wedhus-wedhus mau saka astané Ramaku. Aku lan Ramaku iku siji." Wong Yahudi tumuli njupuki watu manèh, arep kanggo mbenturi Panjenengané. Pangandikané Yésus marang wong-wong mau, "Akèh panggawé becik kang saka Ramaku kang daktuduhaké marang kowé. Panggawé iku mau endi kang njalari kowé arep padha mbenturi Aku nganggo watu?"

Wangsulané wong-wong Yahudi, "Anggonku arep mbenturi kowé iku ora marga panggawé kang becik, nanging marga anggonmu nyenyamah marang Allah, iya iku amarga kowé iku manungsa kok ndadèkaké awakmu iku Allah." Yésus paring wangsulan, "Apa ora katulis ing Kitab Torètmu,

mangkéné: Ingsun wus ngandika: Sira kabèh iku allah. Menawa wong kang padha kadhawuhan pangandikané Allah iku diarani allah — mangka Kitab Suci iku ora kena dibatalaké — apa kowé isih kandha karo Panjenengané kang sinucèkaké déning Sang Rama sarta kang wus kautus menyang jagat iku: Kowé nyenyamah Allah! Amarga Aku wus ngandika: Aku iki Putraning Allah? Saupama Aku ora nglakoni pakaryané Ramaku, kowé aja pracaya marang Aku. Nanging menawa Aku nglakoni iku mau, mangka kowé padha ora gelem pracaya marang Aku, padha pracayaa marang pakaryan-pakaryan iku supaya kowé padha sumurup lan mangerti yèn Sang Rama iku ana ing Aku lan Aku ana ing Ramaku." Sepisan manèh wong-wong mau padha arep nyekel Panjenengané, nanging Panjenengané luput saka tangané wong-wong mau.

Punapa sedherek mireng pangandikanipun Yesus dateng tiyang-tiyang Yahudi? Karana wekdal engkang mboten cekap kagem njelasaken sedaya pangandikanipun Yesus, kita badhe musataken penggalih kita ing kalih nami engkang Yesus akeni ing Penjenenganipun. Punapa sedherek mireng? Kalih nami wau njihpunika "Lawang kangge mendo saha Pangen engkang sahe".

Sepindah, kita mireng wekdal Yesus ngumpamikaken anak-anak Adam kalih mendo, Penjenenganipun ngendikan, " *Aku iki lawangé wedhus-wedhus.. sapa kang mleburné metu ing Aku, iku bakal kaslametaké.* Wonten punapa Yesus Yesus mastani Penjenenganipun, "**Lawange wedhus?**" Wekdal semanten pangen damel pager saking ri utawi sela, engkang didamel setunggal lawang mendo sami mlebet kendang. Wekdal sedaya mendo sampun mlebet wanci dalu, pangen tilem wonten ngajeng lawang njagi mendanipun. Menawi wonten kewan galak nyelak badhe nyolong mendo kedah nglangkungi lawang mlebet ing pundi pangen tilem, saengga langsung dipun usir. Ing mriki pangen kasebat "**lawang kangge mendo**"

Gusti Yesus nyebat Penjenenganipun, "Lawange mendo". Punika artosipun Yesus nggatosaken sedaya kagunganipun. Sakderengipun sedherek dados bagian saking kempalan mendanipun Allah, sedherek kedah nglangkungi Yesus. Sinten mawon engkang ngajengaken wilujeng saking kuwaos setan, ukuman pati saha ukuman neraka engkang langgeng kedah mlebet nglangkungi Yesus. Namung Penjenenganipun lawang engkang saged nampi tiyang dosa dateng gesang langgeng. Punika sebabipun Alkitab ngendikan, "**mboten wonten karahayon wonten ing sintena kémawon, kajawi wonten ing Panjenenganipun, amargi ing sakurebing langit punika mboten wonten asma sanèsipun ingkang kaparingaken dhateng manungsa, ingkang dados margining karahayon kita.**" Namung Yesus lawang tumuju ing kawilujengan.

Sedherek emut carios Nuh saha toya banjir? Pinten lawang engkang didawuhaken Allah dateng Nuh damel, saengga sedaya engkang kaslametaken saged lumebet prau ageng? Namung setunggal.

Saben tiyang engkang kepengin wilujeng saking toya banjir kedah lumebet prau nglangkungi lawang wau.

Mekaten ugi perkawis dinten pengadilan, Injil njelasaken bilih Allah sampun mbikak setunggaling lawang kangge anak-anak Adam. Mesias piyambak lawang engkang saged nampi manungsa ing pigesangan engkang langgeng. Punika sebabipun Yesus ngendikan, **“Aku iki lawangé; sapa kang mlebu kang mlebu metu ing Aku, iku bakal kaslametaké, Sapa kang mlebu kandhang wedhus ora metu lawang, nanging mènèk témbok, iku maling lan rampog.”**

Nami engkang kaping kalih, Yesus kawastani **“Pangen engkang sahe”** Yesus punika pangen engkang sahe, karana namung Penjenenganipun engkang ntresnani saha ngorbanaken gesangipun kangge kita. Perkawis Penjenenganipun Nabi Daud nyerat ing Mazmur 23 mekaten,

“Gusti Allah kuwi Pangèuku, aku ora kekurangan apa-apa. Aku diengon ing pangonan kang akèh suketé seger; aku digiring menyang papan kang banyuné anteng. Aku diparingi kekuwatan anyar, lan dituntun menyang dalan sing bener, kaya sing dijanjèkaké. Lakuku senajan ngambah dalan sing peteng dhedhet, aku ora wedi bebaya, margi Paduka celak kawula; gada lan teken ingkang Paduka asta, menika njagi kawula. Paduka nata pasegahan kanggé kawula, wonten ing ngajenging para mengsah kawula. Paduka ngormati kawula srana netepaken mawi lisah ing sirah kawula; tuwung kawula Paduka isi ngantos mencep-mencep. Kasaénan lan sih Paduka tansah badhé ngiring lampah kawula salami kawula gesang, lan kawula badhé manggèn ing Pedaleman Paduka, selami-laminipun.

Yesus piyambak Pangen engkang sahe, punika sebabipun Yesus ngendikan, **“Aku iki pangon kang utama!” Aku lan Ramaku iku siji.”** Ananging wekdal semanten kathah tiyang Yahudi engkang nuduh bilih Yesus nyenyamah Allah. Sakmangkih anak-anak Adam ugi kelintu nangkep pangandikanipun Yesus. Tiyang kelintu nginten menawi Yesus setunggal kalih Allah artosipun wonten 2 Allah. Kitab suci ngendikan, “Pangéran kuwi Allah kita. Mung Panjenengané piyambak.” Ananging punika mboten ngalangi Allah rawuh ning dunya dados manungsa. “Sabab ana ing Panjenengané iku, sawetahé kasampurnaning kaallahané Allah dedalem ana ing sarirané,”(Kol.2:9)

Sedherek, Yesus punika pangin sejatos engkang rawuh saking suwargi dados manungsa lan ngorbanaken gesang-lipun kangge nebus kita saking ukuman dosa. Namung Yesus engkang wungu saking sedanipun lan paring gesang langgeng kagem manungsa engkang pitados. Punika sebabipun Yesus ngedikan, **“Aku iki pangon kang utama.. Aku ngetohaké nyawaku kanggo wedhus-wedhusku. Ora ana wong sija baé kang ngrebut nyawaku, nanging dakulungaké miturut karepku dhéwé. Aku kwasa ngulungaké, lan kwasa ngukup manèh. Dhawuh iki kang daktampa saka Ramaku.”**

Sedherek, maturnuwun sampun mindangetaken siaran punika. Gusti paring berkah, wekdal sedherek emut pangandikanipun Yesus, “Aku iki lawangé; sapa kang mleburné metu ing Aku, iku bakal kaslametaké, Pangon kang utama iku ngetohaké nyawané kanggo wedhus-wedhusé,”

Menawi sedherek wonten pitakenan, saged ngubungi kulo ing no 081333777386 WA/SMS..

Marginging Karahayun

Pelajaran 77

Manahipun Allah

Lukas 18,15

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanhipun Gusti Allah engkang Maha Asih engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel saha nampi karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminya. Kawulo rumaos bingah saged wangsul ing dinten sakmangkoh nyegahaken program Margining Karahayun..

Ing sedaya pasinaun kita perkawis seratan para nabi, kita ningali bilih Allah suci saha leres lan Penjenenganipun mboten kompromi dateng dosa. Nanging kita ugi ningali bilih Allah punika welas asih. Punika wartos engkang sahe dateng kita, karana kita sanget mbetahaken Katresananipun. Sedaya kalepatan engkang kita tindakaken dateng Allah badhe ngukum manungsa, menawi Allah mboten ntesanani kita. Dinten sakmangkoh kita badhe maos 2 pasemon engkang Gusti Yesus paringaken dateng tiyang kathah perkawis sih piwelasiipun Allah engkang ageng.

Pasemon engkang wiwitan perkawis kalih tiyang engkang nampi piwelasiipun Gusti lan engkang mboten. Pramila sumonggo kita waos Injil Lukas 18, mekaten suraosipun,

Gusti Yésus nuli maringaké pasemon sing katujokaké marang wong-wong sing nganggep awaké dhéwé sampurna, sarta ngrèmèhaké wong liya. Pangandikané: "Ana wong loro padha mlebu ing Pedalemané Allah, arep ndedonga. Sing siji wong Farisi, lan sing sijiné pegawé pajeg. Wong Farisi mau ngadeg ing panggonan sing gampang katon ing wong lan ndedonga mengkéné: 'Dhuh Allah, kawula ngaturaken panuwun dhateng Panjenengan, awit kawula mboten sami kaliyan tiyang-tiyang sanès ingkang srakah, ingkang remen ngapusi, ingkang lampah jina, lan mboten sami kaliyan pegawé pajeg menika. Saben seminggu kula siyam kaping kalih, sarta saprasedanipun pamedal kawula, kawula sedhekahaken.' Nanging pegawé pajeg mau ngadeg ana ing kadohan, malah ndangak waé ora wani, mung tebah-tebah dhadha, sarta matur mengkéné: 'Dhuh Allah, kawula tiyang dosa, mugi Panjenengan welasi.' "Ngandela, saungkuré saka ing papan kono, pegawé pajeg mau sing pandongané ketrima déning Gusti Allah, dudu wong Farisi mau. Awit saben wong sing ngluhuraké awaké dhéwé, bakal diasoraké, déné wong sing ngasoraké awaké dhéwé, kuwi bakal diluhuraké."

Punapa engkang Yesus kepengin ajaraken nglangkungi pasemon punika? Ringkesipun, Yesus ngajaraken bilih Allah ngetingalaken piwelasiipun dateng tiyang engkang ngakeni kambotenleresanipun ing Ngarsani-Pun, ananging nglepataken dateng tiyang engkang rumaos leres wonten Ngarsanipun. Punika sebabipun Kitab Suci ngendikan, **“Allah nglawan marang wong kang kumalungkung, nanging paring sih-rahmat marang wong kang andhap-asor.”** Punapa engkang manungsa ajeni, diandapaken dening Allah. Punapa saged Allah nampi tiyang engkang ngegung-gegungaken awakipun piyambak kanti mikir, **“Aku iki wong bener! Aku sembayang! Aku nindakake poso! Ake weweh sedekah! Aku nindakake iku lan iki!”** Punapa sedaya engkang **“Aku” wau ngeremaken Allah?** Mboten, Allah mboten remen dateng tiyang engkang umuk.

Sedherek emut Kabil, anak mbarep Adam engkang usaha nyelaki Allah kalih usahanipun piyambak? Punapa Allah nampi pisungsungipun? Mboten. NGantos sakmangkih manah Allah mboten ewah, Allah mboten saged remen kalian usahanipun manungsa, karena mboten sampurna wonten Ngarsanipun. Gusti ngersakaken kita ngakeni kawontenan kita engkang dosa, kados pegawe pajeg engkang njotosi dadanipun lan matur, *“Dhuh Allah, kawula tiyang dosa, mugé Panjenengan welasi1”* Nanging Gusti sengit tiyang engkang senengipun mbanding-mbandingaken piyambakipun kalih tiyang sanes, kados tiyang Farisi engkang wicanten, *“Dhuh Allah, kawula ngaturaken panuwun dhateng Panjenengan, awit kawula mboten sami kaliyan tiyang-tiyang sanès ingkang srakah, remen ngapusi, lampah jina, lan mboten sami kaliyan pegawé pajeg menika.”*

Ing mriki tiyang Farisi mboten sadar bilih wekdal dinten pengadilan mangkih, Allah mboten badhe mbandingaken kita kalih tiyang dosa sanesipun. Sakwangsulipun ing mangkih kita badhe dipun bandingaken kalih hukumipun Allah engkang suci saha sampurna engkang ngendikan, *“Jalaran sing sapa ngangkah netepi sakèhing angger-angger iku, nanging nglirwakaké sapérangan baé, wong iku kaluputan marang sakabèhé. Jalaran Panjenengané kang ngandika, "Sira aja laku bédhang," iku uga ngandika, "Sira aja memateni." Dadi sanadyan kowé ora laku bédhang, nanging yèn kowé gawé pepati, iku kowé uga dadi wong kang nerak angger-angger.”* Punika sebabipun kita mbetahaken piwelasiipun Allah.

Sakmangkih sumonggo kita waos pasemon saklajengipun ing Injil Lukas 15

“Para juru-narik-pajeg lan wong dosa padha sowan ing ngarsané Yésus ngrungokaké piwulangé. Para Farisi lan para ahli Torèt padha grundelan, pangucapé, "Wong iku kok nampani para wong dosa lan mangan bebarengan." Panjenengané banjur paring pasemon, mangkéné,

"Ana wong duwé anak lanang loro. Anak kang wuragil matur marang bapakné: Bapak, keparenga kula nyuwun sapéranganing barang darbé ingkang dados panduman kula. Bapakné iya banjur

mbagé-mbagé barang darbèké, diwènèhaké marang sakaroné. Let sawatara dina kang wuragil mau banjur ngedoli pandumané kabèh, sawusé mangkono nuli lunga menyang nagara kang adoh. Ana ing kana bandhané diebrèh-ebèhèh dianggo nguja kekarepané nganti entèk kabèh. Kapinujon ing tanah kono ana paceklik kang nggegirisi, wong anom mau banjur wiwit nandhang kacingkrangan. Tumuli ngèngèr marang wong ing tanah kono, banjur dikon ngrumati babi-babiné ana ing pategalané. Nuli kepéngin ngisèni wetengé kalawan ampas pakan babi iku, nanging ora ana wong kang gelem mènèhi. Banjur ngrumangsani kaanané, temahan ngudarasa mangkéné: Buruhé bapakku pirang-pirang lan padha bisa mangan nganti turah-turah, mangka aku ana ing kéné bisa mati kaliren. Aku dakmulih menyang ing dalemé bapakku lan matur: Bapak, kula sampun nglampahi dosa dhateng swarga lan dhateng Bapak, kula sampun mboten pantes kawastanan putranipun Bapak malih; keparenga kula kadadosna berahipun Bapak kémawon. Banjur ngadeg lan mulih marani bapakné. Nalika isih adoh, bapakné wus ngawasaké tekané, atiné trenyuh banget marga saka welasé. Tumuli diplayoni, banjur dirangkul lan diambungi. Anaké matur: Bapak, kula sampun nglampahi dosa dhateng swarga tuwin dhateng Bapak. Kula sampun mboten pantes kawastanan putranipun Bapak malih. Nanging bapakné préntah marang batur-baturé: Énggal jupukna jubah kang apik dhéwé, nuli enggokna, drijiné anggonana ali-ali lan sikilé anggonana trumpah. Banjur njupuka pedhèt sing lemu, belèhen. Payo padha mangan lan seneng-seneng. Sabab anakku iki wus mati, urip manèh, wis ilang, ketemu. Banjur padha wiwit sukan-sukan. Nalika iku anaké pambarep lagi ana ing pategalan. Bareng mulih lan wus cedhak karo omahé, krungu swaraning tetabuhan lan wong kang padha tetembangan nganggo jejogèdan. Banjur ngundang salah sawijining batur lan ditakoni, apa tegesé iku kabèh. Aturé batur mau: Punika ingkang rayi rawuh, déné ingkang rama sampun dhawuh mragat pedhèt ingkang lema, amargi kepanggih malih kaliyan putranipun kanthi wilujeng. Anak pambarep mau temah nepsu lan ora gelem lumebu ing omah. Bapakné nuli metu lan ngarih-arih. Nanging diwangsul mangkéné: Sampun mataun-taun anggèn kula ngladosi Bapak lan mboten naté nerak wewaleripun Bapak, nanging Bapak mboten naté maringi cempé satunggal kémawon, kanggé bingah-bingah kaliyan kanca-kanca kula. Nanging sareng putranipun Bapak ingkang ngebrèh-ebèhèh'raja-darbèkipun Bapak, kadamel mblunthah kaliyan sundel-sundel, saweg kémawon dhateng, Bapak lajeng mragat pedhèt ingkang lema kanggé piyambakipun. Bapakné kandha: Anakku, enggèr, kowé iku salawasé urip bareng karo aku, lan apa saduwèkku iku duwèkmu. Awaké dhéwé kabèh wus samesthiné kudu padha bungah-bungah lan seneng-seneng, jalaran adhimu wis mati urip manèh, wis ilang ketemu."

Punapa engkang Allah ajaraken dateng kita nglangkungi pasemon punika? Ing lebetipun wonten tiyang tiga, bapak, anak ragil saha anak mbarep. Bapak ing pasemon wau makili Allah. Anak ragil nggambaraken tiyang dosa engkang mratobat saking dosanipun lan wangsul dateng Allah kangge

nampi piwelasiipun. Anak mbarep nggambaraken tiyang engkang taat agami ananging ngapusi piyambakipun piyambak kalih nginten bilih piyambakipun leres wonten ngarsanipun Allah.

Sakmangkah sumonggo kita menggalih sekedik anak ragil engkang ndhereki sifat dosa kanti gesang bebas wonten ing tebih. Punapa engkang dumados? Pungkasanipun anak ragil ngakeni sampun damel dosa wonten Allah. Piyambakipun sedih karena dosa-dosanipun lajeng mratobat. Piyambakipun ninggalaken kendang babi lajeng wangsul tumuju griya bapakipun.

Lajeng kadospundi kalih bapakipun? Punapa duka dateng putranipun engkang nelasaken bondonipun? Punapa Penjenenganipun ndadosaken budak? Mboten! Punapa engkang saged kita sianauni ing perkawis punika? Kita nyinaui bilih Allah punika persis kados bapak engkang kebak kalih piwelasi! Allah ntresnani tiyang dosa saha kepingin nedahaken katresanan-lipun. Nanging Allah nenggo sedaya tiyang dosa mratobat lan ndherek margi kaleresan engkang sampun ditetepaken.

Perkawis anak mbarep, piyambakipun mboten gadah perasaan welas kados bapakipun, saengga nesu lan nolak mlebet griya. Ngantos sakmangkah kathah manungsa kados anak mbarep, engkang nganggep piyambakipun mboten langkung saking **"budakipun Allah"** Ananging Allah mboten ngersakaken kita

dados kados budak. Penjenenganipun ngersakaken kita dados putra-putra-Nipun. Pangandikanipun kitab Injil perkawis tiyang engkang nampi Yesus dados Gusti lan Juruwilujengipun nyuraos mekaten, **"Awit kowé padha ora nampani rohing pangawulan kang njalari kowé dadi wedi manèh, nanging kowé wis padha nampani Roh kang njalari kowé dadi putrané Allah. Marga saka Roh iku kita banjur padha nyebut, "Abba, Rama!"**

Sedherek, punapa sedherek nganggep dados abdi punapa putra Allah? Punapa sedherek kados anak ragil ngakeni dosa lan nampi piwelasiipun bapakipun? Utawi kados anak mbarep engkang nyambutdamel kados abdi dateng bapakipun. Allah mboten ngersakaken sedherek ajrih kados abdi ajrih dateng bendoronipun. Allah ngersakaken sedherek kados putra engkang ntresnani Bapa-Nipun saha remen nindakaken Pikajengipun. Allah ntresnani sedherek lan kersa nedahaken piwelasiipun , nanging Penjenenganipun nenggo supados sedherek mratobat dan wangsul ka Penjenenganipun.

Allah engkang maha asih nenggo sedherek sowan, sami kados bapa ing pasemon nenggo anak ragilipun wangsul. Allah ngersakaken sedherek mratobat kanti manah engkang sedih saha andapasor. Menawi sedherek sowan kanti mekaten dateng Allah, mila sedherek badhe ngraosaken pepanggihan kalian Allah engkang gadah manah kados bapa engkang kebak welas asih. Nanging tiyang engkang gumunggung badhe pikantuk pengadilan Allah tanpa welas asih.

Maturuwun sampun mirengaken siaran kawulo. Gusti paring pangertosan punapa engkang sampun kita sinauni. Emut, **"Allah nglawan marang wong kang kumalungkung, nanging paring sih-rahmat marang wong kang andhap-asor."**

Menawi sedherek wonten pitakenan, sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386 SMS/WA.
Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 78

Kebangkitan Saha Gesang

Yohanes 11,12

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanhipun Gusti Allah engkang Maha Asih engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel saha nampi karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminye. Kawulo rumaos bingah saged wangsul ing dinten sakmangkih nyegahaken program Margining Karahayun.

Ing pasinaun perkawis Injil, kita ningali bilih Yesus Mesias kagungan kathah asma. Penjenenganipun kasebat, Sabda engkang sesarengan Allah mulai wiwitan, Putra yang Maha Inggil, Juruwilujeng, Cempenipun Allah, Roti pigesangan, Pepadhang Jagad, Pangen Sejatos. Dinten sakmangkih kita badhe nyinauni perkawis Yesus, "Patangen saha Kauripan"

Wonten Injil Yohanes 11, kita badhe ningali Yesus damel mukjizat engkang nedahaken Kamulyanipun Allah ing Penjenenganipun, mekaten suraosipun,,

Ana wong kang lagi lara, jenengé Lazarus, manggoné ing Bétania, ing désané Maria lan Marta, saduluré wadon. Maria iku wong wadon kang wus tau njabadi sampéyané Gusti kalawan lenga wangi, sarta banjur diusapi nganggo rambuté. Anadéné Lazarus kang lagi lara iku saduluré. Wong wadon loro iku banjur padha kongkonan munjuk marang Panjenengané, mangkéné, "Gusti, tiyang ingkang Panjenengan tresnani punika sakit." Yésus bareng midhanget pawarta iku, Panjenengané banjur ngandika, "Larané iku ora ndadèkaké patiné, nanging bakal mbabaraké kaluhuraning Allah, awit marga saka larané iku Putraning Allah bakal kaluhuraké." Yésus pancèn nresnani Marta sarta mbakyuné tuwin Lazarus. Nanging sawisé midhanget yèn Lazarus lara, Panjenengané njarag kèndel rong dina manèh ana ing palerebané iku. Sawisé mangkono Panjenengané banjur ngandika marang para sakabaté, "Payo padha bali menyang Yudéa manèh." Unjuké para sakabat, "Rabbi, nembé kémawon tiyang-tiyang Yahudi sami nyobi mbenturi Panjenengan mawi séla, punapa Panjenengan taksih ngersakaken tindak mrika malih?" Paring wangsulané Yésus, "Sadina iku apa ora rolas jam? Sapa kang lumaku ing wayah awan, sikilé ora kesandhung, amarga ndeleng padhangé jagat iki. Nanging menawa wong mlaku ing wayah bengi, sikilé kesandhung, amarga ora kadunungan pepadhang." Mangkono pangandikané, tumuli disambeti manèh, "Lazarus sadulur kita lagi turu,

déné anggonku mrana prelu arep nggugah anggoné turu." Para sakabaté banjur munjuk, "Gusti manawi piyambakipun tilem, badhé saras." Nanging karsané Yésus turu kang ateges mati, mangka panyanané para sakabat kang kapangandikakaké turu iku turu salumrahé. Marga saka iku Yésus nuli ngandika sabarèsé, "Lazarus wus mati; nanging sokur déné nalika iku Aku ora ana ing kana, kang mangkono iku luwih becik tumrap kowé, supaya kowé padha bisa sinau pracaya. Payo, saiki kita padha mrana." Tomas, kang karan Didimus, banjur kandha marang kanca-kancané para sakabat, "Payo, kita padha béla pati marang Panjenengané."

Sarawuhé Yésus, Lazarus tinemu wus dikubur patang dina. Désa Bétania iku dunungé cedhak karo Yérusalèm, dohé watara rong mil. Ing kono sakèhing wong Yahudi wus padha teka ing omahé Marta lan Maria prelu nglipur anggoné kesripahan saduluré. Nalika Marta krungu yèn Yésus rawuh, nuli menyang methukaké, nanging Maria kari ana ing omah. Marta banjur munjuk marang Yésus, "Gusti, manawi Panjenengan wonten ing ngriki, sadhèrèk kula tamtu mboten pejah. Nanging sapunika ugi kula mangertos, bilih punapa ingkang Panjenengan suwun dhumateng Allah, tamtu badhé dipun sembadani." Pangandikané Yésus, "Sadulurmu bakal tangi." Unjuké Marta, "Kula inggih mangertos bilih piyambakipun badhé tangi bénjing ing dinten patangèn, ing wekasaning jaman." Yésus paring wangsulan, pangandikané, "Aku iki patangèn lan kauripan. Sing sapa pracaya marang Aku bakal urip, sanadyan wus mati. Lan saben wong kang urip sarta pracaya marang Aku, iku ora bakal mati ing salawas-lawasé. Apa kowé pracaya marang iku?" Unjuké Marta, "Inggih Gusti, kula pitados bilih Panjenengan punika Kristus, Putranipun Allah, ingkang badhé rawuh ing jagat."

Sawusé ngendikan mangkono, Panjenengané nuli nguwuh kalawan swara sora, "Lazarus, metua!" Wong kang mati banjur metu, tangan lan sikilé isih kablebed ing ules, lan rainé katutupan kacu. Pangandikané Yésus, "Uculana ulesé, karebèn lunga!"

Sakderengipun mungkasi carios engkang ngeramaken punika, kita badhe mengalihaken perkawis mukjizat ageng Yesus wau. Milai dunya kadadosaken, mboten nate kapireng perkawis tiyang engkang saged paring gesang dateng tiyang pejah, engkang sampun sekawan dinten wonten kuburan, mayit engkang mulai risak saha mambet. Nanging punika engkang Yesus damel wekdal nangikaken Lazarus saking pejahipun.

Kuwaos pejah sanes perkawis kagem Gusti Yesus, karena Penjenenganipun punika Sabda Allah, Pigesangan Allah piyambak, engkang rawuh saking suwargi. Kadosdene Allah piyambak gadah pigesangan lan kadospundi Allah mungokaken tiyang pejah lan paring gesang, mekaten ugi Mesias saged paring gesang dateng sinten mawon engkang dipun kajengaken, karena Yesus piyambak sumber pigesangan. Punika sebabipun wekdal Yesus ngengken Lazarus medal, mayit wau gesang

malih, tangi lan medal saking kubur. Punika sebabipun Yesus ngendikan, "Aku iki patangèn lan kauripan. Sing sapa pracaya marang Aku bakal urip, sanadyan wus mati.

Sakpunika sumonggo kita tingali sikapipun tiyang Yahudi, saksampunipun ningali Yesus nangekaken Lazarus saking kubur, Injil ngendikan,

Akèh saka antarané wong-wong Yahudi kang padha layad menyang omahé Maria lan padha nyumurupi dhéwé apa kang katindakaké Yésus, dadi pracaya marang Panjenengané. Nanging ana kang nemoni para Farisi lan nyaritakaké apa kang wus katindakaké Yésus iku. Para pangarepé imam lan para Farisi padha ngaturi marepat pradataning agama, banjur padha rembugan mangkéné, "Punapa ingkang kedah kita tindakaken, jalaran Tiyang punika damel mukjijat kathah? Manawi piyambakipun kita etogaken, sadaya tiyang sami badhé pitados dhateng Piyambakipun, sarta tiyang-tiyang Roma badhé dhateng lajeng ngrebat papan suci kita dalah bangsa kita." Nanging ana panunggalané, yaiku Kayafas, kang jumeneng Imam Agung ing taun iku, banjur ngandika, "Panjenengan sami mboten mangertos punapa-punapa, lan sami mboten nggalih bilih langkung maédahi tumrap panjenengan, manawi wonten tiyang satunggal pejah kanggé bangsa kita, katimbang tiyang sabangsa sadaya tiwas." Prakara iku dingandikakaké ora saka panjenengané piyambak, nanging marga jumeneng Imam Agung ing taun iku, panjenengané medhar pameca, yèn Yésus bakal nglampahi séda kanggo bangsa iku, lan ora mung kanggo bangsa iku baé, nanging uga supaya ngempalaké sarta nunggilaké para putraning Allah kang pating slebar. Wiwit ing dina iku wong-wong mau padha sarujuk bakal nyédani Panjenengané. Marga saka iku Yésus wus ora ngedhèng manèh ana ing antarané wong-wong Yahudi, nanging Panjenengané banjur tindak saka ing kono menyang laladan sacedhaké pasamunan nuju menyang kutha kang aran Éfraim, banjur lereb ana ing kono karo para sakabaté. Nalika samana riyaya Paskahé wong Yahudi wus cedhak, lan wong akèh saka laladan kono padha menyang Yérusalèm, arep padha sesuci sadurungé Paskah iku. Wong-wong mau padha nggolèki Yésus, sarta kalawan ngadeg ana ing Padaleman Suci, padha sapocapan, "Pandugamu kepriyé, apa kirané Wong iku iya bakal nekani riyaya?" Anadéné para pangarepé imam lan para Farisi wus padha ndhawuhaké préntah, supaya saben wong kang weruh padunungané, nuli ngaturana uninga murih kena kacepeng.

Yoh.12.1 Nem dina sadurungé riyaya Paskah, Yésus rawuh ing Bétania panggonané Lazarus kang wus katangèkaké saka ing antarané wong mati. Ana ing kono Panjenengané disegah dhahar lan Marta ngladosi, déné Lazarus iya ndhèrèk kembul dhahar karo Yésus. Maria banjur njupuk lenga wangi nared tulèn satengah liter kang larang regané, banjur dijebadaké ing sampéyané Yésus, nuli diusapi nganggo rambuté; lan gandané lenga kang kajebadaké mau ngebaki saomah kabèh. Nanging sakabaté Yésus kang aran Yudas Iskariot, kang bakal ngulungaké Panjenengané, banjur

ngucap, "Yagé né lenga nared iku ora diedol telung atus dinar, banjur didanakaké marang para wong miskin?" Pangucapé kang mangkono iku ora amarga saka anggoné nggatèkaké nasibé wong-wong miskin, nanging amarga iku gawéné nyolong, kerep nylinguhaké dhuwit kang dadi rereksané. Yésus tumuli ngandika, "Etogna baé Maria tumindak mangkono, iku pacawisan kanggo dinané anggonku kakubur. Awit wong-wong miskin iku salawasé tansah ana ing antaramu, nanging Aku ora salawasé ana ing antaramu." Akèh wong Yahudi kang padha krungu warta, menawa Yésus ana ing kono, banjur padha teka ora mung marga saka Yésus baé, nanging uga padha arep ndeleng Lazarus, kang wus katangèkaké saka ing antarané wong mati. Para pangarepé imam tumuli padha rerembagan, sumedya matèni Lazarus pisan, sabab marga saka wong iku akèh wong Yahudi kang padha nyingkur para pangarepé imam, sarta pracaya marang Yésus.

Punapa engkang sedherek tingali reaksiipun para pemimpin agami? Mboten wonten setunggal mawon engkang wantun nyangkal mukjizat engkang didamel Yesus, nangekaken tiyang pejah. Nanging punapa para pemimpin agami wau sami purun mratobat saking dosa lan pitados bilih Yesus punika Mesias engkang rawuh saking suwargi? Mboten, mboten purun mratobat.

Lajeng punapa engkang didamel dening para imam? Sedaya malah nyengit saha rerembagan badhe nyedani Yesus lan ugi nyedani Lazarus. Mekaten mboten sahe lan tebih manahipun saking Gusti Allah. Engkang wonten ing pikiranipun namung pados keuntungan lan nampi arta. Sedaya sarujuk kangge mejahi Yesus, awit kuwatos menawi mendel mawon pramila sedaya tiyang Yahudi badhe ndherek Yesus.

Kadospundi miturut sedherek, sinten engkang manggenaken gagasan kangge mejahi Yesus? Setan engkang nuntun, karena setan sengit kalihan Allah saha Mesias. Setan mikir menawi Yesus seda, rancangan Allah kangge milujengaken manungsa gagal. Setan mboten sadar bilih Mesias rawuh wonten dunya kangge seda dados kurban nguwalaken anak Adam saking kuwaosipun setan. Pati ugi mboten saged nguwaosi dateng Yesus. Saengga Yesus ngendikan dateng sedherekipun Lazarus, **"Aku iki patangèn lan kauripan. Sing sapa pracaya marang Aku bakal urip, sanadyan wus mati. Apa kowé pracaya marang iku?"**

Maturnuwun sampun mindangetaken siaran punika. Gusti paring berkah, wekdal sedherek menggalihaken pangandianipun Yesus Almasih, **Aku iki patangèn lan kauripan. Sing sapa pracaya marang Aku bakal urip, sanadyan wus mati**, punapa sedherek pracaya?

Menawi wonten pitakenan sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386 SMS/WA. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 79

Yesus Lumbet Yerusalem

Lukas 18-20

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanhipun Gusti Allah engkang Maha Asih engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel saha nampi karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminya. Kawulo rumaos bingah saged wangsul ing dinten sakmangkih nyegahaken program Margining Karahayun.

Ing pelajaran kepengker, kita ningali Yesus nangikaken Lazarus saking pejahipun. Kuwaos pati sanes masalah kangge Yesus, karena Penjenenganipun Pantangen lan Gesang. Sakmangkih kita badhe nglajengaken pembahasan Injil perkawis Yesus lumbet wonten Yerusalem, ing pundi Penjenenganipun badhe disedani.

Wonten punapa Yesus panggah tindak Yerusalem? Penjenenganipun mekaten, kangge masrahaken gesangipun dateng tiyang engkang badhe nyedani. Punika mboten ngeramaken! Yesus mangertos bilih rawuhipun kangge pejah dados kurban dosa ing dunya. Yesus rawuh mboten kangge pados kepentingan pribadi, ananging kangge nggenepi sedaya seratan para nabi, bilih Mesias kedah sangsara saha ngocoraken rah wonten gunung ing pundi Abraham misungsungaken mendo kangge gantos yoganipun. Lambang kurban wau kajangkepan wonten ing Yesus. Punika sebabipun Yesus tindak dateng yerusalem.

Sakmangkih sumonggo kita waos kitab Injil, "*Yésus lan para sakabat lagi ana ing dalan, munggah menyang Yérusalèm; lan Yésus tindak ana ing ngarep. Para sakabat padha kagèt, déné wong-wong kang ndèrèkaké padha wedi. Yésus nimbali merek manèh para sakabat rolas, banjur wiwit ngandikakaké apa kang bakal kelakon tumrap Panjenengané, (Mark.10:32) Kita saiki padha lunga menyang kutha Yérusalèm, lan kabèh sing wis ditulis déning para nabi bab Putrané Manungsa bakal kelakon.(Luk.18:31). Putrané Manungsa bakal kaulungaké marang para pangarepé imam lan para ahli Torèt, lan iku bakal padha netepaké paukuman pati tumrap Panjenengané, sarta bakal padha ngulungaké Panjenengané marang bangsa-bangsa liya; Panjenengané bakal dipoyoki, sarta diidoni, apadéné digebagi lan disédani; nanging sawusè telung dina Panjenengané bakal wungu."* (Mark.10:33-34)

(Luk.18) Nanging para sekabat ora nyandhak babar-pisan, apa tegesé pangandika mau kabèh, awit pancèn kagawé samar tumraping para sekabat, nganti padha ora ngerti sing satemené. Nalika tindaké Gusti Yésus wis mèh tekan kutha Yérikho, ana wong wuta lungguh ing pinggir dalan karo ngemis. Bareng wong wuta mau krungu swarané wong akèh padha liwat ing kono, nuli takon: "Ana apa ta?" Ana wong sing mangsuli: "Guru Yésus, saka Nasarèt, lagi langkung." Wong wuta mau nuli nguwuh-uwuh: "Gusti Yésus tedhkipun Prabu Dawud! Kawula mugi Panjenengan welasi!" Wong-wong sing ana ing ngarepé padha nyendhu, akon meneng. Nanging wong wuta mau malah saya seru panguwuhé: "Gusti, putranipun Prabu Dawud, kawula mugi Panjenengan welasi!" Gusti Yésus nuli mandheg, lan dhawuh supaya wong wuta mau dituntun marek ing ngarsané. Sawisé tekan ing ngarsané Gusti Yésus, Gusti nuli ndangu: "Aku kokkon nindakaké apa marang kowé?" Wong wuta mau mangsuli: "Gusti, kawula kepéngin saged sumerep." Gusti Yésus nuli ngandika marang wong mau: "Ya, kowé ndelenga. Pangandemu sing marasaké kowé." Sanalika iku uga wong wuta mau bisa ndeleng, nuli ndhèrèkaké tindaké Gusti Yésus, karo memuji marang Pangéran. Kabèh wong sing nyipati lelakon mau iya nuli padha memuji marang Gusti Allah.

(Luk.19) Ana wong Farisi sawatara kang awor karo wong akèh, iku matur marang Yésus, "Guru, Panjenengan mugi karsa ndukani para murid panjenengan punika." Paring wangsulané, "Aku pitutur marang kowé: Menawa wong-wong iku padha meneng, watu-watu iki bakal padha nywara sora." Bareng tindaké wis saya cedhak lan pirsá kutha iku banjur muwun, Pangandikané, "Adhuh, iba beciké menawa ing dina iki uga kowé nyumurupi apa kang prelu kanggo tentrem-rahayumu! Nanging ing saikiné bab iku sinamar tumrap mripatmu. Sabab bakal tumeka wektuné, mungsuhmu padha makuwon ing saubengmu, sarta ngepung lan ngrampid kowé saka ing ngendi-endi. Kowé bakal kagempur nganti wrata karo lemah, bareng karo anak-anakmu, sarta mungsuhmu ora bakal nglestarèkaké watu siji baé kang tumumpang ing watu liyané ing tembokmu, awit kowé ora nyumurupi wayahé anggoné Allah nuwèni kowé."

(Mat.21) *Nalika Panjenengané lumebet ing Yérusalèm, wong sakutha kabèh padha horeg, lan padha ngucap, "Sapa ta wong iki?" Wong golongan padha mangsuli, "Iku Yésus saka Nasarèt ing Galiléa." Yésus banjur lumebet ing Padaleman Suci sarta nundhungi wong kang padha adol-tinuku ana ing Padaleman Suci, méja-méjané wong juru-tukar dhuwit lan bangku-bangguné wong adol manuk dara padha digolingaké, Panjenengané ngandika marang wong-wong iku, "Wus tinulis, Padalemaningsun bakal kasebut dalem pamujan, nanging kokdadèkaké guwaning bégal." Tumuli ana wong wuta lan wong pincang padha marek ing ngarsané Yésus ana ing Padaleman Suci lan Panjenengané banjur nyarasaké wong loro iku. Éwadéné bareng para pangarepé imam lan para ahli Torèt padha weruh mukjijat-mukjijat kang katindakaké, sarta bocah-bocah kang padha nguwuh-uwuh ana ing Padaleman Suci, "Hosana konjuk ing Putranipun Daud!," atiné padha jèngkèl banget, banjur matur*

marang Panjenengané, "Panjenengan punapa mireng ingkang dipun cariyosaken laré-laré punika?" Yésus ngandika marang wong-wong iku, "Iya, krungu; apa kowé durung tau maca: Paduka sampun nyawisaken puji lantaran cangkempun bocah-bocah saha bayi-bayi?"

Para pangareping imam lan para ahli Torèt padha mireng anané lelakon iku, banjur padha golèk akal anggoné arep nyirnakaké Yésus; marga wong-wong iku padha wedi marang Panjenengané, awit wong golongan kabèh padha kaéraman marang piwulangé.

(Yoh.12) Nanging Yésus paring wangsulan, pangandikané, "Wus tekan wektuné Putrané Manungsa kaluhuraké. Satemené Aku pitutur marang kowé: Menawa wiji gandum ora tumiba ing lemah, lan mati, tetep saelas baé; nanging menawa wiji iku mati, bakal ngetokaké woh akèh.

Saiki nyawaku trenyuh, lan Aku bakal matur apa? Rama, Paduka mugè ngluwari Kawula saking kawontenan punika? Ora, awit iya iku preluné anggonku teka ing wektu iki. Rama, Paduka mugè ngluhuraken asma Paduka!" Tumuli ana swara saka swarga, "Ingsun wus ngluhuraké, lan Ingsun bakal ngluhuraké manèh!" Wong akèh kang padha ngadeg ana ing kono lan krungu swara mau padha ngarani, yèn iku mau swaraning gludhug. Sawenèh ana kang ngucap, "Iku malaékat kang imbal pangandika karo Panjenengané." Yésus paring wangsulan, pangandikané, "Swara mau kaprungu ora marga saka Aku, nanging marga saka kowé. Samengko ana pangadilan ing ngatasé jagat iki: Samengko uga panggedhéné jagat iki bakal kabuwang metu; déné Aku, samangsa wus kasengkakaké saka ing bumi, Aku bakal nggèndèng sakèhing wong supaya padha marek marang Aku." Pangandikané kang mangkono iku kanggo mratélakaké patrap bakal sédané.

Kita tingali Yesus mlebet Yerusalem nitih kuldi enem lan tiyang Yahudi sami nguwuh-uwuh ngluhuraken Allah saha nyuwun Penjenenganipun dados raja. Sedaya nyuwun Penjenenganipun dados raja engkang mbebasaken tiyang Yahudi saking astanipun tiyang Romawi. Ananging sanes punika alasanipun. Penjenenganipun rawuh kangge ngremukaken kratoning setan. Penjenenganipun rawuh wonten dunya mboten kangge ngribah dunya engkang jahat, ananging kangge ngribah manahipun manungsa. Sanajan akhir jaman mangkih Yesus rawuh malih kangge ngadili umat manungsa saha mulihaken malih dunya ciptaan-Nipun, ananging wekdal rawuh engkang sepindah kangge seda dados kurban nylametaken manungsa saking paukuman dosa.

Nglajengaken carios punika kita maos malih Injil Lukas

Saben dina Panjenengané memulang ana ing Padaleman Suci. Para pangareping imam lan para ahli Torèt apadéné para panggedhèning bangsa Israèl padha ngudi nyirnakaké Panjenengané, nanging padha ora ngerti patrapé kepriyé, amarga wong kabèh padha tansah kepranan marang Panjenengané sarta padha kepéngin ngrungokaké piwulangé.

Ing sawijining dina nalika Yésus pinuju memulang marang wong akèh ana ing Padaleman Suci sarta martakaké Injil, para pangareping imam, para ahli Torèt lan para pinituwa padha sowan ing ngarsané, tuwin munjuk marang Yésus, "Kula sami kapangandikanana, menggah anggèn Panjenengan nindakaken samukawis sadaya punika kanthi pangwaos punapa, saha sinten ingkang maringi pangwaos punika dhateng Panjenengan?" Paring wangsulané Yésus, "Aku iya arep takon saprakara marang kowé. Aku kandhanana: Pambaptisé Yohanes iku saka swarga apa saka manungsa?" Wong-wong mau banjur padha rembugan, ujaré, "Menawa aku padha kandha: Saka swarga, wong iku mesthi kandha: Yagéné kowé padha ora nganggep? Nanging yèn aku padha kandha: Saka manungsa, wong-wong mesthi bakal padha mbenturi nganggo watu marang kita, amarga padha yakin, yèn Yohanes iku nabi." Nuli padha matur, yèn padha ora mangerti saka ngendi baptisané iku. Yésus banjur ngandika, "Yèn mangkono Aku iya ora gelem kandha marang kowé, kalawan pangwasa kang endi anggonku nglakoni samubarang kabèh iku." Yésus banjur paring pasemon mangkéné marang wong akèh, "Ana wong gawé pakebonan anggur, nuli diséwakaké marang wong-wong tani, banjur lelungan menyang papan kang adoh nganti sawatara lawasé. Bareng wus tumeka ing mangsané, tumuli kongkonan abdi siji nemoni wong-wong mau, padha dikon ngladèkaké pandumaning pametuné pakebonan. Nanging abdi iku banjur digebugi déning wong-wong tani mau, lan dikon bali nglenthung. Sawusé mangkono wong iku kongkonan batur liyané, nanging iku iya digebugi lan diwirang-wirangaké déning para wong tani mau lan dikon bali nglenthung. Sabanjuré nuli kongkonan manèh kang kaping teluné, nanging iku iya ditatoni déning wong-wong mau sarta tumuli diuncalaké menyang sanjabaning kebon. Kang duwé pakebonan banjur kandha mangkéné: Apa kang kudu daktindakaké? Dakkongkonan anakku kang kinasih, mesthi bakal diéringi. Nanging bareng wong-wong tani iku weruh anaké mau, banjur padha rembugan: Iku ahli-warisé, ayo dipatèni baé, supaya warisané dadi duwèk kita kabèh. Anaké mau banjur diuncalaké menyang sanjabaning pakebonan anggur sarta banjur dipatèni. Saiki apa kang bakal dilakoni déning kang duwé pakebonan anggur iku tumrap wong-wong mau? Kang duwé pakebonan bakal teka lan nyirnakaké wong-wong tani mau sarta keboné anggur banjur diséwakaké marang wong-wong liyané."

Para ahli Torèt lan para pangareping imam banjur padha ngudi nyepeng Panjenengané sanalika iku uga, amarga padha mangerti, yèn wong-wong iku kang dikarsakaké ana ing pasemon mau, nanging padha wedi marang wong akèh.

Punapa sedherek mangertos artos pasemon wau? Ing pasemon, Yesus nyamikaken Allah engkang gadah kebon. Kebon anggur wau bangsa Israel. Penggarap awon wau nggambaraken para pemimpin agami Yahudi. Para abdi engkang dianiaya wau nggambaraken para nabi. Putra juragan kebon engkang disedani nggambaraken Mesias njih Yesus.

Para pemimpin agami sami duka, karena pasemon wau nyemoni piyambakipun. Mekaten Yesus ngemutaken para pemimpin agami bilih Mesias engkang dipun tolak lan badhe dipejahi, wusananipun dados hakimipun.

Maturnuwun sampun mirengaken siaran punika. Gusti amberkahi wekdal sedherek menggalihaken seratan Injil perkawis Mesias, “Panjenengané wus ana ing jagat, lan jagat iku katitahaké déning Panjenengané, nanging jagat iku ora wanuh marang Panjenengané.”

Menawi sedherek wonten pitakenan saged ngubungi kawulo ing no 081333777386 SMS/WA.

Margining Karahayun

Pelajaran 80

Pangandikan Engkang Sura Saha Leres

Matius 22-25.

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanhipun Gusti Allah engkang Maha Asih engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel saha nampi karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminya. Kawulo rumaos bingah saged wangsul ing dinten sakmangkih nyegahaken program Margining Karahayun.

Pepanggihan kepengker kacarioasaken Yesus lumebet wonten Yerusalem sanajan para pemimpin agami sami rembagan badhe nyedani. Sedaya wau mboten dados alangan kangge tindak Yerusalem. Yesus pirsu bilih lahiripun ing dunya kangge kurban dateng dosa manungsa.

Kanti menika sedherek, kawulo nyuwun nggatosaken kanti saestu, wekdal Yesus ngemutaken para pemimpin agami Yahudi karena kemunafikan saha kejahatanipun. Pangandikan engkang badhe kita pireng dinten sakmangkih sora saha leres.

Kanti menika monggo kita waos Injil

Luk.20 ngendikan," *para ahli Torèt lan pangarepé imam-imam padha tansah maspadakaké marang Yésus. Banjur ngutus telik sandi kang éthok-éthok dadi wong mursid, supaya padha njiret Panjenengané sarana pitakonan, temah bisa ngladèkaké Panjenengané marang wewenang lan pangwasané gubernur. Wong-wong mau padha ngaturaké pitakonan marang Panjenengané mangkéné, "Guru, kula sami mangertos, bilih sadaya pangandika tuwin piwulang Panjenengan punika leres sarta bilih Panjenengan mboten pados pangalembana, nanging kalayan temen-temen mulangaken margining Allah. Kula sami kepareng ngaturaken pajeg dhateng Kaisar punapa mboten?" Nanging Yésus ora kekilapan marang kaculikané wong-wong mau, mulané banjur ngandika, "Aku tuduhana dhuwit dinar. Iki gambaré sapa lan iki tulisané sapa?" Atur wangsulané kang kadangu, "Gambar lan seratanipun Kaisar." Yésus nuli ngandika, "Yèn mangkono, Kaisar caosana apa kang wajib kokcaosaké marang Kaisar, lan marang Allah apa kang wajib kokcaosaké marang Allah." Dadiné wong-wong ora bisa njiret krana pangandikané ana ing ngarepé wong akéh. Wong-wong mau padha kaéraman krungu paring wangsulané iku lan banjur padha meneng.*

Mat.22 Ing dina iku ana para Saduki kang padha ngarani yèn ora ana tanginé wong mati, padha marek ing ngarsané Gusti Yésus lan padha matur pitakon, tembungé, "Guru, Musa ngandika, menawi wonten tiyang pejah mboten tilar anak, sadhèrèkipun tiyang wau mendheta wulanjaripun dados sèmahipun, supados nyukani turun dhateng sadhèrèkipun punika. Kelampahan ing satengah kula sadaya wonten sadhèrèk jaler pitu; lan ingkang kapisan sasampunipun émah-émah lajeng pejah. Sarèhné mboten nilar anak, dados nilaraken wulanjaripun dhateng sadhèrèkipun. Makaten ugi ingkang kaping kalih saha ingkang kaping tiga, ngantos dumugi ingkang kaping pitu pisan. Wasana sapengkeripun sadaya punika wau ingkang èstri inggih lajeng pejah. Ingkang punika bénjing ing dinten patangèn, tiyang pitu wau pundi ingkang dados sèmahipun tiyang èstri punika, sadaya rak sampun naté gesang sesarengan kaliyan piyambakipun." Yésus mangsuli, pangandikané marang wong-wong iku, "Kowé iku padha kesasar, jalaran kowé padha ora ngerti bab Kitab Suci lan bab pangwasané Allah. (Luk.20) "Wong-wong ing donya iki, padha omah-omah lan diomah-omahaké, nanging wong-wong kang padha kaanggep pantes tanpa panduman ana ing donya liyané iku, lan ana ing patangèn saka ing antarané wong mati, iku bakal ora omah-omah lan ora diomah-omahaké. Sabab padha ora bisa mati manèh; kaanané kaya para malaékat sarta padha dadi putraning Allah, awit wus padha katangèkaké. Anadéné mungguh tanginé wong mati iku, Musa iya wus mratélakaké ana ing sajroning carita bab grumbul eri, anggoné nyebut Pangéran: Allahé Abraham, Allahé Ishak, tuwin Allahé Yakub. Panjenengané iku dudu Allahé wong mati, nanging Allahé wong urip, awit kang ana ing ngarsané kabèh iku wong urip."

Mat.22 Wong golongan kang padha ngrungokaké, padha kaéraman ing bab piwulangé. Para Farisi bareng krungu, yèn Yésus wis mbungkem cangkemé para Saduki, banjur padha nglumpuk. Nuli salah siji saka panunggalané wong-wong iku, yaiku ahli Torèt, matur pitakon kanggo nyoba marang Panjenengané, "Guru, angger-angger ing salebeting Torèt punika ingkang ageng piyambak ingkang pundi?" Panjenengané ngandika marang wong iku, "Sira tresnaa marang Pangéran Allahira kalawan gumolonging atinira, lan gumolonging nyawanira, sarta gumolonging budinira. Yaiku angger-angger kang gedhé lan luhur dhéwé. Déné angger-angger kang kapindho kang padha karo iku, yaiku: Sira tresnaa ing sapepadhanira dikaya marang awakira dhéwé. Kabèh isining Torèt lan kitabé para nabi iku gumantung ing angger-angger loro mau."

Mat 23. Yésus banjur ngandika marang wong golongan lan marang para sakabaté, pangandikané, "Para ahli Torèt lan para Farisi iku padha nglinggihi palenggahané Musa. Mulané apa kang dituturaké marang kowé iku padha lakonana kabèh lan padha tetepana, nanging aja padha tumindak nulad tindak-tanduké, awit wong-wong iku padha memulang, nanging ora padha nglakoni dhéwé. Mula mangkono, awit padha mbongkoki momotan-momotan kang abot lan rekasa olèhé nggawa, banjur ditumpangaké ing pundhaké wong, mangka awaké dhéwé nyénggol baé ora gelem.

Panggawéné kabèh iku padha katindakaké supaya disawang déning wong, awit padha ngambakaké sabuk-sabuk sembahyangané lan nggedhèkaké gombyok-gombyoking jubahé; Padha seneng lungguh ing papan kang kajèn ana ing pésta-pésta, lan marang palungguhan kang nomer siji ana ing papan pangibadah, apadéné seneng nampa pakurmatan ana ing pasar-pasar lan disebut déning wong, 'Rabbi'. Nanging kowé aja disebut 'Rabbi', amarga mung siji Rabbimu lan kowé kabèh padha-padha sadulur. Apamanèh kowé aja nyebut sapa baé ing bumi iki 'rama', awit mung siji Ramamu, yaiku Panjenengané kang ana ing swarga. Kowé aja gelem disebut panutan, amarga mung siji Panutanmu, yaiku Kristus. Sing sapa gedhé dhéwé ana ing satengahmu iku dadia paladèmu. Lan sing sapa ngluhuraké awaké dhéwé, bakal kaasoraké, déné kang ngasoraké awaké dhéwé bakal kaluhuraké."

"Bilai kowé, hé, para ahli Torèt lan para Farisi, wong-wong lamis, awit kowé nutup lawang-lawang Kratoning Swarga tumraping wong, sabab kowé dhéwé ora mlebu lan wong-wong kang arep lumebu kokalang-alangi. Bilai kowé, hé, para ahli Torèt lan para Farisi, wong-wong lamis, sabab kowé padha ngambah segara lan ndlajah dharatan, supaya kowé olèh wong sing mlebu ing panunggalanmu, lan menawa kalakon mangkono, wong iku kokgadhang mlebu naraka, kang alané tikel loro katimbang karo kowé. Bilai kowé, hé, para ahli Torèt lan para Farisi, wong-wong lamis, awit dalah godhong slasih lan adas tuwin jinten iku kokbayar prasapuluhané, nanging prekara-prekara kang luwih gedhé boboté mungguhing angger-angger, yaiku: kaadilan, kawelasan lan kasetyan iku koklirwakaké. Sing siji kudu ditindakaké, sijiné aja dilirwakaké."

Hé, kowé, pemimpin-pemimpin kang picak, lemud koksaring saka ing ombèn-ombènmu, nanging unta kokulu. Bilai kowé, hé, para ahli Torèt lan para Farisi, wong-wong lamis, sabab njabané tuwung lan pinggan padha kokresiki, mangka ing njeroné kebak isi rampasan lan kamurkan kang tanpa kendhali. Hé, wong Farisi kang picak, resikana dhisik njeroné tuwung iku, temah njabané iya bakal dadi resik. Bilai kowé, hé, para ahli Torèt lan para Farisi, wong-wong lamis, sabab kowé iku padha kaya kuburan, kang dilabur putih; njabané pancèn katon apik, nanging njeroné kebak isi balungé wong mati lan rereged warna-warna. Samono uga kowé, lairmu katon mursid ana ngareping wong, nanging ing batinmu kebak isi lelamis lan duraka. Bilai kowé, hé, para ahli Torèt lan para Farisi, wong-wong lamis, awit kowé, mbangun pasaréané para nabi lan ngrengga-ngrengga tugu-tuguné wong-wong mursid ing pakuburan, lan ngucap: Saupama aku padha urip ing jamané para leluhurku, mesthi aku ora padha mèlu sekuthon karo wong-wong iku ing bab ngwutahaké getihé para nabi. Nanging marga kang mangkono iku, kowé padha dadi seksi tumrap awakmu dhéwé, yèn kowé kabèh iku padha turuné wong-wong kang nyédani para nabi. Dadi kowé padha ngganepi lelakoné leluhurmu! Hé, ula, hé para tetesaning ula bedhudhak, kepriyé anggonmu bisa oncat saka paukumaning naraka?"

Mat.24 Sawisé iku Yésus miyos saka Padaleman Suci lan tindak saka ing kono. Para sakabaté tumuli padha marek ngaturi Panjenengané mirsani tata pangrakiting bangunan Padaleman Suci. Panjenengané ngandika marang para sakabat, "Apa kowé padha ndeleng iku kabèh? Satemené Aku pitutur marang kowé, ing kéné bakal ora ana watu siji baé kang lestari tumumpang ing watu liyané, kabèh bakal dijugrugaké." Nalika Panjenengané lenggah ing Gunung Zaitun, para sakabat padha sowan ing ngarsané piyambakan lan matur, "Gusti mugi ngandika dhateng kawula, bénjing punapa punika sedaya badhé kalampahan, saha punapa pratandhanipun rawuh Paduka saha pratandhanipun wekasaning jaman?" Yésus paring wangsulan lan ngandika marang para sakabat, "Padha diawas, aja nganti ana wong kang nasaraké kowé! Amarga akèh wong kang bakal teka nganggo jenengku lan ngucap: Aku iki Sang Kristus, sarta bakal nasaraké wong akèh. Kowé bakal krungu swaraning perang utawa kabar-kabar bab perang. Nanging diawas, aja padha kagèt, sabab iki kudu kelakon, éwadéné iku durung wekasané. Sabab bangsa bakal nempuh nglawan bangsa, kraton nglawan kraton. Bakal ana pailan lan lindhu, ing pirang-pirang panggonan. Nanging iku kabèh mung lagi wiwitaning sangsara ngarepaké jaman anyar. Ing nalika iku kowé bakal padha kaulungaké marang panganiaya lan kowé bakal dipatèni, sarta kowé bakal disengiti déning sakèhing bangsa marga saka jenengku. Ing kono bakal akèh wong kang ninggal pangandelé sarta padha ulung-ingulungaké lan sengit-sinengitan. *Lan manèh bakal akèh nabi palsu kang muncul lan nasaraké wong pirang-pirang. Ing wektu iku, menawa ana wong kang kandha marang kowé: Delengen Mésias ana ing kéné, utawa Mésias ana ing kana, kowé aja padha ngandel. Sabab Mésias-mésias palsu lan nabi-nabi palsu bakal muncul sarta padha gawé pratandha-pratandha gedhé lan kaélok-an-kaélok-an kanggo nasaraké, saupama bisa iya tumrap para kang pinilih.*

Sedherek sakmangkih kita sampun mindanget perkawis Yesus ngemutaken pemimpin agami babagan kemunafikanipun lan ugi ngemutaken para pendherekipun bilih ing mangkih badhe dumugi nabi palsu engkang badhe nyasaraken manungsa. Pungkasanipun kita ugi mindanget bilih Yesus ing mangkih badhe rawuh malih kalih para malaikat ngadili manungsa engkang mboten naati wartos Injil perkawis Mesias juruwilujeng tiyang dosa.

Kita ugi mindanget pangandikanipun Yesus engkang endah dateng tiyang pitados, "**kowe padha ngerti kayektèn, lan kayektèn iku bakal mardikakaké kowé.**"

Menawi wonten pitakenan, sumonggo ngubungi kawulo ing **no 081333777386 SMS/WA.**

Margining Karahayun

Pelajaran 81

Bujana Pungkasan

Matius 26

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih, engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel saha karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminy.

Sedherek, ing pasinaun neliti seratan kitab suci, kita sinau kitab Injil engkang martosaken kabar sae perkawis Yesus Almasih. Injih juruwilujeng suci engkang rawuh dateng dunya kangge nguwalaken anak-anak Adam saking setan. Penjenenganipun punika Sang Sabda engkang ing kawitan sesarengan kalih Allah lan njelma dados manungsa. Sanajan kelahirnipun unik saha Penjenengan gadah kuwaos ing setan, angin, seganten, penyakit saha pati, nanging kathah tiyang engkang mboten purun pitados. Nganggep bilih Yesus punika namung nabi, nanging mboten sadar bilih Allah piyambak engkang rawuh.

Pepanggihan kepengker kita mireng Yesus ngritik kejahatan saha kemunafikanipun para pemimpin agami. Anehipun sedaya mboten purun mratobat nanging malah rerembagan badhe nyedani Yesus.

Sakmangkah sumonggo kita nglajengaken mbahas Injil Matius 26, ningali kadospundi Yesus siap kalih penyalibanipun. Kitab suci ngendikan, *"Sawisé Yésus mungkasi pangandikané kabèh iku mau, banjur ngandika marang para sakabaté, "Kowé padha mangerti, yèn rong dina manèh nyandhak dinané riyaya Paskah, lan Putraning Manungsa bakal kaulungaké supaya kasalib."*

Punapa sedherek mireng pangandikanipun Yesus dateng pendherekipun? Penjenenganipun paring mangertos bilih anak-anak Adam badhe nyalib Penjenenganipun ing dinten Paskah, punika sanget penting. Wonten Taurat kita nyinauni perkawis dinten paskah. Dinten Gusti ngukum pejah dateng sedaya anak mbarep tiyang Mesir, wekdal tiyang Israel dados batur. Nanging Allah ugi nyiapaken margi pangluaran kangge tiyang engkang pitados dawuh-lipun. Allah marintahaken sedaya tiyang Israel kangge ngurbanaken cempe mboten cacat lajeng ngolesaken rahipun wonten dempeling lawang. Allah janji kalih ngendikan mekaten, **"Yèn Aku mirsa getih mau, omah iku bakal Daklangkungi,"** saengga anak jaler tiyang Israel uwal saking pejah, awit Allah sampun nebus kalih rah cempe.

Antawis 1500 taun, tiyang Yahudi ngorbanaken cempe saben taun ing dinten paskah kangge pangemut kadospundi Allah milujengaken bangsa wau saking pepejah engkang dawah ing Mesir. Allah ngersakaken tiyang Yahudi mboten namung emut punapa engkang dumados nglangkungi cempe korban wau. Allah ngersakaken kanti manah engkang reno nenggo Mesias engkang badhe ngocoraken rah-lipun ing kajeng salib. Rah engkang ngocor saking Mesias milujengaken tiyang dosa saking piukuman langgeng ing neraka. Sedanipun penebus wonten kajeng salib punika kurban pungkasan saha sampurna dening pranatan Allah engkang leres. Allah wonten ing kawicaksananipun ngrancang bilih penebus badhe ngocoraken rah-lipun ing dinten paskah. Dados Yesus penebus badhe ngrampungaken rancangan Allah kangge milujengaken tiyang dosa saking penghakiman-lipun.

Sakmangkah kita wangsul maos Injil,

(Mat.26) Sawisé Yésus mungkasi pangandikané kabèh iku mau, banjur ngandika marang para sakabaté, "Kowé padha mangerti, yèn rong dina manèh nyandhak dinané riyaya Paskah, lan Putraning Manungsa bakal kaulungaké supaya kasalib." Ing nalika samana para pangareping imam lan para pinituwaning bangsa padha nglumpuk ana ing padalemané Imam Agung kang asma Kayafas, pirembugan bab anggoné arep nyekel Yésus kanthi paékan lan nyédani Panjenengané. Nanging padha celathu, "Aja pinuju ing riyaya, supaya aja ndadèkaké gègèr ing satengahé umat." Sawisé iku salah sawijining sakabat rolas, kang jenengé Yudas Iskariot, marani para pangareping imam, lan matur, "Panjenengan badhé maringi punapa dhateng kula, supados kula masrahaken tiyang punika dhateng panjenengan?" Para pangareping imam banjur ngulungaké telung puluh sèkel pérak marang Yudas. Lan wiwit nalika iku Yudas golèk wektu kang cocog kanggo masrahaké Yésus.

(Luk 22) Bareng wus tumeka ing wayahé, Yésus banjur lenggah dhahar bebarengan karo para rasulé.

15 Tumuli padha dipangandikani, "Aku wus kepéngin banget dhahar Paskah iki bebarengan karo kowé kabèh, sadurungé Aku nandhang sangsara. 16 Awit Aku pitutur marang kowé: Aku ora bakal mangan iku manèh, nganti iku wus kelakon ana ing Kratoning Allah." Nalika padha lungguh sarta padha mangan, Yésus ngandika, "Satemené Aku pitutur marang kowé, ana siji saka panunggalanmu kang bakal ngiyanti Aku, iya kang lagi mangan karo Aku." 19 Para sakabat banjur wiwit padha sedhih sarta siji-siji padha matur marang Panjenengané, "Rak sanès kawula ta, Gusti?" 20 Panjenengané tumuli ngandika marang para sakabat, "Wong iku iya salah siji saka panunggalanmu wong rolas, kang nyelupaké roti ing mangkok bebarengan karo Aku. 21 Sabab Putraning Manungsa bakal jengkar kaya kang wis tinulis mungguhing Panjenengané, éwadéné bilai wong kang dadi margané Putraning Manungsa kaulungaké. Luwih becik, saupama wong iku ora lair." Yudas kang bakal ngulungaké Panjenengané banjur matur, "Rak sanès kawula ta, Guru?" Panjenengané ngandika marang Yudas, "Kowé wus kandha dhéwé!" Yudas nampani roti iku banjur énggal-énggal

lunga. Nalika iku wayahé wis bengi. (Mark.14) Nalika Yésus lan para sakabaté lagi padha dhahar, Panjenengané mundhut roti, saos sokur, nyuwil-nyuwil roti mau banjur maringaké marang para sakabat, kalawan ngandika, "Padha tampanana, iki badanku." 23 Panjenengané banjur mundhut tuwung, ngaturaké panuwun lan maringaké tuwung iku marang para sakabat. Kabèh banjur padha ngombé saka tuwung mau. 24 Apadéné Panjenengané ngandika marang para sakabat, "Iki getihku, getihing prajanjian, kang kawutahaké kanggo wong akèh.

Punika engkang diserat Injil perkawis bujana pungkasan Yesus kalih pendherekipun, sakderengipun Yesus ngocoraken Rah-lipun dados kurban kangge nebus dosanipun manungsa. Yesus paring mangertos, bilih setunggal saking pendherekipun badhe ngkianati. Yudas iskariot naminipun. Ing paningal manungsa, Yudas pendherek setia, nanging ing manahipun Yudas namung mengggalihaken perkawis dunya.

Ananging perkawis penting ing waosan wau njihpunika pangandikan Yesus wekdal Penjenenganipun nyuwil-nyuwil roti saha anggur dateng pendherekipun. Punapa sedherek mireng, monggo kita waos malih.

Nalika Yésus lan para sakabaté lagi padha dhahar, Panjenengané mundhut roti, saos sokur, nyuwil-nyuwil roti mau banjur maringaké marang para sakabat, kalawan ngandika, "Padha tampanana, iki badanku." 23 Panjenengané banjur mundhut tuwung, ngaturaké panuwun lan maringaké tuwung iku marang para sakabat. Kabèh banjur padha ngombé saka tuwung mau. 24 Apadéné Panjenengané ngandika marang para sakabat, "Iki getihku, getihing prajanjian, kang kawutahaké kanggo wong akèh.

Dados kita ningali Yesus nedahaken kalih perlambang dateng pendherekipun, roti kalian tuwung anggur. Roti engkang Yesus cuwil-cuwil nglambangaken raganipun engkang Penjenenganipun pasrahaken dados kurban. Tuwung isi anggur nglambangaken rah Yesus Sang penebus badhe diwutahaken kangge mbayar dosa saking anak-anak Adam, supados saged nampi gesang wonten ngarsanipun Allah salami-laminya.

Nglangkungi lambang roti kalian anggur, Yesus mucal pendherekipun, alasan rawhipun wonten dunya kangge masrahaken gesang-lipun. Raga saha Rahipun dados kurban kangge tiyang dosa, kadosdene sedaya tiyang mbetahaken tetedhan saha toya kangge gesang, mekaten ugi saben tiyang engkang pengin gesang langgeng kalian Allah wonten suwargi kedah pitados bilih Yesus masrahaken raga saha rah-lipun kangge paring gesang langgeng. Namung Yesus engkang saged paring gesang langgeng lan rah engkang dipun kocoraken punika setunggaling cara kangge nebus kita sedaya saking paukuman dosa. Yesus rawuh wonten dunya kangge nanggél dosa sedherek. Punika inti pesen

para nabi. Lan punika artosipun saking cempe engkang Ibrahim kurbanaken dados gantos putranipun. Margi pengapunten njihpunika margi perkawis pengurbanan engkang sampurna.

Allah saged ngapunten dosa sedherek nglangkungi pangurbanan saking penebus engkang suci, engkang ngocoraken Rah-Ipun kangge sedherek. Ewonan tahun Allah nyuwun kurban kewan supados Penjenenganipun ngapunten dosa anak-anak Adam lan punika kaserat wonten Perjanjian Lami. Nanging Yesus Almasih pribadi engkang mbeto Perjanjian Eanggal. Penjenenganipun engkang rawuh kangge nggenepi perlambangipun saking kurban kewan. Yesus Almasih piyambak punika kurban Paskah pungkasan engkang disembelih supados saben tiyang engkang pitados Penjenenganipun kawilujengaken saking paukuman Allah engkang leres.

Rah Yesus nggadahi regi engkang mboten winates. Mugi sedherek menggalihaken kanti lebet punapa engkang sampun dipun pireng dinten sakmangkih, karena Allah kepingin paring pangertosan dateng sedherek kaleresan engkang penting punika.

Gusti maringaken berkahipun wekdal sedherek menggalihaken pangandikanipun Allah, “rahé Yésus, ingkang Putra iku, nucèkaké kita kabèh saka sakèhé dosa.” Menawi sedherek wonten pitakenan perkawis pasinaun dinten sakmangkih, saged ngubungi kawulo ing no 081333777386. SMS/WA. NUwun.

Marging Karahayun

Pelajaran 82

Yesus Katangkep

Yohanes 14, Matius 26

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel saha nampi karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminy.

Ing program kepengker, kita sinau bujana pungkasan Yesus sesarengan kalian pendherekipun, sakderengipun seda. Wekdal wau Yesus paring roti saha tuwung anggur dateng pendherekipun, kanti ngendika bilih roti engkang dicuwil-cuwil nglambangaken raga-Nipun engkang kapasrahaken dados kurban, lajeng tuwung anggur nglambangaken rah engkang dikocoraken. Dados Yesus paring ngertos pendherekipun alasan Penjenenganipun rawuh dateng dunya kangge ngocoraken Rah-lipun dados kurban engkang nyingkiraken dosa saha paring gesang langgeng.

Dinten sakmangkih kita badhe mireng pangandikan Yesus dateng tiyang jagi pedaleman suci engkang nangkep Penjenenganipun.

Monggo kita waos Injil Yohanes 14, mekaten suraosipun

"Atimu aja melang-melang; padha kumandela marang Allah; uga kumandela marang Aku. 2 Ing dalemé Ramaku akèh panggonan. Menawa ora mangkono, kowé mesthi dakkandhani. Awit Aku mrana prelu nyawisaké papan kanggo kowé.3 Déné menawa Aku wis mrana lan wis nyawisaké papan kanggo kowé, Aku bakal bali manèh lan ngajak kowé menyang padununganku, supaya ing ngendi padununganku, kowé uga padha ana ing kana.4 Lan menyang ngendi paranku, kowé iya padha mangerti dalané mrana." 6 "Aku iki dalané, sarta jatiné kayektèn lan urip. Ora ana wong siji-sijia kang bisa sowan marang Sang Rama, menawa ora metu Aku.7 Menawa kowé padha wanuh marang Aku, mesthi kowé kabèh iya wanuh marang Ramaku. Wiwit saiki kowé wanuh marang Panjenengané sarta wis padha ndeleng Panjenengané."25. Kabèh iku mau dakkandhakaké marang kowé, mumpung Aku isih nunggal karo kowé;26 nanging Juru Pitulung, yaiku Roh Suci, kang bakal kautus déning Sang Rama atas jenengku, iku kang bakal mulangaké samubarang kabèh marang kowé sarta bakal ngélingaké kowé sabarang kang wis dakkandhakaké marang kowé.27 Kowé padha

daktinggali tentrem-rahayu. Tentrem-rahayuku dakwènèhaké marang kowé, lan apa kang dakwènèhaké iku ora kaya pawèwèhé jagat marang kowé. Atimu aja melang-melang lan aja giris.

Yesus paring panglipur lan nyiapaken manah pendherekipun perkawis punapa engkang badhe dumados. Sedherek mireng pangandikanipun Yesus perkawis Juru Pitulung? Penting sanget sedherek mangertosi perkawis punika, karena kathah tiyang engkang ngartosaken pangandikan Yesus lan nyobi dateng tiyang pitados, bilih Yesus paring ngertos perkawis dumugine tiyang sanes. Ananging pangandikanipun Yesus perkawis Juru Pitulung mboten nunjuk dateng nabi sanes, sebab Yesus ngendikan bilih Pitulung kasebat Roh engkang mboten ketinggal engkang badhe rawuh saha gesang dateng pendherek-lipun engkang sejatos.

Lajeng sinten pitulung engkang Yesus janjikaken dateng pendherekipun? Penjenenganipun punika Roh Suci engkang rawuh saking Allah lan wonten ing lebet Yesus. Penjenenganipun punika Roh Allah lan Yesus. Penjenenganipun punika Roh suci engkang Allah panggenaken ing manah sedaya tiyang engkang pitados Yesus dados Gusti saha Juruselametipun. Yesus njanjikaken pendherekipun bilih saksampunipun sedo, wungu lan migrat wonten suwargi, Penjenenganipun badhe ngutus Roh Suci-Nipun ing manah pendherek supados nganyaraken, nyucikaken, ngiataken saha mimpin gesang wonten sedaya kaleresan.

Nanging sakpunika kita wangsul dateng Injil, kangge ningali punapa engkang dumados ing dalu saksampunipun Yesus dahar sesarengan.

Kitab suci ngendikan, **(Mat.26)** *Sawisé padha ngunjukaké kidung pamuji, banjur padha mangkat menyang Gunung Zaitun. 31 Yésus banjur ngandika marang para sakabat, "Ing bengi iki kowé kabèh bakal padha kecuwan marga saka Aku. Sabab wis tinulis, mangkéné: Ingsun bakal nggebag juru pangoné lan wedhus-wedhusé ing pepanthané bakal kabuyaraké 32 Nanging sawisé Aku tangi, Aku bakal ndhisiki kowé kabèh menyang Galiléa." 33 Pétrus tumuli matur marang Panjenengané, "Sanadyan sadaya sami kecuwan dhateng Gusti babar pisan kawula mboten badhé kecuwan." 34 Pangandikané Yésus marang Pétrus, "Satemené Aku pitutur marang kowé: Ing bengi iki, sadurungé jago kluruk, kowé bakal nyélaki Aku kaping telu." 35 Pétrus matur marang Panjenengané, "Sanadyan kawula kedah pejah sareng kaliyan Gusti, kawula mboten badhé nyélaki Gusti." Para sakabat kabèh iya padha matur kaya mangkono. 36 Yésus banjur tindak karo para sakabat menyang ing panggonan kang aran Gètsémani, lan Panjenengané ngandika marang para sakabat, "Padha linggiha ing kéné, sasuwéné Aku lunga mrana prelu ndedonga." 37 Panjenengané ngajak Pétrus lan anaké Zébédéus loro, Panjenengané banjur wiwit sungkawa ing galih lan gorèh.*

38 Panjenengané nuli ngandika marang sakabat telu mau, "Atiku sedhah banget, nganti kaya arep tumeka ing pati. Padha tetepa ana ing kéné lan padha melèka ngancani Aku." 39 Panjenengané banjur tindak maju sethithik sumungkem wedanané lan ndedonga, klawan matur, "Dhuh, Rama Kawula, manawi kepareng, mugu tuwung punika sumingkira saking Kawula, nanging mboten awit saking pikajeng Kawula, nanging karena karsa Paduka."

Monggo kita mandeg rumiyin. Punapa tuwung engkang Yesus ajrih ngunjuk? Wonten punapa Yesus mekaten sedih kados badhe seda raosipun? Yesus wonten ing kawontenan engkang mboten saged kabayangaken, karena wekdal kangge nanggél dosa anak-anak Adam sampun celak. Manungsa badhe nganiaya saha nyalibpaken sang penebus ing kajeng salib. Nanging engkang damel giris Yesus njihpunika mangertos bilih Allah Sang Rama ntresanani Penjenenganipun, ananging engkang Yesus tresnani mbebanaken ukuman dosa dunya dateng Penjenenganipun. Punika alasan Yesus ndedonga kanti matur, "Dhuh, Rama Kawula, manawi kepareng, mugu tuwung punika sumingkira saking Kawula, nanging mboten awit saking pikajeng Kawula, nanging karena karsa Paduka."

Saklajengipun kitab suci ngendikan

Panjenengané banjur murugi sakabat mau lan padha ketemu turu. Panjenengané ngandika marang Pétrus, "Apa kowé padha ora kuwat melèk ngancani Aku sajam baé? 41 Padha melèka lan ndedongaa, supaya kowé aja kena ing panggodha. Roh iku pancèn cumadhing, nanging sipating manungsa iku ringkih." 42 Kang kaping pindhoné Panjenengané tindak manèh lan ndedonga, "Dhuh, Rama Kawula, manawi tuwung punika mboten saged sumingkir, kajawi Kawula ombé, lah kalampaha ing sakarsa Paduka." 43 Lan nalika Panjenengané wangsul manèh, para sakabat ketemu padha turu, sabab mripaté mbliyut. 44 Panjenengané banjur nilar para sakabaté manèh tindak ndedonga kaping teluné, pandongané padha kaya kang uwis. 45 Sawisé mangkono banjur murugi para sakabaté lan ngandika, "Apa kowé isih padha turu lan ngaso? Lah wis tekan wektuné Putraning Manungsa kaulungaké marang tanganing wong-wong dosa. 46 Padha tangia, payo padha lunga, kang ngulungaké Aku wus cedhak."

47 Nalika Yésus isih ngandika, Yudas, yaiku salah sawijining sakabat rolas, teka bebarengan karo wong golongan gedhé kongkonané para pangarepé imam lan para pinituwané bangsa, kanthi nggawa pedhang lan penthung. 48 Déné kang ngulungaké Panjenengané wis awèh tandha marang wong-wong mau klawan ngucap, "Kang bakal dakcucup, yaiku wongé, cekelen wong iku!" 49 Lan Yudas tumuli marek ing ngarsané Yésus sarta matur, "Ngaturaken salam, Rabbi," sarta nyucup Panjenengané. 50 Yésus tumuli ngandika marang Yudas, "Hé, kanca, prelu apa kowé teka mréné?" Wong-wong mau banjur padha ngangseg lan nyepeng Panjenengané.

51 Salah siji saka kang padha ndhèrèk Yésus gumragèh tangané ngunus pedhangé lan nyabet abdiné Imam Agung, merung kupingé. 52 Yésus tumuli ngandika marang kang medhang iku, "Pedhangmu balèkna ing rangkané, awit kabèh wong kang olah-pedhang, bakal tiwas déning pedhang. 53 Utawa apa kokkira yèn Aku ora bisa nyuwun marang Ramaku lan Panjenengané sanalika bakal ngirimaké marang Aku malaékat luwih saka rolas legiun? 54 Yèn mangkono, banjur kepriyé anggoné katetepan tulisan-tulisan kang mratélakaké yèn pancèn kudu kalakon kaya mangkono iku?" 55 Ing nalika iku Yésus ngandika marang wong akèh mau, "Kowé padha teka arep nyekel Aku kok kaya ngadhepi bégal kanthi nganggo pedhang lan penthung? Mangka saben dina Aku linggih lan memulang ana ing Padaleman Suci lan kowé ora nyekel Aku. 56 Nanging kabèh iki kelakon supaya katetepan tulisan-tulisané para nabi." Para sakabat kabèh banjur padha ninggal Panjenengané lan padha lumayu sumingkir. 57 Para kang nyekel Yésus banjur ngirid Panjenengané menyang dalemé Imam Agung Kayafas. Ing kono para ahli Torèt lan para pinituwa wus padha nglumpuk.

Dados dinten punika kita mangertosi bilih Yesus masrahaken gesangipun dateng tiyang engkang badhe mejahi Penjenenganipun. Mbok menawi wonten engkang tangklet, Wonten punapa Yesus mendel Penjenenganipun kacepeng mengsahipun? Penjenenganipun engkang sagah nglremaken ombak, ngusir setan, nyarasaken tiyang wuto lan nangikaken tiyang pejah- wonten punapa mboten milujengaken piyambakipun saking mengsahipun? Yesus piyambak sampun ngendikan dateng kita dinten sakpunika, wekdal pendherekipun nyobi nglindungi Penjenenganipun. Yesus ngendikan, "Pedhangmu balèkna ing rangkané, awit kabèh wong kang olah-pedhang, bakal tiwas déning pedhang. Utawa apa kokkira yèn Aku ora bisa nyuwun marang Ramaku lan Panjenengané sanalika bakal ngirimaké marang Aku malaékat luwih saka rolas legiun? Yèn mangkono, banjur kepriyé anggoné katetepan tulisan-tulisan kang mratélakaké yèn pancèn kudu kalakon kaya mangkono iku?"

Wonten punapa Yesus mendel mawon, wekdal katangkep mengsahipun? Yesus tumindak mekaten kangge nggenepi seratan para nabi engkang ngramalaken bilih Mesias kedah nandang sangsara lan ngocoraken rah-lipun dados kurban dosa manungsa.

Penebus engkang leres kedah seda kangge tiyang engkang dosa, saengga saged sowan dateng Allah. Yesus rawuh dateng dunya kangge nggenepi ramalan para nabi, njihpunika nggenepi artos saking cempe kurban. Penjenenganipun rawuh kangge milujengaken sedherek saha kulo saking dosa. Punika sebabipun Yesus ngijinaken Penjenenganipun katangkep dening para mengsah-lipun. Yesus masrahaken gesang-lipun kangge sedherek lan kulo. Panuwun dateng Allah engkang sampun ngutus juruwilujeng kasebat.

Allah mberkahi sedherek wekdal tansah menggalihaken pangandikanipun Yesus, *“Aku ngulungaké nyawaku supaya daktampani manèh. Ora ana wong sija baé kang ngrebut nyawaku, nanging dakulungaké miturut karepku dhéwé.”*

Menawi sedherek wonten pitakenan saged ngubungi kawulo ing no 081333777386. SMS/WA. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 83

Yesus Kaukum

Yohanes 14, Matius 26

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih, engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel saha nampi karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminy.

Wonten lumampahipun kita neliti seratan kitab suci, kita sampun mireng bilih para nabi wartosaken pawilujengan engkang Allah rancang kangge milujengaken tiyang dosa saking paukuman dosa. Rencana punika njih sedanipun Mesias ing kajeng salib.

Ing pepanggihan kepengker kacariosaken imam-imam kepala numbas pengkhianat engkang nuntun tiyang-tiyang wau ing panggenan Yesus saha pendherekipun manggen. Tiyang-tiyang sami nangkep Yesus, mbondo saha mbeto kesah. Ngeramaken! Wonten punapa Yesus engkang kebak kuwaos Allah, mendelaken para mengsahipun nangkep? Penjenengan ngijinaken sedaya wau dumados, supados Yesus saged nggenepi isi kitab suci bilih Mesias kedah sangsara, seda lan wungu saking antawisipun tiyang pejah ing dinten kaping tiga, supados tiyang engkang pitados nampi pangapuntèn dosa. Persis kados ramalan para nabi bilih, Mesias badhe dibeta kados cempe engkang badhe disembelih.

Sakmangkih sumonggo kita lajengaken maos kitab Injil kangge ningali kedadosan ing wanci dalu, saksampunipun para pemimpin agami nangkep Yesus. Kitab suci ngendikan,

(Mark.14) Yésus banjur kairid menyang dalemé Imam Agung. Para pangareping imam, pinituwa lan ahli Torèt padha nglumpuk ana ing kono. 55 Para pangarepé imam dalah warganing Pradata Agama kabèh, padha golèk paseksi kang nglawan Yésus, supaya Panjenengané bisa dipatrapi paukuman pati, nanging ora olèh.56 Sabab akèh wong kang awèh paseksi palsu nglawan Yésus, nanging paseksi-paseksi iku siji lan sijiné ora cocog.

Nanging Panjenengané kèndel baé, ora paring wangsulan apa-apa. Imam Agung ndangu Yésus manèh, pangandikané, "Apa kowé iku Mésias, Putrané Kang Pinuji?" 62 Paring wangsulané Yésus, "Iya Aku iki Panjenengané, lan kowé bakal padha weruh Putrané Manungsa lenggah ing satengené

Kang Mahakwasa lan rawuh ana ing méganing langit." 63 Imam Agung banjur nyuwèk-nyuwèk agemané lan ngandika, "Kanggé punapa kita taksih mbetahaken seksi malih? 64 Panjenengan sampun sami midhanget panyenyamahipun dhateng Allah. Kadospundi pamanggih panjenengan?" Wong-wong kabèh saiyeg padha netepaké Yésus kudu kaukum pati. 65 Wong sawatara banjur wiwit ngidoni Panjenengané, lan nutupi pasuryané sarta njotosi kalawan kandha marang Panjenengané, "Hé, nabi, coba bedhèken!" Dalah para pengawal iya mèlu padha ngantemi Yésus.

(Mat.27) Bareng wis ésuk, pangareping imam kabèh lan pinituwaning bangsa padha nglumpuk lan gawé keputusan tumrap Yésus nedya nyédani Panjenengané. 2 Lan sawisé mbanda Panjenengané, wong-wong iku banjur ngirid Panjenengané lan masrahaké marang Pilatus, Gubernur ing wilayah kono.

Sawisé iku, Yésus kairid saka dalemé Kayafas menyang gedhong pangadilan. Nalika iku wayahé isih ésuk. Kang padha ngirid Panjenengané iku ora lumebu ing gedhong pangadilan, supaya aja kena ing najis, awit arep padha mangan ing pahargyan Paskah. 29 Mulané Pilatus kang miyos manggihi wong-wong mau, sarta ngandika, "Panggugatmu marang Wong iku bab prakara apa?" 30 Wong-wong mau padha mangsuli, aturé, "Manawi Tiyang punika sanès durjana, kula sami mboten ngladosaken dhateng Panjenengan!" 31 Dhawuhé Pilatus, "Wus gawanen Wongé, patrapana miturut angger-anggering Torètmu." Aturé wong-wong Yahudi, "Kula mboten sami kawenangaken matrapi paukuman pejah dhateng tiyang." 32 Kang mangkono iku supaya kayektènana pangandikané Yésus, kang dingandikakaké kanggo mratélakaké kepriyé patrap bakal sédané.

33 Pilatus banjur lumebet manèh ing gedhong pangadilan, nuli nimbali Yésus sarta ngandika, "Punapa Sampéyan punika ratunipun tiyang Yahudi?" 34 Yésus paring wangsulan, "Panjenengan ngandika makaten punika punapa saking panggalih panjenengan piyambak, punapa wonten tiyang sanès ingkang munjuk makaten dhateng panjenengan bab ingatasipun Kula?" 35 Pilatus ngandika, "Punapa kula punika tiyang Yahudi? Bangsa Sampéyan piyambak lan para pangajenging imam ingkang ngladosaken Sampéyan dhateng kula; Sampéyan tumindak punapa?" 36 Yésus paring wangsulan, "Kraton Kula mboten saking donya ngriki; manawi kraton Kula saking donya ngriki, mesthi tiyang-tiyang Kula sami nglawan, supados Kula sampun ngantos kaulungaken dhateng tiyang Yahudi. Nanging kraton Kula mboten saking ngriki." 37 Pilatus banjur ngandika, "Dados, Sampéyan punika punapa raja?" Paring wangsulané Yésus, "Panjenengan sampun mastani, bilih Kula punika raja. Inggih punika prelunipun Kula lair lan inggih punika prelunipun Kula dhateng donya punika, supados Kula neksèni ing kayektosan; saben tiyang ingkang asalipun saking kayektosan, sami mirengaken swanten Kula."

38 Pangandikané Pilatus, "Kayektosan punika punapa?" (18-38b) Sawisé ngandika mangkono, Pilatus tumuli miyos manggihi wong-wong Yahudi manèh sarta ngandika, "Mungguh ing aku Wong iku ora ana kaluputané apa-apa.

Nanging wong-wong mau saya banget panggugaté, aturé, "Tiyang punika ngojok-ojoki rakyat supados mbaléla kanthi piwulangipun radin ing sa-Yudéa, kawiwitan saking Galiléa, lan sapunika sampun dumugi ing ngriki."

6 Bareng midhanget atur mangkono iku Pilatus banjur ndangu, apa wong iku wong Galiléa.

7 Bareng pirsá yèn Yésus iku saka wilayah kang kalebet bawahé Hérodès, nuli kaladosaké marang ngarsané Hérodès, kang ing wektu iku pinuju ana ing Yérusalèm.

8 Bareng Hérodès pirsá Yésus, banget renané, amarga wus suwé anggoné kepéngin pirsá, awit wus kerep midhanget bab Panjenengané, apadéné ngajeng-ajeng bisané nguningani anggoné Yésus damel mukjijat.

9 Akèh kang kadangkaké marang Yésus, nanging Panjenengané ora paring wangsulan babar pisan.

Pilatus banjur nimbali para pangareping imam lan para panggedhé sarta wong akèh, padha kadhawuhan nglumpuk, 14 nuli padha dipangandikani, mangkéné, "Kowé padha ngladèkaké wong iki marang aku kokdakwa nyasaraké rakyat. Kowé padha sumurup dhéwé, yèn wus dakpriksa, nanging mungguh ing aku, bab kang kokdakwakaké kabèh tumrap wong iku, ora tinemu. 15 Hérodès uga ora nemokaké kesalahané, sabab wong iku banjur dibalèkaké mréné. Satemené apa kang ditindakaké iku ora ana kang murwat kapatrapan paukuman pati.

(Yoh.18) Nanging kowé padha duwé padatan, samasa riyaya Paskah aku nglilani luwaré wong siji kanggo kowé. Apa dadi karepmu supaya aku nglilakaké luwaré rajané wong Yahudi kanggo kowé?"

40 Wong-wong mau padha mbengok manèh, "Sampun Tiyang punika, nanging Barabas kémawon!" (Luk.23) Barabas iku kalebokaké ing pakunjaran marga kasangkut ing kraman ing sajroning kutha lan gawé pepati. 20 Pilatus ngandika manèh marang wong-wong mau kanthi swara kang sora, karsané ngluwari Yésus. 21 Nanging wong-wong padha mangsuli kanthi swara sora uga pambengoké, "Kasaliba, kasaliba!" 22 Pangandikané Pilatus kang kaping teluné, "Nglakoni piala apa ta wong iki sabeneré? Aku ora bisa nemokaké kaluputané kang kena ing paukuman pati. Dadi mung bakal dakpatrapi ukuman cemethi banjur dakluwari."

(yoh.19) Pilatus nuli dhawuh nggawa Yésus supaya digebagi. 2 Para prajurit padha nganam eri kagawé makutha, banjur ditrapaké ing mustakané. Wong-wong iku padha ngagemaké jubah wungu, 3 nuli padha maju sarta ngucap, "Sugeng, rajanipun tiyang Yahudi!" Wong-wong mau banjur napuk

Pasuryané. 4 Pilatus nuli miyos manèh sarta ngandika marang wong-wong mau, "Padha tontonen, iku Wongé dakwetokaké ana ngarepmu, supaya kowé padha mangerti, yèn mungguh ing aku, ora nemu kaluputané Wong iku." 5 Yésus tumuli miyos, ngagem makutha eri lan jubah wungu. Pilatus ngandika marang wong-wong mau, "Sawangen Wong iku!" 6 Nalika para pangarepé imam lan para wong jaga padha ndeleng Panjenengané, banjur padha mbengok, "Kasaliba, kasaliba!" Pangandikané Pilatus, "Gawanen lan saliben; awit mungguh ing aku Wong iku ora ana kaluputané apa-apa."

(Mrk 15) Sarèhné Pilatus nedya gawé mareming atiné wong akèh, mulané iya ngluwari Barabas kanggo wong akèh mau; dipasrahaké supaya disalib.

Dados sedaya dumados kados ramalan nabi Yesaya 700 tahun sakderengipun, wekdal piyambakipun nyerat perkawis Mesias, *"Panjenengané dipilara, éwasemone dibetahaké tanpa nglawan, tanpa ngresula. Kaya wedhus sing arep disembelèh, mengkono enggoné kèndel ora ngandika sakecap-kecapa."*

Dinten punika kita ningali para pemimpin agami nggenepi seratan para nabi, wekdal sami nganiaya lan nindes Sang Mesias engkang suci saha leres lan ngukum Penjenenganipun ngantos sedo. Wonten punapa pemimpin agami ngukum Yesus ngantos sedo? Punika karena mboten saged nampi kaleresan. Yesus martosaken kaleresan lan njlentrehaken kemunafikan saha kaculesan pemimpin agami. Yesus piyambak kaleresan! Pepadang sampun rawuh dateng dunya, ananging manungsa langkung remen kalian pepetheng saha tumindak awon. Lan karena anak-anak adam mboten remen kalian pepadhang wau, saengga rekadaya mejahi pepadhang.

Gusti mberkahi sedherek, wekdal sedherek nggalihaken seratan nabi yesaya perkawis Mesias, **"Panjenengané dipilara, éwasemone dibetahaké tanpa nglawan, tanpa ngresula. Kaya wedhus sing arep disembelèh, mengkono enggoné kèndel ora ngandika sakecap-kecapa."**

Menawi wonten pitakenen, sumonggo hubungi kawulo ing no 081333777386. SMS/WA. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 84

Yesus Kapaku Ing Kajeng Salib

Mat.27, Mark.15, Yoh.19

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel saha nampi karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminy.

Ing pasinaun kepengker, kacarioasaken para pemimpin agami ing wekdal dalu mbekto Yesus dateng panggenan Imam Ageng, ngadili, paring kesaksian palsu, ngukum saha mbekto dateng Pilatus, supados nyalib Penjenenganipun. Para tantara mecut, ngenyek saha paring mahkota eri ing mustaka Yesus. Mekaten anak-anak Adam mboten purun ngakeni tiyang leres, Gusti kamulyan engkang rawuh saking suwargi.

Dinten sakmangkik kita badhe nglajengaken mbahas Injil, kangge ningali Yesus Almasih nandang sangsara saha pejah ing kajeng salib kangge nggenepi rencana pamilujengan Allah. Perlu dipun mangertosi bilih wekdal Yesus gesang ing dunya, pemerintah romawi badhe ngukum tiyang jahat kanti maku wonten ing kajeng salib. Pejah kanti cara menika mekaten sakitipun lan ngisinaken kangge tiyang-tiyang jahat.

Mbok menawi sedherek taken, wonten punapa Allah nakdiraken Mesias engkang leres kedah seda kanti cara engkang ngeri saha nglingsemaken. Alasanipun karena dosa punika tumindak jahat engkang miris. Dosa punika masalah dunya, kita sedaya tiyang-tiyang dosa lan dosa kita wujud pelanggaran dateng Allah engkang suci saha leres! Menawi Allah gadah maksud ngapunten dosa kita tanpa kompromi kalih kaleresan-lipun, pramila Allah kedah ngadili dosa kita kalih ukuman engkang adil saha lengkap. Penjenenganipun mboten saged ngapunten dosa kita kanti sembarangan. Allah punika hakim engkang adil lan ngukum sedaya dosa kanti sakmestnipun. Hukuman dateng dosa njihpunika pejah saha latu neraka engkang langgeng. Kabar saenipun, bilih Allah sampun ngutus kangge kita penebus engkang leres mbayar ukuman dateng dosa kita sakwetahipun, Yesus asamanipun. Penjenenganipun rawuh kangge milujengaken kita saking kamurkanipun Allah engkang kedahipun kita sami tampi karena dosa.

Sakmangkih sumonggo kita maos Injil, (Yoh.19) Wasana Pilatus banjur masrahaké Yésus marang wong-wong mau supaya disalib. Wong-wong mau padha nampani Yésus. 17 Kalawan manggul salib, Yésus miyos lan tindak menyang panggonan kang aran Pacumplungan, ing basa Ibrani: Golgota.

(Luk.23) Nalika padha ngirid Yésus iku, ana wong kang jenengé Simon, saka ing Kiréné, kang lagi baé teka saka ing jaban kutha, iku diendheg banjur dikon manggul salibé Yésus lan mlaku ing sawingkingé... Ana durjana loro kang uga padha kairid bakal kaukum pati bebarengan karo Panjenengané. Yésus tumuli munjuk, "Dhuh Rama, tiyang-tiyang punika mugé Paduka apunten, amargi sami mboten mangertos punapa ingkang dipun tindakaken."

(Yoh.19) Pilatus uga dhawuh masang tulisan ana ing sandhuwuré salib, uniné, "Yésus saka Nasarèt Rajané wong Yahudi." 20 Akèh wong Yahudi kang padha maca tulisan mau, amarga papan panyalibé Yésus iku cedhak kutha, lan tulisan mau nganggo basa Ibrani, Latin, lan Yunani. 21 Para pangarepé imam bangsa Yahudi banjur padha matur marang Pilatus, "Panjenengan sampun nyerat: Rajané wong Yahudi, namung pangakenipun: Aku iki Rajané wong Yahudi." 22 Wangsulané Pilatus, "Apa kang wus daktulis, tetep katulis." 23 Sawisé para prajurit mau padha nyalib Yésus, banjur padha njupuk pangagemané dipara papat, saben prajurit sabagéan — lan agemané jubah iya kajupuk. Jubah iku ora nganggo dondoman, tenunané lajuran wiwit saka ing dhuwur tekan ngisor. 24 Mulané para prajurit mau padha rembugan, "Iku aja didum-dum dadi suwèkan, nanging payo padha diundhi kanggo nemtokaké sapa kang olèh." Iku supaya kayektènan kang katulis ing Kitab Suci: "Sandhangan Kawula sami dipun dum-dum, saha jubah Kawula dipun undhi." Kang mangkono iku wus katindakaké déning para prajurit mau.

(Luk.23) Durjana kang padha digantung mau ana siji kang ngala-ala marang Yésus, pangucapé, "Kowé iku rak Kristus? Énggal, tulungana awakmu dhéwé lan aku kabèh." 40 Nanging sing siji banjur nyaruwé, ujaré, "Apa kowé ora wedi marang Allah, jalaran kowé tanpa paukuman kang padha? 41 Aku lan kowé iku pancèn wus pantes diukum, padha tanpa piwales kang murwat karo panggawé kita, bareng Panjenengané iki ora nindakaké kaluputan apa-apa." 42 Banjur munjuk, "Dhuh Yésus, mugé Panjenengan karsa ngèngeti dhateng kawula, manawi Panjenengan rawuh jumeneng Raja." 43 Paring wangsulané Yésus, "Aku pitutur marang kowé, satemené ing dina iki uga kowé bakal bebarengan karo Aku ana ing Firdaus."

(Markus 15) Bareng wus jam rolas, ana pepeteng kang nglimputi satanah kabèh nganti jam telu.

34 Ing wayah jam telu iku Yésus nywanten kalawan sora, "Éloi, Éloi, lama sabakhtani?" Kang tegesé, "Allah kawula, Allah kawula, kenging punapa Paduka nilar kawula?"

35 Sawatara wong kang padha ngadeg ana ing kono bareng krungu kang mangkono mau, padha ngucap, "Delengen, wong iku ngundang Élia." Sedaya panggenan petheng milai siang ngantos sonten. Wekdal pinten-pinten jam engkang peteng punika Allah numpukaken ukuman dosa anak-anak Adam dateng Penebus engkang suci, supados sedaya engkang pitados Penjenenganipun mboten manggih karisakan.

(Yoh.19) Sawisé iku, sarèhné Yésus pirsá, yèn samubarang kabèh wus rampung, banjur ngandika, — supaya kayektènan kang katulis ing Kitab Suci — : "Aku ngelak!" 29 Ing kono ana wadhah kang kebak isi anggur kecut. Tumuli ana wong kang nyelupaké spons ing anggur kecut mau, nuli katuncepaké ing pang hisop, banjur diaturaké ing tutuké Yésus. 30 Sawusé necep anggur kecut mau, Yésus tumuli ngandika, "Wus rampung!"

(Luk.23) Yésus banjur ngandika kanthi sora, "Dhuh Rama, kawula masrahaken nyawa Kawula wonten ing asta Paduka." Sawusé ngandika mangkono banjur masrahaké nyawané.

(Mark 15) Nalika iku geberé Padaleman Suci suwèk dadi loro, saka ndhuwur tekan ngisor. 39 Panggedhéné prajurit kang ngadeg adu-arep karo Yésus, bareng nyumurupi kaya mangkono anggoné séda, banjur ngucap, "Sanyata, wong iku Putraning Allah."

(Yoh.19) Sarèhné pinuju dina pacawisan lan supaya ing dina Sabat layon-layon ora tetep ana ing kayu salib — sabab dina Sabat iku dina Sabat kang pinunjul — mulané para pangarepé wong Yahudi padha teka sarta duwé panyuwun marang Pilatus supaya sikilé wong-wong kang ana ing kayu salib padha karemukana, lan layoné diudhunaké. 32 Mulané para prajurit banjur padha mara sarta ngremuki sikilé wong siji lan sijiné kang disalib bareng karo Yésus.

33 Nanging bareng tekan enggoné Yésus lan weruh menawa Panjenengané wus séda, wong-wong iku ora padha ngremuk sampéyané. 34 Éwasamono salah sijiné prajurit panunggalané iku njojoh lambungé Yésus nganggo tumbak, lan sanalika metu getihé lan banyuné. 35 Wong kang ndeleng dhéwé bab iku, iku kang neksèni, lan paseksèné iku nyata, sarta wong iku mangerti, yèn paseksiné iku nyata, supaya kowé uga padha pracaya. 36 Sabab kelakoné iku mau supaya kayektènan kang katulis ing Kitab Suci, "Ora ana balungé kang diremuk." 37 Lan ana tulisan manèh kang mratélakaké, "Wong-wong bakal padha nyawang Panjenengané, kang wus dijojoh." 38 Sawusé iku mau, Yusuf saka Arimatéa duwé atur panyuwun marang Pilatus, supaya dililani ngudhunaké layoné Yésus. Pilatus uga nglilani panyuwuné iku. Mulané tumuli sowan sarta ngukup layoné Yésus. 39 Nikodémus uga teka mrono. Wong iku kang sakawit sowan ing ngarsané Yésus nalika wayah bengi. Nikodémus nggawa caruban lenga mur lan lenga garu, boboté watara sèket kati. 40 Wong-wong mau padha ngukup layoné Yésus lan diulesi nganggo lawon kang ana adon-adoné kaya adaté wong Yahudi yèn

ngubur mayit. 41 Sacedhaking papan panggonané Yésus kasalib iku ana patamanané lan ing patamanan mau ana kuburan anyar kang durung tau dianggo ngubur wong. 42 Sarèhné pinuju dina pacawisané wong Yahudi, sarta kuburané iku cedhak, mula Yésus banjur disarèkaké ana ing kono.

Punapa sedherek mireng pangandikanipun Yesus ing kajeng salib sakderengipun sedo? Penjenenganipun ngendikan, “Wis rampung!” punapa ngendikan mekaten. Sebab Penjenenganipun sampun nyampurnakaken pakaryan pamulijengan. Mesti mawon, agami-agami ing dunya mboten saged wicanten, “wis rampung”, Menopo mekaten? Karana sedaya tumindak sae manungsa mboten saged nebus dosanipun piyambak!

Warta sae saking Allah kagem manungsa njihpunika “Wis rampung” Mesias sampun nebus dosa sedherek kalih Rah-Ipun piyambak. Punika alasan Yesus ngendikan dateng penjahat engkang mratobat, “*Aku pitutur marang kowé, satemené ing dina iki uga kowé bakal bebarengan karo Aku ana ing Firdaus*”

Kamulyan kangge Allah engkang mahawelas. Lambang kurban engkang ditindakaken dening Ibrahim sampun dijangkepi dening Yesus gantos kita, “**supaya saben wong kang pracaya marang Panjenengané aja nganti nemu karusakan, nanging nduwènana urip langgeng.**”

Maturnuwun sampun mindangetaken siaran kawulo, Allah paring berkah wekdal sedherek menggalih pangandikanipun Yesus engkang lebet saha kuwaos, sakderengipun sedo ing kajeng salib, “**wis rampung.**”

Menawi sedherek wonten pitakenan, sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386 SMS/WA.

Margining Karahayun

Pelajaran 85

Yesus Wungu

Mat.28; luk.24; Yoh.20

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel, saha nampi karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminy.

Ing pepanggihan kepengker, kacariosaken Mesias ngocoraken Rah-Ipun ing kanjeng salib, panggenan Penjenenganipun dipaku kangge mbayar dosa dunya lan kangge mbikak lawangipun perdamaian engkang langgeng dateng tiyang dosa. Sedaya dumados kados seratan para nabi, bilih mesias kedah dianianya saha dipaku wonten kajeng salib. Kadodene cempe engkang mboten dosa dados gantos anak Ibrahim, mekaten ugi Yesus seda karena kita. Lan sakderengipun sedo, ngendikan, "Wis rampung!" Raos syukur dateng Allah, Yesus sampun ngrampungaken rancangan pamilujengan Allah!

Sedanipun Mesias ing kajeng salib perkawis penting ing kitab suci, karena sedanipun punika alasan supados Allah saged ngapunten dosa-dosa kita. Dinten sakmangkoh kita badhe sinau wartos engkang paling sae malih, injih perkawis Allah mungukaken Yesus saking sedanipun.

Kitab Injil nyerat mekaten

"(Mat.28) Bareng dina Sabat wis kliwat, ing wayah bangun ésu, ngarepaké dina kapisan ing minggu iku, Maria Magdaléna karo Maria sijiné padha lunga niliki pasaréan. 2 Lah tumuli ana lindhu gedhé, awit ana malaékating Pangéran tumedhak saka langit lan nyelak ngglundhungaké watuné, nuli dilenggahi. 3 Pasuryané katon kaya kilat, pangagemané putih kaya salju. 4 Awit saka wediné marang malaékat, sing padha jaga gumeter wedi banget nganti kaya wong mati. Saksampunipun para wanita wau dumugi ing kubur, (Luk.24) Watuné tinemu wus kaglimpangaké saka ing pasaréan. 3 Bareng padha lumebu, ora nemu layoné Yésus. 4 Nalika lagi padha ngadeg kalawan kuwur atiné marga saka kaanan kang mangkono iku, dumadakan ana priya loro padha jumeneng ing cedhaké, pangagemané mencorong. 5 Wong-wong mau padha wedi lan padha tumungkul. Nanging priya loro mau nuli padha ngandika mangkéné, "Yagéne, déne kowe padha nggolèki Kang Gesang ana ing antarané wong mati?"

6 Panjenengané ora ana ing kéné, wus wungu. Élinga marang apa kang wis kapangandikakaké marang kowé kabèh, nalika isih ana ing Galiléa, 7 yaiku, yèn Putraning Manungsa pinasthi kaulungaké marang tanganing wong-wong dosa lan banjur kasalib, sarta wungu ing telung dinané." 8 Wong-wong wadon iku mau iya nuli kèlingan marang pangandikané Yésus. 9 Lan sabaliné saka ing pasaréan, banjur padha nyritakaké iku kabèh marang sakabat sawelas lan marang sadulur liyané kabèh. 10 Déné wong-wong wadon mau yaiku Maria saka Magdala, lan Yohana sarta Maria ibuné Yakobus, tuwin wong-wong wadon liyané kang padha bebarengan uga nyritani marang para rasul. 11 Nanging tembung-tembungé iku dianggep ngayawara, padha ora ngandel marang wong-wong wadon iku. 12 Éwasamono Pétrus banjur ngadeg lan mangkat rerikatan menyang pasaréan. Bareng nginguk manjero, mung weruh ulesé thok. Nuli lunga lan mikir-mikir, apa kira-kira kang mentas kelakon iku. 13 Ing dina iku uga ana wong loro, panunggalané para murid, arep padha menyang désa Émaus, adohé saka Yérusalèm watara sewelas kilomèter. 14 Wong loro mau padha rasanan sabarang kang mentas kelakon. 15 Nalika lagi padha rasanan lan rerembungan mau, Yésus piyambak rawuh nyelaki lan banjur nyarengi lakuné. 16 Nanging wong mau pandelengé padha ketutupan, mulané padha pangling karo Panjenengané. 17 Yésus tumuli ngandika marang wong loro iku, "Apa kang padha kokrembug sajroné lumaku iki?" Banjur padha mandheg kanthi sedhah. 18 Kang siji kang jenengé Kléopas, mangsuli, "Punapa namung Panjenengan piyambak tiyang manca ing Yérusalèm, ingkang mboten sumerep bab ingkang mentas kelampahan wonten ing ngrikun, ing salebetipun sawatawis dinten punika?" 19 Paring wangsulané, "Lelakon apa ta iku?" Unjuké kang kadangu, "Lelampahanipun Yésus tiyang Nazarèt, ingkang jumeneng nabi, ingkang kagungan pangwaos ing pandamel saha pangandika wonten ngarsanipun Allah sarta wonten ngajengipun bangsa kula sadaya. 20 Nanging para pangajengipun imam saha para pangagenging bangsa kula sami ndhawahaken paukuman pejah dhateng Panjenenganipun, lajeng kasalib. 21 Mangka kula sadaya kala rumiyin sami gadhah pangajeng-ajeng, inggih Panjenenganipun punika ingkang rawuh badhé ngluwari bangsa Israèl. Déné lelampahan wau sadaya sapunika sampun tigang dintenipun. 22 Nanging lajeng wonten tiyang èstri sawatawis panunggilan kula ingkang sami damel kagèt kula. Awit tiyang-tyang èstri wau énjing umun-umun sampun sami dhateng pasaréan, 23 nanging layonipun mboten wonten. Lajeng sami wangsul, cariyos, bilih sami sumerep malaékat, ingkang sami ngandika, bilih Panjenenganipun wungu saking sédanipun. 24 Nunten wonten kanca kula sawatawis ingkang sami dhateng pasaréan, pinanggihipun pancèn leres kados ingkang dipun cariyosaken para tiyang èstri wau, sami mboten sumerep Panjenenganipun." 25 Yésus tumuli ngandika marang wong-wong mau, "Hé wong kang padha cupet nalaré lan lamban pamikiré, temah ora pracaya marang samubarang kabèh, kang wus kapangandikakaké déning para nabi! 26 Mésias apa ora pinasthi nglampahi iku mau kabèh, banjur lagi nampi kamulyané?" 27 Yésus tumuli njlèntrèhaké sabarang

kang wus katulis ing Kitab Suci, bab Panjenengané, wiwit kitab-kitabé Musa lan kitab-kitabé para nabi. 28 Bareng wus cedhak désa kang diparani, Yésus kaya-kaya arep nglajengaké tindaké. 29 Nanging dicandhet déning wong-wong mau, unjuké, "Kula aturi pinarak wonten ing griya kula, awit sampun badhé dalu, surya sampun serap." Panjenengané iya banjur lumebet karo wong-wong mau. 30 Bareng lenggah arep dhahar bebarengan, nuli mundhut roti, diberkahi banjur dicuwil-cuwil, diparingaké marang sakaroné. 31 Sanalika, mripaté wong loro iku banjur kabuka, temah ora pangling karo Panjenengané, nanging Yésus banjur ilang saka ing pandelengé. 32 Wong loro mau tumuli padha sapocapan mangkéné, "Atiku rak wus padha mangah-mangah, nalika Panjenengané ngandika marang aku kabèh ana ing dalan lan nalika Panjenengané nerangaké Kitab Suci mau?" 33 Sanalika iku uga, banjur padha ngadeg lan bali menyang Yérusalèm. Ana ing kono padha weruh sakabat sawelas padha ngumpul bebarengan karo para sadulur-sadulur liyané, 34 sarta padha ngucap, "Gusti nyata yèn wus wungu lan wus ngatingal marang Simon." 35 Wong loro mau iya tumuli nyaritakaké lelakoné sajroné ana ing dalan, sarta anggoné ora pangling manèh marang Yésus, bareng Panjenengané nyuwil-nyuwil roti. 36 Nalika padha rembugan bab iku mau, Yésus dumadakan jumeneng ana ing tengahé sarta ngandika, "Tentrem-rahayu anaa ing kowé kabèh." 37 Kabèh padha kagèt kaworan wedi, lan ngira weruh memedi. 38 Nanging Panjenengané banjur ngandika, "Yagéné kowé padha kagèt lan apa sababé déné kowé padha kethukulan rasa mangu-mangu ana ing sajroning atimu? 39 Delengen tanganku lan sikilku: Iki Aku dhéwé; grayangana Aku lan satitèkna, yèn memedi rak ora ana dagingé lan balungé, kaya kang padha kokdeleng ana ing Aku iki." 40 Ngandika mangkono iku karo nedahaké astané lan sampéyané. 41 Bareng kabèh durung padha ngandel marga saka bungahé lan isih padha kaéraman, Panjenengané nuli ngandika, "Ing kéné apa ana kang kena dipangan?" 42 Banjur dicaosi iwak gorèngan sairis. 43 Iku tumuli ditampani lan didhahar ana ing ngarépé wong-wong mau. 44 Banjur padha dipangandikani mangkéné, "Iki pituturku kang dakkandhakaké marang kowé kabèh, nalika Aku isih nunggal karo kowé, yaiku yèn kabèh kang wus katulisan tumraping Aku ana ing sajroning kitab Torèté Musa lan kitabé para nabi sarta kitab Mazmur, iku kudu kelakon." 45 Panjenengané banjur mbukak pikirané wong-wong mau supaya padha ngerti marang Kitab Suci. 46 Pangandikané, "Ana tulisan mangkéné: Mésias pinasthi nandhang sangsara lan ing telung dinané wungu saka ing antarané wong mati. 47 Karodéné manèh: pawarta bab pamratobat lan apuraning dosa kudu kaundhangaké marang sakèhing bangsa atas asmané, wiwit saka ing Yérusalèm. 48 Déné kowé kang padha dadi seksiné bab iku mau kabèh..

Mekaten ngeramaken waosan kita, Yesus wungu saking antawisipun tiyang pejah! Penjenenganipun ngawonaken mengsah ageng manungsa, njih pati, kubur mboten saged nahan Penjenenganipun. Ing dinten kaping 3 Yesus Kristus wungu kalih raga kamulyan, kados tiyang engkang pitados Penjenenganipun badhe nampi ing setunggaling dinten. Wungunipun Yesus mbuktikaken

pangandikanipun, “*Aku iki patangèn lan kauripan. Sing sapa pracaya marang Aku bakal urip, sanadyan wus mati.*”

Allah mungukaken Yesus supados sedherek mangertos bilih Penjenenganipun punika Juruwilujeng lan hakimipun dunya engkang Allah pitados. Punika maksudipun Kitab suci ngedikan, “*mboten wonten karahayon wonten ing sintena kémawon, kajawi wonten ing Panjenenganipun, amargi ing sakurebing langit punika mboten wonten asma sanèsipun ingkang kaparingaken dhateng manungsa, ingkang dados margining karahayon kita.*” Amargi Panjenenganipun sampun namtokaken dinten anggènipun badhé ngakimi jagat kanthi adil, lumantar Tiyang ingkang sampun kapiji; mawi dipun buktèkaken dhateng tiyang sadaya, srana anggènipun kawungokaken saking antawisipun tiyang pejah.” Sabab, menawa sarana cangkemmu kowé ngakoni yèn Yésus iku Gusti, lan atimu kowé bakal kaslametaké.” Awitdéné, “*sapa kang nyebut asmaning Pangéran bakal kaslametaké.*”

Sedherek, maturnuwun sampun mindangetaken siaran kawulo. Menawi sedherek wonten pitakenan sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386. SMS/WA Nuwun....

Margining Karahayun

Pelajaran 86

Yesus Migrat Dateng Suwargi

Mat.28; luk.24; Kis.1

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel saha nampi karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminye.

Sedherek, sampun antawis dangu kita sinau kitab suci Injil engkang nyariosaken perkawis Juruwilujeng engkang Maha Ageng njih Yesus Kristus. Yesus artosipun Allah milujengaken. Kristus punika tembung Yunani Mesias engkang artosipun tiyang engkang dikengken. Yesus Kristus punika tiyang engkang dikengken dening Allah kangge milujengaken anak-anak Adam saking kuwaos dosa. Penjenenganipun seda wonten kajeng salib, sami kalih rancangan Allah engkang dipun wicantenaken para nabi sakderengipun. Ing program pungkasan kacariosaken Allah mungukaken Yesus malih ing dinten kaping tiga. Wungunipun Yesus mbuktikaken bilih Allah nampi rah engkang Yesus kocoraken dados tebusan kangge nebus manungsa saking kuwaos dosa saha paukuman latu neraka.

Saksampunipun wungu, Penjenenganipun manggihi para pendherekipun kanti ngetingalaken catu ing pundi para tantara sami maku asta saha suku-Nipun. Kita ugi maos Yesus saha pendherekipun nedha paskah sesarengan kangge mbuktikaken bilih Penjenenganipun leres-leres gesang. Antawis 40 dinten Yesus manggihi pendherekipun mucal perkawis Kratonipun Allah. Ing setunggaling wekdal Yesus ngetingal dateng 500 pendherekipun. Nanging bukti ageng bilih Yesus gesang dinten sakmangkih injih kasuyatan bilih Penjenenganipun gesang (nglangkungi Roh Suci) ing manah tiyang pitados dateng Penjenenganipun.

Dinten sakmangkih kanti pitulunganipun Allah, kita badhe mireng perkawis kuwaos engkang Allah sampun pasrahaken dateng Gusti Yesus lan badahe ningali Yesus pepisahan kalih pendherekipun migrat dateng suwargi.

Injil Matius 28, ngendikan,

“Para sakabat sawelas nuli padha mangkat menyang Galiléa, menyang gunung kang wus kadhawuhaké Yésus marang para sakabat mau. 17 Bareng padha ndeleng Panjenengané banjur

padha sujud, nanging sakabat sawatara padha mangu-mangu. 18 Yésus banjur nyelaki para sakabat lan ngandika, "Sakèhé pangwasa ana ing swarga lan ing bumi wis kaparingaké marang Aku. 19 Mulané padha lungaa, sakèhing bangsa padha dadèkna muridku, klawan dibaptisi ing asmané Sang Rama, Sang Putra lan Sang Roh Suci, 20 lan padha diwulanga netepi sabarang kang wis dakdhawuhaké marang kowé kabèh. Lah, Aku nunggal karo kowé ing sadina-dina, nganti tumeka ing wekasaning jaman."

Punapa sedherek mireng pangandikanipun Yesus dateng pendherekipun? Wonten punapa Yesus ngendikan bilih Penjenenganipun gadah kuwaos ing suwargi saha dunya? Ing Taurat Musa, kita ningali Allah nyipta Adam. Ing mrika Allah paring Adam kuwaos kangge mrentah sedaya engkang kacipta Allah. Allah ngersakaken supados Adam gesang saha mrentah sesarengan Allah selaminipun. Nanging Allah kecalan kuwaos wekdal nglanggar dawuh Allah kanti nedha woh pangertosan sae saha awon. Kados Adam, sedaya manungsa sampun dosa, lahir wonten kratoning dosa lan tebih saking Allah saha kamulyan-Ipun engkang Agung.

Nanging raos panuwun dateng Allah karena seratan para nabi nedahaken bilih Allah sampun ngrancangaken rancangan kangge mbikak lawang supados anak-anak Adam saged wangsul dateng Penjenenganipun saha pikantuk bagian saking kamulyan-Ipun. Lawang kasebat injih Mesias engkang rawuh saking suwargi kangge ngocoraken Rah-Ipun dados kurban kangge mbirat dosa manungsa lan mbeto wangsul dateng Allah. Yesus Almasih diuji kados adam, ananging Penjenenganipun mboten damel dosa. Penjenenganipun sampurna saha suci, sami kados Allah engkang sampurna saha suci, punika sebabipun Allah mboten lingsem nyebat Putraningsun.

Dados saksampunipun Yesus masrahaken gesang-Ipun dados kurban kangge ngangkat dosa manungsa, Allah mungukaken Penjenenganipun saking antawisipun tiyang pejah, ndadosaken Gusti dateng sedaya tiyang maringaken sedaya kuwaos wonten suwargi saha dunya.

Mbokmenawi wonten tiyang tangklet, "menawi Yesus punika Gusti kangge sedaya, wonten punapa sakmenika taksih kathah kalih kasisahan saha dosa?" Kitab Injil njelasaken,

"Awit padha kaya ana ing Adam wong kabèh padha mati, mangkono uga ana ing Kristus wong kabèh iya bakal padha kauripaké manèh. 23 Nanging saben wong manuturut-urutané: Kristus minangka kang kawitan, sawisé iku kang padha dadi kagungané, bésuk ing sarawuhé. 24 Sawisé mangkono tumeka pungkasané jaman, yaiku samangsa Panjenengané masrahaké Kraton marang Allah Sang Rama, sawisé Panjenengané nyirnakaké sakèhé papréntahan, pangwasa sarta kakuwatan."(I Kor.15:22-24). Panjenengané bakal ngusapi sakèhé luh saka ing mripaté, lan bakal ora

ana pati manèh; sedhik lan pasambat apadéné kasusahan iya wis ora ana manèh; amarga samubarang kang lawas wis padha kapungkur." (Wah.21:4)

Saking pangandikan wau, kita mangertosi bilih Allah sampun maringaken sedaya kuwaos dateng Yesus, supados Penjenenganipun saged ngendalikaken sedaya saha ngadili saben manungsa. Nanging Penjenenganipun dereng mundhut kendali sakleresipun dateng sedayanipun lan ugi dereng ngadili sedaya umat manungsa. Ing setunggaling dinten Yesus badhe rawuh dateng dunya, ing pundi Penjenenganipun badhe mendhet kendali dunya saha ndadosaken sedaya enggal.

Karena punika, sinten kemawon lan wonten pundi sedherek manggen, Allah mrentahaken sedherek supados mratobat saking dosa sedherek, lan wangsul Kapanjenengan-Ipun saha pitados wartos sae perkawis kawilujengan kanti lelandesan ing seda saha wungunipun Yesus Kristus. Wekdal sedherek leres-leres pitados, Allah badhe ngapnten sedaya dosa sedherek ing asmanipun Yesus. Wekdal sedherek pitados Yesus, Penjenenganipun badhe rawuh dateng sedherek nglangkungi Roh Suci lan mbangun kratonipun ing manah sedherek. Punapa sedherek ngijinaken Yesus mbangun kraton-Ipun ing manah sedherek?

Sedherek, Allah sampun ngutus Juruwilujeng kangge ngangkat dosa-dosa sedherek lan paring manah enggal lan resik dateng sedherek. Sedherek mangertos bilih sedherek badhe sesarengan Penjenenganipun ing suwargi langgeng, menawi sedherek pitados kaleresan perkawis Yesus Kristus juruwilujeng dunya. Nanging wekdal sedherek ngremehaken juruwilujeng engkang diutus Allah, wusananipun Penjenengan-Ipun badhe dados hakim sedherek.

Yesus ngocoraken Rah-Ipun dados kurban engkang saged nglunasi utang dosa sedherek selaminipun. Nanging Rah Yesus mboten wonten reginipun dateng sedherek, menawi sedherek mboten pitados ing manah, karena Injil ngendikan, *"Awitdéné Allah anggoné ngasihi marang jagat iku nganti masrahaké Kang Putra Ontang-anting, supaya saben wong kang pracaya marang Panjenengané aja nganti nemu karusakan, nanging nduwènan urip langgeng. Sing sapa pracaya marang Panjenengané, iku ora bakal diukum; déné sing sapa ora pracaya, iku wus kapatrapan paukuman, amarga ora pracaya ing asmané Putraning Allah kang ontang-anting."*

Sakmangkah sumonggo kita lajengaken carios saksampunipun Yesus ngetingal dateng pandherekipun antawis 40 dinten saksampunipun wungu. Injil ngendikan, *"Ing sawijining dina nalika Yésus dhahar bebarengan karo para rasul, padha ora diparengaké ninggal Yérusalèm, sarta padha didhawuhi tetep ana ing kono, ngentèni janjiné Sang Rama, kang mangkéné pangandikané, "Kowé wus padha krungu saka Aku, Menawa Yohanes iku anggoné mbaptis nganggo banyu, nanging ora suwé manèh kowé bakal padha kabaptis sarana Roh Suci."*

Punapa sedherek mireng pangandianipun Yesus? Wekdal kita maos Injil Yohanes 14-16, ing mrika Yesus janji dateng Pendherekipun, bilih Rama-Nipun ing suwargi badhe ngintunaken setunggaling juru pitulung, njih Roh Suci engkang badhe manggen ing manah, ngiataken saha nuntun para pendherek ing sedaya kaleresan. Sakmangkih kita mireng Yesus ngengken pendherek-Ipun manggen wonten Yerusalem kangge nenggo Roh Suci engkang badhe rawuh. Ing pelajaran mangkih kita badhe ningali Roh Suci mandap ngebaki manah pendherek_ipun, kados engkang Penjenenganipun janjikaken

"Para rasul kang padha ngumpul iku nuli nyuwun pirsu, "Gusti, punapa sapunika anggèn Panjenengan badhé mulihaken kraton tumrap Israèl?" 7 Paring wangsulané, "Kowé ora prelu nyumurupi mangsa lan waktu, kang katamtokaké déning Sang Rama piyambak, manut pangwaosé. 8 Nanging kowé bakal padha tanpa pangwasa, samangsa Roh Suci wus nedhaki kowé kabèh, sarta kowé bakal padha dadi seksi-seksiku ana ing Yérusalèm lan ing Yudéa sarta Samaria kabèh, tuwin tumeka ing pungkasaning bumi." 9 Sawisé ngandika mangkono, Panjenengané nuli sinengkakaké menyang swarga, sineksènan déning para rasul, banjur wus ora katingal, amarga kaaling-alingan méga. 10 Nalika lagi padha tumenga ing langit ngawasaké anggoné Panjenengané sumengka iku, dumadakan ana priya loro jumeneng ing sacedhaké, padha ngagem ageman putih, 11 kang tumuli mangandikani mangkéné, "Hé, wong-wong Galiléa, yagéné kowé padha ngadeg tumenga ing langit? Yésus, kang sinengkakaké menyang swarga, nilar kowé kabèh iki, bakal rawuh manéh kanthi patrap kaya kang padha kokdeleng nalika Panjenengané minggah menyang swarga."

Mekaten Yesus migrat dateng suwargi, kondur ing dalem Ramanipun, enggih panggenan ing pundi Penjenenganipun rawuh 30 taun sakderengipun. Mekaten megah konduripun wekdal megrat dateng suwargi ing ngajeng paningal pendherek-Ipun. Mboten diragukaken malih...bilih Yesus engkang dipun dhereki antawis 3 taun leres-leres Almasih.

Sedherek mangertos wonten pundi Yesus sakmeniko? Njih, wonten ing suwargi, ing pundi sedaya makluk ciptaan tunduk. Kadospundi kalih sedherek? Punapa sampun patuh dateng Mesias, tiyang engkang pinilih Allah dados juruwilujeng saha hakim? Punapa sedherek siap kalih rawuh-Ipun? Ing dinten wau sedaya tiyang badhe ningali lan badhe mangertos bilih Penjenenganipun punika engkang Allah kengken dados Juruwilujeng saha hakimipun dunya.

Allah mberkahi sedherek, kalih ngemuti punapa engkang dicantenaken malaikat dateng pendherek Yesus, *"Yésus, kang sinengkakaké menyang swarga, nilar kowé kabèh iki, bakal rawuh manéh kanthi patrap kaya kang padha kokdeleng nalika Panjenengané minggah menyang swarga."*

Menawi sedherek wonten pitakenan, sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386. SMS/WA.

Nuwun.

Marging Karahayun

Pelajaran 87

Rawhipun Roh Suci

Kisah rasul .1,2

Sedherek kula pamireng seda sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel saha nampi karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminy.

Wonten ing pinten-pinten pasinaun engkang kita langkungi, kita mireng bilih Gusti Yesus sampun njangkepi sedaya engkang sinerat dening para nabi, perkawis seda saha wungunipun Yesus. Yesus sampun ngocoraken Rah-Ipun engkang suci wonten kajeng salib, diandapaken saha disarekaken wonten ing pesarean. Nanging dinten kaping tigonipun Allah mungukaken Penjenenganipun saking antawisipun tiyang pejah. Yesus wungu, lan ngetingal dateng pendherekipun antawis 40 dinten mbuktikaken bilih Penjenenganipun leres-leres gesang. Lajeng ing pungkasanipun Yesus migrat dateng suwargi ing ngajeng paningal pendherekipun.

Sakderengipun migrat Penjenenganipun dawuh supados pendherek-Ipun sami makempal wonten Yerusalem ngantos dikebaki kalih Roh Suci engkang rawuh saking suwargi. Mbok menawi sedherek taken, sinten punika Roh Suci? Roh Suci njih punika Roh Allah saha Roh Yesus. Penjenenganipun setunggal kalih Allah Rama lan Yesus Putra Manungsa, nanging benten kalih kekalihipun. Penjenenganipun sampun wonten kalih Allah mulai wiwitan wekdal Allah nyipta dunya. Penjenenganipun njih Roh engkang ngilhami para nabi kangge nyerat saha njlentrehaken wiwitan mila. Roh Suci njih Roh engkang Maha Inggil engkang mandap dateng perawan Mariyam saha nyagetaken mbobot lajeng nglahiraken putra suci njih Yesus. Penjenenganipun njih Roh engkang wonten ing Yesus Almasih. Roh Suci njih juru pitulung engkang Yesus janjikaken dateng pendherekipun.

Punapa engkang Yesus janjikaken dateng pendherek-Ipun perkawis Juru Pitulung penting sanget kita mangertosi, karena wekdal sakmangkah kathah tiyang engkang pitados bilih Yesus punika njelasaken perkawis duginipun nabi sanes. Ananging pitulung engkang Gusti Yesus janjikaken punika sanes manungsa, sebab Yesus sampun ngendikan kanti jelas bilih pitulung punika leres-leres Roh lan mboten wonten setunggal mawon tiyang engkang saged ningali. Pitulung badhe manggen ing lebet

para pendherek Yesus selaminye. Dados Roh Suci njih Roh engkang Allah panggenaken ing manah sedaya tiyang engkang pitados Mesias.

Dinten sakmangkih kita badhe ningali kadospundi Allah maringaken Roh-lipun engkang suci dateng para pendherek Yesus ing dinten Pentakosta. Pentakosta njih dinten riyaya engkang Allah tetepaken dateng umat Israel wekdal jaman Musa. Dinten wau tiyang Israel sami ngaturaken raos panuwun dateng Allah karana kemakmuran hasil panen gandum engkang dipun paringaken. Nanging wonten artos engkang langkung penting, Pentakosta punika dinten engkang Allah sampun pilih kangge ngandapaken Roh Suci supados manggen ing manah sedaya tiyang engkang pitados dateng Mesias. Sami kados dinten Pentakosta engkang lumampah 50 dinten saksampunipun Paskah, mekaten ugi Allah ngrancangaken ngandapaken Roh Suci 50 dinten saksampunipun Mesias seda saha wungu.

Sakmangkih sumonggo kita tingali kedadosan punapa engkang dumados saksampunipun Yesus ninggalaken pendherekipun saha migrat suwargi.

Injil ngendikan, “

(Kis.1) Para rasul banjur padha bali menyang Yérusalèm saka gunung Zaitun, kang saka Yérusalèm adohé mung salakon ing dina Sabat. 13 Satekané ing kutha, nuli padha munggah menyang kamar ing dhuwur, kang dipondhoki, yaiku: Pétrus lan Yohanes, Yakobus lan Andréas, Filipus lan Tomas, Bartoloméus lan Matius, Yakobus anaké Alféus, lan Simon wong Zélot sarta Yudas anaké Yakobus. 14 Kabèh padha saiyeg anggoné mepeng ing pandonga, bebarengan karo wanita sawatara sarta Maria, ibuné Yésus, tuwin para sadhèrèké Yésus.

(Kis.2) Bareng ing dina riyaya Péntakosta, wong-wong kabèh padha nglumpuk. 2 Dumadakan ana swara saka langit, saèmper sumiyuting angin gedhé, kang ngèbeki saomah kang kanggo lelunguhan, 3 banjur padha ndeleng urubing geni ilat-ilatan, kang ambyar lan nibani saben wong mau kabèh. 4 Tumuli wong kabèh padha kapenuhan ing Roh Suci sarta banjur padha wiwit guneman nganggo basa-basa liya, kaya kang kawisikaké déning Roh iku supaya kaucapaké. 5 Nalika samana ing Yérusalém ana wong-wong Yahudi kang salèh saka sarupaning bangsa ing sangisoring langit. 6 Bareng ana swara mangkono mau, tumuli wong akèh padha teka kumrubut sarta padha gumun, amarga saben wong krungu para rasul lan para murid iku padha guneman nganggo basané wong-wong mau. 7 Kabèh padha njenger kaéraman, banjur padha ngucap, "Wong-wong kang padha guneman iku rak wong Galiléa, ta? 12 Kabèh padha kaéraman sarta bingung lan padha takon-tinakon, mangkéné, 13 "Apa ta tegesé iki?" Nanging wong liyané ana kang moyoki, ujaré, "Wong iku rak lagi padha mabuk anggur manis." 14 Pétrus tumuli jumeneng dalah para kanthiné sawelas, sarta ngandika kalawan swara sora marang wong-wong mau, "Para Sadhèrèk Yahudi saha

panjenengan sadaya ingkang sami manggèn ing Yérusalèm, mugè samu nggatosaken saha ngretos punapa ingkang kula andharaken. 15 Tiyang-tiyang punika mboten sami mabuk, kados panginten panjenengan, amargi sapunika saweg jam sanga énjing. 16 Nanging inggih punika ingkang kapangandikakaken déning Allah lumantar Nabi Yoèl makaten: 17 Bésuk ing dina-dina kang wekasan — mangkono pangandikané Allah — Ingsun bakal ngesokaké Rohingsun marang sakèhing manungsa; anak-anakira lanang lan wadon bakal padha medhar wangsit, lan wong nom-nomanira bakal padha nampa wahyu, sarta wong-wongira kang wus tuwa bakal padha olèh impèn. 18 Uga para abdiningsun lanang lan wadon bakal sunesoki Rohingsun ing dina-dina iku, lan bakal padha medhar wangsit. 22 Para Sadhèrèk Israèl, sami mirengna andharan kula punika: Ingkang kula kajengaken inggih punika Yésus saking Nasarèt, satunggaling priya ingkang sampun kapiji déning Allah saha ingkang sampun kapratélakaken dhateng panjenengan sadaya kalawan pangwaos-pangwaos, tuwin kaélok-an-kaélok-an sarta pratandha-pratandha ingkang katindakaken déning Allah lantaran Panjenenganipun, wonten ing tengah-tengah panjenengan sadaya, kadosdéné ingkang sampun panjenengan mangertosi. 23 Panjenenganipun ingkang kaulungaken déning Allah miturut karsa saha rancanganipun punika sampun panjenengan salib sarta panjenengan sédani lumantar tanganipun bangsa-bangsa ingkang duraka. 24 Nanging lajeng kawungokaken déning Allah, kauwalaken saking sangsaraning pejah, amargi mboten badhé Panjenenganipun lestantun kawengku déning pangwaosing pejah punika.

Bareng wong-wong mau padha krungu pangandika mangkono iku, atiné padha trenyuh, banjur padha matur pitakon marang Pétrus lan para rasul liyané, "Para Sadhèrèk, punapa ingkang kedah sami kula lampahi?" 38 Paring wangsulané Pétrus, "Samu mratobata sarta panjenengan piyambak-piyambak sami kabaptisa ing asmanipun Yésus Kristus, murih angsal pangapuntening dosa panjenengan, satemah panjenengan sami badhé nampèni peparang, inggih punika Roh Suci. 39 Awitdéné ingkang kaparingan prajangi punika panjenengan sadaya saha putra-putra panjenengan tuwin tiyang-tiyang ingkang taksih tebih, sapinten ingkang badhé tinimbalan déning Gusti Allah kita."

Para pamireng sedaya, punapa sedherek mireng kotbahipun rasul Petrus? Ringkesipun piyambakipun njelasaken dateng tiyang kathah bilih Allah sampun ngutus Mesias njih Yesus, kados engkang sampun Panjenenganipun janjikaken nglangkungi para nabi. Petrus wicanten, "panjenengan nyédani Panjenenganipun ingkang dados Sumbering Gesang, nanging lajeng sampun kawungokaken déning Allah saking antawisipun tiyang pejah; saha tumrap bab punika kula ingkang sami dados seksinipun. Allah nglenggahaken Yesus ing sisih tengenipun lan ngintun Roh Suci engkang dipun janjaken! Samu mratobata saha pracayaa marang Allah! Pracayaa marang Yesus engkang kapilih Allah dados juruwilujeng saha hakimipun dunya! Inggih Panjenenganipun punika ingkang dipun

seksèni para nabi sadaya, bilih sinten ingkang pitados dhateng Panjenenganipun, badhé tapi pangapuntening dosa margi saking asmanipun."

Mekaten Petrus martosaken kabar sae perkawis kawilujengan nglangkungi iman dateng Yesus Kristus. Wekdal tiyang-tiyang mireng sami trenyuh manahipun, karena sakmenika mangertos bilih Yesus engkang dipun salib njih Gusti kamulyan engkang saking suwargi, njih Mesias engkang Allah sampun janjikaken nglangkungi para nabi. Sakengga wekdal wau kathah engkang sami mratobat saha wangsul dateng Allah, pitados bilih Yesus punika Mesias. Sedaya kabaptis kalih toya pratanda bilih sampun karesikaken saking dosa nglangkungi iman ing seda saha wungunipun Yesus Kristus.

Ing dinten Pentakosta wau, pasamuhan tiyang pitados Gusti Yesus lahir. Gereja Yesus sanes bangunan ugi agami. Ing boso Yunani tembung gereja punika "Eklesia" engkang artosipun tiyang-tiyang engkang kapilih. Gereja Yesus engkang leres kabangun saking sedaya tiyang engkang nilai pentakosta sampun kapindah saking keluarga Adam dateng keluarga Kristus nglangkungi iman ing lebet pangorbanan Yesus engkang sampurna saha sampun mantun. Mbokbilih sedherek gadhah penggalih, **"aku ora melu nganiaya lan nyalib Yesus dadi aku ora dosa amarga ora hubungane karo uripku"**. Nanging pangandikanipun Gusti mekaten, **"Satemené enggoné ditatoni kuwi merga saka dosa kita, lan merga saka piala kita Panjenengané digebagi."**

Dosa kita nyebabaken Yesus engkang ditresnani Allah kedah kasalibaken. Maturnuwun sampun sesarengan ing siaran kawulo. Gusti paring berkah, wekdal sedherek menggalihaken wicantenipun Petrus, **"Inggih Panjenenganipun punika ingkang dipun seksèni para nabi sadaya, bilih sinten ingkang pitados dhateng Panjenenganipun, badhé tapi pangapuntening dosa...nampèni peparang, inggih punika Roh Suci."** 081333777386. NUWUN.

Margining Karahayun

Pelajaran 88

Rawhipun Yesus Kaping 2

Wahyu 19-22

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel saha nampi karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminy.

Sedherek, sakmangkih kita lumebet pelajaran 88 ing pasinaun perkawis pangandikanipun Allah. Bagian kaping kalih kitab suci njih Perjanjian Enggal. Nyarioasaken rawhipun Yesus Mesias saking Nazareth njangkepi janjinipun Allah. Yesus suci saha kebak kuwaosipun Allah, karena Penjenenganipun Sabda Allah engkang awujud manungsa. Perkawis Penjenenganipun Allah ngendikan, "**Iki Putraningsun, kang kinasih, kang ndadèkaké keparengingsun.**" Nanging manungsa mejahi tiyang suci saking Allah kanti maku ing kajeng salib. Nanging Allah mungukaken malih ing tigang dintenipun. Saksampunipun Yesus ngetingal dateng tiyang kathah, Allah nginggilaken Penjenenganipun ing panggenan paling inggil wonten suwargi. Nanging carios wau mboten rampung ngantos ing mriki.

Sedherek, Program dinten sakmangkih njihpunika, "Rawhipun Yesus Kaping 2". Kita badhe maos bagian pungkasan kitab perjanjian Enggal, engkang kasebat Wahyu. Wahyu punika kitab engkang gadah artos sanget lebet saha kiat, karena piyambakipun njlentrehaken punapa engkang badhe dumados ing pungkasanipun zaman. Kitab wahyu gadah 22 pasal, njih pasal-pasal engkang njlentrehaken kamimpangan ageng kangge sedaya tiyang pitados, ananging kangge tiyang mboten pitados punika isinipun terror ageng, karena kitab wahyu njelasaken bilih menawi sedherek nolak Yesus Kristus dados Juruwilujeng, ing pungkasanipun Penjenenganipun badhe dados hakim sedherek! Menawi sedherek mboten nampi cempening Allah, sedherek badhe manggihi singaning Allah, karena Gusti Yesus engkang sedo dados cempe kurban kangge ngangkat dosa manungsa, badhe rawuh malih dados singa nggegirisi kangge ngadili!

Saksampunipun Gusti Yesus migrat dateng suwargi, Penjenenganipun ngutus malaekat-lipun dateng rasul Yohanes kangge mbeberaken sedaya kedadosan engkang badhe dumados ing akhir jaman punika.

Pasal 1 Yohanes nyerat mekaten;

Iki wahyuné Yésus Kristus, kang kaparingaké déning Allah marang Panjenengané, supaya katedahaké marang para abdiné bab apa kang pinasthi bakal énggal kelakon. Panjenengané wus medharaké bab iku marang Yohanes abdiné, lantaran malaékat utusané. Yohanes wus neksèni bab pangandikané Allah lan bab paseksi kang kaparingaké déning Yésus Kristus, yaiku samubarang kang wus kadheleng. Rahayu wong kang macakaké lan para wong kang padha ngrungokaké pamedhar wangsit iki sarta kang netepi apa kang katulis ing kono, awit waktuné wus cedhak.

(Wahyu 19) Sawisé iku aku krungu swara sora kaya swarané wong golongan gedhé ana ing swarga, pangucapé, "Haléluya! Karahayon lan kamulyan sarta pangwaos punika wonten ing Allah kita, 2 awit leres lan adil sakathahing pangadilanipun,... Aku banjur krungu kaya swarané wong golongan gedhé, kaya kumrosaking banjir lan kaya swarané gludhug kang gumuruh, tembungé, "Haléluya! Amarga Pangéran, Allah kita, Kang Mahakwaos, wis jumeneng raja. "Pepréntahan ing donya iki saiki kaasta déning Pangéran kita lan Sang Kristus. Panjenengané bakal jumeneng Ratu langgeng ing selawasé!"

Aku banjur weruh swarga menga; katon ana jarané putih. Déné sing nunggang jenengé Sang Setya lan Sang Sanyata. Panjenengané enggoné nindakaké pengadilan lan peperangan kanthi adil. 12 Mripaté kaya urubing geni. Sirahé nganggo makutha akèh. Déné jeneng sing katulis ana ing Panjenengané, ora ana sing ngerti, kejaba Panjenengané piyambak. 13 Penganggoné jubah kebak getih, sarta jenengé kasebut: "Sabdaning Allah". 14 Para prejurité swarga padha ngetutaké lakuné karo nunggang jaran putih, lan nganggo sandhangan mori alus putih memplak. 15 Tutuké metokaké pedhang landhep arep kanggo ngalahaké bangsa-bangsa. Panjenengané bakal ngerèh bangsa-bangsa mau nganggo teken wesi, lan bakal meres anggur ana ing pamipitan, yakuwi bebendu merga saka dukané Gusti Allah Kang Mahakwaos. 16 Ana ing jubah lan wentisé ditulisi Asmané: "Ratuné para ratu lan Gustiné para gusti."

(Wahyu 20) Aku nuli weruh ana malaékat tumurun saka swarga. Tangané nyekel kunci telenging pati lan ranté gedhé. 2 Malaékat mau nuli nyekel si naga, yakuwi si Iblis utawa Sétan. Naga nuli diranté sèwu taun lawasé. 3 Banjur diuncalaké ana ing telenging pati, nuli ditutup lan disègel, supaya aja nasaraké para bangsa menèh sadurungé sèwu taun mau entèk. Sawisé mengkono si naga bakal dieculaké menèh sawetara mangsa. 4 Aku banjur weruh ana dhampar-dhampar. Déné sing nglenggahi dhampar-dhampar mau kaparingan pangwasa nindakaké pengadilan. Aku uga weruh nyawané wong-wong sing padha katigas guluné merga saka enggoné neksèni marang Gusti Yésus lan martakaké pangandikané Gusti Allah. Wong-wong kuwi durung tau nyembah sujud marang si kéwan utawa marang recané, sarta ora nampani ciriné si kéwan ana ing bathuké lan ing tangané.

Wong-wong mau kabèh padha urip menèh lan padha ndhèrèk dadi ratu karo Sang Kristus lawasé sèwu taun.

Aku nuli weruh dhampar gedhé putih lan Panjenengané kang nglenggahi dhampar mau. Bumi lan langit padha ilang saka ngarsané lan wis ora katon menèh. 12 Aku nuli weruh wong-wong sing wis padha mati, gedhé cilik, padha ngadeg ing ngarepé dhampar mau. Banjur ana kitab-kitab kang kabukak, yakuwi Kitab Kauripan. Wong-wong mau nuli padha diadili miturut penggawéné adhedhasar apa kang katulis ing kitab-kitab mau. 13 Segara masrahaké wong-wong mati sing ana ing njeroné. Penggedhéné Pati sarta Kratoning Pati iya padha masrahaké wong-wong mati sing ana ing wewengkoné. Wong-wong mau kabèh padha diadili miturut penggawéné dhéwé-dhéwé. 14 Sawisé kuwi si Pati lan Kratoning Pati nuli kacemplungaké ing segara geni. (Segara geni kuwi disebut pati kang kapindho.) 15 Déné saben wong sing jenengé ora katulis ana ing Kitab Kauripan, padha kacemplungaké ing segara geni mau.

(Wahyu 21) Aku nuli weruh langit anyar lan bumi anyar. Langit kang kapisan lan bumi kang kapisan wis ora ana, segara iya wis ora ana. Aku banjur krungu swara seru saka dhampar mau, ngandika: "Saiki dalemé Gusti Allah ana ing satengahé manungsa! Panjenengané bakal gesang sesarengan karo manungsa. Wong-wong bakal padha dadi umaté lan Panjenengané jumeneng dadi Allahé. 4 Gusti Allah bakal ngusapi sakèhing luh saka ing mripating umaté. Pati wis bakal ora ana menèh. Kasusahan, tangis lan lelara uga bakal ora ana. Samubarang kang lawas wis ilang." 5 Panjenengané kang lenggah ing dhampar banjur ngandika: "Samubarang kabèh Dakdadèkaké anyar!" Banjur ngandika marang aku: "Nulisa, awit pangandika iki nyata lan kena diprecaya." 6 Sarta pangandikané menèh: "Samubarang kabèh wis kelakon. Aku iki Sang Alfa lan Sang Oméga, Kang Miwiti lan Kang Mungkasi. Wong sing ngelak bakal Dakparingi ngombé saka etuking banyu kauripan tanpa mbayar. 7 Sing sapa mantep precayané bakal tanpa kuwi kabèh saka Aku, sarta Aku bakal jumeneng dadi Allahé, lan dhèwèké bakal dadi putra-Ku. 8 Nanging para wong sing jirih, lan wong-wong sing ora setya, wong-wong ala kelakuané, tukang matèni wong, wong sing laku jina lan wong sing dadi tukang tenung, wong sing padha nyembah brahala lan sakèhé tukang ngapusi, bakal padha kacemplungaké ing segara geni lan lirang murub, yakuwi pati kang kapindho."

(Wahyu 22) Aku tumuli dituduhi kali banyuning kauripan, kang bening kaya kristal, kang mili metu saka ing dhamparé Allah lan dhamparé Sang Cempé. 2 Ing satengahé dalaning kutha iku, yaiku ing sakiwa-tengené bengawan, ana wit kauripan kang metokaké woh ping rolas, saben sasi sapisan; lan godhongé wit iku mau dianggo maluyakaké para bangsa. 3 Ing kana bakal ora ana laknat manèh. Dhamparé Allah lan Sang Cempé bakal ana ing tengahé, lan para abdiné bakal padha ngabekti marang Panjenengané, 4 lan bakal padha nyawang pasuryané sarta bakal katulisan asmané ing

bathuké. 5 Ing kana bakal ora ana manèh wayah bengi, sarta ora mbutuhaké padhanging damar utawa padhanging srengéngé, amarga Pangéran Allah bakal madhangi, sarta wong-wong mau bakal padha mréntah dadi raja langgeng ing salawas-lawasé. 6 Aku tumuli dingandikani mangkéné, "Pangandika iku mau satuhu lan nyata, sarta Pangéran, Allah kang paring roh marang para nabi, wis ngutus malaékaté supaya nuduhaké marang para abdiné apa kang pinasthi énggal kelakon."

"Satemené Ingsun bakal énggal rawuh, sarta ngasta ganjaraningsun, kagawé males marang saben wong miturut sapanggawéné. 13 Ingsun iki Alfa lan Oméga, Kang Murwani lan Kang Mungkasi, Kang Wiwitan lan Kang Pungkasan. 14 Rahayu wong kang padha ngumbah sandhangané. Iku kang bakal padha duwé wewenang tumrap kauripan, lan lumebu ing kutha, liwat gapura-gapurané. 15 Nanging asu lan para juru-tenung, tuwin para sundel, wong kang gawé pati, lan kang padha nyembah brahala, sarta saben wong kang dhemen lan nglakoni para-cidra, iku padha ana ing sanjabaning kutha. 16 Ingsun, Yésus, wis ngutus malaékatingsun supaya gawé paseksi tumrap iku kabèh marang sira kanggo pasamuwan-pasamuwan. Ingsun iki sogolan, yaiku trahé Dawud, lintang panjer ésuk kang mancorong." 17 Roh lan pangantèn putri padha nyebut, "Paduka mugé rawuh!" Lan sapa kang krungu, iku munjuka, "Paduka mugé rawuh!" Lan sapa kang ngelak, nyedhaka lan sapa kang gelem, njupuka banyu kauripan kanthi lelahanan.

Panjenengané kang nglairaké paseksi iku mau kabèh ngandika mangkéné, "Iya, Ingsun énggal rawuh!" Amin, inggih Gusti Yésus, Paduka mugé rawuh! 21 Sih-rahmaté Gusti Yésus nunggila ing kowé kabèh! Amin.

Punapa sedherek siap kalih rawuhipun Kristus? Wekdal sedherek mindanget suanten Allah dinten sakmangkih, ampun mangkotaken manah, karena Kitab suci ngendikan, **"Satemen-temené, iya waktu iki waktu kang prayoga iku; iya dina iki dina kaslametan iku. kepriyé anggon kita bakal oncat, menawa kita nglirowakaké karahayon kang samono gedhéné?"**

Sedherek maturnuwun sampun mireng siaran kawulo. Pandongan kawulo, bilih sedaya pangandikan engkang sedherek pireng ing program punika dados berkah engkang nuntun sedherek dateng Pawilujengan Allah engkang mulya, engkang Penjenanganipun paringaken kanti gratis dateng tiyang engkang saestu pitados sabda-Nipun.

Gusti paring berkah, wekdal sedherek emut pangandikanipun Yesus engkang pungkasan ing kitab Wahyu, **"Iya, Ingsun énggal rawuh!"**

Menawi sedherek wonten pitakenan, sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386 SMS/WA. Nuwun!

Margining Karahayun

Pelajaran 89

Wartos Sae

Sedherek kula pamireng seda sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanhipun Gusti Allah engkang Maha Asih engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel saha nampi karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminy.

Wonten pasinaun ing kitab Injil, kita mireng saksampunipun Gusti Yesus wungu Penjenenganipun paring dawuh pendherek-lipun kanti ngendikan, *“Padha lungaa menyang saindenging jagat, padha martakna Injil marang sakèhing tumitah.”* Lan saksampunipun Yesus migrat dateng suwargi, Paulus nyerat mekaten,

“(Allah nimbali aku dadi rasule lan menehi aku tugas kanggo martakaken Injile Allah-Kabar Apik) Injil iku wus kaprasetyakaké lantaran para nabi kaya kang katulis ing kitab-kitab suci,! Sabab aku ora isin mungguhing Injil, awit Injil iku kakiyatané Allah kang njalari kaslametané saben wong kang pracaya,. Sabab ing kono kapratélakaké anggoné Allah mbeneraké, kang metu saka ing pracaya lan nuntun marang pracaya,”

INjil, Injil, Injil! Punapa punika Injil engkang dingendikaken dening sabda Allah wongsal-wangsul? Dinten sakmangkih kalih pitulungipun Allah, kawulo badhe wicanten perkawis Injil utawi Kabar Sae saking kitab suci. Nanging sakderengipun kita mbahas perkawis Kabar Sae, kita perlu ngemuti perkawis Wartos Awon.

Punapa punika Wartos Awon? Sedherek emut, bilih wiwitan Allah nyipta langit lan dunya, Adam saha Hawa lajeng manggenaken ing taman Firdaus. Allah nyipta manungsa supados tepang, nresnani, taat saha ngluhuraken Penjenenganipun selaminy. Nanging kangge nyobi manungsa, Allah ngendikan dateng Adam, **“Sarupané wit-witané petamanan iki wohé olèh kokpangan, kejaba mung witing pangerti bab kang ala lan becik, kuwi wohé aja kokpangan. Awit samasa kowé mangan wohé mau, ing dina kuwi uga kowé bakal mati.”**

Kabar awon njih wekdal Adam Hawa mireng wicanten setan awujud sawer engkang nggoda, supados nedho woh saking wit larangan. Dosa Adam Hawa mbeto kesusahan saha pati ing dunya, lan ngracuni sedaya keturunanipun. Kados engkang sering kita pirem, **“wabah mboten namung winates ing pundi tiyang wabah kasebat asalipun!”** Sabda Allah martosaken kabar awon wau wekdal

Penjenenganipun ngendikan, **'Kayadéné manungsa anggoné katetepaké mati mung sapisan baé, lan sawisé iku diadili,.. Panjenengané nedya ngadili wong kabèh, sarta matrapi paukuman marang sakèhing wong duraka merga saka pamblasaré, lan merga saka sakèhing tembung nistha sing diucapaké wong-wong mau marang Gusti Allah.'**" Kanti menika, wartos awonipun bilih kita sedaya tiyang-tiyang dosa lan badhe ngadepi pengadilanipun Allah.

Nanging wartos saenipun, bilih Allah engkang maha asih saha mahawelas ngendikan, menawi Penjenenganipun badhe ngutus dateng dunya tiyang engkang suci lan lahir saking perawan. Tiyang suci, Sang Penebus badhe masrahaken gesang-lipun kangge disedani dados kurban tebusan dateng Adam saha keturunanipun. Paukuman dosa engkang pantes kita tampi dipasrahaken dateng penebus engkang suci punika. Punika Wartos sae/ kabar Injil engkang Allah umumaken ing dinten Adam dumawah dosa.

Allah ngagem kathah tiyang kangge martosaken perkawis rawuhipun Juru Wilujeng engkang kasebat Mesias. Para nabi martosaken perkawis Mesias, saengga wekdal Penjenenganipun rawuh saben tiyang saged mangertosi bilih Penjenenganipun punika tiyang engkang kautus Allah. Contonipun Yesaya engkang 700 taun sakderengipun Yesus rawuh, ngramalaken bilih Mesias badhe lahir, kanti wicanten, **"Lah, sang kenya bakal nggarbini sarta mbabar putra kakung, kang asmané bakal sinebut Imanuèl, tegesé: Allah nunggil kalawan kita."** Lajeng nabi Mikha wicanten Mesias badhe rawuh saking suwargi saha lahir dateng dunya ing kitha Betlehem. Lan punika leres bilih Mesias lahir wonten Betlehem. Ananging para nabi wau mboten namung martosaken perkawis lahiripun mawon. Sedaya sami ngramalaken bilih Mesias badhe sangsara saha sedo nggantosaken tiyang dosa. Nabi Daud nyerat, tiyang-tiyang badhe ngina, nyiksa, maku suku lan astanipun saha nyedani Penjenenganipun. Mboten namung ngramal perkawis sedonipun Mesias, Daud ugi ngramalaken bilih Allah badhe mungukaken Mesias saking antawis tiyang pejah, engkang mbuktikaken menawi Penjenenganipun punika Juruwilujeng engkang kautus Allah kangge milujengaken anak-anak Adam saking ukuman dosa. Sedaya dumados mekaten karena Allah piyambak engkang nresnani manungsa saengga para nabi wicanten mekaten, **"Enggoné nandhang sangsara kuwi saka kersané Allah' (Mesias dados kurban kanggo nebus dosa)"**

Sedherek pitados dateng nabi? Wekdal kita pitados, berarti kita ugi kedah pitados kalih engkang dipun serat. Kita emut bilih para nabi mboten wicanten saking pikiranipun piyambak, ananging Allah engkang paring hikmat ing rohipun saengga saged wicanten. Dados menawi kita nolak kangge mitadosi para nabi, berarti kita nolak Allah. Karena punapa engkang dipun wartosaken punika asaling saking Allah piyambak, wekdal ngramalaken Mesias badhe sedo dados kurban kangge ngangkat dosa manungsa.

Karena Allah ngasihi dunya lan mboten ngersakaken setunggal mawon manggih karisakan ing dosa, saengga Penjenenganipun ngrancang sedanipun Mesias. Njih perlu bilih setunggal tiyang engkang leres sedo kangge tiyang-tiyang dosa, supados saged nylametaken manungsa saking pengadilan Allah. Punika engkang diperlambangaken wonten penyerahan kurban cempe wekdal wiwitan. Yesus Kristus engkang lahir saking perawan kalih sarana kuwaosipun Allah, sejatosipun kurban sampurna saha pungkasan engkang Allah paringaken.

Sedherek emut pangandikanipun Yesus ing kajeng salib sakderengipun sedo? Penjenenganipun ngendikan, **“wis rampung”**. Penjenenganipun sampun nebus dosa kita kangge selaminye. Kanti menika babagan punika kita kedah pitados. Kados engkang kita waos bilih, **“Kabar Sae utawi berita Injil perkawis sedo saha wungunipun Yesus Kristus punika kakiyatané Allah engkang njalari kaslametan saben tiyang engkang pitados!”**

Nanging sayangipun kathah tiyang engkang mboten pitados kalih Wartos Sae punika. Padahal sakestus leres bilih, **“Kristus wus nglampahi séda marga saka dosa-dosa kita, nyondhongi surasaning Kitab Suci”** Sedaya engkang sengit Yesus, ngenyek, nyiksa saha nyedani lan engkang nresnani nguburaken. Ananging pati mboten saged ngawonaken. Lan tigang dinten saksampun penyalipanipun, Gusti Yesus wungu lan manggih pendherek-lipun antawis 40 dinten. Langkung saking 500 tiyang ningali Yesus saksampunipun wungu. Punika leres! Mesias sampun ngawonaken pati, mengsahipun manungsa engkang ageng! Wungunipun Yesus mbuktikaken bilih Allah sampun nampi pangurban-Nipun dados tebusan dateng dosa anak-anak Adam, saengga sinten mawon engkang pitados Penjenenganipun pikantuk bagian pigesangan engkang langgeng.

Punika wartos sae. Gusti Yesus seda kangge ngangkat dosa-dosa sedherek. Penjenenganipun medal saking kubur ing dinten kaping tiga kangge maringaken sedherek gesang langgeng. Maksud saking wartos injil punika kangge milujengaken sedaya tiyang engkang pitados Penjenenganipun. Pitakenipun sakmangkih, punapa sedherek pitados? Sabda Allah ngendikan, **“Iya dina iki dina keslametan iku! "Ing dina iki, menawa sira padha krungu kabar sae, aja padha mangkotaké atinira!"** Keslametan sanes karena hasil usaha kita, karena mboten wonten setunggal mawon tiyang saged nindakaken upaya engkang cekap kangge manggihaken Firdaus. Allah mboten nate nyade kawilujengan dateng sedherek! Penjenenganipun kersa paring dateng sedherek! Tumindak amal, sembahyang, lan pangibadah saged paring perasaan ayem ing manah sedherek, ananging sedaya wau mboten saged muasaken kaleresan Allah! Namung wonten 2 cara supados sedherek saged lumebet Firdaus:

1. Sedherek kedah ngakeni bilih sedherek tiyang dosa, lan bilih sedherek mboten gadah kekiatan kangge ngremenaken Allah.

2. Sedherek kedah pitados bilih Yesus Kristus punika Juru Wilujeng engkang diutus Allah kangge sedo ing kajeng salib lan ngangkat dosa sedherek. Lajeng Allah mungukaken Penjenenganipun saking antawisipun tiyang pejah supados sedherek pikantuk gesang langgeng.

Menawi sedherek pitados kalih wartos Injil, sedherek angsal yakin bilih sedherek badhe dibeto dateng Firdaus saksampunipun pejah. Karana sabdanipun ngendikan bilih sinten mawon pitados ing lebet asmanipun Yesus Kristus badhe nampi gesang langgeng.

Gusti Yesus ngendikan, **“Hé, para wong kang kesayahan lan kamomotan, padha mrénéa, Aku bakal gawé ayemmu. Pasanganku padha tampanana ing pundhakmu lan padha nggegurua marang Aku, awit Aku iki alus lan lembah-manah, satemah kowé bakal padha olèh ayeming nyawamu.”**

Punapa sedherek rumaos sayah karena dosa? Punapa sedherek purun nampi pangenteng-enteng ing gesang sedherek? Menawi sedherek pitados wartos Injil punika, Allah badhe paring pratanda bilih sedherek kagungan-Ipun saha ngintun Roh Yesus Kristus ing manah sedherek, saengga ngribah manah, gesang saha margining pigesangan sedherek. Kitab suci ngendikan, **“Dadi sapa kang ana ing Kristus, iku dadi titah anyar: Kang lawas wus sirna, lan kang anyar satemené wus teka.”**

Maturnuwun, sedherek sampun mindangetaken siaran kawulo. Gusti paring berkah dateng sedherek. Lan mugè sedherek penggalihaken pangandikan punika, **“Panjenengané kang milujengaké kita lan nimbali kita kalawan timbalan kang suci, ora adhedhasar panggawé kita, nanging adhedhasar karsa lan sih-rahmaté piyambak, kang wus kaparingaké marang kita ana ing Kristus Yésus sadurungé wiwitaning jaman. Lan saiki kawujudaké ana ing rawuhé Juru-wilujeng kita Yésus Kristus, kang lantaran Injil wus nyirnakaké pangwasaning pati sarta mbabaraké urip kang ora bisa rusak.”**

Menawi sedherek wonten pitakenan, sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386. SMS/WA. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 90

Pitakenan Manungsa; Jawaban Allah I

Sedherek kula pamireng seda sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel saha nampi karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminy.

Sedherek, kulo ngaturaken panuwun dateng sedaya engkang sampun paring pitakenan dateng kawulo perkawis punapa engkang dipun ajaraken dening kitab suci. Kawulo ugi ngaturaken raos panuwun dateng sedaya pamireng engkang tansah setya mirengaken program siaran Margining Karahayun.

Dinten sakmangkih lan ing program saklajengipun kita ngrancangaken perkawis engkang sanes. Kawulo kepengin mbagi kalih sedherek pitakenan-pitakenan engkang kawulo tampi saking pamireng kangge njawab. Kawulo namung badhe ngginakaken kitab suci, karana pangandikanipun Allah punika pepadhang engkang saged nuntun sedherek saking pepeteng. Kados engkang kaserat ing kitab Zabur, **“Pangandikan Paduka menika dados dilah ing ngajenging suku kawula, sarta dados pepadhang tumraping margi kawula.”**

Sakmangkih kita badhe ningali pitakenan-pitakenan engkang mlebet

Sepindah, Punapa agami tiyang engkang damel program Margining Karahayun?

Wekdal semanten, Allah ngengken ing manah kawulo supados madosi kaleresan-kaleresan-lipun. Kawulo kepengin mangertosi piyambak sabda saking setunggal Allah engkang leres. Kawulo maos Alkitab kanti teliti (Taurat, Zabur, Buku Nabi-Nabi saha Injil). Kawulo mangertosi bilih Yesus Kristus njih Juruwilujeng engkang diserat dening para nabi. Yesus enjih kurban pungkasan engkang sampurna, engkang Allah paringaken kangge nebus utang dosa anak-anak Adam. Supados sintenmawon engkang pitados pikantuk gesang langgeng selaminy. Yesus Kristus engkang asalipun saking Allah punika pribadi engkang saged mbeto kita dateng Allah. Kawulo sampun maringaken seda pangajeng-pangajeng kawulo kaPenjenenganipun.

Lajeng sinten kawulo? Kawulo njih para pendherek Yesus Kristus. Wonten Qur'an nyebat kawulo “Ahli Alkitab” engkang artosipun tiyang-tiyang buku. Tiyang sanes nyebat kawulo tiyang-tiyang

Kristen, engkang artosipun tiyang-tiyangipun Kristus. Lan wekdal punika kawulo badhe paring pangertosan bilih panci kathah tiyang nyebat piyambakipun Kristen, nanging mboten berarti sedaya leres-leres tiyang-lipun Kristus. Ndherek agami mboten saged ndadosaken sedherek gadah hubungan kalian Allah. Namung Yesus Kristus engkang saged mbeto manungsa dateng Allah. Mekaten bungahipun, karena kita nggadahi Kristus dados Juruwilujeng, Gusti saha Sakabat. Penjenenganipun sampun paring dateng kita hubungan engkang endah kalih Allah. Saben dinten Penjenenganipun nedahaken kasetyan saha katresnan-lipun dateng kita. Wonten ing Gusti Yesus Kristus, Allah sampun maringi kita sedayanipun engkang wonten hubunganipun kalih gesang langgeng.

Pitakenan Kaping Kalih mekaten; *Punika leres-leres ngganggu kulo. Kulo sampun maos Qur'an ing pundi nabi kulo paring parintah supados mitadosi kitab-kitab engkang katulis wonten ing Bibel kados Taurat lan Injil. Kulo ngormati Bibel/Alkitab lan sampun nilai maos. Ananging rencang-rencang kulo wicanten mboten saged mitadosi Alkitab, karena Alkitab kasebat sampun dirisak saha diwahi. Sedaya ngklaim bilih Alkitab engkang kulo waos benten kalih Alkitab asli. Kadospundi pendapat sedherek perkawis punika?*

Sakderengipun njawab pitakenan punika, kawulo nggadahi pitakenan kangge tiyang engkang ngklaim bilih buku-buku kuno saking para nabi sampun risak/diribah. Sumberipun punapa saengga dados alasan bilih Alkitab sampun dipalsukaken? Punapa landesan saking tuduhan serius mekaten? Kawulo tulung dipun paring mangertos, kapan Alkitab diribah? Ing pundi Alkitab diribah? Perubahan-perubahan punapa engkang ditindakaken? Punapa saged tiyang paring setunggal bukti bilih Alkitab sampun diribah?

Menawi sedherek kanti jujur neliti fakta-fakta perkawis Alkitab, sedherek badhe nemukaken bilih Allah sampun njagi sabda-Nipun engkang suci. Tiyang engkang ngklaim bilih Alkitab sampun dipalsukaken sedaya wau karena gosif. Mboten wonten bukti engkang saged ndukung tuduhan bilih Alkitab sampun diribah. Malahan kathah bukti engkang ndukung bilih alkitab punika asli.

Wekdal sakmangkih, ing museum-museum saha universitas-universitas ageng ing dunya, nyimpen ewunan gulungan buku-buku kuno perkawis seratan Injil lan sedaya Perjanjian Enggal. Kathah saking gulungan-gulungan kertas utawi buku-buku punika sampun wonten atusan tahun sadherengipun zaman nabi (**Muhamad**), mekaten ugi kertas saking Perjanjian Lami. Dados sedherek saged manggih mekaten akuratipun Allah ngrimat sabda-Nipun kangge kita. Alkitab engkang kita waos punika enjih Alkitab engkang sami nilai jaman wau.

Para nabi nyerat pangandikanipun Allah ing gulungan-gulungan saking kulit kewan saha serat wit-witan. Para penyalin Yahudi nyalin sabda Allah wau ing lembaran-lembaran enggal. Para penyalin

wau kanti atos-atos lan teliti nyalin saengga sami kalih teks aslinipun. Menawi wonten kelepatan anggenipun nyalin pramila sedaya gulungan lajeng dirisak. Para penyalin Yahudi wau pitados bilih ngribah sabda Allah berarti ngintervensi Allah piyambak!

Sedherek sampun mireng perkawis gulungan buku babagan Laut Mati engkang katemukaken taun 1947. Sedherek mangertos bilih gulungan buku Perjanjian Lami punika dicopy, 100 taun sakderengipun Yesus lahir? Nanging gulungan buku kuno punika panggah konsisten kalih gulungan engkang dicopy 1000 tahun saklajengipun! Alkitab mboten diribah!

Mboten wonten setunggal tiyang mawon saged ngribah Alkitab. Menawi tiyang pengin ngribah, piyambakipun kedah ngribah sedaya salinanipun. Mustahil punika, ing wekdal Yesus para tiyang pinter mulai nerjemahaken Alkitab saking basa aslinipun kadosta Ibrani, Aramic saha Yunani dateng basa-basa sanesipun. Ing jaman sakmangkin Alkitab sampun kaserat ing 2000 basa. Allah sampun njagi sabda-nipun engkang suci lan para abdi-Nipun nerjemahaken sabda wau ing basa-basa penduduk dunya karena Allah ngersakaken saben tiyang mireng nglakungi talinganipun piyambak, mangertosi ing penggalhipun piyambak, nampi ing manah lan kawilujengaken.

Punapa Allah saged njagi sabda-Nipun saking gangguan setan saha manungsa engkang kepingin ngribah saha ngrisak? Njih, Penjenenganipun saged! Allah Maha Ageng! Panci pedamelan setan kepingin ngribah sabda Allah ing pikiranipun manungsa. Misalipun ing kitab pertama Alkitab, kita mireng Allah ngendikan dateng Adam, **“Awit samasa kowé mangan wohé mau, ing dina kuwi uga kowé bakal mati.”** Nanging Setan nyangkal kalih punapa engkang Allah ngendikakaken, lajeng wicanten dateng Hawa, **“Kowe ora bakal mati.”** Dados Setan nyobi ngribah sabda Allah. Kedadosanipun Adam Hawa milih mitadosi setan lajeng nedha woh larangan. Akibatipun jiwaniipun pejah, raganipun lajeng pejah, persis kalih pangandikanipun Allah.

Sedherek. Sabda Allah punika pesti. Setan punika tukang apus-apus. Setan pengin ngapusi manungsa saha damel manungsa pitados seolah-olah Alkitab sampun diribah. Nanging Gusti Yesus ngendikan, **“Kitab Suci iku ora kena dibatalaké” Langit lan bumi bakal sirna, nanging tembung-Ku ora bakal sirna.”**

Pitakenan Kaping 3 mekaten **wonten punapa sedherek nyebat Yesus Anak Allah? Allah mboten nglahiraken lan mboten dilahiraken, lajeng kadospundi Yesus saged dados Anak-lipun?**

Wiwitan kawulo badhe matur dateng para pamireng, bilih kawulo mboten paring Yesus sebatan **“Putra Allah”** Allah piyambak engkang ngendikan saha nyebat Yesus Putra-Nipun. Lajeng kaping 2 sebatan **“Putra Allah”** mboten berarti bilih Allah mendhet simah lan gadhah Putra! Kados engkang kita mangertosi Yesus kagungan atusan nami saha jabatan ing Alkitab. Sebatan-sebatan wau

ndadosaken kita mangertos langkung sae Penjenenganipun. Misalipun Penjenenganipun kasebat **“lawang”** sanes berarti Yesus punika lawang saking kayu. Penjenenganipun kasebat, **“tetedhan engkang paring gesang”** mboten berarti Yesus punika tetedhan kados sekul kalih ulam. Para nabi nyebat Mesias, **“Cempening Allah”** mboten berarti Penjenenganipun Cempe. Mekaten ugi wekdal Allah nyebat Yesus Putra-Nipun. Kados tiyang manca negari nyebat kulo, **“Anak Indonesia”** amargi kulo saking Indonesia, sanes karena Indonesia mendhet semah lajeng gadah anak!

Mekaten ugi Allah, para malaikat saha para nabi nyebat Mesias, **“Putra Allah”** karena Penjenenganipun saking Allah. Yesus lahir saking perawan. Penjenenganipun mboten gadah bapak dunya. Malah sakderengipun lahir, Yesus wonten suwargi, karena Penjenenganipun njih **“Sabda Allah”** engkang sesarengan kalih Allah ing wiwitan mila. Punika sebabipun kitab suci ngendikan,

“Ing kala purwa Sang Sabda iku wus ana, déné Sang Sabda iku nunggil karo Allah sarta Sang Sabda iku Allah. Sang Sabda wus dadi manungsa, sarta dedalem ana ing antara kita, sarta aku lan kowé kabèh wus padha nyawang kamulyané, yaiku kamulyan kang kaparingaké marang Panjenengané yaiku Putra Ontang-antingé Sang Rama, kang kapenuhan ing sih-rahmat lan kayektèn. Ora ana wong siji-sijia kang wus tau weruh Allah. Sang Putra Ontang-anting kang ana ing pangkoné Sang Rama, iku kang nerangaké kawontenané.”

Yesus Putra Allah engkang langgeng, Sabda Allah engkang ngetingal ing dunya wujud manungsa.

Punapa punika sabda Allah? Mbokbilih sedherek njawab Sabda Allah njih kitab suci engkang diilhamaken Allah dateng para nabi kangge diserat. Leres sedherek, seratan para nabi Allah njih pangandikan Allah kangge kita- kados serat engkang Allah kintun dateng kita. Ijinnaken kawulo tangklet dateng sedherek perkawis rencang sae sedherek engkang manggen ing kita sanes. Pundi engkang sedherek remeni, serat punapa piyambakipun piyambak dumugi saha wicantenan langsung? Mekaten ugi ing ngarsanipun Allah mboten wonten engkang mokal. Penjenenganipun ngersakaken manungsa mangertos kadospunapa Penjenenganipun punika. Punapa sedherek gadah pemanggih bilih Allah namung ngintun serat mawon utawi Penjenenganipun kersa rawuh manggihi kita? Sedherek wartos saenipun Allah piyambak badhe rawuh manggihi manungsa engkang dosa.

Yesus pantes kasebat Putra Allah, karena Penjenenganipun sabda engkang sesarengan Allah ing wiwitan. Yesus injih Putra Allah engkang langgeng, wakil Allah engkang sampurna-tiyang engkang sampun njlentreraken sifat Allah dateng manungsa. Yesus rawuh dunya mbeto gambar Allah. Tepang Yesus ateges tepang Allah lan kawontenan-lipun.

Maturnuwun sampun mirengaken siaran kawulo. Menawi sedherek wonten pitakenan sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386. SMS/WA Nuwun...

Margining Karahayun

Pelajaran 91

Pitakenan Manungsa; Jawaban Allah II

Sedherek kula pamireng seda sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel saha nampi karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminy.

Sedherek, Alkitab ngendikan, *“Sabab pangandikané Allah iku gesang lan kiyat sarta luwih landhep tinimbang sakèhing pedhang kang landhep kiwa-tengen. Nunjem jero nganti misahaké nyawa lan roh, ros-rosan lan sungsum; bisa ngadili pikiran sarta pangangen-angening ati kita.”* Nah, sakmeniko sumonggo kita wangsul dateng pitakanan-pitakenan sedherek.

Sepindah, pamireng nyerat, *“sedherek wicanten wonten setunggal program: “ perkawis engkang awon asalipun sanes saking Allah.” Kulo mboten setuju karena kulo pitados bilih Allah wiwitan nyipta perkawis engkang awon sakderengipun nyipta perkawis engkang sae.*

Ijinaken kawulo njawab pitakenan punika kalih setunggal pitakenan engkang wonten ing lebet Alkitab, *“Apa ana sumber kang metu banyuné tawa lan pait saka etuk siji?”ora ono!”* (Yak.3:11) Kadosdene sumber toya mboten ngedalaken toya tawa saha toya asin, mekaten ugi Allah mboten saged dados sumber engkang sae saha awon. Kitab suci ngendikan, *“Allah iku pepadhang lan Panjenengané ora kadunungan pepeteng babar pisan.”* (1 Yoh.1:5). *Menawa ana wong kang kena pacoban aja ngucap mangkéné, “Aku lagi dicoba déning Allah.” Jalaran Allah ora kena cinoba déning piala, sarta Panjenengané ora nindakaké panyoba marang sapa baé. Nanging saben wong dicoba déning pepénginané dhéwé, jalaran disèrèd sarta dipilut déning pepénginan iku. Sadulur kang daktresnani, aja padha kesasar! Saben peparing kang becik sarta saben ganjaran kang sampurna iku asalé saka ing ngaluhur, katedhakaké saka Ramané sakèhing pepadhang; kagem Panjenengané ora ana owah-owahan utawa gambaran bakal molah-malih. Marga saka karsané piyambak, Panjenengané wis nitahaké kita sarana pangandikaning kayektèn, supaya kita padha ana ing tataran kang pinasthi padha dadi putra pambarep ing antarané para titah kabèh.* (Yak.1:13,14,16-18).

Nabi Allah, Habakuk nyerat, *“Dhuh Pangéran, Paduka menika Allahsuci saha langgeng, inggih Allah ingkang ngreksa kawula? Paduka menika mahasuci, kangge mirsani piawon lan Penjenengan*

mboten saged kompromi kalepatan". (Habakuk 1:12-13), Karana punika, menawi Allah mboten saged kompromi kali kalepatan, kita mboten angsal pitados bilih Allah saged nyipta perkawis engkang awon. Allah nyipta malaekat engkang naminipun Lucifer, ananging Lucifer dados Setan kanti milih nglawan Allah. Allah nyipta Adam, ananging Adam dados tiyang dosa kanti milih mboten taat dateng Allah. Sabda Allah ngajaraken kita, bilih Setan saha manungsa engkang mboten leres dados sumbering piawon. Ananging Allah saha sabda-Nipun sumber kesaenan.

Pitakenan Kaping 2 mekaten: ***Menawi Allah suci saha mahamirah, wonten punapa Penjenenganipun nenggo saha mirsani mawon cecongkrahan, peperangan, pinaten saha kejahatan dunya punika? Punapa Penjenenganipun mboten saged paring pitulung dateng tiyang-tiyang engkang kasisahan?***

Sakestu Allah punika Gusti engkang maha mirah lan punapa engkang kedah ditindakaken kangge nulung tiyang-tiyang engkang sisah, sampun ditindakaken! Penjenenganipun ngutus penebus engkang leres, Yesus Kristus kangge ngrukunaken manungsa kalih Penjenenganipun lan nglangkungi seda-Nipun kangge dosaning dunya. Nanging sakderengipun manungsa leres-leres dirukunaken kalih sesaminipun, tumindak utami manungsa kedah pitados Yesus dados Juruwilujeng engkang Allah utus saha taat ka Penjenenganipun. Menawi hubungan kita kalih Allah sae, mesti hubungan kita kalih tiyang sanes sae, lan katentreman sejatos wonten. Sedaya tergantung respon kita dateng Allah. Kita kedah pikantuk obat engkang Allah sampun siapaken. Ugi perlu dipun emut bilih Allah badhe ngadili dunya karena kejahatanipun. Sabda Allah ngendikan, mekaten suraosipun, *"Ing kana bakal ora ana laknat manèh. Panjenengané bakal ngusapi sakèhé luh saka ing mripaté, lan bakal ora ana pati manèh; sedhik lan pasambat apadéné kasusahan iya wis ora ana manèh; amarga samubarang kang lawas wis padha kapungkur."* (Wahyu 22:3, 21:4)

Pitakenan kaping tiga: kulo pitados bilih kulo tiyang dosa lan dosa kasebat wonten pengaruhipun kanggekulo, nanging mboten badhe wonten pengaruhipun kangge anak-anak kulo, karena anak-anak mboten nindakaken. Nanging penjenengan ngendikan bilih dosa engkang ditindakaken leluhur kita Adam ing taman Firdaus nyebar dateng sedaya keturunanipun, saengga Allah mesti badhe ngukum. Kadospundi saged mekaten?

Kita sarujuk, menawi sedherek kagungan putra lan ngrimat ing setunggaling griya piyambak. Iare mesti badhe niru sifat sahe saha awon saking tiyang sepuhipun. Cara wicanten, cara menggalih, cara gesang nggambaraken tumindak sedherek. Kita sedaya keturunan keluarga Adam Hawa. Kita keturunan saking tiyang-tiyang engkang mboten taat dawuhipun Allah. Punapa kita mboten kados leluhur? Sinten engkang saged wicanten, kulo mboten nate nyimpang saking dawuhipun Allah? Kita sedaya lepat. Kita lahir kanti setunggal sifat engkang mboten nuruti pangandikanipun Allah. Saking

pundi kita marisi sifat wau? Saking Adam. Kados penyakit engkang nggegirisi, dosa sampun sumebar dateng kita sedaya. Remen punapa mboten, mekaten kawontenanipun. Sabda Allah ngendikan, *“tekané dosa ing jagat jalaran saka wong siji, sarta tekané pati marga saka dosa mau, mangkono iku pati wus nyrambahi marang wong kabèh, jalaran wong kabèh mau wis padha gawé dosa”* (Rom.5:12) . Nanging mboten sedaya pangajeng ical, karena Sabda Allah ugi ngendikan, *“Dadiné padha kaya panerak siji nekakaké paukuman marang wong kabèh, mangkono uga marga saka panggawéné wong siji kang bener, njalari wong kabèh padha kabeneraké supaya urip.”*(Rom.5:18)

Pitakenan saklajengipun, wonten punapa Alkitab dipun bagi kalih bagian, Perjanjian Lami saha Perjanjian Enggal?

Ringkesipun, sedaya engkang diserat para nabi punika wasiat. Perjanjian Lami kaserat sakderengipun Mesias lahir. Lajeng Perjanjian Enggal kaserat saksampunipun Yesus lahir. Wartos saking para nabi Allah engkang nyerat perjanjian lami njih, **“Allah badhe ngutus Mesias!”** Nanging wartos saking perjanjian enggal, **“Allah sampun ngutus Mesias kados engkang sampun dijanjaken nglakungi para nabi-Nipun.”** Kawulo ngaturaken raos panuwun dateng Allah bilih Alkitab kagungan kalih bagian—perjanjian Lami saha perjanjian enggal, karena ing kalih bagian punika kita saged ningali bilih punapa engkang Allah sampun janjikaken sampun dijangkepi! Allah ngutus Juruwilujeng, Yesus Kristus kados Janji-Nipun dateng leluhur kita nglangkungi kitab Taurat, Zabur saha seratan para nabi.

Saklajengipun, mekaten pitakenanipun: Katah tiyang wicanten bilih mboten mangertos punapa badhe kesah dateng suwargi utawi neraka. Allah piyambak engkang pirsas, nanging sedherek wicanten bilih menawi sedherek pejah dinten sakmangkih, mesti mlebet suwargi. Punapa alasan sedherek klaim mekaten?

Sabda Allah ngendikan mekaten, *“Sedaya nabi damel paseksi srana ngandika, bilih sok sintena ingkang pitados dhateng Gusti Yésus, dosa-dosanipun badhé dipun apunten awit saking pangwaosipun.”* Kabèh iku mau daktulis marang kowé, supaya kowé kang padha pracaya marang asmané Putraning Allah, padha sumurupa yèn kowé kabèh iku padha nduwèni urip langgeng.” punapa sedherek leres-leres pitados dateng Gusti Yesus saha pangorbani-lipun engkang sampurna? Punapa sedherek namung pitados, “tumindak sae” sedherek piyambak? Namung tiyang engkang pitados dateng Yesus Kristus wicanten kanti jujur, *“kulo mangertos bilih kulo kagungan gesang langgeng!”*

Wonten ugi pitakenan mekaten, “Yesus ngendikan bilih Juru Pitulung utawi “parakletos” badhe rawuh saksampunipun Penjenenganipun. Sinten engkang dipun maksud Yesus?

“Parakletos” punika tembung Yunani engkang artosipun penasehat, pitulung. Gusti Yesus ngendikan bilih Pitulung punika sanes manungsa, ananging Roh. Roh Allah engkang suci, engkang badhe rawuh lan manggen ing manah tiyang engkang nampi Injil. Punika sebabipun Kitab Suci ngendikan, *“kowé wis padha ngrungokaké pangandikaning kayektèn, yaiku Injiling karahayonmu, — sawusé kowé kabèh padha pracaya. Déné Roh Suci iku kang dadi tanggunganing warisan kita nganti kita padha tanpa tebusan kang njalari kita dadi kagungané Allah, supaya memuji kaluhurané.”*

Pitakenan pungkasan mekaten; kulo mangertos saking program sedherek, kulo badhe lumebet Firdaus menawi kulo nampi Yesus dados Juruwilujeng. Punapa menika artosipun kulo saged gesang kados engkang kulo kepenginaken saha nindakaken tumindak awon lan ugi taksih saged kesah Firdaus wekdal pejah? Punapa engkang dingendikaken Alkitab perkawis punika?

Wartos sedonipun Yesus Almasih ing kajeng salib saha wungunipun saking kubur punika rancangan Allah kangge mbebasaken manungsa saking paukuman saha kuwaos dosa! Menawi sedherek nampi wartos sae ing manah kanti iman engkang tulus. Sabda Allah njelasaken, wekdal sedherek pitados, Allah badhe ngapunten sedaya dosa sedherek ing lebet asmanipun Yesus, kados engkang Penjenenganipun janjikaken. Saklajengipun Allah badhe nganyaraken manah sedherek kalih kuwaos Roh Suci. Saengga sedherek nyengit sedaya tumindak awon, lan gesang enggal kados pangandikanipun, **“Dadi sapa kang ana ing Kristus, iku dadi titah anyar: Kang lawas wus sirna, lan kang anyar satemené wus teka.”**

Awit wekdal sampun telas, kita bedhe pepisahan rumiyin. Gusti paring berkah dateng sedherek sami. Menawi wonten pitakenan sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386 SMS/WA. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 92

Kadospundi Cara Gesang Pendherek Yesus?

Sedherek kula pamireng seda sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel saha nampi karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminy.

Kados engkang kawulo janjikaken ing program kepengker, dinten sakmangkih kita badhe sinau kadospundi cara pigesangan tiyang engkang pitados Yesus Kristus. Sampun kita mangertosi menawi pendherek Yesus injih tiyang engkang wiwitan ngakeni bilih piyambakipun tiyang dosa wonten Ngarsan-Ipun Allah saha piyambakipun mboten gadah pangajeng lumebet suwargi nglangkungi usahanipun. Kaping kalih piyambakipun pitados, Allah gadah rencana kangge ngapunten dosa keturunanipun Adam nglangkungi sedanipun Yesus Kristus wonten kajeng salib. Allah masrahaken penebus engkang suci dateng kematian kangge dosa kita saha mungkaken Penjenenganipun kangge gesang supados saged ngadili kita dados tiyang leres.

Ringkesipun pendherek Yesus Kristus njih tiyang engkang pitados dateng Yesus Almasih kanti sakgumolonging manah saha mangertos bilih dosanipun sampun diapunten, kados engkang Allah janjikaken nglangkungi sabdanipun. Allah nganggep bilih sedaya tiyang engkang nampi Yesus Mesias lan pitados ing asmanipun dados putra-Nipun, kados engkang kaserat mekaten, *“putraning Allah, yaiku wong kabèh kang padha pracaya marang asmané, kang lairé ora saka ing getih, iya ora saka kareping daging utawa saka karepé wong lanang, nanging saka ing Allah.”*

Yesus rawuh kangge mbebasaken kita saking kuwaos dosa. Sinten mawon engkang pitados Yesus mboten malih dados budak dosa. Tiyang engkang sampun Allah wilujengaken gadah manah engkang enggal, Allah ndadosaken manahipun resik. Tiyang engkang sampun pitados Yesus badhe nebihi tumindak najis. Punika sebabipun Injil ngendikan, *“Dadi sapa kang ana ing Kristus, iku dadi titah anyar: Kang lawas wus sirna, lan kang anyar satemené wus teka.”*

Menawi sedherek ngagem rasukan putih resik, punapa sedherek badhe lenggah wonten panggenan reget? Mboten, sedherek mesti nebihi. Sami artosipun tiyang engkang sampun diresiki dosa-dosanipun, mesti tumindakipun kepengin tansah ngremenaken Allah. Menawi rencang ngapunten sedaya kalepatan sedherek, mestinipun sedherek mboten kepengin nyakiti manahipun. Mekaten ugi

menawi Allah sampun ngapunten sedaya dosa lan milujengaken sedherek saking paukuman langgeng, punapa sedherek mboten ngaturaken raos panuwun saha ngormati Allah wonten penggalih saha tumindak sedherek?

Pirengaken punapa engkang Injil ngendikaken perkawis kagunganipun Gusti Yesus

"Amarga ing mauné urip kita iya padha tanpa budi: wangkal, nasar, kawengku ing hawa-napsu rupa-rupa lan kanikmatan kadonyan, urip ing sajroning piala lan drengki, rusuh, sengit-sinengitan. Nanging bareng kamirahaning Allah, Pamarta kita, wis kababar, sarta katresnané marang manungsa, ing waktu iku Panjenengané nylametaké kita, ora marga saka panggawé becik kang wis kita lakoni, nanging marga saka sih-rahmaté sarana padusan-lair-manèh lan marga kaanyaraké déning Roh Suci, kang wis kaparingaké marang kita déning Yésus Kristus, Pamarta kita, Uripmu dikaya bocah kang mbangun turut, aja nuruti hawa-napsu kang ngwasani kowé nalika kowé isih padha bodho. Nanging kowé padha dadia suci ing sajroning uripmu, kayadéné Panjenengané kang suci, kang wis nimbali kowé, sabab ana tulisan mangkéné: Sira padha dadia suci, jalaran Ingsun iki suci. supaya kita, kang wis kabeneraké déning sih-rahmaté, padha wenang nampani urip langgeng, cundhuk karo pangarep-arep kita."

Allah ngersakaken putra-putra-Nipun nedahaken gesang kanti sifat-Ipun Allah, Allah ngersakaken sedaya kados Penjenenganipun. Lajeng kados punapa Allah punika? Kalih sifat Allah engkang utami njih Kasucinipun saha Katresnanipun. Allah punika pribadi engkang suci. Penjenenganipun ugi dikebaki kalih Katresnan. Penjenenganipun ngersakaken kita suci saha ntresnani sesami kadosdene Allah ntresnani kita. Gesang suci saha manah engkang ntresnani punika engkang mbntenaken kagunganipun Gusti kalian mboten. Sabda Allah ngendikan,

"Iki titikané para putraning Allah lan para anaké Iblis; sapa baé kang ora nindakaké apa kang bener iku asalé ora saka Allah, mangkono uga kang ora tresna marang saduluré tunggal pracaya. Awit saka iku padha nulada marang Allah, dikaya putra-putra kang kinasihan lan padha uripa ing katresnan, kayadéné Kristus Yésus uga wis ngasihi kowé kabèh lan masrahaké sarirané kanggo kita minangka pisungsung lan kurban kang arum kagem Allah. Menawa ana wong kang muni, "Aku tresna marang Allah," nanging sengit marang saduluré, iku wong goroh. Awit sapa kang ora tresna marang saduluré kang katon, mokal bisa nresnani Allah kang ora katon."

Punika pangandikanipun Injil perkawis cara gesang tiyang pitados Yesus Kristus. Punapa artosisipun bilih pendherekipun Yesus mboten saged tumindak dosa malih? Mboten, piyambakipun taksih saged tumindak dosa, nanging mboten gesang ing lebetipun. Dados kagungan Yesus Kristus mboten namung agami---ananging hubungan. Wekdal tiyang dados kagungan Yesus, piyambakipun mbeto

persekutuan kalih Allah engkang suci. Hubungan manungsa kalih Allah engkang sampun risak karana dosa Adam, sampun dipulihaken malih nglangkungi rah-Ipun Yesus engkang mancur ing nginggiling kajeng salib, saengga Allah mboten ngemut=emut malih sedaya utang dosa kita. Allah punika Rama kita ing suwargi, punika sebabipun Injil ngendikan, *“awit iya marga saka Panjenengané iku kita sakaroné ana ing Roh siji padha olèh dalam marang ngarsané Sang Rama. Marga saka iku, kowé dudu wong manca lan wong neneka manèh, nanging wus nunggal dadi sagolongan karo para suci lan nunggal dadi brayating Allah,”*

Kadospundi kita saged ngraketaken hubungan kalian Allah? Sakmbotenipun wonten sekawan tanggeljawab engkang kedah kita mangertosi.

Sepindah Gesang saking dawuh Allah, artosipun maos saha menggalihaken dawuhipun ing manah lan nindakaken ing saben dintenipun. Allah ngendikan nglangkungi dawuh-Ipun. Sabda Allah tetedan engkang paring gizi saha kekiatan ing roh kita. Sinten engkang sakestu nresnani Yesus, mesti badhe maos saha mirengaken pangandika-Nipun kanti temenan.

Kapingkalih Ndendonga dateng Gusti, Rama kita ing suwargi. Soksintena engkang kepingin tansah gadah hubungan kalian GUsti Allah, badhe asring wicantenan kalih Penjenenganipun. Kangge pendherekipun Kristus, ndendonga artosipun wicantenan kalih Allah kadosdene sedherek wicantenan kalih rencang. Mboten wonten wekdal khusus menawi kita badhe ndendonga wicantenan kalih Allah. Allah ngersakaken kita tansah memuji saha ngaturaken raos syukur dateng sedaya pedamelan-Nipun. Penjenenganipun malah ngajak kita matur dateng Penjenengan=Ipun kangge sedaya raos kuwatos kita. Pebdherekipun Yesus mangertos bilih ndedongo punika gadah kuwaos. Gusti Yesus piyambak janji dateng pendherekipun mekaten, *“Nyuwuna apa waé atas jeneng-Ku, Aku bakal nyembadani.” Aja padha nyumelagaké bab apa baé, nanging sakèhing pepénginanmu padha aturna marang Allah ana ing pandonga lan panyuwun kalawan saos sokur.”*

Kapingtiga, mikempal kalian tiyang pitados saha nresnani Gusti Yesus sanesipun. Kados batu bara engkang tetap anget langkung lami wekdal dilebetaken ing lebetipun latu sesarengan batu bara sanesipun, melaten ugi pikempalan kita kalih tiyang-tiyang pitados sanes badhe nulung kita kangge gesang ing Yesus. Sabda Allah ngendikan, *“Ayo kita padha nggatèkaké kebutuhané wong siji lan sijiné, sarta padha tulung-tinulung, yakuwi tandhané katresnan lan kabecikan. Kita aja padha ngedohi pakumpulan-pakumpulan pangibadah kita, kaya pakulinané sawenèhing wong, ananging payo padha éling-ingélingaké, luwih manèh anggon kita ngerti menawa dina rawuhé Gusti wis saya cedhak.”*

Kapingsekawan, dados saksi-saksi-Nipun. Cobi pirengaken pangandikanipun Yesus sakderengipun migrat dateng suwargi, *“Ana tulisan mangkéné: Mésias pinasthi nandhang sangsara lan ing telung dinané wungu saka ing antarané wong mati. Karodéné manèh: pawarta bab pamratobat lan apuraning dosa kudu kaundhangaké marang sakèhing bangsa....kowé kang padha dadi seksiné bab iku mau kabèh.”*

Njih, pendherekipun Yesus badhe martosaken dateng tiyang sanes perkawis JuruWilujengipun, nyariosaken hubungan indah kalih Allah selaminipun. Mesti mawon, kesaksian kita mboten namung winates kalih carios mawon, ananging kedhah kalih gesang engkang suci saha kalian katresanan. Punika perubahan engkang sampun Yesus damel dateng kita, engkang ngiataken pesen Injil. Kados Sabda Allah mekaten, *“Sabab kratoné Allah iku ora awujud tembung, nanging wujud kakiyatan.”*

Sedherek, punapa wonten dinten ing pundi sedherek kepanggih kalih Juruwilujeng enggih Yesus Kristus engkang sampun ngapunten sedaya dosa saha ngribah manah sedherek? Punapa gesang sedherek kebak kalih kasucin lan katresnanipun Allah? Punapa sedherek leres-leres pendherekipun GUsti Yesus?

GUsti mberkahi sedherek, wekdal menggalihaken pangandikanipun Gusti, *“Allah iku pepadhang lan Panjenengané ora kadunungan pepeteng babar pisan. Saupama kita padha ngaku tetunggalan karo Panjenengané, mangka urip kita padha ana ing sajroning pepeteng, dadi kita padha goroh lan ora padha nindakaké apa kang bener.”*

Maturnuwun sedherek sampun mirengaken siaran kawulo, menawi sedherek wonten pitakenan sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386. WA/SMS. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 93

Tinjauan 1- Adam: Persoalan Dosa

Kejadian 1-4

Sedherek kula pamireng seda sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanhipun Gusti Allah engkang Maha Asih engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel saha nampi karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminy.

Kita sampun dangu sinau kitab-kitab suci saking para nabi lan kita ugi sampun ningali bilih Allah sampun ngilhami langkung 40 nabi (antawis 1500 taun) kangge nyerat sabda-Nipun- buku engkang nyariosaken perkawis margining karahayun, ing pundi tiyang-tiyang dosa saged kaleresaken ing Ngarsa-Nipun Allah. Punapa engkang dipun serat punika mboten saking pikiranipun piyambak ananging karana Roh Allah. Pasinaun kita ing dinten sakmangkih enggih "Perkawis Dosa"

Sakmeniko sumonggo kita wangsul wonten ing Taurat engkang Allah panggenaken ing penggalhipun Musa. Sedherek emut ayat wiwitan? Ayat wiwitan ngendikan, "*Ing wiwitan mula Gusti Allah nitahaké jagad.*" Ing ayat punika kita ningali sakderengipun dunya, malaikat saha manungsa dicipta, Allah sampun wonten. Allah enjih Gusti kangge pigesangan langgeng, Roh engkang langgeng. Penjenenganipun mboten kagungan wiwitan saha pungkasan. Penjenenganipun Mahakuwaos engkang pirs sedayanipun.

Ing pasal sepindah, kita maos perkawis kadospundi Allah nyipta langit, dunya, laut saha isinipun 6 dinten. Allah sampun nyiapaken dunya kangge manungsa engkang Penjenenganipun rancangaken kangge dicipta. Punika sebabipun, ing dinten kaping 6 Allah ngendikan, "*Ayo Kita padha yasa manungsa, nulad gambar lan pasemon Kita. Manungsa iku ngwasanana iwak-iwak, manuk-manuk, lan sakèhé kéwan ingon-ingon lan kéwan alasan, sing gedhé tekan sing cilik dhéwé pisan.*" Gusti Allah nuli yasa manungsa nulad gambar lan pasemoné Piyambak."

Saking sedaya ciptaan Allah, manungsa punika ciptaan engkang paling penting. Allah nyipta manungsa nulad gambar-lipun. Allah ngrancang kangge gadah hubungan engkang sae kalian manungsa. Punika sebabipun Allah manggenaken ing jiwaniipun manungsa roh supados saged tepang kalih Allah, saha nggadahi manah nresnani Allah ing pikajeng bebasipun saged naati Allah.

Pasal Kalih kita waos, Allah manggenaken manungsa injih Adam ing taman Firdaus. Ing mrika kita ugi ningali Allah nyipta tiyang setri saking iganipun Adam. Adam namiaken tiyang setri wau Hawa. Allah paring cekap dateng sedaya kebetahan manungsa. Nanging wonten setunggal engkang Allah kersaaken saking manungsa engkang dicipta miturut gambar-lipun punika. Allah ngersakaken manungsa ntresnani Penjenenganipun kanti sakgumolonging penggalih, manah saha kekiatan saengga nggadahi hubungan engkang sae selaminye kalia Allah. Ing mrika kita ugi ningali Allah nguji dateng manah manungsa, kanti paring dawuh mekaten, *"Sarupané wit-witané petamanan iki wohé olèh kokpangan, kejaba mung witing pangerti bab kang ala lan becik, kuwi wohé aja kokpangan. Awit samasa kowé mangan wohé mau, ing dina kuwi uga kowé bakal mati."*

Lajeng pasal 3, kitab suci nyarioasaken bilih Iblis njih malaekat engkang sampun berontak dateng Allah ndugini Adam lan Hawa ing ujud sawer. Piyambakipun wicanten, *"Apa bener Gusti Allah ora marengaké kowé mangan wohing wit-witan kabèh sing ana ing petamanan iki?" Allah ngendika aja kok pangan wohé wit sing ana ing satengahé petamanan supaya kowé aja padha mati."* Gusti Allah enggoné ngandika mengkono mau merga pirsya yèn samasa kowé padha mangan woh kuwi, kowé bakal dadi kaya Gusti Allah, lan ngerti apa sing becik lan sing ala."

Punapa badhe dumados pangandikanipun Gusti Allah dateng Adam saha Hawa, menawi manungsa nedha woh larangan? Allah ngendikan, **"Kowe bakal mati"** Lajeng punapa wicantenipun Iblis, Iblis wicanten, **"Kowe ora bakal mati"** lajeng punapa engkang ditindakaken Allah? Punapa mendel kemawon? Mboten, Allah nindakaken punapa engkang sampun dingendikaken njihpunika ngutuk dunya manggenaken manungsa ing njawinipun taman. Ing mriku manungsa ngraosaken raos pejah ing manahipun, kapisah saking Allah sumbering pigesangan. Engkang wonten sakmangkah enjih pejahipun raga saha paukuman langgeng, awit pituwasipun dosa njih pati.

Punapa sedherek emut janji Allah engkang endah dateng Adam saha Hawa ing dinten piyambakipun dumawah dosa? Allah janji bilih Penjenenganipun badhe ngutus dateng dunya penebus suci, engkang badhe nebus anak-anak Adam saking dosa saha kuwaosipun Iblis. Penebus wau badhe lahir nglangkungi perawan.

Lajeng ing Injil kita ningali, bilih ewunan taun saksampunipun Allah janji ngutus Juruwilujeng, ing dinten engkang sampun ditentukaken Penjenenganipun rawuh. Juruwilujeng lahir tanpa bapa kadunyan, Penjenenganipun lahir saking perawan. Asmanipun Yesus, engkang artosipun Allah milujengaken. Njih, Yesus Kristus penebus engkang suci engkang Allah janjikaken dateng Adam saha Hawa wekdal dumawah ing dosa.

Sedherek emut punapa engkang ditindakaken Adam saha Hawa saksampunipun nedha woh pangertosan sae saha awon? Adam Hawa nganyam gegodhongan kangge nutupi auratipun karena isin, sebab sakderengipun dumawah ing dosa sanajan wudo nanging mboten wonten raos isin. PUnapa Allah nampi rasukan godhong engkang dipun damel manungsa? Mboten. Wonten punapa?

Allah pengin paring pangertosan bilih mboten wonten engkang saged manungsa tindakaken kangge nutupi raos isin wonten Ngarsanipun Allah karena dosa. Ananging Allah nindakaken perkawis kangge Adam saha Hawa, njih punika mundhut kewan engkang mboten dosa lajeng dikurbanaken karena dipundut kulitipun kangge rasukan Adam Hawa. Kanti cara punika Allah ngajaraken Adam lan Hawa bilih pituwasipun dosa punika pati! Allah mboten namung ngorbanaken kewan ananging ugi mrentahaken Adam saha keturunanipun ugi kangge misungsungaken kewan engkang mboten cacat dados kurban panebusipun dosa, ngantos wekdalipun Allah ngutus Sang Penebus. Kurban wau nggambaraken penebus engkang suci engkang badhe rawuh lan ngocoraken rah-lipun ing kajeng salib kangge nebus dosa keturunan Adam. Kurban wau kagenepi kalian rawhipun Yesus Almasih dateng ngalamdunya. Penjenenganipun sedo dados kurban sampurna kangge ngangkat dosa manungsa. Kanti cara punika Allah nedahaken bilih Penjenenganipun leres, *“kagem ngatingalaké kaadilané ing jaman saiki, supaya tetéla menawa Panjenengané iku bener, lan uga mbeneraké wong kang pracaya marang Yésus.”*

Namung kanti cara Allah punika manungsa saged nampi pangapuraning dosa. Usaha manungsa mboten saged ndadosaken manungsa dipun tampi Allah. Kekalih anak Adam, injih Kabil saha Habil sami paring pisungsung kurban kagem Allah. Kabil paring pisungsung hasil saking siti engkang sampun dikutuk dening Allah, saengga pisungsung wau dipun tolak Allah. Kabil etok-etok pitados Gusti ananging tumindakipun mboten mekaten. Habil paring pisungsung kurban cempe, engkang ateges miturut kalih dawuh Allah, karena **“mboten wonten pangapuraning dosa tanpa wutahipun gerih.”** Saengga pisungsungipun ditipun tampi Allah karena Habil pitados kalih pangandikanipun Allah.

Habil nggambaraken tiyang engkang dianggep leres dening Allah karena imanipun dateng Yesus Almasih, engkang sampun ngocoraken rah-lipun kangge mbayar dosa manungsa. Kabil nggambarake manungsa engkang nganggep leres wonten Ngarsanipun Allah nglangkungi rekadayanipun piyambak, nolak pangurbananipun sang penebus engkang Allah utus saking suwargi. Ngantos sakmangkih namung wonten kalih margi: margi Habil saha Kobil. Pundi engkang sedherek pilih? Punapa sedherek sampun nampi margi Habil njih margi karahayun njih kurban mesias engkang suci engkang Allah utus? Utawi taksih lumamph wonten margi Kobil njih margi kambotenleresan engkang dipun landesi kalian pedamelan manungsa saha persyaratan agami?

Sedherek pamireng, perlu dipun emut bilih Allah punika leres lan mboten kompromi dosa. Allah mboten saged ngendikan dateng Adam Hawa saha sedaya keturunanipun: “ **Aku ngerti kowe kabeh wis dosa, nanging ora popo. Iku dudu urusan gedhe, Aku arep nglalekake yen kowe wis gawe dosa!**” Punapa Allah saged ngapunten dosa kanti mekaten? Mboten. Menawi Allah tumindak mekaten, kadospundi tiyang-tiyang dosa saged ngakeni kasucin-Ipun? Allah punika hakim engkang leres lan kedag ngukum dosa. Pituwasipun dosa punika pati! Punika sebabipun penebus engkang suci kedah sedo kangge dosa-dosa kita. Wekdal Penjenenganipun sedo ing kajeng salib, Penjenenganipun mbayar ukuman dateng dosa kulo saha sedherek.

Pirengaken pangandikanipun Injil perkawis margi kaleresan engkang Allah tetepaken sakderengipun, mekaten suraosipun: “ **padha kaya tekané dosa ing jagat jalaran saka wong siji, sarta tekané pati marga saka dosa mau, mangkono iku pati wus nyrambahi marang wong kabèh, jalaran wong kabèh mau wis padha gawé dosa.**” Sedaya manungsa sampun dumawah dosa saha kecalan kamulyaning Allah. Ananging karena kamirahanipun Allah sampun dipun leresaken karena penebusan Yesus Kristus. Yesus Kristus sampun katetepaken Allah dados margi pirukunan karena iman ing Rah-Ipun.

Maturnuwun sedherek, sampun mirengaken siaran kawulo. Gusti paring berkah dateng sedherek. Menawi wonten pitakenan, sumonggo sedherek ngubungi kawulo ing no 081333777386. SMS/WA. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 94

Tinjauan 2- Abraham: Leres Nglangkungi Iman

Kejadian 6-22

Sedherek kula pamireng seda sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanhipun Gusti Allah engkang Maha Asih engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel saha nampi karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminy.

Dinten sakmangkih kita badhe nglajengaken tinjauan kita perkawis wartos saking para nabi. Wartos saking para nabi wujudaken carios-carios Allah engkang endah, perkawis punapa engkang sampun Penjenenganipun damel kangge madosi saha milujengaken anak-anak Adam engkang ical wonten ing dosa Ringkesipun, wartos para nabi Allah njihpunika Injil perkawis kadospundi manungsa engkang mboten leres didamel leres wonten Ngarsa-Nipun Allah.

Saben carios engkang diserat ing kitab suci nggadahi wiwitan saha pungkasanipun. Program kepengker kita ngrembag malih carios manungsa wiwitan njih Adam Hawa engkang sampun nderek Iblis mengsahipun Allah. Setunggal dosa Adam sampun nyebabaken sedaya keturunanipun lahir wonten dosa, ing mergi tumuju neraka. Sebagian manungsa nyobi nyangkal perkawis punika kanti wicanten," **Dosa Adam punika persoalanipun piyambak! Dosa kasebat mboten mempengaruhi kawulo!**" nanging tiyang engkang wicanten mekaten wau ngremehaken kitab suci para nabi engkang ngendikan, "*padha kaya tekané dosa ing jagat jalaran saka wong siji, sarta tekané pati marga saka dosa mau, mangkono iku pati wus nyrambahi marang wong kabèh, jalaran wong kabèh mau wis padha gawé dosa.*"

Wonten ing Injil, kita ningali bilih wekdal engkang ditetepaken Allah sampun dumugi. Penjenenganipun ngutus tiyang engkang dijanjiaken, njih Juruwilujeng. Yesus naminipun. Cobi pirengaken kadospundi Allah njelasaken perbedaanyipun antawis Adam engkang dosa kalian Yesus engkang mboten dosa. Kitab suci ngendikan:

"Sabab, yèn marga saka paneraké wong siji, pati wis ngwasani marga saka wong siji iku, méndahané manèh wong kang wis padha nampani kalubèraning sih-rahmat sarta ganjaran awujud pakaryané Allah kang mbeneraké, mesthi bakal urip lan ngwasani marga déning wong siji, yaiku Yésus Kristus. Dadiné padha kaya panerak siji nekakaké paukuman marang wong kabèh, mangkono uga marga

saka panggawéné wong siji kang bener, njalari wong kabèh padha kabeneraké supaya urip. Sabab, padha kaya pambangkangé wong siji njalari wong kabèh padha dadi dosa, mangkono uga marga saka pambangun-turuté wong siji wong kabèh banjur padha dadi wong bener.”

Punika engkang dingendikaken Kitab suci perkawis manungsa engkang wonten ing Adam saha wonten ing Kristus. Kita sedaya lahir wonten gambaran Adam. Ananging Allah nimbali anak-anak Adam supados lahir malih wonten manahipun kangge ngicali gambar Adam lam mendet gambar Kristus!Kadospundi punika saged dumados? Punika saged dumados nglangkungi iman. Kitab suci ngendikan menawi sedherek pitados ing manah bilih Yesus Kristus sampun nebus dosanipun, Allah badhe ndamel sedherek lahir malih kanti ngresiki manah sedherek kalih kuwaos Roh Sucinipun. Sedherek badhe dados ciptaan enggal wonten Kristus, sedherek mboten malih gesang kangge sedherek piyambak, ananging kangge Penjenenganipun engkang seda saha wungu malih kangge sedherek.

Sakmangkih monggo kita wangsul malih wonten Taurat kangge nglajengaken tinjauan kita kanti ngemuti malih kadospundi Allah nerusaken rancangan-Nipun kangge ngutus penebus ing dunya. Program kepengker kita ningali kalih anak Adam injih Kobil lan Habil. Habil Pitados kalih engkang Allah janjiaken babagan penebus engkang badhe rawuh kangge ngocoraken rah-lipun dados kurban, ananging Kobil mboten pitados. Allah nimbali Kobil supados mratobat, ananging Kobil dados duka lan mejahi Habil adikipun.

Saklajengipun kita ugi ningali wekdal jaman Nuh, anak-anak Adam ndherek kalih tingkahipun Kobil engkang remen damel dosa. Namung Nuh engkang gesangipun pitados dateng janjinipun Gusti perkawis penebus. Kanti punika GUsti Allah dawuh dateng Nuh damel perahu ageng, kangge kawilujengan ing keluarganipun saha sedaya engkang purun pitados lan soto kewan, awit Allah badhe ngukum sedaya manungsa kalih toya banjir karena sedaya damel dosa. Ananging saksampunipun kadadosan toya banjir ageng wau, anak keturunan Nuh ugi nglalikaken pangandikanipun Allah, karena sedaya keturunan Adam ing manahipun sampun tumindak dosa. Ugi perkawis Menara Babel, ing pundi manungsa rekadaya supados tansah ngempal saengga nglawan Allah. Ing mrika Allah ngukum kanti damel boso engkang manekawarna saengga komunikasinipun kacau.

Saklajengipun kita ugi sinau carisoipun nabi Abraham. Abraham nggadahi panggenan engkang penting wonten rancanganipun Allah kangge nebus anak-anak Adam saking dosa. Ing pundi Allah ngengken Abraham medal lan ninggalaken keluarganipun kangge ndherek kersanipun Allah, kitab suci njelasaken mekaten wekdal Allah nimbali , "*Kowé lungaa! Negaramu, bangsamu lan omahé bapakmu tinggalen. Kowé mangkata menyang negara sing bakal Daktedahaké marang kowé. Kowé*

bakal Dakdadèkaké bangsa gedhé, bakal Dakberkahi lan jenengmu Dakgawé misuwur. Karo menèh kowé bakal dadi marganing berkah kanggo wong akèh. Sing sapa mberkahi kowé bakal genti Dakberkahi, nanging sing sapa nyumatani kowé bakal genti Daksupatani; lan merga kowé sakèhing bangsa ing bumi bakal binerkahan."

Wonten punapa Allah ngengken Abraham kesah? Allah ngrusakaken nglangkungi Abraham dumados bangsa enggal. Nglangkungi bangsa enggal punika, Allah ngrancangaken ngutus para nabi engkang badhe nyerat kitab suci lan nglangkungi bangsa wau Allah badhe ngutus penebus dateng dunya. Punika sebabipun Allah ngendikan dateng Abraham mekaten, "*Kowe bakal dadi berkat lan lewat kowe kabeh manungsa ing dunya bakal oleh berkah."*

Punapa Allah njangkepi janji-Nipun? Njih nggenepi. Wekdal Adam yuswa 100 lan Sara 90 taun, Gusti paring putra jaler njih Ishak kados janji-Nipun. Ishak gadah anak jaler 12 engkang dumados bangsa Israel lan nglangkungi bangsa punika penebus rawuh.

Kita tingali bilih Abraham lahir wonten dosa kados sedaya anak-anak Adam. Nanging Kitab suci nyariosaken bilih piyambakipun sakmangkih wonten ing suwargo Ngarsanipun Allah. Pitakenanipun punapa engkang didamel Abraham dateng Allah, saengga Penjenenganipun ngapunten dosanipun saha nganggep piyambakipun dados tiyang leres? Kitab suci ngendikan, "**Merga saka pangandelé mau Abraham kepétung wong sing bener ana ing ngarsané Gusti Allah."**

Abraham pitados kalih Pangandikanipun Allah, punika sebabipun Allah nganggep piyambakipun leres ing Ngarsan-Nipun. Pamireng sedaya, punapa sedherek pitados pangandikanipun Allah kados Abraham? Kawulo mboten taken punapa sedherek pitados Allah wonten, utawi punapa Allah punika setunggal. Setan mangertos Allah wonten. Punapa engkang Allah kersakaken, njihpunika supados sedherek pitados kalih pangandikanipun perkawis Margi Kawilujengan engkang Penjenenganipun tetepaken kados Abraham! Abraham paring mangertos kita punapa engkang kedah kita pitadosi. Sedherek emut wicantenipun Abraham ing gunung, wekdal piyambakipun misungsungaken kurban cempe gantos anakipun? Abraham wicanten, "**Allah piyambak sing bakal maringi."** Wonten punapa Abraham wicanten mekaten? Wekdal Abraham wicanten, "**Allah piyambak sing bakal maringi"** piyambakipun pitados punapa engkang badhe dumados ing nginggiling gunung Allah nyawisaken cempe gantos anakipun ing mezbah penyembahan. Kanti iman piyambakipun mandeng ing ngajeng ing dinten penebus badhe ngocoraken Rah-lipun ing gunung engkang sami---kangge milujengaken sedaya tiyang engkang pitados Penjenenganipun saking pengadilan Allah engkang leres.

Wonten pasinaun kita ing Injil, kita ningali bilih Yesus Kristus rawuh antawis 2000 taun saksampunipun jaman Abraham kangge nggenepi ramalan Abraham. Njih, ing njawi Yerusalem, ing

gunung ing pundi Abraham ngurbanaken cempe gantos putranipun, ing mrika penebus, Yesus ngocoraken rah-lipun kangge nebus dosa anak-anak Adam. Punika sebabipun, saksampunipun Yesus kapaku ing kajeng salib Penjenenganipun ngendikan, **“Wis Mari”** engkang artosipun **“lengkap utawi genep”**. Wonten punapa Yesus ngendikan **“Wis mari?”** Penjenenganipun ngendikan mekaten karena seda-Nipun ing kajeng salib sampun njangkepi rancangan kawilujengan, engkang Allah sampun wartosaken ing wiwitan mila nglangkungi para nabinipun. Sedanipun Yesus njangkepi lambing kurban Abraham saha sedaya kurban kewan!

Sedherek pamireng, sumonggo kersa pitados bilih Yesus piyambak kurban “cempe” pungkasan engkang sampurna, engkang Allah utus saking suwargi. Punapa sedherek nggadahi iman kados iman Abraham? Pindangetaken punapa engkang dingendikakaken Injil perkawis iman Abraham:

Sabab, menawa Abraham anggoné kabeneraké marga saka pandamelé, panjenengané bisa gumunggung, nanging ora ana ing ngarsané Allah. Sabab apa kang kapratélakaké déning Kitab Suci?, surasané, "Abraham banjur kumandel marang Allah, lan iya bab iku kang ndadèkaké panjenengané kaétang bener déning Allah." Mulané bab iki kaétung dadi prakara kang mbeneraké. Tetembungan iki, yaiku, "bab iki kaétung tumrap panjenengané," iku anggoné katulis ora mung mligi kanggo Abraham baé, nanging iya katulis kanggo kita uga; sabab kita bakal kaétung kaya mangkono uga, awit kita padha pracaya ing Panjenengané kang wus ngwungokaké Yésus, Gusti kita, saka ing antarané wong mati. Yaiku Yésus kang wis kaulungaké awit saka panerak kita, sarta kawungokaké supaya kita padha kabeneraké.

Sedherek, maturnuwun sampun mindangetaken siaran kawulo. Menawi sedherek wonten pitakenan perkawis program punika, sumongo ngubungi kawulo ing no 081333777386. SMS/WA. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 95

Tinjauan 3- Musa: Hukum Allah Engkang Suci

Keluaran 1-20

Sedherek kula pamireng seda sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanhipun Gusti Allah engkang Maha Asih engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel saha nampi karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminy.

Sedherek, dinten sakmangkih kita badhe nglajengaken ningali wartos saking para nabi, injih wartos Injil engkang njlentrehaken perkawis kadospundi tiyang dosa saged dados leres ing Ngarsa-Nipun Allah. Dinten sakmangkih kita taksih ningali malih perkawis Taurat, buku engkang Allah paringaken ing penggalhipun Musa.

Ing wiwitan Taurat kita mangertosi leluhur kita Adam dumawah dosa lan dosanipun tumurun ngantos ing sedaya keturunanipun kados penyakit engkang nular mbeto raos sungkawa, kematian saha piukuman langgeng. Nanging syukur dateng Allah, kitab suci ngendikan, **“menawa dosa saya akèh, sih-rahmat dadi saya lubèr.”** Njih, leres ing dinten Adam Hawa dumawah dosa, Allah ing Kamirahanipun ngendikan bilih ing setunggaling dinten mangkih Penjenenganipun badhe ngutus setunggaling penebus dateng dunya kangge nebus anak-anak Adam saking paukuman dosa.

Pepanggihan kepengker ing Taurat kita ningali bilih Allah ngijinaken umat Israel dados batur ing Mesir antawis 400 taun kados pangandikanipun Allah dateng Abraham. Ananging ing wekdal engkang sampun ditemtukaken Allah ngutus Musa dateng umat Israel.

Allah ngintun Musa kangge ngadep Firaun lan wicanten mekaten, **‘ Gusti Allah ngendikan, “ Umat-Ku lilanana lunga, supaya ngabekti marang Aku.” Ananging Firaun nolak lan malah ngeyek dateng Musa, “Pangeran Allahmu kuwi sopo? Aku ora tepung karo Allahmu kuwi sarta Israel ora daklilani lunga.”** Lajeng Allah ngetingalaken kuwaosipun ing ngajengipun Firaun lan tiyang Mesir, kanti paring piwelak kaping 9, ananging Firaun mboten purun mratobat saha nindakaken wicantenipun Musa. Saklajengipun Allah paring piwelak engkang pungkasan njih pejahipun anak mbarep ing griya tiyang Mesir. Allah mejahi anak mbarep Firaun saha tiyang Mesir, ananging Allah mbebasaken anak-anak mbarep bangsa Israel karena wonten rah cempe ing dempelipun lawang. Dados karena wonten rah

cempe, Allah nglangkungi griya bangsa Israel lan mboten mejahi anak mbarepipun. Mekaten cara Gusti milujengaken umat Israel saking astanipun Firaun.

Kados engkang sampun kita tingali, carios perkawis dinten paskah nggadahi makna lebet menawi dipun bandingaken kalih uwalipun bangsa Israel saking kuwaosipun Firaun. Kitab suci ngendikan, *"Kabèh iki mau wus tumempuh marang wong-wong mau minangka conto,... minangka pepéling tumrap kita, sing padha urip ing jaman pungkasan."* Carios rah cempe engkang bangsa Israel ulapaken ing dempeling lawang punika gambaran. Rah kasebat nggambaraken margi kawilujengan engkang ditetepaken dening Allah kangge milujengaken tiyang dosa saking Setan.

Sabda Allah nedahaken bilih sedaya anak-anak Adam kados abdi. Mbokmenawi ing antawispun sedherek menggalih, "kawulo mangertos bilih kawulo punika para abdinipun Allah!" Nanging penggalih wau mboten miturut kalih pangandikanipun Gusti ing Injil, **"Satemené Aku pitutur marang kowé: Saben wong kang nglakoni dosa iku dadi baturé dosa."** Dados jelas bilih sedaya anak Adam punika baturipun dosa, engkang artosipun ugi baturipun Setan karena Setan punika juraganipun dosa. Lan sedaya tiyang mboten saged uwal saking panguwaosipun.

Kadosdene Firaun, Iblis mboten rila nguwalaken manungsa saking kuwaosipun. Lajeng pitakenanipun, punapa wonten pribadi engkang saged nguwalaken kita saking Setan? Panuwun dateng Gusti, awit Penjenenganipun sampun ngutus dateng kita pribadi engkang saged paring kamardikan. Pribadi wau njih juruwilujeng engkang leres, njih Yesus Almasih engkang rawuh saking suwargi engkang para nabi sampun paring kesaksian perkawis Penjenenganipun.

Ing Taurat kita maos kadospundi Allah janji ngremukaken ndasipun Setan nglangkungi Penebus Suci engkang lahir saking perawan. Ing Kitab Zabur nabi Daud nyerat bilih Penebus engkang Allah sebat Putra-Nipun badhe dipejahi kanti cara engkang ngeri...ing pundi Penjenenganipun badhe disiksa lan asta saha sukunipun badhe dipaku! Ing kitab Injil, kita kathah maos perkawis penebus engkang endah punika. Penjenenganipun injih Yesus, anak Maria engkang nglampahi gesang kanti sampurna lajeng sedo ing kajeng salib kangge dosa-dosa kita manungsa.

Sabda Allah nyebat Yesus Kristus, "Cempening Allah" kadosdene cempe engkang dibelih wekdal dinten paskah---kangge ngocoraken Rah-Ipun kangge milujengaken kita saking paukuman. Antawis 1500 taun saksampunipun Allah nguwalaken bangsa Israel nglangkungi rah cempe ing dinten paskah engkang wiwitan, Allah ngijinaken anak-anak Adam nyalibaken Yesus, Mesias engkang leres ing kajeng salib. Lan ing dinten Paskah punika Yesus dipaku ing kajeng salib. Dados ing mriki Yesus nggenepi symbol saking kurban Abraham, mekaten ugi Yesus nggenepi symbol cempe Paskah. Tiyang engkang nyalibaken Yesus ing dinten wau karena kamboten mangertosanipun.

Yesus punika kurban pungkasan saha sampurna kangge dosa manungsa. Rah Yesus Kristus, punika regi syah engkang Allah suwun kangge nebus anak-anak Adam saking kuwaosipun setan. Kitab suci ngendikan, **“Sang Kristus, Cempéning Paskah wis kasembelèh.”** *Nalika kita isih apes Kristus wis nglampahi séda kanggo kita para wong duraka. Sabab ora gampang wong gelem mati nglabuhi wong bener — éwadéné kanggo wong utama, bisa uga ana wong kang wani mati. — Nanging Allah wus ngatingalaké sihé marang kita ing bab iki, nalika kita isih kawengku déning dosa, Kristus wis nglampahi séda kanggo kita.”*

Sakmangkih sumonggo kita emut malih pranatan suci engkang Allah paringaken dateng bangsa Israel. Ing Taurat kita ningali bilih Allah ngetingalaken kasucin saha kamulyan=Nipun dateng Musa lan bangsa Israel teng pasamunan, mandap saking redi Sanai ing latu, bledeg saha petir. Lajeng Allah paring sedaya Pepakenipun engkang kasebat pranatan Musa.

Allah paring dawuh kanti ngendikan, *“Sira tresnaa marang Pangéran Allahira kalawan gumolonging atinira, lan gumolonging nyawanira, sarta gumolonging budinira. Aja padha nduwèni allah liyané kejaba Aku. Aja padha gawé reca utawa tetironé apa waé. Aja padha ngrèmèhaké marang asma-Ku, Élinga lan sucèkna dina Sabbath. Padha ngajènana bapa lan biyungmu, Aja padha mematèni. Aja padha laku bédhang. Aja padha nyenyolong. Aja padha ngucapaké paseksi goroh tumrap pepadhamu. Aja padha mélik marang sing dadi duwèké pepadhamu.”* Sapa sing nerak Angger-anggering Torèt siji waé, kuwi wis nerak Angger-anggering Torèt kabèh. Punika wau pranatan suci engkang Allah paringaken dateng Musa!

Sedherek, punapa sedherek sampun nindakaken pranatan Allah engkang suci wau, saengga ndatengaken raos ayem ing penggalih, pangandikan saha tumindak ngantos wekdal sedherek dipun pundhut? Saben dinten siang ratri, sedherek kedah ntresnani Gusti Allah kalih sakgumolonging manah, nyawa saha budi. Sedherek ugi kedah ntresnani sesami kados awakipun piyambak. Punapa sedherek sampun nggenepi pranatan wau! Kitab suci ngendikan, *“Ora ana wong kang bener, siji baé ora ana! Saupama kita padha ngaku ora duwé dosa, dadi kita padha ngapusi awak kita dhéwé lan padha ora kadunungan kayektèn.”* Mboten wonten setunggal mawon manungsa sampun nggenepi sedaya engkang Allah dawuhaken, karena kita sedaya lahir saking sifat dosa.

Mbokmenawi antawisipun sedherek taken, “menawi mboten wonten setunggal mawon saged nggenepi pranatanipun Musa, wonten napa Allah maringaken dateng kita? Punapa allah ngersakaken kita nampi karisakan? Mboten. Allah punika Asih saengga mboten ngersakaken setunggal mawon risak. Lajeng menapa kok Allah dawuh, menawi Allah piyambak mangertos mboten wonten setunggal mawon manungsa engkang saged nindakaken? Punapa maksud parintah wau? Allah sampun jawab pitekenan wau, wekdal Penjenenganipun ngendikan, *“Sabab ora ana*

wong siji baé kang kabeneraké ana ing ngarsané Allah marga saka anggoné netepi angger-anggering Torèt; awit iya marga saka angger-anggering Torèt iku wong padha mangerti dosa. Nanging Kitab Suci wis ngurung samubarang marang pamengkuning dosa, supaya awit saka pracaya marang Yésus Kristus janji mau kaparingaké marang wong kang padha pracaya."

Dados Allah mitadosaken pranatan-lipun engkang suci dateng tiyang dosa kangge nedahaken kambotensampurnaning kita wonten Ngarsan-lipun, lan ngetingalaken dateng kita babagan Yesus Kristus engkang nanggal paukuman karana dosa. Ing antawisipun manungsa, namung Gusti Yesus Kristus engkang saged nindakaken pranatan suci engkang Allah pitadosaken dateng Musa. Yesus benten kalih keturunan Adam, karana Penjenenganipun mboten gadah dosa. Yesus injih Sang Sabda engkang langgeng, saking suwargi lahir nglangkungi perawan lan mendhet wujud manungsa kados kita, nanging mboten gadah sifat awonipun manungsa. Punika sebabipun wekdal taksih wonten dunya, Penjenenganipun ngendikan, "**Kowé aja padha ngira, yèn Aku teka supaya mbatalaké Torèt utawa kitabé para nabi. Tekaku iki ora supaya mbatalaké, nanging nyampurnakaké.**" Punapa sedherek mireng pangandikanipun Yesus wau? Punika kaleresan engkang lebet lan sae. Yesus ngedikan bilih rawuh-lipun dateng dunya kangge nyampurnakaken Toret. Punapa sedherek paham? Yesus nindakaken kangge kita, anak-anak Adam engkang mboten saged tumindak! Penjenenganipun nyampurnakaken pranatan Allah engkang suci. Penjenenganipun ngocoraken Rah-lipun ing kajeng salib kangge milujengaken kita saking pengadilanipun Allah engkang leres.

Sejatosipun Yesus mboten pantes sedo, karana Penjenenganipun mboten dosa. Ananging kangge njangkepi rancangan pamilujengan engkang Allah sampun janjiaken nglangkungi para nabi. Yesus kanti pikajenganipun piyambak masrahaken gesangipun kangge kita. Saksampunipun ngocoraken Rahipun kangge nebus dosa kita, Allah mungukaken Penjenenganipun saking antawisipun tiyang pejah ing dinten kaping tigo.

Wonten pundi sedherek gadah pangajeng-ajeng? Punapa sedherek pitados wartos Injil saking Allah perkawis penebus suci engkang nanggal dosa sedherek? Punapa sedherek ngendelaken amal saha tumindak sedherek engkang sae?

Maturnuwun sampun mireng siaran kawulo. Gusti paring berkah wekdal sedherek menggalihaken pangandikanipun Gusti, "**Sapa kang pracaya marang Panjenengané, ora bakal kawirangan.**"

Menawi sedherek wonten pitakenan sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386 SMS/WA. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 96

Tinjauan 4- Yesus Kristus “Wis Rampung”

Yoh 19; Ibrani 10

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanhipun Gusti Allah engkang Maha Asih engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel saha nampi karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminy.

Sedherek...ing tigang program kepengker kita milai neliti malih perkawis wartos para nabi. Dinten sakmangkih, kanti pitulunganipun Gusti Allah kita badhe ngrampungaken. Program dinten sakmangkih kanti irah-irahan “**Wis Rampung**”

Kados engkang sampun kita tingali, Allah mbagi Kitab-lipun dados kalih bagian penting njih Perjanjian Lami saha Perjanjian Enggal. Perjanjian Lami njih bagian wiwitan saking kitab Allah engkang endah. Kitab punika isinipun Toret, Zabur saha seratan para nabi. Ing mriku nyariosaken dawahipun leluhur kita Adam dumawah dosa, saha janjinipun Allah ngutus juruwilujeng dateng anak-anak Adam kangge nebus sedaya engkang pitados lajeng mbeto sowan dateng kratonipun Allah.

Kangge nindakaken rancangan-lipun ngutus juruwilujeng, Allah nimbali Abraham ing nyuswo sepuhipun kanti ngendikan, “**Kowé bakal Dakdadèkaké bangsa gedhé, bakal Dakberkahi. Karo menèh kowé bakal dadi marganing berkah kanggo wong akèh.**” Allah ndadosaken Abraham Bapa kangge bangsa Israel. Dateng bangsa punika Allah mitadosaken seratan-seratan para nabi. Antawis 1500 taun Allah paring Sabdanipun dateng bangsa Israel, nglangkungi para nabi-lipun milai nabi Musa ngantos nabi Yohanes. Nglangkungi para nabi wau Allah ngemutaken sedaya kalepatan anak-anak Adam saha martosaken perkawis rawuhipun Penebus engkang badhe ngocoraken Rah-lipun kangge nebus dosa manungsa.

Ing Perjanjian Enggal Allah nuntut kurban rah dateng tiyang-tiyang dosa. Saengga Perjanjian Enggal nyerat, “***tanpa wutahing getih ora ono pangapuraning dosa. Pituwase dosa iku pati!***” Ananging kurban kewan engkang ditindakaken generasi wiwitan, mboten leres-leres saged nebus dosa, karena reginipun kewan kalih reginipun manungsa mboten sami. Kurban kewan sakleresipun namung gambaran utawi lambang kalih nenggo wekdal Allah ngutus kurban engkang sakleresipun. Penebus engkang leres engkang mbeto perjanjian enggal, enjih nebus dosa manungsa.

Perjanjian Enggal / Injil nyariosaken dateng kita perkawis Perjanjian engkang Allah damel kalih manungsa kanti perantaraanipun rah Penebus engkang rawuh saking suwargi. Penebus punika njih Yesus engkang nggenepi symbol saking sedaya kurban kewan wekdal Penjenenganipun ngocoraken Rah-Ipun ing kajeng salib, supados kita nampi pangapuraning dosa. Wonten punapa Penebus kedah rawuh saking suwargi? Mboten sanes karena saben keturunan Adam nanggél dosa lan tiyang dosa mboten saged nebus tiyang dosa. Ananging Penebus, njih Yesus Kristus engkang Allah utus, mboten mbeto beban dosa, karena Penjenenganipun njih Roh anak Allah engkang suci, Sabda engkang sesarengan kalia Allah nilai wiwitan. Punika sebabipun Allah manggenaken beban dosa manungsa dateng Penjenenganipun. Penjenenganipun sedo karena dosa-dosa kita. Tigang dinten saklajengipun Yesus wungu saking antawisipun tiyang pejah kangge paring kita gesang enggal. Penjenenganipun ngawonaken pati, kuburan, Setan saha dosa.

Kita sedaya sampun dawah wonten ing dosa, lan mboten wonten setunggal tiyang mawon engkang saged paring pitulung, kejawi namung Mesias saking suwargi. Menawi sedherek pitados Penjenenganipun, sedherek saged medal saking paukuman dosa. Awit Penjenenganipun rawuh saking suwargi kangge milujengaken anak-anak Adam saking dosanipun. Punika sebabipun kitab suci ngendikan, *“Amarga Allah iku asipat tunggal, samono uga Pantawis antarané Allah lan manungsa iya mung siji, yaiku Kristus Yésus kang jumeneng Manungsa, kang wis masrahaké sarirané minangka panebus kanggo wong kabèh: Iku paseksi ing waktu kang wis katemtokaké. Sabab iya Imam Agung kang kaya mangkono iku kang kita butuhaké, yaiku kang mursid, tanpa salah, tanpa blentong, kang kapisah saka para wong dosa...Sawisé rampung anggoné mbirat dosa, Panjenengané lenggah ing satengené Kang Mahaagung ana ing ngaluhur.”*

Kados engkang sampun kita tingali saking Injil, wekdal Yesus ing dunya, kathah tiyang pitados lan ngraosaken manah sukarena. Sedaya pitados kalih wartos para nabi ewunan tahun babagan Mesias, lan sakmangkih saged ningali piyambak! Kados wicanten muridipun wekdal carios dateng sedherekipun, *“Aku wis padha ketemu karo Mèsias! ”Aku wus padha ketemu karo kang kasebutaké déning Musa ing sajroning Kitab Torèt sarta déning para nabi.”*

Ananging mirisipun, wekdal ing jaman Yesus teng dunya kathah tiyang engkang mboten tepang Penjenenganipun. Saengga kitab suci ngendikan, *“Sang Sabda wis nunggil karo Gusti Allah.. dadi manungsa, sarta dedalem ana ing antara kita,.. Pepadhang iku sumunar sajroning pepeteng, sarta ora kalindhah déning pepeteng.. Panjenengané wus ana ing jagat, lan jagat iku katitahaké déning Panjenengané, nanging jagat iku ora wanuh marang Panjenengané. Rawuhé murugi kagungané, nanging para kagungané iku ora gelem nampani.”*

Wekdal Yesus rawuh dateng dunya, kathah manungsa engkang ningali sedaya mukjizat engkang dipun damel, ananging mirisipun kathah engkang mboten pitados. Malah ugi wonten engkang kepengin mejahi Penjenenganipun, enjih para pemimpin Agami Yahudi. Sedaya ngreka daya mejahi Penjenenganipun kanti nyalib ing kajeng salib. Ananging punika panci rancanganipun Allah, bilih Mesias kedah sedo ing kajeng salib kados engkang dipun wartosaken para nabi. Punika sebabipun Yesus wicanten dateng Petrus, *“Utawa apa kokkira yèn Aku ora bisa nyuwun marang Ramaku lan Panjenengané sanalika bakal ngirimaké marang Aku malaékat luwih saka rolas legiun? Yèn mangkono, banjur kepriyé anggoné katetepan tulisan-tulisan kang mratélakaké yèn pancèn kudu kalakon kaya mangkono iku?”*

Yesus mangertos tujuan rawuhipun wonten dunya. Penjenenganipun rawuh kangge masrahaken gesang-lipun damel tebusan tiyang dosa. Yesus rawuh njangkepi kurban cempe Abraham lan sanesipun.

Sedherek emut pangandikanipun Yesus sakdherengipun sedo? Kitab suci nyatet, Yesus nguwuh kanti suro, **“Wis rampung.”** Wekdal penjenenganipun sedo, geber Pedaleman Suci suwek dados kalih saking nginggil ngantos ngandap, njih geber saking panggenan paling suci ing pundi imam nyipratakan rah cempe kangge nebus dosa. Allah yuwek geber kasebat dados kalih lan Yesus nyuwanten, *“wis rampung!”* supados saben tiyang saged nyariosaken bilih nglangkungi rah Yesus, Allah ngapunten dosa anak-anak Adam lan paring hak manggen ing Ngarsa-Nipun Allah selaminipun.

Nglangkungi sedanipun, Gusti Yesus njangkepi wicantenipun para nabi saha lambang pisungsung kurban. Lan wungunipun ing dinten kaping tiga, mbuktikaken bilih Allah nampi pangurbanani-Pun kangge nebus dosa manungsa selaminipun. Yesus Kristus kurban sampurna engkang Allah paringaken dateng manungsa, sapudos saben tiyang engkang pitados mboten manggih karisakan ananging nampi gesang langgeng.

Kangge mungkasi tinjauan kita perkawis wartos para nabi, sumonggo kita pirengaken sabda Allah babagan kurban pungkasan saha sampurna engkang Mesias tindakaken kanti ngocoraken rahipun engkang suci ing kajeng salib. Kitab suci ngendikan mekaten,

Ing sajroning angger-anggeré Torèt iku mung tinemu wewayangané prakara-prakara becik kang bakal kelakon, dudu wujudé prakara-prakara iku dhéwé. Marga saka iku, sarana kurban kang padha, kang saben taun tansah dikurbanaké, angger-anggering Torèt ora bakal gawé sampurnané wong kang padha nindakaké pangibadah. Kang iku para Sadulur, sarana rahé Yésus, ing samengko kita bisa lumebu ing pasucèn kanthi kendel lan mantep, amarga Panjenengané wis mbikak dalan kang anyar sarta kang urip kanggo kita metu ing geber, yaiku sarirané piyambak, lan kita duwé imam

kang luhur tumrap padalemané Allah. Mulané, payo kita padha sowan ing ngarsané Allah kanthi ati kang tulus lan éklas sarta kalawan iman kang teguh, Sabab menawa kita njarag gawé dosa sawisé padha nampa kawruh bab kayektèn, mesthi ora ana kurban manèh kanggo mbirat dosa iku. Ananging, anané mung nunggu tekané pangadilan kang nggegirisi sarta geni kang ngalad-alad kang bakal ngobong sakèhé wong kang mbaléla.”

Kanti pangandikanipun Allah punika, ngemutaken dateng kita supados mboten ngenthengaken margi karahayun engkang ditampi wonten rah Yesus Kristus Almasih. Sok sinteno engkang ngenthengaken kurban engkang Allah paringaken, pengadilan Allah engkang badhe dipun tampi. Sedherek, Yesus Kristus punika kurban sampurna engkang Allah paringaken, supados saben tiyang engkang pitados dateng Penjenenganipun mboten nampi karisakan nanging nampi gesang langgeng. Ing kajeng salib Yesus ngendikan **wis rampung** lan karena Yesus punika Sabda Allah, pramila wekdal ngendikan **wis rampung** artosipun njih Allah piyambak engkang ngendikan **wis rampung**.

Sedherek pamireng, punapa sedherek sadar bilih Yesus sampun nebus dosa-dosa sedherek? Punapa sedherek pitados Yesus sampun ngrampungaken pedamelan pamilujengan kangge sedherek? Utawi sedherek taksih nyobi usaha piyambak kangge nylametaken sedherek saking paukumanipun Allah?

Maturnuwun sampun sesarengan kawulo ing acara punika, Gusti paring berkah wekdal sedherek menggalihaken pernyataanipun kamimpangan Yesus ing kajeng salib, wekdal ngendikan, “wis rampung”

Menawi sedherek wonten pitakenan sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386. SMS/WA. Nuwun.

Margining Karahayun

Pelajaran 97

Neraka

Lukas 16

Sedherek kula pamireng seda sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanhipun Gusti Allah engkang Maha Asih engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel saha nampi karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminya.

Kitab suci Injil ngendikan,

“Wong kang jirih, kang padha ora pracaya, kang padha tumindak nistha, kang gawéné padha mematèni, sundel-sundel, kang padha olah panenungan, kang padha nyembah brahala, lan sakèhing para-cidra, iku padha olèh pandumané ana ing sagara geni welirang, mangka para putraning kraton iku bakal padha kabuwang menyang pepeteng.. menyang geni langgeng sing wis dicawisaké kanggo Iblis lan para malaékaté! Wasana wong-wong mau bakal nampa paukuman langgeng, nanging wong-wong mursid bakal nampa ganjaran urip langgeng.”

Neraka! Mboten wonten setunggal mawon tiyang remen wicantenan perkawis neraka! Menggalihaken mawon mboten! Sanajan mekaten, dinten sakmangkih kita badhe sinauni. Wonten kitab Injil Allah sampun paring pangemut supados manungsa mboten mlebet ing neraka. Ing dinten sakmangkih lan saklajengipun kita badhe nyinauni punapa engkang Injil ajaraken perkawis neraka kalian suwargi lan kadospundi kita yakin bilih kita badhe lumebet ing suwargi mboten neraka. Kathah tiyang menggalih bilih mboten wonten setunggal tiyang mawon mangertosi punapa engkang badhe dumados ing wekdal saklajengipun. Sedaya menggalih mekaten, karana mboten mangertosi margi kawilujengan engkang Allah tetepaken, ugi janji-janji Allah engkang endah lan paring jaminan. Punapa sabda Allah paring mangertos dateng kita kadospundi kita saged yakin badhe lumebet wonten suwargi? Mesti mawon! Sabda Allah ngendikan, *“Kabèh iku mau daktulis marang kowé, supaya kowé kang padha pracaya marang asmané Putraning Allah, padha sumurupa yèn kowé kabèh iku padha nduwèni urip langgeng.”*

Sedherek, punapa penjenengan mangertos gadah gesang langgeng engkang diwartosaken ing lebet Sabda Allah? Wekdal sedherek tinimbangan Gusti, punapa sedherek mangertos wonten pundi roh

sedherek kesah? Menawi sedherek mboten gadah keyakiknan wau, pasinaun dinten sakmangkih badhe migunani kagem sedherek.

Wekdal Yesus Juruwilujeng taksih wonten ing dunya, Penjenenganipun asring mulang tiyang kathah perkawis panggenan engkang kasebat suwargi saha neraka. Ananging Yesus langkung kathah mucal perkawis neraka katimbang suwargi, karana Penjenenganipun mangertos babagan paukuman neraka engkang ngeri lan Penjenenganipun mboten ngersakaken sinten mawon lumebet ing mrika.

Sakmangkih sumonggo kita wangsul malih nelaah Injil lan mireng kadospundi Yesus mucal tiyang kathah perkawis neraka. Wonten Injil Lukas 16, Yesus mucal ngendikan mekaten,

“Ana wong sugih kang tansah manganggo jubah wungu lan kain kang alus, sarta saben dina asukarena kanthi méwah. Lan ana wong ngemis jenengé Lazarus, awaké sakojur gudhigen; nggléthak ana ing sacedhaké régoling omahé wong sugih mau, sarta kepéngin banget olèh gogrogan saka ing méjané wong sugih iku kanggo nambani luwéné. Nanging malah diparani asu-asu sing padha ndilati gudhigé. Wong miskin mau banjur mati, nuli digawa déning para malaékat menyang pangkoné Abraham. Wong sugih mau iya mati, banjur dikubur. Lan nalika wong sugih mau kang lagi nandhang sangsara ana ing sajroning teleng-palimengan iku tumenga, nuli weruh Abraham ana ing kadohan mangku Lazarus.”

Punapa sedherek mangertos punapa engkang dumados dateng tiyang sugih lan Lazarus? Wonten pundi kesahipun Lazarus wekdal pejah? Rohipun wonten suwargi, ing Ngarsanipun Allah, ingpundi Abraham manggen. Lan tiyang sugih wau, wonten pundi kesahipun? Wekdal wau ugi rohipun wonten neraka, panggenanan panyiksan.

Wonten punapa tiyang ngemis njih Lazarus kesah dateng suwargi ananging tiyang sugih dateng neraka? Engkang wiwitan perlu dipun mangertosi, bilih wonten ing kawontenan mlarat mboten artosipun mboten saged diwilujengaken lan ing kasugihan sedherek mboten artosipun sedherek badhe binasa! Lazarus engkang mlarat mlebet suwargi karana piyambakipun naati margi karahayun engkang Allah wedaraken ing seratan para nabi. Ananging tiyang sugih wau ngremehaken Sabda Allah. Tiyang sugih wau kados tiyang samangkih engkang ketingalipun ing njawinipun gadah agami. Sedaya mangertos bilih namung wonten setunggal Allah lan mangertos bilih seratan para Nabi punika leres, ananging tiyang wau wonten ing margi tumuju neraka, karana mboten mitadosi margi kawilujengan engkang sampun diwedaraken para nabi Allah ing Injil. Kados tiyang sugih engkang mentingaken kasugihan tinimbang mireng Sabda kaleresan engkang saged milujengaken rohipun.

Monggo sakmangkih kita lajengaken carios lan mirengaken kadospundi Allah ngijinaken tiyang sugih engkang wonten neraka wau, wicantenan sekedap kalih Abraham engkang wonten suwargi. Kitab suci ngendikan mekaten,

“Lan nalika wong sugih mau kang lagi nandhang sangsara ana ing sajroning teleng-palimengan iku tumenga, nuli weruh Abraham ana ing kadohan mangku Lazarus. Banjur nguwuh-uwuh, aturé: Dhuh, Rama Abraham, mugé karsa paring kawelasan dhateng kula. Lazarus mugé kadhawuhan nyelupaken pucuking drijinipun ing toya, kanggé ngasrepaken ilat kula, amargi kula nandhang sangsara sanget wonten ing urubing latu punika. Nanging Abraham mangsuli, pangandikané: Anggèr, élinga, yèn kowé wus tanpa samubarang kang becik salawasé uripmu, nanging Lazarus tanpa samubarang kang ora becik. Saiki wong iku tanpa panglipur, déné kowé nandhang sangsara banget. Kajaba saka iku ing antarané kowé lan aku karo Lazarus ana jurang kang ora kena diliwati, supaya wong ing kéné kang arep padha menyang panggonanmu utawa wong kang ana ing panggonanmu padha arep mréné, ora bisa.” Aturé wong mau: *Manawi makaten, panyuwun kula, dhuh Rama, Lazarus mugé kadhawuhan dhateng griyanipun bapa kula, awit sadhèrèk kula taksih gangsal, supados sami kaènggetna kanthi saèstu, amrih ing Bénjingipun sampun ngantos sami lumebet ing papan kasangsaran punika. Nanging pangandikané Abraham: Iku wus padha nduwèni paseksiné Musa lan para nabi liyané. Iya iku kang kudu padha digatèkaké. Aturé wong mau: Mboten, Rama, dèrèng cekap. Nanging manawi wonten tiyang pejah ingkang ndhatengi, tamtu sami badhé mratobat. Pangandikané Abraham: Menawa ora padha nggatèkaké paseksiné Musa lan para nabi liyané, mesthi iya ora kena dikandhani, sanadyan kang ngandhani iku wong kang tangi saka ing antarané wong mati.”*

Ing mriki carios tiyang sugih lan Lazarus mantun. Sakleresipun panggenan Neraka punika panggenan engkang miris, ing pundi mboten wonten welas asih. Tiyang sugih engkang wonten neraka ngraosaken kasangsaran lan mboten wonten setunggal mawon nguwalaken saking kasangsaranipun, sanajan paring toya setetes mawon. Engkang miris, tiyang sugih wau taksih wonten ing neraka ngantos sakmangkih. Piyambakipun wonten neraka ngentosi dumuginipun dinten penghakiman ing pundi manah lan raganipun badhe diuncalaken wonten panggenan engkang kasebat segara latu. Ing mrika tiyang sugih wau manggin selaminipun sareng saben tiyang engkang nolak kangge naati pesenipun para nabi- Wartos Injil perkawis Yesus Juruwilujeng. Punika engkang Injil wedaraken, wekdal ngendikan, *“Saben wong kang jenengé ora katulis ana ing kitab kauripan mau, iku kajeguraké ing sagara geni. Anadéné asepe geni payiksa iku kumelun ing salawas-lawasé, lan payiksané tanpa lèrèn rina-wengi.”* Perlu dipun penggalih, bilih saben tiyang engkang nolak margi kawilujengan engkang Allah tetepaken, badhe lumebet ing neraka, mboten nate pejah, mboten nate medal lan latu punika mboten badhe mati!

Sebagian tiyang menggalih bilih saksampunipun tiyang dosa sangsara kangge wektu engkang lami ing neraka badhe medal lan kesah dateng suwargi. Ananging pemanggih wau mboten sesuai kalih Sabda Allah, engkang mbeberaken neraka minangka, "**paukuman engkang langgeng.**" Karana wau, mboten wonten pandonga kangge tiyang pejah ing seratan para nabi. Ndedongo kangge tiyang pejah punika murni tradisi manungsa, ananging sanes saking Sabda Allah, engkang ngendikan, "*Kayadéné manungsa anggoné katetepaké mati mung sapisan baé, lan sawisé iku diadili!*" Ndedongo kangge tiyang pejah mboten saged nguwalaken kasangsaranipun saking neraka utawi nguwalaken piyambakipun ing dinten pengadilan. Perkawis tiyang engkang wonten suwargi, sedaya mboten mbetahaken pandonga kita karana wonten ing Ngarsanipun Allah lan ngraosaken kasenangan sampurna.

Sedherek ampun mendel mawon menawi wonten tiyang engkang ngapusi kanti wicanten engkang palsu. Wonten tiyang wicanten, "Ah, Allah punika sae! Penjenenganipun mboten nyipta abdinipun lan ngobong para abdinipun. Penjenenganipun badhe paring piwelas lan nampi kita sami ing suwargi!" Tiyang-tiyang engkang wicanten mekaten wau mboten nglandesaken penggalhipun ing Sabda Allah. Tiyang wau wicanten mekaten namung kangge ngayemaken manahipun karana mboten sengaja ngremehaken margi kawilujengan engkang Allah tetepaken. Menawi tiyang-tiyang wau mboten mratobat saking pikiranipun engkang lepat wau njih mbalik dateng Allah lan pitados kalih margi kesaenan nglangkungi Yesus Kristus, ing setunggaling dinten mangkih badhe mangertosi bilih neraka punika saestu wonten, nanging sedaya wau sampun telat kangge digetuni!

Sedherek mangertos, seratan nabi ing Injil perkawis sinten engkang saged milujengaken sedherek saking neraka? Wartos Injil punika enjih margi kelerasan, Margining Karahayun. Wartos Injil njih wartos sae perkawis penebus engkang suci, engkang Allah utus supados sedo ing kajeng salib kangge nebus dosa-dosa kita lan wungu ing dinten kaping tiga. Menawi sedherek pitados ing manah bilih Penjenenganipun sampun sedo kangge dosa-dosa sedherek, sedherek mboten badhe lumebet neraka.

Allah mboten nyiptakaken neraka kangge manungsa, ananging kangge setan saha pendherekipun. Ananging dosa leluhur kita Adam punika alasan kita sedaya kalahiraken tebih saking Allah, ing kratonipun setan, ing margi amba tumuju neraka. Sifat dosa ndadosaken kita badhe nampi paukuman Allah injih wonten neraka. Kanti kekiatan lan usaha kita mboten saged nguwalaken kita saking neraka. Syukur dateng Allah, karana Penjenenganipun damel rancangan menawi nglangkungi Yesus Kristus wonten pangapunten kangge dosa kita. Allah masrahaken paukuman kita dateng Yesus wekdal Penjenenganipun sedo ing kajeng salib. Kados engkang Injil serat, "**Panjenengané kang ora tepang karo dosa, wus kadosakaké marga saka kita, supaya ana ing Panjenengané kita kabeneraké**

déning Allah.” Sedherek, maturnuwun sampun sesarengan kawulo ing siaran punika. Menawi sedherek wonten pitakenan sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386. SMS/WA. Nuwun.

Marging Karahayun

Pelajaran 98

Firdaus

Wahyu 21, 22

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanhipun Gusti Allah engkang Maha Asih engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel saha nampi karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminy.

Sedherek pamireng, ing pepanggihan kepengker kita sampun menggalihaken perkawis neraka, njih panggenan paukuman engkang mboten wonten pungkasanipun. Neraka punika panggenan ngeri engkang diciptakaken kangge setan saha malaekatipun. Panggenan tiyang engkang ngremehaken margi kawilujengan engkang sampun Allah tetepaken. Punika sebabipun Injil ngendikan, **“Sabèn wong kang jenengé ora katulis ana ing kitab kauripan mau, iku kajeguraké ing sagara geni.”**

Ananging dinten sakmangkih kita badhe ngrenungaken setunggal panggenan paling endah engkang mestinipun dikajengaken dening sedaya manungsa, suwargi naminipun utawi Firdaus.

Tiyang kagungan kathah pemikiran perkawis Firdaus lan punapa engkang perlu ditindakaken supados saged lumebet mrika. Tiyang -tiyang engkang aliran agami wilayah wetan, pitados bilih kathah Firdaus (suwargi) kalih tingkat kanikmatan engkang benten-benten lan ing mrika sedaya tiyang badhe kesah miturut sedaya tumindakipun. Tiyang sanes kagungan pangertosan bilih kangge mlebet Firdaus manungsa kedah lumebet neraka rumiyin mbayar dosanipun, saklajengipun mangkih dipindahaken dateng Firdaus. Wonten malih tiyang engkang menggalih bilih Firdaus Allah siapaken kangge tiyang engkang nindakaken tugas-tugas agaminipun, saengga wonten Firdaus manungsa saged nedha, nginum lan suko-suko. Mesti mawon manunggsa gadah pemikiran engkang maneka warni perkawis Firdaus lan cara lumebet ing mrika. Ananging pigatosan kita dinten sakmangkih sanes pemanggih manungsa, ananging punapa engkang Allah ngedikakaken kalih Sabda-Nipun engkang suci!

Ing kitab suci Firdaus kasebat Suwargi, Damparing Allah, Panggenan Allah engkang suci, Allah engkang gesang, Yerusalem surgawi, griya kangge malekat lan Cempening Allah lan griya kangge tiyang engkang naminipun kacatet ing suwargi. Gusti Yesus nyebat Firdaus “Pedaleman Sang Rama”, karena saking mrika Penjenenganipun manggen sakderengipun kalahiraken wonten dunya.

Ringkesipun Firdaus enjih dalemipun Allah. Kados engkang sampun kita mangertosi bilih Allah wonten ing pundi papan, sanajan mekaten wonten panggenan khusus engkang suci, sumunar saha endah, tebih ing nginggil lintang-lintang, ing pundi Allah ndedalem ing Kamulyanipun. Panggenan wau njih panggenan ing pundi Putra engkang Maha Inggil, njih Yesus, pinarak ing Damparipun, wonten sisih tengen engkang Maha Kuwaos, nenggo ngantos Penjenenganipun rawuh malih dateng dunya kangge ngadili manungsa. Firdaus ugi panggenan maewun-ewun malaikat ngubengi dampar wau sesarengan kalih sejumlah ageng manungsa engkang sampun Allah tebus kangge Penjenenganipun piyambak nglangkungi rah Cempening Allah njih Yesus Kristus.

Ing kalih pasal pungkasan kitab Wahyu, Allah paring Yohanes, rasul-Ipun, setunggaling paningalan kangge nedahaken piyambakipun kitha Firdaus, engkang sampun Gusti damel kangge sedaya manungsa engkang naminipun kacatet ing buku pigesangan. Dipun pireng punapa engkang Injil ngendikakaken perkawis kita Firdaus,

“Tumuli, ing sajroning roh, aku diasta panjenengané menyang gunung kang gedhé lan dhuwur, aku ditedahi kutha kang suci, Kutha iku kebak kamulyané Allah lan cahyané kaya sesotya kang adi linuwih, kaya sesotya yaspis, bening saèmper kristal. Bètèngé gedhé lan dhuwur, ana gapurané rolas; lan ing sandhuwuré gapura-gapura mau ana malaékaté rolas, sarta ana tulisan jenengé taler Israèl rolas. Kutha iku wanguné pesagi, dawané padha karo ambané. Tetalesé bètèng kutha padha rinengga ing sesotya adi manéka-warna. Gapurané rolas iku arupa mutiyara rolas; saben gapura wujud mutiyara siji, lan dalan-dalané kutha iku saka emas tulèn, kaya kaca kang bening. 22 Ing kono aku ora weruh Padaleman Suci; amarga Allah, Pangéran kang Mahakwaos iku Padaleman Suciné, mangkono uga Sang Cempé. 23 Kutha iku ora mbutuhaké padhanging srengéngé lan rembulan, amarga kamulyané Allah kang madhangi lan Sang Cempé kang dadi damaré. 24 Para bangsa bakal padha lumaku ana ing pepadhangé gapurané bakal ora kainebaké ing sadina muput, awit ing kono bakal ora ana wengi manèh. Nanging sabarang kang najis bakal ora bisa mlebu mrono, utawa wong kang nindakaké panggawé nistha utawa cidra; kejaba mung wong-wong kang jenengé padha katulis ing kitab kauripan kagungané Sang Cempé.

(Wahyu 22) *Aku tumuli dituduhi kali banyuning kauripan, kang bening kaya kristal, kang mili metu saka ing dhamparé Allah lan dhamparé Sang Cempé. Ing satengahé dalaning kutha iku, yaiku ing sakiwa-tengené bengawan, ana wit kauripan kang metokaké woh ping rolas, saben sasi sapisan.. Ing kana bakal ora ana laknat manèh. Dhamparé Allah lan Sang Cempé bakal ana ing tengahé, lan para abdiné bakal padha ngabekti marang Panjenengané.*

(Wahyu 22) 4 *lan bakal padha nyawang pasuryané sarta bakal katulisan asmané ing bathuké. Ing kana bakal ora ana manèh wayah bengi, sarta ora mbutuhaké padhanging damar utawa*

padhanging srengéngé, amarga Pangéran Allah bakal madhangji, sarta wong-wong mau bakal padha mréntah dadi raja langgeng ing salawas-lawasé.

Mekaten wau Allah nedahaken dateng Yohanes kutha suci engkang Allah siapaken kangge manungsa engkang milih margi kaleresan-lipun. Monggo kita menggalihaken punapa engkang Allah ngendikakaken ing Sabda-lipun perkawis margi tumuju Firdaus. Kadospundi kita saged yakin badhe tumuju Firdaus sanes dateng neraka?

Punapa sedherek taksih emut kalian pangandikanipun Mesias injih Yesus dateng pendherekipun perkawis pedaleman Allah lan margi tumuju mrika? Penjenenganipun ngendikan mekaten,

"Atimu aja melang-melang; padha kumandela marang Allah; uga kumandela marang Aku. Ing dalemé Ramaku akèh panggonan. Menawa ora mangkono, kowé mesthi dakkandhani. Awit Aku mrana prelu nyawisaké papan kanggo kowé. Déné menawa Aku wis mrana lan wis nyawisaké papan kanggo kowé, Aku bakal bali manèh lan ngajak kowé menyang padununganku, supaya ing ngendi padununganku, kowé uga padha ana ing kana. Lan menyang ngendi paranku, kowé iya padha mangerti dalané mrana. Aku iki dalané, sarta jatiné kayektèn lan urip. Ora ana wong siji-sijia kang bisa sowan marang Sang Rama, menawa ora metu Aku."

Punika wau engkang dingendikakaken Yesus Juruwilujeng. Penjenenganipun piyambak margi wau. Soksinteno mboten nglangkungi putra engkang Maha Inggil, injih Penebus engkang suci, piyambakipun mboten nate lumebet ing Ngarsa-Nipun Allah engkang suci! Punika engkang Injil ngendikakaken perkawis wau,

"Kaliyan malih mboten wonten karahayon wonten ing sintena kémawon, kajawi wonten ing Panjenenganipun, amargi ing sakurebing langit punika mboten wonten asma sanèsipun ingkang kaparingaken dhateng manungsa, ingkang dados margining karahayon kita." Amarga Allah iku asipat tunggal, samono uga Pantawis antarané Allah lan manungsa iya mung siji, yaiku Kristus Yésus kang jumeneng Manungsa, kang wis masrahaké sarirané minangka panebus kanggo wong kabèh"

Sang Pantawis njih Yesus Kristus engkang rawuh saking Allah punika margi kawilujengan engkang nuntun tumuju taman Firdaus. Kangge ngeteraken tiyang-tiyang dosa dateng Allah, Mesias kalahiraken dateng dunya, nglampahi gesang engkang suci, ngocoraken rah-lipun dados kurban sampurna kangge dosa lan wungu saking sedonipun ing dinten kaping tiga. Mboten wonten setunggal tiyang mawon engkang saged sowan dateng Allah kajawi nglangkungi Penjenenganipun. Punapa sedherek pitados perkawis punika? Punapa sedherek ningali Yesus Juruwilujeng punika margi engkang nuntun manungsa engkang dosa lumebet ngarsanipun Allah?

Sedherek pamireng, Allah punika panguwaos dunya saha suwargi punika Inggil lan suci. Kita mboten saged lumebet wonten ngarsani-Pun engkang agung kanti cara kita piyambak. Firdaus punika panggenan suci lan mboten badhe lumebet perkawis engkang najis utawi manungsa engkang nglampahi tumindak dosa. Mboten wonten setunggal tiyang engkang saged mbeto kita tumuju mrika, kejawi Yesus Kristus, Putra engkang Maha Inggil, Cempenipun Allah engkang rawuh saking suwargi, sedo kangge kurban penebus dosa, wungu saking tiyang pejah lan kondur dateng Firdaus.

Dados sinten engkang saged lumebet Firdaus? Namung manungsa engkang sampun diresiki nglangkungi iman pitados dateng Yesus Penebus.

Sedherek mangertos bilih sedherek nggadahi gesang langgeng? Punapa sedherek yakin, bilih sedherek badhe lumebet dateng Firdaus lan tansah sukarena ing Ngarsanipun Allah selaminipun? Punapa sedherek pitados asma Putranipun Allah? Punapa nami sedherek kacatet ing buku pigesangan Cempening Allah?

Cobi dipun penggalih kanti sae pelajaran punika. Gusti mberkahi sedherek wekdal sedherek ngrenungaken pangandikanipun Allah engkang suci, **"Kang ora tau kadeleng ing mripat, lan ora tau rinungu ing kuping, sarta kang ora tau tuwuh ing atining manungsa, kang wus kacawisaké déning Allah, iku mau kabèh kanggo para kang padha nresnani Panjenengané."**

Sedherek maturnuwun sampun sesarengan kawulo ing siaran punika, sumonggo menawi sedherek wonten pitakenan, saged ngubungi kawulo ing no 081333777386. SMS/WA. Nuwun.

Marging Karahayun

Pelajaran 99

Punapa Pendapat sedherek perkawis Yesus?

Bagian 1

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel saha nampi karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminy.

Sedherek, sampun sawetawis dangu kita neliti seratan para nabi, kangge ningali margi leres engkang Allah damel supados tiyang-tiyang dosa engkang nglangkungi, saged dados leres ing Ngarsa-Nipun. Kita sampun ningali Isa Al-Masih utawi Yesus Kristus njangkepi seratan para nabinipun Allah. Dinten sakmangkih lan ing pepanggihan ngajeng, kita badhe neliti sesarengan kamulyan-Ipun tiyang engkang sampun dicariosaken para nabi. Ing kalih pelajaran pungkasan ing studi kitab suci para nabi punika judulipun, **“Punapa Pemanggih sedherek perkawis Yesus?”**

Sedherek, wonten pasinaun Injil kita mindaget Yesus tangklet dateng tiyang mekaten, *“Kepriyé panemumu bab Kristus? Iku tedhaké sapa?”* Punika pitakenan penting engkang manungsa kedah njawab ing gesangipun. Nasib kita wonten akhirat gumantung jawaban kita dateng pitakenan punika. Mboten dangu malih Yesus Almasih badhe rawuh lan wekdal rawuh, Penjenenganipun badhe nangkleti sedherek kados Penjenenganipun tangklet tiyang ing jamanipun. **“Kapriye panemumu, babagan Aku?”**

Nglangkungi perkawis punika dipun kajengaken sedherek mboten nganggep Yesus namung salah setunggaling saking para nabi, utawi tiyang sae. Mboten, Penjenenganipun unik lan istimewa. Penjenenganipun mboten saged dibandingaken kalih sedaya engkang wonten ing dunya. Punapa pemanggih sedherek perkawis Penjenenganipun? Ing bagian wiwitan saking pembahasan topik punika wonten 5 pitakenan, njih:

Sepindah, punapa pemanggih sedherek kalih kelahirnipun engkang ajaib?

Mboten wonten setunggal mawon manungsa engkang lahir kados Penjenenganipun. Penjenenganipun injih Yesus putra Maria. Sedherek mangertos bilih Yohanes putra Zakaria, Salomo/Soleman putra Daud, Ismail putra Ibrahim. Saben tiyang ngginakaken nami trah bapakipun.

Nanging perkawis Yesus, wonten punapa kaserat nami ibunipun, karena Penjenenganipun mboten kagungan bapak ing dunya punika. Penjenenganipun lahir nglangkungi setunggaling perawan. Antawis 700 taun sakderengipun masehi, Yesaya ngramalaken kadospundi Yesus badhe lahir wekdal piyambakipun wicanten, *'Badhé wonten prawan ngandhut lan nglairaken anak jaler, ingkang kanamakaken Immanuèl.'*

Kita sedaya keturunan Adam, mekaten ugi para nabi. Kita sedaya diciptakaken saking lebu siti engkang asalipun saking dunya. Nanging Yesus rawuh saking suwargi. Penjenenganipun suci kados Allah suci. Injil ngendikan, *"Kristus rawuh ing donya prelu mitulungi rahayu marang wong dosa,"* Sakderengipun rawuh teng dunya, Penjenenganipun wonten ing Ngarsanipun Allah karena Penjenenganipun Sabda Allah saha Roh Allah.

Wonten setunggal carios mekaten, wonten kalih tiyang engkang dawah saklebeting sumur. Engkang setunggal wicanten dateng setunggalipun, *"tulgana aku iki"*. Nanging tiyang setunggal malih wicanten, *"piya aku iso nulung, lha awake dewe podho-podho nek jerone sumur."* Sedherek kekalihipun mboten saged sami paring pitulung, awit sami wonten ing lebet sumur. Dumadakan mireng suwanten saking nginggil lan paring ngertos supados tiyang kalih wau nyepeng tali engkang nembe diandapaken, saengga kekalihipun saged nampi pitulung.

Sedherek, sanajan nabi punika tiyang sae nanging mboten saged milujengaken kita saking luwangipun dosa engkang lebet, karena nabi enggih tiyang dosa. Nanging Yesus mboten marisi sifat dosa saking manungsa. Penjenenganipun rawuh saking nginggil. Penjenenganipun lahir saking perawan. Kita ugi mangertosi Allah ngutus Malaekat-Ipun lan ugi manggenaken lintang ageng ing langit kangge martosaken perkawis lahiripun Mesias engkang suci! Mekaten ajaib sedaya wau. Mboten setunggal mawon manungsa engkang lahir kados mekaten.

Pitaken kaping 2, punapa pemanggih sedherek perkawis karakter-Ipun engkang suci?

Yesus sampurna, Penjenenganipun mboten nate damel dosa, saengga mboten nate nyuwun pangapunten. Saben tiyang engkang ajrih dateng Allah kedah mratobat saking dosanipun lan nyuwun pangapunten termasuk ugi para nabi. Ananging ing Sabda Allah kita mboten nemukaken Yesus nyuwun pangapunten, karena Penjenenganipun mboten nate tumindak dosa.

Sedherek saha para mengsahipun paring kesaksian bilih sedaya mboten nate manggihaken setunggal kalepatan setunggal mawon ing gesang-Ipun. Gusti Yesus langkung saking nabi. Yesus enjih Sabda Allah engkang rawuh dateng dunya awujud manungsa. Njih, Yesus unik wonten karakter ugi tumindak-Ipun. Nanging wonten perkawis penting ugi bilih Yesus ugi unik ing sedaya pangandikanipun.

Pitakenan Kaping 3, punapa pemanggih sedherek perkawis pangandikan-pangandikan-Ipun?

Ing setunggaling dinten para mengshipun ngintun tentara kangge nangek Yesus. Wekdal dumugi lan mindangetaken piwucalipun, tentara-tentara wau wangsul tanpa nangek Penjenengan-Ipun. Sedaya gumun lan wicanten, "*Dèrèng naté wonten tiyang ingkang wicanten kados tiyang punika!*"

Penggalihaken, punapa engkang dingendikakaken perkawis Penjenenganipun, "*Aku iki pepadhanging jagat; sapa kang ngetut-buri Aku, ora bakal lumaku ana ing pepeteng, nanging bakal nduwèni pepadhanging urip.*" Para nabi kaumpamikaken kados bulan lan lintang engkang kalih cahyanipun engkang alit nerangi pepeteng. Nanging Yesus kados srengenge. Sinten engkang mbetahaken sunaripun bulan lan lintang menawi wonten srengenge? Para nabi nyebat Mesias, "Surya Kaleresan" engkang tansah nyunari sedaya bangsa ing dunya punika.

Saklajengipun Yesus ugi ngendikan, "**Aku iki dalané, sarta jatiné kayektèn lan urip.**" Yesus sanget benten kalih para pemimpin agami engkang paring perintah, "lakoni iki, turuti piwulange iki. Iki dalane, lakoni dawuh-dawuhe.." Nanging Yesus ngendikan, "Aku iki dalane, Percayaa marang Aku, marengko Aku lan kowe bakal nampa hak kanggo manggon neng Ngarsane Allah saklawase." Mboten wonten setunggal mawon tiyang wicanten kados Gusti Yesus. Penjenenganipun unik. Penjenenganipun mboten wonten bandinganipun. Nanging kamulyanipun Yesus mboten mandeg wonten ing kelahiran, karakter saha pangandikanipun. Kita ugi saged ningali ing pakaryan-Ipun.

Pitakenan Kaping 4, punapa pemanggih sedherek perkawis pakaryanipun Yesus engkang Agung?

Sedaya kuwaos lan otoritas kaparingaken ka Penjenenganipun, saengga saged nindakaken sedaya perkawis kangge nedahaken dateng manungsa saking pundi rawuh-Ipun lan sinten Penjenenganipun sejatosipun. Kathah pedamelan ageng Gusti Yesus tindakaken, kadosta, ngleremaken anging ageng, nangikaken tiyang pejah, melikaken tiyang wuto lan nyarasaken sedaya tiyang sakit. Penjenenganipun ngribah kathah manungsa saha milujengaken saking dosa. Allah paring kuwaos dateng para nabi supados nindakaken mukjizat tertamtu. Ananging Yesus damel mukjizat karana kuwaos lan otoritasipun piyambak.

Tiyang jaler engkang naminipun Lazarus pejah lan dikuburaken. Wekdal Yesus rawuh Lazarus sampun dikuburaken 4 dinten. Yesus tindak dateng pesarean lan ngendikan, "Lazarus metua!", Lazarus medal lan gesang malih. Yesus kagungan kuwaos nangekaken tiyang pejah, Pramila Penjenenganipun ngendikan, "*Aku iki patangèn lan kauripan.*" Dintenipun badhe dumugi wekdal sedaya tiyang dosa ing kubur mindanget suwanten-Ipun lan tangi ngadeg ing Ngarsan-Ipun. Sedherek pamireng ugi badhe medal saking kubur wekdal sampun pejah. Malah sakmangkih, Gusti Yesus saged paring gesang enggal kangge gesang selaminipun dateng sedherek ing Firdaus,

mbokbilih sedherek pitados dateng Penjenenganipun dados Gusti saha Juruwilujeng sedherek. Lajeng kadospundi pemanggih sedherek perkawis Yesus? Punapa pemanggih sedherek perkawis pakaryan-lipun? Penjenenganipun unik! Penjenenganipun Maha Ageng! Mboten saged kabandingaken! Sakderengipun kita pepisahan, kawulo badhe paring pitakenan malih perkawis Yesus.

Pitakenan engkang pungkasan. Punapa pemanggih sedherek babagan nami lan sebatan Yesus?

Kados engkang sampun kita tingali ing seratan para nabi, Yesus kagungan atusan nami saha sebatan. Nami kasebat mbiyantu kita kangge mahami langkung sahe perkawis Penjenenganipun. Contonipun, Yesus disebut Imanuel, Sabda, Putraning Manungsa, Cempening Allah, Penebus, Juru Wilujeng, Roti Pigesangan, Pangen engkang sahe, Pepadhang Jagad, Gusti Kamulyan, Pantangen, Alfa Omega, Lawang, Margi, Kaleresan lan Gesang, Putraning Allah!

Kita ningali bilih nabi Allah, Musa disebut tiyangipun Allah, nabi Abraham, disebut sakabatipun Allah. Nanging namung setunggal engkang sinebat Putraning Allah. Sinten engkang nggadahi hubungan celak kalih setunggaling tiyang, sakabat punapa putranipun? Njih, Yesus kasebat Putra Allah kangge mbentenaken Penjenenganipun saking sanesipun. Wonten Injil kita waos Allah ngendikan babagan Yesus mekaten, *"Iki Putraningsun, kang kinasih, kang damel renaning penggalihingsun. Iku sira rungokna!"* Punapa engkang dipun maksud Allah? Putra nggambaraken bapakipun. Yesus nedahaken dateng kita kadospunapa Allah wau. Punika sebabipun kitab suci wicanten mekaten, *"Ora ana wong siji waé sing wis tau weruh Gusti Allah. Nanging Putrané Allah ontang-anting, sing jumeneng Allah piyambak, lan sing tetunggilan karo Sang Rama, kuwi sing ngetingalaké Gusti Allah marang kita."*

Punapa pemanggih sedherek perkawis nami-nami saha sebatan-sebatan Yesus Almasih? Penjenenganipun mboten saged dibandingaken. Punapa pemanggih sedherek perkawis kelahiran-lipun, karakter-lipun, pangandikan-lipun saha Pakarya-lipun? Kados punapa sedherek nanggapi? Punapa pemanggih sedherek babagan Yesus? Putra sinten Penjenenganipun?

Wekdal kita sampun mantun, pepanggihan ngajeng kita badhe taken saha njawab 5 pitakenan malih babagan Yesus lan ugi mungkasi penelitian kita perkawis kitab suci.

Maturnuwn sampun sesarengan kawulo ing siaran punika. Menawi sedherek wonten pitakenan sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386. SMS/WA. Nuwun.

Marging Karahayun

Pelajaran 100

Punapa Pemanggih sedherek perkawis Yesus?

Bagian 2

Sedherek kula pamireng sedaya...

Mugi katampi salam kawulo ing lebet asmanipun Gusti Allah engkang Maha Asih engkang ngijinaken saben tiyang mangertosi saha naati margi kaleresan engkang sampun Penjenenganipun damel saha nampi karahayun engkang sejatos sesarengan Penjenenganipun selaminy..

Sedherek pepanggihan kepengker, kita sampun njlentrehaken perkawis kelahiranipun engkang ajaib, sifat saha akhlakipun engkang suci, piwucal-piwucalipun engkang ngeramaken, kuwaosipun engkang ageng, ugi sebatan-sebatan engkang dipun sandang, lan ugi tangklet pemanggih sedherek kalih sedaya kasuyatan punika....pramila dinten sakmangkih wonten 5 pitakenan penting malih engkang cobu kawulo paringaken dateng sedherek perkawis Yesus Kristus.

Sepindah, punapa pemanggih sedherek perkawis sedanipun Yesus?

Punapa sedherek mangertos, wonten pundi, kadospundi saha kapan Penjenenganipun sedo? Jujur kita sedaya mboten mangertos perkawis punika. Ananging Yesus mboten kados kita, Penjenenganipun mangertos ing pundi Penjenenganipun badhe sedo lan ngendikakaken perkawis punika kanti tarbuka, njih ing Yerusalem. Ugi perkawis kadospundi Penjenenganipun badhe sedo sampun dingendikakaken langkung rumiyin. Yesus ngendikan mekaten dateng pendherekipun, *"Padha titènana! Kita saiki padha lunga menyang kutha Yérusalèm, lan kabèh sing wis ditulis déning para nabi bab Putrané Manungsa bakal kelakon. Panjenengané bakal dipasrahaké marang wong sing dudu bangsa Yahudi, lan bakal disawenang-wenang, disiya-siya lan diidoni. Panjenengané bakal disiksa lan disédani; nanging ing dina kateluné Panjenengané bakal wungu menèh."*

Yesus ugi ngendikan langkung rumiyin, kapan Penjenenganipun badhe sedo, njih sesarengan ing dinten tiyang yahudi nyembelih cempe kurban kangge Riyaya Paskah. Ing dinten kala wau Penjenenganipun badhe sedo dados cempening Allah dados kurban penebus dosanipun dunya. Sedanipun Almasih benten kalian pejahipun sinten mawon, karena Penjenenganipun piyambak engkang milih sedo. Penjenenganipun ngendikan, *"Ora ana wong sija baé kang ngrebut nyawaku, nanging dakulungaké miturut karepku dhéwé. Aku kwasu ngulungaké, lan kwasu ngukup manèh."*

Yesus mboten nate damel dosa, punika sebabipun Penjenenganipun saged uwal saking pati. Saged mawon Penjenenganipun wangsul dateng suwargi tanpa kedah nglangkungi sedo, nanging Yesus milih sedo wujud ketaatanipun dateng Allah lan katresnanipun dateng tiyang dosa. Yesus maringaken nyawanipun, mendelaken manungsa maku ing kajeng salib, sedaya namung kangge kepentingan kita. Isa Almasih sedo supados wonten pangapuntening dosa lan jamin suwargi kangge kita. Antawis 700 taun sakderengipun Almasih rawuh dateng dunya, yesaya nabinipun Allah mbeberaken sebabipun penebus kedah sedo, kanti wicanten, *“Satemené enggoné ditatoni kuwi merga saka dosa kita, lan merga saka piala kita Panjenengané digebagi. Paukuman sing disandhang ing sarirané kuwi sing nekakaké keslametan kita, lan bilur-biluré kuwi sing marasaké kita. Kita kabèh iki kaya wedhus sing ketriwal, saben wong lakuné nuruti karepé dhéwé. Nanging paukuman sing sejatiné kanggo kita kuwi ditempahaké déning Allah marang Panjenengané.”*

Sedherek lan kulo punika alasan Mesias kedah sedo, penjenenganipun pangen engkang sahe, lila masrahaken nyawanipun kangge mendo-mendonipun. Mboten wonten manungsa engkang pejah kados Penjenenganipun. Penjenenganipun unik ing antawisipun manungsa sanesipun.

Lajeng pitakenan kaping 2, punapa pemanggih sedherek perkawis kamimpangan-lipun saking patinjih wungu-lipun

Yesus sedo lan disarekaken. Para mengsahipun ngrekadaya kangge njagi kuburipun, kanti nutup kalih selo ageng. Tiyang jagi dipanggenaken kangge njagi kubur. Nanging sedaya rekadaya mboten saged ngalang-ngalangi Yesus wungu saking antawisipun tiyang pejah. Yesus wungu saking antawis tiyang pejah ing dinten kaping tiga lan manggihi para pendherekipun langkung saking 500 tiyang. Tiyang-tiyang wau sami, ningali, nyepeng lan nedha sesarengan Penjenenganipun saksampunipun wungu. Penjenenganipun nedahaken catu ing asta, suku ugi ing padaranipun. Sedherek, kados kalih punapa engkang Yesus piyambak ngendikakaken, bilih Penjenenganipun badhe wungu ing dinten kaping tiga lan punika dumados! Allah mungukaken Penjenenganipun saking antawisipun tiyang pejah kangge mbuktikaken dateng dunya bilih Allah kepareng kalih punapa engkang Yesus tindakaken ing kajeng salib dados kurban penebusan dosa engkang sampurna saha pungkasan.

Pati punika mengsah engkang kiat. Sedaya leluhur ugi para nabi sami pejah, lan raganipun katahan ing lebetipun kubur mekaten ugi kita mangkih. Nanging syukur dateng Allah bilih Yesus Kristus sampun ngawonaken pati. Penjenenganipun juruwilujeng engkang gesang lan saged milujengaken manungsa engkang sowan dateng Allah. Punapa wonten nabi engkang pejah, lajeng wungu lan gesang ngantos sakpriki? Mboten wonten. Namung Isa Almasih, Yesus Kristus engkang ngawonaken kubur. Penjenenganipun gesang ngantos sakmenika, saengga karena Penjenengnipun tiyang-tiyang pitados mboten ajrih kalih pati. Pejah malah badhe manggihaken kita kalih Penjenenganipun. Yesus

saestu-estu benten kalian manungsa, mboten wonten tandinganipun ing dunya saha suwargi. Dados punapa pemanggih sedherek perkawis sedanipun Yesus?

Pitakenan kaping 3, punapa pemanggih sedherek perkawis migrat-Ipun Yesus dateng suwargi?

Saksampunipun wungu, antawis 40 dinten Yesus manggihi dateng para pendherekipun. Lajeng ngendikakaken salam pepisahan, migrat dateng suwargi lenggah ing sisih tengenipun Allah, setunggaling pakurmatan nedahaken bilih Yesus langkung ageng tinimbang malaekat, para nabi lan sedaya manungsa. Punika engkang dingendikakaken dening kitab suci, “ *Allah banget anggoné banjur ngluhuraké Panjenengané lan maringi asma marang Panjenengané ngungkuli sadhéngahing jeneng, supaya ana ing asmané Yésus, samubarang kang ana ing langit lan kang ana ing bumi lan kang ana ing sangisoré bumi, padha sujud lan sakèhing ilat padha ngakonana, “Yésus Kristus iku jumeneng Gusti,” murih kaluhuraning Allah, Sang Rama!”* (Flp.2:9-11). Sedherek, Yesus panci benten saking sanesipun lan mboten wonten bandingipun. Taksih wonten hubunganipun kalih perkawis punika,

Pitakenan engkang kaping 4, punapa pemanggih sedherek perkawis rawuh-Ipun malih dateng dunya?

Yesus Almasih badhe rawuh malih wonten dunya. Sanes Yesus piyambak engkang ngendikan, ananging ugi dicantenaken dening para nabi saha malaekat. Sedaya pendherek Yesus engkang setya ngrantos rawuh-Ipun. Wekdal Penjenenganipun rawuh, Yesus badhe mbeto pendherekipun dateng suwargi lan ngadili dunya kanti kaleresan saha mrintah dunya. Penjenengan-Ipun badhe dados raja dunya saha mrintah antawis 1000 taun ngantos sedaya mengsah-Ipun kawon ing ngandap suku-Ipun. Njih Penjenenganipun sampun badhe rawuh lan wekdal wau sedaya lathi ngakeni Penjenenganipun rajaning raja, Gusti sedaya Gusti.

Penjenenganipun badhe rawuh lan sedherek badhe jumeneng ing ngajeng-Ipun, sang Hakim Agung. Wekdal sedherek ing ngajeng-Ipun, Penjenenganipun badhe tangklet dateng sedherek, “sopo Aku miturut kowe?” Punapa jawaban sedherek? Menawi sedherek njawab, “Kulo pikir Penjenengan punika salah setunggaling para nabi.” Mila Penjenengnipun badhe tangklet punapa alasan sedherek mboten pitados kalih Pangandikanipun perkawis Penjenenganipun piyambak utawi engkang sampun diserat dening para nabi, bilih Yesus punika Putra Allah engkang badhe rawuh saking suwargi, lan namung Penjenenganipun punika Juruwilujeng. Sinten engkang badhe rawuh kangge marentah? Ibrahim, Musa, Daud utawi nabi-nabi sanes, punapa badhe wangsul malih lan mrentah? Mboten. Namung Yesus engkang badhe rawuh kangge mrentah. Penjenenganipun badhe dados hakim. Sedaya paningal badhe ningali lan sami sumuyut, lan saben lathi ngakeni, Yesus Kristus punika Gusti.

Allah piyambak negesaken kaleresan wau kanti mungukaken Penjenenganipun saking antawisipun tiyang pejah.

Pitakenan pungkasan, punapa pemanggih sedherek babagan tuntutan Penjenenganipun njih Yesus dateng sedherek? Utawi punapa engkang kedah sedherek damel?

Gusti Yesus ngendikan, *“Hé, para wong kang kesayahan lan kamomotan, padha mrénéa, Aku bakal gawé ayemmu. Pasanganku padha tampanana ing pundhakmu lan padha nggegurua marang Aku, awit Aku iki alus lan lembah-manah, satemah kowé bakal padha olèh ayeming nyawamu.”* Wekdal sakmangkih Penjenenganipun ngundang sedherek. Wekdal Penjenenganipun nimbali pendherek-lipun engkang wiwitan, sedaya ninggalaken sedayanipun kangge ndherek Penjenengan-lipun. Punika ugi engkang dipun kersakaken kangge sedherek. Engkang dimaksudaken ing mriki njih masrahaken sedaya pigesangan sedherek lan maringaken panggenan utami wonten gesang sedherek ka Panjenengan-lipun, pitados saha nampi Yesus dados Juruwilujeng saha Gusti.

Punika kasunyatan engkang kita panggihaken wonten ing sedaya engkang sampun kawulo aturaken, bilih Yesus benten kalih sedayanipun. Wonten ing kelahiran-lipun, karakter-lipun, peladosan-lipun, migratipun dateng suwargi, rawuh malih dateng dunya kanti kuwaos kangge ngribah manah anak keturunan Adam. Penjenenganipun gesang ngantos sakpriki lan sesarengan kalih tiyang engkang pitados. Sedherek..... Yesus kagungan kuwaos kangge ngapunten dosa lan paring sedherek gesang enggal, engkang dikebaki kalian hubungan engkang celak kalih Allah selaminye. Yesus saged nyucikaken manah sedherek ing kuwaosipun Roh Suci. Nanging kuncinipun, sedherek kedah pitados, lan manggenaken pangajeng-ajeng dateng Penjenenganipun saha pangorbanan-lipun.

Sedherek pamireng, punapa sedherek sampun nimbali Gusti? Punapa sedherek sampun nampi kamirahan-lipun, njih kawilujengan? Utawi sedherek taksih usaha piyambak supados wilujeng saking paukuman dosa? Allah tepang manah sedherek. Akeni bilih sedherek tiyang dosa lan sampun sakpantesipun nampi paukuman. Saklajengipun ngaturaken raos panuwun karana Allah sampun ngutus Juruwilujeng engkang suci kangge nanggal kasangsaran gantos sedherek...

Dinten sakmangkih punika program pungkasan saking pasinaun kita neliti margining karahayun saking kaleresan ayat-ayat kitab suci tumuju kawilujengan. Kawulo ngaturaken sugeng pepisahan kanti pandonga engkang endah dateng Gusti saking sabda Allah, **“Allah kang mung siji, Pamarta kita, marga déning Yésus Kristus, Gusti kita, iku kang sayogya sinaosan kamulyan, kaluhuran, kasantosan sarta pangwaos, sadurungé dumadining jaman, saiki sarta nganti ing salawasé. Amin.**

Menawi sedherek wonten pitakenan, sumonggo ngubungi kawulo ing no 081333777386. SMS/WA. Maturnuwun.

